„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН“

БАСПАСЫ

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ТӨЛЕПБЕРГЕН ҚАЙЫПБЕРГЕНОВ

ШЫҒАРМАЛАРЫ

*Бес томлық*

4-ТОМ

# ҚАРАҚАЛПАҚ ҚЫЗЫ

РОМАН

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН“ БАСПАСЫ

НӨКИС 1980

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ТУЛЕПБЕРГЕН КАИПБЕРГЕНОВ

СОЧИНЕНИЯ

*В пяти томах*

ТОМ 4

# ДОЧЬ КАРАКАЛПАКИИ

РОМАН

ИЗДАТЕЛЬСТВО „КАРАКАЛПАКСТАН"

НУКУС 1980

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақстан халық жазыўшысы Т Қайыпбергеновтың бес томлығының бул төртинши томы „Қарақалпақ қызы“ романынан ибарат. Усы романға 1967-жылы Бердақ атындағы республикалық сыйлық берилген.

Романда қарақалпақ қызының революцияға келиў тағдийри арқалы оның халқының тағдийри көркем образлар менен көз алдыңыздан өтеди.

К $\frac{45302}{М-357-(04)-80}$ 49—80. 4702250000.

© „Қарақалпақстан“ баспасы 1963, 1965, 1975.

© „Қарақалпақстан“ баспасы 1980.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# *Биринши китап*

I

Минези қәпелимде өзгеретуғын Зәрипбай бүгин ҳәр қашанғысынан да ашыўлы кейипте аҫ үйдеги ҳаялы Сәнемге келип:

— Үйди босатасаң ба? Жоқ па?—деди бирден.

— Ағасы, қоя қойса енди! Үстиме-ақ әкел. Қаршадай қызым менен қайда бараман?..

— Сен албаслы турғанда, бул үйге ким келеди? Ким?!

— Сол әкелетуғын қызына өзим-ақ барайын, мени қаңғыртпасаң болар, шабазым!.

— Қойсана! Сениң менен балтамтап айтысып отырыўға ўақтым жоқ!—деп бай ергенектиң қапталында сүйеўли турған белсапты алды...

Далада ойнап жүрген он бир, он еки жаслардағы қызы Жумагүл үйдеги пөстек сабағандай сартылдыға қосыла «ағасы, өлтирдиң ғой, үҳ-ҳ-ҳ... Аҳ Жумагг...г...» деп бөлинип-бөлинип, созыла семген сеске жаны титиркенип, асығып жуўырып кирип киятыр еди, көк ғазна мақпал тақыясының ернегинен ашылған көкнардың қызыл гүлиндей пөпегинен қара үйдиң өттей сары ыс басқан маңлайшасы илип қалды. Қыз тақыясына қарамастан, басы есик бетке қарап сулап, аўзы-мурнынан зирек-зирек қан жосып атырған анасын көрип, зәрреси ушыўы менен бара қушақлады. Дәрриў үстиндеги қызыл ала шатыраш көйлегиниң етегин айырып жиберип, анасының еки езиўинен сорғалап атырған қанды сыйырып, басын таңды. Сөйтти де өш алатуғын адамдай үлкен отаўға кирди. Әкеси жүдә бир инабатлы ис питиргендей мардыйып, бирақ бетинен қаны қашып ҳаплыққан түринде отаўға келип жанбаслап атыр еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Апамды өлтирипсең ғой, аға!—деп үстине сүрине жығылған қызын ири қоллары менен есик бетке түйип жиберди:

— Қаранды батырсаң-ә! Көрдин бе, муштай болып мынаўсының бийҳаясын!—Ол тымсырайыўы менен гүбирленип тикейди. —Атаны сыйламай, жалаңбас жүриўине қара, ешкимардын!...

Зәрипбай сөйленип-сөйленип шығып кеткен соң, Жумагүл қайтадан турып, анасы жатырған ас үйге жуўырды. Сәнем, кимниң келип, кимнин кеткенин билиў түўе, аяқ-қолын жыйнаўға да ҳәлсиз. Өли шырай енип, шалқасынан жатыр. Жумагүл оны қушақлап, төрге жатқызбақшы болып көрген менен, жансыз дене жас қызға аўырлық етти.

— Апам өлди!!!

Шыңғырған ашшы даўысқа қоңсы-қобалар ҳә демей-ақ жыйналды. Олар ес-түссиз жатырған Сәнемге аяныўшлы түрлер менен көз жасларын сыпырып, байдың сыртынан сөгинип атыр еди, соның арасында аўылдағы мектеп молланы ертип келген Зәрипбайдың өзин көрип, тым-тырыс болды. Адырайысып қалғанларға молла кеўил аўдармай ,кирген пәти менен мелле шапанының жырмышынан услап, аяқ-қолын жөнлестирип, бетине ақ жаўылған ҳаялды желпий берди:

— Сүф-сүф! Қаш пәлекет. Қаш!...

— Ҳеш қандай әрўақ жоқ, таяқтан болған,—деди турғанлардың биреўи оны жақтырмай. Молла сөйлеместен жүресине отырып, Сәнемниң бетин сәлпәл ашып көрип, және «түф-түф» деп дем сала берди. Оның тиссиз аўызынан шыққан насыбайдың суўы аралас сары түпирик көзине тамды ма, Сәнем кирпиклерин қыбырлатып, қасын керди. Ишинен: Өлип қалып қуны түспесе болар еди» деп зәрреси ушып турған байдың түсине азғантай қан жуўырып, қаптал бетке шығып отырды:

—Қәнекей, моллеке, бизлерди ажырастыр, Басқа нәрсе керек емес.

Әкеси анда-санда дүзден пәтленип келип, үйге зобалаң турғызып «сен қашан қаранды батырасаң!» деп Сәнемге кийликкен менен ата-анасы ажырасады деп Жумагүл ҳаслан ойламаған. Өйткени, бул олар арасындағы бир күнлик саўда емес, Жумагүл есин билгели усы қыйқаңшылық бәрҳа бар. Усындай жағдайда ол әсте-ақырын үйден шығып кетип, жәнжел басылғаннан соң келетуғын еди. Ал бүгинги ўақыя оның үмитин үзген сыяқлы! Бул не деген сумлық! Жаман әке жезледен де жаман деген усы шығар!.. Жаңа ғана бой тиклеп, ата-ана қәдирин билетуғын болып киятырған қыздың босасып турған жас жүрегин әке сөзи сеңге тиреди:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Аға, ырасын ба, сенин?! Буйтсең апам менен мен де кетемен. онда!—деди қыз жыламсырап.

— Ҳо, ҳо! Мынаўсы да айбат ететуғын болып киятыр маған. Көрдин бе, халайық! Барсан-ә!—деп бай қолын бир силтеди.— Мениң қыз кеселим жоқ! Бар, кетсен атамнын аяқ ушына, жоғал! Қараңызды батырын!—Байдын қабағы үйилген менен жыйналғанларға сыр бермеў мақсетинде күлди.—Ўа-ҳа-ҳа!...

— Ерли-зайыптын арасына еси кеткен түседи деген, Зәрипбай иним.—деди молла оған.—Мен ҳәзир айырып жиберсем, сизлер бир-бириңизди қыймай және қосылсаңыз!

—Моллеке, айырын!

—Ес-ақылын жыйнаған соң Сәнемди тыңлап көрейик, не дер екен,—деди және биреў.

— Айыра бер, айыра бер. Сөзим сөз. Енди анасына да, қызына да реййимим келсе атамнын төли емеспен!—деп ол жыйналғанларға бурылды.—Кәне сизлер үйди босатынлар. Хожалығыма араласып не жумысыңыз бар!

— Онда үш талақ ҳарам де!—деди молла байға.

— Үш талақ түўе, үш жүз талақ ҳарам!—деди бай орнынан турыўы менен және қолын сермеп.

— Болды, болды. Үш талақ десең жеткиликли.

Молла қойнынан қатты қаплы сары китап алып, ҳәр жерине бир үңилди де Зәрипбайға усынды;

— Мине, мынаны услап, үш талақ ҳарам де!

Китапты байдан қайтып алған соң, еки қолы илажсыз жайылып атырған ҳаялдын алақанын молланың өзи ашып, гүбирленип китаптын мухабасын үш рет тийгизип:

— Питти енди—деди де еки алақанын бетине апарып, әўмийин етти ҳәм бир қолы менен жер таянып орнынан турды.

Ўақыя түс мезгилинде болған еди. Күн аўмай-ақ байдын есигинде жүрген бир дийхан өгиз жегилген арбаны үйдиң алдына кесе тартты.

Бай ҳәммесин жәмлеп, бурыннан таярлап қойса керек. Жумагүлдиң ықтыярына қарамастан еки жигит Сәнемди көтерип арбаға салды ҳәм аўылдын күн шығар шетиндеги бир ылашыққа апарып түсирди. Өмиринин ишинде өли көрмеген қыз анасын өлген екен, енди әўлийеге апаратуғын шығар деп пәмлеген еди, гөне ылашыққа әкелингенин көрип «апамды ағамның таслағаны усы екен»—деп, ылашықтын төрине еплеп жатқарылған анасынын бас ушында, өксип-өксип жылаў менен отырып қалды. Әллен ўақытта барып солығын басып, исип кеткен көзлерин уўқалап «түсим емеспекен? Түсинде жылаған, оңында қуўанады дейтуғын еди, түсим болғай» деп, бирмезгилде пайда болған



www.ziyouz.com kutubxonasi

ойқанға исенбей, жән-жағына қарап еди, ылашықта қазан-табақ, қумған, бир қабақ бар. Тандыр ошақтың ылайы кеппеген. бүгин салдырған усайды. Күн бираз желемик аяз еди. Анасын тоңып қалар деген ой менен ол от жағып, қуманды отқа қойды.

Күн батқанша ҳеш ким хабар алмады. Кешке қарай аўылдың арасы улы-шуўда қум-қуўыт болып кетти. Қай жер болса сол жерде ўаҳаҳаласқан даўыслар, бир-биреўдин атын айтып шақырысыўлар еситиледи. Балалық жүрек далаға қарай алып ушады. Әттен анасын таслап кетиўге қорқынышлы.

Геўгимлете бағанағы молла кирип келди. Күни менен жалғыз өзи не қыларын билмей, албырап отырған қызға оның келиўи сүйеў көринип. моллаға болған ашыўын умытты. Орнынан тура сала даладан отын әкелди.

— Қызым, апаң қалай?

— Билмеймен, өзиң көр, ата.

— Жүреги соғып атыр. Ийшалла ҳеш гәп болмас, қызым... Бүгин сизлерди шығарып жиберип, әкең мақсетин орынлады...

—Не мақсети бар екен?

— Әй, қызым, сен билмейсең бе? Өзиңдей ғана қыз әкелди.

Жумагүлдиң бети сурланып кетти. Анасын еситип қоймады ма екен деген қәўип пенен бетине үңилип еди, ол түк сезбейди, аўзынына түскен баяғы қәлпинде.

— Қызым, мың айтсаң да қостар деген ғой. Бийшара әкең мына Сәнем келинди бийийман өлип қалмасын деп мени жиберди. Соған келдим. Күни менен келейин десем, тойының әнжамынан шыға алмадым, қызым!

— Ондай әкениң өзи бийийман өлсин, ата!

— Өйдеме, қызым. Бул дүнья деген ялғаншы дүнья! Мың жаман болса да ол әкең. Анаң өлсе оның қолына бармай қайда барасаң!—Молланың басы қалтылдап, ийегин сыйпады.

— Апам өлмегей қудайым.

— Бенлениң де айтқаны бола берсе...

Молла Сәнемниң бас ушына шығып аўзын жыбырлатып, бир нәрселерди тез-тез оқый баслады. Жумагүл оның нелерди тәкирарлап отырғанына түсинбей. ара-тура моллаға бир, анасының бетине бир үңиледи. Соң Сәнем және бир қыбырлап, қаязыған еринлерин жыбырлатып еди, молла оның жамылып атырған көрпесиниң жыртығынан бир қысым пахтаны үзип алып, қумандағы суўдан азмаз қуйды да. ернине сүйкеледи. Сөйтип, егер анасы «суў» деп айта қойса, жылдам суўбериў кереклигин соған шекем пахта менен аўзына суў тамызып отырыўдың зәрүрлигин қызға зинҳәр тапсырып, өзи кетип қалды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Тойдың сәуселеси еки күнге созылды. Аўыл арасы киснескен атлы. Топар-топар қыз-жигитлер аткөншекбетке баратырса, және бир топарлары қайтып, уўдыр-жуўдыр болып жүр. Қуйрықлары түйилген атлар ылақ ойынына қайымласып, үстине минген ийелериниң астында бир-бирине жақынласып қалған гезде тикке-тикке шапшысады.

Жумагүл ара-тура далаға шығып, бул көриниске көз жиберген сайын тағы балалығы тутып, ойнап кеткиси келип турады да, анасын қыймай ылашығына қайтып киреди. Егер Сәнем ебиндей бас көтерип, тилге келсе, оның урықсат сораў есинде жоқ емес сыяқлы. Жалаң аяқ-ақ қызларға ерип кете берер еди!

Азанда молла және бир хабар алып кетти. Қоңсылары болса саўасында келип-кетип атыр.

Соңғы келген еки кемпир еле отыр. Жумагүлдиң жалғыз зийнети от жағыў. Оннан басқа келгенлерге кел кет деўдиң де мәнисин биле бермейди. Қоңсы-қобалары қыздың жаслығын есапқа алып ҳештеңе десиспейди. Садаған кетейин, ел-ел дә! Келгенлер қуры келип атырған жоқ. Биреўлери нан, екиншилери пискен ас, сөк әкелип берип кетеди. Мынаў кемпирлердиң биреўи әкелген чайнекке Жумагүл чай демледи. Олар өз-ара сөйлесиўде:

— Зәрипбайдың жүзи нәрестеге түспес. Қамалға келип киятырған мынадай аяқ-қолы жеп-жеңил қызын жетим қылғаны, сирә оңбас!

— Алғаны усы қыздан сәл-ақ ғаў қусайды,—деп екинши кемпир басын қалтылдатып отырды.

— Алғаны да илая оңбас. Биреўдиң қатықтай ўйыған хожалығын бузып:..

— Әй, шешежан-ай,—деди қалтаңбас кемпир.—Ол бийшарада не жазық бар дейсең. Күши бар адамлар неқылмайды. Бир жағында өзиң барсаң, қырық жылдың бержағында басым усылай қалтылдайды. Несин айтасаң, бул заманда қарақалпақтың қызының көретуғыны усы.

Кемпирлер бурын басларын қурай алмай жүргендей бир чайнек чайды бир кесе менен алмасып ишип, ара-тура ыңырсыған Сәнемге көз таслап, сөйлесиўин даўам ете берди. Жумагул олардың қандай қыйын жағдайларды айтып отырғанына қарамастан еки қолын ийегине тиреп, отқа абынып, жалынның қызғынына еки бетиниң алмасы бөтекедей қызарып отыр. Олардың гәпине түсине бермейди, де.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир чайнек чай тамам болғаннан кейин кемпирлер «аяғымыз жеңил болғай» десисип, орынларынан турды. Әңгимелерине жартыўлы түсинбеген менен Жумагүл буларды да сүйеў билип отыр еди. Енди өзин бөриге байлаған ылақтай сезип, тыпыршылады.

Кемпирлер кеткеннен соң, Сәнем және бийтахат бола баслады. Тилин шығарып бир нәрселерди айтқысы келеди. Сөйлей алмайды. Маңлайын жыйырып әлле нәрселерге қыйналады, қозғала алмайды. Анасының түр-түсинен Жумагүл шоршынып кетип, жаңағы кемпирлерди қайтадан шақырып келиўге шыға бергени, аттан түсип атырған адамды көрип қуўанғаннан бақырып жиберди:

— Яша, дайым келди!!!

Қызының даўысын аңғарған Сәнем басын есик бетке бурғанда, мойнының тамырлары дуўтардың тарындай шертилип, жумық көзлериниң пердеси серпилди. Түнерип атырған қабағы бираз ашылып, әлле нәрселерден үмитленгендей нурсыз көзлери есикке қарай сүзилди. Қансыз еки езиўинде күлкиниң изи көринди. Анасының бул кейпин көрген қыз дайысының келгенине әбден қуўанды.

Келген киси Сәнемниң туўысқан ағасы Төренияз деген еди. Ол қурашын алып ,белбеўин шешип Сәнемниң қасына барды.

Жумагүлдиң аяқлары жер илмей тур. Сөне баслаған отты және гүрилдетип жағып жиберди. Төренияз Сәнемниң бетине үңилип, оның өли шырай енген жүзин көргенде, тисленген түринде, маңлайы жыйырылып, қыздан:

— Апаңа не болды?—деп сорады.

— Ағам урып-урып усы жерге екеўимизди әкелип таслады.

Ол басын төмен алып ойланып қалды. Дайысынан қандай да бир жәрдем күтип, Жумагүл оның бетине тигилип қараўда. Ал ағасының келгенин сезген Сәнемниң нурсыз көзлери жаўтаңлап «аман саў жүрсең бе» дегендей, басын қыймылдатады.

Төренияз чай ишиўге қарамады. Сәнемге жақын бир дизелеп отырып, оның билегин сыйпап, тамыр соғыўын байқады. Соң Жумагүлге ым қағып, далаға шықты.

— Қарағым,—деди изинен келген Жумагүлге сыбырлап.—Апаң өлсе қорықпайсаң ба?

— Ўай-ўай, қорқаман, дайы,—деп қыз жылап жиберди.

— Жылама, өзим үйге әкетип жаңа-жаңа кийим әперемен.

Қыз жубанбады.

— Жийеним, бир нәрсе айтайын. Кисиге айтпайсаң ба?—деди ол Жумагүлди қасына жақынлатып.—Апаңның тәўир бола-



www.ziyouz.com kutubxonasi

туғын түри жоқ. Сен мениң келгенимди адам бендеге сездирме, яқшы ма?

— Неге, дайы?

— Апаңның аўзына көпшик таслап қоя берейик.

— Онда демигип өлип қалмай ма?

— Соннан кейин байдан пайымызды алып, қун өндиремиз. Сен урып өлтирдиң деп байдың көп малын сыпырып алып, сени өзим әкетемен. Үйде бола бересең. Оннан басқа байдан өш алыўдың илажы жоқ, қарағым.

Дайысының не айтпақшы екенин түсинген қыз;

— Кет-кет,—деп Төренийязды қос қоллап ийтерип, даўысының барғанынша жылап, ылашыққа кирди. Изин ала Төренияз келди. Дайысының түр-түсин жаман көрип, қыз анасының қасынан қайтып қозғалмады. Ал Төренияз әри-бери отырып, бир неше мәртебе ым қағып, қызды айтқанына көндириўге урынып баққан менен, нан писпейтуғынын билип, сырым әшкәра болмастан бурын кетейин деген қәўип пенен, қарындасы менен де тиллесе алмай шығып кетти.

* * *

Сәнем, сол жатыстан үш айдың жүзин көрген соң барып бас көтерди. Оған шекем қоңсы-қобалар күн сайын келип, қызға бар тапқан кеңесин айтып, кимиси тамақ писирип әкелип, кимиси кирин жуўып, қарасып турды. Төренияз да анда-санда ала ғарғадай көринеди. Бирақ ҳәр келген сайын жийенине «баяғыны апаңа билдирип жүрме» деп жалынып кетеди. Жумагүл оның сөзин ишине сыйдырып бағып еди, апасы бираз ес-түсин жыйнап, бети бермаған қараған соң айтпаўға шыдай алмады. Туўысқан ағасының жаманлық ойлағанын еситкен Сәнем ҳәр келген сайын сол қылўасын Төренияздың бетине баспақшы болып турады да, және үндемей «тек өш алыў ушын ойлаған шығар» деп өзин-өзи жубатады.

Гүзде қасақана қыраў ерте түсип, аўылдың егинлери писпей, елде қыткершилик басланыўға қарады. Оның үстине быйылғы қыс та орасан суўық келди. Сәнемлер ылашығының әтирапына еки қатар қамыс тутып, ишин уядай етип алған менен өз ўақтында тамақ таўып ишиў қыйынлыққа түсти. Қоңсылары бурынғыдай аўысқан-сүйискенин әкелиў түўе, өз күнлерин зорға көриўге қарады. «Үйден бөлек шығарған менен елдиң дәстүрин етип, бай ең болмаса мына қызын көриўге келип турар, жәрдем берер» деген Сәнемниң қыялы да иске аспады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тамақ табыў күн сайын аўырласты. Сонда да ол өзлигинен байдың есигине барып ҳақы айтыспады. Айтысқан менен ҳеш нәрсе өнбейтуғынына да көзи жетеди, ол өмирликке сатылған Сәнемнен алған мал-дүньяны төркини қашшан сап етти. Ал ендиги жағында төркинге барыўдан басқа жол жоқ. Бир күни Сәнем қыдырып келген ағасына усы пикирин айтып еди:

— Өз күнимизди зорға көрип отырғанда, сен қалай сыясаң? Оның үстине, қарындасы қайтып келипти деген атты орта жасқа келгенде қалай көтеремен,—деди әптадалыққа түскен қарындасынан қәйткенде қашып қутылыўдың есабын таппай биротала келмей қояйын десе, туўысқаны менен урыспай, кейиспей алшақ түсипти деген халықтың насақ сөзи боларман деп, не қыларын билмей жүрген Төренияз. Сөйтип бул оған уллы сылтаў болып өкшени сол көтергеннен, бул үйге қәдемин изеп баспады.

— Буларға туўысқан емес, дүнья керек екен,—деп бийшара Сәнем сарсыла-сарсыла, күнде бир ўақ, жатар алдында бармағын шайнап өкинетуғын болды.—Мени бийийман байға малдүнья ушын сатқан ағам ақыр соңында малға өтер жерим болмаған соң безди меннен...

Ол қалай еткен менен де өз күйинишин, өз қара басындағы қыйыншылықларды қызына билдирмеўге тырысып бақты.

Жумагүл анасының ҳәр бир суўық демине, түн ишинде толғанған ҳәр бир гүрсиниўин өзинше түсинип, апам тәўир болған соң бурынғыдай ойнайман деген ойынан айрылды. Ал аўлағында жылап отырғанының үстине келсе: «апа жыламаса» деген нен басқа жәрдем бере алмады.

Қоңсы-қобалардың да күн көрислери қыйын болғанлықтан бурынғы мириўбет биротала кесилип, буларға аштан сулап қалыў қәўпи туўды. Соның ушын тамақ излеп, күн кешириўден басқа илаждың дереги жоқ көринди.

Қәйтип тамақ табыў керек? Киси есигине қол жайып барып көрмеген. Бундай қылық пенен ата-бабасы шуғылланса сира. Ғәрип жолы қайсысаң деп деңлериниң саўлығына мәсирип, күши жеткен жумысларды ислей беретуғынлардың әўлады. Жумыс табыла қойса не жақсы. Усы аўылда Зәрипбайдан басқа қолы жуқналы, есигине адам жаллағандай хожалықлар жоқтың қасында. Көпшилиги өз күнин өзи зорға көрип отырғанлардан.

Сәнем бир-еки күнге шекем ойланыў менен жатты...

Бир жол бар, дийўанашылық! Ислеп көрмеген кәрди ислеў не деген аўыр. Усыннан басқа жол жоқ екенин түсинсе де,Сәнем басқа жол излеп көреди, ҳеш қандай имканият табылмайды. Ҳә сени, еркек боларма еди. Хийўа жолы қайсысаң деп



www.ziyouz.com kutubxonasi

басын алып, талап излеп кетер еди. Мине, буны ата кәсиби десе болады. Өз әкесиниң Хийўадан талап ислеп, қайтып келип үйленгенин анасынан еситкени және есине келди. Жигит ағасы Төренияздың да сол жолға түсейин деп турғанында Сәнем ер жетип, аўыр мийнеттен қутқарып, алақанына пул болып түсип, қорасына мал болып кирген еди. Мине сол Сәнемниң енди кереги жоқ!

Үйге ашлықтың араласыўы Сәнемди туўысқаннан айырып қоймай, келиншек болып түскен ел-елаттан, абысын-ажыннан, қәдир билис қәйин, қайнағадан айырыў алдында... Ол қанша ойлаған менен тамақ ишиўдиң зәрүрлиги орнынан турғызбай қоймайды. Көзлери көнгейленип жер көрмей баратыр. Қандай болса да аштан өлмеўи зәрүр. Қыстың қыраўлы күнинде не болсын. Бир жегендей көк шөп, ең болмаса жоңышқа болса да арсынбас еди. Отлап кете берер еди. Атшоқайдың да ўақты емес. Не ислеў керек? Жоғә! Оннан да өлген абзал. Соңғы еки-үш айда ақ араласа баслаған басын сыйпап олай-булай ойланып көрди. Ендиги жол тиленшилик! Гөне көйлегиниң жеңлерин бириктирип шекийне тикти, баў тақты. Аўысқанына қызы ушын да бир шекийне тикти. Бирим-бирим мойынларына асынып көрип еди, жемхор аттың тумсығынан шығарып жиберип төсине түсирген дорбасындай салбырағанын өзлери аңғармады. Ана өзиникин қоя берип, қызының мойнына асынған шекийнениң аяқ-буяғына қарап еди; «өйбей, сорымай!» деп қайтадан жаздырып-ақ алды: «Бүйткенше аштан-ақ өлейин! не деген сумлық. Усы дорба менен тамақ излеймиз бе?»

Және бир күн жатты. Аўыл арасында жүрип қайыр сорағанлардың да саны артып күн сайын бунның есигине де үш-төртеўи келип кететуғын еди. Ел гезген өзиндей адамларды көрген соң ба, ямаса ашлық жеңгенликтен бе, тамақ ушын ел гезгенлигиниң ар емеслигин мойынлады. «Дийўананың бети қырық есикке барған соң ашылады» деген, «қудайым тезирек жумыс ислеўдиң ирети табылғай» деп Сәнем шекийнелериниң тесиги бары-жоғын және бир көзден өткергенсоң, ҳақ жолы қайсысан деп қызын ертип ылашығынан шықты. Есик ашылған мәҳәлде далада ысқырып уйтқып турған боран «ҳүўў» етип ишке кирип, олар менен орын алмастырды. Қыс нақолай келген соң үйинде дәртке асқандай шүберек болса кийимлериниң жыртығын қоймай жамап, ун салатуғын сырты жүнли жалғыз шанашын сөтип, қызының ҳәм өзиниң аяғына шарық тигип алған еди. Далаға шыққан пәтте ийинлерин сәл қысыңқыраған болмаса суўықты сезбеди. Қалай қарап жүриў, қайсы бағдарға бет алыў керек Әне олар усыны билмейди. Ырым ушын қайсысы жақсы? Ҳәр



www.ziyouz.com kutubxonasi

тәрепке бурылды. Қимдикине барардың есабын таппайды. Таныс адамларға қол жайыў күтә намыслы сыяқлы. Есик алдында қазықтай қақайысып қуры турғанда суўық жалап әпшерлерин қуўырып баратыр. Демде-ақ Жумагүлдиң жүзлери қуўарып кетти. Енди иркилип тура бериў мүмкин емес. Иши аш ана менен қызының үстиндеги жамаў-жамаў сырмақларын етине тағы да жақынласыўға мәжбүрлеген ызғырық боран, басына қулақлы қызыл топпы кийген қызды ана қолтығына тығып, зирдеклетиўи менен Сәнемниң ҳалақасын аўзына бастырып, елинен айырды.

Аўылдың күн шығыс жағы әдеўир жерге шекем даланлық еди. Күн батыстан ескен шамал даланлықтың үстин уйытқытып қара топыраққа араластыра жеңил-желпи жапырақларды көтерип, ҳәр жер-ҳәр жердеги гөне түбирлердиң әтирапына шыйрыла түседи, және көтериледи. Мине усы даланлықтың ортасын қақ айырған гүзар жол менен, зүрәәти жыйналған кең атызлықта қалған қос қарақшыдай көз ушында көринип Сәнем менен қызы Жумагүл әстен-әстен адым атлап елден шығып баратыр. Әтияждан Сәнем қолына бир таяқ та алған еди. Алдында қурыўлы қақпан жоқ па екен деп барлағандай ҳасасы менен ҳәр жерди бир түртип, қапталында киятырған қызын өзине жақынлатқан сайын, гөне қызыл айдынлысының ҳалақасы қарақшыға байланған жалаўдай желбирейди. Булар аўылдан шығып баратырса, солар тәризли және биреўлер усы аўылға бет алған. Бирақ ҳеш қайсысы Сәнем менен хабарласпайды. Бунының да олар менен иси жоқ. Шамалға қалша қарап жасаўраған көзлерин оның тусына келгенде бир сыпырып өте берди. Кескен торанғылдың басына илинип қалған қаңбақтай үлкен шегирмеси шамал менен дирилдеген бир киси ақ тал ҳасасының бир ушын он еки-он үш жаслардағы жалаң аяқ балаға услатып, екинши ушын өзи тутып киятыр. Көзлери ләкет болса керек, еки жеңи менен гезекме-гезек маңлайын сыпырады. Бала атасының сәл иркилгенине қайылшылық бермей, артына алара қарайды. Және ҳасаны силкиңкиреп жибереди. Усылай етсе ол адымын кеңейтип, қыстырғышсыз, тысы да жоқ, қара кийизден топпы кийген баласының изинен еңкеңлейди де турады.

— Әй, келин бала, елиңиз тоқшылық па?—деди ол Сәнемлер тусына келгенде иркилип турып. Бирақ олардан жуўап ала алмаған соң өз-өзинен: «Бул заманда әптадалыққа ушырамаған ел барма екен қудайым?» деп гүбирленип кете берди. Оның гүбирлиси Сәнемниң қулағына да шалынған еди, кейин қайтқан менен пайдасы не, жақсы ийит өлимтигин аўлаққа таслайды ол өлсе де Зәрипбайдың елинде өлмеўи тийис.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Олар кеш песин шамасында бир бийтаныс аўылға жетти. Бурын ислеп көрмеген кәри болғанлықтан не қыларын билмей қайсы үйге кирердиң есабын таппай, ел шетинде зирдеклесип бираз турды. Суўық кем-кем күшейген еди. Аспаннан тамған ҳөл болмағанлықтан аяқ астынан шаң көтерип ҳәмме жерди уйытқытып турған шамалдың күшине шөпликлерге шекем төтепки бере алмай, базда пышыр етип сынады. Жол жүргенде онша елестирмейтуғын суўық оларды көп ойландырып турғызбай үйлерди тез-тез аңлаўға мәжбүрледи. Шетирекке қонған бир ылашыққа нәзер салса, олардың бахтына ылашықтың алдында ийти де жоқ екен. Қызының басына бешпентиниң шалғайын жаўып, суўық пенен қызарып, тамырлары шертилип кеткен оң қолының алақанын жайып, ылашықтың есигинде турып әстен ғана сыбырлады. Соң-соң даўысы ашыла баслады.

— Қудайым, бахытларың жатпағай! Бала-шағаларыңыздың ирәтин көргейсизлер! Жас нәрестем ушын жәрдем бериңлер?..

Әри күнниң аязлығы, әри ашлық, әри киси есигине қол жайып қайыр сорап көрмеген ҳаялдың жыламсыраған даўысы иштен бир жас келиншекти демде-ақ шығарды. Келиншек ернеклери ушып, сынып, күтә тасландысы шыққан желимли бир кесениң ишки бетинен жүўери алып шығып, Сәнемниң мойнына асынған дорбасына салып, кейин бәсти. Сәнем оған қуўанышын қәйтип билдирердиң есабын таппай:

— Алғаның менен қоса ағар!—деп зорға айтты ҳәм қызының басынан бир сыйпап, ийит жоқ па дегендей жән-жаққа қаранып келеси үйге бурылды..,

## 2

Журт сөз қылатуғын Әмиўдәрьяның «Еркин» атлы бир саласы Порлы таўдың қубласынан саға алып, өзинше мәсирип ағып, бир неше жыл есерленип, ағысы қалай бурылғысы келсе солай бурылды. Еки жағына сән берген неше түрли жасыл жапырақлы нәўше өсимликлер менен ғарры торańғылларды ийримине мантықтырды. Талай-талай аўыллардың басына жетти. Бирақ өжет дәрья қаншама жиллиленип, еки бойын жайлаған елатқа зеребесин үйирсе де, суўы тартылып өз «еркин» лигинен ериксиз айырыла баслағаны тек соңғы жыллар ғана. Ал быйыл ишинен аққан суў қудық басындағы наўа түбинде қалған суўды еске түсиреди. Күшли шамалда өркешленип шапшыйтуғын ерке толқынлар енди бир бап пенен ғана бир-бирине шырпылдасып, табан балықтың арқасындай қырланып зорға-зорға көзге илинеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул жағдай дийханшылық етип отырған аўылға жаман тәсирин тийгизип, пейли тар дәрья түбинен зырлап аққан суўын тек қолы жеткенлерге берип, атызларына кирди. Журтшылық быйылғы бәҳәрден айрықша дәмеленип, суў молаяр деп ғаўқылдасып жүрген еди. Олардың ғаўқылдысы қуры ғаўқылды болды да қалды. Быйылғы бәҳәр ҳәр қашанғыдан ерте түсиўине қарамастан, суў өткен жылдағыларынан кемейсе кемейдидағы, көбеймеди.

«Еркин» дәрья қанша сараң тартқаны менен тәбият өз бийлигинше жасаўын даўам етти. Анда-санда базы бир ғарры торaңғыллардың шақалары қуўрап қалғаны болмаса, өсимлик атлының ҳәммеси бәҳәр қуяшынан илҳамланып көк липасын кийине баслады. Жас тораңғыллар шигиттей бүртиклер шығарып ерманы менен қызыл жыңғыллар бүршиклеўге қарады. Дәрьяның ишки ернегиндеги ийиктей сүйриклер қылтыйысты. Бәҳәр қуслары ушып келип тоғай ишин жаңлата баслады. Дәрьяның күн батар арқасындағы Порлы таўдың әжжеси бултсыз аспанның қуяшына шағылысып жарқырады.

Маллар төллеп, шарўалардың жумысы көбейди. Шопанлар күннен-күнге шыйрақланып, кешегисинен бүгин, бүгингисинен ертең ерте оянып, көше бойлап «Ҳа! Ҳа! Малыңды айда» —деп қыйқыў салатуғын күнлер туўды. Падашылар менен шопанлардың оғыры тәжирийбелиси болмаса, қайқы таяқты биринши үслағанлардың көк қуўалаған малларға күши жетпей болдырып жилигиндеги бар майын шағатуғын ўақты жетти.

Басына қызыл тыслы, пилтели топпы кийген, үстинде гөне сырмақ қара гүписи бар, бели жиңишке кендир жип пенен бууўлы, көйлеги тобығына түскен, жалпақ бетли, турбатлы қыз, қолына тутқан ақ таяғын белине салып, қәдимги ата шопанлар сыяқлы «Еркин» дәрьяның жағасында зеңирейип тур. Оның шамалға желпилдеген қос тулымы бетин киширейтип қойыў қасларын бурынғыдан да қарайтқандай сән берди. Қуяш анық түсликке тирелгенде, оның алдындағы баспақлары ҳәр жаққа тарай баслады. Жаныўарлар шөллеген шығар деп ойлаған қыз алдындағы үлкен ала баспақты қайырып, Еркинниң суўына қарай бет алдырды. Басқа баспақлар да сол баспақтың изинен бурылды.

Дәрьяның ултанынан сырқырап аққан суўды көргенде, ҳәмме бузаўлар бирден шапқыласып еди, қыз қаўын басындағы жансыз қарақшыдай қақайды да қалды. Узақтан киятырған шаңғытты көргенде, табанына қоз басылғандай бирден жуўырды. Оның ығбалына ана сыйырлардың падашысы бул суўаттан



www.ziyouz.com kutubxonasi

суўғармайды екен. Шанғыт жақын көринген менен кем-кем алыслады.

Тумсықларын суўға басқан баспақларға қарап, қыз нәше егиз турған менен, сонша баспақтың ишинде өзиниң бир басғағы болмағанына иренжип, әлле неткен қыялға берилди. Бирақ, суўға қана сала жағадағы ушы истей сүйриклерге қызығып кеткен баспақлар оның ойланып турыўына пурсат бермей күйдирди. Мыналар әжелине асығады-аў! Усыннан тереңге түсип кетсе өледи ғой? Жүзиў биле ме, бул гөдеклер!... Соң баспақларға неге тоңқылдап турғанына түсинбей, өзине-өзи кейиди: «Мен не қылып турман? Ямаса мәмелек айландырды ма? Адамсыз сөйлегенимди биреў еситпегейдағы. Бүйтип жүрсем кеште ийесине не деп жуўап беремен. Бул баспақлар өзлерине емес маған әжел излеп жүрғой, маңлайыма. Биреўи өлсе, мениң өлгеним!...» Ол аяғынын астынан кесек таўып, суў ишинде отлап жүрген баспақларға ылақтырып «Шүў-шүў! Бәш-бәш!» деген менен тилсиз жаныўарлар «адамбысаң» деп бурылмады да. Арғы жағындағы Порлыны жийеклей төселген ақ шатырдай көринген кишкене көл бар еди. Соны сезгендей ең алдыңғы ала баспақ кем-кем тереңге түсип, суўдың үстинде әйнектей жылтыраған жуқа қаймақ музларды сындыра ысырып, сүйрик қуўалаўы менен қарсы жағаға жақынлап қалды. Бул көринистен қыздың жаны сезикленди. Енди ол күнниң желемигине қарамастан сырқы гүписин шеше сала, суўға түсиўге мәжбүр. Өйтпесе айтқанына көнетуғын қайсы баспақ?...

Суўық суўдан тиксинип турмастан киндигинен асқан суўда ҳәр баспақты бир урып, өлдим-азарда сыртқа айдап шығып еди, соң ийеги-ийегине тиймей сақылдап, денеси қалжырап дирилдеди. Қуяшламада кептиринип алайын десе, баспақлар және тарап кете ме деп сескенеди. Пайыт тапса тек қуяшқа жаўырнын тутып турады. Усылай етип ҳеш нәрсениң ебин таппай жүргенде, күн аўып кетти. Азанда алып шыққан жарты наны бар еди, еле жей алмай жүр. Нан жеў есине кирип шықпады да. Алдындағы бир топар баспақтың шетке шыққанына жуўырыўы менен ети қызған мәҳәлде, тоңғанын умытып, қойнындағы нанының шетинен сындырып, аўзына салып гүйсейди. Оның менен бир жерде турып жута алса! Көкке елигип тез-тез тарап кетс беретуғын баспақларды бир жерге топлайман деп жуўырып, шайнаған нанын түпириги менен қосып, зорға-зорға қылғынып жутады. Жалаң аяқларына қадалмаған тикен, қараўытқан балтырын тырнамаған шөп қалмады. Балтырлары алқараған. Ол оған да қарай алмайды. Кеште үйде бир көрермен деп, балты-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рынан сорғалаған қызыл қанды гейде алақаны менен сыпырып жиберип, шеткерилегенине жэне жуўырады.

Мине падашылықта жүрген усы қыз дийўанашылықтан қутылған Жумагүл еди. Бул падашылық, соңғы гезде Еркинниң бойындағы аўылға сиңисип, Қутымбайдың хызметине араласқан Сэнемниң «Жалғыз қызым барқулла шарық ийириў менен бир жерде сарыйы шығып отыра бермесин, ең болмаса бой жазып шамалласын деп тапқан ақылы. Қайырқом ананың зейнине тийип көрмеген қыз, баспақ бағыўдың бүгингидей қыйын екенлигин есине келтирип те көрместен, тек шамалда жүргениң мэп билип қуўанған еди. Керисинше бул жумысы оған байдың мал қорасы ушын шенгел тасығаннан аўыр болды. Азанда үйден шыққалы бир түбирге сүўенип отырып дем алмағаны былай турсын, суўға түсип шыққалы жылыған жоқ. Қалтыраған үстине қалтырайды. Дэслеп ол адамсыз тоғайда жападан-жалғыз жүргенине қорыққан да еди, енди қорқыныш дегенниң не екени де умытылды. Ол усылайынша өзи менен өзи болып 20—30 баспақтың анаўсына бир, мынаўсына бир жуўырып жүргенде, өзине таныс даўысты еситип, жым-жыртлықтағы тоғай ишин жаңлатқан қайғылы ҳаўазға қулақ түрди. Ешейинде ҳэр қайсысы өз басына кететуғын баспақлар да усы намаға қулақ салғандай бир жерге үйирилди.

«...Басымда ерким жоқ, кеўлимде қайғы,
Жақты күнлер қашан туўар, досларым!
Ҳасла көрмегендей күн менен айды,
Тыйылмады көзден аққан жасларым.
Бир күн бахыт таңы атып жаҳанға,
Нур сэўлесин себермекен маған да.
Қой үстинен торғай жумалағандай,
Әдил заман қашан болар, досларым.»

Даўыс семген мэҳэлде баспақлар жэне шашаўлана баслап еди, падашы қыз жуўыра бергени «Жумагүл!» деп созылып шыққан сестен қорыққанынан селк етип, жүрегин баса сала, бурылып қараса, усы аўылға келгели сырлас болған қурдасы келип қалған екен.

—Өйбей, Бийби сенбедиң? Даўысыңды мегзетсем де; бунша узақта Бийби не қылады деп ойланып тур едим,-деди бурылып.

—Сорама, балажан,-деп Бийби жэн-жағынан арқан, балта таслағандай жер гөзледи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Қудайдың өзи адамға бир нәрсе берсе, бир жағын кемис қылып береди дейди, сол рас па деймен.

—Неўе өзи?

—Сениң шайырлығыңды айтамандағы.

—Мениң айтып жүрген қосықларымды, өзимди шығарған деп ойлайтуғын қусайсаң-аў. Бай-бай, балажан, ҳеш қайсысы өзимдики емес. Ҳәр кимнен үйренемен, көбисин жүдә жасымдә үйренип, ядлап алғанман, бирақ күйгеннен гүй шығады деген; базда шайыр болып та қоя береди киси.

—Ал онда айт, қәне ҳәзир.

—Айт деген соң аўызға сөз келе ме. Бундай жерде Айша жеңгей тепериш.

—Ҳаў, Бийби, отын ушын бунша алысқа келип не қыласаң? Арқалап барыўы күшмүйтек ғой.

—Дәртимди қоя бер, балажан. Сениң менен сөйлесип шер тарқатайын деген мақсет пенен үйиңе барып едим, апаң баспақ бағып кетти деди. Адам сөйлессе, мал мөңиресе дейди ғой, ишимдеги ерди ақтарып, бойымды жеңиллетейин деп едим. Апаңның айтыўы бойынша баспақлардың сүрдеўи менен келип турғаным.

Орта бойлы, жумалақ жүзли қыздың гүлләп денеси тап шығарлап қойғандай тығыз еди. Тозыўы жеткен етиктиң баслығын айландырып ойып кесип, геўиш орнына кийип алыпты. Әкесиниң гөне етигиниң ултаны ғой деп Жумагүл ойланса да, «бул да жақсы, мен бундай қонышсыз етикти геўиш қылып алыў түўе жалаңаяқ тикенек басып жүрмен ғой,» деди өзинше. Бийби ийниндеги арқанын жерге таслап жиберген пәтте қарапәрең жүзинде ашыў менен пайда болған қан басылмай ойнақшыды:

—Бул қалай, сууға түскенсең бе?

—Майға түскен тышқанды көрдиң бе? Әне мен сол!—деп тула бедени лаплап турған Жумагүл күлди. Ал, Бийбиниң көзинде мәзи күлки ойнаған менен жүдә кеўилли емес еди. Бирақ қурдасының сөзине шақалақ атып күлиўге мәжбүр болды.

Жумагүл өзинен басқалардың қалай қыйыншылық көрип, оны қалайынша умытатуғынын да билмейтуғын еди. Жетим-жесирлердиң басындағы аўырманлықты өзиниң күн көрис жағдайы менен салыстырып ғана түсинеди, өзинше, ал әке-шешеси бар қыз-жигитлерди өмир бойы қайғысыз деп есаплайтуғын әдети. Соның ушын да ол Бийбилердиң турмыс кешириўлерин көз алдына пүткиллей басқаша келтиретуғын еди. Оның әке-шешеси бар. Сонлықтан нени уўайым етип неден зар шегиўи мүмкин. Тек камбағалшылық па? Жоқ-ә! Усыған қапаланып бола ма? Билектиң күши барында жумыс ислеў керек. Қудай тескен



www.ziyouz.com kutubxonasi

тамақтың илажын қудай табады, әйтеуир... Ең жаманы кисиден хорлық сөз еситиў. Әкеси, ағалары бар қызларды ҳеш ким бассынып, аўыр сөз айта алмайды. Ал Жумагүлди базыбир наданлар адам екен десе! Әйтен моллаға шекем қоярда қоймай оны айттырып жүр. Ал, мынаў Бийбиге не жоқ! Ондай мәпилик адамлар айттырыў түўе, шийинен сүйкенип өтсин. Әкеси ашыўланып, бир кеспелтекти ала шықса, ким дыррықшылық ете алады? Жумагүл көбинесе усылайынша ойлап, адамларға баҳа беретуғын еди. Өзиниң жүрер жолы тар болғанлықтан ба буннан артық ойлаўға ойы да жетпес. Бийбиниң не ойласпақшы екенине ҳәм оған қалай кеңес бериў кереклигин билмей турғанда, бир баспақ шетлеп кетти. Жумагүл Бийбиге ҳеш нәрсе ескертпестен бирден баспақтың изинен жуўырды. Аўзын ашып аңқайып қалған Бийби оның менен отырып сөйлесиўдиң қыйын екенин билген соң балта, арқанын қолына алып Жумагүлдиң изинен барды.

—Қурдасжан, сен анаў торańғылдың ығындағы қуяшламада отырып кийимлериңди кептирип ал, мен баспақларға қараўыллап турайын.

Жумагүл «шының менен айтып турсаң ба?»-дегендей Бийбиниң бетине қарап еди ол:

—Неге қарайсаң, бар, бар! Бүйтип жүргенде аязлап аўырып қаласаң,— деди.

Шақалары әрре-тәрре болған, бирақ астына төселген сары жапырақлар кийиздей төсек болып атырған қос торańғылдың ығына келип, Жумагүл қуяшламаға жаўырынын тутып, көк қуўалаған баспақларынан көз айырмай зеңирейип турып алды. Бийби және келди.

—Шешин, шешин, сөйтпесең тез кеппейди.

—Баспақлар кетип қалады ғой!

—Қорықпа. Булар мың айтқан менен ҳайўан. Басы сирә бирикпейди. Ҳәр қайсысы қәлеген жерине жайыла берсин. Қайтысын жыйнап аласаң. Сен отыр, өзим тикейип қарап тураман.

Жумагүл эсте ғана жүресине отырып шешине баслады. Толы уршықтай тырсыйып, ушлары көк жигилдик жийдедей болған қос алмасын порықтай аппақ денесине қыпсырып, кең жаўырынын гүжирейтиўи менен шөкке түсип отырып еди;

—Меннен несин жасырасан?—деди Бийби.—Мен де өзиндеймен. Еркектиң әўлады көринсе белги берейин саған.

Жумагүл үстиндеги бөз көйлегин қасындағы бир түп қарабарақтың үстине жайып, Бийбиге тикленип қарай алмай, ҳәзир жонғыдан шыққан қақпақтай жаўырынын қуяшқа тутыўы менен отыра берди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бийби оны айланып жүрип, ара-тура баспақларға көз жибе-рип, шөпшек териўге киристи.

Жумагүл арадан бираз ўақыт өткерип кийинди.

—Берекет тап, қудайым, айтқаның келсин.

Баспақлар шашаўланып кеткен еди, шаўып кетип оларды топлап келди.

—Ал, енди айт, қурдас,—деди Жумагүл Бийбиниң қасына келип.

—Мен қыз болып қалған қусайман.

Жумагүлдиң қаязыған қызыл еринлери жыбырласып күлки-ниң изи билинди.

—Билмей жүрмедиң?

—Қайдан билейин? Кеше кеште ағаш арасындағы Маңғыт елатынан бир бай келип, мени айттырып кетти.

—Ол келгенде, сен барма едиң?

—Қәйдем әйтеўир, үйге шөгирмелери қазандай еки киси ке-лип еди. Апамнан булар ким деп сорасам, саған келген күйеў деп сыбырлады.

—Сөйтип не қылды?

—Мени беретуғын болып, малын айтысып, сәрсенбисин де келисипти.—Бийбиниң шымыры қызыл жүзи көгис дөнип, суўда-ғы сүйрик түслес болып кетти.—Өзи бай болған менен мениң көргеним ғарры киси.

—Ағаң ше? Қарсы турмап па?

—Бәри ағамның таўып жүргени.

—Апаңа айтпадың ба?

—Ол сорлы не қылсын? Ағамның бетине қарай алмайды.

Жумагүлдиң шамалға желбиреген тулымлары астындағы қызғыш жалпақ жүзлери қуўарып, қандай да бир ызаланған ке-йипке кирди. Қапылған заман деп айтыўға аз-ақ қалып турған менен, заманды айыплайтуғын шешенлиги болмағанлықтан:

—Усы биз сорлыларды қәлемеген адамына зорлап малға са-тыўды ким шығарды екен,—деп көз қарашықлары қозғалмай еки қасы жақынласты.—Бул тек қарақалпақтың басында ма екен, ямаса адам баласының гүлләни усындай ма екен?

—Қәйдем билейин, қурдасжан. Соны билгенде үсейтип жүре-миз бе. Сениң менен ойласайын дегенде басқа биреў менен қа-шып кете берсем бе екен дейжақпан ғой!

Жумагүл қайдан шешим тапсын? Өз басындағы муңын кимге айтып шағынарын билмей, зары-гирян. Жеме-жемеге келгенде тилейтуғыны өз ғамы. Бир мыррық күн туўып, Әйтен молланың қосын жетелеп кетпеў тилеги. Деген менен қатар-қурбы адам деп кеңес сорап келгенде, өзиң бил деп жибериў де қыйын!...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол көгис аспанның жийегине көз таслап, қыялы менен узақты шарлап көрди. Нәзери сонша узақта болған менен, көз қарашықлары шашаў-шашаў жүрген алдындағы баспақлардан алысламады. Қасында оның тил қатыўын күтип турған Бийбиге, бурылып сарсылды.

—Үҳ-ҳа!.. Өзиң бил, Бийби. Сениң алдында қандай есик турғанына мениң көзим жетседағы? «Шәрьярдағы» Әнжимге Зәўрениң айтқанындай «Сен де мендей, менде сендей қуп нашар» емеспиз бе? Өзиңнен артық ақыл мен де не жесин!

Екеўи алға қарай жүрип, баспақларды бир жерге топлап келген соң да, жартыўлы кеңесе алмады...

Еркин дәрьяның арғы жағында Порлы таўдан басқа ел барын Жумагүл билмейтуғын еди. Бийби қайтқаннан соң көп ўақыт өтпей-ақ арғы жағадан еки атлы көринди. Ол қорқып бир түп пәскелтек тораңғылды паналап қарап еди, киятырғанлардың екеўи де мылтықлы. Олар қасақана Жумагүлге қарай туппа-туўры ғарс-ғарс жортып киятыр. Басларындағы шөгирмелери селкилдесип ҳеш нәрседен хабарсыз, атларына анда-санда қамшы силтейди. Қос атлы жағаға келип, атларын айдаўы менен суўды кешип өтетуғын болған гезде, Жумагүлдиң жүреги қанасына сыймай дүрс-дүрс ете қалды. Қайтадан музлы суўға түсип шыққандай, ийеги ийегине тиймей қалш-қалш етеди. Қайда тасаланыў? Егер алысырақтан пана излесе, баспағы түспегирлер басбасына кетпей ме? Гә баспақларға, гә атлыларға ҳәккедей қаранады. Буннан пайда шықпады. Жолаўшылар дәрьяны оның тусынан кесип өтти.

—Ҳаў, мен еркек балама десем, мынаў қыз ғой,-деди алдындағы муртлас, атының жүўенин тартып,-Майлы жилик жолда жата береди екен-аў!

—Жас қыз ғой,-деди екиншиси. Оның сөзи Жумагүлге күтә унаған менен жүрегиниң дүрсилдиси еле басылмаған еди. Алдындағы қара киси: «Нашарды шөгирме менен урғанда жығылмаса болды» дегенде, қыздың еки дизесинен димары кетип жығыла жазлады. Баспақларына жуўырған киси қусап қашайын десе де, атлылардың жетип алатуғынын билди ме, ямаса бирден ҳүўши кетти ме, турған жеринде қаққан қазықтай сәррийди.

—Бунық өзи еси аўма биреў ме деймен,-деди және сол муртлас.

—Кеттик, қайта жолымызға кесапаты тийер. Мақсетлер иске асса, бундайлардың нешеўин қушарсаң, Тәке! Айда атыңды!

Олар атларына бир-бирден қамшыны тартып-тартып жиберди. Екеўиниң де атлары тикке-тикке шапшып, аўыл бетке қарай жөнеди. Жумагүл бул ҳәдийсениң оңы екенин де, түси екенин де



www.ziyouz.com kutubxonasi

билмей, олардың қарасы шөккенше излеринен елерип қарап «Усындай атқа минген ел ағалары бизлерди хорлағанда, жаман-жаўтиклеринин биз қусаған жетим-жесирлерди жеп қоймағанына сәддақ,-деди гүбирленип,-буйтип жүрип масқара болғанша тезирек биреўдиң қосын жетелегеним де абзал!...»

Ерте намазлыгер баспақларын айдап Жумагүл аўылға қайтты. Атлылардан қорыққаны еле басылмаған. Сонлықтан күни менен шаршағанын, суўға түсип тоңғанын, балтырларын шөп тырнап азап шеккенин есине келтириў орнына баспақларды жорттырып изинен өзи өңкеңлеў менен болды. Ол күни менен көк қуўалаған баспақлардың изинен қуры ерип жүре берип, аўылдан қанша алыслап кеткенин билмеген екен. Ана сыйырлар бузаўларын жойтып мөңиресип, аўыл арасы улы-шуўда қумғуўыт болып атырғанының үстине келди. Байдың ҳаялы шаўылдаўы менен алдына шықты.

—Бул не қатын?! Тоғайдағы жораларың жибермеди ме?

Сай-сүйегин сырқыратып жиберген сөзлерге қайырып ҳештене айта алмай, аналарына жанасқан бузаўлардың ҳәр қайсысына бир жуўырып, өлдим азарда айырып байлады. Қайтып баспақ бақпаға шәрт айтайын десе, анасының қандай қыялда болатуғынын билмей мойны тартылып салпаўсыўы менен үйине қайтты. Бир күнде-ақ падашылықта көрген хорлығын, байдың ҳаялынан еситкен азапларын анасына айтқанша шыдамай, жүреги ҳәўлирип киятырған қыз үйинде бахытсыз бир жағдай мой бергенинин үстине келди; қысы менен жарылып-жарылып турған печи қулап, анасы оның қап-қара кесеклерин далаға шығарып атыр екен.

Енди кешки отты қаяққа жағып, тамақты қайда писириў керек? Далаға от жағыўға күн еле жылып кетпеген. Бир-бирине тутасып кеткен қыслаўда далаға от шығарсаң, елден айрылыў қәўпи тағы бар, яки аўылды от алады, яки ел болып изиңе түсип көширип жибереди. Жумагүл қапаланып отырған анасын көрип күни мененги ойларынан жырақланды. Ғәрип ана қызының шырайынан ақ көкирегиндегисин уқты.

—Қапа болма, қызым,-деди ол қызын жубатқысы келип.-Арбаның жаман жери жаман жерге келгенде сынады деген. Бул ўақытта отымыз өре жанбай тур. Соннан соң бәри де усылай бола береди. Абзалы, енди аштан өлсекте, баспақ баққанды қоя ғой. Сениң баспақ бағыўыннан үйимизге дәўлет киретуғын болғанда, мына печь сынбас еди.

—Апа, қәйдем билейин.

—Шырағым, қудай тескен қулқынның илажы болар. Сениң



www.ziyouz.com kutubxonasi

кешиккенинде бәйбишениң намазлыгерде айтқан сөзлери еле қулағымды гүўилдетип отыр.

Жумагүл буннан артық сөзге келмей, гөне сандықтың үстиндеги дастықты баўырына таслап, дүс төменине қулады.

Анасы басқа исин қойып, қызының қасына отыра сала оның қызыл жыңғылдың көмириндей қара, бестен таллап өргенликтен хәр қайсысының ени бир сүйем қос бурымын сыйпады. Маңлайына түсип кеткен топпысын алып қойды.

—Шырағым-аў, шашың не деген қалың!

—Апа, шыраны жағып жибер,-деди қыз даўысы тарғылланып.

Сәнем шүтик шырағa шырпы шағып басты. Сөйтти де қызын аш болып отырма деген ой менен қоңсысының үйинен жылдам бир чайнек чай демлеп келди.

—Мә, шырағым, ишип ал!

Қатып қалған нанды дастурханға қойып, бир чайнек чайды екеўи бөлисип ишип жатты.

—Азанда биреўге оңлатып алармыз,-деп гүбирленди ана, үнсиз жатырған қызын печь ҳаққында ойлап атырма деген пәм менен.

—Печьтиң илажы болар, апа,—деп Жумагүл ойының изин айтпай, қалтырап еди, кемпир билгенше асықты:

—Неге мәнисиң жоқ, шырағым? Аўырғаның жоқ па? Ямаса күн симер болып қалдың ба?

Жумагүл атлылардың жолыққанын жасырып, тек Бийби менен ғана сөйлескенин биримлеп айтып, сөзиниң ақырын «мен де сондай биреўге сатылып кетемен бе» деген астар менен жуўмақлады.

—Ҳеш қапа болма, шырағым. Көзимниң тирисинде ҳақлап кетсем де сени жылататуғын жерге жибермеймен. Бай адамы қурысын. «Бир бай менен бир жарлы қуда болса, қайдан қуда болдым деп зорға жүреди: Сени байға берип өзимди ҳәм сени күңлик дәрежеге түсиргенше, аш қарным, тыныш қулағым жақсы. Өз теңиңе өзимдей жарлыға қосаман. Қудай бахыт берсин. Байлық деген қолдың кири. Бай жарлы болыў, жарлының байыўы, тәәжип емес. Бай әкеңе тийип мен не қайыр көрдим? Малына сүйенип, ақыбетинде қаңғыртты. Ҳәттеки, мал алған туўысқанларым жеркенди меннен.

Ол ери жөнинде сөйлегенде, көзине жас алмай қоймас еди. Бул сапары қалайда өзин мәрт тутты. Әкеси туўралы еситкенде, Жумагүлдиң де баўыры ерип сала берер еди. Ол да әкесине ишинен нәлет жаўдырып тым-тырыс жатты. Ярым ақшамға шекем ана менен қыздың көзлери қыйсық қақыраның дүт басқан



www.ziyouz.com kutubxonasi

қап-қара пәтигинен айрылмай, қай ўақытта уйқыға кеткенин өзлери де билмеди Б...рақ азанда Жумагүл баспақ бағыўға бармай қалды.

## 3

Бийби уўытын таўып келип Жумагүл менен соңғы ойласқанында, Сәнем:

—Заманы бирдиң зары бир, шырақларым. Ҳәр ким талайына қайыл болыўы дәркар,-деп жубатты.

Ол өз қызындай көретуғын Бийбини ақыллаңдырып, ең болмаса өз басына түскен қысыўметлерди айтпақшы еди. «Жигит жети көрим көреди» дейтуғын еди, нашар жетписин көретуғын шығар деген жуўмаққа келтирген оның өмир жолы, өзинен соңғы жасларға белгили сабақ. Тыңлаған киси өзиниң сондай болатуғынын билсе, дүньядан тақ өтип кетсе де, өзи жарлыдан келип бай адамға турмысқа шығыўға келисим бермес еди. Малына арқа сүйеп, тойғанына секиретуғын қайсы бай, қайсы бийшараның сорлы қызын аяп қалады, көзине ысық көрингенге уялмай жаўшы жиберип отыра береди. Бул ўақта мал-атақ, абрай, қатын болып кетти. Бийбипатпаның қайсы әўлады. Сәнемнен мөмин тил алғыш, искер болады дейсең? Ақыбети неге әкелди? Бийбиниң де хорланатуғыны сөзсиз!.! Сәнем бул жөнинде айта ала ма? Қоягөр, усы қыялды ҳәттеки биреў еситпесин! Ол жөнинде Бийбиниң апасы да биледи. Перзентиниң хор болғанын қайсы ана жақсы көреди? Бәринен де бурын гиреўли орында туратуғын бул заманның еркеги. Соның ушын да ҳәмме ата-ана қудайдан ул перзент сорайды. Ҳәммеге ул бере берсе, адамның қалай өсип өнетуғынын ойламай ма екен олар Бул жағынан қудай да бәле, жер бетинде еркек пенен нашарды жарыма-жары жасап қойыпты. Әй жоға, жарыма-жары емес шығар. Еркеклердиң көбиси 2-3 қатынға ийе, ал еки үш еркеги бар бир де қатын жоқ. Қудай адамлардың тилегине өжетленип ҳәмме ул сорай берген соң, нашарды көп жаратқан болыўы керек. Сол ушын нашардың қәдири жоқ. Ақыллаңдырған менен де әкесиниң айтқаны айтқан. Мәселен анам да мениң тәрепимде еди, бәри бир әкем жеңди, Ағам Төренияз «қызыл жүзли жигиттиң қыз қарындасы болмасын» деп, журттан бурын көтерилди. Мениң кетиўиме себепши болды. Бийбиниң де әкеси жеңеди, болмаса қыз ағасы болып жүргенлер жеңеди. Түбинде бир байдың нәзери түспесин, түссе алатуғын кеселдей изиннен қала ма, араға еркек түсиреди. Бундай иске үйдиң еркеги араласса, истиң питкени. Оннан да ғәрип жолы қайсы деп отырғаным жөн. Жалғыз қызым Жумагүл-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дин еркин биреўлерге берип қоймасам да жақсы. Биреў болмаса, биреў Сәнем Бийбини айнытыпты десе, зорға түтеп турған ошағыма суў қуйылып, бул күнимнен де айырар, тағы гезенде болып кетермен. . .»

Бийби Сәнемниң нелерди ойлап, нелерди бастан кеширип отырғанына түсинбей, тек қурдасы менен әжик-гүжик болып, кетеринде:

—Қурдасжан.-деп Жумагүлди қушақлады.-Ендиги сәрсенбиге кетемен. Қуда қәлесе узатыў тойыма сени биринши гезекте шақыраман.

...Мине бүгин сәрсенби! Бийбиниң тойына Жумагүл атақлап шақырылмақ түўе, бийхабар. Жумагүл қой болды болған шығар деп ойлаған еди, ҳәр кимниң сыбырлысынан ҳәм сәрсенби күнги аўыл арасында орнаған тәртиптен, қандай да бир тойлың сәўселесин байқады. Ол шақырылмай қалғаны ушын Бийбиниң сыртынан өкпелеп те көрди. Соң «Бийшараның еркине қаратқанды дейсең бе» деп, өзин-өзи жубатып, журт арман-берман жүрген кеўилли күнде өзге көзге көринбейин деп далаға да шықпады.

Ҳақыйқатында ол усы тойға араласыўға жүдә қумар еди. Бундай ўақыя өз басына дөнейин деп тур. Сол ушын қыз-жигит, күйеў, қудалар бас қосқан жерге барып олардан ибрат алса, қандай жақсы. Өз-өзинен қынжылыўы менен бир еки мәртебе аҳ шекти, пайдасы не? Соң ойланып отырып, шақырылмағанына да қуўанды, кийип барғандай сыны дүзиў кийим керек ғой. Анасының гөне-көкси жегде, жаўлығы болса да ҳеш гәп еди. Киси жеркенбей кийгендейлериниң бәри бағалай чан болып қулқыннан өтип кеткени қашшан! Жаслық қыял көкирегин тербеп еркине қоймайды. Аўылдың бир шетинде гилең жаслар ҳәккедей шықылықласып, аўыл арасында уўдыр-жуўдыр жүрген қызлардың даўысын иште отырып сезип, тақаты шыдамай, жүреги далаға алып ушты да турды, бир тикейди, бир отырды. Пәрмана ана қызының көкирегиндегисин уғып отырғанлықтан оған:

—Ҳеш қапа болма. Бизиң де таңымыз атып, қолымызға қус қонар,—деп тәселле береди.

Жатар болмай-ақ олар шүтик шыраны өшире сала жатыўға қолайласып атыр еди, биреў асығып-ентигип кирди:

—Сәнем шеше, қызыңыз бенен екеўиңизди бай ағамдики хызмет етиўге шақырып атыр.

—Қай жерде даў болса, пәстек молла, қай жерде хызмет болса бизлер,—деди Сәнем шақыртыўшы шығып кеткен соң.— Буған да шүкир. Қудайым қол аяқтың диңкесин алмағай, хызметтен адам өлмейди. Жүр, қызым, жүр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәҳәрдиң ортаңғы айлары болған менен аўыл еле қыслаўдан көшпеген еди. Әтирап наў қарағай қамыс пенен қоршалған. Байдың ақ отаўында қонақлар толы· Бай усы отаўын тиктиргели уўық-керегесин, түнлик жамбаўларын ыс басады деп от жаққызбай қойған еди, бүгин ортадағы ошақты айланып гилең қызыл жыңғылдың томарын үйип, алақшынды ернеклеп, ғыжлаған қозға маңлайын берип биреўлер жанбаслап жатыр. Жумагүл хызмет етиў ушын тап усы үйге киргизилди.

Шөгирмесин қапталына қойған дәпеңнен келген киси тақыяшаң. Жумагүл келген пәтте сәлем берип, есик бетте жүресине отырып, олардан «аманбысаң» алыў ушын көз астынан қарағанда, тақыялы кисиниң шала буўрыл болып ағарған шашын аңлады;«Басына қыраў түскен усы адам күйеўмекен?» Қыз төмен қараў менен ошақтағы шала жанған томарларды қағыстырып, бир-бирине қаластырды.

Және көз астынан оларға қарады. Қыздың таңымайтуғынлары үшеў· Буўрыл шашлы, ортада. Оннан төменирек отырған кисини көргенде Жумагүлдиң ети жуўлап, селк еткенин өзи сезбеди· Бирден турып қашыўға қыялланып еди, бирақ өзин зорға тутты. Ол баяғы баспақ баққан күни көрген атлылардың бири қара мурт! Усы киси есине түссе, Жумагүлдиң денеси дириллдеп, гейде түсинде ҳаўлығып шығатуғын еди. Түн ярымында шоршып оянған қызын анасы қуў сүйекбармақлары менен сыйпалап, неден қорыққанын сораса да, ҳәргиз айтпас! Ҳәзир оны көрип «күйеў бала усы ма екен», деп ойлады. «Егер усы болмаса, онда қудаша таўып бер деп сорлыны пәнжесине алмаса болар еди.» Оның тап усындай қыялға берилгенин түсингендей, анаў киси қара муртларын қолы менен бирим-бирим тегислеп Жумагүлге көз таслады. Ал қыз болса, оннан сайын қыпсаланып, киширейип баратыр. Хызмет етпей шығып кетейин десе, бир келип қалған соң бәне керек. Қыздың әлле нәрселерге қысынып отырғанын байқап, оның намысын қорғаў мақсетинде ме, үй ийеси Қутымбай көтерилип отырып қонақларға қарады:

—Сөйтип. Дүйсенбай жора, айланып келип бизге күйеў болдың-аў!

Бағанадан бери күйеў баланың қайсысы екенин байқамай отырған қыз және көз астынан қонақларға урланып сығалады. Ортадағы тақыяшан, шала буўрыл шашлы киси үй ийесиниң сөзине мардыйып, шалғаяқлай берип жанбаслады. Ол қыйсайған мәҳәлде, керегенин түбине сүйелген ғалы қоржынның гүржисине урылған қулып от пенен шағылысты. «Әлле қандай темирден ислеңген?» Жумагүл бул отырғанлардың ҳеш қайсысын Бийбиге ылайық көрмесе де, ортадағы кисини анық күйеў екен



www.ziyouz.com kutubxonasi

деп пэмледи..· Қара мурт уялмады да, Жумагүлге және көз тикти. Қысынғанынан Жумагүлдиң қолындағы қумғаны түсип кете жазлап еди. астыңғы ернин бир тислеп алып, енди сыр бермеў ушын өзин тутып отырыўға бел байлады· Төрдеги ғарры басына ақ белбеў орап саққа жүгиниўли· Гейде алдында жайыўлы жатырған китабына үңиледи...

Даладан бир жигит кирип келди.

—Қалай, ҳәммеси жай болып атыр ма?—деди үй ийеси.

—Қутымбай,—деди оған Дүйсенбай кесесин жерге қойып,— несине жай болмасын? Менде енди ҳеш кимниң атасының ҳақы қалған жоқ шығар. Сойыслығын, көкнар пулын берсем, енди не керек? Я сизиң елде жүўенсизлер көп пе?

—Жарайды, жайғастыра бериңлер,—деп Қутымбай келген жигитти қайтарып жиберди.

Жумагүл анаў Дүйсенбай деген кисиниң нағыз күйеў екенине енди анық түсинди. «Өйбей, бул Бийбиниң әкеси менен қатар адам ғой... Мен де усындай бәлеге дуўшар болмағаймандағы...»

Айша деген ҳаялды адамлар «жуўапқа келсе алдына адам салмайды, еки аяқлы бенделен сөзге келсе жеңилмейди» деп сөз ететуғын еди. Мине, усы ҳаял кирип келгенде Жумагүлдиң бойы бираз жеңилленди. Айша босағаны атлаўдан еки дизесине қолын басып ийилип, қонақларға тәжим етти де, Жумагүлдиң қасына бир дизелеп отырып, ҳәммеге бир сер салды. Күйеў жөнинде бурыннан-ақ хабардар болғанлықтан ба, таңланбастан қонақларды ғаўзастыра баслады·

—«Айдағаның еки ешки, ысқырғаның жер жарады» дегендей күйеў-күйеў дегенге қандай адамлар екен десем, болдырған адамлар ғой· Орнынан турып жеңгеге ийбе етиўди билмейди·

—Отырғанлар сам-саз. Қутымбай бир қарап еди. Айша неде болса өзиниң үстемлигин арттырып алғаннан кейин байдың көўлин бағып шайқатылды.

—«Ат өлсе де қәде өлмес, арық қойдан төслик ал,» деген. Күйеў баладан қәдемизди сорап келдик, қайнаға!

Қутым ашыўланып бир сөз айтса, Айшаның кететуғынын да билетуғын еди. Сонлықтан ба, шүйелген қәддин бузып бас көтермеди. Бәлким аўылының абройына қарап күйеўден шығын шығарғанын шеп көрмегендағы!

Күйеў тикленди, ал мурт жанбаслады. Төрде китапқа үңилип отырған ғарры муҳабасы сары үлкен китабын қапталына қойып, оң жағына сәл аўық, қырлы мурнының үстинен көз әйнегин қолына ала сала, күйеў ушын жуўап берди:

—Қойды бир соймақ бар, еки соймақ жоқ· Сол айтқандай



www.ziyouz.com kutubxonasi

қ..дени еки алыў жоқ. Енди бизлерде ҳақыңыз қалмаған шығар, қудағай келин!

Дүйсенбай марапатланып сақалын қайта-қайта сыйпады.

Айша олардан басылып кете қоймады.

—Аспанда ғаўық деген қус болады, ғаўқылдаса даўысы жер жарады, услап алып жула қойсаң, пәтамамы бир қысым пәр болады...

—Ғарға ғаңқылдап ғаз болмас, кемпир сыңсып қыз болмас деген,—деп мурт сөзге араласты.—Елиңизде қәде сорағандай тәўирлеў биреў жоқ па?... Қызсыз ел болмайды. Соларға сорат-пайсыз ба ақыры?

—Ғаз ғаңқылдар ҳәр жерде,
Шаң бурқылдар тар жерде,
Бийкешлер сизди менсинбей,
Жеңгеси келди бул жерге...

Мурт сөзден утылып не қыларын билмей екинши қапталына жамбаслады. Бирақ сол киси сөйлеген сайын Жумагүлдиң әжийнеси тырысып, ашыўы келди. Не илажы бар?

Жолдасының иркилип қалғаны ушын молланың маңлайы өрмекшиниң аўындай шытнады. Дүйсенбай оны ертип шығарда; «қарақалпақтың гейпара ҳаяллары аўзыңды аштырмай сөзден утып жибереди. Сол ушын китаптан қарап-ақ қутқарарсаң» деген еди. Ҳәзирги мусаллат болып келип отырған ҳаялдан қутқарыўдың жолын уўықтың дизбегинен изледи. Арғы түбинде ҳеш нәрсеси болмағанлықтан ба, тайын жуўап таппай ҳаялға бурылып;

—Сары шымшық боламан дейсең,
Ҳәр шақаға қонаман дейсең,
Өзиң байталдан келип,
Айғырға аўыз саламан дейсең,—

деп, уттым ба енди дегендей мардыйды. Айша бир дизесинен екинши дизесине қонып;

—Бағқа кирсең зейниң ашар,
Жақсы гүлдиң ийиси,
Арғымақ ат шабалмас,
Жаман болса сейиси
Нәўше қыз ат дизгини,
Жеңгеси болар ийеси».



www.ziyouz.com kutubxonasi

деген. Сиз мынаў заманласларымыздын сейиси болып келген болсаңыз. Сизиң қолыңыздан жем жегенлердиң қандай ҳәңгилигин ким билер екен?—деди ҳалақасын артына қайырып таслап.

Дүйсенбай-да, қара мурт та мәпилик ғаррысының утылғанын сезип гижинип қарасты. Молла жерге кирип кетейин десе қапталынан тесик таппай, тамағына тикен кеткендей қылғынды. Әдебинде бир-еки аўыз сөз сөйлеген қара мурт та тилге келмеди. Олардың үскини қуйылғанынан пайдаланып Айша күйеўди албыратып өкшелендире түспекши еди, және жасы үлкенлерге ийбе еткенди мақул көрип, қәдесин алып кетпекши болды:

—Алдыңғы арба қайдан жүрсе, соңғы арба соннан жүреди дейди екен ата-бабаларымыз. Күйеў бала, қәдени ирикпей қалтаңа қол сал!

Қутымбайдан дәмеленип Дүйсенбай қарап еди. ол арашаға түсе қоймады. Соннан соң тақаты шыдамай, бул ҳаялды көп отырғызбайын деген ой менен, қоржынын қапталына алып, қулпын ашып, гүржисин жаздырды да қосыўыслап жийде алып, Айшаға «Етегиңди тут!» деди.

—Қой көрмесекте қый көрип едик, ешкили байдың қызы едик деген күйеў бала. Өзиң бай болсаң да көрмедик екенсең. Қоржыныңды өзимизге бер, босатып беремиз. Мен бала емеспен, етегиме салғанды әкетип. Аналық кемпир деген абысынымыздың бир чай ишимине де жетпейди буның.—Айшаның сөзи жети жүйресинен өтип, күйеўдиң түги тебендей шаншылып еди, бирақ ел дәстүри усылай болғанлықтан, ҳеш нәрсе дей алмай ашыў менен қоржынын Айшаның қасына әкелип дурис еткизди. Ол қоржынды ийнине салып шығып баратырған пәтте:

—Келин, қоржынын әкелип тасларсаң,—деди Қутымбай изинше.

Енди қәде әўладынан қутылып болғаным жоқ па?—дегендей күйеў бир қозғалып отырған менен басы бузылмай кеткен жийдеге шеребе уртлағандай иши ашып, тамағын бир қырынды.

—Бул ҳаялға берип қутыласаң,—деди үй ийеси оның кеўлин алып.—Оғыры ақаяқ ҳаял. Уялмайды да. Дийдилегенин алмай қоймайды да.

—Енди, Қутеке жора, елиңниң жигитлери тынышлансын. Шабдырма қәде дегенди таўып қалтамыздың түбин тесер. Сениң менен де дуўшарласып отыра бермеймиз. Себеп пенен елиңе келгенде мазамыз кетти ғой әбден,—деди Дүйсенбай.

—Яқшы-яқшы. Қәне сен қыз, даладан биреўди шақырып келши.

—Қутымбай аға, елиңде қыз көп екен-а? От жаққышың да



www.ziyouz.com kutubxonasi

сыя-сынбаты келискен ғой. Бәле, ҳәзге қашып жүрсең-аў, а? Ҳа, ҳа, ҳа!

Мурттың сөзине Қутымбай да селк-селк күлди.

Молла қатты жөтелип, сақалын сыйпап, еки байдан әлле нәрселерди дәмеленген ишарат билдирди. Оған үй ийеси дәрриў түсинип алдын алды.

—Бул қызды аўылымыздың мектеп молласына әперейин деп жүрмен.

—Әне, жан жуўытпайды бул,—деп Дүйсенбай өз молласына қарап еди, ол пышықтан қорыққан мәкийендей мойнын ишке тартты.

—Жаңағы қыздың өзи қақаңбаслаў емес пе?

—Ҳаслан тартынбаң. Ол ақылсыз нашар. Ақылы болғанда мал-ҳаллы биреўге басын шатып келе болар еди. Бийғам бола бериң. Сол ушын ҳаялдан от жаққыш алдырып отырман. Сен неге сөйлемейсең, Тәжим?—деп үй ийеси қара муртқа бурылды.

—Мениң ашық кеўил адам екенимди, сол себепли натуўры жолға түскен адамды аямайтуғынымды билесең ғой. Дурысында, бизлердей адамларға падашыны от жаққыш қылғаның ушын кеўлим раўая таппай отыр еди. Енди түсиндим. Буны сақлық етип ислеп отыр екенсең. Мениң жолдасларымның ҳәммеси сендей түсимпаз болғанда ма? Ҳәсений!

— Ол жағынан ғам жеме. Өзиңдей қолы батыр жигитлерди таўып беремиз.

—Бул қыз кимниң қызы?—деди молла.

—Ашамайлы Зәриптиң қызы ғой.

—Ҳаў, анаў бай Зәрип пе? Ол қалай, ҳаялын таслаған ба?

—Қашшан таслағаны. Бизиң ҳаял бул қыздың анасын қазан табақты таза услайды екен деп төрт жылдан бери жумсап жүр. Қызы да бизиң есигимизде камалға келди. Тәжим, бунын падашы болғанын қайдан билдиң? Тек бир күн ғана баспақ бақтырып едим.

— Әкеси хабар алып тура ма?—деди молла Тәжимниң жуўабынан бурын.

—Бир «түф» деген нәрседен хабар алып, ол еркек емес пе?

—Ой, ол дурыслы жигит ғой,—деп молла мақуллады.—Зәрекениң ерлигин соннан бил, жақында Қоңыраттағы әскер таярлап атырған Көшекбай, Қасымлар менен сөйлесип, азық-аўқат апарып берипти. Өзи азамат, азамат!!

Тәжим сөз қоспады.

—Ондай жерде ҳәмменин де ер болыўы лазым. Қыл қуйрықтан қырық жылға шекем дәмем бар деген,—деди Қутымбай жә-



www.ziyouz.com kutubxonasi

не.—Жаңа ҳүкимет келди деп гилең жалаң аяқларға мал-мүликти бостан-бос берип жибериўге бола ма? Адамның көрки мал· Бәримиз де мал менен адамбыз. Ҳүкиметке қарсы турып малымды, бийлигимди қолымда қалдыратуғын адамнан аяйтуғын жаным жоқ, өзимниң. Шайдаковты үстиңизден аман өткерип жүрген сизлер,—деп Қутымбай жүдә батыл сөйлеп, қонақларын баспалатты. Тәжим мурт өзинен басқаларды жақтырмаған кейип пенен бир тикленип, ҳәммесине көз алартты да, және төмен еңтерилди.

Күйеў сескенген түр менен жан-жағына алақлап қарай берди. Оның бул кейпине Қутымбай таңланды.

—Сен қоян жүрек болғанбысаң? Қартайған адам әзиз келеди дейтуғын еди, ямаса қартайдың ба?

—Ғаррылығын сезген киси қыз айттыра ма? Уаҳ-аҳа!—деп Дүйсенбай өзинин өскин көкирегин еркине жиберди.—Қартайған соң дүньяның түбин қарыслап, сарыйын шығып отырысың мынаў. Адам деген қыйлы-қыйлы болып жаратылады, дейтуғын еди. Рас екен.Көкирегинде қуртың жоқ адам екенсең. Бир ҳаялдан басқа алғаның, көргениң жоқ. Күшигендей бир тесикке үңил де отыр. Соннан келип маған қартайдың деп сын таққың келеди-а?—Ол үй ийеси Қутымбайдың неликтен де, төмен қарап қалғанын көрип, әңгимениң бағытын екинши жаққа аўдарып жиберди. —Қутеке мен сени күшли, түсимпаз жигит шығар деп едим, бирден үскиниң қуйылып кетти ғой. Бәрин де мен ойнап айтып отырман. Биз—күйеў отырған үйге кимниң болса да малдай сүйкене жүретуғын әдети. Жаңа әңгиме басқа жаққа бет алажақ еди. Қысқасын айтқанда, сизлер ҳүкиметке болған ишки ашыўды шығаражақ болып қалдыңыз.—Дүйсенбай даўысын және пәсейтиңкиреп алдына еңтериле отырды.—Үй меники демеңиз шийй артында киси бар деген. Мениң қыялым да сениң менен сөйлесиў еди. Сол ушын мына Тәжим де бирге келди. Бирақ бүгин дым қолайсыз, соң мен келермен ямаса қутлы болсынды бәнелеп сен барарсаң. Қысқасын айтқанда, ҳәзир қойып турайық.

Үйдиң ишиндегилер шамалдай тынды. Ортада жанған жалынның ҳүўилдеп жоқары көтерилгени еситиледи. Тәжим мурт көпшигин иргеге жақын қойды да, оған жаўырынын берип, басын ғалы кергиниң шашағына сүйеп, еки көзин майда ушқынлар көтерилип шығып атырған шаңараққа қадады.

Олардың кейпин, ишки сырларын аңламаған молла гәпке қыстырылды:

—Большойлар жарлыларға ўақым жерлерди ғана бөлистирип бериў менен қоймай, диний-исламға қарсы оқытыў ушын



www.ziyouz.com kutubxonasi

орыс мектебине адам жыйнайды деген ызың-сызың гэп бар. Мениңше сөйтетуғынлардың көзин жойыўға умтылыў керек.

Моллаға жек көриўшилиги қозып, шертилейин деп отырған Дүйсенбай оның жаман хабар тапқаны ушын бурынғыдан да бетер исинип, түйип жибере жазлады. Бирақ киси үйинде эри қонақ эри күйеў болып атырған соң өзин-өзи зорға иркип гүрк етти.

—Ишин жанып баратырса да қойсаңа соңдай сум хабарды. Бәриниң де кепин тоны пишилген...

Өзин сэл еркин тутып отырған молла кирпидей жыйырылып еки дизесин қосыңқырап жыйнақласты. Көз әйнегиниң үстинен байға урланып бир қарап, китабына қайтадан үңилип отыра берди...

Байдың кең отаўының есик бетинде ҳаўа жетпей демигип отырған Жумагүл далаға шыққан соң еки алақанын желкесине басып керилип дем алды. Жулдызларға қарады. Әтирапта́ғы көмирдей қара болып көринген түн пердесине үйрениў ушын көзлерин қайта-қайта жумып-жумып ашты.

Қутымбай Жумагүлге пәленшени шақырып кел деп атақлап айтпады. Ол кимди шақырып келиўи керек. Әлбетте байдың кеўлиндеги адамды табыўы дәркар...Байға унайтуғын ҳәм бираз ислердиң еркин берип қойған адамы Нурым. Оны усы аўылда билмейтуғын, оның қаттылығын бастан кеширмеген адам шамалы. Ол кисини көргенде Сәнемниң де, Жумагүлдиң де тынысы тарылып тышқан тесиги мың теңге болады. Себеби ол ҳеш кимди аямас, зейнине тийсең сабап та кете береди. Бир жүўенсиз ерке. Егер оның үстинен шағынып бара қойсаң бай өзинди оңдырмайды. Мине усыған түсинеди ғой деп бай оның атын айтып жибермеген болыўы мүмкин. Бай анаў-мынаў қысылшаңлыққа ушырағанда оның керек болатуғынын Жумагүл сырттан сезетуғын еди.

Көзлерин қараңғыға қаншама үйретемен десе де бир еки жерге гөне түбирге сүрникти: Нурым сөзсиз Бийбиниң үйинде. Себеби бүгинги узатылыў тойына байдың өзи араласып үйине қонақ алғаны—Нурымның да сол әтирапта болғаны.

Оның от жаққан үйинде тынышлық, қыз узатыўдың базы бир белгилери иске асып атырған менен, Бийбиниң үйинде үлкен ойқан бар екен. Ол жақынлар жақынламастан-ақ бир-бирeўге кийлигискен пәтли даўыслар еситиледи. Ҳаял менен еркек даўыслары бир-бирине шаррайма-шаррай келип атыр.

— Көргенсиздиң әўлады, есит! Есит! Өзим өлмей қызым сол ғарры байына тиймейди...

Жумагүлдиң иши ғым етти. Бул Бийбиниң анасының даўысы ғой. Ишке кире алмай далада иркилди:



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әдепки өрески еркек даўысы—әсте-ақырын еситиледи.

—Ел ағасын тыңламасаң, етиң ийтлерге жем болатығынын билесен бе? Әйбир ешек қатын екенсен. Қатынды қудайтала жаратқанда ешекке ылай алған жеринен ылай алады дейтуғын еди. Сол рас гәп-аў. Болмаса неге көткеншеклей бересең. Қутымбай дайым менен екеўимиз сизлерди үлкен адам етип, қызыңның баҳасын арттырып үлкен басымыз бенен есигиңе келип жүрмиз. Сизлердей қайсы жарлының қызын узатыў ушын мен усылай етип жүрмен. Ҳүрметти билмейтуғын заңғар!

—Ҳүрметлемей-ақ қойың. Қызымды хор қылып, өзим таққа мингеннен не пайда?!

— Ең болмаса елди, мынаў ериңди сыйласаңшы.

—Маған ел келип атырған жоқ, сизлер!

—Биз ел емеспиз бе? Усы аўылға басшы болсақ бизиң ел болғанымыз.

«Бийби қайда екен?—деп ойлады Жумагүл, —қоңсы-қобаларға танысып кеткен шығар, болмаса анасын бүйтип жылатып қоймас еди».

Иштен Бийбиниң әкесиниң де даўысы көтерилди.

—Қатын, қой енди. Ҳәзир қызың келеди. Соған шекем солығыңды бас. Кетеси нашардың жолында жылап кесапатыңды тийдирме.

—Кесапатын тийгизетуғын сен. Қаршадай қызды малы көп екен деп ғап-ғарры кисиге қалай беремен? Әй сақалы күнге ағарған-аў!

— Ҳаў, ҳаў, ҳаялдың тили ерине тийгени қалай болғаңы? Журтқа өрнек бола ма десе қалай-қалайсызлар. Мынаўыңызды биреўлер еситсе қызыңызды адам ала ма? Анасын көрип қызын ал, табағын көрип асын иш деген. Сениң бийҳаялығыңды усыннан Дүйсенбай еситсе, иркилместен кетеди. Сеннен туўған қыз не оңғанды дейсен. Еле де ол мынаў адамға тартқан шығар,—деп Нурым Бийбиниң әкесиниң ийнине қол салды.— Онда қолыңызға келип түсип турған дүньяны қайтарғыңыз келгени. Мейли, онда. Мен ғой сизлерди аз-маз көркейип қалсын деп араға түсип жүрмен. Дүйсенбайға қыз қапыла ма. Оған бәри-бир. Түбинде мен усы аўылдан оған биреўди қосып жиберемен.—Ол кетиўге қыялланып, керегениң басындағы әреби қара қурашын алып киймекши болып, еки қолын бирден созып атыр еди, жалаңаш етине шолақ қара шекпен кийген Бийбиниң әкеси шығанағынан тутты.

—Сен ашыўланба, қосшым. Бул үйдиң басшысы мен! Сен мени тыңла. Буның менен несине сөйлесесең. «Қушимди көзине көрсетейин»,—деп ол бурыла сала, каптал бетте жер тоқпақ-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лап отырған ҳаялына умтылып, бир-еки тепки менен думалатып, сандықтың алдына әкелип таслады. Нурым арашалаған жоқ. Ҳаял бир нәрселерди айтып гүбирленди. Ғаррысы ҳәр тепкиде тисленип:

—Бетиме келесең бе, енди! Әй атаңа нәлет, қәне қызыңды иркип көр,—деди де ҳәўлире берди.—Усыннан қыз келген соң және бир нәрсе дедиң ғой, жер менен жексен етемен. Түсинип қой. Бийбиден алатуғын малымыз қарызымыздан аўысама? Соны биле тура сеники не тыржаңлап? Әй, саған айтаман, —деп ғарры және тепти. Нурым қурашын қолына услаўы менен басына кийместен бир бүйирлеп қарап, ҳаялдың жөнли жуўап бериўин күтиўде. Бирақ оннан бәләәтлағаннан басқа жақсы сөз еситилмеди.

—Сен аўзыңа шөп өлшеткен екенсең, бәри-бир, көндире алмайсаң,—деп Нурым және кетермен болып қурашын басына кийип, есик бетке жүрип еди, ғарры алдын кеселеди.

—Шырағым, сен бизди масқара қылма. Қызымызды бай қәлемей кетипти деген насақ тарқап кетер.

—Әлбетте, мен соны сезип сизлерди аяп турғаным ғой.

—Әне усыны мына шашы узын ақылы келте заңғар түсинемекен?—деп ғарры ҳаялға және умтылып еди, ол ериниң ҳәрекетке келген қос аяғы астында шыйратылған кийиздей жумалады. Бирақ даўысы сембеди;

—Өлтирсең де ықтыярымды бермеймен!!...

—Сен де әбден ойнадың-аў, мен ғой ерки менен жиберер десем түсинбедиң, сендейлердиң талайын көргенмен, қәне, енди бир кеселеп көр,—деп Нурым асығып үйден шыға жақ болды.

Шийдиң сыртынан иште не болып атырғанын көрип турған менен я ишке кире алмай, я кейин шегине алмай турған Жумагүлдиң көкиреги улы дүрсилди: «Әй сорлы ана, бүйткенше неге урықсат бермейди. Бәри-бир айтқаның болмайды. Мынаў жалмаўызлар Бийбини бүгин жибермей қоя ма? Ол ата-анасыарасындағы бул жәнжелди биле ме екен? Билмейтуғын шығар. Билдирмеў ушын бир жерге жиберген ғой. Ҳәтте енди анасына да хошластырмас...»

Нурымның шығып киятырғанын сезген соң бул үйге енди киятырған адам қусап алдына қарай жүрди.

—Кимсең?—деди Нурым даладағы қараңғылыққа көзи үйренбегенликтен алдында турған бир қара көлеңкени сезип.

—Нурым аға, сизге мени бай атам жиберип еди.

Нурым үндемей жүре берди. Жумагүл әстен ғана изине ерди.

Булардың аяқ сеслерин еситип өзге адамлар шығар деп ой-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лап, әңгимениң бағытын өзгерткени ме ямаса өз-ара жөн-жосақ сөйлесип отыр ма ,иштен тек ғана Қутымбайдың:

—Сөйтип күйеў бала, қәдени берип болдым де,—дегени еситилди. Нурым сөйлене кирди.

—Қутым дайы, сен өй деме, қәде түўесилмесин .

Толық денели, тапалтас, қара муртлары аўзын басқан, қырма сақалы өзине сәл қонымсызлаў, белбеў буўғанына қара шөгирмеси сәйкес, жигит ағасы болып қалған бул кисиге Дүйсенбай ойыла қарап еди. Қонағының кейпин аңлаған Қутымбай:

—Қәне, Нурым,—деди оған.—Той қалай? Ҳәмме жайында ма? Қызды қашанға таярлап атырсаң? Айтқандай бул жигитти сизлерге таныстырмаппан-аў,—деп үй ийеси Дүйсенбайға қарады.—Бул бүгинги мерекениң оданбасысы, мениң жақын жийеним Әбдираман улы Нурым. Сениң әкелген барлық затың усының қолынан өтип атыр.

Дүйсенбай оның сары шерим етигинен баслап басына шекем бир көз жуўыртып «жүдә жақсы, жүдә жақсы» деп басын қайта-қайта ийзеди.

—Ҳәрне барын жайғастырып атырмыз. Парахат ҳәзлесе бериң,—деди Нурым.

—Қызды қашанға таярлап атырсаң?—деди Қутымбай қонақлардың да көкирегиндеги усы ғой деген ой менен.

—Күн шыға жолға салсақ болмай ма?

—Болады, болады,—деди молла, бул сөзге Дүйсенбайдың ийбелик ушын жуўап бермей турғанын билип.

Нурым шығып кеткен соң олар және көсилиңкиреп жатты.

Далада бала-шағалардың даўысы семип, таўықлар шақырыўға қараған мезгилде олар жанбаслап жатып қурылдап көзгир алысты. Жалгыз Жумагүл уйқыламастан бир дизеден айланып, от жағыўын тоқтатпады. Таң анық саз берип, өйер-бүйерди керетуғын жақты түскен мәҳәлде Нурым қайтадан келип үйдегилерди оятты.

—Турыңлар, таярлап атырмыз.

## 4

«Қара мурттың аты Тәжим екен-аў! Аты әлпайым болған менен өзи соныша сур, бәтбешер! Ол неге көп сөйлемей маған тигиле берди. Бир бәне таппаса болар еди» деп Жумагүл қорқынышқа бөленсе де, сол күни оның сөз салдырмағанына қарап көкирегин суўық жерге басты. Сонда да базда-базда алағадалыққа берилип, әлле нәрселерди қыял етип отырғанда, сол мурт бирден көз алдынан өтип кеткендей болады. «Адам биреў-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ге ашық болса, соны көп еслейди, көзине көринип, түсине енеди, дейди журт, мен соған ашық болып қалғаным жоқ па?» деген қыял келгенде «өйбей, қоягөр! Қудайым ондай менен қослас болыў түўе, қайтып от жаққышы болмағайман!» деп, төсине түсирип отырған қос бурымын бирден артына қайырып, орнынан ушып түргеледи. Ол өз күниниң қандай болып өтип жүргенине қарамай, Бийбинин тәғдири жөнинде бираз ойлайды Оның кетерде сыңсып жылаған сести қулағына тал-тал келип, басын жаңлатады да турады. Бийшараның еле сол жылаўы шығар. Күйеў киши пейиллик етип ен болмаса қайын атасының есигин ашып, ата-анасына сәлем бериўге де жарамады Мың айтса да сүйегине тартып байлығының арқасында байдикине қонақ болды, сол жерден әкетти. Және өзине-өзи:«мен ҳәрекетлегеннен саўман ба?» деп бул қыялларын умытқанша асығады. «өзимнин сықпанымды сығалмай жүрип, кисиниң кеспасын кесиўди маған ким қойыпты?» Услай етип гә Бийбиниң тәғдирине қыйналып, гә қара мурт Тәжимди айланып келип қалмаса болар еди деп жүргенде алдынан шыққан жемитли қармақ өзгермеди. Бул қармақ Әйтен молла.

Оның ыңғырыўлап жүргенине ярым жыл шамасы болып қалған еди. Қанша әззи болса да, я қыз, я анасы оған келисим бермей жүр. Молланың суғанақлығына бай араласады деп ҳеш бир ойлаған емес еди. Баяғы қонақлардың алдында айтқаны ырасланып, бир күни кеште ас үйде сүт писирип отырған Сәнемге Қутымбайдың өзи келди:

—Нашар бала ер жетсе, оннан кутылған жақсы. Өзиң жесир ҳаялсаң, артық мийнетти сатып алып оны кийиндиргенше қара басыңның ғамын ойла. Ертең биреў менен қашып кетсе, басың далада қалады. Оннан да қызыңды Әйтен моллаға берс гой.

Я жөн сораў жоқ, я алды менен түсиндириў жок, мың мәртебе бай болса да, мал емес, адам ҳаққында сөз етип отырған соң ана алдында ийбе жок, байдың тикейип турып көзге илмей гәп айтқанына Сәнемниң хорлығы келди:

—Қәйним, қызды ким айтпайды, қымызды ким ишпейди деген, бул сөзиңе түсинбедим.

—Түсинбесең түсин! Пайданды ойлап отырман.

Байдың ат үсти сөзлери Сәнемниң көкирегин әл-аспанға желдирип, ҳеш жерде турақлатпайды. Соңша жазық кең дүнья алақандай көринип, ҳаўа жетиспей үсти-үстине көкирегин керней, еки ийниннен дем алады.

Кешқурын ҳаўаны булыт басып кетти. Бәҳәр айындағы булытқа исенип бола ма? Қәпелимде тесиледи де кетеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Печи баяғы бузылғалы бери қайтадан қурылмаған еди. Төбеден дүткеш тесип алған. Ҳаўа райын жаман көрип ол келе сала от жақпастан, қызына ишки зарын, киятырып көзине алған жасын билдирмеў ушын қақырасының басына өрмелеп дүткешти тығып келди. Оған шекем Жумагүл шүтик шыраны жағып жиберди. Сәнемниң гүби писип әкелген бир аўызқабақ айранының үстинде бақаншақтай жылтыраған май бар еди. Там басынан түсип үйге кириўден, майды алып нанға жағып-жағып қызына усынды.

—Бүгин от жақпай-ақ қояйық, мынаны жеп ал, шырағым.

— Мейлиң, апа. Ҳаў, өзиңе алып қалмай бәрин маған неге берип атырсаң!

—Қазаншы пуўға деген,—деп ол күлимсирейжақ болып еди, бирақ келистире алмады. Деген менен ишин ғыжлатқан ашыўды сыртқа шығармаўға урынып бақты.—Қонақлар келген екен, соның сарқыты деп бәйбише әдеўир гүртик әкелип берди. Соны жеп едим.

Жумагүл елестирген жоқ. Гейде өзи де сарқыт деп суўып қалған жүўери гүртикке тойып қайтатуғын еди. Сонлықтан ырас шығар деп ойлады. Ақыр соңында олар от жақпастан суўық суў менен кешки аўқатын тамамлады.

Анасы қызынан бул жаман ҳәдийсени қанша жасыраман деген менен Жумагүл хабардар еди. Әйтен молла Жумагүлди көрген жерде иркип сөйлемей қалмайды. Бирақ, намнаған киси маған сөз айтып жүр деп анасына айтпаға ол да уялатуғын, оның үстине анамды қапа қылып аларман деп қорқатуғын еди. Олар усылайынша биреў-биреўинен сыр жасырыў менен бираз ўақыт өткергенине қарамастан, бул иске байдың өзи араласыўы тынышсызландырды. «Бай араласса, ислетемен дегенин ислетеди. Малы бар адамның бул ўақытта айтқан сөзи алтынға қапланып тур ғой!»...

Олардың ҳәр қайсысының өз билгенлери ишинде. Бир-бирине айтайын десе қызы анасын, анасы қызын қапа қылып, жүрек баўрына дақ салыўдан қорқысады. Усылайынша арадан әдеўир күнлер өтти. Ҳәр ким өз басына гүрсингени болмаса ишки сырлар ақтарылмады.

Қуяшлы күнлердин бири еди. Күн өз уясына қәдимги жарқыраўы менен көз қамастырып батты. Кеште ай ерте туўып түн жақты болды. Ана менен қыз қақырасының алдында тәбияттың түнги көринисине, ақ шөгирмедей дөңгелек айға заўық пенен қарап, сәл желпиген шамалда ҳәз етип, гүллән қайғыларын умытып отыр.

— Мынаў айдай жарқылдаған бахтың болса...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ай астынан көринген жекке атлы олардың қоңсысынан Сәнем кемпирдиң үйин сорап келе берди. Бир бәле болып қалмаса болар еди деп екеўи де бир-бирине тығылысыңқырады. Бирақ қорқынышларын бир-бирине билдириспейди. Жолаўшы атын қораның қыспасына байлай сала кемпир менен аманласты. Бул узын бойлыдан келген, ири жигит еди. Қысқалаў ғана шекпениниң сыртынан белбеў бууғанлықтан, басындағы шөгирмеси де бийик көринип, өзин жиңишке жигит етип тур. Шалғайы жанбасының ярым белин жапқанлықтан шерим етиктиң қонышының жоқарысынан ақ сүп ыштанның балағы көринеди. Ол аттан түскен пәтте еңкейип турып қонышынан шыққан балағын қамшысының сабы менен орнына тықты. Оның әлле қандай әлпайымлығына қарап неге киятырғанының себебин түсинген ана әйтеўир нәрсени бәнелеп қоңсысыникине кеттидағы, қыз үйге кирип қонаққа төсек салды.

—Қарындасым, амансыз ба? —деди ол бул сөзди келген пәтте бир айтқанына қарамай. Жигиттиң сөз басы қылыў ушын айтып отырғанын қыз түсинсе де, жениўлик бергиси келмей, оны албыратыўды ойлады.

—Келген пәттеги аманбысаңыз бенен бул аманбысаңыздың айырмасы қандай?

—Қарындасым, сөз басы болсын деп биреў бир қызға«униңды шашайын ба?» деген екен. Сол айтқандай биз де не деримизди билмей атырмыз.

Жумагүл келген жигиттиң тап өзи усап сөзге олақ екенин аңғарып «бул да мен қусап ҳеш жерге шығып көрмеген ғой» деп ойлады. Сөйтти де өзи жөн сорасты.

—Қәйерден келдиңиз?

—Ийшан қала беттен киятырман. Сол жақта жүрип сизиң даңқыңызды еситтим...

Жумагүл жигитти сөзге олақ екен деген пикирине және беккемирек исенди. Ҳақыйқатында да солай болып шықты. Олардың екеўиниң де гәпи үйлеспеди. Сонда да жөн сораса келе жигит өз атының Турымбет екенлигин, жақында усы аўылдан қыз алып кеткен Дүйсенбай деген байдан усы Жумагүлдиң хабарын еситип, үйлениў ушын сөз салыўға келгенин жасырмастан, ҳәттеки қысынып та отырмастан айтып берди.

—Сиз ол байдың кеси боласыз?—деди қыз.

— Ырасын айтқанда байдың ҳеш нәрсеси емеспен. Бирақ аўылласпыз.

— Өзиңиз байсыз ба?

Жигиттиң үстине кийген кийимлери жарлылықтың нышанын аңлататуғын еди; сыртқы шапаны өзине сәл қысқалаў болған



www.ziyouz.com kutubxonasi

менен кеңлсў. Ишки ноғай жағалы көйлектиң бөз екенлиги сезиледи. Басындағы дигирмандай нәҳән шөгирме ғана өзине арналып тигилген болса итимал, етеги оның бетине қолайластырылып жыйнақластырылған. Сақалы шықпаған сүмпеклеў жағына күтә қонымлы.

Сораўды ойланбай бергенине қарамастан Жумагүл өзинше дурыс деп ойлады. Жигит не деп жуўап берерин билмей сасқалақлады: «Байман деп мақтанып жиберсем, көп мал талап етсе, жарлыман десем, қыз тиймей қалса?...

Жигиттиң ойланып қалғанына қарап қыз оның жүрегине түсинди:

— Дурысын айта бериң. Маллы адамның жарлы түсиўи, жарлының бай болыўы қыйын емес, тек ешейин сорап отырман.

Қызға жигиттиң кейпи унап қалды. Өзи жүдә бир ғәрипсымақ көринеди. Келген дәўлетти қайтармайын ҳәм қатарым ҳәм жарлы жигит екен. Әйтеп молладан қутылғаным абзал емес пе? деген ой менен шынын айтқысы келип сөйледи:

—Аўырыўын жасырған өлимин тезлетеди деген. Ямаса, қуда бала жарлылығыңды жасырғың келип отыр ма? Қорқпай-ақ қой. Бизиң шаңырағымызды көрип отырсаң ғой. Ҳәр ким көрпесине қарай аяқ созса хор болмайды. Ал мен болсам, бай адамнан қорқаман.

Қыздың көзине көңгейленип жас келди. Ол өз әкеси бай болған соң малына сүйенип, қартайған ҳалында анасын қуўып жибергенин айтпақшы болып еди және үндемегенин мақул көрди. Сонша билдирмейин десе де көзге келген жасын бир мәртебе сыртқа шығарып, жылдам жеңиниң ушы менен сыпыра сала, жигитке туўрылап қараў ушын көзин қыпылықлатып-қыпылықлатып жиберди. Жигит қайтып сөйлей алмады. Бирақ қыздың өзине қыялсыз емес екенин билген соң бурынғысынан гөре өзин еркин тутып, масайрап еркин отырды.

Екеўи де үнсиз. Бул жым-жыртлықты қайсысы бузыўы дәркәр. Жигит, жигит емес пе? Ақырында оның батыллығы күшейди. Орнынан сәл-пәл жылысыңқырап, тамағын бир қырынып, аўзын оң қолының алақаны менен бир сыпырып тилге келди.

—Сөйтип сиз бизди кәлейсиз ғой?

Жумагүл оның сөзине мырс етип күлди. Жигит бурыштай қызарды. Буза жара кетиўге бийтаныс жер болған соң илажсыз. Болмаса қыздың бул күлкиси оған әжептәуир көринип, шамбайына батып кеткен еди.

— Сизин кеўлиниз биледи,—деп қыз әллен ўақыттан соң жуўап берди.—Бизин отырысымыз, сыйқымыз мынаў. Кисини кәлемейтуғын бизде не күш, не жағдай болсын..



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Онда биреўлер арқалы ананызға айттырайын ба, ямаса мениң менен қашасаң ба?

Қыз анасы менен өзи ойласып алғанша бир жуўап бере алмайтуғынын ескертип жигитти қайтарды.

Анасына болған ўақыяның ҳәммесин түсиндирип:

—Апа,—деди қыз.—Сөз аўзы келиспеген менен теңимиз екен. Өзи кәмбағал, киси есигинде көп жүрип киси қолында өскен ғой. Оның да сөзи мениң сөзимдей. Той мерекеге баратуғынды дейсең бе, өзимиздейдағы...

— Өзиң бил, шырағым, кәмбағал болғанына қыйналмайман. Тек ақылы бар кәмбағал болса.

—Ақылын бир көргеннен қәйдем билейин. Жуўас жигит көринеди. Өзи кәмбағал болып ҳалын билмей ғожбаңлай бергени де жақсы емес. Маған бир мөмин сыяқлы. Әйтеўир, Әйтен молладан өлимтиги артық болар.

Дуўшарласқан жерде илип сөйлеп, базда өзи ушын байды араға салып мазасын алып, пәтеңге келтиретуғын молладан қызының хабарлы екенин анасы енди билип Жумагүлдиң де сол ширкиннен қалай қашып қутылыўға тесик таппай албырап жүргенин түсинди. Тәселле берсе қызының айтқанына жүретуғынын да билетуғын еди бирақ, олай етип көп иркип, және бой жеткен нәўшени жолынан тоқтатып, солдырғысы келмеди.

—Сениң алдыңа кесе турмайман, шырағым. Өзим усылайынша серт еткенмен. Мен де сендей гезимде тек анам менен сырласатуғын едим... Ол бийшара маған «бийийман әкең қояр да қоймай байға бергизди»деп шағынар еди. Сонда-ақ ақ тоба, қара тоба, қызлы болсам өз теңине берермен дегенмен. Теңиң екен қосыл! Өз теңи менен адам қол усласып дийўана болып кетсе де, зыяны жоқ. Түбинде әб-әнейдей қос дүзеўге болады. Ең баслысы аўыз бирлигиңиз болсын. Ең жаманы малға сатылыў! Әке шешени байытып болған соң өзиң мал орнына таяқ жеп, адамның тамағын ишип, ийттиң орнында жатқан жаман...

Сәнемниң даўысы тарғылланып басынан өткен аўыр қысыўметлер көз алдынан және бир мәртебе елеследи. Әсиресе усы Жумагүлин туўған күни ериниң «қыз туўдың» деп орнынан турғызып сабағаны есине түсип, жүрегин лоқсытып жиберди. Бирақ өткен ислер туўралы және ойланса, түни менен уйқылай алмайтуғынын билген соң қызы жөниндеги әңгимеге тағы оралды.

—Сөйтип сол жигит пенен анық кеткиң келеди ғой-а?

—Илаж қанша?

—Ол тағы келе ме?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Бүгин усы аўылда қонады. Ертең келип жолығаман деп кетти.

— Жигитке үйлениў, қызға турмысқа шығыў миясар. Бунын ақыбети жақсы болса, ада болмас бахыт. Бахытың болсын, балам. Бирақ биреў арқалы маған айттырсын. Ең болмаса жағдайына қарап кийим салайын. Кийим деген душпан көзи... Мениң кийиндирип жибериўге мынаў жағдайым. Тапса кететуғын күни жасы үлкен жасы кишиниң пәтиясын алғандай бир ылақ әкелсин,—деди Сәнем сыбырланып.

—Ол жағын өзиң бил, апа. Өзимиздей кәмбағал болса мал табыўы да қыйын болар сорлының.

—Ҳаў, сен оның дүньясына усы бастан қыйналажақ түриң бар ғой,—деп күлди ана. Қызы да күлди. Екеўи күлки менен орынларынан турып, жатыўға төсек жайысты.

5

Қызын ертип жүрип бир қыс дийўанашалық еткеннен кейинги Сәнемниң мәкан басқан жери усы Еркинниң бойы. Бул жер Сәнем сыяқлы жесирлерге онша нақолай жер емес еди. Қысқа қарай бир жағы балықлы, аўылдын адамларына ерип кетсе, оларға от жаққышлық етип, көбирек балық тутқанлардан сырағы сораса да ҳеш ким қуры қол қайтпайды. Сөйтип жүрип ол Қутымбайдың хызметине де араласыўға имканият алды. Ол былай болған еди. Байдың ҳаялы күтә кербаз, қатық сүтке араласатуғын адам таза жүрип, таза турмаса, оның әлпи алысып табақлас болыў былай турсын, қолынан шыққан асты ишиўге тәбияты алмай, мурнын гиржийтип отыратуғын сынжаў адам еди. Оның үстине сараңлығы басым. Қанша таза тутып таза жүретуғын адам болғаны менен көбирек баласы болса оны жақтырмайтуғын әдетин аўылласлары сүйегине питкен минези деседи. Баласы көп хызметши ҳаялды қабыл етпеўиниң себеби, ондай ҳаял жасырып-пусырып балаларына анаў-мынаў берип болады ямаға ертип келип айран қатықтың берекетин қашырады деп қорқады екен. Ал Сәнем оған биринши келисинде -ақ унап қалды. Биринши күни бир гүби қатықты пистирип, бир қазан айран атлатып, үстине көздей май салып қайтарып жиберди. Сәнемниң усыған да кеўли шад. Ол ертеңине де, соңғы күни де келе берди. Бара-бара айран атлатыў, гүби пистириў менен турмай арық бәйбише оны дигирманға да қосты. Түни менен шарық ийиртип, оннан аўысқан ўақты болса қозаққа тықты. Жумыс қанша аўыр болса да, Сәнем ҳеш ўақытта маңлайын жыйырып, жөнсиз тоңқылдамайды. Күн көриў бәринен артықмаш.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Усы байдың есигине келгели Жумагүл шарық ийириўди үйренип, күни менен апасына жәрдем беретуғын дәрежеге жетти. Ярым ақшамда ма, таңның алдында ма, бәйбише урықсат бергеннен кейин анасы менен қызы дизилисип үйине келеди де,бир дәсте отынды лаўлатып, пахтасы аққан, астары, тысы бөз көрпесин жамылып, қушақласып жата кетеди. Таң мейил берип, күн шығыс бет ағарса болғаны, екеўи және мөнтиийисип байдың есиги алдында тайын болып, олар уйқылап атырғанда-ақ үйдиң дөгерегин минтаздай етип сыпырып таслайды. Усылайынша олар төрт жылды өткерди. Дәслепки еки жылда ашлық даўам етти. Усы дәўирде олар нан дегенди умытып кетти десе де болады. Күнине үш мезгил ишетуғыны айран. Чай ишсе бәйбишеден сорап алған 4-5 қурт ямаса асықтай торақ дастурханда жатады. Бирақ олар ҳеш ўақытта бир-бирине шаршадым деп қабақ шытыспады. Базда Жумагүл анасына:

—Апа, нан дөңгелек болатуғын ба еди ямаса мүйеш-мүйеш болатуғын ба еди,—деп қояды. Буған апасы да муңаймайды. Қызының кеўил көтериспе ушын айтып отырғанын түсинип, тек мырс етип күледи. Оған қосылып Жумагүл де езиў тартады. Усылайынша гейде шаршағанын ызғарлы күлки менен алмастырып төсекке киреди. Набада кеўли ашылып жарылқаған күни бәйбише бир саңрус ун берсе, қатырған менен бир гүлшеден артық шықпайтуғын болған соң айранды қайнатып сол унды ишине салып, қойыўырақ быламық писиреди.

«Буған да шүкир, кегирдектен дән тухымы өтип турса болғаны» деп бириниң сөзин бири жөнлеп және шадланысады.

Жумагүлдиң қалайынша тез камалға келгени анасына билинбеди, ал бәйбише оның күн сайын толысыўына қатты күншиллик пенен қарайды. Нарттан шыққан талдай көзге түссе, бәлким, оның менен күндесликке таласар. Ол усыннан басқа ҳеш нәрсе ойламай, дүзиў сыны менен үйден кирип шығыўына наразылығын жасыра алмай Сәнемге:

—Қызың баспақ бақсын,—деп буйырғанының да себеби сол еди.

Олар бәйбишениң бул буйрығына да қарсы келе алмады. Үй ишиндеги есапсыз қыйқым жумыстан гөре бул Сәнемге қолай көринген еди. Бирақ бул ис узаққа созылмады. Қыз бир күннен артық баспақ бақпады. Неге екени биймәлим, бай зорламайды, ҳаялы өжетленбейди.

Олар тамағы менен кийимин ойлағаны болмаса, өзге ғаўасатқа кеўил аўдармады. Базда байдың үйине қонақлар келип, дүбирлескен атлар үйдиң әтирапына сыймай кететуғын усындай күнлери олардың жумысы гүжийди. Бирақ олардың ҳеш ким



www.ziyouz.com kutubxonasi

менен иси болмас. Гей күнлери тынбай дүсирлесип түри бөтен қарыў-жарақлы адамлар келсе, демлерин қатты алыўға да қорқып, Жумагүлдиң бетинде жуўдырмай жағал-жағалы менен иске жумсайды. Олар сөйтип жүрип аўыл арасындағы ойқаплардың, қарыў-жарақлы адамлар тәрепинен айырым жигитлердиң ат алдында жипа-жиксиз айдалып кетиўлериниң гүўасы сыпатында қалатуғын еди. Өзлеринше налыйды. Оннан не пайда, қолларынан келетуғын илажы жоқ. Қайтама, бели бүкирейген, шашы пахтадай болып ағарған аналар еңгезердей улларынан айырылып жер таянып қалады. Соны көрип Сәнем базда жағасын услап тәўбеге келеди.

—Қудайым, усындай ғаўасатлы, ғаўғалы жылларда ул бермегенине шүкир. Егер ул болғанда тири күйинги буннан да жаман болып бурынғысынын үстине жаман болар еди.

Аўыл арасында: «ақ патша қулапты-мыс, орнына жаңа патша болыпты-мыс, ол жетим-жесирге қол берип. шалғай жабады-мыс»—деген ғаўасат тарқағалы да бираз ўақыт болды. Оның нышанын Сәнем менен Жумагүл еле көрген жоқ. Баяғысы баяғы. Қутымбайдың есигинде күң болыўы менен жүр. Патша болған адам қандай? Әдил ме, зулым ба? Журтты жарылқайтуғын қандай қудай? Оған көзлери жетпейди.

Қызы ер жеткели Әйтен молла сыяқлылар сөз салғанына сай-сүйеги сырқырап: «бундай ғаўғалы заманда қыз берген көзсиз қудай» деп қайтадан налыс ететуғын болып та кетти.

Оның қайғысын Турымбеттиң айттырып келиўи ғана жеңиллетти. Бирақ оған бирден қалай ўәде берердиң есабын таппай қызы менен екеўи бир күн мәўлет сорап алған еди. Буннан көбирек ўақыт сораўға жигитти биротала қашырып аламыз деген қәўип екеўинде де туўды. Сорлыларға үйинде емин-еркин ойласыў қайда? Таң азаннан турып, дизилисип байдың үйиндеги талабына кетти.

Бурын ол көрмеди ме, ямаса көрип жүрген менен ескермейтуғын ба еди, үйде қара муртлы дәпең бир киси жатыр екен. Оған көзи түсиўден кейин бәсти. Байдың өзи жоқ, ал бәйбише болса Сәнем кирген пәтте көрпеден көтерилген еди. Кемпирдиң кеўилин әлле қандай жаман қыял қаплады. «Сорыма, мынаў ериниң көзине шөп салып жүр ме?» Ол қызын ертип гүби писетуғын үйге кирип үлгерместен бәйбише бақырды.

—Ҳәй, кемпир, қызың мында келсин!

Сәнем буған қарап дәслепки ойынан ажырасты. «Ой, шошқаның гүркесиндей қыял қайда кеттиң? Ондай сумлығы болғанда, қызды шақыра ма?» Ол қызын жибермеўге ойлап көрип еди, бул исим әнтек болар деп қызына;



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Жеңгеңе бара ғой,—деди.

Жумагүл кирип келген пэтте, төбесинен муздай суў қуйған-дай түршиккен менен, балалық етип бирден қашып кетиўге намысланды.

— Кел, кел, гөззал қыз!—Тэжим мурт үстиндеги көрпешени қағып жиберип, тикейе сала малдасын қурынды.

— Даладан отын әкелши,—деди бәйбише оған.

Жаз басланып киятырған менен азанғы ҳаўа бираз салқынлаў еди. Оның үстине бәрҳа жыллы жерде отырып, териси жуқарып қалған адамларға азан менен от жағып чай ишиў әдет. Жумагүл кейин бәсип, бир дәсте жыңғылды пуштарлап, қайтадан кирип киятырып басын көтермейин десе де, мурт пенен бәйбишениң шорпылдасып бир сүйискенин аңлап қалды. Ҳаял орнынан турып қайта-қайта еснеп, Тэжимге қарап турып, еки алақанын желкесине салып керилди.

— Еринишегим саған, муртлы жигит.

Тэжим оған не деп атырсаң деп қарамады да. Ҳаял шығып кеткен соң кеўили өскен мурт Жумагүлге қол узатты.

— Сени бир қармаққа түсире алмай жүрмен, гөззал қыз!

Оның жүнлес ири қолларына туттырмай қыз қаймығып еди, жигит турып кетип қушақлап алды да, көкирегине қол салды. Ер адамның қолы тиймеген асаў дене бирден туўлады. Бақырып жибериўге ийбенсе де, ашыўдың соңғы басқышына жеткен қыз аўзына тикирейген муртларды шаншылдырмай, арман-берман бултаңлап атырғанының үстине бәйбише кирип қалды. Мурт ҳеш нәрсе билмегенсип орнына отырды, қыз асығып шығып кетти.

—Ол нең?—деди бәйбише қызғанышлы ашыўға буўлығып.

— Ҳәр гүлдиң ийиси басқа. Ийискеп көрмекшимиздағы.

Ҳаял басын шайқады. Оның ишинде Жумагүлге деген жек көриўшилик бурынғыдан да артып, анасының қасында отырған қыздың изинен барып:

— Мына бийәдебиң тынышына жүре ме, жоқ па?!—деди тислеңип.

Жумагүлдиң бети тап қағаздай дөнди. Қорқыныштан өз кәддине еле кирмеген еди. Ҳәзир ғана болған ҳәдийсени қыз анасынан жасыра алмады. Байдың ҳаялы тислениўи менен шығып кеткен соң:

— Бунның ақыбети жақсы болмас,—деди Сәнем гүрсинип, Сөйтип сол күнги ўақыя Турымбетке берилетуғын ўәдени тезлеткен еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Сәрсенби! ! !

Бул айрықша күш пенен, гейде аса наз бенен, айтылатуғын күн! Усы күнди тек Жумагүл ямаса оның анасының таңлап алған күни емес, қәдим заманлардан бери қарақалпақтың қызы турмысқа шығатуғын күн. Қыз узатыў ушын ҳәптениң басқа күнлериниң ҳәммеси мыррық. Соның ушын да Сәнем болажақ күйеўине келеси сәрсенбини белгилеген еди, ўәдели күн жақынлап киятыр. Сәнем үйин тазалап, барын базар етиўдиң ғамын жеди. От жақсаң иши ала түтин болатуғын печьсиз ыс басқан қақырада не сән болсын? Бул қақыра да көшип кеткен биреўден қалған. Сәнемниң ырымшыллығы тутып, қызын биреўдиң ләттеси шыққан гөрдей қақырасынан узатқанша, өзлериниң мийнети менен исленген панадан шығарғысы келип еди, бул аңсатқа түсе ме? Ҳәр кимнен қалған, көги күнге күйип ғажыған тасланды керегелерди жыйнаўы тийис. Қыйын болса да солай иследи. Нәтийжеде төбесине кесе тал салып, ылашық дүзетип алды. Писетинде бар кийимлерин жууўып жайды.

Мине енди, қызы усы пәскелтек ылашықтан узатылмақшы! Ўәдели күн де келди.

«Той десе куў бас жумалайды» дейди адамлар. Жумалағаны қәне? Той десе—той. Бахытқа қарай бет бурыў десе—бет бурыў. Жаңа хожалық ушын көкирек ашыў десе тап өзи. Неге ҳеш ким келмейди? Екеўи далаға гезек пенен шығып келип атыр.

Жесир ана менен тири жетим қыз ушын бүгинги күн ең бахытлы күн болғанлықтан олар ет жемесек те сорпа ишкендей болайық десип бар кийимлерин кийди.

Сәнем ири геўдели шырайы қағаздай адам еди. Басына ораған сары бөз орамалының сәўлесине қосымша ишиндеги қандай да бир жалынлы дебдиўи жүзин сарғайтқан. Айналары болмаған соң олар бир-бирин түсинискен менен өз жүзлериндеги ызалықтың зарпын сезбеди; сезгенлерин бир-бирине ескертпеди де. Тек анасы бас ораған гезде Жумагүл қасында отырып шақын сәл үлкейтиңкиреди. Сәнем, шетлери қызыл жийекли қозаққа тоқылған, ақ жаўлық жамылып еди, бетиниң солғынлығы да онша билинбей, хошүрейден келген, бойшаң кемпир болды. Аяғындағы шерим етигин майлаўға май таппағанына ойланып отырмастан көкке боялған бөз бешпентиниң сыртынан еки қары бөз белбеўди бууды. Буннан басқа той күни кийингендей кийимлери болмаса да анасы усыған қайыл болып масайрап жүр. Қызы күндеги кийиминде. Оның да алып қойған кийимлери жоқ. Анасындай ири денели нашардың қызарын



www.ziyouz.com kutubxonasi

пискен алмадай жүзлери ҳәр нәрсени бир қыял еткенде дөнип, ири ала көзлеринин қарашығы бир орнынан қозғалмай, қабағы үйиледи. Аяғына кийер нәрсеси болмаған соң, жақында ғана Қутымбайдың ҳаялы кийип-кийип тоздырған гөне бийик өкшели, сири гүлмыйықлы етигин сорап алған еди, ол соны кийди. Үстиндеги баяғы гүписи гүпи, белин сол буўғаны буўған, басында сол пилтели топпы. Анасы оның жүрис-турысына қарап ҳәм бүгин бахыт жолына атланатуғынын сезип қуўанады, әттең кийимин көрип ренжийди. Өзге ел үйинен не кийим кийип келди деп сынасады-аў, сонда қысылыспасын айта бер! Бийик өкше етиктиң де тесик-тесик баслығын уста таппай өзлери жамап алған соң нақуста адамның қолынан шыққаны белгили, жамаўлары жабысқан ылайдай болып тур. Олар несине ойлана берсин? Кийим таппай жүргенлер тек усылар ма, журт пенен толы, күлген күлип айтсын,түбинде перзентиниң бахты жатпай, барған жеринде тастай батып, майдай сиңсин! Әне сол үлкен бахыт!

Екеўиде не ислерин билмейди. Бир отырады, бир турады. Қоңсы-қобаларға айтайын десе күйеў алдап кететуғын адам ба деп және исениспейди. Сәл жерде даңғара қылып алса, кейнинен күйеў айныған болса, оннан хорлықлы не болсын? Булар журттай абрайлы емес, басқа жерден қыз тапса кете бередидағы.

Былай-былай жүргенде баслары ылашықтың төбесине тийип еңкейиўи менен гүйменлесип сыбырласады. Бир ўақытта даладан дүрсилди еситилгендей болды. Сәнем оған қулақ салмастан қызына:

— Шашыңды жуўып ал, шырағым, адамлар келсе асығыс болар,—деп, шетлерин қыямайлап, қызыл менен нағыслаған бөз жаўлығын маңлайына сәл-пәл түсириңкиреп, қызының жанына қумған қойды.

Жумагүлдиң жүзи биресе қуўанышқа бөленгендей, биресе иренжигендей қубылып, анасына не дерин билместен, орнынан турды. Керегеге илиўли аўыз қабақты алып, ернеги жарылған сары ала қырмаға азғана айран қуйды да, үнсиз қәлпинде, бестен таллап өрген тоқпақтай бурымларын жаздыра баслады:

— Апа, сени бирге әкете бергенде қәйтеди?—деди ол оғада зарлы сес шығарып.

Кемпир жуўап орнына басын кесесине шайқап-шайқап отырды.

— Әй, шырағым-ай! Сырын билмеген аттың сыртынан айланып бола ма? Өз бахтыңды гөзлей бер. Мен өлмеспен. Жақсылап оңысып кетсең изиңнен-ақ барарман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жумагүл бурымларын тарқатып болған гезде; кемпир орнынан және турып, гөне сандық пенен боқжаманың қабатынан шырайлы қараўытып кеткен тарақты алып, алақшынның үстине қойды.

— Шырағым, шашың не деген қалың. Киси елине барғанда өз тарағың болмаса күтә қыйын. Биреўдиң тарағын сындырып алсаң және сөз боласаң, үҳ! үҳ! Бир тарақ әпергендей шама болмады-аў!

— Не қылайын, апа, жаман болса да усы тарақты әкете берейин;—деп Жумагүл майда тислери тып-тыйпыл болған ағаш тарақты қолына алып, ири тислерин бармағы менен ысып-ысып жиберип, көмирдей қара қойыў шашына салды.

Базда қызы шаш жуўса, қолына тарақ алып, оның шашын тараўға қолайласа қалатуғын ананың бүгин қалай парасатлы болып қалғаны ҳайран қаларлық! Ғағырлап қалған тери дастығын алақшынның ернегине қойып дастанып, қызының ҳәрекетине де қарамай, жүзин оған көрсетпестен, кең жеңи менен бетин жаўып, бир қыялап жатыр. Бирақ еки көзинен мөлтилдеп шыққан жас тула бедениниң еркин кетирип, басынан кеширген ғамғумлигин тап түсиндегидей көз алдынан бир мәртебе елеслетиўге мәжбүрледи..,

Сонша жыл интизар болып көрген жалғыз перзенти неге тири жетим болып өсти? «Әй, қудай сенде көз жоқ», деп бир гүбирленди де, «Ҳәсиге кетсем кешире гөр» деп жағасына түпирди... «Өзим өлип, қызым биротала жетим қалғанда не қылар едим? Жалмаўыз әкесиниң ийнениң ушындай рейими келмес еди. Сонда да қудай, саған шүкирлигим көп. Бул қурлы жалғаншыда палапан шығарып, қанат қуйрығын жетилдирсем нени күсеймен? Мине, мине ушыўға таярланып отыр. Журтлардың биразы бир тырнаққа зар. Несине қапа боламан». Ол өзине тәселле берип орнынан турды: «Мен перзентти биреўден урлап алыппан ба? Қулдың да өз қурдасы, бийдинде өз жолдасы бар. Мен де қатар қурбымды, өзимдей муңласларымды жыйнайын» деп, кемпир далаға шықты. Қоңсыларынан үш-төрт еркек пенен төрт-бес ҳаял-қыз жыйнап келди.

Байдың ҳаялы айыбымды кисиге сөз қылмасын деди ме, ямаса сонша мийнетин жарылқады ма, кеше ғана бир ылақ берген еди. Сәнем жыйналып келген қоңсыларына сол ылағын жетелеп келип көрсетти.

— Усыны соя қойың.

Қызы анасының бетине келмеди. Болмаса оның қыялынша ылақ сойыў орынсыз сыяқлы. Ол ертең кетип қалса, анасының



www.ziyouz.com kutubxonasi

арттырған дүньясының болғаны сол, оннан кейин не күн көреди? Жалгыз адамның аўырары, сызлары бар. Соны биле тура сөйдырмайын деген менен ананың аўызынан лебиз шықты. Енди сөз қосайын десе, ақ көкирек ананың көкиреги қабарады. Күйеў деген де душпан. Есигине түсирип болып сен үйинде маған не иззет еттиң деп бетине де баса берип̆ўи де шекленбеген!...

Бул аўылда Жумагүллердиң жаңа күйер ағайин-туўғанлары да жоқ. Танысып барғандай өрис тар. Сөйтседе күйеў әкелген кийимлерди кийип, Жумагүл далаға шықты. Күни менен шыжғырған ыссы болса да, ҳаўа бир қанша салқын, жанға жағымлы екен. Аспанда ийнениң ушындай булт жоқ. Гүллән жулдыз Жумагүлдиң далага шыққанына қуўанысқандай жымынласады. Әтирапқа көз жиберип бираз турды. Аспандағы жулдызларға, жаңа шығып киятырған айға тәжим етти. Үстиндеги кийимлерин кийинген ўақытта ҳәр ким «қутлы болсын, шақ екен» деген менен, айнаға қарап өз көзи менен көрмеген соң өзин бир түрли сезеди. Айдың жақтысы менен шатыраш көйлегиниң етегин төмен түсирип, жегдесин қолына алып, ҳәр жырмашына үңилип қайтадан жамылады. Және қыял етип айналаға көз таслайды. Жулдызларға тигиледи. Аспанның батыс жағынан бир жулдыз атылып, тас төбеге келип жоғалды. Шагырайысқан жулдызларға узақ ўақыт көз тиккен қыз өз-өзинен гүбирленеди:

— Жулдызым жоқары, жулдызым жоқары...

Түн ишинде аспанға қарамаўга тәўбе еткен сыяқлы оң қолы менен көйлегиниң түймесин жаздырып, көкирегине үш рет түкирди:

— Түф, түф, түф!

Асыққан пишинде тез-тез қәдем атып, шаңарағынан жулдыз тәризли ушқын шығып атырған үйге қарай жүрди. Бул шаққа қәдем оның ойын бөлип алағадалықтан айрылған еди. Үйге он-онбес қәдемдей қалғанда және иркилди. Артына бурылып еди, көйлеңке сыяқлы биреўдиң ерип киятырғанын көрди. «япырмай, аңлығанын қоймады», деген пикир басында қәншелли жылдам тез пайда болса, соншелли жылдам шығып кетти. Азғана ўақыт иркилип сығаланды. Қалтырағандай болады. Жаңа ғана болған қорқынышты естен шығарып, аспанға тағы да көз тигеди. Бул сапары жулдызлар жымыңласып ўақты хошлық билдиргендей, атылмады. Қайтып көрмейтуғындай айналаға сүйсине қарап, жаздың түнги салқын шамалын көкирегине толтыра симиреди де, изинен одағайлап жүрген көйлеңкеге көз қыйығын жиберип «Ширкин Әйтен молла ма ямаса мурт па?» деп қәўипсинеди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көйленке бул сапары көринбеди. Дәслепки пәтте көринбегенге сүйсинип, артына, еки қапталына айналып қарады да, алдындағы үйге сүңгип кетти...

Ауылдағы кәмбағаллар арасында жасы үлкен де, кәтқуда да Анар кемпир. Оны жаслар да, ғаррылар да күтә сыйлап, барлық уақытта оған ҳүрмет көрсететуғын еди. Жас гезинде оғада ғайбар адам болған деп ҳәмме айтысады. Ерназар ала көз бенен болған әңгимелерин сөз етсе, жаслар да ҳайран қалысатуғын еди. Ақылға жетик, өзиниң азмаз шайырлығы болған соң көп қызларға да басшы болған. Ҳәзир ол қартайса да өз ақылы өзинде. Кимде-ким кеңес сорап барса, жатқан төсегинен басын көтерип, билген ақылын айтып, ҳәттеки урыўлар арасындағы жәнжелди шешиўге де араласып, тек ғана өз үйиниң ғамы емес, бир шоқ ауылдың ғамын ойлап тилек тилейди екен. Сол ушын да урыўласларынан бири бир жаққа сапар шығып кететуғын болса, оған жолықпай кетпес.

Бирақ сол жолығатуғынлардың ҳәммеси гилең жарлылар. Байлар, бардамлылар оннан хабар да алмайтуғын еди. Соған қарамастан Анар кемпирди ауылда ҳәмме Аналық кемпир дейди. Ол ақлық баласы менен туратуғын еди. Ҳәзир ақлығы жигит қатарына қосылып киятыр. Ақ қапшықтың ашлығында ғаррысы да, улы да келини де қайтыс болып, жалғыз жетимек ақлықты оған тири таслап кеткен. Анар кемпир туўралы журтлардың айтқанларына исенбей, биразлар талай мәртебе үйиниң сыртынан аңлып, не айтатуғынын тыңлап та жүреди.

Бир күни ауылласы Мәмбетмурат дейтуғын кәмбағал жигит қыз алатуғын болыпты.

Қурғыр дүнья қандай қыйын! Қандай қашық! Суўдай қолда турмайды! Қуўсаң жеткермейди. Мәмбетмурат та усылай ойлаған менен дүньядан тақ өтиў аңсат па, соң ол жөнинде умытып тек қыз алыўды мақсет етеди. Анасының өлсем асыма жарар деген сыйырын сатпаса бойдақшылық пенен күн кешириўден басқа мүмкиншилик қалмайды. Оны да тек жеңге көйлек ушын сатпақшы болыпты. «Бул да жақсы,—деп қуўанды өз анасы, еле де кәмбағал жерге шегиң түскенин айта бер, балам. Болмаса түгимиз қалмас еди». Мине, сол Мәмбетмурат та Анар кемпирге ойласпай кетиў иске кесапатын тийгизиўи мүмкин деп, оннан пәтия алып сыйырын базарға тартады. Сол күни Мәмбетмураттың өз анасынан бетер Аналық кемпир көп қыйналып түни менен уйықламай:

— Мәмбетмурат шырағым-ай!
Қалаға аман-саў барғай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пулы көп ақылсыз адамға,
Көк сыйырың дус қылғай»,—деп бәйит айтып, еки жағасынан қол айырмай, өрели таңды кирпик қақпай атырғанын еситкенлер, ауыздан ауызға өткерип айтып жүреди. Анығында, Аналықтың Мәмбетмураттан көк тийин дәмеси болмаған. Әкелген сыйлығын да алмапты. Сол сол екен, Анар кемпир ауыл арасында онша абройсыз болмады...

Түн ишинде жаулығын басына бүркеп кирип келген Жумагүлдиң мақсети де журт айтысатуғын усы Аналық кемпирге кирип, сәлем бериў ҳәм пәтия алыў еди. Саратан өтип ҳәсеттин басланғанына қарамастан қара үйдин ортасынан ойылған жер ошақта қызыл жыңғыл дәстеси менен жанып атыр. Жалыны шаңараққа тийип турған оттын ҳәўирине үйдин иши ысып кетипти. Он төрт-онбес жастағы бала жигит оттың аптабына шыдай алмай, шеп қолынын алақанын маңлайына тутып, отынды арата тура бир ысырып қояды.

Үйдин керегесине иштен алашалар тутылып қойылған. Шаңарақтан басқа жерден ҳеш қандай шамал киретуғын емес.

Астына еки қат кийиз төсеп Аналық кемпир қақ жаўырынынан жатыр. Үйдиң ишин қаплаған ыссы ҳәўир сирә тәсийир етпегендей, тарамысланған жиңишке қолы менен бетин сәл-пәл қымтап, үсти-үстине кекирип, ҳәлсиз даўысы менен :«Үүҳ жаным» деп зорға-зорға дем алады.

Қыз кирип келгенде, бетине бирден ыссы ҳәўир урды. Сонда да ол алқымынын астынан тартып алған қызыл жаулығын жаздыра коймайды. Үйде ер бала отырғанлықтан ба, қайтама орамалынын алқымынын астына қайырылған қыйығын аўзына жақынлатты. Бала жалаң бас отыр еди. Өсик шашларын от шарпыған ба, ушлары сарғайыпты. Бетлери қып-қызыл. Еки тулымын от шарпығаны беп-белгили. Ушлары күйрелген. Қыз буған көз астынан қарады да ер балаға от жақтырмайын деп, келе сала отты өзи ысырды. Әтештаннын сыртынан шығып жанып атырған жас жыңғылдың көбигин атөшкир менен қысып ошаққа қайтарып салды. Жоқары көтерилип қайтадан күл болып түскен ушқын үй ишин қаплап кеткен еди, оларды сипсе менен сыйырып ошақтын басын жыйнақластырды. Кемпир жамылып атырған айдыллы көрпенин бир мүйеши алақшынға түсип атыр еди. Оны арманырақ ысырып кемпирдиң жән-жағын қымтастырды. Кемпирдиң көкирек сырылдысынан өзге ҳеш қандай сес-сыпа еситилмейди. Қыз да, бала да бир-биринен уяла ма, бирин -бири сынай ма, ҳеш қандай үн қатыспады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыз қазан-табақ бетке шығып, қара қуманды суўға толтырып отқа қойды. «Бунысы дурыс. Анам суў деп жүриўи итимал. Бағанадан бери қойғанда қайнап турар еди. Қыз деген бәлә ғой, бирден биле қойды», деп ойлаған Аналықтың баласы сөйлемеген менен, келген қыздың қылығына ишинен қуўанып, жымжырт.

Кемпир әллен ўақытта көкирегин басып, улынан жыллы суў сорады. Қыз асықпастан үлкен қабақтағы суўдан әдеп шәңгил қабаққа, оннан соң сары зеренге қуйды. Оның үстине қайнаған суў қуйып шабыстырып кемпирдиң аўзына тутты.

— Мә, шеше!

Кемпир сәл ғана басын көтерип еди, қыз қос қолы менен зерендеги суўды өзи бир уртлап көрди де, бир қолы менен кемпирдиң басын сүйеди. Кемпирдиң жуқа еринлери қаязып кеткен екен. Аўзына суў тийген соң тили гүрмелиўге келип сестин шығарды.

— Қайырқомлық етип атырған қыз бала ғой!

— Апа, қалай билдиң?—деди баласы қасына келип.

— Шырағым, билмей қәйтейин,—деди де кемпир демин бөлип алды.—Билмей қәйтейин, сен болғанда кесеге қуйып аўзымды күйдирер един. Мынаў қыз баланың ҳийлеси. Ерине хызмет етиўди де үйренип қалған.

Бул сөз қызға унамаған болса керек, кемпирдиң қырық қатланған бетине тигилген нәзерин бирден төмен алды. От ҳәўиринe шыдамай ҳәм қысынғанлықтан жүзи және қызарды.

Кемпир еки ийнинен дем алып, және бир рет «уҳ!» деген соң иштеги дебдиўи бир қанша жеңиллегендей;

— Қай баласаң?—деп сорады көзин ашпастан.

— Мен,—деди қыз сыңсыған әлпайым даўыс пенен.

— Мениң ким? Атыңды, затыңды айт!—Кемпир бираз тиришеленип кетти.

— Жумагүлмен...

— Дурыслап айт. Жумагүл деген бизиң аўылдың ҳәр үйинде бар. Нурлыбай!—деди ол ақлығына.—Ямаса келинлердиң биреўи ме? Сен-ақ айтып жибере ғой.

Жумагүл я әкесиниң, я анасының атын айтарын билмей тығылып қалған еди.

— Жесир қатынның қызы,—деди Нурлыбай.

Аўылдың адамлары көбинесе Сәнемди жесир қатын деп айтатуғын еди. Соған қулағы үйренип кеткенликтен бе, ямаса анаў баланың балалық етип шының айтқанын кеўлине келтирмейин деди ме, Жумагүл ашыўланбай тыныш отыра берди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кемпир ақлығына «өйдеме, бий әдеп» деп Жумагүлдиң кеўилин алмақшы болып еди.

— Зыяны жоқ, шеше,—деп Жумагүл жуўап берди.—Солай екени ырас. Айды етек пенен жаўып бола ма?

— Сәнем келинниң қызымысаң?

— Аўа.

— Ҳе, шырағым, жат жерде әкеңниң атын айта бер. Анаңның атын айтқанын айып болады.

Жумагүлдиң әкесинен кемпирдиң хабары бар еди. Сонда да ол жөнинде қайтып гәп қозғамай бираз шекем ойланып жатты. Үсти-үстине және кекире баслады. Бир ўақытта қыздың не себеп келгенине түсинип:

— Нурлыбай!—деди баласына.—Далаға шығып тур. Қыз апаң сеннен уялып ҳеш нәрсе айта алмай отырған шығар.

Бала еглеңип турмастан далаға шығып кетти.

— Жол болсын, қызым?

Жумагүл әңгимени неден басларын билмей тығыла берди. Баслағандай қолайлы сөз аўзына да келе қоймады. Кемпир қыздың қыялына жылдам түсинди:

—Айта бер, қызым. Бағана апаң айтып кетип еди.

Жумагүл қалтасына қолын суғып, қызыл шүберекке түйген түйиншигин кемпирге усынды.

— Мә, шеше, чай алып ишерсең. Бүгин кетпекши усайман. Қыздың даўысында қандай да бир қайғының изи билинип, күтә тарғылланып шықты.

— Бахтыңды алла ашсын, қызым. Бирақ қай ўақытта да Қарақалпақтың қызы бол: Халық, ҳәр заманға бир заман дейди, бул заманагөй бол деген гәп. Өзим араласып көрмесемде еситип жатырман. Бурынғы патша қулап, енди қой үстине торғай жумалап, жесир қатын мың қой айдайтуғын заман орнайды деседи жұрт. Сол ўақытта да қурғыр ҳаял-ҳаял болып қалады ғой...—Кемпир сәл керилиңкиреп басындағы дастыққа жаўырының тирегиси келгенин Жумагүл түсинип, басын сүйеди. Кемпир тиклениңкиреп алып демин бөлип-бөлип сөйлей берди.—Қызым, орны келген жерде күтә тартыншақ та болма. Мен бир заманлары қыз болып ержеткен едим. Заман ғаўасатлы еди. Хийўа ханы елди бүлдирди. Ерназар ала көз қусаған қарақалпақтың жайсаң, баслы жигитлери сол ханның қарсылығына төтепки бере билди. Бирақ бийлердиң алаўызлығынан ол да қолға түсти. Бир жола... бул қыстың қатты бораңлы күни еди... Қудықтың басында суў алып турсам, ханның еки жаллаты Ерназарды пияда қәлпинде қар үстинен жалаң-



www.ziyouz.com kutubxonasi

аяқ айдап баратыр екен. Жигитке реймим түсип, дәрриў етигимди шешип бердим. Ерназар да мәрт екен. Етикти ала сала қонышын қайырып жиберип аяғына илдирди... Сонда ол «Билмеген екенмен, қарақалпақтың мәрт қызлары бар екен»—деп еди... Ҳақыйқатында да оның билмегени дурыс. Қырық қыздың Гүлайымы. Мәспатшаның Айпаршасы, Алпамыстың Гүлпаршыны қандай болған! Қарақалпақтың, қай қызы да олардан қалыспайды. Бирақ, шырағым, қалай болса да Ерназардың сөзин ҳәр бир қарақалпақ қызы есинде сақлаўы керек. Аўыр күнлерге мәрт болыў дәркар. Ел ушын жан аямасаң ел сыйлайды. Әй, қызым, мен өзим туўралы көбирек сөйлеп жибердим, бурын еситкен де шығарсаң...

Ол ернин жыбырлатып қыздан және суў сорады. Таңлайын, жибитип сөзин даўам етти:

— Ал енди, сен және бир нәрсени умытпа. Мәрт боламан деп ериңе қарсы турып жүрме. Пирим Бийбипатпаның нәсиятын орынла...

Қыз кемпирдиң ҳәр бир сөзин ядлап алайын дегендей үнсиз тыңлап отыр. Кемпир өзиниң сүйеги шығып турған қоллары менен қыздың тоқпақтай билегин сыйпап нәсиятлай берди.

— Билесең бе? Бийбипатпа енемиз ерине ҳеш ўақытта бир аўыз қарсы сөйлемеген. Ериң-пириң. Бетине қарадың не, дозақый болдың не? Бийбипатпа енемиз ери дүзден жумыс ислеп келгенде қапталына бес-алты қызыл шыбықты әкелип қояды екен. Садаған кетейин енемиз, сонда ери жумыстан ашыўланып келсе уратуғын шыбық излеп те ҳәлекленбесин деген ғой. Соның ушын да оның денеси дозаққа күймепти...

Кемпир әңгимесин үзип таслап және бираз ўақыт ыңқылдап жатты. Және кекирди:

— Ҳәй-ҳәй, жаным, жаңа жай берди ғой.

— Шеше, аўырып қалдыңыз ба?—деди Жумагүл кемпирдиң не ушын бундай жағдайда жатырғанын билгиси келип.

— Аўа, шырағым. Есинде болсын, түстен кейин кәстениң ҳалын сораўға болмайды. Жумагүл, саған және бир, нәсият, мал шақыннан адам тилинен байланады. Усыған итибар қыл...

Жумагүл есте сақлайман дегендей кемпирдиң күни менен сөзин мақуллап, басын бир шайқады да:

— Яқшы, шеше,—деди.

Кемпир кем-кем ҳәлленип, Жумагүлге бар тапқан нәсиятын айтып узақ сөйлесип жатты...

— Бийкеш!—деген даўыс еситилмегенде, кемпирдиң сөзи ада болмас еди. Сонда да ол үйде өзин қалай тутыў, қайнағаларға



www.ziyouz.com kutubxonasi

қалай иибе етиў, қайинлери менен қалай дәлкеклесиў, келин болған елинин қызларына қалай женге болыўдын жолларын түси пдирип үлгерди.

Кирип келген ҳаял басындағы ҳайўанқаслап ораған орамалынын халқасы менен аўзын басқанын билмей-ақ қалды...

— Әй, бийәдеп,—деди кемпир сиңири шыққан шандыр мурнын гижирейтип.—Менин үстиме неге сес шығарып келесен?!

Келиншек еки қолын алдына қаўсырып, кемпирден кеширим сорады:

— Бир сапарға кеширин, енежан.

— Яқшы, яқшы. Енди—Жумагүлди ертип кете бер. Күйеў баланын, қудалардын алдында басылып қалман. Менин жолыма да күйеў бала бир иркилсин,—деди кемпир қуўнақ ғана сөйлеп.

Буннан кейин Жумагүл де, келген келиншек те көп иркилмеди. Аналық кемпир ақ пәтиясын берип, көрпесин басына жамылып қәдимги қәлпинде жатып қалды.

...Ярым ақшам аўдарылған мәҳәлде Жумагүл күйеўдин қасында келген жигиттин атына мингести. Перзентине ҳақ сапар, ҳақ жол тилеўи менен Сәнем қала берди. Қыз кеткен сон, онын менен ҳеш кимнин иси болмай үйлерине тарқады. Енди жалғызлық басына түсип бийшара Сәнем еки жағасын қымтап, үйге кириўден дүс төменине түсип, ийинлери селкилдеўи менен жылап жатты.

## 6

Аўыл аса етекли ел болмағанлықтан ба, бир үйде қандай ҳәдийсе болса, ертенине еситпеген адам қалмас еди. Әсиресе қызлар жөниндеги әнгиме аўыздан-аўызға тез өте қояды. Қутымбайдын үй-иши Жумагүлдин узатылғанлығын ҳәммеден бурын еситти. Өйткени Әйтен молла азанғы чайды байдикинен ишиў ушын усы хабарды бәнелеп келди.

— Өзин насаз молла екенсен,—деди Тәжим мурт байдан бурын.—Басын дуўалап тасламассан ба, онын. Өзиме айтқанда үйине келтирип беретуғын едим.

Сонғы ўақытта үй ишинде мусаллаты шығып жатып алғанға ма, яки оннан қәўпи бар ма, Тәжим муртты бай онша унатпайтуғын еди, ал керегеге қыстырыўлы бесатарына көзи түссе, илажсыздан айтқанына мөлтилдей береди. Бәрқулла билимлигине исенип пайғамбар есаплап жүрген молласына мурттын айтқан сөзи байдын есин ендиргендей болды: бир нашарды дуўалай алмаған молла, оған қалай шалғай жаўып, қыл көпирде жетелейди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әй, инилерим,—деди молла усыларға түсингендей.—Ҳәр нәрсениң ўақты-сәти бар. Дуўалаўды билдимдағы, бирақ келешекти ойлап едим. Дуўадан кейин үйиме келсе, ақылы-зайыл болыўы итимал. Сол ушын сизлерге исенип едим...

Бай оның сөзин дурыс пәмлеп, соңғы қыялынан ажырасқанша асықты.

— Буған мен де ўәде берген едим,—деди бай Тәжимге қарап.—Келиспесе не илаж? Ал енди, моллеке,—деп ол Әйтенге бурылды.—Ендиги жағында бир илажын таўып, күшиңди көрсет. Аўма болса, жибересеңдағы.—Дуўа мал шығарама? Тийген күйеўинен айрылып изиңе ерсе, әне күшиң сонда көринип, журт жағасын услайды. Қалай айтаман, Тәжим! Уаха-ха-ха!

Байдың ғарқылдысына басқалары үн қоспай, тек мыйықларынан күлди. Қазан-табақ бетте отырған бәйбише бир жағынан бул ўақыяға қуўанса, бир жағынан есигиндеги тилсиз хызметкеринен айрылғанына қыйналып отыр. Ериниң көзин алып муртқа «енди бизге қарап қалдың ба» дегендей алмагезек қас қағып қояды. Ал, Тәжим оның қылығына тек муртын сыйпаўы менен үнсиз жуўап береди.

Қутымбайдың үйинен Тәжим мурттың шыққысы келмес, ол ушын буннан басқа жердең ҳәз табылмастай еди, азаннан кешке шекем тез-тез айнаға қарап муртына пәрдоз бергени болмаса, жумысы жоқ. Байдың ҳаялының хош қылықлы назын өләмата ұната бермеседе, сыр бермейди. Әлле нәрсени күткен болады, не күткенин өзгелер түсинип жарымайды, көбинесе ҳаял-қыз бенен ойын-заўық қурыўды сүйетуғын ол Шайдаковтың жеңисинен кейин пүткиллей өзгеше. Бурын сийрек келетуғын аўылына көбирек келетуғын болып алды. Айбат болсын деп, муртын соңғы гезде еркине жиберген. Сүйир жақларындағы өсигирек еки алмасы артығырақ шийки гөш жабыстырылғандай бәрҳә қызарып турады. Оның үстине жағын басып, қулағына жақынлаған муртлары оған әлле қандай айбатқа үстеме хошрейлик те берип туратуғын еди. Үй аўлақ болған гезде байдың ҳаялы менен қосыла айнаға қараса, мардыйып жатып алады да, арық бәйбише оны шалқасына жатқарып қойып муртларын сыйпалап отырады. Бул қылығын Жумагүл екинши рет көргели мурттың кейпи бираз түсиңкиреп, өзине суйықлаў қарап киятырғанын сезгели бәйбише Сәнемниң я Жумагүлдиң кәрин ислеп қойыўды Нурымға тапсырған еди. Жийен баласы еле белгили жуўмақ шығарып үлгермей-ақ, Жумагүл кетип қалды. Енди анасына не қылыў керек. Бәйбише әне усы жөнинде ойлайды. Тәжим мурт қызға жәнә



www.ziyouz.com kutubxonasi

асылысқаны болмаса, шын ықласы менен берилмеген тәризли еди, егер олай болғанда, демине нан писип турған мурт оны шыдатпас еди. Деген менен ол өзин бир түрли сезеди. Себебине толық түсинбейди. Азанғы чайдың пәтиясын ислеп, молла кеткеннен кейин:

— Бизиң жатысымыз көбейди,—деди мурт байға.—Егер беретуғыныңн болмаса тез айт, ақыры жигитлерим мени күтип аш жатыр.

Тәжим мурттың бәне менен үйде бола бергенин мақул көрип, оның жасырын адамлары ушын мал бергизиўге жорта қарсылық көрсетип жүрген ҳаялы еди.

— Айналдырған отыз сыйырдың екеўин қалай бересең,—деди ол бул сапары да ерине қарап.

— Нәзелим бәйбише, олай деме! Бизиң мақсетимиз еки сыйыр сойып жеп, қалған малларыңды қолыңда қалдырыў. Усылайынша ҳәр ким малын қызғанып жигитлерди топлай алмаған соң Шайдаков деген қандай ойқан салып кетти. Қайтадан бас көтерип ойқанды биз салмасақ ким салады?...

Байдың майқарындай жылтыр жүзи төмен қарап, шоқ, күйик шеңгелдей, сақалы алқымына тирелип, әллен ўақыттан соң:

— Өзиң айтқан атларды да усы сапары әкетесең бе?—деди.

— Қуда қәлесе. Оны өзиң менен бурын келистик ғой!

Тәжим мурттың анық кетермен болғанына ҳаял жүдә ишқыста. Арық денеси кем-кемнен қуўырылып, ҳеш жерге сыймай баратыр. Жуқа геўдеге енген ашыў сыртқа шыққанша ишин дүбирлетти. Бирақ отырғанлардың қайсысына сөйлеўдиң есабын таппайды, олар периштеси басым еркеклер.

Дәрриў орнынан турып, ас үйге кирди. Сәнем әлле қашан келип нәҳән қазанға айран атлап отыр екен. Муңлас жалғыз перзенти, сырлас сүйенишин узатып салған соң жылай бергенликтен, көзиниң алды көгерип, бети-аўзы қалқыйын деген еди. Кирип келген бәйбишени аңламады.

— Тойып секиресең-а?—деди, бәйбише, аяғын ат басқандай бақырып. Ол қаншама иләнәзик, шынжаў ҳаял болған менен даўысы ашшы еди, шиңкилдиси Сәнемниң жети жүйресинен өтип, ырғып-ақ турды.

—«Көптен бери есигинде қылт етпей жумысыңды ислеп киятырмыз. Қызымның балалығын да, ержеткенин де көрип еди, минезимизди билетуғын еди. Байдың ҳаялы тәселле берер, жубатар» деп дәмеленип отырғанда, оның ҳәкиреңлеп келиўи, иши жаралы Сәнемниң тақатын кетирди:

— Неге тойып секиремен, сиңлим?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Умыттын ба? Жалынып келгенин есиннен демде шығыпты сенин!—деп бәйбише аўзынын суўын жутынып, тисленди.

Онысыз да мийи ғаў-ғаў болып турған Сәнем не болғанын, не дегенин сезбей сөйлей берди:

— Жуўындыңды бергенде мутқа берип отырғанын жоқ. Мийнетимнин арқасында ишип жүрмен. Иске жарамай қалғанда ҳәттеки шөбире тасламайтуғынынды билемен сениң. Өйтип өзим күйип турғанда, аўызынды тартып ура берме, сиңлим!..

Қамыт ағаштай арық бәйбишенин сиркеси суў көтермей, Сәнемнин қолынан тартып, үйинен қуўып шықты.

— Сендейлерге жуўындым да көп. Қайтып көзиме көринбе!

Сәнем қарсыласпады. Әстен шықты да кетти. Бирақ есикти атлаған гезде:

— Сенде ҳақым көп, берген ылағынды ҳақы деп ойлама. Ол аўыз бастырығын, бәйбише,—деди зилли сөйлеп. Бәйбише оған кисимисең, ийтписен деп жуўап бериў түўе, ызылдаған шыбын шелли көрмей, қайтып сөйлетпеў ушын бара еңсесинен басып еди. Улы-дүрсилди, пыснаспа басланды. Бул мәҳәлде Нурым екинши үйде еди, ҳаяллардын даўрығын еситип жуўырып-ақ келди.

— Бул не шаўқым?

— Мына дуз урғыр маған жала жабажақ, жийен бала!

— Не деп?

Сәнем ашыў менен болған ўақыяны айтпақшы болып турды да, және «қайтып келер есикти қатты жаппайын» деп ойлады. Бул жағдайдан ҳаял пайдаланып «Қызынды неге ойласпай бердин десем, жағама шаппа асылды»,—деди.

— Қәйним, ер жеткен қызды қалай сақлап отыраман? Ойласқан менен де мынаўыннын жартыўлы кенес бералмайтуғынын билдим. Сол ушын сөзимди зая қылмадым буған.

— Әне, бул мени сөйтип кемситеди. Мен қызын моллаға эпериўди ойлап жүр едим. Сол ушын ойласпады.

— Қызым өз тенине кетти!—деди кемпир ашыўы менен онын сөзин бөлип.

— Ҳимм,—деди Нурым муртын сыйпап.—Бай дайым маған ескертсе де, мен сенин қызынды моллаға ылайық көрмей, қайтарып жүр едим. Еле сизлердин кеўлиниз аспанда екен ҳа, ҳа,... өзим пасманда болсам да, кеўилим әл-аспанда деген ҳа, ҳа...

Сәнем көп тартысып турмай басына тартқан жаўлығын дүзестирип жым-жырт кетип баратырған еди. Нурым изинен даўыслады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қайда баратырсаң?

— Тойып алған соң кеткенидағы.

Нурым бәйбишеге көз қысты да:

— Кел, жеңге!—деди Сәнемге әлпайым ғана. Бирақ ол қанша сыр бермей баўырманлық көрсетпекши болған менен даўысы онша өзгере қоймаған еди. Сәнем түсинбеди. Кеткени менен де қолайлы жер таба алмайтуғын болғанлықтан қайтып изине оралды.

«Жала жапты дегеним не қылғаным, мынаў аўызына берик кемпир екен, енди сорым қайнап билип қоймаса болар еди» деп қорықты ҳаял. Сөйтип ол жийен қәйнисинин сөзин жықпаған киси қусап, оны аса қайырқом адам сыпатында көрсеткиси келди:

— Сениң мийирманлығыңды билсе жақсы ғой.

Сәнем қайтып сөйлеспестен айран атлаў ушын таярлап қойған қатығын қазанға қуйып жумысына киристи. Бирақ бәйбишениң ишиндеги гүгтикей тарқамады.

— Усы жийен баланың жүреги дым әззи ме деймен. Досқа да, душпанға да ерип кетеди,—деп ол ери менен мурт отырған отаўға сөйлене кирди.

— Зияны жоқ, ойлағаны бар шығар,—деди бай, Нурымның ҳәрекетлерин қуўатлап.

* * *

Сәнемде бурынғы азғана ўақты хошлықтың изи де қалмаған. Келсе де сөйлемейди, кетсе де сөйлемейди. Үйине келсе бир майдан жылап, маўқын басқаннан кейин көрпесине аңқ узатады. Қызынан хабар-атар жоқ. Оны сағынып жүзи де сарғая баслады. Ал байдың ҳаялы ҳәр бир қәдеминен қәўипсинип, Сәнемнин көзин жойғанша асығып, ҳәр қыйлы сумлықларды ойлап көреди.

Байдың бир бийеси шаншыўлатып өлип, гүллән гөшин қақлап, үйдеги сырыққа илдирип қойған еди. Ертеңине гөштиң бир талы қалмапты. Биреў алып кетти ме, ямаса ийт жеп қойды ма, белгисиз. Ерине қарсылық көрсетиўге бәне таппай, Сәнемнен қалай етип дық аларын билмей жүрген бәйбишеге бул үлкен бир сылтаў болды.

Нурымды үйинен ертип әкелип:

— Мынаў буралқыдан аўлақ емес,—деди ол Сәнемге қол шошайтып.—Енди қызының изинен кеткиси келип жүр. Соған дәстүрхан қылыў ушын алған. Жо-жоқ, көрсет, жийен бала, көримди буған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәйбишениң өзине қарағанда жас болғаны менен анық айқасқа келгенде жеңилетуғынын Сәнем сезетуғын еди. Бәйбише де түсинеди екен. Сонлықтан Нурымды ертип келип отыр.

Урлықшы деген атақты алыў кимге жеңил? Сәнемниң жығырданы қайнап, намысы бетине шықты.

— Аўзыңа келгенин сандырақлама, сиғ ıим! Көрсең айт, көрмесең еки жерден қыс. Биз арымызды сататуғын адам емеспиз...

Сирә усындай аўыр сөзди еситемен деп ойлап па? Есигиндеги хызметкериниң сөзи арық сүйегин тесип, жуқа терисине сыймай, қазандағы атлаўды алып Сәнемниң басына дөндирип қалмасын ба? Тас төбесинен аяқ ушына шекем күйип турған Сәнем пайын жибермей, гүбидеги пискекти суўырып ала-сала бәйбишениң көк желкесине қойып жиберди. Жаслайынан мийнет пенен қайнап пискен дуғыжым билектиң күши, сүйеги шығып кәнәзиклеңген бәйбишени зир-зир қатырды. Сәнем оның менен де қарап қойған жоқ. Пискекти үш-төрт дөндирди. Нурым арашаға сөз қоспай, булар қуры бақырысып тарқасады—гой деп тур еди:

— Ҳаў, жийен бала, өлтиретуғын болды, не қылып турсаң! —деп бәйбише жалбарынғанда барып, есине енди келгендей қосбаўынан пышағын ала сала Сәнемге умтылды. Пышақты көргенде оның жүзинде қан қалмай, бөздей дөнди, еки көзи уясынан шығып кете жазлап даўысының барғанынша бақырды;

— Келе гөриң-үў!!

Қоңсылардан жәрдем келгенше Нурымды қасына жолатпаў ушын пискегин өрли-ғырлы силтеп жүр. Пышақтың бир жылт етип кеткенине және бир рет көзи түскенликтен қорқып кетип, көзин жумған еди. Бул пайттан Нурым пайдаланып, пискектиң басын шеп қолы менен услап Сәнемди қыпсара қушақлады. Жан-жақтан қоңсы-қобалар келемен дегенше астына бүгирлетип басып, Сәнемниң бир қулағын тып-тыйпыл етип кести де алды. Қан жосып, сорлы шырқырады да қалды. Оның шыңғырғанын еситкен қоңсылар дүсирлесип келген мәҳәлде, Нурым пышағының қанын шалғайына сыпырып ҳеш нәрсе көрмегендей шығып баратыр еди, келгенлер ҳәдийсени көрип, оны шығармастан ергенекке кепсерленип турып алды. Қоңсылардың арасында Өтәмбет палўан деген де бар еди, оның таў тасындай шымыры, бөлек-бөлек булшық етлери нарттай қызарып, кәмбағаллықтың себебинен көйлек таппай, жийдениң қабығына боялған сарғыш түсли шекпениң алтай жаз тасламай-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тугын, бирақ бәрҳа белин кендир жип пенен бослаў буўып жүретуғын қарыўлы ҳәм айбатлы адам еди. Нурым оны көрип қорықты, бирақ сыр бергиси келмей айбат шегип;:

— Қәне, жолдан шығың!—деп еди.

— Мине, саған жолдан шығыў!—деп алға илгерилеп барып оның қулақ шекесине шаппаты менен алдырып жиберип еди, Нурым түби ширик торанғылдай қапталына гүрис етти. Өтәмбег және теппекши еди, оны сезген Нурым:

— Сен неге мени қыйнайсаң. Мен урыны жазаладым ғой!— деди даўысы өзгерип жыламсырап.

Жыйналғанлар да, Өтәмбет те аң-таң болысты. Өтәмбет пикиринен қайтып оны теппеди, бирақ уры пышықтың желкесинен жеркенип услағандай, оның да желкесинен көтерип далаға шығарып жиберди. Сөйтип ергенектиң алдындағы бәйбишеге кеўил бermестен:

— Еле анықлаған соң көремиз,—деп, Өтәмбет палўан өзиниң қасында турған жолдасларына ымлап еди, олар Сәнемге қайырқом болып, көтерип үйине әкетти.

Қызарып пискен ғарбыздың жарығынан сорғалаған суўдай тамшылаған қан ылашығына жеткенше тыйылмады. Ҳәр ким ҳәр қыйлы иләж ойлап та көрди. Биреўлер ыслық күйдирип, екиншилери күл салып атыр. Ақыры тыйылды.

Сәнем сәскеге таман есин жыйды. Өзиниң гөне айдыллысын қақ-қақ айырып, адамлар оның басын таңып таслаған екен.

Ол адамларға өзин ақлап урлық етпегенин айтайын десе, байдың ҳаялының ғарлығын өз ўақтында әшкараламағаны күйинишли. Енди айтқан менен ашыў үстинде жабылған жала деп оның сөзине ким исенеди?...

Бир қулағы болмаған соң бийшараның кисиге көрингендей әпшери де қалмады. Жалғыз қызын бир көриўге ынтығып жүре берди. Аўызы бос, тили узын биреўлердиң:

«Урлық етип қулағын кестирген кемпир»,—деген насақ сөзди таратып жибергени бетине бес ели ширкеў. Далаға шықпай жатады. Жала сөзден бой көтере алмай, ҳәлсизленген үстине ҳәлсизленеди. Тамақтан да қалды. Оның бул жағдайын түсинген жақын қоңсылары Сәнемге күнине бир реттен жутым бериўге ғана жарады. Оларға өлпен даўысы менен рахмет айтқаны болмаса түргелип жемейди. Өлип баратырғанын сезсе ғана аўзына тамақ салады. Қызын излеп кетейин десе «анасы сондай-сондай екен» деген насақ сөз қызыма ерип, бетине перде боларман, күйсем өзим күйейин, жансам өзим жанайын» деп



www.ziyouz.com kutubxonasi

ойлайды. Қудаға қәншелли ҳәси болмайын десе де, гейде оны ғарғап, усындай азап пенен узақ өмир берип қойғанына налыс етеди. Базда жаңа ҳүкимет туўралы адамлардан ызың-сызың гәп еситсе, келешектен үмитленип, өзинше «Қутымбай сыяқлы душпанларымның үстине шығып бәйбишесин өз орныма жумсап, ҳәз етсем», деп қыялланады. Бирақ басып-жарып, душпанынан пай әперетуғын ул баласы болмаған соң, бул ойын өзи бийкарлап, келешектен және үмит үзеди. Жалғыз қызының қандай ҳалда екенин билиўге тырысқан менен бардым-келдим адам да көрмейди. Өзи излеп кетиўди ойлап көреди де, және бийтаныс елатқа усы түри менен барып қызын намысландырыўдан тартынады...

## 7

Жумагүл мингескен ат иләҳийда ири, зәңгисине анаў-мынаў келте адамның аяғы жетпейтуғын, өзи нәятый жорға яўмыты ат екен. Аўылдан шыққалы жер танабын қуўырып, үстине мингенлерди аспа бесиктегидей шайқатылдырып, ҳаслан бийазар киятыр. Еркин дәрьядан шыққалы пысқырып жортып таза келиншекти Маңғыт урыўына апарып түсиргенше тақаты шыдамағандай, суўлығын шайнап алдына еңменлейди. Даўыт көлдиң ултанындағы қатқалақларда жолды шақырлатып, базы бир жиңишке соқпақларды бүркеген қамыслықты баўыры менен жапырып, оқыранады жаныўар. Жолдың еки әтирапына арнаўлы түрде егилгендей қалың қамыс пенен жыңғыллар, шеңгелликлер қора қыспаларындай ушықыйырсыз сызыла артта қалады. Жолға жақын бүклерден «пырр-пырр» етип үркип ушқан қырғаўылларға базда-базда атлардың қулақлары селтең-селтең етеди. Ат туяғының дүрсилдисинен қашқан қоянлар жол бойынша қара көрим жуўырысып, қапталдағы қалыңлыққа сиңип жоғалады. Жаз айының азанында ескен өлпең шамалдың шөплерди әсте ғана қозғап сытырлатып турғаны буларға билинбейди. Себеби олардың тек жол өндириўден басқа ойлары жоқтай. Бир-бири менен сөйлеспейди. Турымбет пенен бирге барған жигит Әбди деген еди. Жумагүл дәстүр бойынша өзиниң ери емес, сол жигитке мингесип киятыр. Турымбет Әбдини ес көрип бир нәрсе деп дәлкеклескиси келе ме, ямаса ол өз үйине әкетип қалар деп қорқа ма, гейде оның менен қапталласып айдайды. Бирақ минген аты Әбдиникинен пәслеў болғансоң және я изде қалады, я озады. Ал оның қылықларына Жумагүлдиң кеўли рыйза. Қәне, бәрҳә қапталла-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сып ат шаўып зәнгилессе! Жумагүлдиң кеўли өскин. Егер ортаға ылақ таслапғанда гарғысып барыўдан қайтпас еди! Бурын минип көрмеген менен тойларда узақтан қарап көргенлери бар, бир тәўекел етсе болады. Ол өз ойларынан өзи уялып, жигитлерге билдирмей мыйық тартады. Ылақ тартысыў түўе аяғында зәнги де жоқ. Аўылдан шығар ўақытта да ҳеш ким елестирмепти. Турымбет әкелип кийгизген мәсиниң қонышынан тептик ыштаныңын балақлары да шығып кеткен. Еле де күнниң жыллы болғаны. Егер қыс айында усылайынша жолға шыққанда, аяқлары сиресип қалар еди. Бирақ буны айта алмайды. Мингестирген жигит те сезбейди. Қолындағы қамшысын оң қолына көтерип, атқа қамшысының бар екенин билдиргиси келгендей, саўырына узақтан тийгизеди.

Я күйеў сөйлемейди, я жолдасы сөйлемейди. Буларды рас таўып жиберген екен, өзлери ҳәм бирин-бири таўып шыққан екен дейди Жумагүл. Биринши болып сөйлеўге уят деген ой ҳәттеки қаттырақ жөтелмейди де. Кенегес аўылынан өткен гезде ат бир сүрнигип барып гикленди. Жумагүл пәт пенен алдындағы жигитке ентерилип қапсыра қушақлап-ақ қалды. Бул ўақытта таң қулан ийек болып, күн шығыс беттен сүттиң көбиги киби ақтаңлақ көтерилип киятыр еди. Турымбет туўрылайман деп бир танаптай жүўери атызының ортасынан салып жибергени, Әбди де оның изинен айдағанын билмей қалды. Атызға жақын қонған жекке қара үйден орта жаслардағы кейўаны бир ҳаял шығып жөтелип турған екен. Қолында усаған мысқуманы да бар. Атызды жасырып кеткен жүўериниң көгин басқылап баратырған атлыларға:

— Әй, дуўайментлер, атыңыздың аяғы қаяқтан киятыр?— деди ғарғанып. Бул ғарғысқа Жумагүлдиң иши ғым етип, ийегин тиследи. Әбди усыны түсингендей қысынғанынан қызарып, атының дизгинин шелге қарай бурып, саўрысына қамшылап-қамшылап, тикке шелдиң басына шықты. Ал анаў ҳаял:

— Әй, келиншек!—деди бақырып.—Көзине қара, көзиңе. Аяғындағы зәнгиң түсип қалыпты.

Зәнги болмағанлықтан өзиниң нақолай киятырғанын Жумагүл айта алмай киятыр еди. Әбди аттан түсип өзиниң ҳәм Турымбеттиң атының мойнындағы қыл шылбырларды шешип алды. Сөйтип екеўин жалғап қосып байлады да, еки ушынан аяқ өтетуғын дөңгелек түйип, бөктериўликке кесе таслады. Жумагүл аяқларын салып алып еди, бираз демеў болғанын жолдасынан жасырмады;

— Берекет табын-әй!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тынбай сегбир тартып киятырғанлықтан жол өниўде.

Таң шамалы жанға жағымлы. Қаншама алыс жол жүрген адамды да жалықтырмас еди. Бирақ буларды уйқы қысып, жүриўлери тосаңлады. Жумагүл услап қалмағанда алдындағы Әбди бир жерде жығылып кетежақ болып та қалды. Турымбет те қапталлап, гә нэге шығып, гә алға түсип тынымсыз киятырғанлықтан өзин уйқыға алдырмайды.

Айғабағардың гүлиндей сарғайып қуяш шыға берген гезде, олар Кегейлиден өтти. Бүгинги таң хәр қашанғыдан да артық хошлирей көринеди, урықлардың, майда көк бүршикли жыңғыллар менен жантақлардың басларына шашылған гүмис ериндисиндей жылтыраған шық зейнн ашады. Жумагүл бүгинигидей таңды көрмеген сыяқлы. Жолдың еки бойындағы шеңгелликтиң арасында тоғай қуслары бүл-билдей нама салып сайрайды. Желпип есип, шөплердиң басларын ийген жумсақ таң самалы оның есилген қос тулымын[1]: артына қайырады. «Қапылғыр, келиншек болмай атырып шашыма қосылажақ па» дегендей, қолы менен орнына әкелип қ' яды. Таза ҳаўадағы шөплердиң жупар ийиси танаўына атып мурнын қымыршытады. Ол хеш кимге билдирмей әребегиниң үстинен ғана мурын шемиршеклерин әстен-әстен уўқалап жибереди, көкиреги де өскин. Әне Маңғыт аўылы көринди!

Қуяш тусаў бойлы көтерилип киятыр. Жумагүл бүгинги қуяшқа әбден разы. Бул қуяш Маңғыт аўылына бүгин Жумагүлди келиншек етип бахыт босағасынан атлатады!

Аўылдың туў сыртындағы жаптың көпирине жақынлаған жерде атлылар тоқтады.

— Қәне, түсе ғой, қарындасым.

Аўылға қара көрим қалганда келиншекти түсирип кетиў ел қәдеси болғанлықтан Жумагүл аяқларын жип зәңгиден биримлеп шығарып, аттан әстен ғана сыпқанап түсти. Турымбет Әбдиден уялды ма, оған хеш нәрсе де ескертпей, атын пәтлирек айдап кетти. Ал Әбди «Қайғыланбай күте тур, қыз-келиншеклерге хабар берип тез жиберемиз» деп, оның бетине күле шырай берген нәзери менен бир бурылып қарап, кете берди. Жол бойынша ол Әбдиден ат-жөн сорамаған еди, Турымбет те оның атын айтпады. Ал ҳәзир де «сиз ким боласыз?» деп оның аты жөнин сораўға да бата алмай, соң биле берермен, бул ўақта

[1] Тулым—Бурын қызлардың қыз белгиси ушын шашынан айырып еки жақ бетине тулымшақ қойтуғын еди, оны келиншек болған соң ғана шашына қосып өреди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

буннан бир нәрсе сорасам Турымбеттиң кеўлине келер, биринши болып өзим ат сорасын бийәдеплик етпейин деп, үндемей қалды ҳәм олар аўылға араласқанша излеринен көз айырмады. Соң асықпай барып алдындағы жаптың рашына минди. Енди ол дәстүр бойынша жаңа келиншекти күтип алыўға шығатуғын қыз-келиншеклерди күтип, Маңғыт аўылының сыртындағы жап бойына қойылған жалғыз қарақшыдай зеңирейип тур. Арт жағына бир бурылды. Кегейли жүдә жақын екен. Қысы-жазы суў тасыўдан қыйыншылық көрмейди екенмен деп ойлады. Және алдына қарады. Бул аўыл өзи туўып өскен аўылға қарағанда бираз көркемлирек усаған. Бағ ағашлары нурланып тур. Тамлары, қақыралары көп. Ҳәр тамның қасында я қара үй, я ылашық, қамыс қос бар. Аўылдың қыслаўы да, жазлаўы да бир орында болса керек, үпелеклери ушып сипсеңленген қамыс қоралар ға пәшек гүллер жанаса өскени узақтан билинеди. Бирақ қонысласқан үйлердиң аралары Қутымбайдың аўылындағыдай қамыс қоралар менен бир-бирине жалғасып кетпей, бир-биринен қашық орналасқан. Базы бир үйлердиң араларын тегис жерлер айырады, базы биреўлердикин жийде ағашлары, ерик ағашлары бөлип турады. Сырттан қараған кисиге Қутымбайдың аўылы бир шоқ қамыс қорадай ғана көринер еди ҳәм падашының даўысы бир шеттен екинши шетке еситилер еди. Ал бул аўылдың анаў шети менен мынаў шетин билип болмайды. Еки—үш шақырымнан да қашықлаў усаған. Аўылда мал баққан адамның соры қайнайды екен. Не деген күшли даўыс керек!... Күн шығар тәрепте көз ушында бир топар үзилип қалған қап-қара булттай ағашлық көринеди. Бунын қәйер екенин ол ойланып турмады. Оның қуўанышлы қызыл жүзине сән берген тулымлары шамал менен желкилдеп, қәйин журттағы өмирлик есигин ашыўға асығыслық пенен иңкар етеди. Оны әкелген атлылар аўылға сингеннен кейин барып ҳәрекетлер басланды. Үйлерден үйлерге жалаң аяқ, жалаң бас жуўырысқан қызлар менен балалар көринеди. Бир-бирин шақырысқан сеслер әлле қандай йошлы жүреклерден шыққандай сезиледи. Усы жағдайға ишинен күтә ырза болған қыз бетине қарап қос тулымын жыйнақластырып алайын дейди. Бирақ айнасы жоқлығына пушайманы басым, илажы не? Пашшайы жегдесиниң жеңи менен бетин сыпырып, маңлай шашын суқ бармағы менен қайта-қайта айырып қояды. Шашларының қалай турғаны, тулымының қандай екенин, жамылған жегдесиниң түсимдарлығы көзине көринбегенликтен азмаз еглениип ойланып турды да, суў ишетуғын адамдай раштан төмен



www.ziyouz.com kutubxonasi

тусти. Иркилген жери жаптын қайтпасы екен, суўы тынық. Ол өңмениң алдына артып, еңтерилиңкиреп суўға үңилди. Өзиниң жүзин көрди. Ойлағанындай маңлай шашлары сәл тарқаңқырапты. Оң қолының еки бармағын суўға малып, маңлай шашына жақты. Соң қолын суўлап, жүресине отырғанда ушы жерге тийетуғындай тулымларын сыйпалады. Суў астынан көринген дөңгелек, ақ қалайы әребеги қызыл бояў жаққандай ерниниң үстинде жалғыз қалған дегерширктей нақолай тур. Бирақ оған көп дыққат аўдармады. Қулақ шекелерин гезек пенен суўдың жүзине тутып, сырға орнына шөп өткериўли қулақларын көргенде, өзин ен салдырған ешкидей-ақ сезди. Ол қайтадан жағаға көтериле бергени, өзине қарсы уўдыр-жуўдыр болып сес берип киятырған қоңыраў сеслерин еситти. Булар бир-бирине қол усласып киятырған Маңғыт аўылының бир топар қыз-келиншеклери еди. Олардың изин ала бирин-бири қуўып, бирин-бири түйгишлеп майда балалар киятыр. Гүлләни де қуўанышта. «Той десе қуў бас жумалайды» деген ырас екен, деп ойлады қыз. Мине, көп адам киятыр. Әне, аўыл арасы ҳәрекетке кирди. Мен бийшараны салтанатлы узатып салмаған менен, қуўанышлы күтип алатуғын ел бар екен. Кәмбағал болса да Турымбет елине абройсыз көринбейди. «Ғәриб анамды алдырсам»... Киятырған бир топар ҳаял-қызлар көпирден өтип Жумагүлдиң қасына келип иркилди. Келгенлер келиншектиң толық денели сыртқы тулғасын көзден өткерип, ҳәр қайсысы өзинше оның келешегин, адамгершилигин жорыған болады. Биразлардың көзлери оның аяғындағы көмирдей қара геўишмәсинде. Басына ораған шақлы дәкенесине сын көзлери менен тигиледи. Үстине кийген көк мақпал бешпентиниң сыртынан жамылған жегдеси, сәскеликке тирелген қуяш пенен шағылысып, ҳәр мухамға дөнип, оған бурынғысынан да көрик берип, бийдай рең жүзин қызартады. Орта бойлыдан келген ақ бозлақ, кейўаны ҳаял асығып-ентигип ҳәммениң соңынан жетип келди.

— Перзентим, аман келдиң бе?—деди ол жақынлар жақынламастан қушағын ашып.

«Перзентим» деген сөзге Жумагүлдиң баўыры ерип кетсе де, алға қарай қәдем қойыўға ерки жоқ еди. Ал тил қатып сөйлесе, бийәдеплилик болатуғынын билген соң, қушағын ашқан ҳаял қасына келгенше сабырлылық етти ҳәм оның менен қушақласып бир-бирине төсин тийгизип көристи. Соңынан басқа келиншеклер де солай көристи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бийбайым,—деди арығырақтан келген сүўен жақлы қыз оған.—Келиншектиң мурындық енеси сен болдың ба?

Оның қасындағылар «Түсинбей турсаң ба?» дегендей ийинлери менен қағып жиберисти. Бийбайым жуўап орнына Жумагүлдиң жегдесин сәл көтерип, қолындағы төрткүл ақ шытының шетин оның дәкенесине илгешек пенен өткерип маңлайына жапты. Жумагүл келиншек болды! Бетине ақ түскенше, оның кеседей үлкен көзлерин көрип турған қызлар қайда қарарын билмей бир-бирине ымласты.

Тек мурындық ене болған ҳаял жаңа келиншектиң бетине ақ жаўыўға ҳақылы екенлигин Жумагүл бурыннан билетуғын еди. «Мурындық еңенди өз анаңнан кейин көрсең ҳадал перзент емессең» деген нәсиятты талай мәртебе еситкен ол Бийбайымның ҳәр бир сөзин өз анасының сөзи деп түсинип, әлипайым пишинде, тек ишинен гибиртиклейди. Күтип алған қыз-келиншеклерге қанша қарағысы келген менен ессиз дәстүрдиң рухсаты жоқ, бети бүркеўли. Өзине салса жаңа ушырасқан қатарқурбылардан дийдарын бинай өмиринде жасырар ма еди?

Айдары шошайып, сарғыш тулымлары бетин жаўған бир бала бир баў қамысқа от басып, жүрер жолда кеселеп тур. Топарласқан қыз келиншеклердиң ортасында қалған жаңа келиншек жүрер жолын көрмесе де тек сүрдеўге илесип киятыр.

— Оттан атла!—деди Бийбайым Жумагүлге. Ол көйлегиниң етегин көтеринкиреўге де уялып, оттан атлап еди, қасындағылар тағы еки мәртебе атлаўды буйырды. Өзине қанша берик, сыр алдырмайын десе де, келиншектиң бахты жүрмей қалды ма, шатыраш көйлегиниң қызыл жийекли етегин от шалып, азмаз жери алысып кетти. Егер Бийбайым шаққанлық етпегенде көйлектиң алақандай жери бирден жанып кетежақ еди. «Пай, оттан атлатпағанда не қылады екен? Басқа неси болса да көнемен гой» деп қыйналған менен Жумагүл сес шығарып сөйлей алмады.

Келиншекте усы ой пайда болғанын түсинди ме, ямаса көўлин қабартпайын деди ме;

— Зыяны жоқ, шырағым, қысынба,—деди Бийбайым.

Көпир үстинде қол усласып турған балалар көпир қәде сорап еди, мурындық қызын қысынбасын деген ой менен Бийбайым қалтасынан бир түйиншик шығарып берди.

— Бул аз, келиншектиң өзи берсин,—деп шуўласты балалар.

— Қойыңлар, өйтпеңлер! Жеңгеңиз еле береди. Ҳәзир қасына ерип келген жеңгеси жоқ екен, қысындырмаң,—деп Бийбайым және сөз қосып қойды. Жеккелик басына түсип, қасқыр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ға байланған қозыдай дағдарып, не қыларын билмей турған келиншекке бул сөз сүйеў болса да, женге ертиўге шамасы жетпеген жетимликке иши және лаплап жанды.

Балалар ары өткерместен урынып бағып еди, ақыр соңында алғанларынан артық ҳеш нәрсе тамбайтуғынын билип жолды босатты. Олар үйлерине жақынлап қайтадан тоқтады.

Қатарына еки үй тигилип қалыпты. Биреўиниң үзиклери шыптадан, ал екиншиси аса жақсы болмаған менен, бир жөн отаў еди. Сыртларына жез шийлер тутылған. Турымбеттиң айтыўы бойынша бундай отаў болыўы мүмкин емес. Мынаў жарты жағы шыпта үзикли үй соныки болса итимал! Ол бетиндеги ақтың астынан сер салып, отаўдың кеше ғана тигилгенин сезди. Қоныс орнын қыршыған белдиң изи еле сақлаўлы. Әтирапынан еле көп из жүрмеген. Шыпта жабылған үй бурыннан қоныслы сыяқлы. Солай болса да, оның әтирапы азанда ма, ямаса кеште ме, қайтадан тазаланған. Адамлардың жаңа излери билинип тур. Үйлердиң екеўинен де адамлар кирип-шығып жүр. Шыпта үзикли үйдиң ший есиги түсирилген. Ортаға от жағып кемпир-ғаррылардың ҳәр қайсысы бир чайниктен баўырына басып, чай ишип отыр. Бул Турымбеттиң үйи еди; үлкен ис питирип келгенлигин миллет еткендей, ол келген пәтте-ақ өзин танытты. Мойнына ошақ түскенин билдирип үйәтирапынан айналып, қай жерде не кемис дегендей ҳәммесин көзден өткерди де, үйге кире сала, отырған кемпир ғаррыларға араласып чай ише баслады. Түни менен уйқыдан қалған, қабағы бираз қатыпты. Тек чайға терлесем басылар деген пәм менен ыссы чайды үсти-үстине үплеп жиберип, асығыслы жутып атыр. Бирақ өзи әкелген келиншектиң қандай ҳалда екенин умытқан тәризли, ҳеш нәрсеге басы айналмайды. Пәриўайы пәнсери болса да, жүзинде азғана қуўаныштың изи билинеди. Хызмет етип жүрген қатар-қурбылары кирип-шығып, оған гә қутлы болсын айтып, гә дәлкеклеп кетип атыр.

— Туреке, оң болсын, басың екеў болыпты.

—Аяғың төртеў болыпты, қутлы болсын.

Қаптал бетте отырған бир ғарры жас жигитлердиң дәлкек сөзлерин жақтырмай тумжырайды. Гейпарасына қабағын үйип қарап қояды. Бирақ олардың ҳеш қайсысы да бул ғаррыны жақтырып жүргенге усамайды. Тек жасы үлкен болған соң ғана оған қарсы сөз айтыўға уялысқан сыпатта. Бул отырған усы аўылдағы молла-Мәмбет. Басына бөз белбеўди шала-пула орап келип чай ишкени қашшан еди, үлкен көк-ала чайник



www.ziyouz.com kutubxonasi

алдына бес рет келди. Спрэ қапар емес. Чай тоғыртқаға қуйғандай билинбей кетип атыр.

— Басың екеў болмай малың екеў болмайды,—деп ол да гейде өз-өзинен гүбирленеди. Бул сөзин тәкирарлай-тәкирарлай мазасын да кетирди. Ҳеш ким оған дыққат берип мақулламайтуғын да болып қалған.

Турымбет әллен ўақытта шайға қанып далаға шықты. Бул ўақытта оны аўылдың кәтқуда жигитлери далада күтип тур еди.

— Қәне, тойға нең бар?

Бул сораўға Турымбет ойланбай-ақ жуўап берди.

— Еки қой, бир қашар бар.

— Қайсысын соямыз?—деди қолындағы нәҳән қанжарды шалғайына сүйкеп турған қырма сақаллы киси.

— Өзлериң билиң.

Ийесинен лебиз алған қассапқа не турыс. Басқа биреў келип қалмастан бурын барын сойып, баўызлаў алғаны өзине пайда. Бала-шағасын таза сорпаға бир тойдырады. Пышағын шалғайына бир, шерим етигиниң қонышына бир қайрап-қайрап алды да, қораға кирди.

Тойдың сойыслығы шешилиўден-ақ биреўлер отын майдалаўға, биреўлер суў әкелиўге, биреўлер ошақ қазыўға киристи...

Топарласқан қыз-келиншеклер келиншекти қоршап киятыр еди, олар бирден иркилди. Бөз көйлектиң сыртынан қара шолақ бешпент кийип, белин шаршы менен буўған бала жигит олардың алдына шықты.

— Кейин бәсиң!—деп Бийбайым алдына өрлеп баратырғанларға буйрық етти.—Көримлик айтсын!

Шолақ бешпентли бала басындағы ушы шошайған шаршысының түйинин артына қайырып жиберип, ойланып турмастан баслап жиберди:

Келиншек келди көриңиз,
Көримлигин бериңиз,
Ала-ғула демеңиз,
Атын айтып қоймаңыз,
Көпшиликке бир сәлем!

Жумагүл басын төмен ийди. Қатар турған еки келиншек тенийилди. Оннан соң алға қарай үш-төрт қәдем тасланды. Көримлик айтыўшы бала және баслап, келиншекке аўылдың белгили адамларын таныстырыўға қарады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аўыл елдиң ағасы,
Елтири тонның жағасы,
Аққан судың сағасы,
Дүйсенбайға бир сәлем!

Келиншек қапталындағылар менен қатар ийилип және 3—4 адым жүрди. Жумагүл ишинен баяғы Бийбини әкеткен буўрыл шашлы байды көзалдына келтирди. «Неге Бийби көринбейди? Аўырып қалмаса болар еди, бийшара! Жалмаўыз бай жибермеген шығар»...

Келиншектиң енеси,
Қара жерден кемеси,
Келиншек келди дегенде,
Көкке жетер төбеси,
Гүлбийкеге бир сәлем!

Келиншек бурынғысынан да төмен ийилди. Алға қарай жүриў тағы даўам етти. Қәйин ене туўралы айтылған көримлик Жумагүлди бираз қуўантты. Оның тилеги де усындай енеге дус болыў еди, егер жақсы адам болса, өз анасы Сәнемди әкелип бирге оңыстырарман деген әрманы тағы артты.

Қойны толы қуранлы,
Аўзы толы ийманлы,
Мәмбет моллаға бир сәлем!

Келиншек ҳәр адамның аты айтылған сайын ийилип, тәжим берип киятыр. Үйге он қәдемдей қалғанда, ақ жаўлығын қыйығына жамылған, ҳәр бети аўырықтай, жаўырынлары гүжирейген, бир семиз кемпир далаға шықты. Бул Жумагүлдиң қәйин енеси еди. Қолына тутқан үлкен самары жийде менен ший баўырсаққа толы. Үйден шығыўдан-ақ ол ший баўырсақ пенен жийдени қосып қысымлап, жан-жағына, адамлардың үстине шашып киятыр. Бағанадан берли келиншекке жол бермей алдын орап киятырған балалар шүрге асық таслағандай, жерге түскен баўырсақ пенен жийдеге таласып, бөлинип шоқ-шоқ болып қалды. Келиншектиң жолы ашылды. Еки қапталындағы келиншеклер Жумагүлдиң еки қолтығынан сүйегендей қәлипте жанасып киятыр. Есик түрийўли. Енди қәйин атаның босағасын биринши рет атлап өтиў керек!

—Қәйин атаңның үйи! Ийил, шырағым,—деди Бийбайым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бундай дәстүрди анасы-ақ үйретип таслаған. Сонда да ол өзине ай берип, сөйлеместен мирәт күтип тур еди. Әстен еңкейип, еки қолының алақанын босаҒаҒа басып, соң маңлайына тийгизди.

Оң қапталға тутылған шымылдық шаршап келген келиншекти тасасына бүркеди. Бой жеткен қыздың қайсысы бахытлы болыўды қәлемесин! Мине, Жумагүл бахыт босағасынан өтти!!! Мейли шымылдық гөне болса бола берсин, қәйин журтта сынаўға түскен келиншекке пана. «Шымылдықты ойлап тапқан Бийбипатпа анамыздың жаны ләззетте болсын» деп Жумагүл ғайбана бирәўге рәхмет айтты.

«Өз бахтымды сынап көрейин, қандай жерге келдим екен»— деп шымылдық артында ҳеш кимге билдирмей маңлайына жабылған ақтың етегин шеп қолының еки бармағы менен қысып көтерип, шаңарақққа қарады. Ернегинен көринип турған шыгта түңлик запырандай сапсары. Соңғы жылларда шаңарақ та, уўықлар да жуўылмаған. Үй келиншек келердиң алдында қайта тигилип, ең болмаса суўға шайып алынбапты. Бул көринис жаңа келиншекти әжеплендирди. «Кемпириниң салақлығынан шығар» деп ойлады да, қайтадан бетин жаўып керегеге жаўырнын сүйеди.

Ата мийрасы не болады. Енди бас қосқан азаматы менен бахты ашылғай! Дүнья деген қолдың кири. Татыў турсаң бәри де дүзетиледи. Ыссыға күйреп ҳәкрейиcкен керегениң көклери жаўырынына қадалған соң онша шалқая бермеген еди, шаршап келгенликтен бе, ямаса соңғы үмитин усы үйге артып, басқа нәрсени умытқанлықтан ба, керегениң тикенеклескен көги батқанды қойып, және кейинирек жайласып отырды. Шәўкилдеген жас жүрегин басып алған соң қап-қара шаңарақ пенен уўықлар устаханадан жаңа ғана шыққандай көринди...

Азмаз көзгир алмақшы болған гезде, бир топар қызлар келип шымылдыққа кирген соң Жумагүлден уйқы қашты. Олар менен аз да болса әңгимелесип отырмаса болмайтуғын еди. Бийкешлери менен танысып үйиркелесе баслаған мәҳәлде, шымылдықтың ишине бир уршық бас, сабы менен дүрс ете қалды. Изинен шерек жумақтай ақ пахта түсти. Буған ҳеш ким танланбады. Қызлардың алдында өзин иске уқыпсыз етип көрсетпеў ушын Жумагүл уршықтың сабына басын кийгизди де, шеп қолының шунатайына пахтаны орап, ийириўге ыңғайласты.

— Көрдик, кнше, соң ийиpерсең,—деп қызлар келиншек пенен жөн-жосақ сорасып, қайсысының Турымбетлерге жүдә жақынын, кимниң урыўлас екенин айтып ҳәм оның урыўын да



www.ziyouz.com kutubxonasi

сорап атыр. Соның арасында үйге келген Биййбиайымның даўысы еситилди. Жумагүл бул даўысты еситкенде, өз анасы келгендей қуўанып отырды. Биййбиайым шымылдыққа үңилип, қызлар менен отырған мурындық қызының қолындағы уршықты көрип, басын қайтып ала-сала:

— Абысын-аў, келмей атырып бул не! Түни менен шаршаған адам дем алсын, қызлар менен жай парахат сөйлесип маўқын бассын!—деп бақырып сөйлеп еди. Гүлбийке кемпир оннан қалыспады.

— Есигиме келген соң қалай жумсаў өз еркимде.

Қәйненениң гәпи Жумагүлдиң етин жуўлатып жиберсе де, қасындағы қызларға сыр бермеўге тырысып бақты.

Далада ҳәр кимниң ҳәр түрли сөйлесип, ғаўырласқанын еситкени болмаса, болып атырған ўақыядан Жумагүл бийхабар еди. Күн аўа қызлар менен далаға бир мәртебе шығып келин, тойдың кешке тарқайтуғын бағдарын сезди.

Келим-кетимнен қалай кеш болғанын да сезбепти. «Келиншектиң бетин ашамыз, келиншектиң бетин ашамыз» деген ғалаўыт көтерилген соң ғана тойдың питкенин түсинди. Үйдиң иши және қыз-келиншеклер менен лыққа толды. Шымылдық түрип тасланды. Еки келиншек Жумагүлдиң еки қапталына және келип турып алды. Қолына жиңишке ақ таяқ услаған жигит ҳаяллардың арасын айырып, келиншектиң қарсы алдына келди ҳәм таяғының ушына Жумагүлдиң бетине жабылған ақтың бир мүйешин байлап алып, шыбыннан қорғап турғандай салмақлы желпип бет ашарын баслады. Ол да келиншекти көпшиликтиң атына бир ийилдирип алып, нәсият сөзлерин тамам еткеннен кейин, жас үлкенлерге сәлем бердириўге көшти. Келиншек бет ашар айтыўшының даўысына қарап, азандағы көримлик айтқаннан өзге жигит екенин байқады.

Шығып десе тура қашқан,
Көсли жерди тарпа басқан,
Дүнья ушын жолдан адасқан,
Дүйсенбайға бир сәлем!

— Байға усы керек, үстинен түстиң!

— Тилиңнен, камал тап!...—дести тыңлаўшылар.

Жумагүл ийилсе де қайсы Дүйсенбай екенине исенбейди. Бәлким бундай ат бул аўылда көп шығар.

Бет ашарда адамлардың минези айтылатуғынын ол билетуғын еди. Еки түрли берилген баҳаға Жумагүл ҳайран болып тур-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ды да, қәйерде де байлардың гөзлегени адамгершилик емес, тап усы бай Бийбини алған Дүйсенбай ғой деп түйинди өзинше. Келиншектиң қандай тәқлетте турғанын бет жаўлық астынан ҳеш ким байқамады.

Жигит басқалардың ийилген-ийилмегенине қарамастан, таяқ ушы менен келиншектиң бет жаўлығын қыймылдатып, бет ашарын даўам ете берди:

Биреў өлсе қуўанған,
Еки жағы қуўарған,
Жуп панға да жубанған,
Мәмбет моллаға бир сәлем!

— Бәрекет тап бала!

— Қатыр,қатыр,..—деп ҳәр ким ҳәр жақтан бақырысып, күлисип атыр. Гейпаралар «дурыслап айт!» десе де, бет ашаршы даўам ете берди:

Ҳәр адымын ғаз-ғаз басқан,
Қупа күндиз жолдан адасқан,
Сумлығы басынан асқан,
Ақсақалға бир сәлем!

Топарласқанлардың арасында және шаўқым көтерилип, ҳәр ким ҳәр жерден күлип жүр. Базы биреўлер бет ашаршы баланың сыншыллығына таңланып гүнкилдеседе Жумагүл «ақсақал, ақсақал» деген даңқын еситип, ондай атты көтерген адамның ең кеминде еки-үш атлы болып жүретуғынын, байдың да сол адамға жүдә жалбырақлайтуғынын сезетуғын еди. Әсиресе бундай ҳамалдағы адамларды «ағаш арасында» (Кегейлиниң шығысы усылай аталған) бәжбаннан да абырайлы болады-мыс, деп еситкени бар еди. Сол ушын көпшилик кустаны қылып жүрер деп бурынғыдан да төменирек ийилди.

Шийдиң түбин қайыған,
Қыйынды менен байыған,
Арсызлыққа келгенде,
Қалыспаған байыннан,
Келиншектиң мурындық атасы,
Машыншыға бир сәлем!

Келиншек ийилерин ийилди, бирақ тиклениппбойын дүзеўи қыйын сезилди. Қудай оны қандай мурындық атаға тап еткен?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Адамлар күлкиден аўызларын жыя алмай ишек-силеси қатып, кем-кем бәлент даўыслар менен күледи.

Бет ашаршы бала аўылдағы бираз адамларға келиншекти ийилдиргеннен кейин, жуўмақлай келе қәйин енеси Гүлбийкениң де пишимсиз жасалған қам гөшлигине, Турымбеттиң қуры гәўкийген геўде екенлигин де көпшиликке жәриялап ең соңында өзине тоқтады:

Сақал муртлы «баламан»,
Жақында қыз аламан,
Бай, молла, атқа минерге,
Кеўлим толмай бараман,
Өзиме де бир сәлем!

Усыны айтыўы мәттал, таяғын көтерип жиберип келиншектиң басындағы жаўлықты қағып алды. Бағанадан бери аңлысып турған ҳаяллардың арасында бирден шаўқым көтерилип, ҳәммеси жигиттиң изинен жабыла жуўырысты:

— Сарқыт бер, жүўернемек!

— Жақсы нийеттен бос қалдырма!

—Тап усыннан бос қалдырсаң көресең...

Ҳаяллардың бәри есикке жуўырғанлықтан, ергенек сыныи кете жазлап, олар зорға шығып болды. Бирақ далада да ҳаяллардың шаўқымы басылмады. Беташаршы тутылып, «Жибериң, өзим үлестирейин» деген жалынышлы сес шығып атыр. «Түйебасты болды-аў, бийшара» деди келиншек ишинен. Бет ашаршының сөзлери Жумагүлге үлкен ой қалдырған еди, азмаз гидирип: «Егер айтқанлары дурыс болса, қапылған саўда ғой,—деди өзинше,қапылды ғой. Неге ҳәмме байлар менен моллалар бирбирине усас, бир минезде бола береди... Дурыс болыўына тийкар бар. Бизиң аўылда да бет ашар ўақтында сондай бийәни адамлар сойып салынады. Адамлар барлығын мақуллайды... Ҳақыйқатында да солай ғой. Жаңағы айтқан баҳаны Дүйсенбай емес Қутымбайға, Мәмбет молла емес, Әйтен моллаға айтар ма еди?!

Бетиндеги ақ алынып тасланыўдан-ақ Жумагүл қолына сипсе алды. Еңкейип жүрип ошақтың басларын, есик бетти босағаға шекем сыпырып шықты. Ол исин тамамлап үлгермей-ақ, бир топар жигитлер үйге тола кирди.

— Қәне, жаңа келиншектиң қолынан чай ишейик!

Олар оң қаптал беттеги керегеге жаўырынларын берип жайласып отырыўдан, бир топар қызлар ўўдырласып-жуўдырласып кирип келди. Олар да бир дизелесип ғана жигитлерге қарсы



www.ziyouz.com kutubxonasi

гәрепте отырысты. Жигитлер менен қызлар бир-биринен аманлық-есенлик сорасып болған соң, әдеўир ўақыт үйдиң ишин жымжыртлық қаплады.

Жумагүл чайниклерге чай демлеп, дәслеп жигитлер бетке, соң қызлардың алдына қойды. Ол бар чайникти орны-орнына қойып, кейинине шегине бергенде жигитлердиң оданбасысы қумандағы суўдын ыңылдысы билинип турған тынышлықты бузды:

—«Бүлбил гүлге ашық,
Гүл сәнемлерге ашық,
Дақылласып отырған
Бир-биреўге минәсип» деген, қудашалар, сөйлесип отырайық!...

— «Көринген соң көзге,
Шыққан соң дүзге,
Еки-үш аўыз нақылың болмаса,
Неге келдиң бизге»,—деп шырайы басындағы ҳайўанқаслап ораған түрмесиндей қып-қызыл болған қыз жеңгеси бир дизелеп отырған аяқларын аўмастырып, шайқатыла сөзге киристи;

—«Сөз сөзден шығады, сөйлемесең неден шығады. Сөз пиязтың қабығы, сөйлесең зейниң ашылады»—деген. Адам көриссе, мал мөңиресе бир-бирин түсинеди, қуда баллар, көрген билгениңизди, елиңиздиң саўда-сатығын арзан қымбатын айтып, жаңалығыңыз болса сөйлеп отырыңлар.

Соның арасында жигитлердиң оданбасысынан кейинирек отырған екинши жигит алақанының үстинде кесени шыйырып қызлар бетке нәзер таслап, бир қасын қағып жиберип, кесени сәл алдынырақ тутты. Түрмели жеңгениң қасындағы биринши қыз еки жеңин түсирип жиберип, шашбаўларын артына қайырып дүзетип, өңир-моншақларын сыңғырлатыўы менен орнынан турып, аяқларын ғаз-ғаз басып, кесе тутқан жигиттиң туўры алдына келип, күтә әндазасын келистирип ийилип, кесеге қос қолын узатты.

Қыз кесени алып орнына қайтып келгенше гүллән әңгиме тынып қалды. Үйдиң ишин қатаң тынышлық қаплады. Ҳәр кимниң өзлерине дем алғаны да еситилип турды.

«Бир аўылдың қыз-жигитлери бир-бирине бундай етип жуўап айтып, чай берисип отырмайтуғын еди, тойға басқа аўыллардан қыз, жигитлер келген екен,—деп ойлады Жумагүл,—қуда қәлесе таң атқанша от жағады екенмен. Илайым, усындай ўақты хошлыққа хызмет ете бергеймен. Усы алды болғай...»



www.ziyouz.com kutubxonasi

Турымбеттиң әкеси Нурымбет, аса бай болмаған менен өз күнин өзи көрип, кисиге қол жаймай өмир сүрген адам еди. Тәғдир оны Турымбеттен ертелеў айырды.

Әке-шеше «жалғыз бала, жалғыз бала» деп бәрҳа ығына жығылып, бар тапқанын аўызына тута бергенликтен бе, Турымбет ири сүйекли, геўдеге келгенде әкеден артық туўылған менен, мийнетке келгенде әкеден кем болып өсти. Егер қысынғандай жас үлкен болмаса, аўқатын отырып ишкен мақлуқ емес, бәрҳә жанбаслап тамақ жейди.

Өз кемшилигин өзи ҳасла сезбес. Хошкейине келгенде болмаса, биреў нәсиятласа да көп аса тыңлай бермес.

Әкеси қайтыс болғаннан кейин, бурынғыдан да жатақ болып қалды. Үйдиң рузгершилиги не менен өтип атыр, ондайларға ойланып та көрмейди. Жас жигитлер базда-базда жыйналысып гештек етиссе, пайлы гүриш-майын шығарады да, гештек ететуғын үйге ертеден барып, жоқарылаўдан орын алып, қайтып қозғалмайды. Оның усы минезин билип дүзетейин деди ме, ямаса әкесин көрип қалғанлықтан қайырхомлық етейин деди ме, қулласы, соңғы еки-үш айдың ишинде Дүйсенбай оны өз баўырына тартты. Анасы Гүлбийке улыч бай адам қолтықлағанына өмириниң ишинде болып көрмеген қуўанышта, оған күтә ыразы. Себеби ол дегенине де жетирди. Байдың қызларына мал таўып бере алмай, аўылдағы жарлының қызларына «Турымбет жатақ» атанып, ешеги жорғаламай жүргенде, қыз әкеле қойды! Бәри байдың күши, байдың ақылы!

Оның ойламаған жерден келиншек әкелгенине жақын жуўықлары да,ағайын-туўғанлары да таңланысады:

— Үндемей жүрип бәле екен өзи!

Журттың сөзлерин ол қалай қабыл етип жүрсе, бай бәринен хабардар еди. Той тарқаған күни, бай оны үйине шақырды.

— Аўҳаллар қалай, Турымбетжан?

— Аттайман!

Турымбет бундай сораўларға бурынлары «жаман емес» деп өстен ғана жуўап беретуғын еди, ҳәзирги қуўанышы араласа берген жуўабы байды қуўантты.

— Әкең өлсе де, әкеңди көрген өлмесин деген. Бийшара Нурымбет қандай жақсы адам еди. Билип қой. Әбдиден сен жақынсаң.

— Аўа, бай аға, сизиң арқаңызда...—Турымбет сөзин ада етпей-ақ бай бөлди:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Көп адамлар мениң қәдиримди билмейди. Мениң емес-аў,—деп азмаз иркилип сөйледи.—Бай адамның, қысқасын айтқанда, жас үлкенниң қәдирин билмейди. Өзиң еситтиң, бет ашардағы маған айтқаны дурыс па?

— Дурыс емес!

— Қысқасын айтқанда, қәдиримди билсең болды. Биз дүньяны жыйнап қайда апарамыз? Өзиңдей жигитлер шалғайымызға асылса, бәрин келе қылыў ушын аяныў жоқ. Енди келин балаға да ескертип қой, бет ашардағыдай болса, бай қайнағамыз қурыған екен деп жүрмесин.

— Пай, аға деймен-аў!...

Бай ири даўысын еле қаттырақ шығарыўға тырысып ғарық-ғарық күлди. Турымбет қыйпаң-сыйпаң етип байдың алдында өзин күтә пәс тутқанлықтан, ири денесин киширейтиўге урынды. Оның менен келистире алмай қайта-қайта аўзын сыйпап, малдасын қурынған кейпинде, алдына еңтерилип басын төмен алды.

— Мен сени жарылқайын...—Бай күле сөйлеген менен маңлайын ериксиз жыйырды.—Жеримниң ең ҳасылдар бөлегинен еки атызын ал. Саған бермей кимге беремен-ә?

— Рахмет аға, рахмет.

— Ала бәҳәрден төктирип, ектирип беремен... Гүлбийкеге айтып бар, қонақ-понақтан қутылған соң тәнҳә өзим барып, қутлы болсын айтаман.

Байдың лақылдаған, шеннен тыс мийирманлығының астарына түсиниў орнына, Турымбет оны күтә унатып, тап әкесиндей көрип отырған шын қыялын қәйтип билдириўдиң есабын таппай, орнынан қозғалып басылды. Бай оның еңгезердей бийик ыйығынан, гүпшекдей жуўан мойнынан бир нәрсе дәмеленгендей қарады.

— Ҳаялды да арзанға түсирип, қысқасын айтқанда мутқа алдың. «Аўылдағының аўзы сасық» деп сени қәлемеген базы бир қызлар ишин тырнап жүрген шығар. Ҳа-ҳа-ҳа-ҳа!

— Рахмет аға, алла зыят етсин. Егер сиз айтып келмегенде, бул маған жоқ емес пе еди?

— Өйдеме, басың жас, бир жигиттиң тусында жети дүркин қыз өтеди деген. Еле ҳәм талайын алыўыңа болады.

Турымбеттиң танаўы кеңейип, өңмени жоқары көтерилди. Қәдимги кейпинен өзгерип, аўзын және сыйпап тиклеңип, және байға қарады. Қызыл жүзлеринде күлкиниң изи жыбырласты.

— Қылған жақсылығыңыз ушын рахмет. Тойға не деген адам жыйналды! Бәри де сизиң абройыңыздан! Үйиңизди апарып тиккениңиздиң өзине адамлардың көбисиниң кеўли толып атыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бизиң апам ким болса соған бай мырзаның үйи мынаў деп жеткенге айтып жүрди.

Бай муртын сыйпады.

— Түбинде жақсылығым шамалға ушпаса болды ғой,—Буннан артық нәрселерди айтып, мойнына хызмет жүклеўге, уйқыдан қалып, қабағы қалқыңқыраған жигиттиң мазасын ала бермейин деди ме, әңгимениң бағытын аўдарып жиберди.—Айтпақшы, сизиң үйдеги отырыспада кимлер жеңди?

— Бай-ба-а-ай, аға!—деди Турымбет күтә таңланыў менен даўысын созып.—Аннаның қызлары күтә жуўабый екен. Аўылдың жигитлерин отырғызып таслады ғой.

— Шешпек жуўап берди ме?

— Қоя бер,—деп Турымбет жүдә жеделленип қолын бир силтеди.—Ҳайран қалдым, ҳайран!

— Айтөс, қосшым, соңғы жыллары отыраспаға араласа алмай қулағым тығылып жүр. Ғаррылықтың алды, жигитликтиң соңы деп қыз әкелгеним өзиңе белгили. Қысқасын айтқанда, бажалығымыз да бар.

— Билемен аға, билемен.

— Әне, сол Қутымбай аўылында Айша деген ҳаялды күтә ақаяқ көрдим. Бирақ отыраспа ислеўге жумыс шараяты жол бермеди. Қәне, жигитлер неден жеңилди?

— Жуўап деген ниң ушы-қыйыры жоқ па деймен өзи. Жигитлер тәрепи қызлардан жуўап сорап еди, қызлардың ишинен бир дилўары сөйлеп;

— «Бир жуўап бар асқаны,
Бир жуўап бар пинҳамы,
Қайсысын алсаң өзиң бил»—демесин бе, қызлар, жигитлер ойланып қалды.

— Көп ойланғанша жигитлер өзлерин бийик тутып аспанысын алмады ма?—деди бай.

— Әне, аға, әне!—Турымбет қанша геўдели болған менен жүдә епкинли түрде баладай болып, қолын шошайтып сөйлегенге бай шад отырды.—Қоягөриң! Екинши жерде сиз сорап жүрмең оны. Себеби бизиң жигитлердиң ишинен биреўи жас үлкенине қарамай, тезпейиллик етип «аспанысын бериң» деп еди, сол қыз:

— «Пинҳамысын сорасаңыз,
Қатар қурбыдан аласыз,
Аспанысын сорасаңыз,
Ғарға-қузғыннан аласыз»,—деп бетлери былыш етпей отыра берди. Өлер болсаң, өл ширкин, жигитлердиң мойынла-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рына муздай суў қуйылды да, қалды. Қайтып не десин, биреўи биреўине қарасты.

— Пай-пай жаман болған екен,—деди бай ишинен бул әңгимелерге аз қызығып отырса да, сырттан күтә таңланған болып.—Бизлердиң ўақтымызда да не бир жуўабый дилўарлар болатуғын еди. Мен бир жуўап айтпай-ақ, усы жасты жасап, қәлеген атыма минип, аламан деген қызларымды алдым.

Екеўи және күлисти.

— Сени көп ириктим, қосшым. Тазадан үйленген адамның жағдайын билемен,—деп бай селкилдеген күлкисин даўам етти.—Ҳа-ҳа-ҳа! Бирақ бир ақыл берейин, есиңде сақла. Ҳаял деген жуўҳа болады. Қәпелимде аўзына шөп өлшетип алма. Ол ушын азаннан кешке шекем үйде отыра бермеў керек.

Турымбет қызарып басын сыйпады.

— Аға, әйтеўир сизге мың-мың рәҳмет. Илайым бейиши болың!

Бул сөз күтә қартайып турған адамларға айтылады ғой! Дүйсенбай болса еле ғаррылықты мойынлаў түўе, өлиўди есине де түсиргиси келмейди. Бай оның «бейиши болың» деген сөзине ашыўланажақ болып еди, буным әнтек болар деп үндемеди, бирақ жигиттиң жүрегиниң қалай соғатуғынын аңғарды.

— Сен Айтбай менен сырлассаң-аў-а?

— Өзиңиз бурынлары оны қудай бийзар, жалатай дейтуғын едиңиз. Сол ушын мен ондай адам менен қалай ҳәмдәм боламан? Айта гөрмең!

Бай оған еле исенбес еди, жигиттиң шын жүрегинен сөйлеп отырғанын билген соң ашылыса берди.

— Ол бир сени емес, көп адамды жолдан шығарыўға талапланып жүр. Абайлы бол, абайсызда торына түсирип қоймасын.

— Мени өләмата бала қатарына санай бермең. Оның қурған торы маған өрмекшиниң аўындай көринбейди.

— Ҳе-ҳе-ҳе! Нық азаматсаң, иним. Гүнам болса кешир. Үйиңе ертең-бир күннен барып, жеңгейге қутлы болсын айтып қайтарман. Биз көп көрген адамбыз. Нәсиятларым есиңнен де, тисиңнен де шықпас.

— Өйтип бала емеспен, аға.

* * *

«Жалғызым, жалғызым» деп ой-баўырын кесип, баласы бир жаққа кетсе жағасынан қол айырмайтуғын Гүлбийке кемпир ери қайтыс болып, жесир қалғалы бери ериншек болып, хошкейн



www.ziyouz.com kutubxonasi

келген күни болмаса азанда ерте турмайтуғын еди. «Келиншек түседи» деген ғаўқылды көтерилгели, жүреги шәўкилдеп жүрген ол бүгин жүдә ерте турды. Бул мәҳәлде үзиктиң тесиклеринен сағым түсип киятыр еди. Қара үйдиң қазан-табақ беткн қапталында жатқан ол, ояиды ма екен деп дәрриў улы менен келинниң төсегине қарады. Олардың баслары бир пәлекке питкен егиз қаўындай бир-бирине тийип, бөз көрпениң әсийесинен көринип жатыр екен. Ол келинниниң басын шайқаўға қыялланып турды да, және оятпады. Сөйтип өзиниң дастығының арғы қапталында керегеге сүйеўли турған дуз қабаққа қол узатып, бир қысымын ала сала баласы менен келиниениң басынан айландырып, «жаман көзден сақлайгөр» деп, тандыр ошаққа таслап-таслап жиберди. Жатар алдында ошақтағы күлге көмилген жылқының қос тезегиниң сырты унырап, ишн ғазна-мақпал тақияның пөпегиндей қызарып атыр еди, бирден патыр-патыр етип Турымбетлерди оятты...

Олар чай ишип болалмай-ақ Дүйсенбай келди. Бул күн оның Турымбетке ескертип жиберген күниниң ертеңи еди. Бул сапары Дүйсенбай бурынғы келгенлериндегидей гәрдийип, қандай төсек салынар екен деп босағадан атлап тура бермеди, салыўлы гөне кийиздиң үстине шықты да отырды.

— Гүлбийке жеңге, қонақларды аман-есен тарқаттыңыз ба?

— Бәрекет тап, қәйним! Сениң арқаңда бәри де жәнжелсиз болды,—деди кемпир.—Тек арқа топардан бир-еки үй шақырылмай қалып қойыпты.

— Қысқасын айтқанда, той өкпесиз болмайды деп ата-баба бийкар айтпаған. Зияны жоқ. Қайтама усындай тойдың ақыбети жақсы болады. Төрт бурышын сай етип ел жайғастырыў қыйын. Қолымыздан келгенин аяғанымыз жоқ, жеңге бир жағын өзиң көрдиң ғой, солай емес пе?

— Ой, алла зыят етсин, мырзаға. Ағайин бир өлиде, бир тириде, деген.—Жақын-жуўықты, бизге қол жабатуғын адамды енди билдик. Турымбетжанның басын жуплап един, ендиги жағында өзиң келе қыла гөр, әйтеўир...

— Яқшы, жеңге Турымбет айтып келди ме, еки атыз жер бөлип беретуғын болдым,—деп бардамсып сөйлеп, егер Турымбет айтқанға жүретуғын болса, адам қылып жиберетуғынын, ҳәттеки, ел басқаратуғын атқа минер етип тәрбиялайтуғынын билдирип, ўәде берип кетти. Оған кемпир де, баласы да қайта-қайта миннетдаршылық пенен қол қаўсырып, бай ҳәр қозғалған сайын орынларынан ырғып-ырғып турып узатып салды.

Үйге қайтып киргеннен кейин мениң абройымды көрдиң бе,



www.ziyouz.com kutubxonasi

бай мениң хызметимде жүр дегендей Турымбет ҳаялына мақтаныш пенен қарады. Ал ол ҳеш нәрсе түсинбегенсип, қонақтан кейин көрпешелерди қағып салып, ошақтың басларын сыпырды.

Әкеси барда еркелеткени аздай, ери қайтыс болганнан кейин көкиреги жатық болып өспесин деп Гүлбийке улына қарсы сөз айтып көрмеген еди. Турымбет анасының не ушын бостанлық берип қойғанына түсинбей, кеўлине келгенин ислеп бақты. Әкеден қалған үш-төрт қара мал, бес-алты қой-ешкини пайқылдап жүрип төрт асыққа, соқта ойынына сарып етип, тек бир ат, бирекки қараға-ақ ийе болып қалған, оның бул әдетине қарама-қарсы кемпири дүньяпараз болмағанда, хожалығы биротала опталыққа түсип қалатуғынына да гүман жоқ еди. Сорлы кемпир тис-тырнақлап дүнья излейди. Жаз болса атызларды аралап, шеншенип жүргени. Гүзде асқабақ сорап алмайтуғын үйи де қалмас. Соның бәрин жесе сирә. Ҳәр кимнен тиленип алғанын жыйнап, базар күни бир ешек таўып қалаға тартады. Егер ешек табылмаса, бес-алты палаўқабақты арқалап-ақ кете береди. Денеси арба тартқысыз ири. Қалага барған адамлар оның асқабақларын сата алмай, шар-базарда аўнаған богадай, қуяшта жататуғынына ҳайран қалысады. Денеси қәншелли аўыр болған менен, минези сонша жеңил...

Келин түсирген күни есигиниң алдына сырық көмип, басына гөне қуў гелле таўып қыстырып еди. Бай шығып кеткеннен кейин «байдың келини—үйге дәўлеттиң келиўи» деп, ошаққа және бир қысым дуз таслап болып, бир қызыл бурыш пенен бир қызыл пиязды таўып, жипке дизип маңлайшаға илдирди.

— Енди қандай адам болса да көзин тийгизе алмас!

Баласы анасының қылықларына наразы болмады.

—Кеўлиңе келгенин ислей бер. Мине, келин-келин дей беретуғын едиң, қәле мойнына мин, қәле түйекке қос, саба, өзиңниң қолыңда,—деди. Гүлбийкениң баласынан күткени де сол еди. Келинин шақырып алып буйрық берди:

— Келин келсе етеги менен деген. Тезирек бала туўыўдың ғамын же. Сениң анаңды ул туўмаған адам дейди. Егер анаңа тартсаң, мәңги турамаң деп ойлама, әйтеўир!

Жумагүлдиң қуўанышлы жүреги шай тартқандай силкти. Илажы бар ма? Қәйин енесиниң парықсыз сөзди өлшеўсиз айтатуғын адам екенине түсинип, тек ишинен күйгени менен бир нәрсе деўге тили қысқа. Егер бир аўыз үн шығарса болғаны, мынаў кемпир бәләәтлеп қоймай, үйден шық деўге тайын сыяқлы, әўпилдеп сөйлеп, денеси менен жардай дөнип тур. Оның үстине қәйин ене қанша жаман болганы менен, өмириниң енди-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ги бөлегинде анасы. Оның гүллән қыйқаңына көнип жаманын жасырып, жақсысын асырмаса бола ма? Өмир сүриў керек! Қартайған адам бәдик болғанда не? Қашанға шекем жасайды? Таза түскен келиншектиң бийорын сөйлеўге, биреўге қарсы гәп айтыўына да ҳақысы жоқ екенин өзи де жақсы түсинеди. Сол себепли Гүлбийке не айтса да, астыңғы ернин тислеўи менен тыңлаўы парыз... Кемпир әри-бериден соң басы кишигирим чайниктей уршықты әкелип Жумагүлдиң алдына дүрс еттирди:

— Келгели еле толтырғаның жоқ, ийир! Өрмектиң арқаўы кемис.

Әдетте таза түскен келиншектиң шеберлиги менен санасып отырылмастан қолына мәжбүрий түрде уршық услататуғын еди. Бул жаңа түскен келин уршықтай айналып хызмет етсин деген тилек, әўладлардан әўладларга көшип киятырған ырым. Қайсы бир қәйин ене болса да, усы ырымды қуўатлайтуғынын Жумагүл билетуғын еди. Соның ушын орнынан тикленип барып уршықты алды да, сабын жанбасына шыйырып жиберип қулашын кере ийирди. Оның шеберлигине кемпирдиң аўзы ашылып қалды. Жумагүл қолындағы бир пилтени ийирип, қазан-табақ бетке шыға сала бир дизелеп отырып, тапсырылған исти даўам етти. Кемпир өз-өзинен және гүбирленип:

— «Қатынды бастан, баланы жастан»—деп бир нәрселерди айтпақшы болып, изин даўам етпей гүмилжи етип қалдырды. Жумагүл буған да бир нәрсе деп айтыўға қәйин енесиниң кеўлин қалдырыўдан қорықты. Быжық кемпирдиң гейпара сөзлерин еситпей қалса да, қайтып сораўға батылы бармай, ишинен: «мейли, маңлайға сызылғаны усы болса, көнемен, шәрияттың талабы да усындай» деп ойлап, уршығын қулашлап отыра берди.

## 9

Ҳәсет. Жатқан адам да, турған адам да бойының теңлигинде әтирапына көз жиберип қараса, бир тәрепке қарап ағып турған ҳаўаны көреди. Ҳәттеки ҳаўыз беттеги қараталлардың жапырақлары да қыймылсыз. Астында отырған ерлер де көйлеклерин шешинип, ишки диз кийимлери менен отыр. Бәрибир, шыдамай желпинеди. Жанлы мақлуқлардың ҳәммеси дерлик көлеңкеде Арбасының саясында шекпенлерин төсенип жатырған бийшара арбакешлер менен көлеңкеге таласқан ийтлер де алдыңғы аяқларына басларын қоя алмай, тиллерин шығарып ҳалықласады. Тоғай шымшықлары, тық-тықларға шекем уяларында, шеңгел шақаларына қона алмай бүршикли жыңғыллар менен гүлли



www.ziyouz.com kutubxonasi

шеңгеллердиң түплеринде қанатларын жайып, айғабағардың тұқымындай қап-қара тумсықларын ашып, пәрлерин гүжирейтип дем алысады. Бос турған ешеклер түўе ең шыдамлы қара маллар да тамлардың саяларында көсилип, қарынлары бүлкилдеседи. Көшеде арман-берман жүрген адамлардың тоқтағанына да бираз ўақыт болды.

Қара үйлердиң ҳәммесиниң есиклери түриўли, артлары ашыўлы. Мине, Турымбеттиң үйиниң де шийи түрилген. Кемпири қаптал бетте басын төрге қаратып, жеңи менен бетин, қолтығын желпинип, қайта-қайта «ҳүў, ҳүў» деп олай-булай аўдарылып түседи. Турымбет жүнлес балтырларын керегениң көзлерине тутып, үйге киретуғын ебиндей епкинди де иркип жатыр. Жумагүлге бүгинги ыссы да тәсийир етпейтуғындай. Оған биреўдиң жаны ашығаны ямаса оның өзине-өзи рейими келгени сезилмейди. Келгендеги бас ораўы. Жаўлығы алқымының астынан таңылған. Бир дизеге қонып, маңлайынан моншақ-моншақ тер сорғалаўы менен уршығын қулашлап ийирип отыр. Биреў келип қалса уршығын көрпениң арасына тыға сала, от жағып чай қайнатыўға ҳәзир. Ол усы үйге келгели далаға шықпаған еди. Үйдиң ишиндеги қыбыр-сыбыр менен-ақ тынбайды. Шөже қоразлар менен бирге ояныһ орнынан турып үйдиң ишин сыйырып болыўдан, кемпир тапсырған иске кирисип, бәрқулла ҳәммеден соң жатады. Қутлы болсынға изли-изинен көп адамлар келмеген күни үйдиң шеп қаптал бетине қурылған отырма дигирманның тартқышына асылғаны асылған. Соннан кешке шекем белин жазып алыў жоқ.

Келинди бирден мийнетке үйреткиси келген Гүлбийке кемпир үйиндеги бар дәнди ун қылдырып та болды.

Тартылыўға тийисли гүллән дән ун етилип болынған менен де Жумагүл тыным таппайды. Ең қапылған күни кемпир шығып кетип қоңсы-қобалардан бир желпим, еки желпим жүўери әкелип, «мынаны тарт» деп, келинине тапсырады да кетеди. Келинде үн жоқ. Нағыз каразға қосылған ешекке айналды. Ал кемпир бурынғыдай ел гезип көп жортқанды да қойды.

Азаннан кешке шекем баққаны жалғыз келини. Төр бетке төсек салып жатқаны жатқан. Ыссыдан ҳалықлап, өзиниң зорға дем алып буўлығып отыратуғынына қарамастан, келини тегерақ ғыныс гөзлесе кейпи қашады. Өзинде уйқы пүтин. Кеўили сергек, тек келинин тежестиреди. Күндиз көп уйқылағанлықтан кемпир түнге қарай жартыўлы уйқыламайтуғын да болып кеткен еди. Бул Жумагүлге аўыр соқты. Күндиз тынбағаны аздай ақшамына қарай шығыршыққа асылады. Тилсиз келин бәрине көне берди. Жумыстың көплигинен өзиниң үсти-басына қарай-



www.ziyouz.com kutubxonasi

туғын ўақыт та аўыспайды. Базда-базда жалғыз қалған анасын ойлап, оның қалай күн көрип жүргенин көз алдына келтирейин десе жумыстан саңлақ көринбейди.

Төбеден мыс қайнатқан ыссыға қарамастан, басындағы ҳалақалы орамалы түўе, оның сыртынан жамылған ақ жаўлығын шешиўине еле урықсат берилмеген. Бас жуўыўға ақшамында да пурсат таппайды.

Усындай гүмарашылық пенен еки ҳәптеден аслам ўақыт өткерди.

Жумагүлдин қалай күн кеширип жүргени менен Турымбеттиң де иси жоқ. Өзи де үйде турмайды. Ислеп жүрген иси жөнинде хожалығында ҳеш кимге айтпайды да. «Ериң-пириң» деп Аналық кемпирдиң айтқаны есинде. Әпиўайы нәрседен оның зейнине тийип аламанба деп ериниң азаннан кешке шекем не менен шуғылланып жүргенин сорамайды да.

Ҳәр қашаннан да тамылжыған ыссы болғанлықтан ба, ямаса қыдыра-қыдыра басқа үйлерге қәдири кетип қалғанлықтан ба, Турымбеттиң күндиз үйде болыўы биринши рет. Жумагүл оның бүгин қыдырып кетпегенине ишинен сүйсинип, уршықтың жибин ораған гезде басына дастықты бийик салып шаңараққа қарап жатырған ерине нәзер таслап қояды.

Үй ийелери жанларын қәйерге қоярын билмей жатырғанда алыстан соза сәлем берип еки киси кирип келди. Олардың бирeўи Жумагүл таныйтуғын Әйтен молла еди. Оны қайсы жел ушырып келди? Таңланды. Баяғы кейпи—жазы-қысы гөнетоз селкилдек шөгирмесин басынан тасламайтуғын әдетин қыдырғанда да қоймапты. Сарысинлыдан келген көсенамай, қуc тумсық киси еди. Кебирге өскен жантақ киби сақалының ушы мудамы өрген шалғандай. Үстиндеги узын шапаны да сол баяғысы. Аяғындағы шерим геўиши де сол ески геўиши. Ең қурығанда қыдырғанда кийим алмастырса болады ғой. Аўылда пәжмүрдеме десе бәрқулла усы турысы екен. Жағасының қыймайысы шығып тур. Бул пәжмүрде иплас кисиден Жумагүл қорқайын да деди. Аўылда маған дуўа жегизиўге сылтаў таппай изимнен келип, қатықтай уйыйын деп турған хожалығымды бузбаса болар еди, деген қорқынышқа берилип, орнынан қалай турып, қонақларды қалай қабыл еткенин де байқамады.

— Кел, Мәмбет аға!—деп Турымбет ушып турғанда, Жумагүлдиң биротала аңы кетти. Бийбини әкетиўге барған да усы. Өзи усы аўылдың молласы ғой. Бет ашар есине түсти: қапылмаса болар еди, енди келиншекке сарқыт асатамыз деп, еки молла биригип дуўа бермесе жақсы, Сарқыт, берсе жемеўге де



www.ziyouz.com kutubxonasi

болмайды-аў. Қапылды, қапылды! «Ийт жоқта шошқа үреди, еки самсам бир жүреди», деген усы шығар. Еки дуўагөй есинен тандырып, жилли қылып жибермесе бир жөн!

Моллалар шапанларының пешлерин қоллары менен артына қайырып, геўишлерин шешти. Мәмбет молла Әйтенге қарағанда сақ еди. Геўишлерин шешкен менен сиринен услап төрге алып өтип, иргеге қойды. Еки молла да саққа жүгинисип ийеклерин қамтымлап, Гүлбийке кемпирге қутлы болсын айтып, бетлерин сыйпасты. Үсти басының қунтсызлығы, отырыс-турыслары ексўинде бирдей еди. Тек айырмасы, Мәмбет молланың қызыл жийекли дөңгелек жағалы бөз көйлегиниң кең жағасынан көкирегиниң жүни көринип тур. Шоқ сақалы ағарған. Жағы қыйсық, мурны пышақтың арқасындай қырлы, сөйлемей қарап отырғанның өзинде сақалын барлап көрип, ийегин қайта-қайта сыйпай беретуғын әдетке ийе екен. Маңлайшаның тусындағы уўыққа илдирилген бурыш-пиязды көрген Мәмбет молла жолдасын түртип, оған да ымлап көрсетти ҳәм:

— Мынаў Әйтен молла бир жағынан қуда болады,—деди кемпирге, қарап отырмай, сақалын бир сыйпап.—Хийўада бирге оқыған жорам еди. Сизлерди пәтиясын алып қалсын деп ертип келдим.

— Сирә жолым болар мениң. Қудайы бергенниң самалы оңынан еседи деген. Екеўиңиздиң жәм болып келиўиңизге қара. Мениң балам менен келинимниң некесин қыйып кетиңлер.

Гүлбийке кемпир ҳәр сөйлеген сайын мардандай тулғасын зорға-зорға қозғайды. Әйтен молла жүдә сызылып, төмен қараўда. Көзлери перделенип уйқылап кетиўине сәл-ақ қалып турғандай. Өзин пәс тутқанлықтан ба, яки қыздың теңин тапқанына ма, басын көтере алмайды. Алдына чайник қойылған мәҳәлде ғана Жумагүлге урланып қарайды. Жумагүлдиң еси-дәрти анасының аманлығын билиў еди. Бийәдеплик болар деп оған хабарласпайды. Әйтен молла өзлигинен сөйлемейди. Соған қарап аўылдан емес, басқа жақтан киятырған шығар деп пәмледи ол.

Кемпир Жумагүлге ым қағып, далаға ертип кетти. Олар көп иркилген жоқ. Жумагүл қазан асыўға киристи. Чай тамам болыўдан нан сорпа да тайын болды.

Еки молла биринен-бири киши пейилликти асырып, «сиз алың, сиз алың» менен бираз отырғаннан кейин барып, биреўи биреўинен көбирек айтқысы келгендей «биссимилла»ны ағылтегил етип, табаққа қол урысты. Кемпир келини менен ернеги тайпақ қара зеренге сорпа қуйып табақлас болды. Жумагүл жар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тыўлы жей алмай, көз астынан ерлердиң табақ усыныўына қарай береди. Кемпир уят болады дегендей оның жаўлығын тартып-тартып қояды. Жумагүлдиң бундағы қәўпи Әйтен молладан: «бәлким, ол сарқыт қайтарар мәҳәлде табаққа бир нәрсе салып жиберер!»

— Мине, табақты алың!—Мәмбет молла табақты оң қолына көтерип усынды.—Сарқытты қалдырмай жеген саўап болады.

Жумагүлдиң ойлаған жеринен шықты! Қудай абрай бергей!

Ол найлаж түргелди де, табақты қос қоллап алып бир қырынлады ҳәм ернегин суқ бармағы менен айналдыра сыпырып, қолының жуғын табақтың қырына сыпырып, енесиниң алдына әстен ғана қойды.

— Неге жемейсең?—деди кемпир сарқытты өзи жеўге асығып отырса да, қонақлардың көзинше сыр бергиси келмей. Жумагүл қонақлардың әл-әўмийининен кейин қолларына суў қуйыўға ҳәзирленип атыр еди.

— Өзиң жейбер, тойып турман,—деди албырағанлығынан не жуўап берерин билмей.

Еки молла бир-бирине қарасты. Турымбеттиң көзи анасына тигилди. Ол өз гезегинде баласының қыялына түсинип келинине жекиринди:

— Мектеп көргенбисең, өзиң!?

Өзге адамлардың көзинше сөйлемейин деген менен кемпирдиң сөзине жуўап бермей қалыў нақолай сезилди:

— Мектеп ким, биз ким, ене?!

Қайын ененин сүзетуғын сыйырдай ала көзли нәзерине шыдамай Жумагүл ушатуғын қустай қунтыйды, бирақ сарқыт жемеди.

«Же-же» деген мирәт тамам болып, пәтия оқылғанға енди биротала қутылдым деп жайылып отыр еди, Мәмбет молланың:

— Қәне, Гүлбийке, неке суў таярла!—дегенине бурынғыдан да қуўанды: бул үйдиң некели келини, Турымбеттиң некели ҳаялы болады!

Кемпир чай кесени аз толмас етип суўық суў қуйып Мәмбет молланың алдына қойып еди, ол басына ораған белбеўин жаздырып, ишинен бир түйиншик шығарды да:

— Гүўасы да екеўимиз боламыз,—деди, Әйтен моллаға,—сен келин тәрепинде, мен ери тәрепинде.

Гөне шүберектеги түйиншикти көрип Жумагүлдиң жаны қалмады: дуўа ишкизиўдиң жолын жаңа тапты булар!

Мәмбет молла кеседеги суўға түйиншегинен бир нәрсени салып дем урды ҳәм Турымбетке:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сен Зәрип қызы Жумагүлди денеңе бағыш еттиң бе?—деди. Усы тақлеттеги сораў Әйтен молла тәрепинен Жумагүлге де берилди. Бирақ екеўи де еситтирип айтпаға уялған қусайды, үндеспеди, сонда да еки молла питти-питти десип, кеседеги суўлардан өзлери аз-аздан жутып, әўели кемпирге, оннан соң Турымбетке, ақырында Жумагүлге усынды. Ол ернине тегаран тийгизип, қалғанын есик бетке серпип жиберди.

— Ҳаў!—Әйтен молланың таңланғанына Турымбет бир көтерилип басылды.

Күн песинге айналған еди.

— Дәрет суў болсың!—деди Мәмбет молла. Жумагүл албырап жүрип чайдан кейин қуманға суў қуйыўды умытқан екен, дәрриў шәңгил қабаққа асылды.

— Бизлердей молла келгенде, қуманнан суў үзилгени,—деп Әйтен молла басын бир шайқап еди, өзи жарылайын деп отырған Гүлбийке кемпир гүрк ете қалды.

— Көргенсиз жерден қыз алсаң, усылай болады екен.

Жүрегине пышақ қадалғандай Жумагүл селк етти, бирақ өзине ай берип астыңғы ернин тиследи. Ал Турымбеттиң көзлериниң ағы шақшыйып, Жумагүлди жеп жибергиси келгендей болды.

Песин намазынан соң чай ишиў және даўам етилди. Қонақлардың көзинше шаң шығармаса болар еди деп қорқып Жумагүл көз астынан ерине сығаланады. Ол сазырайыўы менен еле де ашыў үстинде. Буны көрип денеси базда-базда «жуў-жуў» етип кетеди: дәўдей ири, сүбе қабырғалы жигит ашыўланса, соңғы ўақытта азып, еттен айрылған пашардың не жанын қояды! Қалтыраған Жумагүлдиң барлық денеси босасып, қайнап атырған қуманды алып атырғанда, қолы дирилдеп кетип, гүллән суўы ошаққа ақтарылды! От ысылдап ақбастың күли шаңараққа көтерилип атыр. Буған Әйтен молла мырс-мырс күледи. Мәмбет молла да оны күлки менен қуўатлап еди.

—Әне, көргенсизликтиң белгиси!—деди кемпир ашыў менен. Жумагүлди және ашыў қысып буўлықтырды. Бирақ өз айыбы өзинде болғанлықтан, сөйлемеди. Қайтадан отын әкелип, еплеп отты алыстырды. Ол қанша жарамсақланаман деп ойласа да, Турымбеттиң дөңгелек көзлери аларып, қабағы түнерген үстине түнериўде.

Қонақларды шығарып салғаннан кейин ол пәтленди:

—Сени не ушын алғанымды билесең бе?

— Жети уйқылағанда бундай сораўға жуўап бериў Жума-



www.ziyouz.com kutubxonasi

гүлдиң есине де кирип шығып па? Не дерин билмей төмен қарады.

— Сарқытты неге жемединң?!

— Маған неге бағана кекесине жууап бердиң?—деп баласына қосыла кемпир де қыстастырды.

—Саған айтып турман, ешек! Неге бежирейип турсаң?—деди Турымбет бурынғыдан да қызып,—отқа неге суу қуйдың?!

—Бизиң отымызды сөндиргиси келген ғой!—деп кемпир баласының сөзин жәнe кепсерледи.

Жумагүл тис жармай төмен қараған пишинде тура берди.

— Саған айтаман, нәлет!—деп Турымбет теуип жиберди. Жумагүл тентиреклеуи менен барып қазан-табақ беттеги аршаның алдына жығылды. Басы аршаға сақ етип, орамалы қапталына түсти.

Келиншек болып түскели ол басын жууыу түуе, ашып та көрмеген еди.«Басыңды неге ашасаң» деп шашларын бара қамтылап тикейтип урмақшы болып сүйреген мәҳәлде Турымбеттиң қолында бираз шашларының илинип жулынғанын көрип ол бирден ҳууыштан айрылды.

Турымбет ҳаялының қандай ҳалға түскенине итибар бермей қолына серген шашты қапталына таслай сала Жумагүлге ҳәкиреңлей берди.

— Басың таз екен ғой, әй нәлетий!

Жумагүл өзиниң көптен бери жапсақланып, сүзекке шатылғанына да қарамай, жатыуға уялып тек сүйретилип жүр еди, ал ҳәзир таяқтан жығылып ҳәлсиреп көкиреги қысылған соң кесели қозып, гүлләп денесинен моншақ-моншақ тер шығып жатырып «жоқ, шабазым, мен таз емеспен» деп айтыуға да тили гүрмелмеди. Тек өзинен-өзи ыңырсып, тауланып, «алла-алла» дейди. Турымбет Жумагүлди урыуға мейилленгенде, кемпир зып берип далаға шығып кеткен еди. Келинниң сести семген соң қайтып кирди. Ошақтың қасында попырап атырған оның мийиздей қап-қара шашларын көрип аяудың орнына:

— Қудай қайдан оңлы келин берди дедим-ау!—деди оң қолы менен жанбасын шаппатлап.—Пулы арзанның сорпасы татымас деген усы!

Кемпир сөйленип жүрип Жумагүлдиң шашын жыйып жумбаршақлауы менен отқа таслады. Ҳаялы тоңқылдаса Турымбет жәнe бир-еки тепкини бермекши еди, қыбырламай сулық болып жатырған адамға илаж ете алмай үйден сыпырлып шығып кетти.

Қара терге шомылып атырған Жумагүл шашының ошақта бызылдап жанып атырғанын да сезбеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

«Ҳаял сырыңды алса, қудай қырыңды алады. Сол ушын оған бас ийип, жеңислик бердиң деген сөз дәўлетиң кери кетти деген сөз. Егер мәккарына ушырасаң, аўзыңа шөп өлшеп алып, мурнына мурындық салып жетелейди»,—деп Дүйсенбай базда мәселе қайтарып отырғанда, Турымбеттиң түрик ериилери жабылмай, аўзы аңқайып қалатуғын еди. Оның үйде көп отырмайтуғынының бир мәниси—сол сыр алдырмаўдың илажлары.

Жел өкпелеиип ҳаялын сулайтып салғанына мәсирип, үйинен шыққан менен қайда барарын билмеди. Күнде-күнде байдикине бара бериў де нақолай. Бәлким, ол жек көрер. Өзиниң де күтә пейли кең адам емес. Киши ҳаялы Бийбини жас жигитлерден қызғанып, үйине бойдақ жигитлердиң көбирек келгенин жақтырмайды. Турымбет бойдақ емес! Олай болмағанда да, өзиниң жасы үлкениниң хожалығына қыянат ислеп қудай урыппа?...

Турымбет далаға шығып, үйиниң артындағы сайдың ернегинде еки қолын белине салып шалқая турды. Көз алдында көк бүршикли жыңғыллар менен бөленген үлкен кишили жүўери атызлары, оның аржағында қаратал менен қоршалған ақсақалдың тамы. Шеп аяғынын өкшесин шыйырып Дүйсенбайдың тамына бурылып еди, оның қубласындағы пахта егилген далаңлықты көрип нәзерин соған ирикти. Бойы дизге келген, жапырақлары баланың алақанындай жасыл ғаўашалар көз қумартады. Кең көлемниң аржағындағы басланған тоғайлық: майса торанғыл, көк бүршикли жыңғыллық, нәҳән көлемди қоршап қолдан тутылған қорадай көринеди. Бос жүрген адам көринбейди. Ҳәмме өз жумыслары менен бәнт... Ол артына бурылды. Үйин көрди. Кирип шыққан бенде жоқ. Той тарқағаннан кейин бай үйин қайтып алдырған еди. Жартысы шыпта үзикли қара үйи түйениң үстинен аўған жүктей бир капталына қыйсайып, қуяшқа күйреп тур. Анаў бир бақаны тайған қыйсық бастырмасының астында жалғыз аты соналап, от жей алмай дүбир-дүбир тепсиниўде. Ол оған көп қарамады... Журтлардың үйлериниң әтирапына сән берген егинлер бар, ал бунын үйиниң қасында гүлшедей бир қыйтақ асқабақ пенен гөне төлеге егилип, ернегине қол жая баслаған суў қабактан басқа егин де жоқ. «Маған не, бай ағам еки атыз жер берсе болғаны!». Қолын бир силтеп жөн алды қарабарақ дегендей белгили бағытты мақсет етпей-ақ, алдына жүрди. Және азмаз иркилип мурнын симгирди. Кегейли бетке қарады. Бул жақта ақ қалпақлы, ақ диз кийимлерин дизесинен жоқары түрип, ийинлерине бел салған жалаңаяқ суўшылар узағырақтан жекке-жекке ақ қутанлардай



www.ziyouz.com kutubxonasi

көрипеди. Олар өз гүмирашылығы менен. Турымбет қасларына барған менен сөйлесиўге ўақыт таба ма? Қайда барыў керек, қайда? Үйге қайтып келиўге жаңа ғана таяқ жеп жылап жатырған ҳаял есине келгеннен кейин, буны көрип ашыўы қозыи, бетинен алыўы мүмкин! Бир мәртебе тилин шығарып алса, бәринен жаман. Сабап-сабап кетип қалыў әне еркектиң иси! Бай ағасы усындай деп бир-еки мәртебе үйреткен!

Үйде узынына сулаған ҳаялын және көз алдына келтирди. «Ҳақыйқаттан тазбекен? Дәслепки күнлери ондай емес қусаған еди, я маған сыр бермей алдап жүрген бе? Мумкин. кесели бар шығар, ети ысып, қалтырап жататуғын еди. Япырмай-ә?... Бир муштан мурттай ушып түсетуғын қандай ҳаял, ямаса күтә қарыўлыман ба? Усы күшим менен неге гүреске түсип, палўан болмай жүрмен... Жоқ, тойларда гүрес болғанда палўанлар қалтырап турады дейди, ал мен өзимнен ондай қәсийетти сезбеймен... Бир тепкиге шыдамай жығылғанына қарағанда бизиң ҳаял ҳаяллардың мәккары болды ғой шамасы. Көрдиң бе жығылыўын! Аўзыма шөп өлшеп алажақ. Зирилдеп қата қалғанға мени қушақлап орнынан турғызады деген ғой, ой шашы узын ақылы қысқа ҳайўан! Пай тикейиттимдағы! Кешке шекем гөр болып өзи турар.» Арқа бетте топарласып асық ойнап атырған балаларды көрди. Қалталарын сыйпады. «Бар емеспеди бала?» Белдемесин тинтинип бир сом тапты. «Әне, ўақыт өткерип бүгинги кешке де асықпай жететуғын болдым» деп балаларға келди де;

—Қәне, ким утып атыр?—деп, гилең он еки-он үш жастағы жалаң аяқ балалардың бөкселери бир-биринен қашық, ал өзлери қумар менен алдыларына ентерилгенликтен торлы гүрбектей баслары бир-бирине тийисип шүйиркелесип, тандырдай дөңгеленип, шаўқымласып отырғанына таңқалғандай орталарына үнилди. Тандырдың ишки ернегинен сынып түскен бас бармақтай кесеклерди еске түсиретуғын асықлары шашылып атыр. Ал лүзде қалып баз басқан суў қабақтай мойынлары, кир-кир көйлеклериниң ойма жағаларының қызыл-қаралтым жийеклеринен зорға ажыралған патас балалар буны ескерип орынларынан қозғалмады. Биразлары ойынға берилип кеткенликтен қуяштың терлеткенин де сезбепти, көбисиниң аўзы-мурынларына батпақ сүйкегендей жағал-жағал. Олар Турымбеттиң даўысын еситпеди. Ал бул уялмастан барып балаларды ысырып арасынан жай таўып, қой арасындағы ешектей әўкийип отырды.

— Қәне, ким асық сатады?

Шуңирек, қой көзли, бақа мурынлы бир бала утып отыр екен. Етегинде асық толып тур. Ол Турымбетти көре сала гөне



www.ziyouz.com kutubxonasi

бөз көйлегиниң мөрли шапандай жалтыраған жеңи менен мурнын сыпырып:

— Енди мен ойнамайман, мына киси утылса сабайды,—деди орнынан турып. Күни менен асықларын уттырып, жаны шығып отырған балалар бақа мурынлы баланы зорлап ойнатып атыр еди, өрре-өрре тикейисип ойын бузажақ Турымбетти жек көрисип, жулысатуғын шөже қораздай үрпейисти...

Турымбеттиң бул жерден де талабы келиспеди. Биреўин тутып алып сабаўды ойлап көрген еди, ҳәммеси жөнли-жөнине кеткен соң, тек ойланыўы менен асық ойналған жерде қазықтай қақайып қалды. Ең болмаса усындай қуяшлы күнде топ ойнайтуғын адам да көринбейди. Күн қандай қолайлы. Әне, арба жол жақын. Кеңислик. Қашарманды қанша узақтан ислесең де болады. Ҳеш кимниң егинине зыян тийгизбей ойнай бериўге мүмкиншилик бар... Оның үйреншикли аяқлары Дүйсенбайдың үйине қарай тартты.

Бай қара үйдиң артын аштырып жатыр еди. Турымбетти керегениң арасынан көрип бақырды.

— Туреке, бизин атқа бир баў жоңышқа орып әкелши.

Ыссыда өз атына от орып салмаға еринип жүрген адам қарсылық билдирмей қәдемлери шыйрақланып, байдың айтқанын тәрик етпестен екинши үйине орақ алыўға кирди.

— Бизиң Жумагүл қурдас саў ма?—деди Бийби орақты берип атырып. Бул келиншек бурынлары оның менен онша сөйлеспейтуғын еди. Тиришеленип кетипти! Турымбет ҳайран қалды. Аўылындағы сырлас қурдасы келген соң кеўили өскен бе, әлле қалай? Ол орақты алып үндемей шығып баратырып ергенекке жақынлаған гезде қайрылып сорады:

— Қурдасың тазбеди?

—Не дейди!—Шоршынды Бийби.—Тазы неси?

Турымбет күлди:

—Жеңге-қурдас аяғынды бузаў басқандай ҳаплығасаң, таз екени таз!

— Қойшы, қурдас—қәйним, дәлкегинди. Бизиң аўылда Жумагүлден шашы қалың адам жоқ еди?

—Ол жағынан бийхабарман. Мен де сен усап абайламай, шашының өзи бир қаралық деп жүр едим, бүгин билдим.

—Өйбей, бийшара-ай! Ол келгели күн ыссы, оған қосымша шыжғырған ыссыда от жағып көп хызмет пенен сүзек болғанында билмей жүреберген шығар, өйбей сорым енди не қылып атыр?

—Не қылатуғын еди?— Ол жуўабының кейнин айтып үлгермеди, екинши үйден байдың ашшы даўысы еситилди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әй, сен, ирке бермесең-а! Ат аш қалды!

Арадан көп ўақыт өткермей-ақ бир қушақ гүлте жоңышқа әкелип шертектиң астындағы аттың алдына таслады. Мортылдаған көк гүлтеге қоллары боялып қалған еди, бул турысында бай менен сәлемлескеним болмас деп, қолын жуўып келди. Бай төрт мүйешли ақ шаршы менен бетин желпип, керегеден өткен шамалға тыққан қанардай жаўырынын тутып жатыр.

—Қәне, иним, қалай аўҳаллар?

—Жаман емес.

— Неге аттай болмайды?

Турымбет ҳаялы менен болған ўақыяны-оның таз шығып алданғанын айтты.

— Соған да ма!-деди бай күлип.-Бәри өзиңнен гәрезли. Қысқасын айтқанда, сен аға десең болды, таз емес биреўин тауып беремен. Ғам жеме! Ыссыдан уйқылай алмай жатыр едим, бираз шыдап бақ, уйқылап алайын.

Ыссылық кем-кемнен басылыўда. Ал Дүйсенбайдың ерни ҳәр деминде бир «пып-пып» етеди. Турымбеттиң әбден тақаты болмай, кетейин десе оның есабын таппай ҳәр қапталына бир аўнаў менен мазасы кетиўде, бай үйдиң ишиндеги бар ҳаўаны гәўмис қарнына сыйдыра алмай, мурны менен қоса ернин «пыппп» еткизгенине танланып, «мен неге усылай уйықламайман» деп аўнақшыды.

Үйдиң иши биротала салқын тартып, шаңарақтағы құрттай тесиктен түскен қуяштың сағымы көтерилип, басқурдың тусына келгенде, бай оянды. Аўзының езиўинен аққан суўды алақаны менен сыпырып жиберип, көзин тез-тез қыпылықлатып ашып:

— Уйықладың ба?—деди Турымбетке.

— Азмаз мызғыдым, аға.

Турымбет күн батқан соң да қайталмады. Соған шекем ол тағы жоңышқа орды. Геўгим түскеннен кейин келген бийтаныс атлы оны кетиў мүмкиншилигинен айырды! Қонақтың атын жайғастырып, кеште жағылатуғын отын ушын жыңғыл майдалаў...

Бай қонағының тури-түсине, кийинген кийимлерине қарап жалбырақлаўда. Атын ҳәм өзин жай еткен соң уятты қойып қонағына бурылды.

— Сизди шырамытаман, бирақ исимиңизди умытып қалғандайман.

— Исмимиз Нурым.

Бай Бийбини алып қайтыўға барғандағы тойдың ,сәрдары— Қутымбайдың жийени Нурымды көз алдына келтирди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳо, ҳо, Кутекеңниң үй-иши саў ма?

— Өзиңиз көргендей, сәлем айтып атыр. Мени дайымның өзи жиберип еди.

— Жудә мақул, жудә. Өзи қутлы болсынға бараман деп еди, келе алмады. Түбинде аман отырса болғаны.

— Аман, аман.

Бай енди неден гәп баслаўды билмей төмен қарап отыр. Нурым усыннан артық қолайлы болмас деген ой менен келген жумысын айтыўға мейилленди:

— Жас үлкен, айып көрмесеңиз, келген жумысымды сөйлеп отырсам.

— Айта бер, айта бер.

— Соң биреўлер келип кесент бере ме деп отырман. Қай қарақалпақтын үйине болса да қоңсы-қоба, қыдырмайлар урықсатсыз келип, табақты жаласып кететуғын әдети ғой. Сизикине де сондай қыдырмайлар келип қалса, ашылысып сөйлесе алмас киси.

— Әлбетте, келген адамға кет деў айып.

— Бай ағам сизиң жағдайыңызды билиўди тапсырып жиберип еди.—деп Нурым Дүйсенбайға жақынлаңқырады:—Большойларға қарсы Қоңырат бетте үлкен күш таярланып атырған көринеди. Соған Тәжим мурт дайымның малынан әкетти. Сизге өзи келмекши екен, ўақты қыстаў болып бизиң жасы үлкенге айтып кетипти. Сол таярланып атырған адамларына сизиң адам қосыўыңыз ҳәм азық аўхат ушын ун, еки-үш мал бериўиңиз дәркар.

Дүйсенбайдың ускини қуйылып, жылтыр майлы маңлайын сыйпады.

— Кеткенше ойланып жуўабын берсеңиз болғаны. Тәжим мурттың бай дайыма айтқан және бир тапсырмасы бар. Жақында большойлар жерсиз жалаңаяқларға жер үлестирип бериўге шығатуғын усайды. Сол ушын жақын-жуўық, өзине тобия деген адамларға жеринен өзи берип, өзи аброй алсын дейди.

— Айтып бар, алдын алмайтуғын гөртүлек ладан емеспен.

— Дүйсенбай аға, ҳәммеси жай болды. Жеңгейлерге отын да майдалап бердим,—деп Турымбет сөйленип кирип, олардың сөзин бузды .

—Бул жигит сизиң аўылға күйеў,—деди бай қонағына Турымбетти таныстырып.

— Ҳаў, бизиң аўылдағы урлықшы кемпирдиң қызы Жумагүлди әкеткен усы жигит пе?

Өз ойы менен бәнт болғанлықтан қонағының не деп отырға-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нын аңғармады ма, аңғарса да итибар бермеди ме, бай үндемеди, ал Турымбетти қәйинениниң тәғдийри нийениниң көзи қурлы ойландырып, ўақыяның жағдайы қызықсындырмады. Мешел кисидей бети былш етпестен отыра берди.

## 10

Жумагүл сол жатысынан уйқылап оянды, бирақ шырайы пәрдоздай болып қалды. Демде-ақ қалай өзгергенине үй-иши ҳайран. Егер ол өзиниң суўға малынған қағаздай жүзин, ишин үрлеген қарындай исик қабағын көрсе, бәлким қорқар да еди, әттең қарағандай айнасы жоқ! Айнаңы әрман етпейди де, не сыйқы менен қарайды? Ыссы суўықты парықламағанлықтан ба, еки бетиниң алмасы торлы ақ гүрбектей шытнап-шытнап кеткен. Кеседей көзлери бурынғыдай жаўтаңламай тек сүзиледи. Қалың қаслы қабақ астында әллеқандай ҳәсирет!! Күнлер өтип атыр.

Сыртқы пишинин жоғалтқан сайын Турымбеттиң оған деген ышқысы жоғалып, үйине келгенде әбден әжийнеси тырысып, мурнын жыйырады. Жумагүл болса көкирегинде ашыў сақламай, ол келсе де, кетсе де ушып турып төсек салады. Бирақ иши бүклем-бүклем қайғы. Имканияты болса онысын кисиге сездирмеў.

Үйдиң де берекети қашты. Бир бирине томсырайысқаны томсырайысқан.

Мине уллы сәске. Азанғы чайды ишип алған олар ҳәр жерде жәнё дүңкийисиўде. Кемпир төр бетте бир дастықты дастанып, алақанын шекесине қойыўы менен бир қырынлап жатыр. Турымбет не ислерин билмей тек, тисин шуқлап аўзы толы қан түпирикти ошақтағы күлге былш еткизеди. Азанда шығанағына қойған көпшиги еле қыймылсыз, ҳәр түпиринген сайын алдына ебиндей еңтерилип, Жумагүлге ала көзлери менен қарап қойып, түри бузылады да, жәнжел шығарыўға дерек таппай, тағы жанбаслайды, еки езиўинен суў жәнё түпиринеди.

Жумагүлде уршық. Қолының барғанынша жоқары созып ийирип, дизесине шыйырып жиберген ўақытта ғана ерине нәзер таслайды. Онын түйиўли қабағын көрген сайын тула бедени қалтырап кетип, уршығын үзип ала жазлайды.

— Турымбет, үйдемисең?

Тосыннан шыққан сес Жумагүлди қуўантты. Ери қыдырып кетсе қурығанда бир майдан саўа табады ғой.

Турымбет даўысты таныса да, ол үйге киргенше жанбаслаўын бузбай;



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Кел, Айтбай,—деп тикейип отырды.

Жумагүл уршығын услаўы менен орнынан ырғып-ақ турды. Кемпир дастығын сәл жылыстырып, қәдимгисинше жата берди.

— Мен сизлерди қуўантайын деп келдим,-деди Айтбай.

Кемпирдиң де, Турымбеттиң де жүзлери баз баяғысы. Ал Жумагүлде әлле қандай қуўаныш пайда болды, бирақ ериней бурын не десин?

— Сүзетуғын буғадай неге үндемейсең?-деди Айтбай келгенине наразы болып.

— Айта бер. Қуўантқанда бизге алтын әкеп бересең бе?

— Қойсаңа сондай тоңмойынлықты. Жер алсаң алтыннан кем бе? ! Ҳәзир далаға шық. Чимбайдан бир әнжирал[1] келип жалаң аяқ кәмбағалларға жер бөлип-берип жүр. Ҳүкиметтиң сондай қәўлиси шығыпты. Сен де пайынды алып қал, оннан да. Соны айтайын деп келдим. Уақым[2] жерлерди бөледи, байдың жеринен әпереди.

— Маған жер керек емес!

— Өзиң билесең.

— Неге жер алмайсаң?-деди Жумагүл ерине, Айтбай шығып кеткен соң.-Алыў керек еди. Мен-ақ келе қыламан ғой, несине қорқасаң?

— Ақылыңды таз басыңа жақсаң-ә! Алақаның қышып баратырса Дүйсенбай ағамның берген еки атызы бар.

—Дурыс, шырағым. Гилең ҳәўлирмелерге қосылып не қыласаң. Бүгин зорлық етип әперген менен бәри-бир қайтып алады. Сорың қайнап, ўақым жерге жолайман деп ғарғысқа ушырап қаларсаң.

Турымбет әри-бери отырыўдан зеригип еки ийни салпаўсыўы менен далаға шығып еди, қолында өлшеўши алшақ таяғы бар бир адамның изинен жүрген топ-топ дийханларды көрди...

— Бәри-бир, өзлериңиздиң сорыңыз қайнайды,-деди гүбирленип ҳәм қапталына бир түпирди.

## 11

Турымбет бир кетсе еки-үш күнсиз келмейди, атақлы қыдырымпаз болып алды. Хожалығының машқаласы менен ҳасла қызықсынбайды да. Оның жоғыда тәўир. Жумагүл өзин еркинлеў сезип отырады. Бирақ ойлана келе, ериниң бул бийпайдалығы туўралы ескертсе, ол «усы ўақытқа дейин тамақ таўып берген

[1] Әнжирал-инженер.

[2] Уақым жер-хан пәрманы менен бойларға, ири дин ийелерине «мәңгилик» деп бөлинген жер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

сен емес» деп гүрк етеди ямаса әтешкирге асылып абай шегеди, енесине айтайын десе, ол Турымбеттен де бетер «Сен енди мениң балама ақыл үйретип, хожалықты бийлеўге қарадың ба, тоқал» деп бәләәтлеп шыға келеди: Қолы иске үйренип қалған жапакеш келиншек үйде отыра бериўдиң есабын таппай, ең болмаса егини барларға орақта жәрдем етип, қыс азық топлаўды әрман етеди. Бирақ қаншама умтылып көрсе де, айтқаны болмаған соң, ети өлип кетти. Ери менен қәйиненеси не айтса, соны ислеп, үйдиң қыбыр-сыбырынан-ақ кешке шекем тыным таппайды. Қолы сәл саўа болған гезде анасын есине түсирип қамсығады.

—Бийшараның ҳалы қандай екен?!

Зәҳәрли сөзлерине базда қарсы сөз айтқанлықтан енеси менен оты өре жанбай, кекелесетуғын болып та киятыр. Оның менен оған жеңислик қайда? Кемпир шағынса болды, улы өш әпереди. Усылай аўырманлықты бастан кеширип, иши дүткешке айналып кеткен, Жумагүл, күйеўге шығатуғын қызлар не ушын:

«Өз әкемниң есиги майдай есик, ҳәўжар
Кирсем шықсам басымды сыйпар есик, ҳәўжар.
Қәйин атаның есиги шеңгел есик, ҳәўжар.
Кирсем шықсам басымды тырнар есик, ҳәўжар»,—деп

сыңсыў айтады? Мәниси неден ибарат деп, таңланатуғын еди. Мине мәниси усылай екен, ҳәзир өз басынан кеширип жүр.

Турымбетти дәслеп көргенде де, биринши рет босағасына басын ийгенде де, бундай қысқыға ушыраймаи деп ойламаған нашар: «Бахыттың өзи ушқан қус деўши еди, мениң басыма қонар күнлер барма екен» деп әрман етиўи менен аўыр-аўыр күнлерин өткерип сала берди. Түскенине жаңа еки айдың жүзи. Тек есиктиң алдындағы отынды әкелиўге шыққаны болмаса, шамаллап шығыўға еле урықсат жоқ..,. Ол ҳәр бир өткерген күнин ойласа, бир-биринен гәзебетли көринип, жүреги лоқсыйды.

Үстиндеги кийимлеринде кир-кир, оны жуўып алыўға да пурсат таппас. Ақшамға қарап жуўайын десе де «Жуқартып тозлырып таслайсаң», деп Гүлбийке қолынан жулып алады. Шашын ҳөллеўге қәйиненеси керек десе бир уртлам ағарған да аўыстырмайды. Гейде ҳәмме жатып қалғаннан кейин ғана отқа жағылған қарабарақтың суўық күлинен бир қысым алып суўға араластырып ғана бас жуўады.

Ишки сырын ол кимге айтады? Еки көзи төрт. Қәўендер излейди, Таппайды. Ең болмаса нәсиятлап, нәсияты менен белиге белбеў буўып кететуғын мурындық ененин де жолы кесилди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол қапаланып жалғыз отыр. Уршығын ийирмей қояйын десе, кемпир келип өлшейди. Аўыр ой үстинде. Бул азаптан ким қутқарып, ким төрелик береди, сирә билмейди.

Базы бир орынларда шөплердиң басы сарғайып гүз өзин хабарлап киятыр. Изинен тоқсанның суўығы басланады. Соннан соң не қылады? Қыс кийимлер керек, ал бул үйде оның ғамын жеп жүрген бенде жоқ, бүгинги тойғанларына мәс!

Есикти жүдә эстен ашып мурындық сиңлиси Турдыгүл келмегенде не ой-табар еди ол? Ойы үзилди де қалды. Орнынан ушып турып сиңлисин қушақлады.

— Кел, қарағым, кел.

— Ҳаў, аўырдың ба, апа?

—Аўырдым десем де болады.

Турдыгүл жиңишкеден келген, қой көзли қыз еди. Оның көбинесе күлим қағып туратуғын көзлеринде белгисиз бир ашыныўдың изи ойнады. Қайтып мурындық апасына қарай алмай, басындағы түрмениң қызыл сағымы қызартқан жүзин төмен алды.

— Апаң неге келмейди?—деди Жумагүл, оның қапа түрин көрсе де, өзин берк тутып, жайдары даўыс пенен.

—Апам хабар алып қайт деп жиберип еди. Ҳәм өзим де кеңеспекши едим...

«Ҳалымның жаманлығын айтқан менен қолынан не келеди. Буларды да қабартпай-ақ қояйын» деген ой менен:

— Апаңа айтып бара ғой, әнейдей болып жүриппен. Енем елеберин жөнлесип кетер,—деди Жумагүл.

— Еле берин жөнлесип, усы ўақытқа шекем жиллимедим-ә?—деп Гүлбийке сөйлениўи менен кирип, өзиниң турпатындай гидиман бир суў қабақты есик бетке қойды.—Әй, қыз, не жумысың бар бизиң үйде! Мурындық қызым деп апаң бир келеди, мине өзиң келипсең. Көзиңизден бир-бир ушып баратырса, үйиңизге апарың. Мен жерип отырғаным жоқ. Машыншы әкеңе айтып, көзлеринди ойдырайын ба, со!

Қыз есиктен сыптырылып шығып кетти.

— Мына қабақты гөне төлеге еккенде ғайбана келинге кийет етип еккен едим,—деп кемпир суў қабақтың аўзын ашыў ушын орақ алды.— Шанағына бәрҳа тезек салып турғанман. Қудай тилегимди қабыл етип тайнапыр болып өсипти. Суўы бир күнге жетеди. Бүгиннен баслап суўға барасаң. Жолда табаның былай-былай қыйсайса болды, жақсылық күтпейсең.

Қәйинененин буйрығы буйрық. Қайтарыўға я дүзетиўге болмайды. Соның ушын да бул тапсырма Жумагүлдиң кеўлине аўыр келмеди. Қайтама шамалға шықпай сарғайып бөздей бол-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ған жүзинде қандайда бир үмит ушқыны туўды.. Ен болмаса суўға барғанда аўылдағы қыз-келиншеклер менен танысып, аўлағында қатар қурбылары менен күлисип алады ғой! Бәлким анасынан хабар еситер!..

Кегейли Турымбеттиң үйинен әдеўир алыс еди. Иши-сырты еле кеппеген гидиман қабақты арқалап, Жумагүл биринши рет үйден алысыраққа бет алды. Қуяш аўыўға мейил берип, тас төбеден сәл еңкейген еди. Ол далаға шыққан мәҳәлде тап ўәделесип қойғандай, ҳалақасын сүйретилдирип бир қоңсысының ҳаялы суўға шықты.

— Келин бала, тоқта!—деди ол назлы. —Бирге жүрейик!

Көптен берли киси менен сөйлесип көрмеген адам ушын, ең болмаса суўға барғанша жолдас болып, орсақы айтысып кеўил көтериў не деген қуўаныш! Оның үстине таза түскен келиншек абысынларына қарамаса және болмайды. Иркилди. Соңда да изинен қорқып артына бурылып еди, енеси есиктен мисли тасбақа болып басын шығарып тур екен. Буның бир ҳаялды күткенин көрип басын ишке тартып алды.

— Сәлем, шеше!—деди Жумагүл жақынлаған ҳаялға.

— Көп жаса, келин,—деди де ҳалақалы ҳаял қабағын жерге қойды.—Бизиң қабаққа қарап тур. Мынаў үйдеги бийкешти суўға ертип шығайын.

Жумагүл өз қабағын ийninен түсирмей, сол абысынының қабағы қасында қаққан қазықтай силейиўи менен қалды. Әтирапы тым-тырыс. Айналада адам жоқ екенин сезип, аўылдың қандай тақылетте орналасқанын билгиси келип, жән-жағына қарамақшы болды. Дәслеп үйине көз жиберди. Жекке. Үйдиң алды тегислик, арты гөне сай, иши көк шөплик. Сай менен тамның арасында дүмпешик бар, бул гөне төле еди, суў қабақтың пәлеклери көринип, киширеклери биреў арнаўлы отырғызғандай ағарып көринеди. Ҳалақалы ҳаял кирип кеткен үйге қарады: Бир жөн басқурлары тоза баслаған үй. Гөне сай Кегейли беттен шығып, сол үйдиң арты менен өтеди екен. Сайға жүўерин егилипти. ол тегис балық көз болыпты. «деген менен бардамлы жер болса керек» деп ишинен түйинди. Бирақ бундай үйлер көп емес. Көпшилиги өзиниң үйи менен ғана барабар. Шыпта үзикли, қара үйлер. Гейпараларының үзиклериниң бир жағы кийизден болса, бир жағы шыпта, базылары жамаўлы кийиз. Бирақ жаңағы ҳаял кирген үйден саўлатлы үй күн батар беттеги шетте. Оның әтирапында қазық та көп. «Қонағы көп жер екен» деп, есине әлле қандай қыял келтирди. Ҳәзирдиң өзинде еки ат пенен бир ешек байлаўлы. Берги қапталында ерик бағы дөңип тур. Келген күнлери енесиниң мақтанып, ерик әкелгени усы бағ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул Дүйсенбайға дәрек гой! ... Күн шығарда, сәл бөлегирек бир шоқ бар. Олар жүдә тығыз қонысласқан. Үйлердиң де, тамлардың да бир-биринен артық кемлиги жоқтай, бәри бир жөн еди. Бул қайсы урыўдың үйлери екен? ... Маған оларды ҳәзир билиўдиң не кереги бар?» деген қыял менен, бул ойын умытқанша асығып, жолдас абысынының тезирек шығыўын күтти. Жуўғарада шыға қоймады. Бул жерде турып аяғы да талды. Нәп-нәҳән жас қабақтың жиңишке баўы ийиниц де қыйып баратыр. Жап-жас келиншек ушын бос қабақты жерге қойыў да уят. Кете бериўге кисиниң қабағына мал-пал сүйкенип сынып қала ма деп тартынады. Изинен даўыслап шақырыў да өлим. Биреў болмаса, биреў көшеде шаўлаған қандай бийәдеп келин деп, кейинетуғыны да даўсыз. Оның үстине үйге тезирек қайтып, —уршық толы жипти ери келгенше келеплеп таслаў керек. Болмаса кемпир Турымбетке және жаманлайды.

Ҳалақалы ҳаял әллен ўақытта бир жас қызды изине ертип шықты.

—Яша, кишеме қабақ толтыртамыз—деди қыз Жумагүлди көриўден.

Қыздың сөзине Жумагүл мыйығынан күлип қойды. ·

Үшеў болып суўатқа қарай жолға түсип еди, шетирек үйлерден суўға шыққан еки келиншек көринди.

Булар өз-ара дәлкеклесип киятыр. Жумагүл көп сөйлемеди. Дыққаты тек мынаў ҳалақалы ҳаялдың айтқанларында.

—Кеше «большой» баланың үйинде мәйлис болған екен, тек бизиң аўылма десем, қәйерде жерсиз адам болса, бәрине жер берилe береди деп сөз болыпты. Бурын о баланың сөзине адамлар исенбейтуғын еди, өзи де тап ертектей қылып айтады гәпин, ҳақыйқатында да ырасын айтып жүрме деймен.

— «Большой» деген ким, шеше?—деди Жумагүл.

— Айтбай бала ше.

Жумагүл бунысыз да Айтбайдың ким екенлигин кимнен сорарын билмей жүр еди, «большой» деген сөз туўралы халық аўзынан еситкенине қарап, мәрдикардан келген жигит екен деп ойлады.

— Енди ол оқыўға адам алады дегенди таўыпты. Бунысын ҳәмме әнтек көрип жүр.

Бул ҳаял бундай әңгимелерди не ушын айтып киятыр. Жумагүл түсинбеди; бирақ көкрегинде әлле қандай түйин қалып қойғандай, ал жутына алмайды, жөтеле алмайды, жөн-жосағын сорай алмады.

Кегейлиниң суўы гүзге қарап тартылғанлықтан, сыўат ығырақта еди. Күн өткен сайын суўалмадан суў алыўда қыйынласыпты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қәдди жүдә төменде. Ҳаяллардың қабақ толтыратуғын жери әри тик, әри тайғақ. Суў бүгин кешегиден де төмен түскен.

—Ал келин, ҳәмелиңди ала ғой,—деди ҳалақалы ҳаял суў бойына келген соң.

Жумагүл оларға қарсы ҳеш нәрсе демей шәңгил қабағын алып, аяғын ғаз-ғаз басыўы менен еплеп суўатқа түсти. Алды менен жаңағы ҳаялдын қабағын толтырып шығарды. Кейининен анаў қыздын қабағы толтырылды. Гезек өзиникине қарағанда, соңғы еки ҳаял жетип келмесин бе, олар да қабақларының баўын Жумагүлге услатып, ыраштың басында сәррийисип, таза келинге миллет етип турып алды. Гезек пенен олардикин де толтырды. Енди өзиникин ала берейин дегенде песин мезгили болғанлықтан ба, суўшы ҳаяллар көбейип кетти. Биреўи кетсе екиншиси келеди... Төртиншиси... оныншысы.... Тап бәри қасақана келип атырғандай, изи үзилмейди. Жумагүл ақыр соңы шаршады. Ендиги келгенлерин көрмегенсип, өзиникин толтырмақшы болғанда және бир ҳаял келип:

— Ҳай келин!—деди пәтли.—Майда темеки көзиңе аз көрине ме?—деген. Басқалардан бизди пәс көрдиңбе, қабағымды толтырмай неге өрлеп киятырсаң? !

Илажсыздан оның қабағын да қолына алды. Сирә кейини болмай кетти. Намазлыгер қылтыйып киятырғанда, зәрре үзилиспе болып еди; өрли-ғурлы өз қабағын толтырып, суўаттан сыртқа шықты. Бағанағы бос ўақтындағы ийнинин қыйыў қыйыў ма, суўға толы зилдей жүк енди минди. Ыраштан төмен түсип сыртқы қәндектеги жолды кесе өтетуғын жерде қабақтың баўын ийнинен сәл жылыстырыңқырап көтермекши болып, артына шайқалыңқырап, белин қайқайтқан мәҳәлде, алдындағы жолдан кесе өтпекши болып киятырған шөгирмели еки ешеклини көзи шалып кетти! «Кесип өтсем әдепсизлик болар!» —деди де, көз ушында киятырған ғаррылардың өтиўин күтип иркилип қалды...

* * *

Турымбет әллеқайдан келе сала чай ишиўге қумарланып еди, ҳеш жерден суў таппады. Кемпири болса улыңа бурынғыдай жалбырақламақ түўе хабарласпады да. Турымбет әри-бери шыдап үнсиз жатты. Арадағы тынышлық көпке созылмады.

— Келмей атырып аўзыңа шөп өлшеттиң!—деди кемпир жоқ жерден шаң шығарып.

Турымбет буған түсинбеди..

— Неге?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Песинде кетип еди, еле жоқ.Суў таппай намазлыгерди тәйемби қылып оқыдым.

Жигиттиң ашыўы мурнына шығып, тер тамшылары атлығып кетти. Далаға да шықпады. Суўық демин алды да, не билгени ишинде, түнерип отыра берди.

Намазшам қылтыйғанда барып, маңлайынан тери тамшылаўы менен Жумагүл үйге кирип, қабақты жерге зорға қойғаны мәттал, жаўырнына дигирманның тартқышы сарт ете қалды... Үсти-үстине дөнген тартқыш Жумагүлди қырға шыққан балықтай таўландырды, бултаңлатты. «Ҳеш нәрсени түсинбейтуғын қандай ҳәўлирме? Кешигейин деп кешиктим бе? Дәстүр. Суўға барған ҳаяллардың қабағын толтырмасаң журт масқара қылса! Жолдан өтип киятырған адамның алдынан кесип өтсе, «Қара жол қатын» деп жолаўшылар ғарғаса! Елге жараныў ма, ерге жараныў ма? ...» Сартылдаған таяқ астында жатсада Жумагүлдиң ерни тастай, қысыўлы. Таяқ зарпынан басы meң-зең. Ерине қарсы сөйлейин десе, ол-пири! Аналық кемпир де усылай кеңес берген жоқпа? !

Әйтен моллаға басын байлағанда да азап шегетуғыны сөзсиз еди. Бардамлы жерге келиншек болған қайсы кәмбағалдың қызының маңлайы жети қарыс ашылды? Күң орнында. Теңин таппағанына көз жаслары сел-сел. Буған оның көзи жеткен жоқ па? Турымбетке ерки менен қосылғанда бундай боламан деп ойлап па сорлы! Еркименен қосылды, еркименен! Таңлаған да жоқ. Анасы мал сорамады. Өзиндей жарлының баласы еди ғой! Усындай ҳәдийсеге ушырайтуғыны жети уйықлағанда түсине кирсе екен-аў! «Ҳеш ўақытта ериңниң бетине қарап сөйлеме» деген Аналық кемпирдиң нәсияты және бөгет. Не қылыў керек, не?!

Олай-булай бурраңлап таўланыўда еле. Турымбеттиң қолындағы тартқыш орнына қойылмай, оның жаўырнына да, қабырғасына да үсти-үстине дөниўде. Жумагүл бәрине шыдап ыңырсып атыр... Бирақ таяқ зарпы оның даўысын шығарып, ерине қарсылық билдириўге мәжбүрлемей қоймады. Жумагүл керегеге асылып орнынан турып;

— Тарт қолыңды!—деди зәҳәрли.

Жумагүлди бүйтип сөйлейди деген пикир ойына келмесе керек; Турымбет селк етип, қолындағы тартқышын түсирип алды. Отырарын, қайтып тартқышты аларын билмей, аяқ астында буратылып жатырған Жумагүлге көз тигиўи менен сәррийди.

— Еле аўзының сарысы кетпеген найсап екениңди билмеген едим. Ойланыўды, кисини баҳалаўды билмейтуғын қандай жансаң?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жумагүлдиң ашыўлы Турымбеттиң салысын суўға кетирип, сескендирди. Ол қайта қайта аўзын сыйпай берди, тез-тез түкиринди. Келини менен баласын арашаламай далада жүрген кемпир Жумагүлдиң зәҳәрли сөзин еситип жуўырып-ақ кирди.

—Қандай бийәдеп ийтсең, қатын!—деп болып, Турымбетке жин көзленип жекиринди.—Әй, жаман, шаппаттай қатынға бетиңнен алдырып қазықтай қақайып не қылып турсаң!...

## 12

Нурым келип кеткели ишине шеребе қуйылғанын бай ҳеш кимге билдирмеди. Не билгени ишинде. Жүрек-баўырына от салып, ишти ашытқан зәрде оны бийзар қылып, аздырып-та жиберди.

«Қайғы менен шашым ағарып кеткен жоқ па» деп аўлағында айнаға қарап, шашына илаж ете алмай, ақ муртларын искек пенен жулып, әри-бери ойланады, бирақ узақ ойдан ҳеш бир жуўмақ шығара алмайды. Бир жерде отырып, жер шуқыланып ойлана бергенликтен кеш болмай, күнлер қанша ақырын өтсе де қайғы-ҳәсирет пенен ол күнлердиң есабынан да жаңылысты. Гүз киргенине әдеўир ўақыт болды. Ағашлардың, гүлләп көк шөплердиң жапырақлары түсип атырғаны қашшан. Бай бул көринисти сезбегендей болып жүрген менен шырайы усы гүзги жапырақтай солып сарғайып баратыр. Егер, бүгин ярым ақшамда келген жекке атлы төсегинен турғызбағанда, Нурымға берип қалған ўәдесин де естен шығарған еди.

Бул атлы Тәжим мурттың өзи еди. Бай далаға шығып оның ашыўлы кейпин аңлағанда, дизесинен мәдер кетип жығыла жазлады.

— Ҳәзир, ҳәзир. Аттан түспейсең бе? Усы оңбаған жалаң аяқларға жеримизди талан-тараж ете беремиз бе, бир нәрсе түсиндиресеңе!.. —деп бай өзиниң гүллән ақыл-ҳушын Тәжим мурттан излегендей дәлбирep жүрип сөйлеңди.

— Бизиң соның гамы. Ақсақалыңның үйине неге жәрдем бермейсең? Оннан пайда көп, түсин! Қәне асығыспан, бир сыйырыңды айдап шық!

Ол албырағанынан не қыларын билмей; қорасының өрнегине байланған жипти шешиўге де асығып, үзип жиберди де, бир сыйырды айдап шығып Тәжим мурттың алдына салды.

— Буның менен ис питпейди! —деди Тәжим жеделлип.—Ҳәзир Әўлийе терекке өзиң жеткерип бересең! Ал, нөкериңди тез таярлаўдың гамын же!

Тәжим мурт зеңгиге ширенип атына қамшы урды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

...Түни менен тынбай, қаранғыда сүрмелеклеиип пияда мал айдап жүрип, шаршаған адам таңның алдына сүйретилип үйине келген соң уйқы оны темир қурсаўға салып, сәскеге шекем қойнынан шығарған жоқ. Ояныл, уйқым қанды-аў деп кыялына келтирген менен басы мең-зең болғанын қоймады. Бир чайник көк чай ишип қайтадан жатты. Тағы алағадалыққа түскен басы гүўилдеп уйқылай алмайды.

Ол ушын мал берип барлық уўайымнан қутылыў қыйын емес сыяқлы сезилетуғын еди. Аўыры адам бериў тапсырмасы болып тур. Буны ол қалай орынлайды? Ел ишине алағадалық түсип турған заманда айтқанына ким жүреди?...

Байдың минези қалай өзгерди; өзине қандай қатнас жасап жүр; Турымбет бул туўралы ойланып көрсе! Егер оның ашыўлы отырғанын билсе, кирмей-ақ тамақ писирилетуғын үйден ғырра қайтып кете береди; ал бай оның келгенин сезип қалып шақыра қойса, ҳәмме нәрсени умытып; алдына барып жалбырақлап байдың атына от салады, жем береди, я мал қорасын тазалайды.

Мине бир ярым ҳәптеден асты. Ол қайта-қайта келсе де, байдың үстине кире алмайды. Бийбиден оның қандай жағдайда екенин сораса, ол:

— Билмеймен, жаўатуғын булыттай түнерип отыр—дейди тек.

Турымбет бүгин де Бийбиниң үйреншикли жуўабы менен кетип баратыр еди, оның аяқ дүрсилдисине үйренип танып қалған бай шақырып алды.

— Неге келмей кетип баратырсаң?

— Кетежақ емес едим-аў...

— Мен бар ғой, Турымбет,—деди бай қапталына отырғызып —инансаң егер, сенсиз отыра алмайтуғын болдым. Орта жасқа барған соң кисиниң жүреги жақын адамды күсейди де турады екен. Қысқасын айтқанда, маған не болған, ҳә?!

Турымбет жуўап бере алмады. Бирақ кеўили қуўанышқа берилип мыржыйып күлди.

— Ҳайранман! Периштелер саған бағ-дәўлет бережақпа, түсиме ене бересең. Кеше түсимде бир кәрамат көрдим. Сени изиме ертип, бийик таўдың басына шығып баратыр екенмен... Мен соған қарап екеўимиз де бахытлы боламыз, журттан бийик мәртебеге ериседи екенбиз деп ойладым. Сонда Төребай да ерип, жүрежақ болды, ал мен оны қалдырып, сени ертип кеттим. Әстаўпыралла, өзиңе бахыт қарай жақ-аў бәле! Абайлы бол, иним, түс деген шәмшил болады, буны кисиге айтып жүрме!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Яқшы, аға. Бизиң апам да түсинде сизиң менен мениң бир атқа мингесип баратырғанымызды көрипти.

— Әне, әне! Сениң анаң Гүлбийке де қуры -алақан адам емес, ақыры.

Байдың уўайымы бираз жеңилленгендей, тулғасын қаңбақтай сезип, бойын тиклеп керилди. «Буннан артық исенимли ким бар? Жоқ»... Бир неше күн ойланып, қайта-қайта сынап, Турымбеттиң ишки дүньясын, тәбиятын толық билетуғын усап еди. Сонда да гүманлана береди... Енди ол бурынғы базы бир гүманларын биротала кейин шегиндирди.

— Ҳәзир оқыў деген бир нәрсе шығып жүр,—деп бай алақаны менен аўзын сыпырды.

— Аўа, Айтбай большойдың аўзында сондай ызымсызым гәп бар көринеди.

— Әй, иним, иним — деди бай басын шайқап. — Адам болар Адам узаққа көз жибереди. Ал мен сеннен оны көрмей жүрмен...

Турымбет «неге» деп сорайжақ болып еди, өзин-өзи зорға иркип қалды. Бай ҳәр сөзин тап сатып отырғандай салмақлы етип асықпастан сөйлей баслады.

— ...Қысқасын айтқанда, бир жигиттиң арқасында қырық жигит атқа минеди деген. Мениң өзим де усы ўақытқа шекем усыны елестирмейтуғын едим. Ҳәзир билип жүрмен, сени айыплайтуғын орным жоқ, бирақ мениң айтқаным саған сабақ болыўы керек. Көре-көре көсем боласаң, сөйлей-сөйлей шешен боласаң деген. Биз көп жасадық, көп көрдик. Ҳәзир заманның бағыты бузылып баратыр. Абайла, қосшым,—деп бай сақлық етти. —Әлемди усылай болып кете береди екен деп ойлап жүрме. Қуда қәлесе ҳеш гәп болмайды. Себеби кәлийма шадәтқа тили келген мусылман бундай гүналы иске жол қоймайды, қоймаўы дакерек! Бизлердиң жас жигитлик гезимизде аўылдағы молла-ийшанлар ҳаял адам еркектиң бетинен алса ақырзаман болғаны дейтуғын еди. Бир есаптан солжақынлап киятыр да ямаса биреўлердиң көзине қан толып, әжелине асығып жүр, сен адам болатуғын жигитсең, усыларға түсиниўиң керек...—Бай сөзин тоқтатты. Жигит гәптиң астарында не жатырғанын да сезбеди.

— Сен бир сөзлисең, —деп бай Турымбеттиң жаўырынан қақты.—Оны күтә жақсы билемен. «Ер сөзинен, шер изине қайтпайды». Кимде-ким болса да жаўды қайтарып, мусылманның тынышлығын, исламның үстемлигин гөзлеўге урыныўы керек. Күтә ақыллы адамлар усылай ислейди.

— Қуда қәлесе, соны ойлап жүрген шығармыз аға,—деди Турымбет әңгимениң неге келип тықсырылатуғынына түсинбей.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Қысқасын айтқанда, бир нәрсени елестирмей жүрген болыўың керек деп шамалайман.

— Нени?

— Ҳәзир жерлерди алып атыр ғой. Оннан ҳеш нәрсе шықпайды. Бәри-бир жердиң ҳәкими өзимиз. Бизиң жоқары жақтан қолымыз бар... Айтпақшы, сен ҳаялыңды урыпсаң ғой?

— Аўа урдым, қалай билдиңиз?

— Елдиң бәри Турымбет ҳаялын урған екен, ол бетиңен алыпты, енесине қарсы сөйлейтуғын болыпты десип жүр. Бул жақсы әдет емес. Қысқасын айтқанда, қарақалпақтың бири өзимиз-ғой. Қарақалпақта қатынның бетине күле қарадың не, шалғайыңа жамаў тилеттиң не. Қолыңнан келсе үнин шығармаўың керек. Қыз, жигитлерди оқыўға әкетеди-мис деген гәпти еситип мурнына шамал енип жүрген шығар. Абайлы бол, анаў есн жоқ Айтбай большойдың гәпине ерип халықтың алдында жүзиңди төмен қаратпасын.

— Онда не қылыў керек?

—Балалық етип бирден қызатуғынына қара. Суўық қанлы, сабырлы бол. Үйге бара сала ҳаялыңды тергестирип жүрме. Жабайы шөпти тамыр баспай турып жулып тасласаң, егин қандай таза болады. Айтбайдың сөзине адам инанбайтуғын болып киятыр еди, жақыннан бери және жанланыў бар сыяқлы. Сол ушын Айтбайдың сырт пенен қатнасын үзиўимиз зәрүр. Өзи аўылда шыр-пыр болып жүрип, өлеси кемпир-ғаррысын таслап кете алмай ақ сап болады. Минекей, сол ушын оқыўға адам жыйнаймыз деп жүргенлерди Нөкис, Саманбай, Ақ терек жағысларынан берман өткермесең исиң раўаж. Әдеп сол жағына бек болыў керек. Олар бәҳәрден баслап Төрткүл беттен адам жыйнайтуғын күсайды. Соларды бул жаққа келеди, деген сөз бар.

— Мениң соларға қарсы барыўым керек ғой, шамасы.

— Ҳе, ҳе, әне, жаңа түсиндиң. Кем-кем ақылың артып киятыр-аў өзи!

—Сизге бурыннан айтып жүрмен, аға, сиз, не десеңиз биз мақул деймиз, сизиң сөзиңиз сынғанша душпанның мойны сынсын!

— Басшы болар жигит бес жасынан-ақ белгили. Қысқасын айтқанда, ҳақыйқат ел басқара алатуғын, оданбасылыққа қолай жигитсең дә, әттең заман қайшы келип тур. Бул заманды қәлеген жағына айналдырып, түбелегин түсириў сендей жигиттиң қолынан келеди. Ленин деген орысты журт кудайдың жерге жиберген пайғамбары, пүткил әлемди сораў оған миясар болыптымыс деп жүрер еди, бийкар екен. Оның өзин кудай



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғарғапты. Мусылманнын динин бузаман дегени ушын биреўлер атып, кеселге шатылыпты. Оның ҳәр жаққа жиберген адамларын да дәўдей-дәўдей десетугын еди. Тазғарада қырғын еткен Шайдаков дегени өзимиздей адам екен ғой. Тек өзимиздиң жигитлердиң жаманлығынан ол мақсетине жетип кетти. Қос бузылмай дүзелмейди. Ҳәзир күшлер қайта биригип атыр. Адам баласы қәтелеспей тура ма, қам сүт емген бендемиз ғой. Сол ушын барлық қәтеликтен жуўмақ шығарамыз. Ҳәзирше оқыў дегенлердиң көзин ғарға шоқыўы тийис... Буған қосыласаң ғой-ә?

— Қосылмай неси бар?! -Турымбет орнынан турып кете жазлап, бир көтерилип басылды. -Тек жағдай сөзи менен бир топ жаўды алдап қайтарған. Өмирбекти журт аўзынан еле түсирмейди. Ал бизиң заманымыздағы динин сатқанларды жоқ еткен адамның атын халық көкирегине алтын сыя менен жазар деп ойлайман.

— Әне ақыл!-әне ой!-деп ол Турымбеттиң Өмирбек лаққы туўралы айта беретуғын әңгимесин талай еситсе де, кеўилин алыў ушын тағы сөйлете бергенди мақул көрди.

— Бир күни Өмирбек лаққы арқаланып кетип баратырса жолда алты-жети баспашыларды ушыратыпты. Өмирбек лаққыны көре сала «Мына жол қайда барады?» деп сораған екен. лаққы турып: «бул жол ҳеш жаққа бармайды, усы жерде көп жылдан берли жатыр» депти. Олардың басшысы лаққының шебекей сөзине ашыўланып· «шап» деген екен. Өмирбек лаққы «шапсаңызлар шабыңлар, аўылға тез барасыз» депти. Сонда олардың арасынан биреўи жолдасларына: «Утылдық, жигитлер, қарақалпақта Өмирбек лаққы деген бар дейтуғын еди. Мынаның сөзи соған усайды, қайтайық» деп ғырра излерине айналыпты.

Байдың күлкиси қаншама қатты ҳәм тез шақалақ атқаны сыяқлы суў куйылған оттай тез тынды. Сөйтип Турымбеттиң жаўырынынан және қақты. Жигит байды жорта күлип отыр деп гүман етпеди.

— Әне, бай аға, сөйтип Өмирбек елге қиятырған жаўды кейин қайтарған. Сол ушын оны журт умытпайды. Ал ул-қызын дининен айырыў ушын шыққан кәпирлерди қайтарған адамның аты умытыла ма сирә?!

— Тилиңнен, ойыңнан, жүрегиңнен сениң! Бирақ ҳәзирше сен бул туўралы кисиге сыр берип жүрме. Бәрин астыртын ислеўге тырысып бақ.

— Әлбетте, өйтип мен жиллимен бе?

Дүйсенбай оны ашыўландырып алмайын деген ой менен арқасынан және қақты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қысқасын айтқанда, жасы кишини пәсиятлаў, жас үлкенге парызлы истей болып кетеди екен. Сол ушын айтып отырман. Болмаса ақылын анық толыпты. Ал, қосшым, мен сени өзиңдей қосшақ, бирсгей жигитлерге қосаман. Астында қашса жеткермейтуғын, қуўсаң басып өтетуғын яўмыты ат болады.

—Қашан?

Мүддетин айтайын десе және тартынып Турымбеттиң келбетине қарады. Оның қыйық қара көзлери жымынласып, ибадатлы иске асыққан кейпин аңлатып тур еди. Соңлықтан ол дегенин ишине тартып жуўап берди.

— Ўақтын өзим айтаман.

— Бизиң ат сизикинде қалады ғой-ә?

—Әлбетте. Жалғыз атыңды минип аздырыўға болама?—Турымбет үйине кеткеннен кейин Дүйсенбай көпшикке шалқая бас қойып, қолларын айқастыра тарақлап, басының астына салды.

— Бир нөкер сазладым-ә!

## 13.

Тамның төрги иргеси ҳаслан босамас. Жипке дизген шиңгиллик төсектиң дийўал бетки ернегинен баслап иргеге шекем тақыр. Сол жерге асқабақ жыйылып қойылады. Сирә буған Гүлбийке кемпирдиң көзи де тоймайды. Үлкени самардай, киширеги чайнектей ҳәр қыйлы асқабақлар менен палаўқабақлар бәрҳа үйилип жатқаны жатқан. Кемпирдиң күни менен ислерге-иси болмағанлықтан ба, айналдырғаны усылар. Олақ ҳаял тиккен қурақ көрпешедей етип, ири майдалығына қарап ҳәм қызыл, сары, қара, мәллесин таңлап, әтирин келтирип, текшелейди. Олардың арасында шет-шебирин бир нәрсе кемирип таслағанлары да табылады. Булардың ҳәммесин гүздиң күни ҳәр кимниң атызынан атызына жүрип жыйнағанлықтан ба, ишиндеги суўыққа тоның мыжымырланғанына шекем Гүлбийке кемпирге әширепи. Жумагүл жалынса да өзлигинен биреўин ҳаслан писирип бермес.

Жумагүл соңғы рет урысқанында ашыў менен өзин ашқа таслап еди, кемпир оны аяды ма, я қудайдан қорықты ма, әўесек деп кишкене бир палаўқабақты қазанға аспастан ыссы күлге писирип берди.

Сол сол екен, қайтып дәм таттырмады. Қалғанларын күн сайын бир сыйпап, орынларын аўмастырып қайтадан жыйнайды. Кесек печьке көп от жағылып, күл топланса, киширеги өзи отқа көмип жеп отыра береди. Оны баласы да елестирмес. Келин түсиргели аса зықна болып кеткенликтен бе, быйылғы гүзде жый-



www.ziyouz.com kutubxonasi

налған асқабақлары тап тоқсанның ортасына шекем ада болмады.

Улының бийпайдалығы себепли үйден чай пулы табылмайды. Сонлықтан ендиги қалғанларын сатыўдан басқа илажы жоқ. Илгери бир сапары базарға апарғанында өткере алмай қайтқан еди, ертең азанда күнниң оғыры суўық болатуғын түри бар. Ысқырған даўыл қапыны ашсаң ошақтың аўзындағы күлди де шыйратылдырып кетеди. Бундай суўықта жабанлылардың көбиси қалаға бара алмайды, мүмкин асқабақларым өз қардарын тез табар деп, кемпир ертеңине азанда қалаға жолланды. Оны Жумагүл жөнелтип, үйге кириўден Турымбет кийине сала бағдары белгисиз бир жаққа кетти.

Жумагүлдиң де күтетуғыны көбинесе бүгингидей жеккелик. Бираз еркин отырып дем алады. Кериледи, ишки кийимлерин ошаққа ысытып қағып алады. Шиңгирик төсектиң үстин бир қатара сыпырып болып, ошаққа азмаз ақпас салып лаўлатып жағып атыр еди, есикти әстен ашып Турдыгүл кирди.

— Жумагүл апа, кемпириңниң базарға баратырғанын көрип киятырман.

— Келеғой айнанайын, келеғой. Атам, енем саў ма?

— Саў.

Қазанның қақпағындай ғана дөңгелек қара кийиз қуўысқа бәрқулла төсеўли жататуғын еди, қыз сораўсыз-ақ соның үстине шығып отырды ҳәм асығыслығын аңлатты.

— Жумагүл апа, саған ойласыўға келдим.

— Жүдә жақсы, қарағым, отыр, чай ишейик, үйде екеўмизден басқа адам болмайды.

Жумагүл ошақтың басын тазалады, шиңгирик төсегиниң үстинен бир қатара сипсе жүргизди. Соң отқа қуман қойды.

— Енди айта бер, қарағым.

— Мени үйдиң иши зорлап Жаңа базар бетте бир ғарры ийшанға берейин деп атыр.

— Ағаң, апаң не дейди?

— Ағам ғой, барлық бәлени таўып жүрген.

Жумагүл оң қолының алақанын маңлайына, шығанағын кесек печтиң қазанлығының үстине тиреп, жүресинде отырған кейпинде көзлерин перделеди... Турдыгүл Тәңирберген машыншының жалғыз қызы еди. Өзинен басқа онда аға да, ини де жоқ. Жумагүл олардың үйине мурындық қыз болғанлықтан усы жағдайларды сорап билген еди, сонлықтан Турдыгүлдиң ойласпаға келгенин айыпқа санамады; оған ақыл бере алса!

— Қарағым, еркекке қарсы турыў — әўлийеге кесек атқан менен барабар...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Еки нашар биразға шекем сарсылысып, белгили жуўмаққа келе алмады. Әри-бериден соң Жумагүл ашылысты.

— Сүйген биреўиң бар ма еди?

Турдыгүлдиң гүлшедей жүзлери басындағы түрмесиндей қызарып, басылды.

— Бар болған менен биразлар оны есер деседи.

— Есер болғанда ким?

—Айтбай «большой» деген жигит.

— «Большойы» неси, есерлиги неден ибарат?

— Ол мәрдикарда болып келип еди. Үйинде өлеси кемпир-ғарры бар. Екеўи де далаға шығып келе алмайды. Өзлери кәмбағал. Айтбай бийшара солардың алдында от жағады, тамақ писиреди. Қолы босаса қоңсы-қобаларын жыйнап, жаңа патша туўралы сөйлеседи. Ол сөйлесе, Жумагүл апа, көзиңди жумып отыра бересең. Бейишти жердиң үстине қондырып қоя қояды. Соған исенеримди де, исенбесимди де билмеймен. Адамлардың ойламағанын табады. «Жаңа патша ким? Ески патшаны ким тақтан түсирди» десең. «Ленин деген киси» дейди...

— Сирә, оның айтқанларынан иске асқаны болды ма?

— Неткен-ә! Айтпақшы, ол таза патшаның пәрманы менен жарлыларға жер бөлистирилип бериледи деп жүр еди, өткен гүзде жер өлшеспе болып, өзи белсендилик етти.

— Бунысы нан писпейтуғын саўда ғой. Өзлери еге алмаған соң байлар жерди не қылсын. Бай бизиң үйге оннан бурын-ақ еки атыз жер берди.—Ол Турдыгүлдиң үмитсизленген бет-әлшерин көрип отырса да, қәйтип жубатардың есабын таппады, тек ҳәммеге белгили кеңести айтты.—Көпке ойлас, өз билдигиңе бар деген. Кәмбағалға тийсен ғана маңлайың жети қарыс ашылады екен деп ойламай-ақ қой. Мен де усы үйге келерде сөйдеп келип едим, мине бир жағында барсызлар ғой... Кисиниң әзелден бахыты болсын. Маңлайға жазылғанына бәра береди екен. Адамды қудайдың өзи жупты менен қосып жаратады дейди. Рас гәп болыўы керек. Несибең, қайсысына тартса, қудайдың соның менен жаратқаны. Илажың бар ма? Ол жигитти биреўлердиң неге есер дейтуғынына түсинесең бе?

— Сол маған айтқан келешегин ҳәммеге айта береме деймен сорлы. Ол қызыллар менен усы Тазғараға шекем бирге урысып келип еди, келген соң кемпир-ғаррысының аўҳалын көрип, биротала қалып қойды. Болмаса, орыстың бир оқыўына кетпекши екен. Сөйлессең бәрҳәма келешек бизики дейди. Билмеймен, келешекте не барын. Ел үстинен қараған ақсақал ағаў күни бизикинде түсленип еди, сөз рәмәўзине қарасам, ол да Айтбайды унатпайтуғын қусаған, «есер жигит» деп отырды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— «Есерсоқ болмай ер болмас» деген ол жағынада қараў керек. Ал, кеңти көрген адам сыпшыл болады, бул жағын да әсаплаў керек, бәлким, айтқаны дурыс келер. Сениң көкирегиң сол большойды сүйип қалған соң кеўлиңе ысық көринип жүрген шығар. Бирақ абайла, адам аласы ишинде, мал аласы сыртында деген. Ақсақал сизлердиң араңызда сүйиўшилик барын сезип, өзиңди ҳәм үй-ишиңди оннан бездириў ниетинде айтып жүрген болмасын.

Дийдилеген кеңесин ала алмады ма, ямаса ҳақыйқаттан да асықты ма, Турдыгүл өрре турды.

— Кешир апа, көп отырып қалдым.

Кеўли қабарып келген қызға қандай кеңес бергенин, неде тоқтасқанын Жумагүл биле алмай-ақ ҳайранлықта отырып қала берди. Бирақ неге екени белгисиз, сол қыз көкирегине ғулғула салып кеткен тәризленди.

Сол келгениниң соңы екен. Турдыгүлдиң бул үйге келиўи пышақ кескендей тыйылды. Оның себебин Жумагүл биле алмай жүр еди, бир жола суўға баратырып жолда ушырасқанында:

—Ағам маған далаға шығыўды да қадаған етти,—деди Турдыгүлдиң өзи. Жумагүлдиң көп нәрсени билгиси келер еди. Кимнен? Оны билмес.

Ол биринши мәртебе келиншек болып түскенде бирге ийилген, беташарда бирге еңкейген қос келиншектиң биреўи Бағдагүл деген келиншек еди. Мине усы келиншек пенен ғана ара-тура ушырасады, бирақ оған исенбей ме, ямаса оның жәрдем бере алмайтуғынлығын биле ме,ишки сырларын өләмата сыртқа шығара бермейди. Ҳәрўақ-ҳәрўақ ушырасып жүрип-ақ Бағдагүлдиң Дүйсенбайларға жақынлығы барын, ал күйеўи себепли арадағы қатнасықтың үзилип қалғанын билди. Бир- бирине үйрене-се келе Бағдагүл ашылысып, бир жола тек екеўден-екеўи суўға баратырып та, киятырып та жолдас болғанлықтан, басынан өткенлерин сөйлеп берди: Бағдагүлдиң шығысы Маңғыт урыўынан Дүйсенбайға аталас адамның қызы екен. Ата-анасы жас гезинде қазаланып, ол Дүйсенбайдың қолында тәрбияланады ҳәм соның дүзин ишип кәмалға келеди. Ер жеткен соң байдың ықтыярына көнбей ҳәзирги күйеўи Төребай менен қашады да кетеди. Сол-сол екен, бай қатты қәҳәрленип: «Қанә баска казақ пенен кеткени ушын басын шаптырар едим, әттең заман!...» деп тисин қайраған дейди, ал басқа ҳеш нәрсе ислей алмаған, ел болып Төребайды қуўатлаған. Себеби усы аўылда қолы ушы талап етип жүрген оның минезине, кишипейиллигине қарап ҳәмме сыйлайды екен. Ал Бағдагүлге үйленген соң аўыл дийханлары оны бурынғыдан да жақсы көрип, миллет өзгешелигин елести-



www.ziyouz.com kutubxonasi

риў былай турсын, көрген жерде ҳүрметли онынды соған усынады екен. Бағдагүлге үйлениўине себепши болып кимиси дон, кимиси шығарыспақ етип мал әкелип, еки жастын басын косып жибереди. Соннан баслап олар әп-әнелей хожалық болсын керек...

Жумагүл оның үй-ишине барып көрмеген менен айтқанының ҳәммесине инанар еди. Өйткени ол да өзи сыяқлы қурғақ мақтаныўды билмейтуғын келиншек көринеди. Сол себепли бул аўылдың мийирман адамларына Жумагүлдин айрықша сүйиўшилиги артып, ҳәттеки, киши кене балалардың да алдынан кесе өтпейтуғын болып алды. Себеби «еки қанды бириктирип жиберген ел бизлерди де ажыратпас» деп дәмеленеди. Ал, үй ишинде-ошақ басында болып жүрген майда-шүйде гәплерди айтпаға бир ол емес, ҳәммеден де тартынады. «Бәлким, биреўлер Турымбетке жақын шығып жеткерип барар».

Айтбай «большой» жөнинде азын-аўлақ билгиси келеди, бирақ, еркек адам жөнинде биреўден сорай қойыў оғыры нақолай сезиледи.

Жумагүлдин кийимлери де жупыны тартып баратыр. Үстиндеги бөз көйлеги де жамаў-жамаў. Ал, қара гүписинин сыртына, ҳәттеки алашанын жуллығын да жамап, дийўалға ылай жабыстырғандай етип қойыпты. Өйтпейин десе түри жоқ. жамамаўға күн ызғырык. Бар тапқаны басына үйилген. Ол сол турысында суўға да барады, отынға да барады. Жақында ғана оның қолына аркан, балта алып кетип баратырғанын Төребай көрип қалған еди, тек аманбысаң айтып үлгерди. Ол иркилип турмастан «шүкир» деди де қаймығып кете берди...

Төребайдың өзи кисинин ҳаялына тикленип нәзер таслай бериўге уялатуғын жигит еди, ал оның жүрис-турысынан бир нәрсени аңғарып, оған деген аяныўшы қозғалып кетти. Себеби аўыллас болғансоң ол Турымбеттиң минезине де, кемпиринин қылўасына да қанық еди.

— Сен!—деди ол үйине келип ҳаялы Бағдагүлге (Төребай дәстүр бойынша ҳаялдың атын айтпайтуғын еди).—Жумагүл менен сырласып көрдин бе? Ҳал жағдайы қалай екен?

— Кисинин ҳаялы менен мениң не исим бар?—деди Бағдагүл ҳеш нәрсе билмегенсип.

—Жоқ, олай деме, шабазым. Адамның күни адам менен. Адам бийтаныс жерге келгенде, дос излейди. Ашылысып сөйлескиси келеди. Сырласқанды тәўир көреди. Келиншек болып түскенине де көп ўақыт болып қалды. Еле бети ашылмаған. Төменшик, еки көзи төрт болып, я төркиннен хабар билмей, я



www.ziyouz.com kutubxonasi

түскен елатынан тең қурбы таппай, иши дәртке толып жүрген болмасын. Бийшараның шашы түсип қалғанба деп пәмледим.

— Шашын айтып жүрген сен,—деди Бағдагүл ериниң шыны менен сөйлеп отырғанына түсинип.—Шашының түсип қалғаны гүзде еди ғой. Жақында сууға барғанында бирге жолдас болып едик, бийшара кисиге қарай алмай қаймығып, қолын бетине тута береди. «Жүзиңди неге жасырасаң, сәртермисең»—дедим мен оған ашыўланып. Қасымда адам жоқ еди. Мениң сөзиме бийшара даўысының барынша еңиреп қоя берди. Аяп барып, маңлайын сыйпалап жубатпақшы болып, бетине үңилсем, бет аўзы алқараған. Шоршып кеттим. Қарасам мурны жырылып қалыпты.

— Мурнына не қылды?—дедим түсинбей.

— Үйдеги ашыўы менен әребегимди жулып алды,—деди солығын баса алмай.

Төребай ойланып бир гүрсинди:

— Әй, әй оңбаған Турымбет.

— Мурынға әребек салыўды шығарған иймансызды айтсаңа. Хаял түйе ме еди, өйтип?—Бағдагүл өз қайғысын қоса билдирип, мурнындағы жез әребегин қолы менен услап көрди.

Ерли-зайып биразға шекем үндеспеди. Ылашықты бастырған қадалар көмир менен боялғандай қараўытып кеткен еди, Төребай ойланып отырып, жоқары қарады да басын төмен алды.

Жерден өндирип алатуғын олардың баслы егини асқабақ. Олар сол асқабаққа көп итибар берер, бәҳәрге шекем түўесилмес еди. Ҳәзир де қазанның қақпағы көтерилип-басылып, ишиндеги асқабақ жуғыр-жуғыр қайнаўда. Кеспелери езилип кетпесин деп Бағдагүл қазанның қақпағын аша бергени, толық денели домбайлаў, басына төбеси шошақ бир нәрсе кийген, қара торы жигит кирип келди.

— Кел, қурдас,—деди Бағдагүл келген жигитке иззет көрсетип.—Қолыңды жуўып өте ғой. Асқабақ деген атаңның асын тайынлап атырмыз.

Келген Айтбай большой еди.

— Же, демиң санаўсыз болады,—деди Төребай дәлкеклеп.

— Сен усы дем санаў, ийман дегенлерди көп айтасаң, ямаса сүпы болдың ба?—деп Айтбай қолына кеспе алды.—Сен Өмирбек лаққының бир ийшанға айтқанын еле еситпепсең—аў, деп ол ыссы асқабаққа аўзы күйип, қолындағы пуўы бурқыраған сары пәллени үпледи.

— Сондайды сен табасаң,—деди Төребайдың жүзинде күлки ойнап. Ол да қолына бир кеспе алған еди. Бағдагүл асқабақтың



www.ziyouz.com kutubxonasi

суўық, сары сорпасын табаққа қуйып қасына қойды. Бирақ үй иейелериниң тақаты шыдамай Айтбайдың аўзына үңилди.

— Сөйтип, үф-үффф!.. Ийшан Өмирбек лаққыға асқабақ асып берип, сен қусап: «Өмеке, жейбериң, жейбериң, асқабақ жеген адамның деми санаўсыз болады, өлмейсиз» деп, бир айтып ҳәм қоймапты, еки айтып ҳәм қоймапты. Лаққының әбден мазасы кетип, ийшанға «әкеңиз көринбейди, бирге табақлас болар едик» деген екен. Ийшан: «өлип қалғаны қашшан» деп жуўап берипти. Сонда Өмирбек «Сиз әкеңизге асқабақ бермедиңиз бе ақыры» депти-ғой қатырып.

— Уа, ҳа-ҳа! ! !—Төребай асқабақ қолы менен ишин басты.

— Өйбей! Ҳе, ҳе, ҳе, ҳе, ҳе! ! ! —Бағдагүл көзин уўқалады.

— Бағдагүл, мен сеннен бир нәрсе сорайын ба? — деди Айтбай бир аздан кейин.

— Сора, сора. Қыз таптың ба? Жеңгелик етейин бе?

— Қойса, дәлкек етпей, — деп күлди Айтбай. — Мен сеннен Жумагүл жөнинде сорамақшыман. Түбиңиз ҳаял ғой, көрип туратуғын шығарсаң?

— Көрип турмақ қайда. Кемпири үйинен шығармайды. Бара қойсаң келинимди айнытпаға келдиң деп паталайды.

— Бай-бай бала,—деди Айтбай.—Жақында Чимбайдың узақ базарына түсип, Еркинниң бойындағы Өтәмбет палўан деген таныс́ымды көрип едим, ол меннен Жумагүлди сорады.

— Ағалары ма екен?

— Жоқ, аўылласы екен. Жумагүлдиң жалғыз кемпири бар дейди. Сол күтә хорланып жүрсе керек. Аўылының Қутым деген байы жала жаўып, қулағын кестирип, азап берипти. Ҳәзир ҳәр кимге қол жайып тиленшилик пенен күн көрип жүрген қусайды. Қызының «ағаш арасына» кеткенинен хабары болса да, қайсы аўылда екенин билмейди дейди. Қызымды бир көрип өлсем әрмансызбан деп жылағанда етеги жасқа толатуғын қусайды, байғустың. Бизиң жаққа келетуғын биреўлер ертип кетейин десе, «қояғөриң, қызым келип көремен десе келер, болмаса елине мына сықылым менен барып, өзим менен турмай оның да жүзин сарғайтарман» деп жүрипти дейди. Соны Жумагүлге айтсақ па, айтпасақ па екен, ойласыўға келдим.

— Тәғдирдиң не бир қысыўметлери бар-ә?—деп гүрсинди Төребай. —Оңбағыр Турымбет Жумагүлдиң мурнындағы әребегин жулып жырық етипти.

— Ал, буныңыз дурыс, Бийбиниң кемпири де қыдырып келип айтып кеткен екен. Бийби маған, Жумагүлди мениң көриўим қыйын, үйден шығармайды, ол келмейди, сен айт» деп еди. Соны



www.ziyouz.com kutubxonasi

мен де айта алмай журмен. Айтайын десем, ол бийшараның қолынан не келеди. Соны бизлер енди ойласажақ болып атыр едик,—деди Бағдагүл ерные гиклеииицкиреп қарап.

Үшеўи үсти-үстине аўыр суўық дем алып қайғыланды.

— Мениише сол кемпирди әкелиў керек,—деди Айтбай.

— Сениң айтқаныңа келе ме?—Бағдагүл аянышлы сөйледи.

— Күйеў балаң менен қызың жиберди десем қәйтеди.

— Әдеп Турымбетке ойласып алған жөн. Өз анасы қандай болса, өмирлик жолдасының анасы да сондай болыўы тийис. Егер дурыслап айтсақ көнер. Қәйненеси үйинде отырса, бәлким, соннан уялып Жумагүл менен урыспайтуғын болар.

— Қәйненесиниң көзинше урыса берип бәле көрипти пе?

—Бирақ анаў үйиндеги қазықбас кемпир жаманаў,—деди Бағдагүл.

Айтбай бираз шекем ойланып отырды. Ол қызылларға қосылып ақларға қарсы урысқандада, ақ патша қулағаннан кейин де пүткиллей басқаша үмитте еди. Себеби ҳәмме жерде жеңиске еристи. Қызыллар менен аўылына шекем келди. Енди неге мақсетлер тез-тез иске аса бермейди. Шайдаков «тез күнде ҳәмме теңлеседи» деп кеткен еди. Теңлескени қәне, тек жерсизлерге жер алып берип, байлар менен шартнама дүзискени ме? Баяғысы баяғы. Байы да, жарлысы да өз орнында. Болыс, байлар бурынғы қәлпинде. Ақсақал ше? Оның дийханларға сәл-пәл жумсарғаны болмаса, бай адамға еле бас ийип, сөзин сөйлейди... Турымбеттиң өзи қалай болып кеткен? Жер алмайды? Не билгени бар екен өзиниң... Айтбай қанша алағадалыққа түскен менен өз қарабасының ойын ҳеш кимге сездирмеди. Бәлким от қәте ойлайтуғын шығар. Басында писип жетиспеген ойын кисиге айтпаўға қызыллардың қатарында жүргенде үйренген.

— Турымбетке түсинесең бе?—деди Төребай Айтбайдың ойын аңғарғандай.

— Түсинбеймен. Жөнке екен өзи. Неде болса кемпирин алдырайық.

— Ғәрипке қол созғаныңның несин айтасаң. Алдырайық дегениң жөн. Сонда да Турымбетке барып хабарласып көрейик. Егерде жаратпаса сизикинде я бизикинде оңысар, ямаса қосылып күтермиз. Бийшара, қаңғырмасын.

Олар усы келисимге келгеннен соң Айтбай шығып кетти.

— Сен суў-пуўға барғаныңда Жумагүлди көрип ақыллаңдырып, аўылдың жаңалықларын айтып тур,—деди Төребай ҳаялына.

— Оның байы менен онысқандай түри жоқ екен-дә, бирақ



www.ziyouz.com kutubxonasi

қойына бир ҳәмле питип қалыпты. Сол аяғына ораў болар деп жүрме деген ойдаман.

— Ақылландыр, егер олай болса, баласына зыян келип жүрер...

14

Тәжим мурт Дүйсенбайға зеребесин үйирип «адам таўып бересең» деп кетсе де, ушты-күйди өзи көринбей кетти. Оның гуўралы ҳеш кимнен де айтып жибермейди. Бирақ өзи келмесе де Дүйсенбайды және еки сыйырынан айырды. Сол болғаны. Бай әдепки күнлери «адамын табыў ақырзаман, мал менен қуғылып қалсам болғаны» деп жүрсе де, Турымбеттен келисим алғалы малына иши ийт жыртқандай. «Меннен нөкерин алып ҳәр қыйлы алағадалықтан қутқарса болар еди», деп гүрсинеди. Ал, Тәжим мурттын буйрығы менен келген адамнан «нөкерин қашан алады, ямаса қойып кетти ме» деп сорайын десе жүреги гүлкилдейди:

Бәлким мурт оның сырын билиў ушын жиберилип қойған жансыз шығар. Анаў-мынаў деп гәп шашқанын еситсе, сен мени сатпақшы екенсен деп өлтирип кетиўи де мүмкин. Мине ол усыны есине алса, астына төсеген еки қабат көрпешесин шеңгел деп кейин сезбейди.

Сол гүздеги келип кеткеннен соң Тәжим мурт адамын берсин деген жасаўылды келеси жылдын саратанында ғана жиберип отыр. Сирә қой болды болған шығар деп, арқайын жүрген бай түни менен уйқыламай, азанға шекем манаўсырап шықты. Сәске мезгилинде бай бағынан ерик алдырып жеп отыр еди. Турымбеттин шақыртыўсыз-ақ келиўи оны ҳәр қашанғыдан да бетер қуўандырды, қызыл буғағы салынып, шырайына қан жуўырды.

—Әне, қосшым, несибең бар екен, ериктен жаңалық алдырып отырғанымның үстине келдиң. Бирге татысатуғын болдық. Қудайдың өзи шебер, қанымыз-жанымызды кем-кем қосып киятыр —деп бай ҳәр қайсысы муштай-муштай сары ерик толған себетти ортаға тартып Турымбетке усынды. — Қәне же. «Шер изине, ер сөзинен қайтпайды» деген, баяғы өзиң сорап жүрген ўақтын болды. Бир сөзли жигит болсаң, нөкерлик липасты кийип, жолға түсесең. Әўлийе теректе күтемен!

Турымбет былтырғы гүзден бери усы күнди асығыслық пенен күтип, көкиреги алып ушар, шыдамсызлық пенен базда-базда байға өзи ескертетуғын да еди, ал бай оған «асықпа» деп жуўап беретуғын еди.

Асығыслық пенен күткен күниниң келип қалғанына, әкесине



www.ziyouz.com kutubxonasi

дигирманның тасын қойғандай, шырайы қуўарып, аўзына салған еригин шайнай алмай урты томпайды. Бас бармақтың басындай шаңғалақты алып, қалтасына салып манаўсырады. Өмириниң ишинде қолына пышақ услап, мал сойып көрмеген адамға бул тапсырма өрмелемес бийик таў, жүзип шығалмас ушан теңиз болып көринип, салысы суўға кетти.

Гәптиң питетуғыны айтылғансоң бай қайтып сөйлемеди. Себеби абайсыздан Турымбеттиң ҳәзирги кейпине унамайтуғын бир гәп айтып салса, истиң пасырға шаўып кететуғынын сезетуғын еди.

Турымбет көп отыра алмай, жеген жалғыз еригиниң шаңғалағын қолына қысымлаўы менен үйине қайтты. Жақынлаған гезде оған өз үйиде әзирейлидей көринип кетти. Ашыў менен қолындағы шаңғалағын қапталына ылақтырып жиберди.

Ишке кире төсекке аўнақшыды. Бирақ кем-кем кеўли босасып, жүреги әззилеп баратырғандай. Ешейинде анасына да баўыры жибимейтуғын адамда әлле қандай өзгерис болған сыяқлы. Әйтеўир нәрсеге-ақ «ҳаў, апа?» деп жалбырақлайды. Жумагүлге бир түрли қорқыныш пенен қарайды, бирақ хабарласпайды. Анасы перзентиндеги өзгеристи сезбеди. Қазанның, қуманның қақпақларын бирим-бирим ашып көрип кемпир гүбирлейди:

— Келинли болғалы қайта тежестириў менен шаршайман.

Турымбет аўыр ой менен ҳеш нәрсе еситпегендей, басына дастықты еки бүклеп қойып, төрде узынына түсип жатыр. Базда дастығын ыйығы менен сәл жылыстырып, аяқларын айқастырып әлле қайда көз жибереди. Ериниң қандай да бир ой менен бәнт екенине Жумагүл түйинди, бирақ тиллесиўге батылы бармай, тек көз астынан оған қарап қояды. Турымбеттиң күндеги жатысы да усындай болған менен, бүгингиси пүткиллей өзгеше еди. Өзине өли шырай енген. Бир күнниң ишинде азып тек гәўкийген мурны қалған. Шерим етигиниң сары қонышы қайырылған күйинде, бөз дамбалының балағы шығып, жүнли балтырлары көринип атыр. Узын мойнын бурып, биресе әйнекке, биресе қапыға қарайды. Сирә тақат таппас... Қыялы да әрре-тәрре. Анасына ойласайын десе, ҳаслан исенбес, хошласпай таслап кетиўге жаззатайым оқ тийип жарадар болса «апа!» деп бақыратуғыны турған гәп! Ер жетип, үйленип қатарға қосылғалы да түнде шоршынып «апа!» деп оянатуғынын анасынан да, дәслепки күнлери Жумагүлден де талай-талай еситкен. Ол ушын не ислеў керек. Дүйсенбай айтқандай бәрҳәма булар жеңиске ерисе бере ме? Тазғарада неше большевик қазаланды, оған қарсы гүрескенлер-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дың қапшасы қырылды. Ол бир тойға баражақ па! Дүйсенбайдың айтыўынша булар жүйрик атлы, қарыў жарақлы. Ал олар менен урысатуғын адамлар ше? Бийғам уйқылай бере ме? Мылтық бар жерде қаза бар!.. Оның көзлерине өлим көрине берди. Ири қолларын ҳәр жерине тийгизип сыйпайды: Атыса қойғанда қәйерине тийер екен. Жаны қәйерде?!

Ол анасын қойып Жумагүлге сырын айтпақшы болып та қыялланды. «Жоқ»,—деди бул ойға берилиўден гүбирленип.— Ҳаялға сыр алдыратуғын мен бе? Бул барын турған жарамаслық, өзимди төмен таслағаным! Усындай әдет қарақалпақтың қай жигитине тән!..» Ол бираз ўақытқа шекем ҳәр муқамға дөнди. Басына кирген ғаўғалы ойлардың түйинин таппай, шыбын жанынан гүманланып, бәҳәрги ҳәлсиз шымшықтай ҳәр шақаға бир қонып көрди. Бәри бир, тийисли жуўмаққа келе алмайды Күн аўған сайын ишқысталыққа түсти. Күн батыўға қарағанда етине қалтыратпа тийип, безгек болды. Бирақ бул кейпине қарсы Дүйсенбайдың, «Ер сөзинен, шер изине қайтпайды» деген сөзи есине түсип, бойына жигер енип кетти.

«Бунша қорқақ болсам, неге туўылдым! Жигитлигим қәне? Жигирма бестиң күши жоқ па менде?»—Орнынан секирип турған мәҳәлде бойын бийлеген гүллән қыяллары бирден серпилди. Далаға шығып, айсыз қараңғыда жән-жаққа нәзер жиберип, саратанның жағымлы шамалы менен қозғалған жапырақлардың сытырлысына узақ ўақыт қулақ түрди.

Ҳәр жерде ийтлер үреди. Көзине жалтыраған әйнеклерден басқа ҳеш нәрсе көринбейди. Ҳақыйқат күнди таңлап алған екен,—деп ойлады ол.—Тап бүгинги түнниң усындай болатуғынын қалайынша алдан билген? Жоқ, бул китапқа қаралған ис. Ахунлардың көбиси дәрьяны терис ағызады деп журт бийкар айтып жүрген емес, қуда қәлесе, пирлер яр болса, аман қайтаман. Аман!»

Үйинен берекет кетип, сорпа ишилмегенине неше күнлер болған еди. Бүгин Турымбеттиң тилеги бойынша бир ата қораздың сорпасы ертеден ҳәзирленип атыр. Ол үйге қайтып киргенде, Жумагүл гүртик салып болып кемпирге дузын таттырып атыр екен.

Таўық сорпаға көптен берли қумар болып жүрген үй адамлары күтә жым-жыртлықта. Жумагүл болса, жәнжелсиз сорпа ишкеймиз деп ҳәр қайсысының қас-қабағына қараў менен өз орнында.

Бүгинги кеш бул хожалық ушын ең бахытлы кеш болды. Ҳәттеки аўқат та тым-тырыс желинди. Таза сорпа ишип те-



www.ziyouz.com kutubxonasi

риси жайылған кемпир әўмийин етиўден басын дастыққа қойып еди, пырылдады да қалды. Тек Турымбет бийтахат. Ериде әлленеткен қубылыс пайда болғанын күни менен сезип отырған Жумагүл үндемеўге шыдамады.

— Шабазым, ишиндегини маған ортақлассаң қәйтеди?

Бундай жағдайда ҳәкиреплеп кететуғын жигит дым жуўа, сөйлемейди. Жүзинде келиншегине деген қаталлықта сезилмейди, өзи менен өзи. Оның әллеқандай жуўмақлы ойды аяқлай алмай отырғанын Жумагүл аңғарған менен оны сөйлете алмады. Буннан бурын ериниң усындай бир жуўас отырғанында «Айтбай большой» жөнинде сораймап деп дәкки жеп қалғаны бар еди, сонлықтан көкиреги даўамайды, ал оған қарамастан ол туўралы билгиси келе берер...

Турымбеттиң бүгинги кейпи айрықша өзгеше болғанлықтан жақсы нийеттен үмитлендирди.

— Маған үкем келип ойласып еди...

Әңгиме мурындық сиңлиси Турдыгүл жөнинде баратырғанын түсингенликтен:

— Не қылажақ екен?—деди Турымбет.

— Айтбай большойды тәўир көреме деймен.

— Қудайдан бийүмит есер адамның атын айтпа маған.

— Ат айланып қазығына келеди, шабазым, кәмбағал адам қудайдан безе ала ма?

— Қудайдан безбесе әкесиндей пилтабан дийхан болады дағы. Оннан артыққа ақылы да жетпейди. Ат айланып қазығына келгени сол ма? Ал енди және ескертемен, бул үйде Айтбай туўралы гәп болмасын!

Әңгиме шорта кесилди.

Турымбет Жумагүлге, қәдимгисинше, ҳештеңе ескертпей түргелди.

Елден атлы шығып кеткенин ҳеш кимге билдирмеў мақсетинде байменен ўәделескен жерине—Әўлийе терекке шекем пияда келди. Оны күтип турған Дүйсенбайдың жетегиндеги ат, адамды көрип бир оқыранды. Турымбет бара-сала аттың жүўениннен тутып, омыраўын сыйпалады. Сийпементи беккем екен.

— Атқа кеўлиң тола ма?—деди бай сыбырланып.

— Минип көрип билемиз.

Турымбет атқа қарғып минди. Үстине зилдей адам мингенге бели аўырды ма, ямаса өзге киси болған соң жатырқады ма, ат алдыңғы еки аяғын көтерип, жоқары шапшыды. Соң жолға түскенше асыққандай бир жерде тура алмай, аяқларын теп-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сиипп, гә шегинди, гә илгериледи. Атқа Турымбеттиң кеўли толып:

— Бул кимдики?—деди байға.

— Сеники.

— Ҳәзир меники екенин билип турман. Маған шекем кимдики еди?

— Әй иним, күнге жарар деп бир-екеўин жер төледе баққыға қойғанман.

— Ҳасыл туқым ба деймен,—деп Турымбет ат үстинде шалқайып отырып, тақымын қысып жиберди де, байдың өзи менен қатарласып Қегейлиге туппа-туўра салып жиберип еди, атлар ҳә демей-ақ арғы жағаға өтти.

— Аттың күшин көрсин деп қарийшанның көпирине айдамадым. Енди билдиң гой!

— Билгенде қандай! Бундай ат кисини жаўда қалдырмайды.

— Өзиңдей азаматты жаўда қалдырмаса, сол азамат ат берген ағасын да жаўда қалдырмас деп ойлайман.

— Айтарыңыз бар ма, аға! Бийгам болың!

— Қәне, бөктерийиңди шеш.

Жигит аттың жүўенин босқа жиберип, жорғасы менен баратырғанда артына қайырылып, бөктерийин шешемен дегенше, Дүйсенбай үнсиз келе берди. Бөктерийди жаздырып Турымбет бир бешатарды алды ҳәм қараңғыны гөзлеп көрди.

— Қалай, унай ма?

— Нағыз мүлик екен. Бирақ бунын атыўын билмеймен-аў!

— Үйренесең. Ҳәзир барған жеримизде өзиңдей жигитлерге қосыласаң. Сизлерди Тәжим мурт қызыл қум бетке әкетип еки-үш күн мылтық аттырып үйретеди. Ал, иним, мениң бир пәнди нәсиятым бар, соны тыңла. Бәрқулла душпаныңа рейимсиз бол. Егер жолдасыңның биреўиниң сатқын екенин сезсең, соннан саған зыян келетуғын болса, көп сөйлесип турма, атып тасла. Себеби ондай адам қарсы келген душпаныңнан да жаман болады.

Турымбет сөйлемейди. Өзиниң қуўанышлы екенин де я қыйланып турғанын да түсинбейди, ишинде қандай да түйин бардай сезиледи. Сол киятырғанда «Бәри таярлықлы екен, буннан шетте қалмай қосылғанымды айта бер. Жеңис қолымызға тийсе, қандай абройлы азамат боламан. Байлық деген өзинен-өзи келе береди.» деп те ойлайды.

— Түреке, тезирек айда!

Олар атларына бир-бирден қамшы басып, шайқатылған



www.ziyouz.com kutubxonasi

жорғалары менен тоғай ишиниң жым-жыртлығын бузып кете берди.

Екеўин Саманбай жағасында бир топар атлы күтип алды. Олар атларын байлап, тоғайдың қалың жеринде от жағып соқта ойнап отыр. Үлкен қазанның үсти майға липилдеп қайнап тур. Булар да қатарға қосылып отырғаннан кейин қолға тез суў алынды.

— Кешиктиңиз ғой,—деди Тәжим мурт байға қатал пишинде қарап.

— Айдап киятырғанымыз усы.

Ат жабыўларды төсеп отырған жигитлердиң ҳәммеси мәс, ҳеш қайсысының бир нәрсени уўайымлаған түри сезилмейди. Олардың кейпин көрип, Турымбет те ҳеш нәрсе елестирместен қатарға отырды. Алдыларына бесеў ара бир табақтан гөш ҳәм сорпа келтирилди. Гөшке гүртик салынбаған еди. Шөреклерди қапталларына қойып барлығы өрли-ғурлы жей баслады.

«Бундай таза сорпа, мол гөшке келетуғынымды билгенде бағана қоразды сойдырмайтуғын едим» деп ойлады Турымбет. Сөйтсе де, басқалардан қалыспай көп жеўге тырысып бағып еди, иштейи өзгелердикиндей болмай тез кейин шегинди.

— Бул не сыпайышылық?—деди табақлас жигитлердиң биреўи.

— Тойдым.

— Бул тамақ жеўиң болса, бала менен айқасыўға да шамаң келмейди ғой,—деди Тәжим мурт жилик тутқан бармақларын биримлеп шылпылдатып сорып.

Күшке келсе усы отырғанлардың ҳәммесинен де қайтпайман ғой деген ойда отырған Турымбетке бул шаншыўдай тийди. Бирақ бийтаныс адамлардың арасында ҳәзир сөйлемегенди мақул көрди.

Аўқатқа пәтия ислер ўақытта бир ақсақаллы киси пайда болды. Бул кисиниң қайдан пайда болғанына Турымбет ҳайран қалды. Абайлап қараса, бүктиң қалыңырақ жеринде ылашық сымақ бир нәрсе бар. «Усында жатырған екен-аў» деп ойлады. Бул киси атақлы Нурымбет ахун деген еди. Ол ортаға шығып бетин қублаға қаратып, ҳәммениң орынларынан турыўын сорап еди, барлық адам алақанларын жайып тикейисти.

— «Исламның күши, оның ҳүкими ақырғы әлемге шекем дүнья жүзинде үстем болыўы ушын пәтия беремен. Жигитлер, бахтыңыз ашылсын. Душпанларыңыз опат болсын!...»

Ҳәмме оның ҳәр бир сөзине «Әўмийин, әўмийин» десип тур. Әллен ўақытта пәтия тамам болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Таң атыўға мейилленип, күн шығар бет сәл-пәл бозарып киятырғанда Тәжим мурт қурбасылық етип, атлыларды және бир рет санап шықты.

— Жигитлер, ишиңизде мылтық ата алмайтуғыныңыз бар ма?

Ҳәмме тым-тырыс. Нурымбет ахун жигитлердиң жолланайын деп турғанын билип тағы пәтия берип болған соң:

— Тәжимжан, балаларға қайырқом бол, билмейтуғынына үйрет!—деди жүдә бир кишипейиллик даўыс пенен.

— Қәне, онда кеттик, жигитлер! Күн шыға Бадай тоғайына кирип жатып, келеси ақшамда дәрьядан өтемиз.

Дүйсенбай менен Нурымбет ахун кейинлерине қайтты.

— Қуда қәлесе, ҳәммесин туўрылаған шығармыз,—деди ахун былайырақ шыққаннан кейин.

— Ийшалла, айтқаныңыз келсин.

— Исламға терсекей келетуғын билимди таратамыз дегенлердиң ҳәммеси тиллерин айқыра тислеп қалады, Дүйсенбай жан!

— Илайым, тақсыр, солай болғай...

## 15.

«Қайинене үйде болса күнде-күнде урыса бермеге уялысады» деген шешимге келип Төребай менен Айтбай Жумагүлдиң апасын әкелиўди мақул тапты. Бирақ бул ойларын Турымбет пенен келисип алмаса баз баяғы болмайды. Сол ушын бир жола Айтбай келип еди, Турымбетти ушырата алмай, үндемей кетти, соң Төребай келетуғын болды, ол да ҳеш гезлестире алмайды. Гүлбийке кемпирдиң «азанда шығып кетип еди» дегени менен қанаатланып кете береди. Ал Жумагүл кемпирдиң өтирик сөзине түсине алмай қала береди.

Төребайдың соңғы келип кеткенинде де кемпири сол үйреншикли жуўабын берип еди, Жумагүл бурынғысынан да ҳайран қалды: Турымбеттиң ушты-күйди жоғалғанына бир айға шамаласты. Бул кемпир неге қайғырмайды? Не билгени бар өзиниң? Иләжсыздан енесинен улының қайда кеткенин сорап еди, ол:

— Сен қатын келемен деп улым үйден безди,—деди тоңқылданып.—Расын айтайын, тисиңнен шықпасын.

— Аўыз бирликти бузатуғын бул үйдиң өгей адамыман ба?

— Сен келгели балам мойнына ошақ түскенин билип жүр екен. Дәрьяның аржағынан қол ушы талап ислеўге кетти. Қуда қәлесе, кийимин пүтинлеп келер, саған да, маған да бир нәрсе аўыстыра-



www.ziyouz.com kutubxonasi

йып деп жүрген шығар. Сен сораған адамға бүй деп айтып жүрме. Балама да, саған да жақсы ат емес. Өзи де арланып ата-баба билиспейтуғын жақларға кетти.

Баласы қатарына еки күнге шекем келмей хабар-атарсыз жоқ болып кеткенге кемпир биймазаланып Дүйсенбай билерме екен деп барғанында, бай усы ақылды айтқан еди, буны Жумагүл сезбеди. Ендигиден былай сораған адамға ол да кемпири қусап азанда шығып кетти» дей жақ, ал сорап ҳеш кимде келмейди.

Үйдиң қыбыр-сыбыр жумысы сирә түўесилмесе де Жумагүл бираз тынышланды. Кемпири қоңсы-қобаларға айраншылап кетсе, ойланып алыўға азмаз ўақыты аўысады. Ери қыйыншылықта жүргенде отыра бериўи керек пе?.. Ол усы пикирин бир жола енесине айтып көрип еди, ол:

— «Қатын қарыўланып қазан қайнатпас» деп ата-баба бийкар айтпаған, табанын қышып баратырса, айраншылай ғой!— деди.

Жумагүл арсынбады. Көп жыллардан бери турған аўыз-қабақты алып айраншылайтуғын болды, бирақ кемпири ол гезлер ўақытлары «анаў үйге бар, мынаў үйге барма» деп, үйлердиң сыртынан көрсетип қалады. Ол кемпирдиң не мақсет қойып жүргенин түсинбеди, ал «барма деген үйлер бизлердей жарлы шығар, өзлери айран сорап жүргенде үйине биз барсақ күлер» дейди де, кемпирдиң айтқанынан шықпайды.

Ең болмаса барған жериниң түбисин писип, айранын атласын, аўызқабағы толы айран алып қайтады. Олар сөйтип сыйырлы хожалықлардан кем болмай сүзбе жыйнап, бир еки рет қурт, торақ та қайнатып алды.

Ол мурындық атасы Тәңирберген машыншыниикине барып Гурдыгүл менен сөйлескиси келер, ал ол үйге изеп қәдем қойыўды кемпири қадаған етип қойыпты. Жасырынып барайын десе және болмайды. Дәстүр бойынша олардың өзлери алды бурын мурындық қызын шақырыўы тийис.

Байдың үйине де күнде азанда көп айран атланатуғын болған соң ала геўгимнен-ақ тиленшилердиң аўыз-қабақлары газдай қатарласып қалады. Бийби Жумагүлдиң келгенин көрсе, айраншылаған аўыз қабағын нәўбетсиз-ақ толтырып жибереди де, ертеден келгенлердиң биразын бийнесип қалдырады. Мине сонлықтан Жумагүл бул үйге көп аса бара бермес.

Бир жола азан менен Айтбайды ушыратып қалып еди, оның «Турымбет үйде ме?» деген сораўына «Азанда ертерек турып кетип еди» деп жуўап берсе де, қысынып қалармаң деп



www.ziyouz.com kutubxonasi

ойламады. Айтбай оған анықланқырап қарап, оның қан тамырларының ойнақшыны әлле қандай бир сырды бүклеп турғанын сезди.

— Ерте турып ғалап ислеўге кетсе жақсы екен.

Жақында ғана Багдагүл менен сырласқанында ол шынынан келип, Турымбеттиң дүзележақ екенлигин, сол ушын қолы ушы талап изլеп кеткенин жасырмай, кейнинде кисиге билдирмеўди өтинген еди, соңлықтан ол бул жасырын сырларды Гөребайдың жорасы Айтбай еситеди деп ойына келтирмеген.

— Ерте турған қудайға да жақсы керек,—деди де аз гидирди. Жумагүлди бурыннан толғандыратуғын қыял бул жигиттиң жаңалық хабарын, яғный Турдыгүл айтқандай оның бейишти жер үстине қондырып қоя қоятуғын сөзлерин өз қулағы менен еситиў еди. Ал ҳәзир сораў нақолай сыяқланды. Кеңлен бери мурындық сиңлисин көре алмай жүр. Барайын десе еле қатнаспаған соң...

— Әй, Жумагүл, Жумагүл!—деди Айтбай басын шайқап.

Жумыссызлықтың кесепатынан қыларға ис таппай, келинниң сыртынан бәрҳә бақлап жүретуғын Гүлбийке кемпир үйиниң ийнеўине сүйенип; булардың сөйлесип турғанын көрип тур еди, өзиниң бойдақ жигит пенен көшеде көбирек ирkилгенине пушайман етип, үй бетине нәзер салған Жумагүлдиң көзлери оны шалып, бирден асығып, шаққан-шаққан жүрип кетти.

Оның анасы туўралы айтыўды ойланып турған жигит тез ажыралысқанына қуўанды: «Бийшараның кеўлин қабартпағаным жақсы болды!»

Кемпир оған жекирипти:

— Сениң менен Турымбетжаным келген соң сөйлесермен,—деди.

Жумагүл неге иркилгенин түсиндиргени менен кемпир бәрибир исенбейди. Ол сөйлеместен аўызқабағындағы айранын, қаптал бетте сасып, үсти көпирип турған бөз шекийнеге қуйды.

## 16

Еркиниң бойында «ақсақал келипти!» деген хабар тарқаса болғаны, аўыл арасы анда-мында шапқан атлылар менен толып кететуғын еди. Жумагүл бул аўылдан ондай көринисти еле көрген жоқ, себебин де билмейди, сорайын десе оған ақсақалдың неге кереги бар. Турдыгүлден баяғы еситкенине қарағанда ақсақалдың өзи усы аўыллың адамы болса керек. Соған қарап «ақсақалды өз аўылы сыйламайма екен.—«Аўылдағының аўзы



www.ziyouz.com kutubxonasi

сасық деген усы екен-аў!» деп ойлап жүрген менен. бул жақтың ақсақалының сыртынан «ат көтергисиз семиз,ҳәр бети шыжықтай қызарып бөрткен, қара шоқ сақаллы, басында әреби шөгирме, үстинде қысы жазы сенсен постын» деп көз алдына келтиретуғын еди. Бир жола суўға баратырғанында ала аттың үстинде еки ийни қуўсырылып отырған сүўен жақлы, мурны мыйқының тумсығындай иймек, арық кисиге ушырасып қалып, оның ақсақал екенин изинен суўға келген ҳаяллардан сорап билди. Бир сапары сол ақсақалды көргенин айтып кемпири де булқыған:

— Бизге ақсақал да қайырқом. Балаң оғыры ақыллы екен «жақсы ийт өлигин аўлаққа таслайды» деген, көрдиң бе алысқа кеткенин, күтә дүньялы болып келеди,—деди маған...

Буған Жумагүл де қуўанды. Бирақ ол, не ушын Турымбеттиң талап ислеп кеткенин ақсақал менен бай биледи, басқалар билмейди, мине усыған ҳайран қалады, кемпири арқалы емес, өз қулағы менен анығын еситкиси келеди, оған жүрек қайда? Ақсақал менен, бай оның менен сөйлессеши! Бийбиден сорап көрип еди, ол да «қайдем» дейди.

Күтпегенде пиядалап үйине қарай баратырған ақсақал ушырасып қалды. Ол Жумагүлди сыртынан таныйтуғын болса керек, иркилип турып:

— Келин, Турымбеттен хабар бар ма?—деди.

— Жоқ, қайнаға, қайда кеткенин де билмеймиз.

— Билиў дәркәр емес, сизлерге напақа таўып келсе, болғаны емес пе?

Жумагүлдиң ақсақалдан күткени бундай емес усаған еди, деген менен оның иркилип сөйлескенине ишинен разы. «Ҳаялларға ҳөктемирек сөз айтыў гүллән еркектиң еркеклик қәсийети...» Ол ақсақалдың пияда жүргенине таңланып, ертеңине Бийбиге айтып еди, ақсақал сол жүрисинде қуры жүрмеген екен, баласы, қызы бар үйлерге гезек пенен өзи кирип шығыпты.

— Не ушын?—деди Жумагүл қызықсынып.

— Оқыў дей ме, бир нәрсе дей ме, соған адам салық түскен қусайды.

— Өйбей, еситпеген елде көп деген. Адам таўып па оған?

— Жумагүл, басың иске екен. Өз ерки менен баратуғын адам табыла ма? Өзиң барамысаң? Қолайға келген биреўди зорлап жиберетуғын қусайды.

— Булар әззини қолайлайды, Бийби. Бизиң үйдегини сондай бир оқыўға жиберип қоймаса болғаны ғой.

— Маған ондайды ким айтатуғын еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Турымбетти алдарқатып оқыў деген салығына жиберсе жиберип қойған шығар, бул бийүмитлер» деген қәўип Жумагүлдиң көкирегине түйин болды да турды. Бул қәўпин қайиненеден жасыра алмады да.

— Не дейди мынаў!—деп кемпир, үйинде тақат етип отыра алмай, орамалын шала ораўы менен асығып байдикине шаўып кетип еди, бай тәселле берип дурысын айтыўдың орнына «ериниң таяғынан қутылып, келиниңиниң етине қан жуўырып, өтирик сөйлеўге қараған екен» деп шағып жиберипти. Кемпир байдың сөзин сол турысында Жумагүлге айтып келип, топылә берди.

— Көшеде Айтбай большойдан еситкениңди маған айтатуғын болдың ба, бийәдеп, жүўенсиз!!!

* * *

Турымбеттиң дерексиз кеткенинен бай да қәўипсинди. Әсиресе оның тынышын алған аты: «Турымбет не болса сол болсын, мениң жибергенимди еки аяқлы бенде билмейди, ал сонша айлар баққыға қойған туқым атым майрылып келсе, ямаса душпанның қолына түссе, бәринен сол жаман...» Егер усы қыялын ойлап отырғанының үстине Турымбеттиң кемпири келип қалып «баламнан хабар атар жоқ па?» деп сораса, балаңа қыйналғанша мениң атымды айт демекши бола жазлап, өзин зорға тутып қалады. Сол аты есине түскен ақшамында уйқылай алмайтуғын да болған еди. Дүрсилди шықса тым-тырыс қулақ түрип, бизиң яўмытының туяқларының сести емес пе деп, басын көтереди. Арадан анық бир ай өтип кеткен соң әбден тынышсызланды. Кеўлине аты келип қалғандай. Базда ярым ақшамда-ақ турып кетип, Әўлийе теректиң тусындағы шеңгелликтиң ортасындағы жер төлени көрип қайтатуғын бәлеге ушырады. Үмити—егерде оқ тийип Турымбет жаза тайым бола қойғанда да, ат жем жеген жерине оралады. «Ат айланып қазығын табады» деген ғой! . . .

Бийдәреклик үш айға шамаласқанда барып, түнде Турымбет келди. Хәр қыйлы қыялларға берилип, уйқылай алмай жатырған бай сырттағы есикти тақылдатқан адамның даўысын таный сала, қасындағы Бийбини бөлек жайға жиберип, есикти өзи ашты.

— Ат қайда?

Аманлық-есенликтен бурын атын сораған байға Турымбет ашыўланбады. Өз орнына байланғанын айтып бөлмеге кирди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бай аттың аманлығын билген соң барып оның менен әңгимеге шуғыл киристи.

— Қалай, мақсетлер орынланды ма?

— Бир чайник чай болса?—деди Турымбет түпиригин жутынып. Бай түргелип ҳаялы жатырған бөлмеге кире сала, тез чай қайнатыўды, демлегеннен кейин өзи келип әкететуғынын, үстине ҳеш қайсысының кирмеўин буйырып қайтып келди.

— Ҳәзир қайнайды. Шығыныңыз жоқ па?

— Еркиндәрья аўылының бир жигити өлди.

— Атыспа болды ма? Ол ким? Қалай өлди?

— Атыспа болғанда қандай! Өлген Нурым деген жигит. Абайсызда мен атып алдым.

— Нурым, Нурым,—деп Дүйсенбай ойланып бул атты сол еследи.—Ҳе, ҳе, Қутымбайдың жийени екен гой. Зияны жоқ, әжел деген. Өзлериңиз аман болсаңыз болғаны. Басынан сөйле қосшым.—Дүйсенбайдың көптен бери асығып жүрген жүрген усы хабарды таллап еситиўге қуштар еди. Оның үстине Турымбеттиң минезин биледи. Ол өз мәртлигин айтқанша шыдамай, иш қысталықта да отырған шығар! Негизинде Турымбет ондай кейипте емес, шаршаған, шырайы шаң басқандай қуўарған.

Тәжим мурт оларға ислеген ислер туўралы ҳеш кимге тиислик билдирмеўин тапсырып, егер биреўдиң усы жөнинде мени қозғағанын еситсе, тири жүриўиниң гүман екенин қатты ескерткен еди. Соңлықтан ўақыя туўралы аўыз ашыў қәўип! Турымбет тамсанып түпирипди.

— Әпе, нағыз нөкер болыпсаң,—деди бай көтермелеп.—Сыр сақлаған ең жақсы нәрсе. Айтпасаң айтпай-ақ қой. Тәжимниң өзинен-ақ еситемен.

Байдың ертели-кеш билмей қоймайтуғынына көзи жеткенликтен айтпаўға өзин бийлей алмады. Атқарған «ерлигин» ишине сыйдыралмай, өзи де әбден жарылыўға келген ақыры.

— Сизлерден айрылған түни күн шыға Бадай тоғайына жетип, күндиз қылт етпей жаттық,—деп алдына байдың өзи әкелип қойған чайниктен кесеге чай қуйып, малдасын жыйынқырап отырды.—Келеси ақшамында дәрьядан өттик. Сол түни тынбастан жол жүрип сырдандай елсиз далаға шықтық. Шамаша «Қызылдың қумы» деген сол шығар. Жақын-жуўығында ел көрмедим. Оннан да асып кеттик. Сол жүристен жүрип бир таўдың жийегине тиреледик. Сол таў мәрли жеримиз екен, оған жеткенше өзимиз де бир қыйлы болдық, атлар да болдырды. Ҳайран қалдым, жан-жағы қапырық тоғай, төбе таўдың баўырайында бир ылашық соғылыпты. Сырттан қарағанда, до-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ныздың гүркеси дейсең, ал ишине кирип бир ҳаял менен бир кемпирдиң отырғанын көрип, таң қалдым. Олардың жападан жалғыз ылашықта қорықпай отырғанына әлҳәббиз дей бериң! Анығын жартыўлы биле алмадық. Бирақ шамалаўымша, сол үй бизиң басшымыздың үйи ме деп пәмледим. Ылашықтың сырты көриўге пәжмүрде болған менен, ишине кирсең, шыққысың екен! Түркмени ғалы, гилемлер, бояўы мурнының қанындай қызыл ҳәр қыйлы текиментлер көзиңниң отын алады. Қулласы ылашықтың иши жайнап тур. Ҳәр биримизге бир мақпал көрпе табылды. Екеў-ара десем лап болар, қурығанда үшеў ара шығар, мал сойылды. Гөш деген ийт-ырқын!..

— Қысқасын айтқанда, бир көклеген екенсиз,—деп бай тисиниң суўын сорып жутынды.

— Басқаларды ғой билмедим, ал мен жата беретуғын жер екен дедим сонда. Ал Тәжим ағаның үйи шығар деп пәмлеўимниң себеби, ол сол үйдиң барлық нәрсесине суғылысып баратыр. Ақшам сол үйдиң келиншеги менен бирге жатқанына қарап тақыйық исендим. Өйдейин десем, оларды және жеке таслап, бизлер менен бирге дәрьядан өткенше келди. Соң өзи қайда баратуғынын айтпай. жөн алды қарабарақ бир жаққа кетти...

Байға мурттың үй-иши туўралы барлық ҳақыйқатлық белгили болғанлықтан ба, оның менен қызықсынбады.

— Ҳә, сөйтип қондыңыз?..—деп Турымбетке әңгимени басынан қалдырмай айтыў ушын жолға салып жиберди.

— Аўа, қондық. Қоналқағада тойып алдық. Ол жерге сәскеде барып едик, кеш песинге шекем уйқылап алдық. Дем берип тамағымызды тойдырғаннан кейин Тәжим аға бизлерге «қәне, жигитлер, атларыңызға минин»—деди. Ол не айтса питти ғой!.. Арамыздан исми Нурым деген жигит жансызлық етиў ушын Төрткүлге жиберилди, ал бизлер таўда мылтық атыш машқы қылып жата бердик. Арадан бир айдың жүзи өткенде сол Нурым қайтып келди. Ол көрген билгенлерин бизлерге баян етип, «Төрткүлге жоқары жақтан бир адам келипти, үш-төрт жигитти оқыўға әкетейин деп атыр» деген ғаўасат бар» деди. Буннан кейин кимде тынышлық болсын. Ҳәмме ҳәр қыйлы нәрселерди таўып, өз билгенлерин жорып жүрди. Ал Тәжим аға бизлерден бөлинип бир күн ойланды. Ақыр соңында келип «бүгин ақшам Төрткүлге кетемиз» деди. Бизлер де сөзин тәрк етпей асығыс түрде атландық.

Төрткүлге жақынлаған жерде әдепки жиберип алған жигитимиз Нурым тағы жансызлық етип кетип, жоқарыдан келген киси үш-төрт жигитке басшы болып оқыўға адам жыйнаймыз



www.ziyouz.com kutubxonasi

деп Шораханға арбалы жөнеп кеткенин хабарлап келди. Енди не қылыў керек! Биреўлер изинен қуўайық дейди, биреўлер жолын тосайық деди. Қулласы бир шешимге келе алмай бираз тартыстық.

—Алдын ораған жөн ғой,—деди бай шыдамсызланып.

— Ҳәзир, ҳәзир,—деп Турымбет қолын көтерип алақанын байға қаратты.—Сөйтип аға, тап усы сиз айтып отырған тоқтамға келинди. Әмиў дарьядан өте сала тоғай-тоғайдың арасы, сайлардың иши менен излериңен ат қойдық. Бир жерде олардың қарасын көригте қалдық. Ендиги жағында тек Тәжимниң ым қағыўы менен бағдар алып, көп жерге шекем қапталлап шаўып, алдынан шықтық та, бир жерде жаттық. Ол жер ўмытпасам Түркмен жаптың бойы шығар деймен. Атларды жаптың ишки қәндегине беккем кисенледик те, өзлеримиз буққы таслап, олардың алдынан тостық. Бәри қосық айтып киятыр екен! Әжел дегенди қоя бер! Шашлы биреўи арбадан түсип, сарлламақшы болып еди, қалғанлары да иркилди. Биреўлери арбаға сүйенип турып шылым шекти. Қарақалпаққа шылым шегиўди ким қойыпты!—Оларды аяғандай Турымбет басын шайқады.—Ўай-ўай, әжел-ай! Мине сол ўақытта оларды атқысы келип, жансыз болған Нурымымыз алдыға түсип мәртлик етип еди. Тәжимниң «тоқта!» деп сыбырланып берген буйрығы ҳәммени турған-турған жеринде қалдырды. Анаў жигитлер және арбаға минген кезде бәримиз мурттың буйрығы бойынша қамалап, бешатарларды иске салып жибердик. Биреўи де аман қалған жоқ. Бирақ мениң бир оғым қаңғып кетип Нурымды сеспей қатырыпты. Бийшара таўланды, таўланды!

— Ырас билмей қалдың ба?

— Оллаҳий билмей қалдым. Сол жерде Тәжим аға, бул кимниң оғы деп жекиринип еди, меники деп мойынлаған соң маған үндеген жоқ.

— Бийшара жигит-ай,—деди бай Нурымды қайғырып.—Сөйтип анығырақ айтса, оқыўға адам жыйнаймыз дегенлеринен тири қалғаны болды ма?

— Қалай тири қалсын! Алды менен сулаған шашлы жигиттиң бир кишкене мылтығы бар екен. Қасларына барып тинтиў жүргизгеннен соң билдик. Ал басқаларында муштан басқа наўа жоқ, бирақ арбадан үш бешатар таптық.

— Сазайын алған екен, заңғарлар! Енди усыны еситкенлер өлмей оқыўға барады-аў. Қәне, соннан кейин не қылдыңыз?

— Бул шаўқымның изи басылғанша елге кетпең деп, Тәжим бизлерди баяғы үйге емес, басқа жерге әкетти. Бул жер Еркин-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ниң аржағындағы Порлы таўдың арқасындағы бир көлдиң ортасы екен. Тәжим аға бизлерди усы жердиң ҳәкими деп Турдықылыш деген менен таныстырды. Ол орақ мурын, қуўжақ, қаслары үйилген, суўық түсли адам екен. Оған бағынатуғын атлылар он бес-жигирмадан аслам. Олар менен бирге бир ай болдық. Олар бизлерди дәслеп жүдә суўық күтип алды. Себебин соңын ала билдим. Қараўындағы өзимиздей адамлары бизлер менен үйренисе келе сыр жасырмады. Сол ушырасыўға шекем Тәжим менен Турдықылыш екеўи жулдызлары қарсы жаў екен. Алдына бас ийип барған соң ба, соң-соң еки басшы баўырманласа берди. Адамлары менен бизлер туўысқандай болып кеттик. Олардың ислейтуғын иси исламның үстемлигин иске асырыў екен.

— Қалай, өзлеринде жеңемиз деген үмит бар ма?

— Олар ҳәмме нәрсеге исенеди. Егер оқыў деген бәлесине адам жибергизбей қалсақ болып болғаны. Гөне дийўалдың тиреп бердисин алып қойғандай, большойлардың исин жүргизетуғын адамлары тайынланбай, өзинен өзи қулайды деседи.

— Тәжим деген тәлим-билимди көп оқыған, Кабаға да барып қайтқан жигит. Ол ел басқарыўдың гүллән сырын биледи. Турдықылышқа жарысып Қоңыратқа хан болып көтерилиўге ҳәзирленип атырғанда усындай әламат болып қалды ғой...

— Туўри солай. Ақылға оғада жүйрик екен. Ал, енди бай аға, барлық ўақияларды сизге өзим деп айтып отырман, тисиңизден шығармассыз.

Байдын езиўинде азмаз күлкиниң изи бар еди, сонда да даўысына ашыў ендирип:

— Мен сени басшашы деп тутып беремен, ақмақ!,—деп қолын тутты. Жас жигит оған күш бермей, жинкөзленип, орнынан секирип тура сала, қосбаўынан шығанақ бойлы ақ қанжарды суўырып-ақ алды:

—Аўзыңа қум қуймасаң, шаламан!

Байдың жаны көзине көринип, ети шымырқанып илажсыздан күлди:

— Әне, жаңа писик жигит болыпсаң. Мен сени сынап атырман. Рахмет саған. Берген дузыма, миндирген атыма ырзаман.

Турымбет қанжарды қайтып қосбаўына тықты.

— Иним, мынаны әкет,—деди бай Турымбет аўқатланыўы үйине кетиўге тура бергенде, бир түйиншикти усынып.—Ишинде кемпирине бир ақ жаўлық, шийи мақпал гүпи, келинге бир шатыраш көйлек бар. Сен кешиккен соң үйиңниң иши жүдә биймазаланып еди, мен «талап ислеп кетти» деп алдарқаттым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өтирикши болмайын, мынаў тапқан табысым деп алып бара ғой, батырым.

— Аўылда не жаңалық бар?

—Сол оқыў дегенниң думпиўи бизиң аўылға да еситилип еди, кесгеллем ҳеш ким бармайды.

— Айтбай қусаған бирсўди жибере қойыў керек тә.

— Иним, иним,—деп бай суўық демин алып басын шайқады.—Ол кемпир-ғаррысын таслап қайда барады. Болмаса бизлер менен ойласып та отырмай ағажан деп кетеди-аў,—деп оқыўға баратуғынларға қарсылық етиўдиң не ушын зәрүрлигин, мәрдикәрға гилең жарлыларды жиберип қалай алданғанын майдалап түсиндирмекши болып турды да, еле ўақыт бар ғой деген ой менен үндемей қалды.

Бойын уйқы қаплаған Турымбет отыра бериўге шыдамай қайта-қайта еснеўи менен байдикинен алган түйиншегин қолтығына қысып шығып кетти.

17

Және қыс келди. Бул қыс Жумагүл келиншек болып түскеннен соңғы екинши қыс.

Ысқырып ескен даўыл қара таллардың жапырақсыз шақаларын оқ жайдай бүгип, қылқобыз тартқандай «ыз-ыз» етип тур. Көшелерде бүрсеңлеген адамлар ғана көринеди. Ал Кегейлиниң қумлы ырашы күшли даўыллар нәтийжесинде айғызуйғыз, ийрек-ийрек нағыс ойғандай, ыраштың сыртқы қәндегине өскен урықлар қатты даўылға төтепки бере алмай мортылдап, буўынынан сынып атыр. Аўыл арасын, жап бойларын сәнлендирген жасыл жапырақлы боянлар ҳәзир сып-сыйдам, тек куў ағаш, қоңыраўлары қараўытып жарылған шеңгеллердеги тоғай шымшықлары менен тықтықлардың уялары жүлибарақланып узақтан-ақ көзге түседи. Жаздың күнлери төбеси көринбейтуғын ылашықлар, қара үйлер менен тамлар патлыйып көзге тасланады. Аралары сояў-сояў.

Даўыл күннен-күнге күшейип, бетине киси қаратпай арадан күн өткен сайын өжетленип баратыр. Бул қыс айының дәслепки қатал белгилери еди. Маңғыт аўылының дийханлары қыстың әнжамын жеп, мал отларына шөкем таярлаған. Жапырақлары жалпақ ақ қайыстай пишенлер баў-баўы менен тамлардың төбелерине ғыррықлаўлы. Сатарман дийханлардың ғаўышлары, баўы билезиктей болса да, тақ-туйнақтай болып қораларға суўынланған, гейпараларыники тамбасында. Қозғап жи-



www.ziyouz.com kutubxonasi

берсең аяқ астын бүркеп, жер көрсетпейтуғын жапырақлы боянлар гүди-гүдиси менен үйиўли. Сөкли жантақлардың гүдишеклери үйлердиң қасында да, аўылдың шет шеблриңде де, жекке-жекке ылашықлардай. Жаўырынларына суўық самал өтип, омыртқасы аязлаған қара маллар менен жабыўы баўырына түскен ешеклер тамлардың тасасында, қоралардың қуўысында қунжыйысады. Үстине жеңилтек кийим кийип далаға шыққан адамлар бүрсеңлесип, үй араларында жуўырысып жүр.

Турымбет пенен Дүйсенбайдың үйлериниң аралығындағы үлкен бир атыз бағ пенен бир атыз егислик жерлер ҳәзир сырдаңдай. Үсти ҳүўлирип тур. Ерик ағашлары қыстың қатты кәҳәрине өршеленип, «кел, сениң менен көре қалайын» дегендей гүллән ҳәлсиз шақалары менен бирең-сараң сары жапырақларын астына шашып, баўырын өрге тутады...

Дүйсенбайдың ҳәўлиси жүдә кең еди. Қошқар шақы нағыс ойылған тахта дәрўазаның еки қапысы да ашық. Бирақ кирип шыққан адам көринбейди. Дәрўазаның күн батар бетиндеги жайсаң қорада жабыўлы атлар от жеп тур. Бәри де суўыққа шыдамай ма ямаса үстине ер түсиўин күте ме, яки бир-бирииен жем қызғана ма, жер тепсинип дүбирлеседи! Дәрўазаның бир қапталы ашық. Оннан орта бойлы, қара гүппли бир адам шығып, көлеңкедей қараўытып азмаз турған соң қорадағы атлар менен маллардың алдына пишен таслап қайтып, қайтадан сол дәрўазаға сүңгип кетеди.

Ашық дәрўазадан 4—5 есик көринеди. Анаў тери менен қапланған қапы ат дорбадай қулыптан бәрқулла айрылып көрмеген, қай ўақыт көрсең де сол дорбадай қара қулып илингени илинген. Оған тек байдың өзи ғана кирмесе, басқа адамның кириўине рухсат етилмейтуғын еди. Онда не бары басқаларға жумбақ. Қалғанлары: миймanхана, жатақхана, ал аўыз бетиндеги есик асхананики. Атлардың жеми де усы асханада сақланатуғын еди. Буған қонақ-қопсы келгенде болмаса, байдың өзи бас суқпайды. Мине, усы жайдың қапысы алдында басына түлки териден қулақшын кийген Турымбет көринди. Оның еңгезердей ири денеси қапыға зорға сыйып, бир қырынлап шықты. Иште жеп үлгериўге асықса керек, еле-аўзы кемсеңлеп, бир нәрселерди гүйсеп киятыр. Ол дәрўазадан шықты да, күн батар жағындағы атқораға бурылды. Ергенекке жақынлап әтирапына, шыққан дәрўазасына қарап азмаз гидирди, соң қораға бирден кирди. Сырттан адам киргенин жатырқағандай от жеп турған атлар оқыранысты. Турымбет уры көзленип артындағы ке-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рекөз ергенекке және бир мәртебе көз таслап, ҳәр аттың алдындағы бедеден бир қысым, бир қысым жыйнап, үстине гөне кийиз жабылып кирер аўыздағы ызғырық биринши тийетуғын мүйешке байланған көк боз аттың алдына әкелип таслады. Көк боз ат ийесиниң урлығына қәнәәт етпегендей, алдындағы ушы шырпылып, шала желинген беделерди аяғы менен шашып-шашып оқыранады. Турымбет жән-жағына жалтақлап қорадан шықты. Оның киргенин де, шыққанын да, ҳеш ким байқамады. Басындағы қулақшынның қос қолы менен басыңқырап алды да, үйине қарай кетти.

Турымбеттиң тамы бираз гөнергенликтен тырнағы унырап, әдеўир жуқарған. Сол себепли жаздың күни түўе қысқа қарап га үйине жақын мал байлаўға болмайтуғын еди. Тамның дийўалы әзиз болғанлықтан ба, басына шөп те шығарылмаған. Ҳақыйқатында да жыйнағандай от-шөп онда жоқ еди. Күн шығарға қараған әйнектиң тусында, қуты кеткен кишкене қора дүзетип, жыйналған азғантай қыс отынды сонда жыйнап қойыпты. Жазда суў қабақ егилген гөне төле тамның дийўалынан он қәдемдей арқарақта, бул усти ашық гөне төле сыйырына ықтырма болыпты. Ал аты жеййтуғын жоңышқасы болмағанлықтан жалғыз көк боз атын Дүйсенбайдың қорасына байлайтуғын болғаны былтырдан берли.

Ол Тәжим мурттың топарына араласып келгели, қандай да бир аўыр минезли адамдай болып қалған еди. Жүрис-турысын да ойланады. Байдың үйинен шыққан соң, адымын тап санап басып киятырғандай, ақырын ғана үйине келе берди. Жайында гүбирли шығып атыр екен. Кемпири қатты-қатты сөйлейди. Ол бул ўақыяға қулақ салып тоқтады.

— Мен шақыртқаным жоқ. Керек болса Айтбай «большой» дикине апарың!...

— Мусылманшылық ғой. Турымбет келсе, көндиремиз.

—Егер ишимнен шыққан перзентим болса, айтқанымнан шығармайман.

—Кемпир, қатты кетпе!

—Шырақларым, зорламаң—деди өзге даўыс.

«Бул не жәнжел?» Турымбет түсине алмады. Бирақ соңғы ҳаял даўысы таныстай сезилди. Бир жола Жумагүлдиң Айтбай менен сөйлесип турғаны жөнинде кемпир баласынан келген күни-ақ «сүйинши» тилеген еди. Сол ушынба «большой» деген сөзди еситкенде ашыўы қайнап, сыртта көп турыўға тақат етпеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жумагүл есик бетте жүресине отыр. Бет аўзын бүркеп таслаған кемпир печьтиң қуўысында. Бул кемпир Турымбеттен сәлем дәме еткендей жаўлығын көтерип қолын созыўға мейилленгенде барып, ол Сәнем екенин таныды. Иләжсыздан бул да қолын усынды. Баласының ҳәрекетин унатпай Гүлбийке кемпир және шаўлады.

— Кереги қызы болса әкетсин!

Бағанадан берн болып атырған әңгиме белгили болды. Себеби жазы менен «талап ислеп» жоғалып кеткен Турымбетти күтип-күтип, ақырында, ол келген соң, Төребай оған қәйиненеси жөнинде еситкенлерин айтып, қолына алыў керeклигин ескерткен еди. Сонда-ақ ол келисим орнына:

— Енди мениң күш күйеўге айланыўым керек пе?—деп жаң жуўытпаған еди.

Мине ҳәзир де сол айтқанын ишинен тәкирарлап, сөйлемей сазырайып тур. Ериниң келиўин күтип отырған Жумагүл кемпирине төрелик бермегенине еңкилдеп жылап жиберди. Оның көз жасына я Турымбет,я Гүлбийкениң баўыры ерип, көкиреги жибимеди. Жаңа ғана бай менен сөйлесип шыққан Турымбетке бул ўақыя оң түсти. «Кетсин, мениң не жумысым бар. Апам дурысын айтып атыр. Бай ағамның айтқанындай, усы ҳаялды алғалы үй қорениш тартып кетти. Қолынан түк келмейди. Бай мирәт етип турғанда, тәўирлеў биреўине неге үйленбеймен...» деди Турымбеттиң қыялы. Бирақ тым-тырыс.

— Сен не дейсең?—деди Төребай, шыдамай Турымбеттиң жүзине қарап.

— Не дейтуғын едим? Баяғы айтқаным айтқан. Анаман безип жинлимен бе?

— Бул да бир анаң емес пе? Турымбеттиң қәйиненеси қаңғырып жүр екен десе саған аброй бола ма?

—Мениң баламның етегин жаўып жүрген сизлер емес!

— Ырас, сизлер емес!—деп Турымбет хошлады.

Сөз кесилди. Өмир бойы азап пенен жүзи сарғайып, белин бүкирейиўге қараған ананы панасыз қалдырыў қайсы перзент ушын онай? Жумагүл өз көзиниң тирисинде анасын қаңғыртыўға қайылшылық билдиргиси келмеди. Орнынан тикейди. Оның ҳәзирги түсинде қандай да батыллық бар. Бирақ ерин және тыңлап көрмекши!.. Дәслепки пикиринен айнымайтуғынын билген соң:

—Анамнан мен де қалмайман!—деди қатал. Оның көзлеринен жас та қуйылды, бирақ нашарлығын билдиртпей анасын еңиретпеў ушын өзин мәрт тутып бақты. Буған Турымбеттиң



www.ziyouz.com kutubxonasi

бети быж ететуғын емес, қайта суп-сур. Гүлбийке кемпир қарап турмай:

— Үйди босатқанын мақул. Мешелин баға алмаймыз. Балама қыз қапылмас,—деп бирден түтигип, үйди басына көтерип кәтқудаларға жеңислик бермеди.

— Жумагүл қарағым, балалық етпе, бузылып дүзелиў аңсат емес, алдын қыс. Екеўиңиз қәйерде сыясыз. Өзим кемпирдиң илажын табаман,—деп Төребай тәселле берип еди, Турымбеттиң жүреги ҳәўлирип және көтерилди.

— Төребай, қойсаңа! Сен емес мениң хожалығымды дүзейтуғын, қызы да кетсин!

— Қысқарт!—деди Төребай оған салмақлы етип.—Гүлбийке анаң болғанда, Сәнем анаң емес пе? Енесин көрген соң басылар, уялар деп Айтпай екеўимиз алдырған едик, нағыз уятсыз екенсең. Әй, оңбағанның әўлады!

— Қудайдан қыз тилесин дегеним жоқ,—деп Гүлбийке қайтадан пәт алды.—Мен ямаса оның туўған улын мәрдикарға жибердим бе?

Төребай енди мың зорласа да, истиң патыратқа айналғанын түсинген еди.

— Ул менен қыздың қаңдай айырмасы бар,—деди салмақлы түрде.—Егер мынаў балаң болмағанда сүйегиң көшеде қалатуғын қазықбассаң нағыз! Сениң сөз қосатуғын не орның бар? Қайтама балаңа ақыл берип, қудағайың менен әжик-гүжик болып отыратуғын адамсаң... Шашы күнге ағарған көрмедик!

Төребайдың Гүлбийкеге айтқан сөзлери Турымбеттиң ашыўын қоздырып, Төребайды түйгишлеп үйден шығарыўға қолайластырды. Истиң ақыбети жаманға айналатуғынын түсингеннен соң Төребай тикейип турған түринде:

— Шеше, жүре ғой!—деди Сәнемге.—Ал, Жумагүл, сен қозғалма!

— Қызым жыламай жүрсе, мен тынышпан, мен ушын қуралы бузылмасын,—деп ана мәртлик етип, жылап турған қызын жубатты.—Шырағым, шаңарақ бир бузылса дүзелиўи қыйын. Ерли зайыптың бир-бирине желимлениўи ушын кепсер перзент болады. Ҳәзир күйеў бала жаслық етип көкирегин баса алмай жүрген шығар. Ата қәдирин ата болғанда, ана қәдирин ана болғанда билесең деген. Қапа болма! Аман-есен көз жарсаң, бәри умыт болып кетер.

— Қайдан билейин, апа...

— Адамның келешеги адам, шырағым. Еле берин еси ене келе ата-апа қәдирин биледи. Мен соннан соң-ақ келермен Үҳ,



www.ziyouz.com kutubxonasi

не қылайын? Ата-бабасына тартады деўге шынжырма-шынжыр киятырған байдың әўлады емес бул. «Ат айналып қазығына келеди» деген. Алдынан аға деген бала жуўырып шықса, дүзелетуғыны турған гәп.

Жумагүл «мен ағамның алдына бәрҳәма ағалап шығатуғын едим. Оның менен ол жөнлести ме? Бәри бир сени таслады» дей жақ болып еди, анасының жүрек жарасын тырнамайын деп, үнсиз түрде көзин жеңи менен сыпырды.

Айтбайдың Шымбайдағы бир танысы «маған тәрбияшы кемпир керек деп» ҳәр барғанда зинҳарлай береди екен, ертеңине Төребай Сәнемди сол үйге әкетти. Турымбет бул жағдайдан сырттан хабарлы еди, қәйнененин киси есигине кеткенине жаны ашымады. Ертеңине ол байдикине барып, атын жайғастырып үйине келсе, Гулбийке кешегисиндей шаўлап сөйлеп атыр еди.

— Сени алып мениң балам қор болған, басында шашың сийрек. Мурның түйениң мурнындай жырық. «Аспазын көрип асын иш, анасын көрип қызын ал» деген. Анаңды көрмей ғапылда қалған екенмен. Сени туўған анаң да перзентим бар дей жүргенине қара уялмай. «Муртына қарай искеги, губисине қарай пискеги» Анасы анадай болған соң, қызы мынадай дә!!. Пах, пах! Заңғар туўған екен да ерипбей. Анаңа болайын, қызына болайын, өйбей, анасының қулағы жоқ, бетаўзы сыпырадай бир бәле. Ҳе.. ҳе...

Усыншама хорлыққа төтепки берип отырған қостарының хабарған кеўлин алып ери жубатпады-аў! Қайта анасының үстемлигине мәсирип, өз-өзинен ыржыйып күлип төрге шығады. Ол отыра берген гезде Жумагүлдиң бир аўыз сөйлеген сести шықты.

— Өзимди не десең де, анама тил тийгизе берме!

—Тил тийгизгенде, сениң анаң перииштениң әўладыма,— деп Турымбет орнынан ғарғып турып, нәлли етигиниң өкшеси менен ҳаялын бир тепти...

18

«Киси есигинде көзлери мөйменлеп, арзан қымбатқа түсиңетуғын болып келди, ендиги жағында энейдей болып кете беремиз» деп дәме ететуғын Жумагүлдиң шырайы қайтама ҳәр бир күн өткен сайын шақасынан үзилген қызыл гүлдей солып баратыр. Турымбет сәл ашыўланса болды, Жумагүлдиң «Айтбай менен сөйлескенин» ортаға салып, оның ҳақлығына гүман



www.ziyouz.com kutubxonasi

туўдырады. Қатар қурбылары менен емин-еркин ойнап күлиў, я ерине, я қәйиненеге зар шегип, оны орынлатыў жоқ, күнде-күнде жәнжел, даў. Аяғының аўырлығы да жәнжел шығыўының бир себеби. Бурынлары ол ери бир жақтан келсе, орнынан ушыптурып қағып төсек салатуғын еди. Енди тез-тез қозғалыўы қыйын. Жер таянып зорға орнынан турып, зорға отырады. «Ақ жарылқап күн туўып, қудай еки жанымды бирден бере қойса анамды алдырарман» деп ойлайтуғын еди. Ҳәзирги ол қыялы да пуш!

Ҳәттеки мурнының жырылғаны тап иштен туўылғандай үлкен айып болып таңылды. Қәйиненеси бир көтерилсе кешге тап уйқылап кеткенше қулағына қурт. Жумагүл ишки зердесин ең болмаса айтып тарқатыўға адам таппайды. Жақында Бағдагүл менен суўға барып сөйлесип турғанын кемпири көре қойған еди, соннан берли ыңғырыўлаўын және қоздырып жиберди. Сөзиниң соңында айтатуғыны бир гәп:

—Сен неге сондай бийҳая менен сөйлесесең?!

Бурын да ҳеш гәп екен, ери менен бир төсекте жататуғын еди, ҳәзир еки жас арасындағы татыўшылық суўып кеткен сыяқлы. Турымбет жүдә кешлетип келеди де, Жумагүлди теўип жиберип оятып, бөлек төсек салдырады да, жатып қалады.

Мине, бүгин де аўыр жатар. Жумагүл ерин күте-күте көзи телмирип, ақыр соңы уйқыдан көзлери ашып, астары жыртық бөз көрпени жамылып жатыр. Еле келетуғын Турымбет жоқ. Отын таўсылған еди. Кеште кемпир оған жартыўлы отта жақтырмады. Тамның иши муздай. Жүўери жарма писирилип азғантай ғана от жағылған еди. Тек қазан ошақта ғана ысыў бар. Кемпир болса, пышықтай пырылдап, үйдиң ишиндеги ҳәмме нәрсени асты-үстине салып печьтиң қуўысында уйқылап атыр. Жумагүлдиң көзи илинер емес. Астына төсеген қаптың тигислери етине қадалса, оның астындағы жүўериниң шиңгиригинен өрилген төсеги батып, сүйеклерин сырқыратыўда. Бир жамбасынан екинши қапталына ыңырсып аўдарылады. Шалқасына жатса, қақ жаўырнына батқан шиңгириктиң қатты буўыны ағаштай тийеди. Дүстөменине жатыўға мүмкиншилик аз, келешек гүлине зыян келе ме деп те қорқады. Базы бир кемпирлер жүкли болған келинлерин суўға түнде жибермейтуғын еди. Ал мынаў кемпирге бәри бир. Күни-түнине қарамай жумысқа қосқаны қосқан. Аўыр азапларға шыдамай ҳәм жерик асын да таба алмай, ерinлери қаязып, мурнының үстин сепкил дақ басты. Сирә усы үйдиң ийти қурлым қәдири болмай баратыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәр қапталына аўдарылып, уйқылай алмай тикейип отыр. Жайдың иши тастай түнек. Далада «ҳүўу, ҳүўу!» етип ескен ызғырық самалдың ҳәўлиргени еситиледи. «Өлим-өлим, бир өлим, деп ойлады ол, бул жүристен өлгеним жақсы. Ақ сүт берип асырап, кәмалға келтирген анама саям түспесе? Бәрқулла ол: сениң табаныңа кирген шөңге мениң маңлайыма кирсин» деп хызмет ететуғын еди. Сөйтип асыраған перзентимен. Ол бийшара қартайғанда, киси есигинде хор. Қудай билсин, усы ўақытта ол қандай ҳалда? Мен қусап астындағы төсеги нақолай болып тикейип отыр ма? Мени ойлап уйқысынан безип, түн ишинде еки көзи төрт болып телмирип жатыр ма? Кисиниң балаларын жубата алмай, бесик басында еки көзинен қанлы жас ағып отыр ма?.. Анам сондай болып жүргенде меники не жатыс! Ишимдегини неге көтеремен? Бул да адам болған күни мен усап анасына қол жаба алмай сарсылады ғой!... Қой-ә, өйтетуғын болса, барынан жоғы! Күйиги көзиме көринбесин!.. Алдымнан не шықса, сол шықсын, қорықсам өзи-ақ түсип қалар!... Бул болмағанда анам менен кетер едим, ол сорлы да усыны ойлап кетти ғой! Қара басымның тамағын таппай мешелмен бе? Буннан қутылғаным жақсы. Тап усы ақылды неге ертерек ойламадым?... Мейли, еле де кеш емес!...» Жумагүл еки қапталына еки алақанын тиреп, ыңқылдаўы менен зорға орнынан турды.

Қатты боран «ыңың» етип ҳүўилдеп қапыдан кирди. Ол далаға шықты. Аспан бултлы еди. Қараңғыда қайда қарап жүрерин билмей, жан-жаққа қарап бираз ўақыт турды да, тәўекел етип Кегейлиге қарай жүрди. Айнала жым-жырт. Суўыққа тоңған ийтлер өзлериниң кетеклеринен шыға алмай, түн тынышлығын бузып киятырған Жумагүлге бас көтермейди. Аўылдың күн батысындағы Кегейлиниң ыраshы қап-қара думан болып, әжелдей дөнди. Жумагүл сол әжелге қарай адымын тез-тез атып жүрип киятыр. Ыраштың басына минди. Үстиндеги жыртық бешпентин тесип өткен қыстың қатты бораны ыраш басында оны бир майдан шыдатпады. Ол суўалмаға қарай жүрди. Муз жалтырап жатыр. Жән-жағын айланып үкини таба алмайды. Ҳәр жерди аяғы менен тепкилеп көреди. Муздың ойылғандай түри жоқ. Аяғындағы шерим етиги кешеги ызғар менен түнде жибисип қалған еди. Суўыққа шыққан соң ғарыр-лап, аяқларын қысып, жанын көзине көриндирип баратыр. Үкини излеп ҳәр жерди бир тепкенде, еки тобығы ғайзалып, диңкесин қуртты. Өзин өлим қушағына қанша ийтермелеп баққан менен, ийек-ийегине тиймей қалшылдап, ҳалдан кете бас-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лады. Мине усы жағдайда оның басына нелер келип, нелер кетпеди? Енди оған өлимнен басқа жоллар туйық тәризли... «Анадан туўылғанда адам не ушын шырр етип жылайды? Моллалар буны «адам туўылғанда-ақ мен бийкар туўылып атырман, бәри-бир өлемен» дегени деп сыпатлайды. Мен де бир туўылыппан, бир өлейин!

Бул суў, бул үки неше қарақалпақ қызын ийримине тартпады дейсең? Кегейлиниң Қуўанышжармадан өриниң Қызкеткен деп аталыўының себеби не? Қызкеткен, қыз! Мынаў қалтылдап отырған Жумагүл сыяқлы бир мөмин бенде! Ол да әрман менен бойын суўға таслаған. «Мениң сол қыздан нем артық? Хәр күнги азаптан қутылыўға жалғыз жол усы! Мейли, Қуўанышжармадан бержағы да Ийшан көпирге шекем Қыз кеткен деп атала қойсын!... Ким биледи? Өлгимди ким излейди?»

Тоғыз ай қурсағында көтерип, өмириниң жартысын жесирлик пенен өткерип «жалғыз қызым» деп жүрген ананы таслап кетиў! Түў! Қудай көрсетпегей! Жалғыз өзи кете ме, еки жан бирден кетеди! Анасы хожалығын бузбай кеткенде, не ушын кетти? Оның ойлағаны дүньяға енди келетуғын Жумагүлдиң нәрестеси!... Бағдагүл менен сөйлескенин есине түсирди... Ол Төребай менен Айтбайдың өз-ара әңгимелерин еситкенлерин айтып, «келешек жақты қусайды, Жумагүл, қапа болма!» деген еди. Соннан бери ол бираз нәрседен үмитленеди. Бағдагүл мени жубатыў ушын айтқан шығар деп ойлап қалады. Жоға... Ырас шығар дейди тағы да, бул әңгиме өтирик болса да, хәммениң аўзында... «үмитсиз шайтан». Бәлким иштеги нәресте бахытлы болар... Өзиниң маңлайы ашылыўыда қыйын болмас. «Жоқ. Буған исениўге болмайды. Ырас болғанда бурынғы байлар менен саўдагерлер, моллалар хәзиргидей күшеймес еди... Сирә алдында хеш нәрсе жоқ шығар!...» Үкини ойлмай хәлден кетип отырған Жумагүлдиң басындағы қыяллары әрре-тәрре... Қәйтсин, хеш ким ақылландырмаса, адам екен деп сырласпаса!... Ол усылайынша отырғанда бешпентиниң шалғайы музға қатып қалғанын да абайламапты. Және үкини теппекши болып, орнынан қозғалмақшы болғанда табжыла алмай қалды. Шалғайын муздан жыртпай алыў ушын хәрекет еткенин өзи сезбеди. Өлдим азарда орнынан турды. Бул ўақытта көз алдынан және анасы елеследи:

«Әй, қызым, ақылсыз болма, мен сени өлим ушын емес, өмир ушын туўдым. Мен сен ушын дүньяның төрт бурышын гезиўге таярман, сен өлме! Ишиңдегини ая, Картайған маған ойлассаң,



www.ziyouz.com kutubxonasi

мени таслап кетпе! Сен өлсең үш адам өледи. Мен де! Мени сен жерле... Қартайып күштен айрылған ҳалда панасыз қалдырма, перзентим!...»

«Перзентим!...»—Жумагүл бул сөзди сыбырлап айтқан менен оның есине тағы бир перзент түсти: «Апа, кеңесиң мақул, мен болмасам, сен де бир дийўана! Арқа сүйер кимиң бар, кимиң?! Төренияз ба? Ол дүнья ушын сени өлтирийўге таяр. Жоқ, жоқ!—деп Жумагүл музлаған қолларын көкирегине басты. «Өлимниң ертеси, кеши бола ма? Тиллесиў керек. Оның тек рухы усылай кеңес берип тур. Өзи, бәлким, жол ойлап табар. Мың қартайса да апа, апа!...» Ол усы ойы менен бийик жағаға қарады. Өзи пүткиллей ойға түсип кеткен екен. Айдың қараңғылығына қосымша тик жар басына төңкерилип, қулап кетежақ болып турғандай. Ҳәр жерде бир тынып, шоқалақларға асылып, ыраşқа шықты. Енди ол анасын қайдан табады. Төребай оны Шымбайдағы бир татардың үйине орналастырған. «Шымбай-Шымбай» деп еситип жүрсе де, оның қай бағытта екенин билмейтуғын еди. Неде болса анасын тауып алыўы керек. Жолы қайда? Белгисиз. Базы биреўлердиң «Чимбай қаласынан киятырмыз» дегенин еситкени бар. Олар аўылдың күн шығысынан өтетуғын гүзар жол менен арқадан келеди...

Ол ыраштан әстен түсип, сол жолға бағдар алды. «Айланышта болса жол жақсы. Жүрип отырсам ақыры бир жерге барып тирелермен, адамлар да усы жол менен келеди ғой» деп, жолға түскенше тәўекел етип шеңгилниктиң арасы менен киятыр. Бийшараның аяғындағы шерим етик, әсиресе үкиниң басынан шыққан соң түнги қақаман суўық пенен әбден келисти. Адымын сирә жиийилетпейди. Еңкейип етигиниң баслықларын алақаны менен ысып-ысып жиберип және жүреди. Аўылдан бир шақырым алысламай-ақ адасты. Қайдан жүрип, қайдан турғанын да сезбейди. Аўылдың арқасы ғой деп қубласына шығып кеткенин де билмеди. Қараңғыда көзи көрмей, гөне шуқанақларға аяғын тығып алып, оммақазан атып жығыла береди. Сонда да ол ҳеш жерде тыным таппаўды ойлады. Егер бир жерде аз ғана егленсе, денеси сиресип суўыққа қатып қалыўы турған гәп еди. Таң атыўға мейил берген сайын көзин азмаз уйқы қыса баслады. Жүрерге жол таппай, бир жүрип өткен жерине еки-үш келип, айналасы ярым шақырымдай-ақ урықлықтың ишинде жүрди де қойды. Үйине қайтып барайын десе, бурынғыдан дә бетер азап шегетуғынын көз алдына келтирди. «Ҳәзир Турымбет келип жатқан шығар, келген ўақытта теўип оятатуғын ада-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мының қайда кеткенин билмей, енди келсе соййын деп, қолына пышақ алып жатырған болыўы да итимал...»

Таң атып, әтирап жарықланаман дегенше, бир жерди панаалағанды мақул көрип, алдынан шыққан жантақ гүдиниң ығына барып жүресине отырды. Өткен күнги жумыстан, түни мененги жол таппай теңселиўден шаршаған дене кем-кем уйысып, бойы зилленди. Тамырлары шертилип кеткенине қарамай, жан айбаты менен барып жантақ гүдини бузып астына төседи. Соң үш-төрт пәттедей жантақты қапталына пана етип, бир пәттесин басына дастық етти. Жантақ тикенеги етине киргенин байқамай, ықтан пана тапқанына қуўанып буйықты.

Көзи сәл илингендей болып еди, бирден оянды. Қараса, үстин қар көмип таслапты. Қозғала алмады. Аяқ қолы сәррийин тоңып қалған. Басын көтерип, мойнын қыймылдатты. Қолларын сәл-пәл ҳәрекетке келтирип серменди. Сәл-пәл жибискен қоллары менен аяқларын уўқалап, бираз отырды. Бирақ саўтанақ жери қалмаған, сыйпаған жеринен тикен ала береди. Уйқысы қаңып қалғандай сезиледи. Әстен орнынан турып аппақ қарды шарлап алға жүриўин даўам етти.

Адымлары күтә тар, жаңа жүриске үйренген баладай қалтылдап, ҳәр аяғына батпан тас байлағандай, зорға-зорға көтерип басады. Мақсети ҳеш кимге көринбеў еди: мийи ғуўлап, арқаны, қубланы айыра алмай, күн сәскеликке жақынлағаи гезде барып гүзар жолға түсти.Жолдың ернеги менен әсте-ақырын жүрип киятыр. Қанша тоңып болдырса да, көз нурлары қәдимги қәлпинде еди. Көз ушында қар түслес ақ жорғаны шайқалта сүрип киятырған жолаўшыны аңғарды. Оған көринбей жолдың шетине қаймықпақшы болып еди, атлының бөктериўге ширенип шалқая отырыўы оған таныс сияқлы түйилди һәм оны биреўге мегзетти. «Қәйерде көрдим?... Ақсақал емес пе?». Оннан толық, семиз көринеди. Ол ақ атлының ким екенин айыра алмады. Атлы сеңсең постынды аўдарып кийип алған екен, ақ аттың үстине шубар қойды отырғызып жибергендей.

Жумагүл оны Зәрипбай емес пе екен деп те шамалады. Себеби оның, ҳаўа тегераң ығалланса, постынын аўдарып кийетуғын әдети менен бөктериўге шалқайып, зәңгиге ширенип отыратуғыны оған жаслайынан мәлим. Бирақ Зәриптиң қара мурты, қара сақалы бар қусаған еди. Ҳәзир бет-аўзын аппақ қыраў басқанлықтан аңлай алмады. Сөйтсе де әкем шығар деп дәмеленип, жасырынбағанды мақул көрди. Қанша тәкаббир болса да усы сапары ирейими түсер. Жек көрсе анасы Сәнемди жек көрип ажырасты. Перзентте не гүнә бар? Жазықлы бол-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғандай ҳештеңе ислеп көрмеген қызының усы сыйқын көрсе аяп, атына мингестирип, анасына қуўыстырар, бәлким, ерлиги тутып намысланса, азаплағанлардан пай әперер...

Бул жеке жолаўшы Жумагүлди узақтан көрнўден-ақ жүрисин өзгертип, аттың жылаўын оған қарай бурды. Аз күн болса да алақанда өскен перзентин танығанба ямаса жазыйрада жазатайым дуўшарласқан батпан қуйрықты мутқа миңгестириў, ушын қыялы бузылдыма, ол зәңгиге әбден ширенип, Жумагүлге жүдә жеделли жақынлады.

— Амансыз ба, қосшым!

Оның даўысын Жумагүл бирден таныпп:

—Аға, қолыңды бер?—деди суўықтан жарылып, қаны шыққан қос қолын теннен усынып.

Зәрипбайдың өңи өзгерип, жадыраған түсинде қан қалмады.

— Кимсең, сен?

Суўыққа тоңып қалтырап турған Жумагүл:

— Жумагүлмен ғой, аға, танымай турсаң ба?—деди зорға.

— Не дейди?! Мен... Мен... Эй, сен, не ислеп жүрсең бәдбақ?!

— Апамды излеп...

Ол Жумагүлдиң Маңғыт арасына узатылғанынан хабардар еди. Оны да сорап қуўдаласып, я қызының күн кеширип жүрисин менен қызықсынып билмей, Қутымбайдың үйине келгенде қозғалған әңгимеден аңғарған. Ол сонда сөз де қосқан дейсең бе? Бирақ ол қызының күйеўин қопал жигит деп еситкен еди. Сонлықтан Жумагүлдиң ҳәзир жападан-жалғыз, алба-далба жуқа кийимлер менен кетип баратырғанын, ишинен түсинсе де:

—Қәне,изиңе қайт!—деди ол ат үстинде қамшысын таўлап.

Әкесиниң ашыўлы келбетин көрип, қәҳәрли даўысын еситкен менен Жумагүлдиң оннан үмити зор еди:

—Аға, реҳим ет, перзентиң едим ғой...—деди жыламсырап.

Бай қызының жалбарыныўына қарап турмады. Үстине ат айдап бадабат сала берди.

— Қәне, жүр деймен!! Жүр!!

Бийреҳим бай қамшы силтеди. Оның қамшысы Жумагүлдиң ийниннен оратылып барып, қара бешпентпенен қоса гөне бөз көйлегин де қақ айырды. Әкеси қалай қамшы урса да, Жумагүл изине қарап қәдем қойғысы келмей, алдына қалаға қарай умтылды. Ийесиниң суўлықты тартып, жанбасқа урған қамшысына шыдамай ақ ат оның алдын орай берди... Бәри-бир, Жумагүл алған бағытынан қайтпады.

Ат оңға бурылса, ол солға, ат солға бурылса, ол оңға қай-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мығып, изде қалған аўылға қарай жүрпў түўе, бетин де қаратқысы келмейди. Зәрипбай оны атқа бастырмақшы болып, үстине дөнди де. Ҳайўан болса да үстиндеги адамнан ақыллы жаныўар, баспады. Ийесине «сен меннен де ақылсызбысаң, адамды басыўға неге ҳүким етесең» дегендей тумсығын аспанға көтерип, үстиндеги мийримсиз әкени жыққысы келгендей, тикке-тикке шапшыйды. Жумагүл базда аттың омыраўы астынан сытылыпшығып Чимбайға қараған қәлпинде алға жуўырады. Бирақ бай оннан сайын ашыўға минип, атты қапталлатып апарып Жумагүлди қамшы менен дөндирип-дөндирип жибереди де, алдын кеселейди. Қамшы тийген сайын Жумагүл шыйрақланады. Еки тобығын қысып жүргизбей киятырған шерим етик кеңейип кеткен тәризли. Денеге кирген тикенек орынлары енди сызламай-ақ, қамшы тили оны өрге-ыққа жуўырытты. Жуўырыўға да шаршағандай түри жоқ. Қамшы етин тилип өтсе де, мыңқ етип сес шығармады. «Әкеге қарсы сөз айтыў не деген дозақылық!...» Аналық кемпирдиң нәсиятын қалай орынламасын! Көзине жас та келмеди.

Зәрип қызының не ушын қарсыласып, бирақ аўыр сөз айтпай турғаны жөнинде ийнениң ушындай ойламады. Гүллән ойы Жумагүлди Турымбетке апарып қайтадан қосыў ҳәм Маңгытлардың жас үлкени Дүйсенбайдың үйиндеги кеңеске қуры қол келмей, «жесиримди әкелдим» деп те мақтаныўдан аўлақ емес еди... Өз қызының көз жасына көкиреги жибимеди. Өзин тислеп алатуғын қасқырдан кейин көрмей, аты жақынлаған гезде қамшысын бир силтеп, атының қаймығыўы менен айналып келип узақтан ура берди. Жумагүлдиң адымы өрбимеди. Ат қуўып жетеди... Мийи зеңип, енди ол өзиниң қалай қарап жүрерин билмей, еки қолы менен көзин қоршаўдан басқа илаж таппады. Ийегин тислеп жуўырыў менен болды, сорлы...

* * *

Турымбеттиң көп қыдыратуғынының себеби—«күнлик шилликтен» келгеннен кейин белгили шабарман болды. Геўгим түссе болғаны, я байдың баққысын минеди, я өз атына минип бир жақларға барып қайтады. Оның бул жүрисин бай менен тек Турымбеттиң өзи ғана билиўи тийис. Егер тис жарып биреўи болмаса биреўи аңсызда айтып салса, паш болатуғынын бай оның қулағына күн сайын ясыйын етип оқыйтуғын еди. Ҳақыйқатында ол аўылдың айналасынан онша қашықламайды. Қуптанда кетсе, ярым ақшамда келе береди. Баратуғын жери



www.ziyouz.com kutubxonasi

тек Ийшан қала еди. Бул жерде оны Нурымбет ахун ғана күтип алады. Баяғы таныcы. Қай ўақытта барса да, не әкелсе де, белгиленген орнында тайын ол.

Турымбет әдеп бул жумысты күтә үлкен қызығыўшылық пенен атқарды. Барады, қайтады. Апарады, бос келеди. Не апаратырғанын өзи де анық билмес. Себеби ғалы қоржынға бир нәрселерди байдың өзи салып, өзи аўызын гүржилеп береди. Қулып та урады. Гилтин өзи алып қалады. Оның екинши гилти тек Турымбеттиң алдынан шығатуғын ахунда ғана. Ол да көрсетпейди. Тек қоржынды ишке әкетип, босаған соң әкеледи. Турымбет жолда баратырғанда қоржынның сыртын сыйпалап, ямаса көтерип әпергенде аўырлығына қарап биресе азық-түлик, биресе кийим-кеншек шығар деп шамалайды. Бул ушын ол ҳақы сорап та жатпайды. Байдың бир ўәдеси есинде, сол орынланса ўассалам! Базда-базда сол ўәдесин байдың есине түсирип ыңғырыўлайды да.

— Бай аға, ҳаялымды көрсем қусқым келеди.

— Ҳәзир тоқтап тур. Тынық суўды көрмей_ылай суўды төкпеў керек,—дейди бай. Оннан соң екеўи де басқа сөзге айланысып кетеди. Соңынан соқта бөлинип, бес тартар басланады. Ойынға қызыққаны соншелли, Турымбет саралап алыўы керек болса да шыдай береди, шыдай береди.

Гейде далаға ышқырын услаўы менен жуўырып шығып, қораға кирип азмаз отырған соң, атларға көз жибереди. Басқа атлардың алдында беде үйилип жатқаны жатқан, көбинесе оның жалғыз атының алдында беде турмайды. «Мениң атым қорең-аў» деп ишинен ойланады да, байдың атларының алдынан бир қысым, бир қысым урлап, өз атының алдына апарып таслайды. Қайтып киреди. Тағы соқта ойыны даўам етиледи. Екеўиниң арасында дуз көзгир ушын базда шаўқым көтерилмесе, басқа сөз болмай, жерге тартып урған соқталардың ғана сести еситиледи.

Бай Турымбетти ута ғойса болғаны, күтә масқаралап азабын берип, үстине төнеди, жаўырнына урады, я лобпық алады. Турымбеттиң тек қызарғаны болмаса, байға қарсы сөз айтпайды. Егер ута ғойса «сиз де ойнайтуғын бедиңиз?» деп тийдиреди де, соқтаны қайтарып бөле береди.

Өткен ақшам Турымбет көп утылды. Оның бир қәсийети усындай жағдайда үйине қайтпай ойнайды. Ойынның басында бир рет утып еди. Қайтып даўы жүрмеди. Ойын созылып кетти. Ойыннан шаршаған гезде екеўи еки көпшикти алып, басларына дастаныўы менен қолларын таррашлап көкирегине қойып, ас-



www.ziyouz.com kutubxonasi

панға қарай шалқасына жатып дем алады. Және баслайды. Бир ўақытта бай қурылдап уйқыға кетти. Күн аўғалы утылған жигит оның мазасын алды.

— Тур, жас үлкен, ойнайық!

— Турымбет, шаршапсаң, иним. Үйиңе барып дем ала ғой.— деп бай қайырхомлық еткен болып басын көтерди.

Сөзин сындырып көрмеген бай ағасының бул гәпинен кейин отыра алмады.

Желбегей салған қара түписин басына бүркеўи менен асығып үйине келсе, қапы ашық. «Ҳаялым бузылды ма екен», деген қыял басына сап ете қалды.—Айтбай менен ым-жымы бир екени ырас болды ғой, нағыз үстинен келдим, кемпир де уйқышы, билмей жатырған болыўы керек. Заңғарды тутып ғана алайын...» Аяғын ғаз-ғаз басып кирди де, иштен тәмби басты. Қалтасынан күкирт алып, шүтик шырағa тийгизип жиберди. Кемпирдиң қорылдысы тап биреў шалып атырғандай, Жумагүл жамылып жататуғын гөне бөз көрпе шиңгирик төсектиң үстинде үйилип жатыр. Көзи уясынан шығып аларып кетти. Көп ойланып турмастан, қонышындағы сары ала сүйек саплы пышақты суўырып, қынынан алып алақанына жаңып-жанып жыберди де, өзи ушын бөлек салынған төсекке кирип жатты. «Усыннан келсе, ҳәйле-пәйлесине қаратпайман. Кимниң көзине шөп салып жүр, бул ешектиң туўғаны». Әдеўир ўақытқа шекем шыраны да өширмеди...

Азанда кемпири басын шайқап, шаўқым салғанда ғана көзин ашты.

— Неўе өзи?

— Келин жоқ, қашып кетипти! Түрөс!—Кемпирдиң де, баласының да көзлери алақласты.

— Түни менен келмеди ме?

— Түнде өзиң қуўып жиберген жоқпысаң?...

— Ҳаў, ҳаў!..—Турымбет албырап, Жумагүл төсектиң астында қалғандай, көрпесин, төсек кийизин арман-берман ылақтырды.

Екеўи қанша даўырық салса да, түсер пайда жоқ екенин соңынан сезип, Турымбет жуўырыўы менен Дүйсенбайдың үйине келди.

—Бай аға, биздеги келиниң кетип қалыпты!—деди ол асығыс пишинде.

— Иним, шаршағаның еле басылмапты. Кеше саған дем ал дедим гой. Дем алыўың керек. Жүрегиң бунша неге шәўкилдей береди. Несине қыйналасаң? Өзиң жиберемен деп жүр едиң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Енди кетип қалғанына сонша ҳаплығасаң, ҳаял деген малға келеди ҳа, ҳа, ҳа!

— Бай аға, билесең бе? Өзим жибериўим керек еди. Енди қатынды қәлемей қашып кетипти деп журт айтады. Онын үстине анаў-мынаў адамның қатыны өзлигинен кете ме? «Бела жоқ» екен деп кетсе, не қыламан? Журтқа даңғара қылып жиберсе, сонысы жаман аў! Уай! Уай!

Бай Турымбеттиң сөзин бөлип селк-селк күлип сөйледи.

— Жассаң! Жассаң!

Олардың үстине Гүлбийке кемпир де сөйленип кирди.

— Ҳаялдың бири өзим. Қамысты бос усласаң қолыңды қыяды, деп ата-баба бийкарға айтпаған. Жети күнде бир таяқ урып турмаса, ҳаял байым жоқ деп жылайды... Бул қатын тап усы аўылда биреўдикинде мәзим қурып жатырған болар. Илажын етиңлер! Илажын!...

Дүйсенбай күтә суўық қанлылық етти. Кемпир даўырық салып кирсе де, ол албырамады. Басын төмен алып, бираз ўақыт отырды да, оған көз аўдарды. Онын ала көзлериниң ҳәр бири алақандай үлкен, бирақ дөп-дөңгелек еди. Ақ ене баслаған қалың қаслары керилип, шоттай дүнки манлайы үйилгенде, кемпир дизесин бүгиўге мәжбүр болды.

— Шаўқым салмай сабыр етиңлер!

Турымбет көз астынан байдың келбетине қарап еди. Онын сақалы ағарса да, өзгермеген қызыл жүзинде бир түрли ойланыўшылық белгиси бар. Көзлери сүзилип, маңлайына жыйрық пайда болыпты.

— Қысынба, иним!—деди бай Турымбетке қарап,—асықпаған арбалы қоянға жетеди. Пәкизе тынығып, усы жерде дем алып жат. Ҳаялың кешке шекем үйине қайтып келеди.

Турымбет қорқайын деди. «Асықпасы неси? Кешке шекем оны қайдан таўып келеди? Мени ҳәр күни түнде иркип, биреўге байланыс жасатып жүр ме екен өзи,а? Кейинги қуўыс көринеди. Биреўди жиберсе, кешке таман қайтып әкелдирер де қояр. Енди мәкириўге айланған жоқпа бул ҳаял?»... Усы ойлар басына келип кеткенде, қаны қызып, ети жуўлайды. Және: «байдың өзине қусап суўық қанлы болайын. Ақыбети не болар екен» деп ойлады да, шыдады.

— Ҳаял!—деп даўыслады бай.

Бийби жуўырып кирип келди.

— Әбдини шақырып жибер.

Түрписи жағал-жағал болған тилким-тилким қылқа тойлы,



www.ziyouz.com kutubxonasi

орта бойлы, Әбди кирип келди. Ол бурынғы тартыншақлығын қойған ба, иркилмей төсекке шығып отырды.

Турымбет бурын талай мәртебе көрип жүрсе де Әбдиниң үсти басына және бир мәртебе қарады. Аяғындағы шерим етигиниң қонышы отқа бүрисип қалған, сонлықтан жуўан балтыры сыймай, етиктиң қонышын тилипти. Сыртынан кендир жип пенен байлап қойыпты. Қылқасының да жаўырынындағы тигиси сөтилип кеткен. Буны Турымбет қылқаның гөнелигинен емес, жигиттиң кең жаўырынлығынан деп сезди.

— Қонсылық иретинде өтиниш,—деп бай Әбдиге мойнын соза тикленди.—Ҳәзир мынаў Турымбеттиң атына минип, ҳаялын таўып қайт...

Турымбет атын басқа биреўдиң минетуғын болғанына ишинен қыйналса да, сыр бергиси келмеди.

Әбди бул байдың бурынғы дийханы еди, соңғы гезде еркине кетип, оның айтқанына мойынсынбайтуғын еди, қоңсылықты ортаға салған соң ба, сес-семерсиз шығып кетти.

— Әне питти,—деди бай Турымбетке.—Ағаң барда, арқаң тамда. Мениң қолтығымда екенсең, қор болмайсаң. Бул қолтық сендей жигиттиң он-он бесине пана болады, қосшым,— деп ол ғарық-ғарық күлди.—Ҳаялың кешке шекем үйиңе келсе болғаны емеспе саған-ә?

Турымбет байдың сөзине ишинен ырза болып, езиў тартқан менен кеўили алба-дулба еди; «Меннен усы Әбдисин қалдырмайды. Ҳаял әкелерде де усы Әбдини қосты, және Әбдиге излетип отыр. Бул бай араға түсип бир ҳаял менен екеўимизди де алдап жүрме екен? Тап солай. Баяғыда неге усыған мингестирдим мен? Бәлким, Әбди бир жерге апарып қойған шығар, еледе байдың өзи «келин-келин» деп байланысып жүрген болмасын...» Бай Турымбеттиң сум қыялына түсинсе керек. Оның кеўлин басқа жаққа бурғысы келип мақтана баслады.

— Баяғы бир жылы бизиң үйге ҳәзиргиден бурынғы ақсақал келип қонды,—деди ол малдасын қурған қәддинде көпшикти баўырына басып.—Кеште мал сойып ҳүрмет еттим. Табақлас болып, қолымды жаңа табаққа ура бергеним «қолың кир екен» дейди маған. Ҳақыйқатында қолым кир еди. Мал тутып, оған хызмет еткен адамның қолының кири кете ме? Қолымды да шала жуўған екенмен, абайлап қарасам, бармақларымның арасына суў бармапты. Сонда да ақсақалдан басылайын ба: «Ақсақал аға, қолымның кири болмаса, бизикине келмес едиңиз» дедим..



www.ziyouz.com kutubxonasi

Турымбет сөздиң мағанасын түсинбесе де, алақанын қоңыншына сарт еттирип урып күлди.

— Ырас-аў!—деди бай Турымбеттиң күлгениннен мәзи-майрам болып шадланып.—Қолдың кири деген сөз—байлық деген сөз. Жыраўларда сол ушын «мал деген бул қолдың кири, жуўсаң кетер бир күни» деп жырлайды. Дурыс емес пе, Туреке?

— Аўа, ага, аўа,—Турымбет қайта-қайта басын ийзейди.

— Ақсақал да бәле екен заңғар! Гәпиминиң астарына түсинип шақақ атып бир күлди де, табаққа қол ура берди...

Олар түске шекем далаға шыққан жоқ. Соқта да ойналмады. Ешейинде «кел ә, бир қол ойнайық» деп сандығынан соқта алатуғын бай Турымбеттиң тыныштын алғысы келмей, жамбаслап жатты. Турымбетке тағы бир мәртебе дем алыў керекли-гин, бүгин кеште Ийшан қалаға барып қайтыўының зәрүрли-гин ескертти.

Бийби түски аўқатын бериўдиң алдында қол жуўдырыў ушын мыс қуман менен шылапшынды жаңа алып киргени, Әбди аяғын дик-дик басып, ашыўлы түси менен үйге кирди.

— Сизди биреў сорап тур далада.

— Ким өзи?—деди бай қолын жуўыўға умтыла берип.—Кире берсин!

— Билмедим, өзиңиз хабарласып билерсиз.

Бай гүписин ийнине желбегей салып тикейди:

— Яқшы, өзим шықпасам болмас.

Зәрипбай ат үстинде жымыйып муртын сыйпап тур екен. Қораның аўзында Жумагүл көлбеп жатыр.

— Мынаў сендеги келин ғой!— деди Дуйсенбай өзи менен қосыла шыққан Турымбетке.

— Қашып баратырғанын билип, усы аўылдың жесири шығар деп әкелдим. Қамшының зоры менен жортып келип еди. Ҳәзир жығылды,— деди Зәрип аттан түсиўге ыңғайласып.

— Әй жүзи қара залымлар,—деди де Әбди Жумагүлдиң қасына барып басын сүйеди.—Бийшара Жумагүл, Жумагүл... Не жазығың болды екен...

— Зәреке жора, нағыз серли адамсаң-аў. Ериннен қашқан қатынды түринен таныў—бул анаў-мынаў жай адамның иси емес. Турдым ғайратыңа!..

## 19

Дүйсенбайлар ишке, киргеннен кейин көп ўақытқа шекем қайтып шықпады. Турымбет өз ҳаялын таныса да, бас қосқан



www.ziyouz.com kutubxonasi

өмирлик жолдасым еди, бийшараға обал болды -аў деген гирттей аяныншы қыялында пайда етиўди де билмеди.

Үлкен ис питиргенин миллет етти ме, Зәрип пшке ғоддаслаўы менен кирди. Қамшысын жыңғыл қазыққа илдирип, сеңсең постынын төрдеги кесе сырыққа таслап, шиймақпал бешпенти менен үйиле-төгиле отырды. Қаладан шығарда шаштәрезде болғаны белгили болып тур. Тулымлықтың тусынан баслап бир ели қара шыт пенен жағын таңып таслағандай, сақалы сып-сыйдам. Муртынын ушы да қырқылған, үстиңги ерни қыпқызыл.

Дүйсенбай қайта-қайта ушып қонып, қонағы шешкен кийимлерди қайтадан ҳәр жерге илдирип жүр.

— Зәреке, соңғы күнлери көриспей кеттик.

Қонақ пенен үй ийеси не десер екен деген қыял менен Турымбет алдына сәл жылысыңқырап малдас қурынды. Тамағын қырынып, үлкен мурнын қысып-қысып қойды. Жасы киши күгә өр көкирек, парықсыз болса, қайсы жасы үлкен унатады? Әсиресе көкиреги өскен ҳәм ҳәмме жерде ҳүрметке ийе болып жүрген жасы үлкенлерге бул қорлық! Зәрип Турымбетке үйинки қабағы, төңкерилген ала көзлери менен қарап сорады:

— Иним, әкен барма?

— Әкеси жорам еди,—деп үй ийеси қонағынын кеўлинә түсинип Турымбет ушын жуўап берди.—Әкеси алланың қарызын питкерип, тәғдир болғанына жети-сегиз жыл болып қалды. Соннан соң малдас қурынып отыра береди.

— Онда зыяны жоқ.

— Бул жигит бир есаптан сизиң күйеў балаңыз.

— Ҳым,—Зәрип гүзем ғунанның жалындай теп-тегис тикирейген сақалын сыйпады.

Қонақтың жақтырмағанлық пишинин сезген Турымбеттиң аўзы ашылып, ортан бармағынын тырнағындай сарғыш үлкен азыў тислери көринди. Қалың еринлери түрилип, жайлы-жайына кетти. Ол өзинин бул кисиге қандай күйеў бала екенин түсинбейтуғын еди. Таңланды. Соңынан бойын бир қуўаныш биййледи; Бай қыз әперемен дей беретуғын еди, қашшан ғамымды жеп жүр екен-аў. Меники әдепсизлик болыпты. Әўелден неге бир дизелеп отырмадым, әй, сор басым! Усындай пешенасы келискен, маңлайы жети қарыс адамға күйеў болсам, песине пушайман етемен. Пай, пай унамай калмасам болғаны...» Ол қайтадан қозғалып, көзаба ушын бир дизеледи.

— Әне, енди жарайды,—деди Зәрип. Турымбет тап үш-төрт жасарбаладай-ақ мардыйып, бурынғысынан да тикейип әўкий-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ди. Қонағының не айтпақшы болғанын түсинди ме, үй ийеси оны қошеметледи.

— Өзиңиз күтә киши пейил адамсыздағы, кеш болса да, сыйлаған адамды унатасыз. Ҳақыйқатында да бизиң Турымбет сондай жигитдағы, бәрине түсинеди. Беттен алмайды.

Турымбет оннан сайын жыйнақласып отырды. Бирақ сөйлемеди.

— Бул жигитти таныстырайын,—деди бай қонағының ишки сырына түсинип.—Аты Турымбет. Қысқасын айтқанда, мениң ең жақын иним. Былайынша балам десем де болады-аў!... Әкеси өлгейли қыяметлик жорам еди,—деп Турымбеттиң әкесиниң атын айтып еди, Зәрип оны танымады. Сонда да байдың тилиниң астында бир нәрсе жатырғанын түсинип басын ийзеди:

— Ойбой, ол киси менен арамыздан қыл өтпейтуғын еди. Бизикине бир барғаныңыз есимде,—деди Зәрип.

— Ҳе, ҳе берекет тап. Өзиң бир жағын билесең гой. Жақсыдан жақсы туўады деген ырас екен. Турымбетжан әкесинен де артық болып туўылды. Усы баланың ақыл-ҳуўшына қуўанып, қолымнан келгенинше пешимди жаўып жүрмен. Өзим үйлендирдим де. Жаңағы сиз айдап келген келиншек усы баланың келиншеги. Анығында ол сизиң...—бай усы жерде, тили қурғырын зорға иркип қалды. Қапылып орны болмай шықса қанша нәрсе уттырыўы мүмкин! Бундай «бийәдеп» қыздың әкеси екенин Зәрип мойынласа не жақсы?... Ойлаған жеринен шықты. Зәрип оның не айтайын деп киятырғанына түсинип, шырайын өзгертиўи менен, терис бурылды. Дүйсенбай көбирек бийорын сөйлеп баратырғанына өкинишли еди. Өз ўақтында илаж етип, өзин иркип қалғанына қуўанып, абыржығанын билдиргиси келмей, желкесин қасыды. Усы мәўлеттен пайдаланып ол ойланып та үлгерди. Өзгелерге сыр бермеў ушын бир сөзин еки айтатуғын тутлықпа кисиге усады да, даўам етти;

— Сизиң, сизиң... алдыңыздан, алдыңыздан... шыққаны жақсы болған екен. Мусылманшылықтың бир шәртинде—жесирди елине әкелиўдиң парызлығы жазылған дейди. Пай, өзиңиз бир күтә қайырқом, теңи жоқ адамсыздағы.

Үй ийесиниң қонаққа жағымпазланыўы Турымбетке унамады. Қалай унасын! Берген ўәдеси бар: Жумагүлден оңлырақ, көргенли, бардамлы қыз әперилўи тийис... Турымбет геўкийген мурнын горқ еттирип, ишине тартып еди, кейипи ушып кетти ме бай тисиниң арасынан зытқытып түпирип жиберди.

— Мынаў жигиттиң жаңағы келиншектен қәйери артық!—деди Зәрип бир дизелеп жағын таянган Турымбетке қарап. Ту-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рымбеттиң ашыўы бетине шығып, қаны жүзине жыйналып, қызарып сала берди. Ол бул сөзге шыдамай бир демде кетиўге де қыялланып еди, Дүйсенбайдың сөйлеўге қолайланып көтерилип басылғаны оны ериксиз иркип қалды.

— Бул жигит,—жигитлердиң сейдини,—деди үй ийсси Турымбеттиң кейпин аңлап.—Өзи оғыры мәрт жигит! Сиз, бәлким, билмейтуғын шығарсыз. Қысқасын айтқанда, ҳәзирги ең ақыллы, төрели деп маңлайға тартып атырғанлардың бири. Нөкердағы, нөкер!...

Келгели берли жазылысып сөйлей алмай Турымбеттиң шығып кеткенин мақул көрип отырған адам бирден өзгерди.

—Сынап атырман. Ҳақыйқатында да жигиттиң нағыз бий болыўға қолайлы екен. Гейпаралар шонтық келеди. Көрдиң бе, сөздиң ақыбетин тыңлап, масайрап отырыўын. Шыдамлылық ҳәр кимнен табыла бермейди.

Бир қолына чайник, екиншисине дәстурхан алып кирген Бийбиниң Турымбетке көзи түскенде, тап қорқынышлы «әзирейлини» көргендей титиркенди, бирақ өзге қонақ алдында өзин найлаж тутты ҳәм кейин бәсип шығып баратырып оған жумыс тапсырды;

— Қурдас қәйним, азмаз отын майдалап бер.

Жигит үй ийесине, қонаққа бир жалтаңлап, бир қолын қапталына таянып түргелди.

— Өзиң неге айырмайсаң?—Дүйсенбай ҳаялына аларып бир қараған пайытта қонағы оның шалғайынан түртип қалып еди:

— Енди бара ғой, қосшым,—деди ол және Турымбетке.

— Сен, бәле, ҳаялды таңлап алған екенсең.

— Өйтип мақтанбай-ақ қой. Сеники күтә сулыў, қумырсқа бел деп еситемен. Биз де қалыспаспыз,—деди Дүйсенбай.

Олардың арасында күлки көтерилди.

— Дүйсеке жора,—деп Зәрипбай үйреншикли әдети бойынша муртын сыйпады.—Қудай өзиңди ақыллы етип жаратып мал берсе, оны орнына жумсаў лазым. Ал Қутымбай бул жағынан жүдә пәс екен. Қамыт ағаштай биреўге үйленип еди, енди күнде бир ўақыт бармақ бүгип, малын санайды да жүреди...

— Мениңше бизлер екеўимиз ақылға келгенде бир-биримизди қойыспайды екенбиз. Өйдегеним қыялымыз арқан ескендей биригип кете береди. Мен тек бир нәрседен қорқаман. Соңғы гезде жалаңаяқлар бираз пәтленип баратыр. Мақтумқылының:

«Орақшы бег болар беглер орақшы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Журтқа ҳәким болар қойшы, дузақшы»—дегени келмесе болар еди.

— Ҳеш гәп болмас. Елиңниң аўыз биршилиги жаман емес пе? Бүгин усы жерге Тәжим мурттың өзи келмекши.

— Буўза-жара баратырған ҳеш нәрсе болмаған менен усы жалаңаяқ жарлылардың кеўиллери әллеқандай өскин. Төребай дегенге аўылдың жас жигитлерин сонша қарсы қояйын деймен, сирә қойылмайды. Ал бурынлары бундайды ислеў оңай усаған еди. Айтбай «большой» болса кемпир-ғаррысы себепли көпәса далаға шығалмайды.

— Елиңниң ойлы-шуқырын өзиң билесең, сол ушын ойланып көре бер. Мениң ойымша, бир-биримизди қас қақпай-ақ алыстан түсиниў ең баслы нәрсе...

Әбди Жумагүлди ҳәмеллеп сүйеп ишке киргизип, Бийбиге тапсырып кеткен еди, жыллы жерге келген соң Жумагүлдиң бойы жылып, қәддин тиклеп көзин ашып бир қырынлап жатыр. Турымбет балта сорап усы асханаға киргенде, ол шығып кетежақ болып турды да, және оны көрмеген киси қусап бир қырынлап жатты.

Қонаққа қой сойылған екен, қәпелимде Бийбиниң де машқаласы артып кетти; ишек-қарын тазалаў, гелле үйтиў... Басқа биреўдиң сүңгип мийнет ислеп атырғанын көрсе, араласпай тура алмайтуғын Жумагүл әстен турып қурдасына көмеклесиўге мәжбүр болды. Кешқурын гүртикке қамыр ийлеўге жәрдемлести. Қонақлардың үстине ким келип, ким кетип атырғанының ҳәммесин Бийби арқалы билди де отырды. Ал Тәжим мурттың келгенин еситкенде төбе шашы тик турып, оған хызмет етпеў мақсетинде кетип қалмақшы болып көрди. Өйткен менен кимниң жылқысын айдайды? Неге сүйенип мойынтаўлық етеди. Мурттыи жек көретуғынын айтайын десе, Бийбиден де тартынады. Бурын сырлас қурдасы болған менен байдың ҳаялы болған соң өзгерип кетсе не қылады Сөйтсе де зуўалалаған қамырын жайып атырып, оны сынап көриўди ойлады.

— Бийби, қудай көпсинбесин, сенин бақытың ашылған ғой.

— Несин айтасаң,—деп күлди ол.—Сырттан қарағанда, солай көринетуғын шығар, мениң басыма бергенди қудай бендеге бермегей!

«Қашан көрсең жыланады... Маған қусап күнде дүрсилдеген таяғы жоқ, күнликке кийип жүргенлерин мен жыйынлыққа таба алмайман. Әй, қудайым-ай, ҳәр кимге питкен бир минез. Есигинде жумсағандай адам бар. Биреў отын майдаласа, биреў от жағысады...»



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жумагүл суўық демин алып, еки алақаны менен оқлаўды қорекетке келтире берди. Ал, бир нәрсе деўге күнлегендей болар деп үндемеди. Бийби қазандағы сорпаның дузын татып көрип, оған усынды.

— Аўызымның дәми жоқ,—деди Жумагүл шөмиштеги сорпаға тилин тийгизип.—Өзиң көр!

Шыра жанып дәлиздеги кирип шыққан дүрсилди басылған соң, Жумагүл далаға шығып еди, қонақлар отырған бөлмениң қапысы пышақ арқасы ашық екен. Үңилейин деп иркилип турды да, және қорқып, аяқларын ғаз-ғаз басыўы менен сыртқа шығып еди, зеңирейген биреў тур екен. Қасына жақынлай алмай, асығып қайтып кирди. Ол адам Жумагүлдиң шыққанын да, киргенинде сезбей қалды. «Не сыр бар? Буны қараўыл етип қойған ба?» деди ол өзинше. Бул жөнинде Бийбиден сораўға және бата алмады. Қонақлардың үстине сорпа апарып келген Бийби Жумагүлге:

— Турымбет кеткен бе деймен, жоқ ғой,—дегенде барып, оның жүреги силкип кетти. «Жаңағы даладағы сәррийген геўде тап соның өзи екен ғой. Қудай жарылқап көрмегенин айта бер. Егер көрип қалып қараңғыда белсап пенен салып жиберсе, не шарам бар!...»

— Далада биреў тур. Сол емес пе екен?...

—Ҳә, ҳә,—деп сыбырланды. Бийби.—Сырттан қонақ келсе, әдетлери бирдей усындай. Тамаққа қараўыл қойып жейди. Бул дәстүр қарақалпақтың ата жолында болмаған. Мен келгели ме, билмеймен, усы үй сондай. Байдан сорайын десем аўзымды жулып алғандай етип: «Сениң не жумысың бар» дейди. Соннан соң мен де үндемеймен.

— Жасырын сырлары бар шығар.

— Билмесем, Тәжим мурт деген бәтпешер киси бәрҳәма түнлетип келип, түнлетип кетеди.

— Бизиң үйдеги есиўас не питиреди?—деди Жумагүл қолайлы ўақтын таўып.

— Билмеймен, ақшам қонақ келсе, сол бийшараның өмири далада өтеди. Аяйман да.

— Шақырмай ма үйдегилер?

— Неткен-ә? Тек есабын таўып келип, бийшара тамағын тойдырып алады.

Қандай сыр бар? Оны Бийби де билмейтуғын еди. Жумагүл баз-баяғы түсинбеди. Бирақ, оның көкирегинде әлле қандай гүдик пайда болды. Сойылған қойдың геллеси табақтың үстине салынып, ишке апарылғаннан кейин Жумагүл және дә-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лизге шықты. Қапының саңлағынан «сизден болсын, әдеп сизден болсын» деп Зәрип пенен Тәжим мурттың һәл салысын атырған даўысын аңғарды.

— «Душпанның қулағын усы қулақтай етип шайна.. мә саған, мийин мынадай қылып шуқыла...»—үй ийесиниң устағанды өзи тақсыйымлап атырғанын байқады. Душпаны ким, ол және түсинбеди.

— Большойлардың шекеси усылай айрылсын!—усы сөзге қосыла ғырш етип сынған сүйектиң сести еситилди... Дәлизде көп тура алмай Жумагүл ишке кирди.

—Құрдас, бағана мени әрмансызсаң дедиң-аў,—деди Бийби қонақлар тынышланған соң жайласып отырып.—Меннен әрманлы жоқ шығар. Бул үйдиң машқаласы аўыр. Һәр адымым санаўлы. Үлкен ҳаяллардың мүжигени мен. Ең үлкенимиз төркинине кетип еди, еле келген жоқ. Өзи жүдә бир қатал адам. Ортаншымыз бенен татыў болсақ та, күндестиң аты күндес. Усындайда бар жумысты маған аўдарады. Бай үшеўимизден де гүман етеди. Биреў менен сөйлесе қойсаң, дәрриў соған жетеди, қайсысының жеткеретуғынын билмеймен. Ишқысталықта өлетуғын болдым. Оның үстине ғарры адам менен қосылып, жаслығымды босқа жиберип атырғаныма иренжиймен. Ертең бир күннен қартайсақ, не көрдик деймиз...—Бийби зарланып аҳ шеккенде көзинен аққан жас алдындағы сорпаға тама жазлайды.

Жумагүл төмен қарап жер шуқланды.

— Гейде үйге сыймай кетемен,—деди Бийби сарсылып.— Ишегимди биреў тырнағандай жүрегим айныйды да турады, базда қосық айтқым келип жарыла жазлайман. Әкениң үйинде билмейди екенбиз... шәрияттың бизлерге бунша қаттылығы неликтен екен-ә? Қыз ўақтымызда да жүрис-турысымыз санаўлы, түнде далаға шығып қатар-қурбы менен бир шарықлап ойнамадық. Күйеўге шықсам емин-еркин жүрермен дейтуғын едим, қайта аяғымызға қыл шылбырдан тусаў салынды. Уҳҳҳ!!

— Бир жола суўға барганда қосық айтқан екенсең, еситкенлер даўысыңа тәсийин қалысады...

— Есимде жоқ, айтсам айтқан шығарман...

Қонақлар иштен тәмби басып жатып қалғаннан кейин булар да шыраларын өширди. Бир аўылда болғанына қарамастан бир-бирине ишки сырларын айта алмай, көрискен жерде бирбириниң қайғысын көз жанарларынан аңгарып тарқасып жүрген еки қурдас пәтикке қонақлаған жуп қумырыдай ғуғырласты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әбли қыздай бир жигит екен, байдың ағайинлери емес пе?—деди Жумагүл.

«Сезикли секирер» дегендей, бул сораўға Бийбиниң денеси түршигип, ҳаўлығайын деди.

Әңгиме үзилди. Жым-жыртлық узаққа созылды. Бийби Жумагүлдиң ойланып қалғанын сезип, қыстастырмады, өзи де әлле қандай шешимге келип сонысын ортақласайын деген ниет пенен ой үстинде көпшигин баўырына басып, дүс төменинше жатыр.

— Жумагүл-аў,—деди ол әллен ўақытта,—қудайдың өзи кеширсин. Жүдә жаслай келгенликтен ҳеш нәрсениң мәнисин билмейди екенмен. Сүйиўшилик дегенниң мәнисин енди түсинип киятырған қусайман. Әбдиниң өзи кәмбағал қоңсымыз, бирақ илаҳийда зор жигитпе деп шамалайман. Көрсем баўырым ерип-ерип турады...

— Өзи бир күтә кем сөзли, киши пейил, орасан сабырлы жигит болыўы тийис. Мени әкелиўге барғанында да мен мингесип келдим ғой. Жолда маған бир аўыз орсақы сөз айтқан емес. Мениңше кисиниң көзине шөп салатуғын, кисини алдайтуғын жигиттиң түри ондай болмайды. Басқасын өзиң бил. Биринши көргенимде Турымбет мағанда унап еди, еле унайды, бирақ азабы жүдә жаныма батады, ендиги жағында хожалық болыўымыз қыйынға түсер ме деп қорқаман. Сен де алжасып жүрме әйтеўир.

— Заманның қалай дөнип баратырғанын да түсинбейди киси. Әбдиге салсаң, ол бөрин аңсатластырады. Қәдимги еркеклердиң суўдыр сөзи ме деп киси исенбейди де.

— Ол айтқаның дурыс-аў. Ҳақыйқатында, балажан, жақсылық болар ма деймен. Көбинесе мениң оң қабағым тартады. Жақсы-жақсы түслер көремен. Алдым күндиз дейин, бир жола еки жағыма еки қанат байлап шарықлап ушып жүр екенмен.

— Мен де түсимде талай мәртебе ушқанман. Бирақ бир нышанын көрмедим. Кемпирлерге жорытсам, бахытлы боласаң, ул-қызың көп болады дейди, усындай гөр гүмрашылықта ул-қыздың не пайдасы бар?

— Бизлер апам екеўимиз сонша жыллар қаңғырып, әпталалықтың барлық түрин бастан кеширип едик. Дийханларға мутқа жер үлестириў дегенди көрген емеспиз. Ал, соңғы гезде байлардың өзгерип баратырғанын абайлап жүрген шығарсаң. Ақыбети қалай болар екен?

— Басың искен екен, Жумагүл, жер берсе берер, бәри бир бай менен жарлы теңлеспейди ғой, бизиң үйдеги байдың ай-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тыўына қарағанда, олардың теңлесиўи деген болмаған гәп. Пешенаға жазылғаны бола береди, бай, бай жолы менен, жарлы, жарлы, жолы менен. Ал теңлесе қойсын-ақ. Сонда бизлер, ҳаяллар не қайыр көремиз? Еркеклердиң баяғы урыўы, баяғы сөгиўи болатуғын шығар. Усы бизлер не жақсылық күтип жүрмиз?...

Екеўи де жуўап таппай нақолай жағдайға түсти. Жаралы қос жүрек бир-бирин қайтип жубатыўдың жолын излеп ойланыў менен жатты. Сыртта қар жаўа баслаған еди, өз ойлары менен бәнт болып сырттағы ҳаўа райын билиў ушын олар әйнекке де қарамады.

* * *

Биреў үзбестен ун елеп турғандай майда қар түни менен тынбай жаўып тур еди. Ҳаўа райы қәпелимде өзгерип, үпелек қар таңның алдында буршаққа айналды. Әтирап булағайланды. Зәрипбай ерте турып далаға шығып еди, қайтып кирип бийғам жатырған қонақлардың арасында бирден абыржыў басландырды.

— «Қарлы күни қарма» дегендей, жата бермесек болатуғын емес, бир булағай дейсең, қоя бер.

— Бул жерде ярым мезгил шыдаўға болмайды. Күн шықпай кетиў керек,—деди Тәжим мурт дастығының астынан наспай шақшасын излеп.

Үй ийеси қайсысына қосыларын билмеди; кете бериң деўге күнниң ала сапыраңында олардың жүриўи қыйын, ал бола бериң деўге Тәжим мурт асығыс.

— Муз болып қататуғын суў емеспиз, қәне, кийин—деп мурт түргелип кийимлерин түўеллей баслады.—Кетиў керек. Ҳәр кимниң көзине көрине бериў кәжет емес.

— Онда өзиң кете бермесең.

— Не дейди?! Ҳаўа ырайын бәнелеп ақшамғы ўәдени бузбақшымысаң? Әне, бизлер усылай етип ыдыраймыз.

— Қудай шебине қараса, не қыласаң ақыры?

—Зәрип, қойсаңшы сондай патыратты. Қудай биз ушын шеп емес. Қуда қәлесе, бәри орынланады. Әй сен, Дүйсенбай,—деп ол үй ийесине бурылды.—Турымбет оңбағанның аўзына беккем болсын!...

— Ғам шекпен!—Дүйсенбай орнынан тикейип, мурттың керегеге илдириўли қатарын әперди.—Өзиң де шегелеп жиберипсең гой, мениң менен де сырласпайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бешатардың оқлаўлы писенлери толы қатарын белине буўып, Тәжим мурт сыртынан гүписин кийди. Жағаларын дүзетип, селкилдек қара шөгирмесин силкип, бир қолы менен екиншн қолының алақанына урып-урып кийе сала, басын қалт-қалт еттирип қыймылдатты. Гүписиниң шалғайын қайырып жибереп, ишки қара шиймақпал бешпентиниң қалтасынан сары насыбай шақшасын алып, жоқары ийек көтерип аўзына қуйды.

—Қәне, бол. Бийге жүйесең бе, жоқ па?

Ол кийинип ҳәзирленгенинше, еле қайтыў нийетинде болмаған Зәрипбай бийилаж қозғалыўда.

— Бол, бол!

Зәрип шаққан кийине баслады. Көк шиймақпал бешпентиниң сыртынан ақ белбеў менен белин буўынып, оның үстинен гөнсен постынын аўдарыўы менен ила шала кийинип:

— Кеттик онда,—деди үй ийесине. Оның даўысындағы әлле қандай наразылықты үй ийеси сезди, илажсыз. Өйткени ҳәзир еркип болмайды.

— Сен шықпай-ақ қой,—деди Тәжим аўзындағы суўласқан насыбайын босағаның түбине былш еттирип, гөне гүписин желбегей салған, жалаң аяқ Дүйсенбайға.—Саған зинҳар тапсырма сол, Турымбетиң аўмақайлаў бир нәрсе усаған, бек бол! Халықтың рәмеўзине де қараў керек... Қалай болмасын, ҳаялын үйине апарып қуўыстыр. Болмаса шатақ болыўы мүмкин. Әсиресе саған зыянлы. Большойлар ҳүкимети халықты өз әтирапында топлаў ушын ҳәр қыйлы сумлықларды ислеп атыр. «Қосшылар союзы» деген ҳаял-қызлардың еркин қорғайды дейди. Егер сениң қосқаныңды еситсе, арбадай айыбың да басылып кетеди... Шәрият та айрылысқан ерли-зайыпты бир сапар қосыўды талап етеди ғой! Қәне, көп сөйлеп жибердим. Кетейик. Өзиңе өзиң бек бол. Баслы нәрсе бир-биримизди түсинетуғын болайық. Бизиң базыбир жигитлеримизде жаман қәсийет бар. Ол бир биреўге исенбеўшилик. Ең жаман нәрсе усы. Кемшилигин бетине айтып кейин қойсаң, ертеңине айыбыңды айтып әшкара қылады...

## 20

Булағай басылып әтирап ашылысқан соң Дүйсенбай Жумагүлди ертип үйине әкетти.

Гүлбийке кемпир байды күтә әлпайымлық пенен күтип, қалысы ашылыўдан ырғып турып төсек салыўға қолайласып атыр еди, изинен кирип киятырған келинин көрип, жүкке асылыўы менен қазық болып қақайып қалды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Женге, бунша неге таңланасаң?—Дүйсенбай күлди де, өзи жүктиң үстинен төсек алып, оны жумбаршақлаўы менен астына қойып жүресине отырды.

Ол жайласып отырмай-ақ ғаўырласқан бир топар дийханлар кирди. Олардың арасында Айтбай да, Төребай да, Әбди де бар еди.

Келгенлердиң пәтинен айбынып Дүйсенбай орнынан бир турыўға турып еди, және өзимди ушқалақ көрсетпейин деп қайтадан бекинисти. Дийханлар Айтбайды, Төребайды төрги байдың қапталына өткерип жиберип, өзлери печьти айланып шығатуғын жеринде кепсерленип турып алды. Турымбет үнсиз. Жумагүл ҳайран. Ешейинде келген адамға сөйлемей қалмайтуғын кемпир де апалақлады.

—Дүйсенбай, сизиң үйге де барып едик,—деди Айтбай.— Бунда кетипсиз. Бул не ўаззаҳа өзи?

— Көрип отырсыз ғой.

— Қәне, сен усы елдиң аўыз биршилигин сақлайсаң ба, я жоқ па?—деди есик бетте тикейип турғанлардың арасынан дәпең биреўи Турымбетке. Бой жарыстырғанда да, күш сынасқанда да оның алдында өзин қасқырдың алдындағы күшиктей сезетуғын Турымбет сөйлей алмады.

— Шәрият базда ҳаял жағында да болады,—деди Дүйсенбай.—Туреке, елдиң жигитлери сениң бузылғаныңды жақсы көрип келген емес. Оңысыўың керек.

Турымбеттиң ҳәр түги тебендей шаншылып, байға дәпиниг сөйлемекши болған еди, оның көз қарасынан бир нәрсени уғып үндемеди.

— Ҳаялы менен урысатуғын биреў, ажырасатуғын биреў, сизлердиң бул не келисиңиз? Әне, бул ҳаял тағы күшейеди. Бундай әдет қайдан шықты? Бизлер келиншек екенимизде теграң айыбы болса ҳаялды ел болып сабайтуғын еди, ал сизлер ел болып мениң баламды сабайжақсызлар?

— Кемпир, балаңызды ҳеш ким сабамайды. Сабаўға да келген жоқ, бирақ Жумагүл де өзиңдей адам баласы ғой, неге бүйтесизлер?—деди Төребай.

— Сизлер усаған гүдибузарларды сабап-сабап хожалығыңызды бириктирген натуўры болмайды,—деп дийханлардың және биреўи сөзге араласты.—Бундай тоң мойынлықтың не кереги бар. Ҳәзир ақлық көрейин деп отырсаң.

Бул үйде көпшиликтиң дүмпиўине қарсы келетуғын адам болмады. Соң Айтбай сөйледи:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳәзирги большевиклер ҳүкимети ҳаял-қызлардың қорланыўына жол коймайды...

Жумагүлдиң шырайында үмиттиң белгиси көринди.

— Қарық,—деди кемпир аўзын қыйсайтып.—Әдеп өзиңниң жөниңди тап, ҳаял ал, соннан соң айтарсаң.

Дүйсенбай кемпирге бир, жыйналғанларға бир, еки қапталында отырған Төребай менен Айтбайға гезекпе-гезек, соң жерге ийнеси түсип кеткендей төмен қарап отырған Жумагүлге де бир қарап алып;

— Мениңше усы үйде ақылсыз адам жоқ-аў деп пәмлеймен,—деди.—Усынша адамның неге келгенин, үлкен басымды киширейтип мениң неге келгенимди түсинер. Гүлбийке келиниңе енди кейимес, халайық. Турымбет те жөнсизлигин қояр. Жумагүл келин, сен де бүйтип анаў-мынаў нәрсе ушын қула далаға ылаға бермеўиң керек. Биз де елмиз. Елдиң жас үлкен, жас кишиси бар. Мынаў Айтбай да соны айтып отырған шығар деп пәмлеймен. Мен болсам, базбаяғы сизлердиң хожалығыңыздың бузылмаў тәрепиндемен, дурыс емес пе халайық?

— Қәне, геўек Турымбет не дейсең?—деди Әбди. Бундай сөзге көтерилип кететуғын Турымбет үндемеди.

— Қәне, Гүлбийке, сен жуўап бер?—деди бай.

— Не айтаман?

— Не болатуғын еди, балаң менен келиниңди бузып қойбересең бе ямаса ис көрежақсыз ба?—деп Айтбай қызыўланды.

Кемпирди көпшиликтиң сусы басса керек, бурынғыдай шаўламастан:

— Енди урысқызбайман,—деди келгенлерге жалтақ-жалтақ қарап. Ал Турымбеттиң ускини еле қуйылыўда, ҳеш ўәде бермеди.

Бүйтип сөзимди сөйлейтуғын адам табылады деп ойламаған Жумагүл елдиң азаматларына ишинен ырыйза, бирақ еле түсине алмайды; «Большойлар ҳүкимети сонда тек мен ушын болғаны ма? Әй, жо-ғә! Сонда булар неге маған сонша ғамхор? Ҳәттеки байдың өзи де? Менде ондай не қәтере бар? Журт уялатуғын я аға, я әке болса!.. Кеше өз әкем мени қанша сабап, азап берген менен ақыр соңында аяп, буларға: «үйине апарың, оңыстырың» деп кетти ме екен? Әй, солай шығар-аў!...

Кәтқудалар шығып кеткенше жалтақлап отырған кемпир олар кеткен соң және баяғысын баслап, келинине «ийттен қор болып келдиң бе, қашақ!» деп гүрик етти де, қаптал беттеги үйнүли көрпени жайып жиберип үстине шығып жатты.

Турымбет нениң не екенине түсинбей-ақ қойды. Неликтен



www.ziyouz.com kutubxonasi

бай айныды? Жек керетуғын Айтбайы менен бирге шығып кетиўине себеп не? Печьке абынғанын қойып, төр бетке өте сала сандыққа сүйенип, азмаз отырған соң, қайта-қайта басын қасып, көп ойланып үйинен шықты.

Қайда барыў керек? Ол мақсетсиз шыққанлықтан жән-жағына қарап бираз турды. Соң оның үйреншикли аяқлары Дүйсенбайдикине бурылды.

Бай жоқ еди, сонда да ол келе сала кете бермеди.

— Курдас қәйин,—деди Бийби оған.—Жумагүл менен белисе алмайтуғын нениз бар, урыса бермегенде болмай ма?

Сораў Турымбетке жақпады. Алақанында турған кеседеги чайын үплеп еситпегенсиди. Бийби әри-бери бетине қарап бағып еди, оның қуба жүзинде әлле қандай жақтырмағанлық пишим барлығын аңлап, өз исине айланысып кетти.

Бай кешке таман келди. Қуни менен бала-шаға отыратуғын бөлмеде зеригип, ҳаяллар менен қәйтип сөйлесердиң есабын таппай, иши пискен жигит байдың изин ала мийманханаға кирди.

— Бүгинги мениң тутқан жолым саған унамаса керек?

— Қалай билдиңиз?—деди бул сөзге кеўили толған жигит ишки сезимин жасыра алмай.—Ырас, түсинбедим, аға!

— Еле түсинесең, бирақ сен енди оны таслайман деп жүрме!

Турымбет «не ушын» деп сорай жақ еди, иркилди. Байдың өзи емес пе, бәрқулла қыз әперемен деп жүрген! Бүгинлиги бирден айныйды, турақсыз адам! Жас үлкен еки сөйлесе не болғаны? Ешейинде оның ҳәр айтқан сөзин ядлап алып, «бай ағам өй деди, бүйдеди» деп жүрген жигитке күтә түсиниксиз жағдай бул!... Турымбеттиң отырысынан, маңлай жыйырыўынан-ақ көкирегиндегисин аңлаған бай:

— Ҳеш абыржыма,—деди нәсиятлап.—Албырақлама. Мен саған орынсыз нәрсе айтып отырғаным жоқ. Гилең жалаңаяқлардың сумлығына түсиндиң бе? Ҳештеңеге күши жетпейтуғын болғансоң, ҳаялларға ҳәл бериўди баслапты. Сөйтип ҳәм өш алмақшы. Болмаса, өзлерин дүзеп көрсин. Келгенлердиң арасында ҳаялын урмайтуғыны бар ма? Сумлықты ала тана баслайды дегендей, өзиниң ҳаялы болмаған соң бунын бәрин бириктирип жүрген Айтбай. Сол Айтбай келген жылы да нәлен болады, төлен болады деп жүр еди, қәне болғаны. Бәримиз орнымыздамыз. Оның айтып жүргениниң ҳәммеси өткиншин булттай нәрсе, алды бар, арты жоқ... Мениң барғаным абзал болмаса олар жаўатуғын булыттай ашыў менен келген екен...

— Сизиң гәпиңиз ушын үндемей қалдым,—деди Турымбет



www.ziyouz.com kutubxonasi

маңлайын жеңи менен сыпырып.—Мен оны сондай жек көретуғын болдым, себебин билмеймен. Ал ул туўа қойса, тасламаўым мүмкин, қыз туўса ушқынның тұқымы болса да шыдатпайман. Қәлесе Айтбай үйине апарсын.

— Әне, бүйтсең болады. Қарақалпақта қыз туўған ҳаялды таслайман дегенге, я үстине ҳаял аламан дегенге, ҳеш ким дырқышылық ете алмайды. Бул шәриятта бар, дүйым журт биледи...

Қуўаныштан күлип жибережақ па, Турымбеттиң еки езиўи жыбырлады.

* * *

Жумагүлдиң жан күйер әменгери болмаған менен жекке емес екен, кем-кем түсине баслады. Бул ел анасын да әкелди, азап көргенде Турымбетке топылысып келди. Әттең сүйиўшиликти зорлап болмайды, қәне, ериниң дәслепки күнлерги муҳаббаты сақланса! Өзи қалай сүйетуғын болса, Турымбет те солай сүйсе! Жәнe оған елдиң дүмпиўи қосылса, бәри гүл ала гүл болып кете берер еди. Бул да жақсы. Ел елшилигин етти. Анасының басына усындай ис түскенде ким қайырқомлық ете алды? Ҳеш ким. Ҳәзир басқаша заман ба, ямаса усы аўылдың дәстүри басқаша ма? Жумагүл әне усыған жуўап излеп бас қатырады. Қоңсыларына айраншылап жүретуғын сапарының биринде ийнине шарық көтерип киятырған Турдыгүлди көрип қалып иркилди. Басын қатырған сораўларға усы қыз жуўап тапса табар! Дүйсенбай менен ақсақалдың үйиниң арасындағы ашықлықта анаў-мынаў ылашықтай бир гүжим қопарыўлы жатыр еди, олардың бахтына ушырасқан жери усы қараға жақын екен. Ҳәккедей жан-жағына қарасып, үстине қара үйдиң бақанларын шегелеп таслағандай тамырлары ҳәррийисип атырған сол гүжимниң тасасына барып шөкке-шөкке түсисип отырды...

Жоқ, олар көп сөйлесе алмады. Жумагүл белине еки қолын тиреп:

—Өйбей, қарағым, мени үйге апарагөр,—деди.

Оның маңлайы жыйырылып, астыңғы ерни тислеўли, көкирегин қайқайтып Турдыгүлге бойын таслайды. Тутанақлы кесел ме, яки толғақ па, Турдыгүл түсинбеди. Зорға сүйеп үйине әкелип еди, Гүлбийке кемпир оның шырайын көрип, дәрриў сабан таўып келип үстине жатқарды да, қасына бақан көмип, оған кесе жүўен таслап, Жумагүлдиң еки қолын жүўенге суғындырып, қайтадан дизерлетип отырғызды...



www.ziyouz.com kutubxonasi

...Ол қыз туўды! Соның ашыўы ма, босанғаннан үш күн соң-ақ белине қур байлатып қайын ене оны жумысқа араластырды. Бурын ...намга қарай өли төсекке кирип жаны тыныш табатуғын келиншектиң қызы жылаўық шығып түн уйқысын төрт бөлип бесик таянып көзи илинбейди, ал күндиз уйқылап дем алыўға баяғы ҳүкими ҳүким.

Турымбет бираз өзгерген, бурынғыдай көп аса таяқ алыў умтылмайды, ал кирсе де, шықса да қабағы жабыўлы. Оның да шыдамы әбден түўесилген болыўы тийис, ойлап жүрген ең соңғы сөзин ортаға таслады.

— Үйди босат! Сениң менен қослас болыў мүддетимиз түўесилди!

Ери етин ашытып неше мәртебе таяқ урған менен бундай етип кесип гәп айтпастан сабап-сабап шығып кетер еди. Урмастан, жөнжел көтерместен түжырып айтылған сөз Жумагүлге урғаннан аўыр болды.

«Өгизге туўған күн баспаққа да туўады, бахтым усы шығар, я анамның, қала берди мениң бахтым неге ашылмайды? Бизге не болған? Ғарғысқа ушырадық па?...» Әкеси Зәрипбайдың айрылысар күни Сәнемге айтқанлары есине түсти, өзин беккемирек тутып көрип еди, «шарр» етип жылаған бөпесин баўрына қысқан гезде даўсының барынша еңиреп жиберди:

— Енди қайда бараман? Қаршадай нәресте менен мени ким сыйдырады, ким?...

Турымбет ҳаслан сөйлемейди. Жумагүл және жалбарынады:

— Бир ашыўыңды бер, шабазым? Маған түсин? Енем де өлеси адам ғой, оның барлық азабына шыдайын, мынаў нәресте жетим болмасын! Басыңа дастық, аяғыңа ултарақ болайын, костарым...

Буған Турымбеттиң көкиреги жибиспейди. Нәрестеге бетин де қаратпады. Қайта тиришеленип Жумагүлдиң ишин жандырып сөйлеңеди:

— Жиңимди тырыстырып сөйлей берме! Саған малым шықлағанын бил! Мәңгилик қатын қыламан деген ой болған емес менде, болмайды да. Тынық суўды көрмей ылай суўды төкпейин деп жүр едим... Сен оны өзиң тезлеттиң!...

Жумагүлдиң үмити үзилди. Ишин жылығандай бир жуўап ала алмаған соң бөпесин жерге жатқызып қундақлай берди.

— Сениңше мен қара қоқым суўман-ә! Еле бериң биле бергерсең.—Оның жығырданы қайнап, көзиниң жасын тыйды. «Бул анық жиберетуғын болған екен. Не де болса сыр алдырып жы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ламайын» деди де, солығын басып ҳалақасының ушы менен көз жасын сыпырды. Орнынан турды. Гөне көрпешеге ораған бөпесин қушақлаўы менен есикке жақынлап, артына бир бурылды.

— Хош бол, шабазым. Бирақ сени мынаў нәрестениң көз жасы тутады, абайлы бол!

Онын есиктен шығып баратырып айтқан сөзине Турымбет жанбасына бир урып, күлиўи менен қалды.

— Қолыңнан келсе, ушыр аспанға!

Үйден шығарын шықса да, Жумагүл қайда қарап жүрерин билмей тур. Бәҳәрге жетисип кетсе де ҳеш гәп болмас еди, кийиминин қалың-жуқасы билинбейди, ал ҳәзир-ше? Кимнен кийим тиленеди... Бул жерде турып сыр алдырғанша былайырақ барып ойланайын деп тәўекел алға жүрди.

Оның белгили бағытсыз бир жаққа қарап жүрип баратырғанын Бағдагүл көрип қалған екен, асығып қасына келди:

— Жумагүл, қайда баратырсаң? Бизикине апаң келди, жүр.

Күтпеген жаңалыққа Жумагүл қуўанып, қолындағы бөпесин түсирип алажақ болып еди, Бағдагүл қақшып-ақ қалды.

Сәнем қызын жүдә сағынып қалыпты, қағаздай жуқарған бетиниң еки алмасынан, маңлайынан, шорпылдатып сүйип атыр. Өз-өзинен де гүбирленеди: «Ақлық көрсеткен қудайдан айланайын». Ол бөпени қундағы менен қушақлай сала бетине үңилип, шүртийген еринлерине, қап-қара көзлерин мөлдиретип ашып-жумып атырғанына аса шадлық пенен қарайды, соң оны қундақтан жаздырып, маңлайынан, төбесинен, қарнынан, қулласы, саўтанақ жерин қоймай сүйип атыр. сирә, тойынар емес...

— Өзин-ақ киятырмедиң, тез келдиң ғой,—деди Сәнем.

Биротала келдим деўге Жумагүлдиң батылы бармай:

— Аўа,—деди.

Төребайдың хабары бойынша қызының жас босанғанын еситип келген Сәнем базарлықлы екен. Хызмет еттирген үйи күтә сыйлап жиберипти. Ол түйиншиклерин шешти. Бөпеге қолай кишкене кийимлери көп... Қурақ жөргеклери менен силекейге шекем бар. «Қандай мийриман адамның үйинде болған»... Кемпир қызының көз қарасынан-ақ усы сораўды уғып, әкелгенлерин бирнмлеп, қызыл шақа ақлығына кийгизип атырып:

— Мен Нуратдийин татар деген муғаллимниң үйинде болдым,—деди гүбирленип—Берекет тапқырлар мийирман екен. Фатийма деген келиншеги наятый зор. Мениң ақлықлы болатуғынымды еситип еди, аўысқан шыты болса усыларды тиктире берди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Татар муғаллим» жөнинде Жумагүлдиң түсиниги болмаған соң ба аўзын ашып аңқайды. «Не де болса қудайдан үмити бар үй екен»—деген ой есине кирди, шықпайды. Кемпир қызын түсинсин дей ме, ямаса онда қандай да бир сезимди оята қояйын дей ме, әңгимесин жалғайды:

— Оларды бир мен емес, аты Чимбай десем болады, сыйлайды, жақсы көреди. Ҳаялы да, өзи де жақсы адамлар. Теңлик әперетуғыны орысларға дилмаш болып келип, кейнинде балақызларды оқытыўға қалыпты.

Анасы менен қызы жазылысып ала қойсын дегендей Төребай көп иркилмей отынға, ал Бағдагүл суў-қабағын арқалап суўға кетти. Олар бир-биреўин көрип маўқын басса да, жаралы жүреклери елжиреп, бир-бирине сөз айта алмайды. Ақлығын етегине салып, көсилген аяқларын тербетип отырған кемпирдиң қапталында Жумагүл бир қырынлап жатыр. Кемпир алдында уйқылаған ақлығын қасына жатқарып, Жумагүлдиң сирке басқан басын қарап, сүйеги шыққан бармақларының тырнақлары менен сығады. Өзи де жақын арада жуўылып, катық тийген бас емес. Умбар-жумбар. Кемпир қызының шашын бес бармағы менен тарап, тарамысланған қолын оның жағасынан суғып жиберип, көкжелкесинен баслап жаўырнына шекем сыйпап отырып нәсиятлады.

— Қанша қатал болғанда да басыңды жуўыўға пурсат таба алмаған өзиң де бир қыйлы барсаң-аў, балам! Соның кесепатынан шашың да сийреклепти. Анық бундай болатуғыныңды билген соң өлгенше жарамсақланып жумысын ислей берип не қыласаң? Нәтийнде көп жеген таяқтың бири болар еди. ара-тура сөўирлеп те шықпапсаң, маңлайларыңның тамырына шекем көк көмбек!...

Нәсият бериў тек анасына емес, Жумагүлдиң бастан кеширген турмысын билмейтуғын адамның ҳәммесине аңсат болыўы мүмкин. Соплықтан тек ғана тыңлап тымтырыс жатты. Анасының балта саптай жиңишке жиликлери де оның басына батпады, оның басы ана дизесине салмақ түсирмеди де. Бири мамық көпшикке бас қойғандай, екиншиси аяғы үстине пәр көпшик таслағандай бирине-бири ҳазарсыз шүйиркелести.

— Кешигип қаларсаң, кете бер, балам,—деди кемпир әллеп ўақытта Жумагүлдиң үрпек шашлы басынан шорып еткизип сүйип.

Жумагүлдиң көнгейленген көзлерине жас келип ериксиз зыпылды. Қызының асықпаў себебин ол ишинен сезсе де, кеўли



www.ziyouz.com kutubxonasi

бармай отыр еди, енди биротала түсинди. Ҳәм оның тутанайын деп турған жүрегине тамызық басқысы келмеди:

—Шырағым, сен жаслық етип жүрген бол ма? Балалы болғаннан кейин ата-ана арасындағы муҳаббат балаға өтеди-мис деген гәп бар. Күйеўиң саған бир қырынлаған менен, мынаў перзентин жақсы көрип, барлық ықласын усыған аўдарып жүрген шығар.

— Үўҳ!—Жумагүл бир гүрсинди.—Апажан, түсинемен ғой! Өзи жүйрик қоян мынаў бахты қара қыз дүньяға шыққалы қатты кетти! Бурын да ҳеш гәп еди, тек өзим азапланатуғын едим, соң мынаў палапандай нәрестеге тили тийип, жанымды отқа сала беретуғын болды. Тегарац жыласа болды, тап ийттиң баласындай қолының ушы менен далаға шығарып таслайды. Сөзим аўыр болса қудай кеширгей, анаў қақпас кемпириде ақлығым екен деп жубатпайды. Уят та болса айтайын, ол ширкиниң маған түўе адам бендеге ысығы жоқ!

Ана қызын жигерлендириўди ойлады:

— Қартайғанда дәўлет бер, жигитимде мийнет бер, деген, шырағым. Ҳаслан қапаланба! Душпанларға сыр алдырып көзиңе жас келтирме. Басың жас, көре бересең... Қуда қәлесе жесир қатын мың қой айдайтуғын заман басланғаны шынлық қалада усы гәп. Гилең жарлыларға үлестирип атырған жеринен биз де халық қатары жер алайық. Қызынды өзим бағаман, сен жигерленип, жеңиңди түр, шашыңды төбеңе түй. Белиңди беккем буўып жумыс исле. Төребай да, ҳаялы да жаман адамлар емес көринеди. Ҳал-жағдай сөйлесип отырмыз. Маған тапқан ақылын айтып атыр... Бир жола сен үйиңнен шығып бас алып кетипсең. Төребайдан еситип шыдамадым, сениң аўҳалыңның қыйынласқанын айтып барып мени әкелди. Күшиң барда кисиге қол жайған жаман, қызым, Төребайдың арбасы бар екен. «Биргелесип Шортанбай тоғайынан отын әкелип қалаға сатсақ та күнелтиўге болады» деп отыр. Үйге үй сыймайды дейтуғын болсаң, усы тамға жабыстырып қос дүзетип алармыз. Оның ушын қайғырма! Айдың он беси қараңғы болса, он беси жақты. Қашанға шекем қараңғыда қалармыз дейсең. Нуратдийин татар мени ешекли әкелдирип таслады. Мынаў пәскелтек жүк меники. Астындағы гөне арша да бизики,—деп кемпир қаптал бетте дийўалға тақалып жыйналған көрпе-төсекти нусқады. Сары көк бояўлар менен кереге көзли етип сырланған гөне аршаның үстинде еки қызыл шыт көрпе, тозыўы жеткен бир ақ кийиз тур. Жумагүл басын көтерместен оларға сығаланады.

— Булардың еки қазаны бар екен. Егер басқа шықсаңыз би-



www.ziyouz.com kutubxonasi

реўин беремиз деп отыр,— деп кемпир Жумагүлдиң қағаздай жуқарып, запырандай сарғайған жүзине көз тигип, мурнының жырығына қадалады. — Әй, сум заман! Түйедей қылдың-аў!..

Қайғылы көзлери сүзилген Жумагүл үнсиз еди, басын көтерди.

— Солай ислемесек басқа илаж бар ма апа. Жалғыз ғана сүйенишим сен! Жат деген жеринде жатайын, өл деген жерде өлейин. Кеткенде буннан артық қайда барамыз? Ким бизге қулашын жая қалар дейсең.

— Чимбайдағы Нуратдинйиң татардың үйи де қуўып жибермейди. Соған барсақ та болады. Өзлери илаҳийда жақсы адамлар. Оларды бизиң жаққа жибергенлер «большойлардың» басшылары екен. «Бизлер қарақалпақтың қыз-жигитлерин оқытыўға, жол-жоба үйретиўге қалдық» десип отыр.

— Апа, айтқаның дурыс ғой, баяғыда, еңкейип түскен елден өлсеңде шықпа деп едиң өзиң, сол ушын бул аўылдан кетпеў керек.

— Шырағым, өйдегеним де ырас. Енди мен бир нәрселерге түсингендеймен, — деп кемпир сөйлеген менен қызына жартыўлы ҳеш нәрсени уқтыра алмады, ал ол да анасының нелерди айтқысы келип отырғанын еле түсинип жетиспеди.

— Сениң басыңнан өткен күн мениң басымнан өтти, апа. Баяғыда дайымның аўылына барайық деп сени бийкар қыйнағаныма өкинемен!...

Сәнемниң бурынғы көрген азаплары көз алдына елеслеп, азанғы бүршикке тамған шықтай жылтыраған моншақ-моншақ көз жасы ыбыр-жыбыр жыйрық басқан бетлерин жуўып, дизесине бас қойған Жумагүлдиң шекесине тамды. Жеңиниң ушы менен көз жасын сыпырып жиберди де:

— Қәне тур, шырағым,— деди Жумагүлге. —Бет-қолыңды жуў. Уятты. Бағдагүлдиң суўдан келетуғын ўақты болды. Қәддиңди тикле. Күйеўиңди есиңе алып, белиңниң димарын кетирме. Өзиңди өзиң тут!...

Жумагүл есик бетке шығып, шәңгил қабақты шеп қолына услап муздай суўға бетин жуўды...

Бағдагүл кирип келгенде, ол баласын емизиўге отырып, Сәнем от жағыўға таярланып, далада отын пуштарлап атыр еди.

— Өзим-ақ пуштарлайман ғой, шеше, — деп Бағдагүл қабағын арқалаў менен үйге сөйлене кирди. Жумагүл қызын жерге жатқара сала Бағдагүлдиң ийининен қабағын алып пәрмәна бола берди...

Кеште Сәнем Төребайға: «үйге үйсең де жетпейди» деп, Жу-



www.ziyouz.com kutubxonasi

магулди өзинен қалдырмай , қайерде жумыс ислесе де, бир жағында жүргизиўин өтинип ҳәм мүмкиншилик болса, қапталынан қос дүзетип алыўға жәрдемлесиўди сорапып еди:

— Сизлер не тилесеңиз де бәржай етемен, — деди ол ойланып отырмастан.

«Бир қапы жабық болса мың қапы ашық... қандай да кеўил кең пейилли адамлар!...» Ана менен қызы күтилмеген қуўаныштың ийесине айналды...

21

Түни менен желемик жайдары самал есип, жердиң үстин қаплап атырған қар ерий баслаған еди. Азанда күн шығыўдан жарқырап сәске боламан дегенше қуяш түскен жердиң пәтамамы қараўытты. Пахтаның минәрындай жалтырап жататуғын Кегейлиниң ырашы аспанның жийегиндеги узынша булттай қараўытып көзге тасланады. Тек анда-санда ғана пахта шашылғандай қар қалдығы ағарады. Үйлердиң аралары шилпәрше. Геўиш кийгенлер кең адым атлай алмай, тек майда қәдем болып қалды. Ал аўылға араласқан атлылардың қайсысын көрсең де, атларының қуйрықларын түйип алған. Тек басы бос маллар менен үстине минген ийелери салақ атлардың қуйрықларының ушы буўылған сипседей сүмпейген. Сәнем тамның алдына жалғыз өзи шығып жан-жаққа қарап, күни кеше ғана үскини қуйылған тәбияттың бүгин бирден өзгергенине мәз майрам болып тур еди. арқа беттен киятырған бир топар атлыны көрип қорқып кетти. Бул неткен атлылар?! Бәри мылтық асынған. Күнниң бүгин бирден жылытып кететуғынын билмеген болыўлары керек, басларында үлкен-үлкен селкилдек қара шөгирмелер, үстилеринде узын гүмпейлер...

Ат аяқларының «патыр-патыр» дүрсилдиси узақтан ақ еситилип, Сәнемниң дыққатын аўдарған еди. ҳақыйқатында да, олар шапқыласып киятыр екен, ал аўылға жақынлаған гезде ең алдынғы ақ муртлаш кисиге еликлеп олардың бәри атларының жүўенлерин тартты, қәпелимде жүрислерин дүзетип сап тартып қалды, бир-биринен озбай дизилисиўи менен келе берди. Аўылға араласыўдан олардың тәртиби бузылып ҳәр қайсысы ҳәр тәрепке бурылды.

— Бул кимниң үйи? «Большойлардан» ким бар? — деди Сәнемге қарай бурылған қара атлы биреў. Оның даўсында әлле неткен жедел ҳәм ашыў сезилип. зағарадай томпақ бети көге-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рип, қойыў қаслары көзин жаўып турыпты. Сәнем өзиниң бул аўылға бийтаныс екенин айтып еди, ол көп иркилип турмай:

— Билип турып айтпай қалсаң, ертең жаныңды жәҳәннемде көре бер!—деди де қуйрығы түйдекленген атының жанбасына бир урып басын кейин бурды.

Ол ишке кирип әйнектен қарап еди, ақ муртлаш атлының алдында пияда жуўырып жортып жүрген күйеў баласы Турымбетти көрип, жүреги суў ете қалды: «бул сорлы да большоймекен?» Турымбет оларды күн шығар топардағы шоқ үйлерге баслап барып, қамыс қоралы қақыраға өзи кирип шыға сала бир нәрселерди айтқандай болып еди, ана муртлаш киси оның жаўырнын қамшы менен бир еки мәртебе тилдирип, Дүйсенбайдың үйине қайрылмастан қублаға қарап және сол патырласып шабысыўы менен кетип қалды.

Муңлы қызы менен қосылысып ҳәм арқа сүйер пана тапқанына, оның үстине күнниң бирден жылытып кеткенине қуўаныпып «биз қусаған аш-арық, жупыны жалаңашларды қудай қашанға шекем ғарғасын, усылай етип болысар-аў, заманның қаталлығы да бүгинги күндей жадырағайдағы» деп турғанда, қәпелимде аўыл арасынан ойқан турғызып кеткен бул атлылар абыржытты. Неткен атлылар екен? Төребайдың жоғын айта бер. Турымбетти алдына салып барған үй кимдики екен? Ол қызықсынып дигирман тартыўдан келген Жумагүлден сорап еди, бул Айтбай «большойдың» үйи екен. Шамасы, үйинде өзиниң жоқ болғаны ғой, болмаса үлкен ойқан дөретер ме еди, әлле қәйтер еди? Сонда Турымбеттиң не жазығы бар?

— Оның өзи де сол Айтбайды жек көретуғын еди, сирә өзи ертип барған шығар,—деди Жумагүл. Сәнем исенбеди. Егер ол большойларды жек көретуғын болғанда атлылар алдына салып айдап, кетеринде ура ма? Болмаған гәп!

Ақлық қызы бирден шоршып жылап еди, кемпир дәрриў қушақлап «әў-әў-киш-киш» деп еки қолының үстинде селкилдетип, бурын елестирмеген бир нәрсеге, яғный қызына ат қойылмағаны есине түсип, Турымбетке деген жек көриўшилиги қозып кетти: Несине ақлап турман оны, адамгершилиги болғанда усындай етер ме еди? Я анасы, я өзи перзентин еске алып атын қойдырыўға жарамаған. Тек азаматы бар деген атағы болмаса, олар да камбағал-аў! Аўысық неси бар дейсең? Сирә шығынынан қашқан шығар! Ат қойыў ушын да белгили бир сарпай керек. Мектеп молланың өзи келип, китапқа үңилип отырып, қулағына қайта-қайта азан айтып, атын қоймаса ел күстәны қылады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Анаў-мынаў нәрсениң жүзине қарап адам баласын атсыз қалдырыў! Қоягөр, қоягөр! Оның Жумагүлге көйлек тиктириў ушын арнап әкелген сегиз ғары: қызыл шыты бар еди, оннан артық киси қызыққандай дүньясы да жоқ, мектеп молланы шақырып соны бериў керек пе? Бергенде де көп болмайды, ал молла келе қойса? Ериннен талақ хатсыз айрылған ҳаялды нәмаҳрем деп есаплап ҳеш молланың ондай үйге соқпайтуғын әдети бар. Ең жаманы усы. Өзинше ат қойғанда?... Жумагүл менен ойласып көрип еди, ол «алтын баслы ҳаялдан бақа баслы еркек артық» деп, Төребайға ойласып көрсек деген пикир айтты.

Кеште Төребай күндегисинен ойлы, әлле нәрселерге жаңа төжбегендей шыдамсызланып отырды. Сонлықтан Сәнем ол жөнинде гәп қозғамады. Ерн далаға шығып кеткен мәҳәлде Бағдагүл оларға сыбырланды:

— Бүгин атлылар келип кеткенин еситкели мәниси жоқлаў...

Ол көп ўақыттан соң келди, бирақ бул сапары жүзинде ойлылықтың қалдығы болған менен бир нәрсеге кеўли толғанлықтың изин аңлаў қыйын емес еди, келе сала қарап отырмай:

— Қәне, бөпенди маған берип туршы,—деди Жумагүлге қолын жайып.—Айтпақшы, буның аты ким?

Төребай еки алақанының үстинде қақшып-қақшып атыр. Жумагүл не дерин билмей апасына бурылды, апасы ўақыттан пайдаланып:

— Еле аты қойылмапты, шырағым,—деди.

— Онда өзиң қоя қал,—деди Төребай кемпирге,—айып емес, қулағына азан айттырып китап қаратаман демей-ақ қой...

Төребайдың не ушын усылай кеңес берип отырғанын ҳәр қайсысы өзлеринше болжап отырған ана менен қызы төмен қарасты. Ананың ойынша, ол динсизлеў көриндидағы, ал Жумагүлдиң ойынша, ол ат қоятуғын моллаға беретуғын белгили баслы нәрсениң жоқлығын есапқа алып айтқандай сезилди.

— Мениң анам ат қойыўды үлкен ғанибет деп билетуғын еди,—деди Төребай сол ойшыл қәддинде отырып,—ат тыянақлы тилекти билдиретуғын болса тәўир болатуғын қусайды. Маған анам бийшара «сениң атыңды елде төрелик болсын, әўладымызға байлық аралассын деп «Төре» «бай» қойып едик,себеби сениң атыңды айтаман деген душпаныныың да тили «төре» болып «бай» болып гүрмеледи» дейтуғын еди, сол ушын усы қыздың атын ойланып қойған шеп емес.

— Дурыс, шырағым, бизиң журт та сизиң журттай баласының атын бир нәрсеге сүйенип қояды. Бизиң Жумагүл «Жума» күни туўылып еди, сөйтип Жумагүл болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Төребайдың ишинде бир бүклем сыр ашылмай қалған секилли, келбети бир қуўарып басылғандай болып еди, Бағдагүл гәпке араласып, ериниң зәрдели көкирек қайғысын айтып жеткиллетейин деди ме, оның анасы жөнинде сөйлеп берди: Төребайдың анасын еслей беретуғынының бир себеби, ол бул дүньяда әрманы ат басындай болып кеткен адам екен... Анасы тағдир болғанда Төребай 8—9 жастағы бала екен, әкеси менен шешеси қазахта ажым деген руўдың атақлы байының жылқымаиы екен, бир күни басқа бир руўдың адамлары келип ажымларға зорлық етип, жылқыларын айдап кетеди де, соның үстинде еки ортада үлкен жәнжел басланады. Ажымлардың күши ҳәлсизлигин көрген ҳаял шыдамайды, төбелеске араласады. Жаў тәрепи ҳаялдың араласқанына қатты ызаланып, қамшының түйинли жағын соған қарата берген ҳәм сол төбелесте ол өлимши болып таяқ жеп, соның зардабынан көпке бармай қайтыс болады. Бириктирип, жетпесин созып отырған анадан кейин хожалыққа әптадалық түсип ишқысталықта дағысып кетип жоқ болады, Төребай жетимлик пенен елден шығынып бир саўдагердин от жаққышы болып жүрип, усы қарақалпақтың шуқырына келип қалады...

Сәнемниң аяныпы артып көзинен жас шығып кете жазлады.

— Аты ким екен бийшараның?

— Өзиң айтшы,—деди Бағдагүл ерине.

— Тазагүл.

— Бийбипатпа енемиздиң гүллән әўладында қайғы-ғам, тәғдир неге бирдей бола берди десеңиз-ше?...

— «Таза...» «гүл...» қойылған атына ылайық өзи өр көкирек, сап жүрекли адам болған екен, мениң ақлығым да сондай болса ҳеш ким налымас. Бул да «Тазагүл» бола қойсын,—деди Сәнем.

Бул пикир бәрине де унап қалса керек, жүзлеринде ырзашылық билинди...

Дәстүр бойынша ҳаяллардың ҳеш қайсысы өзи туўған туңғыш перзентиниң дурыс атын айта алмас, ал өзлеринше қандайда бир ат таўып алады, ул болса көбинесе «Бөке», қыз болса көбинесе «Айқыз» аталады. Еринен айрылып өзин еркин сезген менен Жумагүл де халық дәстүринен шығып кете алмады, қызын «Айқыз» деди. Шабақтай тыпыршылаған Тазагүл бул ушын Айқыз дегенше Айқыз болды. Бағдагүлге шекем алдына алады, ал Төребай оның шын атын айтса, әлле қандай сезимге ериксиз берилип, көкирегин суўық желге толтырып, еки ийни-



www.ziyouz.com kutubxonasi

-нен дем алады жэне босасады, соң Тазагүлди жырлап толғаў айтады...

Соңғы күнлер Жумагүл ушын таты ысыла баслаған гүмис күнлер болды, өзин шексиз еркин, бахытлы сезеди. Дүньяны ол бурын ошақтан кең көрмейтуғын еди, өз ойынан оның бираз кеңлеў екенин енди түсиниип киятыр. Ерте жатып кеш турғанын ҳеш ким минемейди. Бейиштиң өзи болмаған менен оның от жаққышы көрген күн дэрежесине жеткен шығарман деп қуўанады өзинше. Аз-азлап сыны дүзиў кийим жөнинде де ойлайды. Нуратдийиин татардың ҳаялы берип жиберген сегиз ғары қызыл шытты ол қолдан тигип, тигислерин патлыйтқанша, машыншыға тиктирип алса не деген сулыў болар еди. Бул ушын усы аўылда Тэңирберген машыншыдан басқа адамда машина жоқ. Ал соныкине барайын десе, мурындық атасы, ол үйдин есигин еле ашып көрмеген. Эри-бери шақырар деп жүргенде, кемпирге өкпеледи ме, ямаса машыншының өзинен болды ма, бул ис өзиниң қолайына келмеди. Ақыр соңы айрылысты. Туппа-туўра бараберсе не қылады? Апасына ойласып көрип еди, ол:

— Ендиги жағында сыйласық бола ма, бара бер, қызым,— деди басқа машыншы излеп кетиўге ҳэзир имкэният жоқ екенин билген соң.

Ол мурындық енесин, мурындық сиңлисин көрип жүрсе де, машыншының өзин көрмеген еди, ол киси көз эйнекли, кисиге көз эйнегиниң үстинен қыялаңқырап қарайтуғын, қараған жүдэ эп-аший, шырайы жамылшадай сары, қапа сақаллы адам екен. Жумагүлге дэслеп адырайып қараған менен кийим тиктириўге келгенин билген соң ба, сары жағал ешкиниң сақалындай сақалын оң қолы менен қамтылап сыйпап, жайма шуўақланды:

— Ҳақысын да бирге экелдиң бе?

Қэйткен менен де мурындық атам ғой, мениң камбағаллығымды еске алып, көйлегиңниң пайғазысы болар деп мутқа-ақ тигип берер дегенинде анасы: «қой, қызым, темирши тоғаға жарымайды» деген, кэсиптеги адамның, бай адамның жақсылық ететуғыны шенде-шен болады», деп оған тийисли ҳақыны бир шүберекке түйип берген еди. Жумагүл отырып сол түйиншигин ашты. Ишинде гүмис теңгелер бар екен. Машыншы оларды көриўден-ақ гүрсиден жерге түсти ҳэм оның экелген шытын кийиздиң үстине жайып жиберип пише баслады.

Жумагүлдиң қаратоқпайдан шамалаўы бойынша бөпесине көйлек, дизкийим, бесикке жабатуғын бир кэрпешеге тыс аўы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сыўы керек. Машыншының қыялында ол жоқ, қайыстай енли қайшыны емин еркин салып атыр... Соң берер, ҳәзир сорасам уят болар ҳәм тез питкерип бермес деп қорықты.

Бәри бир болды, көйлеги биринши ўәдели күнинде питпеди. Екинши рет келди, үшинши рет келди... Ҳәр келген сайын келгенине пәнт жеп қайта береди. Бир жола шыдамай Турдыгүлге шағынды:

— Япырмай, қарағым, мениң бул кисиде емес, ал бул кисиниң менде алмағы бардай, келип көзине көриниўге бетим шыдамайтуғын болып баратыр, қайтып бере ғойың, қолдан тигип аларман деп айтайын десем де уяламан.

— Мени тыңламаған менен апамның сөзине қулақ асса да бир қуп болар еди...

Көйлек ушын Жумагүлдиң қатнаўлары Турдыгүл менен екеўиниң арасын бурынғыдан да жақынлатты. Ашылысып сөйлеседи. Турдыгүлдиң Айтбайдан еситиўине қарағанда, соңғы гезде баспашылар күшейип кетипти. Базыбир аўылларға олар күндиз ҳәм топыла беретуғын қусайды. Анаў күни Айтбайдың үйде болмай қалғаны жақсы болған, болмаса оған қәўип екен. Төрткүл, Шорахан, Хожели деген жақларда адам өлтириспе көбейипти. Олар анаў күнги өтип кеткен қабатта арқадағы аўылдан да бир адамды өлтирип кетипти. Усыларды еситкенде, Жумагүл жағасын услап қорқып-қорқып отырады.

Ол Нуратдийин татар жөнинде апасынан еситкенин айтса, Турдыгүлдиң көзлери сүзилип, бир қабат қараңғылықтың аржағында бир нәрсе жылт етип кеткендей сезинип, бир ноқатқа қарап қалады. Екеўи қуры сөйлесип ишке жыйналған сырларын бир-бирине айтып, бойларын жеңиллеткени болмаса, устағанлы жуўмаққа келе алмайды, қайтама айрылысқан соң бойлары аўыр тартып, әлле нәрселерге наразылығы күшейеди, сөйтип заманның бардым-келдимин, ел үстиндеги ҳәрқыйлы әләматлар жөнинде қайтып сөйлеспеўге тәўбе етип турады да, көрисе қойса, әңгимениң тағы бурынғы қәлипке қуйылғанын аңғарыспайды.

Ол бул үйге ҳәр келген сайын наятый арсызлықтың бир көринисин көреди. Кийим тиктириўге келгенлердиң биреўиниң кеўли толып кетпес. Әсиресе бир ғарры дийханның шыдай алмай жыламсырағанын көрип, бул үйге келиў, дуз ишиўдиң өзи надурыс екен деп ойлады: Сол ғарры дийхан қалаға ешекли отын сатып алты ғары қара таўарлы болған екен. Өлгенимде ысқатыма қойылар деп сол таўарын бешпент тиктиретуғын болып машыншыға әкелип берген. Питкенине қуўанып кийип қараса,



www.ziyouz.com kutubxonasi

жеңи шығанағына, пеши бөксесине жетпей тур. Бир сарсылды, бийшара сарсылды!... Машиншының ҳақысына да үш ешек жүги отын әкелип берипти... Сонда машиншы намысланып бети шыж етсе ямаса кеширим сораса болады ғой, керисинше, қорлығы келип жыламсырап турған ақсақаллы адамға күлип:

— Пал тутқан бармағын жалайды, қол үзлиги болмаса, кийим тигиле ме?—дейди.

«Ертең», «арғы күни» деп үш ҳәпте ирикkенине қарамастан Жумагүлге де соны қылып, бөпесине аўысады дегенлеринен тутқыш қурақлықтай аўыстырып бермеди.

## 22

Шайдаков келип кеткеннен кейин аўылдың арасы бираз тынышып, олай-булай гезип жүре беретуғын саяқ атлылар кемейген еди. Бир-бири менен сөйлессе әлле нәрселер жөнинде даўысларын көтерип, қасарысып сөйлесетуғын дийханлар да пәсейип қалған еди, жер бөлиспе күнлеринде ғана азмаз шаўқым болды. Ал жақыннан бери намәлим саяқлар және бас көтерип киятыр. Түнге қараса, дүсирлеген атлардың анда-мында жүргени. Соған қарап адамларда және абыржыў пайда бола баслады. Дийханлар бир-бири менен ушыраса, шүңкилдесип ғана отырысады. Не болды? Не болажақ, бул не гүйзелис? Ҳеш ким билмей ме, билсе де, сақлана ма, бул сораўларға ашық жуўап беретуғын адам табылмайды.

Аўыл адамларының кейпи өзгергенге қорқты ма, ямаса олардың аўыз биршилигин сақлап қалыўы керек пе, ақсақал бир жола дийханларды үйине шақырып:

— Өсек сөзлерге инанбаңлар, ҳәр ким ҳәр жақтан ҳәр түрли хабар табыўы мүмкин, қулақ аспаңлар,—деп ескертип жиберди. Ол қандай өсеклер жөнинде айтты? Қатнасқанлар түсинбесе де, сорап отырысқан жоқ. Себеби өсек сөзге исенбеў кереклиги жөнинде ақсақал дурыс айтады. Ҳақыйқаттан да инанбаў керек.

Бир топар атлылар келип, сары қаўын излеген ийтлердей ҳәр жерди тимискиленип кеткенде, аўылда ақсақал да жоқ екен, Дүйсенбай да жоқ екен. Бул соң анықланды. Себеби егер, ақсақал болғанда я Дүйсенбай болғанда, мал бересең, қарыўжарақ таўып бересең деп зәўлим салады екен» деген сөз тарқап кетти. Олар тоғай ишиниң қудайдан безген гелле кесерлери болыў керек! Олардан көрген қорлығын айтып жарылайын десе, байды гезлестире алмаған Турымбетте усы хабарды еситти,



www.ziyouz.com kutubxonasi

еситпегенге өзи де айтып жүрди. Бирақ бул күнлердиң ала сапыраныңа ҳеш түсинбес. «Баяғы Шайдаков келердиң алдында ауылға усындай кейип кирип еди, тағы сол басланбаса болар еди» деп ойлайды.

Ҳаялына азап берип жүрсе де, енди ол өзин бир түрли сезеди, үйренисип қалғанға ма, үйи геўек, жарты жағы босап қалғандай көринеди. Гейде ҳеш жерге сыймай бир шығады, бир киреди, ешейинде үйине сийрек келетуғын адам арқасынан сүйеўли дийўалы тайып кеткендей, кимге миллет етерин де, кимге өшигисерин де билмейди. Жумагүл аўылдан шығып кеткен жоқ, бәлким, қыяллы шығар! Ал барып хабар алайын десе, еркеклик намыс өзин өзине бийлетпейди. Бай менен бурынлары сөйлесип көргенинде, қазанына тыныҡ суў өзинен өзи келип қуйыла қоятуғындай көретуғын еди, енди ылай суўына зар, керек десе азанда Жумагүл бардағыдай отта жағылмайды.

Турымбет кирип келсе бай жадырай түсетуғын еди, бул сапары олай болмады. «Кел» деп те айтпады. Жанбаслаған қәддин бузбастан, тамның мүйешине көз тигип жата берди. Бул суўық қабыл етиў Турымбетти ойландырды, бирақ сыр бермеди: бәлким, ол сырқатланып ямаса ҳаяллары менен мәлеллесип отырған шығар. Ол етигин есик бетке шешип, шуўаштың ийиси мүңкип кеткен ултарағын дәрриў-дәрриў бүклеп қойнышына тықты ҳәм байдың қапталына барып, жалаң аяқларын астына басып отырды.

— Үй ишлер саў ма? Жеңгем тетикпе?

— Шүкир... Ана күнги келген атлылар жөн-жосақ сораспайақ, адамлардың көзинше қамшылап кеткели қапаман... Ҳаялдың да кеткени...

Бай сөйлемеди. Қамыстың қыяғын алып тисин шуқлаўға киристи. Соң аўзына толып кеткен қан аралас түпирикти тисиниң арасынан ошаққа зытқытып жиберип түргелди.

— Түсимсизсең...—Бай және тисин шуқлады, және түпирди.—Ақыллысаң-аў... Ҳаялың кетсе не бопты, өзиң жибердиң. Енди алғың келип жүр ме?

Турымбет желкесин қасыды.

— Алыўға болар еди-дағы, некеси бузылды ма деп қорқаман.

— Қаны бөтен анаў Төребай деген келгинди ҳаял үстине алыпты деген гәп бар,—деди бай бийғам сөйлеп.

— Не дейсиз?!

— Шамырқанба.

Жигит тыпыршылап, гә бир дизерледи, гә малдас қурынды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

гэ саққа жүгинди. Бай толы ишектей жуўан жылтыр бармақлары менен муртын дүзестирди.

— Кисиниң ҳаялын бир жағына шығып ашым-айрық болмастан бурын көргенсизлер алады, ямаса қандар душпаның алады. Жалғыз үйли болса да, душпанлығын етти. Бул басына телпек кийген кисиниң иси емес.

Байдың қандай тыйтыл менен айтып отырғанына түсинбеген оны намыс өз қушағына қаўсырып, искенжедей қысты, отыра алмады...

— Төребай үйинде ме?—деди ол сол үйден киятырған Айтбайға жолығып.

Ол пәтли екен. Бети қансыз, дузланған гөштей суп,сур, көзлери уясынан атлығып кетейин деп ойнақшып тур. Даўсы да дирилдеп шығады. Өзи безгек тутқандай қалтырайды. Айтбай оның не ушын Төребайды сораўының лийкинин шамалады.

— Үйинде жоқ екен, не қылажақ един?

— Басына түспесин, ол қарақалпақтың дәстүрин бузып мен өлмей турып, көзимниң тирисинде, мен үйленбей турып, ҳаялымды неге алады? Қарақалпақ емеслигине барды. Қарақалпақтың қызларында ар жоқ, оннан Бағдагүл қарындасымызды да тартып алыўымыз керек.

— Сүйсе, айырыў қыйын ғой.

— Әне, сен де сатқынсаң! Жас үлкен адамлардың айтқаны дурыс, сен бузылып ҳәр миллеттен дос тутқан адамсаң, ҳәтте, орыстан да достың бар-а! қәне, кет жолдан!

— Қысқартсаңа, ладан! Аңығын билмей неге ҳәўлиресен? Мен Төребайдикинен киятырман, ондай гәп жоқ. Ийт те ийт аяғын қызғанады, егер Жумагүл менен Төребайдың арасында байланыс барын сезсе, Бағдагүлдиң өзи шаң шығармай ма? Ақырына бақ, ақырына!

Турымбет жуўасыды.

— Жүр ертип барайын,—деди Айтбай Турымбеттиң қолынан тартып.—Ҳәзир Төребай үйинде. Бәне менен сол жерден Жумагүлди көр, илажы болса, қайтадан ал.

Турымбет не қыларын билмей қалды. Барыў керек пе, я изге қайтыў керек пе? Таслаған ҳаялын көриў ушын барса, қандай жигит болғаны? Ар-сары шығып басын қасый баслаған соң, Айтбай оның қолынан жетелеп Төребайдикине қарай тартты: олардың қосылыспағанын анық билгизгени мақул. Өйтпесе, бүгин ямаса ертең бул жәнe көтерилип, олар екеўиниң биреўине қәўип туўғызатуғыны түсиникли, себеби оның минези сүзе-

ўик өгизден жаман, көтерилип кетсе, аңсатлыққа жөнге келмейди.

Айтбай қоярда қоймай жеңинен тарта берген соң Турымбет көнниўге мәжбүр болды.

Төребай етигин жамап отыр еди. Жаңа шығып кеткен Айтбай Турымбетти ертип келген соң бир гәп бар ма екен деп ушып-ақ турды. Төрге кийизин жайып жиберди. Айтбай Турымбетти отырғызды да, сараламақшы киси болып сыртқа шықты. Далада отын майдалап атырған Бағдагүлдиң қулағына бир нәрселерди тез-тез сыбырлап үйге кирди.

— Япырмай, бала!—деп Айтбай ҳеш нәрсе билмегенсип гәп баслады. Бул ўақытта Бағдагүл де келип отырған еди.—Ким болса да бир жуўҳа «Төребай Жумагүлди алыпты!» дегенди ойлап таўып, Турымбеттиң табанына шоқ басып жиберипти.

— Өйбей,—деди ошақтағы отты алыстырыў ушын үплеп атырған Бағдагүл нәрсе билмегенсип.—Бизиң үйдеги ондайға сер сала ма екен сирә. Салып көрсин, еки аяғын бир етикке тығып ғана қояйын.

— Қойса, Айгеке,—деди Турымбет қысынып.—Басқа сөз тапса.

Олар Жумагүл туўралы қайтып сөз қозғамады. Төребай менен Айтбайдың қыялы Жумагүлдиң нағыз адамгершилигин, ҳадаллығын, қарақалпақтың қарыўлы жайсаң мийнеткеш қызы, бир хожалықты сүйрейтуғын күши бар, ақыллы екенин айтып, мақтаў еди. Турымбеттиң мәниси болмай, гезекме-гезек еки қапталына бурылып, әлле нәрселерди излегендей тынымсыз отырды.

— Сен пәмсиз байдың оң қолы болып баратырсаң. . .—деп Айтбай гәп баслап еди, Турымбет баўырын сона шаққан жылқыдай шаншыды:

— Сен де өзиңди меннен ақыллы санама!

— Турымбет,—деди Төребай әңгимени биротала басқа жаққа бурып,—Дүйсенбай бул күнлери қалай?

Бай жөнинде билетуғын болғанына Турымбет гәрдийип, сессыпасыз шығып кетти.

* * *

Бағдагүлдиң минези бир күнде өзгерди. Еринен гүманланыў былай турсын, ҳәтте оның алдында қабағын шытып, қарсы гәп айтып көрмеген адамның көкиреги түйинленип, «Суў сайдан ағады, бир жағында шынлық болмаса бундай гәплер шығар



www.ziyouz.com kutubxonasi

ма еди»... деп ойланады. Буған үлкен себеп мынаў болды: суўға баратырып я дигирманнан қиятырып, ара-арасында айғаншылап жүрип, ҳаяллардың сыпсың-сыпсың сөйлескенин, еркеклердиң ийинлесип сөйлесип баратырғанын көреди. Ал бул жақынласа олар аўызларына тақан салғандай тым-тырыс. Бул не сумлық? Ел жәие бузылып, жәие аўыз алашылық пайда болып, жаўгершилик баслана жақ па? Жо..жоқ, дейди өзинше жеделленип, шамал ессе, шөплер қыймылдасады... Арғы төркининде бир нәрсе болған соң Турымбет келип жүр... Айтбай қурдастың алдағанына көнип Турымбет жеңкеге неге өтирик дедим?... Бәлким, олар дым үндеспей тил бириктирип жүрген шығар. Журтлар мөҳмин болып есигиңе келип, соң әсте-ақырын жылай болып мойныңа оратыла береди. . .

Жумагүллерди үйде бола берсин деген Бағдагүлдиң өзи еди. «Есаплы дос жаңылмас» деп, басқа шығартқан Төребай ғой! Не деген түби тұңғыйық сумлық ислеген. Онша өйте берип кисиниң хожалығы менен не жумысларымыз бар еди, бәрин таўып жүрген өзи!

Отынға жалғыз өзи кете беретуғын адам енди неге Жумагүлсиз жүрмейди? Бүгинде бирге кетти. Бәри түсиниклии!...

Бағдагүл гибиртиклеп ҳеш жерде тақат ете алмайды. Ериң көрсе тақыр жерден шаңғыт шығармақшы, сол ушын жолын тосып ,тез-тез далаға шығып қарап келе береди.

Бәҳәр жаўынлы келгенликтен жер бети былшырап атыр. Аспан сәл булытласса да, қамырласып көпшип жататуғын кебирликтиң әбден берекети қашқан. Бағдагүл далаға ҳәр шыққан сайын желимдей ылайға батып кеткен аяқларын зорға суўырып, қайтып киреди. Ол бул жағдайды көрип азандағы отынға кеткен ерин аяйды да. «Бийшара, усы батпақта қәйерлерди сүзип қиятырған екен. . .» с

Төребай Жумагүл менен тоғайдан ҳәр келген сайын Жумагүлдиң еркектей отын шабатуғынын, қарыўлылығын, жырымсызлығын айтып отырғанда, ол, Жумагүлди де аяйтуғын еди. Ҳәзир сол есине түсип, көкирегиндеги түйинди тағы үлғайтып жибереди. Ерте намазлыгерден баслап чай қайнатып, ериниң келиўине таярланып отыратуғын ҳаял бүгин от та жақпады. Киреди, шығады, уҳлеп зар шегеди.

Оның әлле нелерге ашыўланып кейпи қашып жүргенин билген Сәнем:

— Шырагым, сырқасланып отырғаның жоқ па?—деди кешқурын.

Өзи жаққан отты өзи өшире қойыў оған да аңсат саўда емес



www.ziyouz.com kutubxonasi

еди. Истин ақырына жетпей кемпирге өкпесин билдириў нақо-лай көринди.

— Кейпим болыңқырамай отыр, шеше.

Кемпир басқа нәрсе сорамады. Шыраны жағып ошаққа отын әкелип салды. Атешханның дөгерегин тазалады.

Аўыр жатар мәҳәлинде ғана арбаның шыйқылдысы еситилди. Кемпир Бағдагүлдиң чайын демлеп берди де, өз қосына кетип, бесиктеги ақлығын тербетип, қызының келиўин күтти...

Төребай кирип келгенде, еки бетиниң алмасы қанталағандай қызыл еди. Әлле суўық шалған ба? Олай деўге айта қалғандай суўық жоқ. Даладағы отынды зорға жайластырып үлгерип, қап-тал беттеги салыўлы төсекке сүре жығылды. Қаншама ашыўлы отырса да, Бағдагүл орнынан ушып турғанын сезбей-ақ қалды. Бара сала Төребайдың шекесин услады. Оның денеси қызған тандырдай лаплап тур еди.

— Өйбей сорым-ай! — деди шоршынып. Сөйтти де чайнигин қайта-қайта сыпырып, ериниң алдына қойды. Төребай жанбас-лаған қәддинде қолтығына гүпписин жыйнап басып, зорға оты-рып аўзына кесе апарады.

— Жүдә шаршадың ба?—деди Бағдагүл ериниң кесесине чай қуйып.

— Сорама, шабазым. Бизге мына Жумагүлди берген қудай-ды айт,— деп демин бөлип алды. Бағдагүлдиң бетинен қаны қашып, қолынан чайникти түсирип ала жаздады. Төребайдың оннан хабары болған жоқ. Чай ишип кем-кем өзине келе басла-ған соң Жумагүл жөниндеги әңгимесин соза түсти.—Бүгин то-ғайда аўырдым, шабазым, Жумагүл болмағанда үйге жетиўим қыйын еди... Плаҳийла қарыўлы нашар екен. Әлҳаббыз дей бер! Небир батпақлықта, небир шығарлықта арбаны гүп-шеклегенде, күши меннен асып түсе береди. Бизиң ат бийшара бәҳәрге салым күтә болдырыпты. Екеўимиздиң күшимиз бенен зорға келди жаныўар.—Маңлайы жибисип терлей баслаған соң ылай-ылай етигин шешти. —Көрдиң бе, қостарым, не деген бат-пақ. Егер Жумагүл болмағанда, бүгин дүзде қалатуғын едим.

Бағдагүл өзин тутайын деп тырысса да, жүрекке түйилген түйин өз шешимин тапқанша түрткилеп баратырғандай.

— Еки жумыс ислеп шаршаған шығарсаң!—деди ақыр соңы шыдамай.

Төребай ҳеш нәрсеге түсинбей, оның не ҳаққында айтып отырғанын билиў ушын бетине қарап еди, ҳаялынан бурынғы-дай жайма-шуўақ жүз көрмеди. Қандай күлки ойнатаман десе де, түси сурланған. Соған қарап оның қыялына жыл-дам түсинди. Адамның көкиреги шошқаның гүркеси дейди, бү-



www.ziyouz.com kutubxonasi

гин күтә кешигип келгенимиз ушын гүманланып қалған ба? Ямаса биреў бир нәрсе деди ме екен? Ҳаялындағы сырды билгиси келип еди, бирақ шаршап келгенликтен солығын басып, демин алғанша сөйлемегенди мақул тауып, жанбаслап жатырған қәддинде екинши чайникти баўырына тартты. Ҳаял еле үнсиз. Түси бираз суўық. Кесеге чай қуйып көз астынан қарап еди. Бағдагүлдиң аўзы жыбыр-жыбыр етип сөйлегиси келип турғандай. Ерин бир аўыз сөйлесе ол он есе арттырып жибережақ. Төребай бираз терлеген соң шөгирмесин шешип қапталына қойды. Ишинен кир-кир пашшайы тақыясын алып кийди. Қап-қара узын муртларын еки жаққа айырып сыйпады. Бетиндеги моншақ-моншақ терди еки жени менен алма-гезек сыпырынды. Бир жағынан печтиң қызғыны, екинши жағынан шыраның нуры Төребайдың жумалақтан келген жүзин ушығадай қызартты. Оның әлле нәрселерди ойлаған нурлы көзлери сүзилип, ҳаялға мәңги күлешырай берип туратуғын келбети, сол түсин жоғалтқан. Қызыл шырайлы сулыў ерине көзи түскенде, Бағдагүлдиң қызғанышы бурынғыдан да арта түседи, әттең илажсыз. Ол анық аўырып келипти. Көпшикке бир қыялап жанбаслаған күйинде соңғы кеселерин оңлап та ише алмады.

## 23

Дийўалы жарық-жарық тамның бир қапталын алған ылашық пәскелтеклиги менен турмай гилең қамыс ҳәм шеңгел менен қоршалған еди. Бийтаныс адамға бул ылашық жарға сүйенген қамыс суўынындай көринип, там ийесиниң мал қорасы десе де алжаспастай. Сықылсыз тамның таў жырасындай жарықларын көргенлер сол ылашықтың жыйнақлығына қарап «өзлери отырған тамынан анаў мал қорасы жыллы шығар»,— деп гүбирленеди. Себеби оның сыртқы көриниси мисли мал қора. Өйткени маллы адамлардың көпшилиги қысқа қарай тамының алдына тап усындай бастырма дүзетеди. Ал оның төбесиндеги дүткештен шашырапды суйық түтин көтерилгенде барып, ишинде адамлар жасайтуғынына ҳайран қалысады да.

Ал иши тегис, кирсең бәри тап туйнақтай. Қазан-табақ өз орнында. Қызыл сыры кетип аламышланған кишкене ғана гөне сандықтың үстинде пәскелтек жүк. Бир жағы тамның дийўалы болғаны қолай болыпты. Оған алаша орнына шийдек тутылып, үстине қазықлар қағылған. Қазықларда ҳәм жыйынлық ҳәм күнлик кийимлер менен қатар бөпениң шаппаттай ғана ақ, қызыл, қара түстеги ызғар жөргеклери илдирилип қойылыпты. Бир қанат кереге көзлеринен өткен қамыслардың үпелеклери те-



www.ziyouz.com kutubxonasi

гис гүземленген. Төбеси гөне қадалар менен шошақлаў басырылып, оның үстине қамыс жабылған. Шаңарақ орнында түтин шығатуғын түби тесик гөне дүңке. Ортаға жағылатуғын оттың ашшы түтини әне усы түпсиз дүңкеден шығады. Гейде түтин қамыс араларынан да жол тауып сырттан қараған кисиге шашыранды болып көринетуғыны усыдан еди.

Ылашықтың шалдыраўы қанша қалың тутылса да, самал шебине турған күни кереге сыртындағы қамыс сийреклик ететуғын еди. Базда Айтбай қыдырып келе гойса;

— Уядай ылашықтың қаяғынан шалқыйды,—деп бираз күлки туўдырып кетеди. Оның сөзине Сәнем де Жумагүл де шақалақласып мәс болып күлиседи.

Турақ жайы қаншама нақолай болыўына қарамастан, ана менен қыздың жан сезимлери еркин. Ғарры ана ақлығы менен әжик-гүжик, ал Жумагүл бурынғы тар қәпестен жырақ. Кеш келсин ерте келсин енди оны Турымбеттиң ерманы тартқышы күтип турмайды. Өз ерки өзинде. Кисилер менен иси де жоқ.

Бәҳәрги батпақшылықта алыс тоғайға барыў қыйын болғанлықтан аўылдың көбиси жақын жерлерден қарабарақ пенен шеңгел шаўып әкелип жағатуғын еди. Ал маллы хожалықлар малының жемей таслаған сабанлары менен шиңгириклерин жағып ылашық түўе, пеши бар тамларды пысқытып отырганы. «Дән байы болмасақ та отын байы болайық, келген қонаққа бул да иззет» десип. Жумагүл менен Төребай есик алдын Шортанбайдың қаныратпа жыңғылларына үйип қойыпты. Сол себептен бе, ел арасында бираз қыткершилик болған менен күн көриси де жаман болмады. Екеўи биргелисип ҳәптесине кескирт еки рет Шортанбайға отынға барып қайтады. Базардан бир күн бурын әкелген бир арба отынды Төребай қалаға сатып келеди. Соның пулы базар арасы жегендей папақаға еплеп ушласатуғын еди. Ҳәр базар күни Төребай әкелген гөш бир жерде асылып, еки хожалықтың адамлары кептерлердей жуғырласып жәмлеседи. Гейде Төребай сорпа ишип терлеген соң, көйлекшеңленип Жумагүлдиң қызын алдына алады. Ол шубыртып ҳәр қыйлы күйге салғанда үй-ишлери силтидей тынып қалар. «Бул ақын Абайдың өлендери» деп жүйндкип ала жөнелгенде, үйдиң қасларынан өтип баратырған дүрсилдилер де тынышланады. Қарақалпақлардың сүйип айтысатуғын Бердақ шайырының қосықларын да ядтан биледи; оларды да өзи үйренип алған намаларга салады,. Әсиресе:

«Ақ бийдайы турып сулы сепкенин,
Таза салы турып шигин еккенин,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жөнсиз қырқ күн қайғы-уўайым шеккеннен,
Ден саўлықта бир күн шадлық жақсырақ».

деген қосықты көп тәкирарлайды.

Бул сөзге Сәнем қайта-қайта басын шайқап, ҳәр сапары көзине жас алып, жас гезинде бул қосықты Бердақтың қайсы тойда айтқанын еслей алмай отырса:

— Кемпир жаным, ол жағын ойлап не қыласаң? Бирақ аса шайырлық, өткир даналық пенен айтылған сөз ғой,—деп Төребай кемпирди тынышландырады.

Олардың өткерген күни бир-бирине уқсас болып өте берди. Жумагүл өзин жалғызлыққа берип, Айқызын алдына алса, жүрек баўыры упырап кете жазлайды. Перзенти Тазагүл жетимликтиң кесапатынан қандай болып өседи? Әри жасқаншақ, әри әлжуўаз болады. Жесир ана тәрбиялаған «көрмедик қыз» атанып кетеди. Усылар есине түссе, бийшара Жумагүл ақшамына қарай көрпеге емес, намыс қушағына оранғандай. Жамылған көрпеси айралық зарпы болып қысады. Терлетеди. Ыңырсытады. Ой, ой, ол қанша әззи! Дәслепки мухаббетке қанша берик! Егер Турымбет бас ийип келсе, қайтадан қосыла қойыў бир әрман! Жоқ, жоқ, егер ол келе ғойса алдына шәрт қойыў тийис: «бурынғыдай зәҳәринди жая берме, жайдары бол! Өзиң халық қатары маңлай терлет. Үйдеги гөр гүмиралық талаптан дүздиң жумысы не деген аңсат! Кең ҳаўа, жазық дала. Қандай қәҳәрли ашыўды да симирип кетеди...»

Жумагүлде усы аспаный қыяллар қайдан пайда болды? Еркинниң бойында анасы менен әндамлы отырған жоқ па еди? Сонда неге миндирип-миндирип Турымбетке шәрт коймады? Жаслықтан. Турмыс қурыў деген сөз — жуптылар бир-бирин сүйсе болғаны, әсиресе ҳаял дурыслап сүйе билиўи тийис деп өзинше ойлайтуғын еди. Аналық кемпир де усылайынша кеңес берген! Мине не пайда тапты? Ерин сүймеди ме ол? Бир аўыз сөз бенен бетине қарсы келмесе! Ериксиз инсанга айланғанын да сезбеди. «Адам тилинен, мал шақынан байланады» деп, Аналық кемпирдиң айтқаны умыт болған жоқ. Оның нәсиятларын ядтан шығармай, ериниң ашшы сөзлери, таяқлары жанына батып сол ашыў менен сөйлей жақ болса, бармағын тислеп қанша шыдап бақты?! Сондада бахыт шамалы шебекейине есе бердиаў, қапылып!..

Базда ол баяғыда бир ғарры: «енди бала болсам сум бала болар едим» деген екен, сол айтқандай әўелден неге асықтым. Енди сол жаслық гезим оралып келсе, басқаша болар едим» деп мыржыйып күледи. Турымбет пенен айрылысса, күн көре алмай-



www.ziyouz.com kutubxonasi

туғындай сезетуғын еди. Қайтама ҳәзир басы ерикли, табылған тағамды анасы менен шөпшейди, талайларына қайыл.

Көрпе төсеклери де өзлерине жеткиликли. Еки көрпе, бир кийизи бар. Бир көрпени ақшамына қарай бөпесине жабады да, екиншисин анасы менен екеўи жамылады.

Жумагүл түнге қарай тап ҳәзир бесикте жатырған Тазагүлдей кишкене көринеди Сәнемге. Ақлығы оянып оны емизиў ушын турыўы керек, болмаса кемпир қызын баўырына басып белсаптай қатты, қуў сүйек, тарамыс-тарамыс қолларының бирин Жумагүлдиң басына дастық етеди, бирин үстине салып қушақлайды. Ири денели Жумагүлдиң салмағы оған шыбынның қонғанындай сезилсе сирә!

Жесир қатынның халық қатары кисиге жалынбай күн кеширийи аўылдың адамларын да таңландыра баслады. «Ҳаял, ошақ басындағы от жаққыш» деп жүргенлер ҳаял да қарыўлы болады екен» десетуғын болды өз-ара. Төребай Жумагүлдиң еркектей қарыўлы пашар екенин айтқанда, биразларының аўызының суўы қурып танланса да, биреўлер исенбейтуғын еди.

Ақылсыз, сықылсыз деп баҳалап жүрген келинин ҳәр кимҳәр кимниң «Еркекке бергисиз ҳаял екен» деген сөзлери, үй машқаласы мойнына шөгип, пысылдап қалған Гүлбийкеге де еситилип, ол бир күни уялмай Сәнемге келип те жетти.

— Мен қызымды саған бергеним жоқ, үйиңдеги азаматына бергенмен. Сол келсин,—деп Сәнем оны қысқа сөз бенен ғана қайтарып жиберди.

Ҳаял алдында дизе бүгетуғын Турымбет пе? Бойдақ жигит атанғанына мәсирип, Дүйсенбай анда-мунда жумсап «қәлеген қызыңды әперемен» деген еле шады қуррам. Дәрья тасса тобығына келмейди... Анасының айтып барғанына қулақ асса!

* * *

...Сол күнги батпақ кешип шени болмай келгеннен берли Төребай бурынғыдай зиңкилдеп кете алмады. Бойы аўыр тартып, көп аса далаға шыға бермейтуғын болды. Кем-кемнен аўырыўы күшейип қалаға барыўдан да қалды.

Ертең базар. Әдеттегише қалаға арбалы отын апарылыўы керек. Егер олай етпеген жағдайда келеси базарға шекем еки хожалықтың тамақтан биротала тарығып, қысылшаңлыққа түсийи сөзсиз. Бул жағдайдан қутылыўдың жалғыз жолы қалаға отын апарыў. Бирақ бул ушын онда шама жоқ. Деген менен көкиректе жан болған соң өлмесликтиң ғамын жеў шәрт. Жумагүлди жибериўге болмайды. Ол пашар, еркектиң басшылығы



www.ziyouz.com kutubxonasi

болмаса, ондай жумысты ислей алмайды. Оның үстине жол жаман. Жем жемей бәҳәрге зорға жеткен арық ябы дималсыз. Усындай батпақлықта шығарлықлардан тарта алмай қалғанда, Жумагүлдин еки көзи төрт болмай ма?... Ол кешки аўқаттан кейин орнынан турып қалаға кетиўдиң әнжамына киристи.

Ай жақты еди, ол таза ҳаўаға шыққан соң бираз жөтелледи Соң қамыт ағашты излеп арысқа кийгизди. Шүйлерди қайтадан алып салды. Жумагүллер де еле жатпаған еди. Төребайдың қандай да бир ислер менен шуғылланып атырғанын сезип далаға шықты ҳәм оның қалаға кетиўге ҳәзирлик көрип атырғанын көрип көмеклесе баслады. Аттың арқалығын бирге тартысты. Тийелген отын шөнкерилме ме ямаса баспа ма, екеўи арыстың еки жағына шығып көтеристи. Төребай ыңқылдысын билдирмейин десе де, арыс көтерген мезгилде күтә табанлап ширенеди. Бәҳәр ақшамының ең жақты түнлериниң бири болғанлықтан Жумагүл оның ҳәр бир ҳәрекетин аңғарып қалады. Тоғайды кийип кетип, сонша жыңғыл шапқанда терлемейтуғын жигит ешейин нәрсегеақ маңлайын жеңи менен сыпырып жүр. Тез-тезден жүресине отырып қалады.

— Төребай аға, өзим кетемен, қалаға,—деди Жумагүл оның жүре алмайтуғынын сезген соң. Төребайдың дизесинен дәрман кетип және жүресине отырды. с

— Қалаға барған соң сатыўдың да машақаты бар-аў, қарағым. Үйи қаланың ишиндеги биреў ала қойса не жақсы, алысырақтағылары алса, апарып болып, өзиңе түсиртетуғын хорлығы бәринен жаман.

— Тәўекел шығар, аға, ҳеш гәп болмас, аўырыўыңды қоздырып аларсаң, жат.

— Жүдә барғың келсе, қасымда жүре ғой. Жатып қалсам, арбаны айдап қайтарсаң,—деди Төребай бурын қалаға барып көрмеген Жумагүлди қыйналдырмаў ушын.

Олардың гүңкилдисин еситип Сәнем де шықты.

— Өйтпе, шырағым, тымаў асқынласа жаман болады дейди. Жумагүл кете берсин. Себеп пенен қалаға барып үйренер.

Төребайды узақ жөтел қысып, олар екеўи сүйеп үйине киргизди.

Жумагүл түни менен толықсып жатты. Ертең биринши рет қалаға жол алады. Қала қандай болады екен? Көз алдына ҳеш келтире алмайды. Тек саўда-сатықтың бир жерге топланған жери деп ойлайды. Не апарсаң да, өтпей қалмайды. Гүлбийке кемпирге шекем сол қалаға асқабақ апарып пуллы болып, қайтысын аржағынан күн көринетуғын жуп-жуқа бийдай шөреклер әкелип, дастурханға қойып, қоддаслап отыратуғын еди. Соған



www.ziyouz.com kutubxonasi

қарап ол қалада сатылмайтуғын зат болмас екен дер еди өзинше. Гей күнлери азанда базарға қарап жол алған ешеклилерди, атлыларды көрсе, «булардың бәри қайда сыяды, ҳәммесиниң танысы бар ма екен?» деп ойлар еди. Бирақ қайсы қыялының дурыслығына өзи түсинбес. Көз алды убыр-шубыр бир нәрселер менен қапланып, өзи исенгендей бир пикирге келе алмас...

Отынын өткере алмай қалада қонып қалып жүре ме деп қәўипсинген Сәнем оған Нуратдийин татардың үйин таўып алыўдың зәрүр болатуғынын ескертип, ол ушын қайсы дығырықлардан қайсы дығырықларға қарап бурылыў кереклигин узақ ўақыт түсиндирген менен, еле Чимбайдың қай бағытта екенин билмейтуғын Жумагүлге бәри қуры елес болып көринди.

— «Көре-көре көсем боласаң» деген,—деди Сәнем соңынан, —еле бәрине үйренисип кетерсең. Бирақ бир пәнди нәсийҳатым— отыныңды сатсаң, өзиңди қалынға урма. Қала дегенде небир сырғыялар болады, көзиңниң алдында неңди әкеткенин билмей қаласаң,—деп, ҳәттеки, отын сатқан гезде өзин қалай тутыў кереклигине шекем ескертип айтты.

Жумагүлди бересе қорқыныш, биресе қуўаныш бийлеп, көзлерин гә ашып, гә жумып тезирек уйқылап қалыўға асықты.

Қазанның қақпағын көтерген сүттей ағарып таң атып киятырғанда Жумагүл арбаны сазламақшы болып далаға шығып еди, Төребай арыстың қасында бүгежеңлеп жүр екен. Ол Жумагүлди абайламайды. Аўзына қолын басып қайта-қайта еснейди., үсти-үстине түшкиреди. Қамыт ағашты арысқа кийдирип атырып көзден парлап аққан жасын жеңи менен сыпырынады. «Ийя» деп қалтырағанда, Жумагүлдиң де ети жуўлап кетти:

— Өзим қоса аламан ғой, аға!

— Әй, шырағымай, арбаны қалай қосқаныңды көзим менен көрежақ едим...—деп аўылдан былайырақ шығып, қалаға апаратуғын гүзар жолға түскенше, ыңқылдаўы менен аттың сырын, қай ўақытта дем берип, қай ўақытта отынның үстиндеги бедеден асатыў кереклигин түсиндирип, қалаға кирген соң арбалы отыншыларға гезлесетуғынын, арбасын қандай жерге қойыў кереклигин, қәйткенде отыны ири ҳәм көп көринетуғынын ескертип барды...

Азанғы қатқалақ пенен Жумагүл бираз жерди асып кетти.

Күн сәскеликке шамаласқанда тоңлар ерип, жол сүзбе ылайға айланды. Шыққалы адымын келеплеп басып киятырған гүрең ябы кем-кем жүриўин тосаңлатты. Ол қалаға жақынлаған сайын алды да, арты да ыбыр-жыбыр жолаўшыларға толды. Балақларын түрген жалаң аяқ адамлардың базылары қап толы бир



www.ziyouz.com kutubxonasi

нәрселерди тырмышлап арқалап, көкреклерин самалға ашыўы менен кимисиниң бели қайқайып, кимиси алдына ийилип, маңлайынан пуў буркырап баратыр. Мингескен ешеклилер де көринеди. Ешеклерине қызыл жыңғылды, сөкли жантақты бастыра артқан, кийимлери өрим-өрим ҳәр қыйлы отыншылар ҳәр жер ҳәр жерде баратыр. Ешеклерине артқан жүклерин аўып кете ме деп қорққан жас балалар отынларына қапталлап асылып киятыр. Көзлеринен суў шуфырған небир ғаррылар үстине артылған жүклерин көтере алмай шыбжыңлап жорғалаған ешеклерине жете алмай, көкреклери сырылдасып жортыўда. Жумагүл буларды тек тусынан өткенде ғана абайлап қалмаса, жан-жағына қарай алмайды, еки көзи арбаның дегершеклери өтетуғын жердиң ойлы-бәлентлигинде. Жолдың базда урықлық, базда шеңгелликлер, базда бийтаныс аўыллар, базда узыннан-узақ сай ишинен, базда жекке сийрек қара тал, гүжимлерге жанасып, базда асырмалардан, базда ескe қум үстинен, гейде узына-шубай тақырлық үстинен өтип атырғанына ҳайран. Усы жолға шыдам берип, арба тартатуғын жаныўарлардың жанына сәддақ. Тегисликлер қара көримнен аспайды. Гә минерлик, гә түсерлик. Түсерликке келсе дегершиклердин тез жумалап кетип арық ябыдан озып кетпеўи ушын ҳәрекет етип, арыстың шүйлигинен услап кейнине ийтереди ,ал бийикликке шығарда қарынлыққа зор түсип атты әззилетип, көтерип кетпеўи ушын арысқа өңмешин таслайды. Сәл саўасын тапса, тийелген отынның қапталына байланған бедеден бир қамтым-бир қамтым алып асатады. Сөйтип киятырып алды-артына қараўға пурсат табады. Әне, алдында бир арқа томар әстен жылысып баратыр. Жақынлаған гезде оның астынан жалаңаш қос балтыр көринди. Арқаламайшы бийшара! Қапталласып келе бергенде қарап еди, басы жерге тийгенше еңкейген биреў қызыл жыңғылдың томарларын арқалап баратыр. Узын, қалың сақалы көкирегине басылған, өсик қаслы қарапәрең пилтабан бул адамның маңлайынан тер тамшылары тамып пыснап киятыр. Арбаның тусына келгенде, Жумагүл оны аяп кетти.

— Ағай, қалаға баратырған болсаңыз бизиң арбаның үстине сала қойың.

Ол киси тырмышын сәл силкип көтерип, ала көзлерин жапқан қойыў қара қасларын керип, аттың жағындай ири жағын оған бурды.

— Арбаңа салсам, енедәрегин таба алмайман ғой, оннан соң бала-шағам не күн көреди?

Жумагүл қайтып зорламады.Оның жүги салынған соң аты тарта алмай қалыўы мүмкин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Онын сыртқы тулгасы еркек қэлпин аңлатар еди, ири, бойшаң, кең жаўырынлы, сыртынан Төребайдың ешки жүнинен өрмекке тоқылған қара шекпенин кийип алған еди. Тек ғана қызылға боялған бөз көйлегиниң етеги тирсегине оратылып, узақтан ҳаял екенин тастыйықлайды. Шақын қайтарып ораған басындағы гөне айдыллысы әўкийип, төбесине қараған кисиге бул кията тырған ҳаял дегенди жақынлаған гезде аңлатпаса, узақтан қараған кисиге, қызғыш сары қураш секилли. Қаланы тезирек көриўге ҳәўесленгендей тақырлыққа келгенде атын асықтырады.

Қала көринди. Әне,инине кирип шыққан қумырысқадай быған-жыған адам. Енди онық көзлери ериксиз апалақлап, әтирапына қарай береди. Ол қаланын көринисин пүткиллей басқаша сыпатта көз алдына елеслететуғын еди. «Қалалылардың ҳәммеси азада, жақсы кийинеди. Биреў-биреўге мүнәсебетли. Жай-дегенлери бийик. Иши-сырты нағыс. Қәйер болса сол жерде саўда, пул...» Бул қыяллары бийкар екен. Азада кийингенлер қанша болса, алба-далба болып кийингенлер оннан мың мың есе!... Аўылдан айырмасы тек тамлары жийи. Биринши ниң басына минген пышық, екинши, ушинши... оныншы тамның басынан бир-ақ түскендей Сырты әжжеленген тамлар түўе тырнағы желинип, қулаўға сәл-ақ қалған тамлар да ызғып атыр. Дийўалына бақан тирелип қойылған тамлар да көп.

Қалаға жақынлаған гезде шоғыртпақланған көп адам көрингенге «аўылларда, адам қалды ма екен, ҳаў, мени жиберип Төребай да, Бағдагүл де келген шығар» деп ойлады. Бала кәтерип жолдан кесе өтип баратырған гөнетоз бешпентли кемпирди көргенде «апам шығар» деп ойлап, «хаў, апа, не қылып жүрсең?»—деп шақыражақ та болды... Базы биреўлерге соншa сығаланады. Топар-топар базаршылардың арасында ол таныған дай бенде жоқ! Биреў арман баратырса, биреў берман киятыр. Үсти-үстине қызып атырған саўда ҳеш жерде көринбейди. Бәлким, басқа жақта шығар деп ойлады және.

Аўылдан шыққан пәтте бүгин қалаға арбалы отын әкеле атырған бир өзим шығар деп пәмлеген еди. Қалаға кирген жерде, шүй-шүйине қағысқан арбаларға гезлести. Биреўлери өгиз, биреўлери ешек қосқан арбалар ызық-ызық. Отын тийелген арбалар қалай қарап жүрсе, бул да солай қарап бурыла берди. «Отын базары қайда?» деп сораўға усыншама бийтаныс адамлардан биреўи болмаса биреўи натуўры силтеп жибере ме, деп қорқады. Қалаға кирген отын арбалардың изинен ере бериўди кисиден ҳеш нәрсе сорамаўды Төребай ескертип жиберген ғой ақыры!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Алдындағы ешек арба иркилип қалды. Қапталынан айланып өтиўге жол тар еди. Бул да турды.

— Отыныңды неге бересең?—деди төбеси бас бармақтай шошайған соппас кийген сарысынлы егеде киси. Соппасына қарағанда мәрдикардан келген көринеди. Ким де ким отынын сорап келсе, оған тикленип қараўды шегелеп «егер төмен қарап, бурын қалаға келип көрмегениңди аңлатсаң, қаланың сырғыя дәлдалшылары алдап кетеди» деп анасының қайта-қайта ескерткени есине түсип, өмириниң ишинде еркек кисиге тикленип қарамаған нашар саўда досына бурылып еди, алдында турған сары кисиниң сақалын, муртын қырғызып қойғаны белгили болып турды. Сақал, муртты еркеклердиң биротала сыйдамлап қырып қоятуғынын көрмеген Жумагүл бул мусылман адам ба екен деп ойлады.

— Қызым, неге таңланасаң, отыныңның баҳасын айт—деди, қалалы киси. Жумагүл бул кисиниң қарақалпақша сөйлеп турғанына ҳайран қалды. Бирақ оның тилиндеги азғана өзгеристи байқап, ол жөнинде ойланып та турмады. Тек Төребайдың усыған келсе ирикпей берип жибер деген баҳасын айтып еди.

— Жүдә мақул, қалаға биринши келген екенсең, күйеўиң менен келиспей шыққан көринесең. Айтқанына алайын, айдап жүре ғой,—деп Жумагүлдиң алдына түсип, Кегейлиниң көпирине қарай жол баслады.

Жумагүл отыным арзан кетти ме, деп қыялына келтирген менен тез қардар таўып басқа отыншылардай турып қалмағанына қуўанышы көкирегине сыймай киятыр. Ол киси Кегейлиниң көпирине жақын жердеги бийик ҳайўаны бар, шөпкер жайда турады екен.

— Жеңгеңлер базарда жүрип еди,—деп ол отынды өзи түсире берди. Жумагүл де тынбай жүр. Ойламаған жерден пайда болған бул адамға ишинен рахмет айтады. Отынды түсирип болғансоң ол киси Жумагүлдиң ишке кирип чай ишип кетиўин сорапып еди, ол кирмеге тартынды. Сонлықтан үй ийеси бағанағы айтысқан пулды ҳәм:

— Мынаў сыйлаў!—деп үлкенлиги алақандай төрт мүйешли бир айна менен бир мүйиз тарақ әкелип берди. Ер жетип, қатарға қосылғалы атағына айна-тарақлы болып көрмеген сорлы Жумагүл оған рахмет айтыўды да умытты, тек ишинен «дүньяда жақсы адамлар көп екен ғой» деп сыбырланып, арбасына минди. Отын алған киси оған атын айтпады, ол сораўға тартынып, оның Нуратдийин татар екенин билмей-ақ кетти. Жумагүл бир арба отын менен әри айна-тарақлы, әри пуллы



www.ziyouz.com kutubxonasi

болғанына, оған қосымша отынның тез өткенине де шад. Қалаға барып кирер дәрўазаның алдында арбасын иркип, гөш алғысы келди. Ҳәммениң дыққаты Жумагүлде тәризли. Олар келиншектиң арба айдағанына таңлана ма, ямаса бәри оның қалаға биринши рет келгенин билип ерси көре ме, өтип баратырып қараса береди. Бул ҳеш нәрсени серлемейди, еситпейди, ўағыр-ўағыр, гүбирли, абайлап қараса бақырысып сөйлеп турған адам жоқ қусаған, ал тыңласа гүўгүў! ..

Шеңгектиң алды тығылысқан адам екен. Дизбе қатарды бузып бириниң үстине-бири асырылып шаўқымласып атырған адамлар Жумагүл жақынлаған гезде бирден тарады да кетти. Олар өз-ара гүбирлесип;

— Буны қой, ўазға барайық. Ўазға!—деседи. Жумагүл ҳайран болды. «Ўаз деген не? Ямаса бир шеңгектиң атымекен? Сирә, ўаз деген арзан гөш шығар. Болмаса адамлар бүйтип тарқаса ма? Мен де сол ўазға барып арзан гөш алсам ба екен?» деп, көпшиликтиң кеткен тәрепине қарап еки қәдем таслап турды да: «Қой, пулы арзанның сорпасы татымас! Апам өзиңди қалыңға урма деп еди, арзан гөш излеймен деп пулымнан айрыларман» деп, өзинше гүбирленип қалтасына қолын суғып, пулын барлап көрди. Түйиншиги орнында. Айна-тараққа қолы тийгенде қуўанғанынан жымыйып бир күлди де, адамлардың жоқлығынан пайдаланып шеңгектен жигирма ағары гөш алды да, қайтып келди. Асықпай алтақтаға минип, гөш түйген түйиншигин арбаның көкирегине таслап, аттың басын аўылға қайтармақшы болып, қамшы көтерип еди, тусынан өтип баратырған биреў;

— Ўазды тыңламай, қайда барасаң, сиңлим?—деп асығып жуўырып кетти. Жумагүл және ҳайран болып сыбырланды; «ҳаў, ўазды тыңла дегени неси? Арзан гөш болса несин тыңлайды киси? Қаланың жалаңқая адамлары қашшан алысып кеткен шығар. Өйбей! Қала дегенде адам ҳәр қыйлы нәрсеге дуўшар бола бере ме деймен. Еситпеген, билмеген нәрсениң өзи көп қусайды дүньяда, астаўпуралла! ... Дәрўаз деген болады дейтуғын еди, солмекен? ... Не болса да көрип кетсем, шеп болмас. Айта жүрермен. . .» Ол арбасынан түсип жаңағы жигиттиң изине әсте жүрип еди. Қалаға келген ерлердиң ҳәммеси бир жерге топланыпты. Қара шор адам үйилип тур. Ортадағы, қорықшының шертегиндей, минбер үстинде бир жалаң бас киси бир қолын алдына созып, алақанын биресе жайып, биресе мушлап күйип-писип сөйлеп атыр. Оның гүзем қуўанның жа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лындай тегисленген алтын түслес сары шашы самал менен желкилдеп, көзин жаўып кетеди. Ол қолы менен шашын тез артына қайырып, даўысының барғанынша келип қызады. «Бул адам не деп атыр? Жумагүл ҳеш нәрсе уға алмады. Көпшиликке араласайын десе тартынады. Себеби минберди айланып турғанлардың арасында ҳаял әўлады көринбейди. Алысырақтан қулақ салды. Сары шашлы жигиттиң даўысы өрескн пәтли. Тек қыймылынан бир нәрсеге күйгенлиги сезиледи... Төрт тәрепи ақ гүлли қара жипек тақыя кийген биреў оның менен қатар минберде. Гезегине ол да сөйлеп турғандай, Жумагүл күтә тынық зейин салып еди. Сары шашлы тынған гезде сол ала тақыялы сөйлеп кетеди. Оның тили түсиникли. Бирақ нағыз қарақалпақша емес усаған. Ол Қутымбайдың есигинде жүргенде базда бир саўдагерлердиң келип усындай сөйлесетуғынын аңғаратуғын еди. Солардан еситкенине қарап, тақыялы жигитти өзбек шығар деп пәмледи. Алысырақ турғанлықтан ба, ямаса бурын көп сөйлесип көрмеген тили болғанлықтан ба, базы бир пикирлерди ғанз уқты.

— Жолдас Козлов былай деп атыр. Ҳаял-қызларға жаман көз бенен қарағанды тоқтатып, малға сатыў, қалың мал алыўға тыйым салынсын... Шығыста ҳаял-қызлар еркеклерден ақылсыз деп есапланады. Айтыңызлар олар сизлерден ақылсыз ба?.. Жоқ, ҳаял-қызлар еркеклерден ақылсыз емес... Тәрбиялап оқытыўымыз керек...

Минберден шыққан бул сөзлер Жумагүлдиң жүрегине майдай жағымлы тийип, қатып қалыпты. «Ўаз деген ҳаял-қызды оқытыў... Олар еркеклерден ақылсыз емес» деген сөз екен-аў!. Бул адамның сөзлерин еле де анығырақ еситкиси келип, жақынламақшы болып, бир қәдем илгерилеп еди, шетте турған адамлардың көзлери «жақынлама, кет арман» дегендей болды да турды. Жумагүлдиң ар-сары шығып, не қыларын билмеди. Соң емизиўли қызы есине түскенликтен, көп турыўға асығып, арбасын артына бурмақшы болып еди, ат қыймылдай алмайды, қараса, арбасының саўтанақ жери қалмаған, узақ жолдан байрақтан ат күтип, дүмпекке минген тойшылардай узынлы-келтели адамлар гүпшекке шекем сығасып минипти. Ҳеш қайсысы сөйлемей. силтидей тынып тыңлап қалған. Ол арбасына мингенлерге ҳеш нәрсе дей алмай, ўаз түўесилгенше күтти. Қорыққанынан ара-тура гөшине қарап, пул түйген шүберегин сыйпап-сыйпап қояды...

Қаладан кеш шыққанына қарамастан, айна тарағының қуўанышынан да бетер, еситкен ўазы қайтысын бойын жеңиллетип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

жолын өндире берди. Алтақта үстинде ширенип отырып атқа қамшы көтерген сайын «шүў жаныўар, ҳаял-қызлар еркехтен ақылсыз емес»... деп гүбирленди өзинше.

* * *

Ол геўгимлете-геўгимлете аўылға араласты.

Үйиниң қасына келип, асықпастан арбаны туўарып, атты орнына байлап жайғастырып жүр. Иште Тазагүлдиң емшек сағыныш ингалаған даўсынан басқа ҳеш нәрсе еситилмейди. Қызып келген пәти менен аўырыў адамның үстине кирмейин деп далада егленип, әллен ўақытлардан соң қамыт ағашларды сатырлатыўы менен ишкериледи. Төребайдың ыңқылдысы азандағыдан да басым. Бағдагүл биресе аяқ ушына, биресе бас ушына шығып, ериниң хызметинде пәйик. Сәнем ақлығын дизесиниң үстинде селкилдетип, Төребайдың маладай табанларын уўқалап отыр. Жумагүл әстен барып қәстениң бетине үңилди. Ол көзин ашпай, басын олайбулай таўлап ыңқылдайды. Муртлары өсип, аўзы-басын жүн басқан, шырайы шүтик шыраның сағымында андыздай. Жумагүл қызын найлаж қушақлады, қолы босаған Сәнем чай демледи.

Төребай дуз татпаған соң кешки тамақтың мазасы да болмады. Күни менен урынған Төребайдың көзи азмаз илингеннен кейин Тазагүл жылай берген соң, оның даўысын семдирейин, аўырыўды пәтенге келтирер деп Жумагүл анасы менен ылашығына келди. Ылашық тамға қарағанда бираз салқын еди. Қақылдап жылап, тыныш таппаған қыз да тым-тырыс. бола қойды. Бирақ Жумагүл уйқыламады. Сонша күннен бери тарақ тиймеген басы қышып баратыр. Басын қайта-қайта қасып отыра бермей суў таярлады.

Енди өзине тийисли айна-тарағы бар. Қарсы алдындағы әташтанның басына айнасын сүйеп, бурымларын тарқатыўға киристи.

— Буларды қайдан алдың? — деди Сәнем қызына. Жумагүл қалалы кисиниң сыйлаўға бергенин айтсам апам инанбас деген ой менен «сатып алдым» деди.

—Биреўин Бағдагүлге берерсең—деп Сәнем тымтырыс жатты. Жумагүл «яқшы» деп айнаға тигиле берип еди, қабағы үйилип, маңлайы жыйырылды. Мурнының оң жағы жырық. Әребек, әребек жырығы!» деп өзинше гүбирленди ашыўлы түрде. Шеп қолы менен айнаны бетине жақынлатып, оң қолының еки бармағы менен әребек жырығын басып еди, өз шырайына өзиниң кеўли толғандай болды. Жалпақ, жүзлиден келген, қобаға



www.ziyouz.com kutubxonasi

мурынлы жас келиншек! Талайлардың келбетине дақ түсирген сессиз дәстүр! Қаны тамған қызыл жүзлерин әлленеткен ыза кернеп, қабағы қайтадан үйилди: бул кимге? Биле алмады. Сөйтип отырғанда көз алдына ўаз елеследи: тығылысқан халық ...сары шашлы жигит,ит, серменген қоллар. Ала тақыялы жигиттиң жумсақ тили. «Ҳаял қызлар еркеклерден ақылсыз емес...»

— Апа аў!—деди Жумагүл бир қырынлап жатырған анасына. — Бүгин мен бир қызық көрдим, бирақ түсим екенин, оцым екенин, анық билмеймен.

— Неўе өзи, шырағым?

— Ўаз деген бир жыйынды көрдим ...

Сәнемниң әжим басқан аппақ жүзи бираз жадырағандай болды. Дастыққа басылып атырған қулағына саңлақ табыў ушын оң қолының алақанын шекесине жылыстырып қойып жатты.

— Ўаз деген ҳаял қыздың маңлайын жети қарыс аштыратуғын нәрсе қусайды.

— Илайым, шырағым, айтқаның келип бахтымыз ашылғай,— деп кемпир Нуратдийин татардан еситкенлерин есине түсирди: ол «тез күнде билимге улыўма халықлық атланыс басланады, еле халықтың абаданлығы ушын көп ислер исленип атыр, соларды жақында көрип қаласыз» дегенде, бул онша исенбейтуғын еди, қызының аўзынан жақсы жаңалық еситкенине көкиреги йошланды.—Бири өтирик емес, апа!Тийкарында ўаз деген теңликтиң жаршысы ма деймен, әттең ҳәмме еситер ме еди? ...

— Оның несине налыйсаң, әрманың сол болса, сеннен мен еситтим, меннен тағы биреў, оннан тағы биреў еситe береди...

Жумагүл қыялға берилип, шашын тараўды да естен шығарып отырып қалды.

Сәнем қулағы кесилгели гөне ақ жаўлығын басынан таслап көрмеген еди, түн ишинде де басын ун шүберектей қылып қулағына шекем таңып жатады. Бийшара бүгин ҳәз ете жақ па, орнынан турып, Жумагүлден аўысқан қарабарақтың күлине басын жуўып алыўды ойлап:

—Қызым, бола ғой,—деди.

Мине, гезегине ана бас жуўыўда. Сырты емес ишиниң де кирин кегирип атырғандай ҳәз етип, түн ишинде айнаға қарамаў керек деген ырымды да умытты. Жумагүл көрпесине кирип, оның ҳәрекетлерине қараўда. Ол ат жақлы, бетиниң еки алмасы қуў сүйек, гәўкийген мурын. Аппақ шашының бәрин жыйнағанда Жумагүлдиң бир бурымына тең келмес еди...

Базда ол Жумагүлдиң жалпақ бетлигине қарап «сениң түр-тү-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сиц, сыртқы тулғаң, мийримсиз экеңе усайды» дей беретуғын еди. Усы сапары анасының жалаңбас бет әпшерине қарағанда, оның қулақсыз бети ирәпийдадай үлкен көринип, «анам бийкар айтып жүр екен. Мениң бетим анама усаған» деген ойға берилсе де, қайтып қарай алмай, басына көрпе жаўып, көзинен аққан жасын баўырындағы нәрестеге тамдырмаў ушын жеңи менен бир сыпырып, сес-семирсиз арман аўдарылды. . .

Жумагүлдиң әкелген гөшиниң жартысы келеси күни кеште асылды. Бул үйдиң сыйлы қонағы ҳәм ақылгөйи Айтбайдың тәўир тамақ асылған күни келиўи үй ишиндегилердиң ҳәммесин шад етти. Ол келесала бийтаптың басын қысты, аяқларын уўқалады. Төребай да бираз сергекленди, сонлықтан Айтбай Өмирбек лаққының сөзлеринен айта баслап еди, ҳәмме бираз кеўилленди.

Үйдиң ишинде бир қанша қапашылық болғанлықтан оларға жаға ма, жақпай ма деген қәўип пенен қалада еситкен қуўанышлы ўазы туўралы ҳеш кимге айтпаған еди, ҳәзир азмаз ийни келип тур, әттең неден басларын билмейди. Усыған түсинди ме, үй ишинде жайдарылық туўдырған Айтбайдың өзи гәп қозғады:

— Жумагүл, кеше ўазда не көрдиң?

Төребайдың буған кеўли толды ма, я керсинше ме сәл мыйығынан күлгендей болды, ал Жумагүлдиң бети бурыштай қызарды.

—Айта бер, айта бер,—деди Айтбай оған.—Кеше сениң қатнасқаныңды көрген адамлардан еситтим.

— Қатнасып едим. Егер олардың айтқаны ырас болса. . .—деп келиншек кейин айта алмай күлимсиреўи менен басын төмен алды. Әңгимениң не жөнинде болып атырғанынан Бағдагүл бийхабар ҳәм түсинбегенликтен өз иси менен бола берди.

— Төребай, еситтиң бе?—деди Айтбай аса қуўанышлы.— Қәне енди усының изи ғаўлап кете берсе. Бирақ өзлерине байланыслы-аў!

Әлбетте. . .—деп Төребай аўырыўына шыдамай көкирегин көтерип, маңлайын жыйырды ҳәм дым салмақлы түрде ыңқылдады.

Жумагүлдиң көзлери ойшыллықтың, Айтбайдың көзлери ашыў аралас қуўаныштың әлле қандай сырлы белгисин аңлатты, әттең аўырыў адамның үстинде сол сырлар ашылыспай әңгиме тоқтатылды.

Қалаға және барыў нийети Жумагүлди әбден қуштарландырады. Ақшамға қарай ойланыў менен оғыры кеш уйқылайды. Бул қос хожалықтың ғамы ушын туўған ой ма, ямаса ўазды еситиўге инталылығы ма өзи түсине алмайды, бирақ ақыл-ҳуўшы қалада турғандай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Еки үй арасындағы жалғыз азамат сырқасланып жатырғанда хожалықты қорениш тарттырыў бәринен нақолай. Бурынғыдай күн көриўге талапланса, мүмкиншилик бар; ат, арба қолда. Бир жаман жери үйдиң қасындағы тайын отын келеси базарға шекем жағылып питеди. Оның жубы үзилсе напақаның жубы үзилгени. Егер бир рет жубын үзип алса өзлери зорға күнелтип отырған хожалықты, қайтып жалғап жибериўи қыйын болыўы мүмкин. Сол ушын Шортанбай тоғайына барып отын әкелген абзал. Жумагүл бул туўралы ойлаған ойын азанда Бағдагүлге айтып көрип еди, ол биринши болып айтыўға бата алмай-ақ жүр екен, жан тәни менен қуўатлады:

— Саған айтайын десем баталмай жүр едим. Үйдегиге кемпир қарап турар. Барайық. Биреўлер ғой «қатын қарыўланып қазан қайнатпас» дей береди. Қазан қайнатып көрейик, журт не дер екен?

Олардың бул ойласығын Төребай өзинше қуўатлаған менен еки ийнинен ҳалықлап зорға дем алып атырған қәлпинде:

— Тоғайдың бажбан деген қудайы бар. Сол ҳәлеклеп мийнетиңизди күйдирер, — деди сарсылып, оның көзи жумылып, бети солыған қызыл гүлдей бөртип жатты.

Бажбан деген сөзге Жумагүлдиң денеси түршигип шоршынайын деди. Оның түсинигинше ҳәмелдиң ең үлкени бажбан, дүньяда оған тең келетуғын бийик дәреже жоқ. Себеби биреў баласына кейисе де «бажбан боларман дейсең бе, әбден» деп кейийди. Еркин дәрьяны жағалаған еллер ишиндеги ең қоқтасынлысы атанып, ҳеш кимди менсинбейтуғын Қутымбайға шекем «бажбан келди» десе, «писатында барын шығарып», жалбырақлап хызмет ететуғын еди. Бир жақсы жери Төребай менен отынға барғанларында сол бийик дәрежели бажбанға ушырасқан емес. Тосыннан енди жолығып қалса, не қылады? Қудай сақласын!...

Қудай сақламады. Тоғайдан қайтысын қос атлыға тап болды. Олар айрықша кийинген. Бәҳәр айлары болса да, басларында гүдидей селкилдек шөгирме. Бөктериўлеринде қулыплы ғалы қоржынлар. Тоғайда жүргенине қарамастан атлары киймешекли, безелипти. Олардың қай түрдеги атлылар екенин билиў қыйын. Қысық ийинли биреў арбаның алдын кеселегенде «Өйбей, мыналар бир бәле етпесе болар еди» деген жаман хыял Бағдагүлдиң басынан зуў етип түси өзгерип, дегершикке арқасын сүйеўи менен қатып қалды. Ал Жумагүлде, кәпелимде әлле қандай күш ҳәм ерлик минез пайда болып, аттың алдына зып берип шығып еди:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳа, нәлетий урылар?! — деп, қысық ийниклиси уратуғындай дөнип, қамшысын көтерип келип қалды.

—Қәне, отынды түсириңлер!—деди екиншиси жақынлар жақынламастан жекиринип. Жумагүл оның бетине тикленип қараған еди, баяғы Тәжим мурт. «Өйбей!» деп бақыра жақ болып, зорға өзин тутты: «Усы кисиге неге жолыға беремен!»

Мурт қасындағы жолдасына сум нәзер таслап, өзин таныт-пайын деди ме, бетин қапталына бурып, және ақ боз жүрмелиниң тикирейген жалына үңилди. Жумагүл өзин қатал тутып жеңислик билдиргиси келмеп еди, олардың ҳүкимдарлығына қарап өзлерин ҳақыйқатында биреўдиң тоғайына келген уры деп сезип:

— Ағалар, еглемесеңиз де, бесикте балам қалып еди, — деди өз еркин өзи ирке алмай.

Мурт басын төмен алыў менен ғарқылдап күлди.

— Ҳә... ҳә... Баласы бармыш!

Бағдагүл жыламсырады:

— Ағалар, бир сапарға жибериңлер, күйеўим кесел еди.

Буларды көриўден еснеп, әлле нәрселерди ойлаған Тәжим мурттың түси суўып сала берди. Оны қасындағы жолдасы аңғарды ма, келиншеклерге деген рейимли пишинге енди ҳәм жолдасынан:

— Қайтып такрарламайтуғын болса кеширим берсеңиз ба? — деп сорады.

— Мейли, балталарын алып қал онда, — деп мурт тақымын қысып жиберип, атының саўырысына қамшысының ушын сыйпалай тийгизип алға жүрип кетти...

—Балтаны алса алсын, мынаў отынымызды сатсақ, бир балта болар, — деди Жумагүл қапаланып киятырған Бағдагүлди жубатпақшы болып. — Еле де жақсы болды, арбаны төктиргенде не қылар едик.

—Қудайымның көрсетпегени көп екен ғой. Мен үйдеги бийшараны гейде кеш келсе, анаў-мынаў деп жазықлайтуғын едим... Бәрине жаңағы түк көрмегирлер айыплы екен-аў!

Олар арыстың шеп қапталына шығып атқа ҳәр ўақ бир қысым беде асатып келе берди. Жаңўар ат еңкеңлеп батпақты сүзип тартып киятыр. Олар өз-ара гүңкилдескен әңгимеси менен арбаның шыйқылдысынан жолдың шетинен тың-тыңлап ерген бир сумды абайламады.

— Мен жаңағы муртты бурын да еки-үш рет көрип едим, — деди Жумагүл Бағдагүлге бурылып ҳәм теңлескеннен соң сөзин созды. — Еркинниң бойында баспақ бағып жүргенимде бир жолықты. Сонда да түсиниң усы суўықлығы еди. Өзи иссиз

бе, панасыз ба, үйи жоқ па, я бажбан солма билмеймен, Қутымбайдикинде ҳəптелеп жататуғын еди. Қыстың күни өзимиздиң усы аўылдағы байдың үйиндеде бир көрдим. Сол сапары елге көринбей ала геўгимнен турып кетти.

— Усындай мийримсиз адамлар қашан жоқ болар екен?

—Ўақты сəти бар шығар. Базарға барып мен еситкен ўаз рас болса, сениң менен бизге жақсы күн болады. Ҳаял-қызлар еркеклерден кем емес, ақылсыз емес, оларды оқытыў керек!.. дести шар базардың ишиндеги дуйым журтқа.

— Мен сени билермекен деп сорап едим, енди саған шынын айтайын, тисиңнен шығармайсаң ба? — деди Бағдагүл. — Атын айтқанымды қудай кеширсин, анаў Айтбай қурдас «Союз қосшы» дей ме бир нəрсениң мүшеси ғой, ол да сениң айтқаныңдай нəрсени айтып еди. Айтбай бийшара туғырға байлаған қаршығадай кесел ата-енесин таслап кете алмай жүр ғой. Болмаса, ол басшылары менен сөйлесип байларды, атқа минерлерди халыққа азап бергенлерди қашшан қолға аламыз деп еди.

— Сен оны қалай билесең?

— Бизиң үйдеги менен сыбырлысынан еситтим. Аўзыңа беккем болагөр, Жумагүл, өйтпесең жаман болыўы мүмкин, себеби меннен ҳеш нəрсе жасырмайтуғын адам усы жөнинде қыпсаланып сөйлеседи. Ҳəзирше жортаға ғана бурынғы ҳəкимлерге жол берип қойса итимал.

— Япырмай-а?! — Жумагүл бул əңгимени биреў тыңлап қоймады ма дегендей еки қапталындағы майда тораңғыл араласып өскен шабыраўыт жыңғыллыққа гезекме гезек қарады ҳəм Бағдагүлдиң қолынан услап ирикти. — Олар ырастан-ақ сеннен сыр сақлай ма? Мен өйдеп ойлаған жоқ едим.

— Қайдан билсин, қатынлардың аўзы жүўери гөжедей қайнайды да жүреди деген сөз бар ғой елде, соннан соң солай шығар, онысының зияны жоқ ғой, өзлери аман болса болар. Бəри бир сениң менен бизге елге кеңес берип үстем болыў жоқ.

— Солай-аў бирақ,—деди Жумагүл. Оның даўысында исенимсизликке аралас əлле қандай йош сезилди.—Ўазда не ушын ҳаяллар еркеклерден ақылсыз емес деди, ҳə? Бағдагүл, соны еситкели мениң көкирегим бир түрли қуўанышлыдай. Ўаз жөнинде сол Айтбай менен ашылысып сөйлесип көрсем не қылар екен, аўылдағы ҳəмме жарлылардың ақылгөйи сол адам ғой!

— Еркектиң аты еркек, абайлы бол, қыялы бузылып жүрмесин, — деп Бағдагүл күлкиге айландыражақ болып еди. Жумагүл:

—Мен ҳəзир ерге шығыўды ойлап жүргеним жоқ, расын айт-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қанда, сол Турымбет деген ширкинди қыймайман да. Усының өзи қолымдағы емизиўли нәрестениң себебинен шығар деп ойлайман. Ойламас та едим, Бул қыз ғой, үлкейип кәмалға келсе, бетине өгей әке ширкеў. Болмаса ,ол мийримсизге еңсемниң шуқырын көрсетпес едим.

— Бунның дурыс-аў. Бирақ өзи сүймеген, өзи сүйе билмеген адамды көп ойлай берме! «Ат айланып қазығына келеди» деген. Бир ўақытта түсинсе, Тазагүлин еслеп сралар. Келмесе, атыжолына бурыш-пияз. Сениң де теңиң табылар.

Жумагүл көзине қуйылған жасын ҳалақасының ушы менен әстен ғана сыпырды...

## 24.

Жаўза басланыўдан гилең аш-жалаңашлардың жолы болып қалды. Аяқ-қол узарды. Гөне-көкси кийимлер сыпырылды. Дөңгелек жағалы, қызыл жийекли, бөз көйлек кийген дийханлар көшени, атызларды толтырды. Анаў үй менен мынаў үйге бүрсеңлеп кесе-чайник, елек-кепшик алып жуўырып жүретуғын балалар да жай парахат. Еринбей жол-жөнекей чайниклерден кеселерге суў қуйып, кепшиклердиң түбине ғаңғырлатып урып секирип қайтады.

Дүйсенбайдың жайының арқасында бес танаптай шөп өспеген тақырлық бар. Сонда бир топар жаслар топ ойнаўда. Қашармалда турғанлар әтирапқа көз жибермей, көзлерин даў берген балаға қаратып аңлысыўда. Тәрип бетте желип жүргенлердиң көзлери топ қаққан балада.

Аўылдың төрт тәрепи, әсиресе, Кегейлиден берман қараған қандек егислик жерлер еди. Биразлары төгин төксе, биразлары қос айдаўда. Жарымшылар да өз ислери менен машқул. Егер биреў туўрылап келип сәлем бермесе, бир биреўине хабарласпайды ҳеш ким.

Ат көрсе кисинейтуғын, ешекли көрсе аңқыратуғын бостанлықтағы жылқылар менен ешеклердиң ҳәммеси исте, Хамыт ағашты кийип төгин арбаларды ыйықлап, бир-бири менен өжетлесип жерге қарыс кирген гүндени сүйреў ушын мойынтырық аўдырыўда...

Бул көринис түсте бир майдан өзгергени болмаса, түстен кейин де өз қәддин алды.

Ерик ағашларына узақтан қарасаң, басында жапалақ қар илинип қалғандай ағарып, көмкериле көзге тасланады. Егер ақ ат пенен аққийим кийип биреў қасына келсе, гүлге қосылып кө-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рингес еди. Көк жапырақлы қара таллар менен ақ тереклер желпип ескен шамал менен ырғалысады.

Бәҳәрдиң мақпал көркин тек қыслаў ғана бузады. Гейпара шеңгел қоралар иргесине өскен көк шөплерди қысып, қылдай жиңиншкертип жиберген. Қамыс қоралардың жыңғыл қыспалары гөне бөз шапанның сыртынан қызыл белбеў буўғандай тырыстырып, ығындағы жас өсимликлерге бәҳәр ләззетин қызғанып гәрдийиседи...

Кегейлиниң бийик ырашына минип, аўылға көз жиберген бир атлы әдеўир ўақыт турып, бул ҳәрекетти көрген соң қәндекке түсти де, қоржынынан ақ шапанын алып кийди. Астындағы аты да дегелейиниң қыстырғышы да тысы да ақ. Ол аттың үстинде шалқая отырды. Бөктериўин қолы менен сыйпап қойып, аўылды және көзден өткерди. «Ҳәзир ҳешким елестирмейди. Геўгимди күтиўдиң кереги жоқ! Нәтийде узақтан көрген биреў бир молласымақ адам шығар деп ойлар. Анаў ериктиң тасасына барсам, атым да, өзим де билинбеймен» деп ойлады Ол аўылға араласқанда күяш ҳаял песинликте еди. Өз ислерине қумбыл адамлар оны елестирмеди. Бос жүргенде ҳәнгишилик ететуғын айғырлар бунын ақ бийесин көрип киснеспеди. Тазадан буўын урған шөплер ат аяғы астында ғана бырш-бырш еткени болмаса, қуўрақ шөплер пышырламады. Ойынға қунығып кеткен балалар да аңғармады. Ол гүллән көзден аўлақ Дүйсенбайдың үйиниң қасындағы ерик бағына сүңгип кетти. Қамшысын қонышына тығып, атты қаңтарды да, суўлығын салыўы менен ердиң басына илдирди. Ат әрқ-бери басын төмен нуқып, аяғы менен жер тепсинип еди Суўлық еки езиўин кесип баратырғаннан соң, шекшийип қатты да қалды. Ийеси бөктериўди шешип, қолтығына қысты ҳәм қанжығалықтағы узын жийде саплы балтаны оң қолына тутты. Тап усы ўақытта саралаўға шыққан бай оны көре сала алдынан шығып, əстен ғана қол алысты да, үйине қарай баслады.

— Дүйсенбай, мына балтаны ийесине тапсырарсаң,—деди ол жайға киргеннен соң балтаны есик бетке сүйеп.

— Бул кимдики, Тәжим жан?

— Төребай дегендики.

— Түтин пулын өндирип берейин бе?

— Қәйтсең де, өзиң тапсыр, бажбаң берип кетти дерсең,—деп Тәжим мурт қонышын гөне шүберек пенен сыпырып, төрдеги салыўлы турған түркмени паластың үстине шықты.—Ҳаялы Турымбеттиң жесири менен отынға барғанда алып қалған едим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ези излеп бармады. Мен болса, усының бәнеси менен келип турман...

— Аўырып атыр екен.

Тәжим мурт сыртқы белбеўин шешпей көк мақпал көпшикке жанбаслады. Үй ийеси оннан асығыспысаң деп сораўға батылы бармай, түркмени паластың ернегинде малдас қурынды.

— Қәне, тақалып отыр, сөйлесетуғын гәп бар.

— Қулағым сенде,—деп бай оған жақын жылысты.

— Баяғыда сен Турымбеттиң ҳаялын Төребай алды дегениңде ишимнен еки миллеттиң қазаны бир қайнамас деп ойлап едим. Олардың аўыз биршилиги мени ҳайран қалдырды ғой.

— Сонысы мени де таңландырады, ол жағын айтпа, айтсаң ишим күйеди...

— Бәри бир, узаққа бармас-аў? Я барар мекен? Илая бармас! Ал енди, Дүйсеке, мен сол еки ҳаялдың балтасын аларында алып қалсам да, оларда үлкен сыр бар екенин сездим...

— Әстаўпыралла,— деп бай сақалын сыйпады.

— Ҳеш қандай таңланатуғыны жоқ, олар өз-ара сөйлесип кетебердидағы, мен қасымдағы бажбанды көп жерге шекем ерттим. Еки ҳаял өзлериниң сөйлесиги ҳәм арбаның шыйқылдысы менен абайламапты... Егер сол еки ҳаялды қолға түсирсек, бүлбилдей сайратып пайдаланар едик. Ҳаялдың ақылы еки көзинде болады. Бир нәрсеге қызықтыра алмаймыз ба?

— Егер пайда түссе, жудә қызықтырамыз.

— «Мен не деймен, қобызым не дейди» деген екен. Сен не деп отырсаң! Пайда түскенде жудә түседи. Төребай дегениң барлық бәледен хабарлы қусаған. Бизге бир қолайлы жери ол оғыры ақылсыз адамдағы. Ақылы болғанда жарлы болар ма еди. Өзи де ҳаялы менен ойласып турады екен. Жақында сениң менен биздейлерге қарсы, үлкен шабыўыл болатуғын қусайды. Большойлар бизиң менен саған тек белин беккемлеп алғанша жол берип қойған көринеди. Әне, сол ушын олардың бизге қарсы ҳүжими алды менен қәйерден ҳәм қалай басланатуғынын билиўге тийиспиз. Анаў Жумагүл деген ҳаял да ўазға қатнасыпты...

— Бабалар ҳаялға исенбе, суўға сүйенбе деген. Төребай ақылсызлық етип ҳаялына ишки сырларын айтқан болса, нақолай емес екен.

— Әне, енди усы ҳаялларды аўлаққа алып сөйлесиўдиң илажын қарастырыўымыз тийис.

— Екеўин де алып қашып, елсиз жерде қорқытып сөйлетиў мақул ма?

— Жоқ, сениң айтып отырғаның етектен қуўырмаш төгилген



www.ziyouz.com kutubxonasi

ўақытта исленетуғын усыл. Оларды қалай болмасын сол күйинде, күн сайын жаңалықты билип туратуғын дәрежеде қалдырыўымыз шәрт.

— Ҳммм, мм!—Дүйсенбай тақыясының ернегин көтериңкиреп оң қолы менен шашын сыйпады. Тәжим мурт қозғалмады. Сыртқы қалтасына қол суғып жез шийшесин алды да, тығынын қос бармағы менен ашып жиберип, аўзына қуйды. Еринлерин шүртийтип шеп жағына жанбаслағаннан тикеймеди.

— Жумагүлди қолға түсириў аңсат,—деди бай оған исенимли.—Турымбетке қайтарып алдыра қоямыз.

— Тийсе, дей бер. Мен сол қатыныңнан қорқайын дедим, бурынлары ондай емес еди. Бизлерге қалша қарап, арысқа сүйенип шабатуғын жолбарыстай қыялланды, бирақ әззилигин сезди-аў деймен. Тилин тапса, қайтып тийиўи де мүмкин. Себеби жесирликтиң кесапатынан азапқа қалып жүр ғой. Ал Төребайдыңҳаялын ше?

— Оны өзиң айландырсаң қәйтеди? Маған қарағанда жассаң. Ери аўырғалы көзи көңгейленип жүрген шығар.

— Япырмай-ә?

— Мениңше солай.

— Сениңше Турымбет қалай өзи? Мен ғой оны жөнкелеў көремен. Баяғыда Нурымды атып алғаны ушын өзин атып таслай қояйын деп едим, аңламай атқанын биле тура өлтирсем, басқаларды үркитип аларман деп қорықтым.

— Жөңке екени жөнке... Бирақ мениң айтқаныма жүреди.

— Онда былай; ол ҳаялын қайтып алыўдың илажын ислесин, сен оған ҳаялларға керекли ҳәр қыйлы нәрселерди бер. Бағдагүлди де қызықсындырсын. Мениң қолымнан келер еди, бирақ аўылда көп бола алмайман.

— Ҳәзир көзиңше шақыртайын ба?

—Түнге қарай шақыртарсаң. Сениң есигиң де гейде қазыхананың есигиндей қыдырмайлар келе береди. ҳәзир сөйлесиўге пурсат бермес. Өзиңниң жекке сөйлескениң абзал. Мен ҳәзир кетсем бе деп отырман.

— Тамаққа қарамайсаң ба?

— Бүгинге қарап турған жумысларым көп. Ал енди келгенимди ҳаялларың биреўлерге былшылдап жүрмесин баяғы күни Жумагүлди үйиңе қондырған екенсең, Төребайдың ҳаялына былшылдап киятыр...

Бай ушып турып бир шайник шай менен дастурхан әкелди. Тәжим мурт ыссы шайды еки кесеге бөлип қуйып, тез-тез суўытып, қылқылдатып тез-тез симирди де тикейди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сен усы адамларды өзине ғәрезли етип қоялмайсаң ба деймен?

— Ғам жеме, Тәжим жан, барлық күшти иске саламан...

## 25

Бүгин тәўир болар, ертең тәўир болар деп дәмеленип еки үй бирден тилесе де, Төребай саўала қоймады. Еркек басқарған хожалықлар зорға күнелтип отырған бул заманда үйде кесел жатыўы мүшкилди аўырластырды. Илаж қанша? Еки ҳаял күш бириктирип бийтаптың керек асын таўып бериўге күш жумсайды. Сүзек болған Төребай кеш терледи.

Қоңсы-қобаларлында жаны төзбей келип, ҳал-жағдай сорасып, тез тәўир болыўын тилеп кетеди. Солардың бири сыпатында аўылдың молласы Мәмбет кеселдиң ҳалын сорап келип еди, ол тамыр соғыўын көрип-көрип:

— Ғарғыстың изи бар екен,—деп кетти.

Бағдагүл де, Жумагүл де ойласады, оның қаяқтан ғарғыс алғанын билмейди. Төребайдың өзинен сораса, ол кисиге ғарғыс алғандай жаманлық еткен ҳәрекетин есине түсире алмайды. Бунын ушлығын шығарып кеткен Гүлбийке болды. Ол Мәмбет молла келип кеткен күнниң ертеңине азан менен келип:

— Мен сен ушын түс көрип шықтым, сен, қазақ, қаралы қатынға пана болып, ақ көкирек қатынның көзине шөп салып қудайға қарсы болыпсаң күниңе жарап турған жалғызябың да өледи,— деп өзи зорға жатырған адамның жүрегине сексеўилдиң шоғын салып кетти.

Жүреги дүрс-дүрс соғып, еки ийининен дем алып атырған адамға бул сөз аўыр тийген менен, бас көтерип ҳештеңе айта алмай, сарғыш тартқан кең маңлайын жыйырып тек тисленип жатты.

Ериниң басынан былай-былай шықпай отыратуғын Бағдагүл қызып турды да, ўақты-сәти келер, ҳәзир жан қайғы болып атырған адамның басында шаўқым шығармайын деген ой менен, ериниң тер шықпай кеўип атырған маңлайын сыйпалап отырып;

— Әй, шабазым, аўзы бос адамлар не демейди. Жаманның сөзи не өзи не?!—деди даўысын соза оны еркелетип.

Қайтып олар бул әңгимеге оралмады. Ҳаялына кеўли толған жигит үстиндеги көрпени ийнине тартыңқырап аўдарылып, әстен ғана «ҳыҳҳ» «ҳыҳҳ» етип, ыңқылдады. Бағдагүлден Гүлбийке кемпирдиң келип не деп кеткенин еситкенде Жумагүл әрибери ашыўланды, сыртынан тисленди, бирақ ҳеш нәрсе ете алмады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол енди жетер-жетпестин гэпин еситип, не ушын усылайынша қорлана берер екен? Айдын он беси қараңғы болса, он бесиниң жақтылығы қәне? Уаз айтқанлардын аспаный сөйлегени ме сонда? Мүмкин сонша халықтың алдында өтирикти айтыў... Ол көп ойланды. Тазагүлин емизип отырып та еки көзин бир ноқатқа қадайды...

Өз бахтын өзи неге қыдырып таппайды?.. Уақ, ўазшыларға сол күни жолыққанда! Енди оларды излеп кетсе, табылар ма екен? Табылмас! Ким жәрдемлеседи. Аўылда ким бар?.. Айтбай большой-ше? Ел аўызындағы сөзге қарағанда, аш-арықтың кеўлин, көпти көрген большой жигит, сол ғана таба алады... Оның менен қалай сөйлесиў керек, уялмай нашар басы менен еркекти қалай излейди? Күнине бир мәртебе Төребайдың кеўлин сорап кететуғын Айтбай ҳәкисине бүгин еки күннен бери көрипбейди. Не болып қалды екен? Аўырмаса болар еди, бийшара... Бойдақ жигитти излеп барғанын биреў билсе, сыртынан күлип масқара қылмас па екен?.. Күлсе күлсин, көкреги ҳақ, жолы дүзиў ғой. Аўзы бослар айтар да қояр!

Маңғыт аўылы бир тутас кең ел. Ҳәр ким өз жақынлары менен бе, я бир пикирлес сырласлары менен бе, бир-бирине жүдә жийи қонысласқан. Әсиресе аўылдың күн шығар бетиндеги бир топар қақралар, ылашықлар айрықша көзге тасланып, кишкене бир атаўға тығылысып өскен қызыл жыңғыл аралас шоқ қамыслықты көзге елеслетеди. Бул үйлер аўыл бойынша жарлы үйлер, топарында он еки, он үштей түтин шығаратуғын хожалық бар, ал падаға қосатуғыны тек үш сыйыр. Бирақ пейли кең үйлер болыўы керек, қыдырмайлар сол үйлерге көп қыдырады, жер бөлиспе күнлеринде дийханлардың мәканы усы үйлер болды, кеште де түсте де солай қарап баратырған, киятырған адамлар. Өйткени бул топарда Айтбай большой жасайды. Тойда, садақаға хабар етилерде анаў «Айтбай большойдың топарына» айтылды ма? деседи.

Жумагүл усы Айтбай большойдың топарына жолланды.

Турдыгүлдин айтқанындай Айтбайдын өлеси кемпири менен ғаррысы бар екен. Екеўи еки жерде шалқасына жатыр. Үстине жамылганлары гөне гүпилер. Бул кирип келген гезде кемпир:

— Айтбайжанбысан?—деди басын есик бетке бурып. Жумагүл абайлап қарап еди, кемпир көзли екен. Ғарры шобыт арасында қалған өликтей қозғалмайды. Бул көринисти көрип ол аяп кетти. «Бул бийшараларды таслап кете алмаған туғырдағы қаршыға усы болыпты!».



www.ziyouz.com kutubxonasi

Даладағы қорада дигирманның гүрилдиси тынбай тур. Жумагүл әстен ғана шығып дигирманханаға кирип еди. Айтбай дигирман тартып атыр екен. Жумагүлди көре сала исин тоқтатып:

— Төребай тәўир ме?—деди ол ҳаўлығып.

— Питегене тәўир.

— Онда не, жайша келдиң бе? Жүр үйге барайық, ямаса дигирман излеп жүрсен бе?

— Жайша.

Кепшигинде қосыўыстай жүўери қалыпты. Жумагүл бара сала оны тартып берди ҳәм унды сыпырып атырып:

—Буйткенше маған неге апарып берип турмайсаң?—деди.

— Ел дегеннин де садағасы кетейин, бәри де жәрдем берип атыр, бирақ қайта-қайта пәтенге келтире бериўге уялады. екен киси, сизиң үйлер болса бөлеклеў...

Үйге киргеннен кейин Жумагүл көп отырмады. Қысына-қысына келген жумысын айтты.

— Ҳәр ким өз бахтын өзи излеўи керек,—деди Айтбай,—жаңа есиңе енген екенсең. Мен көп нәрселерден қалып баратырман, ғаррымның қулағы аўыр, кемпиримнин сықылы мынаў. Мен мәрдикарда жүргенде усы жағдайларға шатылыпты. Елдин жигитлери ата-анана өзлеримиз қарасамыз, қалаға тазаша оқыўға кете бер десе де, кете алмадым. Бул қартайған «нәрестелер» жибермейди, қартайған адамларды таслап кетиў маған да аңсат емес, болмаса билемен мени ең жақсы келешек күтип тур. Тезлетиў ушын тек оқыў керек.

— Уазда айтылғанлар дурыс ой—ә?—деди Жумагүл шыдамай.

— Бири ғәлет емес. Бирақ сол айтылғанларды тез иске асырыў сенин менен бизин қолымызда. Ол ушын бир нәрсеге түсиниў лазым: жекке жүрип ат шабыўға болмайды.

Жумагүл ойшыл қәддин бузбай отырыпты.

— Айтбайжан, ақыл бериў қыйын саўда, ойланагөр, сениң сөзиң менен бир нашар өзин гүбелек болып отқа урмасын,—деди булардың гәпин тыңлап атырған ана.

Жумагүл бул ананың ақыллы, нурлы жүзине сүйсинип қарады.

— Яқшы, апа, яқшы,—деди де Айтбай Жумагүлге бурылып оның қалада көргенин әпиўайы уазшы емес, ағартыўшылар екенин, оларды Төрткүл жиберип отырғанын, ҳәзир оларға «Қызыл үй» деп ат берилгенин, жақын арада аўылға да келип қалыўы мүмкиншилигин, бирақ елеге шекем оқыўға бирде қарақалпақ қызы алынбағанын сөйлеп түсиндирди ҳәм сол уазда



www.ziyouz.com kutubxonasi

айтылғанлардың тез иске асыўын тилесе, өзиниң ҳәрекет етиўи керeклигин айтты.

## 26

Аўылға келип кеткен бийбелги атлылар жөниндеги ҳәр қыйлы сыпсыңлар жәнe басылды. Бул күнлери ҳәмме өзлериниң хожалық гүмрашылықлары менен бәнт. «Егиске кешиккен ҳәр бир күн гүздиң он күнине татыйды» дескен дийханлар өз-ара бириктирген қос өгизлерин жаўында да тындырмайды, жерлер аўдарыспаққа ушырап атыр. Қайсы дийханды көрсең де, ийнинде бели яки кетпени. Күндиз де айдың жарығында да атызларды ҳәрекетке келтирип, қос өгизлерге «шуў-шуўлеген», қос ешеклерге «ҳық-ҳықлаған» адам. Ал Турымбет болса дийқаншылық машқаласынан аўлақ. Рас па, өтирик пе, бай өзи берген еки атызды суўғарып оған жүўери егип беремен деп жүр. Сол бойынша оның уўайымы жоқ. Қәлеген ўақытта байдың үйинде отырғаны. Бай оған Жумагүлди еслетип, күнде бир рет «қайтып алсоңо», дейди. Турымбет оны сынап атыр деген ой менен «қойса, ермек етпесе» дейди. Гәп күнде усылай кесиледи. Оның бай менен үйиниң арасындағы тепсенгиси шыққан ақ соқпақ, жән-жағын көк шөплик басқан соң, сол майса шөп үстине узынына төселген бир ен бөздей дүп-дүзиў болып ағарып жатады.

Турымбет байдикинен шығып мине усы соқпақ пенен үйине киятыр. Еки көзи айналасында, көбирек Төребайдың үй бетине бурылады. Әнекей, ол қуяшламада отыр. «Тәўир болып киятырған ба, қалай?» деп қайрылғысы келип турды да, «усы бай мени неге зорлай береди, оның айтыўы бойынша сени аламан деп барсам, неше пуллық киси боламан? Өзи абыройымды көтережақ, және жаман қатынның алдында шерменде қылажақ...» деп гүбирленип, алдына жүре берди. Үйине жақынлаған жерде соқпақтың ернегине атыздан суў қашыпты. Суў тартылған екендағы, бирақ усы тепингени шыққан соқпақтың алақандай жери томпайып тур екен. «Бузаўбасларға жан енипти, туртип киятырғанына қара зańғардың! «Бир бузаўбас өлтирген сийсери бийдай садақа бергенменен барабар дейди» деп гүбирленип, аяғы менен сол дүмпешикти теўип жиберип еди, астынан бузаўбас емес, тырнақтай аппақ бир тамырдың ийилип шығып киятырғаны көринди. Дәрриў отыра сала, түбин қарап еди, ериктиң шаңғалағы. Жарылып өскен. Қызық, тепсенгиси шыққан жолға да ағаш көгереди екен ә?. Шаңғалағын ким таслаған, қалай түскен?

Бирден есине түсти. Өткен жылы байдикинен ерик жеп кия-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тырып тиси өтпей қатты деп ылақтырған шаңғалағы. Енди ол бир түп ерикли болатуғынына қуўанды. Өйткени нәлше деген таптырмайды, сонша дәскели бай үйинин жанындағы бағының нәлшесин қайлардан әкелген? . Бирақ ол, жаман деп таслаған келиншеги Жумагүлдиң усы тепсенгиси шыққан қатты жолды тесип өнип киятырған шаңғалақтай өсип баратырғанын еслемеди. Келешегинде ойламады.

Ол жоқары қарап еди, бәҳәрдиң бүгинги өткир қуяшы усы нәзик нәлшеге нурын көбирек төккиси келгендей жарқырап, оның көзлерин қамастырды, енди ол бул өткир қуяшқа қайтып қарамасқа тәўбе еткендей, көзин қыпылықлатып-қыпылықлатып алып, сол отырған қәлпинде ири қоллары менен оның әтирапына ызғар топырақ жыйнап түбин қомлады... Үйинен бир шәңгил суў әкелип қуйды.

* * *

Төребай менен Бағдагүлдиң арасындағы татыўлыққа көзи қызығатуғын Жумагүлдиң ойлайтуғыны да тек солардың ғамы. Сырттан қараған адамға ол жынысының ҳаял екенин сол ҳаялға тән жумысларды ғана атқарыў кереклигин умытып кеткендей. Ерте турып үйдиң әтирапын сыпырғаннан кейинги ислериниң ҳәммеси еркек ислейтуғын жумыслар.

Аттың алдына от таслаўға қорқатуғын адам енди оны өзи ертлеп, жабыўлайды, суўғарады. Арқа мойнын сыйпалайды. Базда Бағдагүлди жәрдемге шақырып, гүпшекти де, көшерди де майлай береди. Бир жола арбаның бир тоғыны сынып қалғанда қаңылтыр темир таўып қурсап, өзи оңлады.

Ол қанша урынып мийнет еткен менен өзине-өзи исенбейтуғын еди. «Бәри бир, еркексиз ҳаялға хожалық асыраў қыйын!»

Кегейлиге ат суўғармаға барғанда Турымбетти көрип қалса, кейнинен көз тигип, узақ қарап қалғанын қолындағы жипти ат силиккенде ғана сезип; «неге сыр алдырып баҳамды кемитемен» деп өз жөнине кетсе де, Тазагүлиниң тири жетим болып өсип, келешекте әкесиз хорланатуғынын ойлап, бойы аўыр тартып, аяғы салмақланған мезгилде «тас баўыр адамға неге тас баўыр болмайман» деп бойын тиклеп жүрип кетер еди. Оған қосымша «Төребай менен Жумагүл қосылысып Бағдагүлдиң көзине шөп салыпты» деген өсек тарап кетипти. Буны еситсе жүреги чай тартқандай болады, дизесинен димар кетип, жүрип баратырған қәддинде жығылып кете жазлайды. Сөз сүйектен өтеди дегендей шырайы запырандай сарғайды. Бирақ сыр алдырмайды. Аўлағында еки қолы жағасында; «Душпанның үстине шығар қудайым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қара жол қатын атандырмай Төребайдың жанын қалдыра гөр»... Соң өз исине мөнтийин кирисип кетеди.

Төребайдың қуп-қуў жүзинен тер шығып, бети берман қараған ақшамда буның да жүзине қан жуўырды.

Бети бермаған қарап киятырған бийтаптың кереги сорпа. Қәне оған тауықтың сорпасы үзликсиз бола берсе! Ҳәзирги жағдайда оларға шажлық майдың табылыўы ақыр заман. Төребай булардың ҳәммесин сезеди. Соңлықтан ол хожалықтағы кемтарлыққа қайыл. Питегене тәўир болып тамаққа иштейи ашылса да, «маған анаў, маған мынаў керек» деп ҳеш нәрсени күсемейди. Деген менен оның тамаққа иштейи бәрине де белгили, бул үйде пулға жүретуғын қәдирли не зат бар? Аўысығы, сирә жоқ. Бийтап ушын барлық имканиятлар изленди. Қалаға отын апарыўға ат кеселленген. Алдына таслаған бедени жемейди. Бул жағдайлар күни-түни ерине пәрмана болып жүрген Бағдагүлдиң де есин алды. Не ислерин билмейди, тек гүрсинеди. Бийтап ериниң ҳәм Сәнем менен Жумагүлдиң зейинлерине тийип алмайын деп оларға сыр алдырмаўға тырысып бағады. Сәнемниң де ойлайтуғыны Төребайдың ғамы. Сәнем «Өлгенде ысқатыма қойылар, жуўған адам жеркенбей кийер» деп сақлап жүрген шатыраш көйлегин де бир мәкийен тауыққа аўмастырды. Бул еки күнге напақа болды. Жумагүл аўлағында да ойланып көреди, сатқандай ҳеш нәрсе таппайды. Қаладан алған айнасын сатыўдан басқа илаждың саңлағы көринбеди. Қудайы жарылқап төрт мүйешли отырма айна да өз орнын тапты.

Енди ҳеш илаж жоқ. Жумагүл күнде бир неше мәртебе қораға кирип, аттың аяқ-буяғын көреди, бийшара ат төрт аяғының үстинде де тикейип тура алмай жатырғаны. «Қақбас кемпирдиң түси келмесе болар еди» деп иши гүптикейленип, бунысын ҳеш кимге билдирмейди.

Бир жола отырып-отырып оны қандай да бир күш бийлеп кетти. Аўылдың ақсақалы жәрдем бермес пе екен? Жас үлкен ғой, Айтбайдың айтқаны, ўазда еситкенлери рас болса, ол жәрдем бериўи тийис. Себеби ол ел үстинен қараған адам. Уятты қойып сорап көриўи керек!

Ол үйде ҳеш кимге билдирмей ақсақалдикине туўрылап баратыр еди, бахытына оның бир жаққа атлы кетип баратырғанын көрип қалып, алдын кеселей берип еди, ақсақал да буған туўры жүрди. Жақын гезлескен жерде Жумагүл өзин тутып тура алмай;

—Ақсақал аға, иркилсеңиз жумысым бар еди,—деди. Ҳаял түўе еркеклер бүйтип жолдан ирке елмайтуғын ақсақал атының



www.ziyouz.com kutubxonasi

қуйрығынан биреў тартып қалғандай гилт тоқтағанын билмей-ақ қалды.

— Төребай аға жатқалы аш отырмыз. Соған жәрдем сорайжақ едим.

Ақсақал ат үстинен Жумагүлдиң бас ораўына, етеги тирсегин жапқан қызыл бөз көйлегине, желкесине түскен бурымының ушына қосылған узын жемелегине ҳәм оның ушына байланып жаўырнын басқан еки сары гилтине аяғындағы нәҳән шерим геўишине қарап-қарап:

— Яқшы, үйине қайта бер, бир батпан жүўери бергизип жиберейин, — деп атының басын изине қайырды. Ол мутқа бере ме, қарызға бере ме Жумагүл ашымайрық сорамады, бирақ булардан қорқып жүре бергенше тартынбастан керек-жарағымды сорай бериўим керек екен ғой деп ойлады.

Үйиниң қасында кели түйип турған Турдыгүлди көзи шалып соныкине бурылды.

— Кел, апажаным!.. — Келсабын үйге сүйей сала Жумагүлге қушағын аша жүўырған Турдыгүлдиң даўысында иренжиўдиң белгиси, ал ишки сырын аңығырақ билиў ушын түрткилеп сораў берсең жылап жибергендей кейип бар еди.

— Саў жүрсең бе, қарағым?...

—Шүкир... Үйге кир, апам да, ағам да жоқ. Кешке шекем келмейди.

Бир аўылда турғанына қарамастан сийрек көрисетуғын мурындық апа менен сиңли анақ-шапақ болысады. Турдыгүл тез-тез сөйлеп, ағасы менен апасының Жанабазардағы ийшанның үйине кеткенин, ирге көрип буны узатыў ушын күн белгилеп қайтатуғынын айтып берди. Бирақ ол буған күтә-күтә наразы, ал Айтбайдың көринбей кеткенине күтә қапа екен. Жумагүл Айтбайдың ғаррысының, кемпириниң ҳалын, солардан шыға алмайтуғынын түсиндирип еди, олар туўралы адамлардан, Айтбайдан аўызеки еситкен менен үйине барып көрмеген қыз Жумагүлдиң гәпине қарап көзи менен көргендей; «Бийшаралар-ай» деди, қыйланып.

— Мен соларға хызмет етиўим керек. Сақалы қуўдай ийшанға кеткенше асылып өлемен,—деп көз жасын жумбай-жумбай төкти.

Жумагүл оның басынан сыйпалады.

— Жылама, қарағым, өлимди ойлама. Сениң менен бизиң ғамымызды жеп жүргенлер көп екен, бирақ өзлеримиз қосыла қарманбасақ тезленбес пе деймен,—деп ўазда ҳәм Айтбайдан еситкенлерин, асықпай айтыў ушын жайласып отырды...



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Жумагүл Турдыгүлден бир шийше сары май әкелди. Кеште бир батпан жүўери де келип үйдиң иши абаданласты да қалды.

Тамаққа иштейи ашылған Төребайдың кем-кем кеўли сергекленип киятыр еди, сонлықтан мине, ол төсекте жата бериўге шыдамай қуяшламаға шығып отыр. Жән жаққа қарап аўылдың ишиндеги ҳәрекетке көзи қызықты; Оның да халық қатары өткен жылы алған бир танап жери бар. Еле суўғарыў былай турсын, төгилген жоқ, ол жатқанда ериклер гүллеген жоқ еди. Дүйсенбайдың үйиниң қасындағы ериклердиң гүли де төгилипти қашшан. Көрмейсең бе, егис өтип кете жақ! . . . Ол қалтырақлап қыспаға асылып турып, атының ерманы сипседей қуйрығын, үпелегин теңлеп қырыққан қамыстай жалын, тарамыс-тарамыс қоллары менен сыйпалады. Соң шөңкериўли арбасының қасына келип өйер бүйерине үңилди.

Ериниң шыдай алмай рузгершиликке араласа жақ болып жүргенин көрген Бағдагүл көптен бери исленбеген исине өкингендей;

— Бетиң берман қарады ғой, шабазым, енди сени үйде қалдырып, ертең азаннан баслап Жумагүл менен атызға төгин төгемиз, — деп еди, Төребайдың кеўли қарар таўып, үйге қайтып кирди.

Олардың атызға төгетуғын тайын төгин-дәриси жоқ еди. Малы болмаса қайдан болсын! Аўылдың күн батар бетинде, Кегейлиниң бержағында қырық-елиў танаптай ойпатлаў тақырлықта шеңгел өскен. Бул шеңгеллик бәҳәр басланыўдан өртенген еди, ҳәр жердеги сояў-сояў шеңгелден басқа ҳәмме нәрсе жанып, жерге қара кийиз төселгендей болып жатыр. Мине, усы өртеңликтен намбар ислеп алыў керек. Оның да жүзиндеги күл аралас мағызлы топырағын алмаса, бир тебиктен аржағы жарамсыз. Қалай болмасын,төгинди сол кәрадан излеўге Төребай кенес бергенликтен қос келиншек алагеўгимнен арбаны жегип, усы шеңгел өртеңликке кетти.

Ериниң бас көтергенине кеўилли Бағдагүл де тынбайды. Қолындағы нышлы бели ажырықтың тамырларын пытырлатып жерге сүңгийди, арбаның ултанына дүрис етеди. Жумагүл арбаны төгип келемен дегенше гилең мағызлы топырақты бир жерге үйип, келеси арбаның жүгин ҳәзирлейди.

Ҳаўа азаннан баслап қуйланған еди. Гөне көрпениң пахтасындай буўазақланған бултлар, күн аўаман дегенше аспанды қаплап, көмирдей қараўытып ҳәп заматта ақ қуйып кетти. Олар өжет ҳаўаның пейлине қарсы және өршелене түседи. Қоңсы атыз-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ларда көринген арбакешлер, қосшылар жумысларын туўарса да, шеңгеллердиң түбинен қара топырақ жыйнаған Бағдагүл, арбаның шүйлигине асылып атқа күш қосып арысқа бой таслаған Жумагүл бирине-бири «қояйық» деп айтыўды намыс билип, ис пенен қулыпереҳ. Батыстан күн шығысқа орын аўмастырып, гей гейде керисинше жарық етип көз қамастырған шахмақты ҳаслан менсинбейди.

* * *

Жаўын басланғаннан-ақ оларды қайтып келер деп күтинген Сәнемниң шыр-пыры шығып, еки келиншекке рейими келип отырған Төребайдан тақат кетти. Еки қулағы далада. Бир нәрсе сытырласа, олар арбаны әкелеатырма екен деп терезеден қарайды.

— Кемпир, өзим бармасам қайтпас, екеўи де өжет! Ҳаўа бузылысқанға қудай недәра усындай қылады деп өжетленип жүргенине қара! — деп Төребай есик беттен таяғын қолына алғанша сөйленип, ҳаяллардың ғайратына ишинен ырза болып көзлери күлимлеп жүр. Оның аўырыў ҳалына қарамай далада «Тасыр-тасыр, тасыр-тасыр» тынбай жаўын жаўып турғанында шығып кетиўи, аўырыўды қоздырып алатуғынын сезген Сәнем;

— «Дийхан жаўында тынады» деген, келер, — деди.

Жаўын кем-кем пәт алыўда. Сәнемлердиң ылашығының төбесинен суў үзликсиз ағып тур. Тек тамның иши қурғақ. Кемпир қуўрақ отынның ҳәммесин ишке тасыўда. Бир ўақта:

—Ҳарма, бийтап—деп қос келиншек кирип келди. Олар тап суўға сүңгип шыққандай еди. Оттың жағыўлы турғаны жақсы болды. Келе сала денесине жабысқан көйлеклерин аўмастырыўға кийим таппай, ошаққа абынысып-абынысып отырысты. Төребай печьке қуўрақ отын салады. Усылайынша олар өзлери менен өзлери болып атырғанда, қәпелимде, Турымбет пайда болды. Оның ўақытсыз кирип келиўи үй ишин әжеплендирди. Сөйтсе де сыр бермейин деген қыял менен Төребай орнынан турып, төринен орын көрсетти. Бағдагүл де ери менен қосыла түргелди.

Үстине ер адам кирип келсе қыздың да, келиншектиң де, кемпирдиң де орнынан турыўы парыз. Соның ушын да «алпыс жасар кемпирден алты жасар ул уллы» дейди наймыт уламалар. Соның ушында Сәнем ақлығын қушақлап орнынан турып қазан-табақ бетке қарап шегинди.

Жумагүл сонша азапларына қарамастан, Турымбетти наблда есине алса, түн ишинде гүбирленип, гүрсинип уйқысыз шығатуғын еди. Бирақ бунысын анасына билдирген емес. Себеби, оның отлы жүрегине тағы да қоз салып алыўы мүмкин. Жумагүлдиң Турымбетти шынымен жақсы көретуғынын билсе, пер-



www.ziyouz.com kutubxonasi

зентиниц бир майдан сарсылғанын көргиси келмейтуғын ана, еки жасты бир-бирине қосыўға мүмкин имканият қарастырар

Турымбеттиң танаўы тартылып, жағының жүни үрпейип, көзлери масаладай жанып, ашыўлы кирген еди. Шырайында қан жоқ. Боздың орпаң топырағын бетиниң еки алмасына сүйкеп жибергендей бозарған.

Бурынлары ол усындай кейипте келсе, Жумагүлдиң бир таяғы тайын, жылар қабағы тартпаса да, бир сыңсыўы бар еди. Ҳәзир қанша ғәзебетленип келген менен айрылысқан ҳаялына ийнедей тәсир ете алмады. Жумагүл оған қапы ашылған ўақытта бир қарап, ким екенин билгеннен соң ошаққа абынып отырған қәддин бузған жоқ. Орнынан баз-баяғы турмады. Бирақ ишинен оның келгенине қуўанышлыдай!..

Қолдан ғарбызын түсирген жигит ет ашыўын сорпадан алайын деди ме, я Жумагүлге жини тырысты ма, яки өзи билип иследи ме, жас үлкен Сәнемниң қолынан алмады, аманлық-есенлик сораспады да, Бағдагүлге әстен ғана «аманбысаң!» деди де, төсекке шығып сазырайды. Оннан соң Төребай менен де сөйлеспеди. Үй ишиндеги сес-сыпасызлық бир кесе шай ишимге созылды.

Жеңилген болып сыр бермейин деген қыял менен Жумагүл еле бир орында. Сәнем шыдай алмай ақлығын қушақлаўы менен шығып кетти.

Бағдагүлдиң тилеги:Жумагүлдиң Турымбетке хабарласпай қалыўы еди. Бирақ үйге келген адамға барын асып берип үйренип қалған Бағдагүлдиң көп отырыўға сабыры жетпеди. Пуштарлап қойған отынларды сыйдамлап печьке тығып, қуманға суў қуйды. Бағдагүл печьке жақынлаған соң барып, Жумагүл кейин бәсип отырды. Ал шығып кетиўди өзине намыс билди.

Үй ийеси қолтығындағы көпшигин Турымбетке усынып, өзи гөне гүписин жумбаршақлап шығанақлады. Ол Жумагүлдиң тил алғышлығына, биреў келсе, орнынан ушып туратуғынлығына ҳайран қалып «нағыз Бийбипатпаның қызы-аў» деп пәмлейтуғын еди. Турымбеттиң бийорын келисин байқап Жумагүлдиң табжылмай отырғанын ишинен мақуллады. Усындай ҳөккиге усы керек! Жалбырақласаң, мойнына мине береди!

Кирерин кирсе де, үй ишиндеги тым-тырыслық Турымбеттиң аўызына бөгет басып, Жумагүлдиң адам келген екен ғой сирә деп, орнынан турмаўы лал етти. Киргенде айтажақ әңгимелери де бар усаған еди, үй ишиндеги жағдайдан онысы пуш тәризли! Ал сөйлемей кетиў оған не деген қыйын? Гәпти неден баслардың есабын таппай, ашыў кернеп, асқынып келген жеделли кө-



www.ziyouz.com kutubxonasi

киреги̇не Жумагүлдиң қозғалмай отырыўы тәсир жасады ма, жүреги чай тартқандай силкинди. Асқабаққа түйилгендей қылғынып жутынғанлықтан узын кегирдегиндеги түйин жоқары-төмен жылжып турды.

Төребай оның қандай да бир мақсет пенен келгенин түсинеди, бирақ сонша күн аўрып жатқанда «қалайсаң» деп ҳал сораўға жарамаған адам менен сөйлесип не исим бар дегендей, ол да шығанақлаған қәддин бузбады...

Турымбет түпиригин үсти-үстине жутынып әри-бери отырып бақты. Өзлигинен шаң шығара алмады. Бағдагүлдиң отқа қойған қуманы да қайнады. Отырыспаға биринши араласқан нәўше қыз-жигитлердей ҳәмме ләммим.

Тақаты кеткен Турымбет орнынан қозғалды. Ериниң ҳәм Жумагүлдиң ырабайын аңлаған Бағдагүл де тек орнынан турып, жол босатқаны болмаса «нан же» деп айтпады.

— Жайша келиппедиң? —деди Төребай тым-тырыс қала бериўди нақолай көрип. Турымбет жуўап берместен қапыны сарт еттирип жаўып кеткен соң, Төребай бир мырс етип күлди.

— Жумагүл, дурыс иследиң! Сеннен басылды.

—Ҳаялдың да еркеклерден периштеси басым болатуғынын билип қойсын, — деди Бағдагүл күлип.

## 27

Дүйсенбай Турымбетке айтарын айтып, үйретерин үйретип болған соң тежестирмеди, жас жигит ашыўланса жаман, оның үстине ол жас жигит болғанда да мойынтырықты пашаҳ-пашақ ететуғынлардан. Ал өзиниң питкерген белгили баслы иси, таңландырып қуўантқандай жаңалығы болмаған соң бармайды да, Әсирисе Төребайдикинен пәнт жеп кеткели мушына түпириўли. Кеште төсекке кирсе болды, алмайтуғын шәҳәри жоқ. Ҳәммени бир шыбық пенен айдап жибергиси келеди. Тисленип-тисленип жатып, усыннан таң атса болар, сол Жумагүл менен, я Бағдагүл менен қудайдың не салғанын көре қалайын деп турады. Азанда баяғысы, қәдимги күнбасланады. Аўлағында дусласпайды олар.

Жүўери егисиниң питкен күнлери еди. Төребайлар да бир танап жерине жүўери егисин тамамлады. Бул күнлери тоғайға отынға барыўға бажбанлар жолатпайды. Үйлер ушын тек тандыр отын ўақты менен болып турса болғаны. Қоқтасынлы хожалықлар жалпылдатып от жағып тандыр қыздырады, ал кәмбағаллаўы жарты қазанға нан қатырыў ушын тамызық қылады. Сол ушын бүршиклердиң арасынан қурғақларын бояўлардың сояўланғанларын әкелиў жеткиликли.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күнде азанда үйинен кийинип шығып, Төребайдың үй бетине нәзер таслап қоятуғын Турымбет отынға баратырған Бағдагүлди аңлап қалды. Ол алысыраққа баратырса керек, қолына шуўмақлаўлы арқан менен үлкен орақ алған.

— Мейли, усыны айландырайын, — деди гүбирленип ҳаялдың узаққа бет алғанын көрген соң. — Бай ағамның айтқанындай, қайсысын қолға түсирсем де бәрибир.

Ол үйине тез бурылып, еки қалтасын қампайтыўы менен шықты. Күн батарға қарап баратырған Бағдагүл гүллеген шеңгелликтиң арасына кирип көринбей кетти. Турымбет оннан адасып қалмаў ушын аяқларын шаққан-шаққан басып, гә жерде мойнын қутандай созып қарап, изинен аңлып жүре берди.

Кегейлиниң қәндегиндеги сасық шалшық суўлы ойпаттың әтирапы тығылысқан боян еди. Араларына шеңгел жарыса өскен. Гүллән шөплер аспан менен түслесип, көк мақпал жапырағын жамылып, бурынғы қуўрақ түбирлерин бүркеген. Бағдагүл қәйерден молырақ қуўрақ шөп табар екенмен деп, аңшыдай ҳәр түпке үңилип, қалың боянлықтың арасында жән-жағына нәзер таслап қойып, бир түп боянның басын түйиди де, түбине арқасын қойып, тип-тик өскен бир шоқ жас боянды қайырып жиберип, түбириндеги қуўрағына орақ салып атыр еди, шөплер сатыр-сатыр ете қалды. Ҳеш нәрседен елеңсиз жүрген Бағдагүл селк етип басын көтерди.

—Ҳаў, күйеў бала, сенбисең?—Бағдагүл оны Жумагүл жөнинде шағынып жалбарыныў ушын киятыр екен деп ойлап дегишкен еди.

— Отыр, Бағдагүл, — деди Турымбет арқан жатырған жерде өзи отыра салып.—Мениң саған базарлығым бар.—Ол қалтасынан үш қостай жупқа, күн менен шағылысқан гүмис билезик пенен қызыл қаслы гүмис жүзик шығарды.—Мә, ал!

—Ҳаў, дүзлескенбисең? Арзынды айта бер!

Турымбет бирден не дерин билмей тығылды.

— Жумагүлди қайтадан алмақшымысаң? — деди ол жигитти көп қысындыра бермейин деген ой менен. — Ала ғой. Тилин тапсаң, бурынғыдай зәҳәринди жая бермесең, оның сен дегени сен деген. Базда уйқысынан...

— Жоқ, ол емес, — деп Турымбет көзин жумып, Бағдагүлге изин айттырмай, бирден ийнине асылды — Мениң қыялым саған кетип жүр.

Жигиттиң жабадай ири, жүнлес қоллары мойнына түскенде, Бағдагүл шолпыдағы балықтай шапшыды;

— Ҳаў, сеники не, сеники? Жин урған ба, сени? ...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Багдагүл, маған тий. Мениң турпатымды, күшимди билесең бе? Төребай соңғы гезде аўрып илэнэзик болып қалды.—Ол келиншектиң серменген қолларына ерик бермей қушақлап жүрип сыбырланады. — Бағдагүл, мен саған ашықпан. Егер маған тийгиң келмесе, мениң менен жүр...

Бағдагүлдиң еки қолы арқасына қайырылып,қапсыра қушақлаўлы, ҳэр жағына туўлап көреди. Жаздырыла алмайды. Турымбетти басы менен дүккиси келип, ояқ-буяққа былғаңлайды. Басынан орамалы да түсип қалды, ер адам алдында басын ашып көрмеген эдети бойынша алақаны менен басын баспақшы болып, еки жағына олай-булай буралды, оған бос қол кэне. Үстиндеги гөне шолақ бешпентиниң шалғайы да жыртылды. Өзин ҳэр жаққа урған менен пайда шығар түри болмады. Ири қоллар жылжытпайды. Тисленип алған. Екеўи де пыснасып, ыңқылдасқан талас басланды. Турымбет оны жығажақ қалай болмасын бир қырынлатыўға ҳэрекет етип бағады. Үш қос жупқа менен билезик, жүзиктиң қайда қалғаны да умытылды. Келиншек астыңғы ернин тислеп, босанғысы келип түргелди, босана алмайды. Сол жүргенде оның еки көзи орақта. Қайда қалды буйырмағыр? Жаны көзине көринип намыс қысып турғанда, орағы қолға илинер ме еди ҳэ, сений!... Усындайда болыспаған қудай бар ғой!...

Турымбет қолларын босата берип, мойнын таўлап, айқастан қаны қашып бөздей болған келиншектиң бетине ернин тийгизип шорып еткизди.

— Эй, арсыз, ҳарамы!!!

— Жаным, қойса.Төребайында не диңке бар? Өмирдиң қызы гүлн саған мен көрсетемен...

Оң бетин шорып еттирип, шеп бетине аўыз сала бергени Бағдагүл уўдар-дуўдар болған басын бирден төмен алып, жоқары көтерип жиберип еди, жигиттиң аўзына сақ ете қалды. Ол тисинен аққан қанды қолы менен басқаны мэттал, келиншек сыптырыла жөнелди. Турымбет оның қашып ҳеш жаққа да кете алмайтуғынын билген соң, қалтасынан қол орамал алып, ылғый қан түпирип жүрип, изинен бир қарады да, шөкке түсип отырды.

«Орақ қайда?» Бағдагүл асығыслық пенен жан-жағын излеўде. Оның қашып қутыла алмайтуғынына көзи жеткен менен тыйық излейди деп ойламаса итимал. Турымбет тисиниң қанын қайта-қайта түпирип орнынан тикейди де, оған жақынлап келе берди. Арада үш кэдем қалған ўақытта орақ табылды!

—Қэне, жақынла, мойнынды орып, қолыңда қан болайын!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит күшине исенген менен тыйықтың аты тыйық! Жақынлаўға жүреги даўамады, жақынлай қойса, көкиреги ашыўға буўлығып турған ҳаял күши жеткенше ҳәрекет етип, бир жерин жаралаўы гүмансыз. Сөйтсе де ол ҳаялды сынамақшы болып, әстен ғана алдына жүрип еди, Бағдагүл орақтың сабын қос қоллап услап, ушын төмен қаратыў менен жоқары көтерип силтей берди. Бирақ бул орақ көзге көринбейтуғын елпил самалдан басқа ҳеш нәрсени кеспеди. Турымбет жақынлай алмай тек узақтан жалбарыныўда:

— Бағдагүлжан, қойса ашыўды... жолыңа тасадықпан. Сен ушын жан берейин!...

— Жан берсең жақынла!—дейди Бағдагүл тислениң.—Өлим, өлим бир өлим! Көрейин усы.

— Япырмай, такаппырлығыңа сениң,—деп Турымбет күледи.

— Жинимди тырыстырып күлме! Сен қусаған өгизден мениң қостарымның өлимтиги артық, ийт ширкин!...

— Бай-бай, есиң жоқ па сениң қалай? Мен саған бүйтип арқаламай отын тасытып қоймайман. Соны түсинесең бе?

— Көп көпире берме! Хожалық ушын жумыс ислеў ар емес. Әўели өз анаңның отынын тасы!

Екеўи де ҳалықлаўда. Жүреклердиң дүрсилдиси бир-биреўине еситилгендей. Турымбет бул ҳаялдан пайда шықпайтуғынын билгеннен соң әстен барып боянның арасында шубатылып жатырған жупқаны алып бүклеп-бүклеп қалтасына салды.

— Жүзикти қайтып бер!

— Таўып ал, өз дүньям өзиме болады,—деди Бағдагүл оның қасына жақынлаўға қорқып.

— Жоқ ғой!—Турымбет ҳәр жерге үңилип, көз астынан сығалайды. Ойы—абайсызда бирден умтылып, ҳаялға тәп бериў!

Бағдагүл кем-кем кейин шегинип баратыр. Бирақ ол да Турымбеттиң жүзикти тезирек табыў тилегинде.

—Әне, аржағындағы боянның астында,—ол жалтырап атырған жүзикке орақ шошайтты. Турымбет таўып алды да, еки бармағының арасына қысып:

— Билесең бе, буны Хийўаның зергери соққан,—деди көз алдына күнге тутып турып.—Келген дәўлетти қайтардың. Есиң болғанда, алар едиң. Мени сүйер едиң. Жарымес болмағанда Төребайға тийесең бе, сени адам деп бурылып жүрген менде ес жоқ.

Ҳаял үндемеди. Турымбет әри-бери басын қасып-қасып турып нәйлаж түрде Кегейлиниң бийик ырашына қарай бурылды. Ол тәўир-ақ жерге кеткен соң Бағдагүл басындағы орамалын дүзес-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тирди, усти басын қақты, сон арқанын алып, ауылға жақын жерден-ақ отын табарман, ширкин тағы айналып келер деген ой менен боянлықтан шығып, артына қайта-қайта бурылып қарау менен кетти.

## 28

Маңғытлардын дийханлары быйылғыдай шад болған емес. Жерлери бар. Кимиси қарызғардан, кимиси аяқ суудан суўғарып еккен егинлери өрре-өрре тура қалды. Жүўери атызы ма, мәш атызы ма, қауын атызы ма, қулласы, жаман көзден сақлаудын белгиси—сырыққа қағылған қуу геллелер көбейди.

Дийханлар өз-ара; «Маңлайымызға шыр питетуғын күнлер бар екен», «Большойлардын күши күш», «Байлар да сынды». «Құдай адамлардын көкирегине нур қуйып, жақсылық етип атыр», десип ғауқылдасады.

Бәҳәрде гүнде менен сүрип еғилген егинлердиң ҳәммеси жалпыламай суў талап етип, алды суўғарыўға қарап еди, дийханлардын қуўанышлы ғауқылдысы сағасын байлаған жаптай тыйылды. Себеби бай олардын жерине суў аўыстырмай, бәрин өзине қаратып, атыз-атыз жерлерин суўғарыўды баслады. Оннан аўысқан бир қулақ суўды шалыгершиликке бурды. Дийханлардың көпшилиги жер бөлиспе күнлеринде пайларына жер тийгени не мәзи мәсирип, байдын гилең бийикти оларға емин еркин бөлистиргенлигинен бийхабар қалғанлығы енди билинди. Суў ҳеш қайсысыникине жарамайды, тек Дүйсенбайдын атызларына ғана жайылып ағады. Төребайлардың соры қайнаған бир танабы да дөнес екен. Еккен жүўерисинин туқымы қалмай көгердидағы, қырқына келген соң суў талап етип, қайыстай жапырақлары жаўында қалған қағаздай сарғайып, солыўға мейиллейди. Жылда дақылы болмай, көзи қорқып қалган Төребай туқымды да жийи сепкен еди, атыздың саўтанақ жери қалмай көк басты. Бунысы шеп болмапты. Шетинен сийреклетип қалаға сатып келеди.

Еки хожалықтың гүллән жаны бүгин де жапа-тармақай исте. Жумагүлдиң қолындағы полат гешкирти жабайы шөплердиң түплерине сүңгийди. Бағдагүл де оның менен жарысқандай шаққан-шаққан ҳәрекет етеди.

Ақлығын дизесине мингизген Сәнем «ҳайиў алланы» даўысының барынша айтып, атыздың басында булардың бақлаўшысындай сыртынан қарап отыр. Анасының ҳәйиўи арасында қызының «әў-әў» дегенин еситкенде, Жумагүлдиң истеги қумбыллығы артып, алдындагы жүўериниң ҳәммесин жапырып кететуғындай



www.ziyouz.com kutubxonasi

жулқына-жулқына ислейди, бирақ изинде бир түп шиңгирик қыйсайып қалып атырған жоқ.

Қапталына теңлескен Бағдагүлге өзи билетуғын бир сырды айтпақшы болып, турады, және иркиледи, оның ишки дүньясын байқай ма, Бағдагүл оған;

— Көзлеринде не бар?—дейди де, изин айтпай иси менен бола береди. Жумагүл жеңи менен жортаға көзлерин сыпырады. Бирақ иши ғым ете қалады: Неге көзлеримнен гүманланады? Ериннен қәуип ететуғын әдетин және баслап киятыр ма?...»

Ол ойланып-ойланып ашылысты.

— Көзлеримизде сыр жоқ, Бағдагүл. Анаў бизиң мурындық сиңли биреў менен кетежақ екен...

— Ким менен, Жаңабазардағы ийшан менен бе?

— Әкеси сол ийшан менен қаўын писикке ўәделесипти. Бирақ ол әкесиниң айтқанын қылажақ емес...

Жумагүл мурындық сиңлиси менен соңғы сөйлескенинде оның қандай кыйыншылықты бастан кеширсе де, ийшанға тиймей, Айтбайға бас қосыўға қуштар екенин мақуллаған еди, енди ол қыздың Айтбай менен қашып кете жақлығын ҳәзирше Бағдагүлге де айтпай турғанды мақул көрди. Соңынан биле берердағы және биреўлер еситип қойса, машыншы әкеси алдын алып уялмай өз қызына жаманлық етиўи мүмкин. Себеби, ол машыншының айтқанынан Дүйсенбай түўе ақсақал да шыға алмайтуғын көринеди. Жумагүлдиң қыялын өзинше түсинип, Бағдагүл сораўын қайталап бермеди.

Соның арасында Айтбайдың өзи келип қалды. Ол кемпирдиң қолынан алып, буларға ҳармасын айтты да, Бағдагүлден Төребайды сорап еди, әйтеўир бир күни кеште суў беремен деген ўәдесине инанып, үш күннен бери Дүйсенбайдың шалысын егип жүргенин айтты

Айтбай үнсиз, басын кесесине шайқап-шайқап турып;

— Жүўериңиз жүдә шөллеген екен,—деди.

— Несин айтасаң, қурдас, жер алып басымызды бослаймыз деп, бул байдың жумысын және ислеўге қарады ғой журт.

Окрисполкомға барып арзасына инабатлы жуўап ала алмаған Айтбайға бул хабар қатты батып кеткен секилли, жүзи шаңғытып сала берди. Себеби үш күнликте ғана бес алты дийхан бай менен суў үстинде төбелесип, Айтбайдың араласыўы менен ол суў беретуғын болып еди. Ол ўәдесин бузды. Айтбай соның ушын қасарысып, даў ақсақалдан шешилмеген соң, окрисполкомге кеткен еди. Минекей оның жоғында бай сумлық таўып, егинге қыстаў ўақытта ҳақ кеўил дийханларды өзине қаратып кө-



www.ziyouz.com kutubxonasi

кирегиндегисин ислетип алмақшы. Бәлким, ол бетине қаратпаўдың да илажларын ойлап табар... Ҳә, сений ҳәзир Дүйсенбай алдында турса, окрисполком болмақтан оннан үлкени қуўатласа да, бүркиттей пәнже сала қояр еди, әттең!...

Ол өзин тутып турыпты.

— Мынаўың солып қалмай ма?—деди ол алдына бир еки адым атып Жумагүлдиң бирленген ғаўышты баўлап атырғанын көрип.

—Ертең азан менен қалаға әкетемен—деди Жумагүл.

Айтбайдың ашыўы тарқап:

— Оңына келиппен,—деди.—Қалаға барып едим, асығып қайттым. Әсиресе сен ушын асықтым. Себеби бүгин түстен кейин қалада ўаз ашылмақшы. Ўазда Төрткүлден келген Иванова деген орыс ҳаял сөз сөйлейди дейди. Сол ҳаялдың сөйлегенин көрип қайт демекши едим, усы сапары қалып қойма.

Жумагүл ғаўышларды тез-тез жыйнап, арқанға бууды, Бағдагүл атты жетелеп әкелди.

Айтбай оның атына жүгин артысып, қалаға жөнелткеннен кейин аўыл аралап кетти.

Ол жүрип, киятыр. Растан да атызлар босап қалажақ болып тур. Небир қаўын атызларында еки үш ғана пәлек қалған. Ал Дүйсенбайдын ериклери мийўелеп, тамының әтирапына қоршаланып егилген қара талына шекем жасарып дөнип тур. Жайдың батыс қапталы менен қублаға қарап өтип еди, айналасы жигирма-жигирма бир танаплық алаңлықта дийқанлар үймелесип жумыс ислеп атыр екен. Оларды атлы айланып шаўып, ҳәр жер ҳәр жерде иркилип, қамшысының ушы менен жерди көрсетип жүрген Дүйсенбай көринеди. Ийнине бел салған дийханлардың биразы атыздан асырылып аққан сууды байлаймыз деп арман-берман жууырысыўда еди, бул жақынлаған гезде олардың бир қаншасы жалт қарасып, қолы бослаў биреўлери қуўанышлы хабар еситкенше асығып жумысларын тоқтатты.

— Халайықлар!—деп даўыслады Айтбай. Оның ири даўысынан өмирдиң ушқынын дәметкен дийханлар турған-турған жеринде силейисти.

— Халайықлар, жәмлениңлер!—деди Айтбай шалы атызының бийиклеў жерине минип.

Кимиси жалаң аяқ, жалаң бас, кимиси тыр жалаңаш, бир ғана бөз диз кийим менен жүрген, денелери күнге күйреп, булшық етлери баўырдай қызарған дийханлар ислеп атырған ислерин тоқтатып, буның турған жерине қарай ағытылып келе берди. Нәҳән атыздың ҳәр мүйешинде саяў-саяў биреўлер қый-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мылдап қалғаны болмаса, ҳә демей-ақ дийханлардың көпшилиги Айтбайды қоршалады.

— Халайықлар, және надурыс жолға түсип баратырмыз. Көрдиңиз бе, және байды байытпақшымыз, және қолтығына кирмекшимиз,—деген Айтбайдың сөзин:

— Окрисполком не деди? Соны айт?

— Байға өшесип бала-шағамызды аштан қырамыз ба?

— Күшлиниң деми дигирман тартады!...—деген ҳәрқыйлы шаўқымлар болып кетти. Бирақ Айтбай ақ қалпағын қолына алып көтерип:

— Окрисполком баслығы байдың сөзин сөйлейди,—деди қатал түрде ҳәм соңынан қыза баслады.—Енди өзлеримиз күш бириктирмесек болмайды екен. Бул уятсызлар қайтадан бой тиклеп киятыр. Ўақытша кейин шегинниўимизден пайдаланбақшы. Олардың өшине өш, мушына муш, қарыўына-қарыў жумсаў керек. Сәл босассаң булар аямайды, соны неге умытамыз? Сизлердиң бахтыңызды қорғаўға киятырған неше жаўынгерлерди қырды бул жаўызлар. Анаў Тазқараның саўашын умыттыңыз ба? Әлбетте буны умытыў мүмкин емес. Ийшанлар сизлерге жерлерин бергенде сыйлап берипеди, нәҳән күштен қорқып берди. Бул күш—атамыз Ленин, бул күш—большевиклер партиясы, бул күш—сизлер—халайықлар! Қәне күшти және топлайық, журт бир қыйтағын суўғара алмай жүргенде бул Дүйсенбай танап-танап жерге егин егип, соңша суўды бир өзи ишеди. Ҳәмме дийханды және өзине гәрезли етпекши. Қәне, не қылар екен, жабының сағасын байлаңлар!.. Өзлериңиз өз ара гезек тутыңлар!...

Атыздың арғы басында атынан түсип, саралағанын бөне еткендей бул шоққа келмей, бир түп шеңгелдиң тасасында турған бай бирден атына ғарғып минип шаңғытыўы менен буларға қарай шаўып, жақынлаған мәҳәлде ҳәмме бирден тарқап, қулағы шалыгерликке қараған үлкен жаптың сағасына ғаўлап жуўырысты. Олар менен Айтбай да кетти. Ҳәмменин изинен жете алмай, көкиреги қысып киятырған ақсақаллы, жалаңаш дийханның арқасына бир қамшы тартып жиберип, Дүйсенбай көпшиликтиң изинен ат қойды.

Сағаның алдын көмген кисиге алтын үлестиретуғындай асыққан дийханлардың қулпәреңи шығып, топырақ атып атыр еди, бай атын айдаўы менен олардың ортасына урды. Бирақ олардың тобы бузылмады. Бай да жалғыз емес екен, атыз бетте саяў-саяў болып жүргенлер де беллерин ийинлерине салыўы менен сағаға қарап жуўырысты, әдепки топардың арасынан да байдың тәрептарлары табылды. Бурынлары суў үстинде бундай жәнжел

www.ziyouz.com kutubxonasi

көтерилсе, кимниң қаяқлық екенин билмей төбелес қызып, бай ат үстинде тура беретуғын еди, бул сапары аттың жылаўы тутылып, үстинен бай аўдарылды...

## 29

Бағдагүл менен қәйтип ушырасқанын, оған күши жетпегенин, келисим менен айландырып алыўдың қыйын екенин айтыўға батылы бармай, «Сениң насазлығың» деп бай кейир деген қәўип пенен Турымбет Дүйсенбайдың үйине келе алмай жүре берди. Ал байдың сонша ўақыттан бери күтиў себеби оны асықтырмаў ҳәм ол тапсырманы өзинше қалай бежерер екен, қалай етип маған келер екен деген нийети еди. Кеше оның суў үстинде күтпеген жерде дийханлардың тарпыўына ушырап қалғаны бийжағдай етти. Дийханлар тек аттан аўдарып қойды ма, урды да. Ҳеш ким оның бет алдына урып исирмеген екен, сонда да төсек тартып жатып алды. Сөйтип жатып өзинше ҳаўлығады «бул және бир күшли әламаттың басы шығар. Өзлери үрлеген қарындай кем-кем пыссыйып киятыр еди, және қампыйыўға қарапты, бәри, жекке болса да, усы Айтбай «большойдың» кесапаты. Бир сапар Тәжим мурт оны туқым қурт қылмақшы болғанда, жалғыз адамнан душпан болама, мал-дүнья қолымызда турғанында айтқанымызды ким қылмайды дейсең, Дүйсенбайдың аўылында жалғыз «большой» өлтирилипти десе мени мүжир ҳәр ким» деп келисим бермеген өзи еди, енди сонысына өкинеди. «Менде бас жоқ!... Бас бар! Кисилерге мийрибанман»!...

Ол киреди, шығады. Ҳеш жаққа жалбарынып бармады да. Оның кеўлин сорап Мәмбет молла келди. Бул оның менен де оңлап хабарласпады. Ал молла өкпелемеди. Бул Дүйсенбайдың өзине питкен, минези деп, чай ишип отыра берди. Усы ўақытқа ўәделескендей Турымбетте келди. Ол келерин келсе де, молланы унатпағанлық кейип көрсетип, бети жаўыннан соңғы кебирдей томсырайды. Усы пайытта ол ойланып та үлгерди.

Байға сондай-сондай болып таяқ жедиң бе деп айтыўдың есабын табыў қыйын! Өзине тапсырылған исти орынлаў ушын жасаған ҳәрекетлериниң жуўмақсыз шыққаны жөнинде айтып, өзи қапа «жасүлкенин» тағы да қапаландырып алыў оннан да аўыр сыяқлы. Ол маңлайына қолын тиреп отырып қалды. Неден баслаў керек? Бағдагүл менен арасындағы болған жәнжелди айтса! Самсам демес пе екен бай және?... Тәўекел, деп ол барлығының расынан келди. Тула денени қақсап, ишки ашыў менен алысып жатырған адамға оның айтқан шынлығы аўыр салмақ



www.ziyouz.com kutubxonasi

болды. Ҳақыйқаттан да турпаты келген, сын-сымбаты дүзиў, усындай сегиз қырлы жигитке ҳаял қызықсынбайды деген не сумлық? бурынлары егер бир урыўдың ишинде аўзы бослаў биреўиниң ҳаялы кетермен болса, хожалығын татыўластырыў усыннан артық жигитке тапсырылатуғынба еди? Ҳәс сений! Жигирма бес пенен отыз қайтып келмеске кетти-ә! Бундай да самсам, сөзиниң дузы, тилиниң мәргия шөби жоқ адам болады екен?...

Бай көншигине жанбаслап, алақанын шекесине тиреп көп ўақыт жатты. Оның қандай да бир ақыл табатуғынына исенген Турымбет селтеңсиз отыра берди.

— Сен өзиңниң ҳаялыңның минезин билетуғын ба едиң?—деди бай еки көзин ошақтан айырмай жатып.

— Оның минези менен не кәрим бар?! Бир билетуғыным ақылсыз еди.

Қолындағы кесесин жерге қойып, аўзын бир сыпырып, көзлерин қыпылдықлатып молла гәпке араласты.

Ҳүҳ-ҳҳ... Ол ақыллы нашар екен. Еле берин соннан күймесек болар еди деп қорқаман, инилерим. Қалаға кетипти. Қасаң байтал еки айғырды өшеседи деген. Айтбай менен әзелден-ақ байланысы бар қусайды шамасы. Бирақ буған ҳаял айыплы емес, ол бир нәзик гүл, үзсең үзиледи, үзбесең тура береди, басқа биреўдиң еле ашым айрық болмаған гүлине қол салған адам намәҳрем адам, ондайларды китапта не қылса да, арзыйды дейди.

Турымбеттиң көзлери ушқынланып, моллаға жек көриўшилик сезим менен тигилди, бирақ байдың басын ийзеп мақуллағанын көрген соң, әззилигин билдирип жайпаўсып:

—Соңғы гезде не ислеўим керек екенин билиў былай турсын, өзимниң қандай екенимди билмей, өзимди өзим жоғалтып жүрмен,—деди басын қасып.

— Ҳа-ҳа, — күлди бай. — Өзиң барсаң, қосшым. Адам өзиниң қандай екенин өзи билмейди, сырттағылар айтысады, мәселен, мен өзимди өзим билмеймен, өзгелер биледи. Солай емес пе, Мәке? — деп бай Мәмбет моллаға бурылып, оның «әлбетте, әлбетте» деген мақуллаўын еситкеннен кейин, өзин еркинирек тутып, сөзин даўам етти.—Молла Мәмбет те еситип жүрген шығар, мен де билемен, мәселен, сени журт жаман жигит демейди. Бирақ бир жаман жери Шорахан бетте былтыр өлтирилген биреўлердиң изи тексерилип атырған көринеди. Билмедим, не қылыў керек екенин. «Большойлар» жүдә тимискиленип жүрсе итимал. Бизиң аўылда да жансызы бар ғой олардың.

Ляғы үкиге кирип кеткендей Турымбеттиң тамырын бойлап жылжыған суўық ҳаўа жаўырынына шықты. Көзлери апалақ-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лап, қалай болса солай тыпыршылап, аўзын, мурнын жени менен сыпырынды. Бай оның ҳәрекетлерине көз салмайын дей ме, оң алақанын қулақ шекесине тиреп жанбаслаған қәддин еле бузған жоқ. Жайдың ишин шыбын ызыңласа еситилетуғын тынышлық қаплады.

— Сен Жумагүлди қайтарып ал,—деди бай еле бир қәддинен өзгермей.

— Ел халықтың бетине қалай қарайман, әй қудайай!...—деп қамсықты Турымбет.

— Шариятта шарым жоқ,—деди молла.

— Баяғыда айтпадым ба, ўақытша аласаң... Ал анаў Айтбай «большой» және мазанызды алып жүрмесин. Ҳаялдың ақылы анық еки көзинде болатуғын болса, сеннен жигит өтпейди. Сен мениң кеңесимди тыңлай бер, пайдасын изин ала көре бересен. Мен сени белгили адам етпей тынбайман,—деп бай оғыры билгишсинип, жаны ашығанлық түр көрсетти.

Бул үйдиң диййўалына тутылған гилемниң, мурынның қаңындай қызыл ғарға туяқ нағыслары Турымбетке Айтбайдың әкеси Нуралының қан аралас көз жасындай, қошқар шақы ақ нағыслар оның анасының сырылдаған көкирегинен шыққан қақырығындай болып көринип, қабағын үйип еди, абайсызда еңсесинен суўық суў қуйып жибергендей, шоршынып кетти. Ал астында төсеўли жатырған түркмени ала текийметтиң жүнлери бөксесине емес, мийине шаншылып турғандай, геўкийген басының ишинде қараз айдалып атырғандай уў-шуў, гирр-гирр болды. Жүзи гә қызарады, гә қуўарады, көзлери гә жасарады, гә бир ноқатқа иркилип дөңгеленеди.

Дүйсенбай төмен қарап отырса да, ондағы барлық қубылыстан хабардар еди, бирақ селтең бермеди, көпшигин қолтығына қарай сәл жылыстырып қойып, ең әўелги түринде бир қырынлаўы менен, аяқларын созып, бириниң үстине бирин мингестирип жатыўын даўам етти.

Турымбет кем-кем өзин бийлеп «үҳҳ» деди де, желкесин қасыды, соң мушын түйип, ыйығын гүржийтип тисленди.

## 30

Жумагүл қалаға жеткенше асықты. Ғаўыш артылған атын жетеклеп киятырып ҳәр нәрсени ойлайды... Заманның өзи қалай-қалай? Ким-кимге исенерин билмейди? Бүгин Иванова деген орыс ҳаял уялмай қалай ўаз етеди? Еркек адамға усап минберге шығып қолларын былай-былай силтеп сөйлейтуғын болса қызық!... Халық не дер екен оған...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол қалаға кирген менен ғаўыштың қарыйдары бирден табыла қоймаған соң «пош-пош» деп, базаршыларды айырып иркилместен жүре берди. Еси-дәрти баяғы ўаз айтылған жерге барыў! Жүўери қорықшының шертегиндей сол минбер буған төркинин-дей-ақ көринер. Айтқанындай, базаршылар үймелесип атыр. Қызыл жийекли дөңгелек жағалы бөз көйлек кийген дийханлар, екиели қара терини дәңгелете қыстырғыш етип тиктирген дегелейли жигит ағасы болған бираз бардамлылаў адамлар, шымшық көз ақ шытлардан басларына шаршы тартып алған жас жигитлер ортада гүрес туттыратуғындай сол минберди қоршалап бийтахат тур. Жумагүл және минберге көз жиберди, еле оның төбесинде адам көринбейди. Енди ол кейин шегинип, от-шөп базарына қарай бет алып еди, ғаўыр-ғаўыр етип базарды басына көтерип турған аламан суў тынғандай басылды... Буған таңланып артына бурылып еди, минбердин басында ҳаял емес еркек турған қусаған. Жалаң бас, қынама белли келте қара камзолы бар екен, сол камзолы түслес көйлеги дизесине жетип ақ тур. Күн ыссы болғанлықтан бети тершиген бе, сары сынлылығы я қара пәреңлиги узақтан билинбейди. Ол оң қалтасынан қардай аппақ шаршы алып бетин сыйырды, соның арасында минберге бир жигит көтерилди, Жумагүл ҳеш қайсысын танымайды, ал ўазшылар ғой ўазшылар, сонша жығынның арасынан бир танысты көзи көрмейди.

Ҳәммесиниң дыққаты минберде, Жумагүл атының бас жиби қолынан силкинип атырғанға ат жүрип баратыр ма деп жалт бурылып еди, ат пенен екеўиниң арасына да адамлар тығылып қалыпты, солардың бир-бирин ысырыўы нәтийжесинде аттың бас жиби орталарында қалып тартылып түр екен, ол қапталына бир қарап және минберге сер салды. Анаў қынама белли, биреў қолын көтерип:

— Товарищи! — деди. Жумагүл бул сөздиң мәнисине түсинбесе де, аның дыққат қойып тыңлағанлықтан, бир дегеннен үйренип алды, бирақ оның даўысының майдалығына қарап еркек емес, ҳаял екенин билди: «Үстине келгенмен, қәне бул Иванова деген орыс ҳаял не дер екен!»

Минберге Иванова менен қатарласып бир жас жигит те шықты. Оның үстине кийген кең ақ көйлегиниң етеги шамал менен дирилдеп, күнге шағылысып тур. Жигит көйлегиниң сыртынан буўған жип сыяқлы есилген ақ белбеўиниң қос пөпегин қапталына жиберип, Ивановаға күле бир қарап, минберди айналған жығында нәзер таслады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мине Иванова сөйлеп кетти...

Жумагүл ықласы менен қулақ қойып тур. Өмиринде ҳаял адамды бүйтип сөйлейди, ҳәм еркектиң кемисин тауып оларды айыплайды деген ой түсине де енбеген екен, ол аўзын ашып қатып қалды.

Бул сапарға ўаз да баяғы биринши рет еситкениндей, Иванова сөйлеп-сөйлеп тыныўдан, қасындағы жигит пәт алды. Бирақ бул бираз суўық қанлы, өзин өзи тутып сөйлейди:

«— Мине халайық, жолдас Иванова былай деп атыр... Араңызда бир де ҳаял көринбейди! Бәри үйлериңизде, туғырдағы қаршығадай ушыўға меилленген менен аяқлары матаўда..»— Оның даўысы жүдә ашыўлы ҳәм пәтли шықты.

Адамлар бир-бирине қарасты. Мени көрип қойды ма екен, деп Жумагүл өзин тасараққа алып еди, жыйналғанлардың биразлары алакөзлери менен қадалып, оны жерге сиңирип жиберe жақ болды. Жумагүл оннан сайын бәсип, атына қарай шегине береди,соның арасында бир адам:

— Арамызда ҳаял бар! Керек пе?— деп жар салып бақырды.

Ҳәмменин дыққаты минберден аўысып Жумагүлге өтти. Жумагүл болса аяғының астынан тесик табылса сиңип кете жақ па, тек төмен қарай береди.

Уазшы Иванова қапталдан көтерилген шаўқымға түсинбеди бирақ ҳәмменин кеўлин аўдарған тәрепке көз таслап, қасындағы жигитке бир нәрсе деп еди, топ бузылып, жыйналғанлар үрик- кен қойдай гә алдына, гә артына бәсип толқынланып кетти.

Абайсызда көпшиликке сезилип қалғаны ушын бийқолай жағдайға түскен нашар өзин сығасқан сеңниң арасында қалған қойдай сезип, ҳушынан айрылып, қалай қарап жүрерин билмейди, бирақ атының шылбырын қолына қатты қысымлап алған. Адамлар сеңдей соқлығысты. Биреўлери жортаға қыла ма, «минбердегилерди анықлап көремиз» деп алға жүрсе, биреўлери қайтыў ушын артына бәседи. Бир-биреўди ийтериў, қысыў күшейди. Сүрмесүр, ийтериспелер менен Жумагүл тентиреклеп, әллеқайда жылысып, сығылып баратырғанын абайламады. Енди оның аты ортада қалып, өзи сыртқа шығып қалмаса, болғаны. Адамларға күш бермеўге тырысып, ийини менен қапталындағыларды ийтерип, өзине жол ашпақшы болады, бирақ көпшиликтиң күшине төтепки бере алмайды... Бир ўақытта маңлайының бир нәрсеге соқлыққанын сезди. Абайлап қараса, минбердиң бақаны екен. Үстиндеги жигит қолын созып, «қолыңды бер, қысылып қаласаң, жоқары шық, жоқары» деди оған. Жумагүл хеш нәрсени көрмей,



www.ziyouz.com kutubxonasi

көз алды булдырап, сөйлеген жигиттиң созылған қолын да көрмей, бийик ағаштан салбыраған шақа шығар деп оған асылды. Баса-бас қысылыспада ҳалдан кеткен келиншек минбер зәңгисине аяқлары салынғанын да абайламады, бир ўақытта қапталына қарап еди, теңейинде бағанағы Иванова менен, онын сөзин тәкирарлаған жигит тур, ал толайым жығын аяқ астынын қәддинде. «Түсим емес пе» дегендей жасаўраған көзлерин сыпырды. Сөйтип турып ол атын излеп еди, онын минберден шетте, үстиндеги ғаўышты аўдырып турғанын көрип, әстен ғана бас көтерди. Иванова жүдә нәзик даўысы менен буған бир нәрселерди айтып атыр, жаўырнынан қағады.

— Басынды көтер! — деди жигит. Бул да Иванованың буйрығынан кейин айтылып турғанын сезген Жумагүл қапталындағы Ивановаға көз астынан шекеленкиреп қарап еди, ол буны қушақлап алажақ болып тур екен. Жумагүл онын үстиндеги таза кийимлерин ылас етип, зиянымды тийгизермен дегендей көзлеринен сорғалап, әребек жырығынан тамшылаған моншақ-моншақ терлерин жеңи менен сыпырды. Иванова оны қушақлап, көпшиликке қарата бир нәрселерди тез-тез айтты, кейнинен жигит сөйледи;

— Көрдиңиз бе, дослар, ҳаял-қызлар қарақалпақта қандай дәрежеге түскен? әребек орнына қаран, нашар түйе ме бүйтип?! Бул қыздын өзинде қанша күш, қанша ғайрат, жигер көринип турыпты. Мийнетте қайнап пискен шырайына қараң. Ал не деген жасқаншақ, бийшара.. Буған, бәлким, сизлер айыплы емес шығарсызлар, булнеше әсирлер бойы ҳаялларды қуллықта тәрбиялап, еркине жибермеўдин ақыбети, ал сонда да сизлер сыяқлы еркеклердин бир дастыққа бас қойған өмирлик жолдасларынын адамгершилигин аяққа басып келиўи шыдамаслық аўҳал... Бизиң большевиклер партиямыз келешекте бундай жарамаслыққа жол коймайды...

Жигит сөзин тамам етиўден Иванова бир нәрсе деп еди ол:

—Жолдас Иванова сөйлеймекен деп атыр сөйле,—деди Жумагүлге.

— Не деп сөйлеймен?

Бул минберде Жумагүлдиң сес шығарыўынын өзи жаңалық еди. Халық оны не айтар екен десип ғаўырласпастан силтидей тынды.

Жумагүл жеңиниң ушын аўзына басып, тисленип, сөйлемей турып қалды...

Ўаз узаққа созылмады. Иванова минберден түсип Жумагүлди қонақ жерине ме, бир жаққа ертип әкетежақ болып еди, ол



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғаўышын сатпай ҳеш қайда бармайтуғынын, егер, буннан кешиксе үйинде емизиўли қызының қалғанын сылтаўлады. Ивановань сөзлерин тәкирарлап, екеўиниң арасында қандай да бир жыллы сезим пайда етип сөйлесиўине имканият туўғызып турған усы бир жас жигиттиң даўысы таныс сыяқлы. Басындағы шаршысын көзине сәл-пәл түсириңкиреп алғанлықтан Жумагүл оны анықлап көрмейди, ал тикленип қарайын десе, ети лаплап баратырғандай өзин қыпсалай береди.

— Ҳаў, сен Жумагүлмисең?!

Жумагүл енди ғана оған қарады. Алдында баяғы Аналық кемпирдиң улы Нурлыбай тур. Ол қушақлаўдан илгери оның бастан аяғына бир қарап шықты.Ноғайы жағалы ақ жипек көйлекли, белинде жуўанлығы шыжымдай ғана, еки ушы ақ пөпекли бел беў, бети күнге күйреп әдеўир қараўытқан. Баяғыда ушын от шарпыған сарғыш шеке шашлары пәрдозланыпты. Шәпкесиниң ернегинен мийиздей қара қойыў шаштың буйраланған ушы көринеди.

— Өйбей, қарағым, қайдан жүрсең?!

— Дилмашлық етип жүрмен,—деди Нурлыбай күлип.

Жумагүл халық аўзынан «пәленше дилмаш», «төленше дилмаш» деп еситип жүрсе де, ҳаяллар менен жүретуғын дилмаш ҳаққында, еситип көрмеген еди, буған таңланды, бирақ олардың арасындағы сыртқы татыўлыққа кеўли толып аўылласы Нурлыбайдың бахытлылығына ықласы менен езиў тартқанда, бәҳәрде ашылған қан қызыл гүлдиң ишинен жарып шыққан майда ақ гүлдей болып, сәл қалыңлаў еринлери арасынан, маржан яңлы дизбе қатар аппақ тислери көринди.

Иванова қасларында тур. Ол бул екеўиниң бир-биреўин танығанын сезип сөз қоспады. Ҳәзиринше олар сорасып атыр. Нурлыбайдың анасы Аналық кемпир Жумагүл узатылған жылы қайтыс болыптыдағы, бул қаңғырып қалыпты. Бирақ сол аўыр күнлер узақ созылмай, усы Иванова деген келиншектиң әкеси оны көшеде жүрген жеринен әкетип тәрбиялапты. Жумагүлди қызықтырған да усылар еди, оны Нурлыбай қысқа түсиндирип болып гезегине нашардың аўҳал—жағдайы, анасы жөнинде хабар билип алғаннан кейин Ивановань тапсырмасы бойынша сораў жуўапқа көшти.

— Оқыйсаң ба?

— Ондайды билмеймен мен,—деди Жумагүл.

Нурлыбай Иванова менен сөйлесип алып Жумагүлге оқыў дегенниң не екенин түсиндирди. Большевиклер партиясының басшылығы менен халықларды оқытыў қолға алынажақ екенин



www.ziyouz.com kutubxonasi

айтты. Егер оқый ғойса, ел басқаратуғын басшы болатуғынын да түсиндирмей қоймады.

Кисилерде дығы болғанлықтан олардан кек алыўдың жалыны ишин бир қарпып кетип, басшы боласаң дегенге қуўанып та турды, бирақ көзине көринип турған ҳеш нәрсе болмаған соң, үндей алмады. Көз қарасынан Ивановаға таңланыўшылық ҳәм ол жөнинде билиўге қумарлық сезилди.

— Еле бир де бир қарақалпақ қызы оқыўға кирген емес,— деди Нурлыбай.—Жолдас Иванова усыған өкинишли. Бул киси Москвадағы уллы адам, қаллаш-диййханнның атасы Ленинди көрген. Түркстаннан. Хорезм ойпатының ҳаял-қызлары арасында жумыс жүргизиў ушын жиберилген адам.

— Эй, қарағым,—деди Жумагүл. Енди ол өзин бираз еркинлеў тутып, еркек болыўына қарамастан жасы киши аўылласы алдында азғана ашылысты.—Қарағым, биз бир ошақ басында күлге араласып қалған ағаш көсеўмиз, биреў қолы менен былайырақ ысырып қоймаса, жанып кете беремиз ғой.

Ивановаың қар үстине тамған қандай қызыл жүзине қуўаныш кирип, оның не айтқаны ҳаққында Нурлыбайдан сорап еди, көзлерине ойшылық кирип «какая умная» деди жаўырнына қолын салып. Бунын жақсы сөз екенин Жумагүл дилмашсыз-ақ түсинди. Нурлыбай тек турды.

— Енди асығыспан, қайтаман,—деди Жумагүл Нурлыбайға.

— Пай, пай бүгин болғанында жақсы болатуғын еди, ал оқыйсаң ба, не қыласаң?

Жумагүл жуўапсыз қалды.

— Жолдас Иванова оқысын деп атыр, қызында алып жүре берсин деп атыр,—деди Нурлыбай.

— Ойласып көрейин, апама айтып бараман.

—Апаңа емес, аўылыңа айтып бар, бизлер еле усы Чимбайда боламыз. Оқыўға бала жыйнаўымыз керек. Мүмкин аўылларға да шығармыз,—деп ол сөйлеп турғанда Иванова папкасынан шаппаттай бир қағазды алып Жумагүлге берди.

— Бул қағаз саған гүўалық, қәлеген адам сениң оқыўға барыўына имканият туўғызады,—деди Нурлыбай.

Ол бул сапары да қуўанышлы қайтты. Бирақ оның ойынша бүгингидей қуўаныш ҳеш ўақытта болған емес, себеби тек өзин еситиўге әрман етип келген ўазшыларды узақтан көрип қалмай, минберге көтерилди. Усыны айтса, анасы инанар ма екен? Инанар, буны жиберген Айтбайдың қуўанышынан жүреги жарылып кетпесе болғаны. Көрген-билгенин бастан-аяғына еситсе, ол



www.ziyouz.com kutubxonasi

ушып-ушып түсер, оның минези солай, ақ көкирек. Егер Төребай менен отырғанынын үстине келсе, қандай етип айтып берер еди! — Деген менен ол кешигип қалған екен, аўылға қуптанлата келди. Жүреги ҳәўлирип атын байлағанша асығып жүрип Нурлыбай жөнинде апасына айтажақ болып кирип еди, оның жүзиниң орпаң топыраққа малынғандай ҳүрейи ушып отырғанын көрип, кирген пәтте босағада силейип қалды.

— Өт, шырағым, биреўдиң әжелине не иләж бар, — деди анасы .

— Не болды, апа?

— Айтбай «большойды» жаңарақта биреў өлтирип кетипти.

Жумагүл жығылып кете жақ болып зорға өзин тутты.

## 31

Айтбайдың тосаттан болған өлими ҳәммени сарсан етти. Адамлар өз-ара сыпсың-сыпсың етип ҳәр кимнен гүманланады, бирақ ким екенин дәл айта алмайды, көпшилигиниң қәўпи баяғы келген баспашы атлылардан. «Олар сонда күпе-күндиз келди, буны неге түнде өлтирген» деген сораўға және жуўап таба алмады. Айтбайдың қәдирин енди түсингендей ҳәмме тик аяғынан жүр, алыс-жууўықтағы тамыр таныcларын хабарландырыўға атлылар кетип атыр. Бул мүсийбетти жайластырыўға Дүйсенбай да келип, асына бир қапшық бийдай беретуғын болды. Төребай да сол жерде. Бас көтерген еркеклерден Турымбет ғана көринбейди, оны ҳеш ким жоқламайды да, жоқлағанлары да «үйинде-ақ шығар, ол өгиз кисиниң қәдирине түсинип, өлиде, тойда хызмет етиўди биле ме» деп қолларын бир силтейди. Ҳақыйқатында да Турымбет үйинде еди, бирақ әпиўайы тамаша қылып дем алып жатырған жоқ, өзи менен өзи айқасып тыпыршылап атыр. Он еки мүшеси сынып баратырғандай. Әлле нәрселерге буўлығып, демин ала алмайды. Түни менен уйқы көрмеген бе, көзлери қызыл басы мең-зең. Жүреги дүрсилдеп қанасына сыймайды. Дастыққа бас қойып, аяқларын көсилип қыймылсыз жатып, уйықлайын десе өзин-өзи бийлей алмай, тикейип тура береди.

Баласының терис минезине қанық Гүлбийке кемпир жатқан жыланның қуйрығын баспайын деп үндемей отыр еди, соң перзентине болған аналық сүйиспеншилиги еркине қоймай, қумға аўнаған ешектей ҳәр жағына аўдарылып түсип атырған баласының шекесин уўқалады. Турымбетке бул да жақпай, ири қоллары менен кемпирди кейин ийтерип;

—Қойсаңа, сен!—деп жекиринди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кемпир кейин жылысты. Бирақ еки көзи баласында· Турымбет бир жатыста шыдамай, гә қапталына, гә шалқасына аўнап, үҳ-үҳ дегенде аўзынан от шыққандай болады. Соң-соң азмаз тынығып киятырғанда биротала тындырмайын деди ме, «буған не болды екен. Сорлы жалғызым ғарғысқа ушырамаса болар еди» деп кемпир гөне бөз шүберектин ушын отқа түтетип, баласының мурнына ийискетип көрип еди, зорға көзи илинип баратырған Турымбеттиң кең танаўлары қымыршып, қатты түшкирди. Ол қәҳәрленип орнынан турып, көзлери жасаўраўы менен анасын түйип жиберди. Кемпир жумбаршақланыўы менен пахта тыққан қанардай думалап, ошақтың қасына қулады.

— Ҳаў, балам! Не болды саған!

Кемпир улына тикейе берип қарай жақ еди, қанталаған қыпқызыл көзлери жеп қоя жазлады...

Турымбет алдына қойылған чайникти де өзине жақынластырмайды. Иши шөрекке толы гөне құрақ дастурханды да ашпады. Базда бир жақтан кешигип келсе, тинтинип келетуғын адамның бул қылўасы ананы бийжағдай етти.

—Жалғызымды жин урып, маңлайым қурымаса болар еди? Дастурханды ашыўсыз, чайниктеги чайды кесеге қуйыўсыз қалдырып, жанбасына биз қадалғандай, Турымбет бирден секирип турды. Бир мезгиллик тамақтың пайдаға қалғанын мәп билди ме, я улы бас көтерип тикейгенге қуўанды ма, иштейи әбден ашылған кемпир Турымбеттиң жәнe қаяққа баратырғанын сорамастан, оның орнына отырып, чайниктеги чайды қайтарып, асықпай қылқылдата берди.

Қуяш песинликтен төмен еңкейген екен. Әтирап тегис булыт менен қапланып, ҳаўа сәл-пәл силпилеўге қарапты. Жекке-сийрек шымшықлар ушып-қонып тасаларды паналап жүр. Айтбайдың топары бетте көпшилик тарқамаған. Ләмгершиликти де тыңламай асығып кирип шығады. Жаз айында бундай күнлер оғада сийрек ушырасатуғын еди. «Бул кимниң ғайы екен, сол Айтбайдың ба? Қудай оны оныға қайғырып ҳаўаны бузып жилли ме»—Турымбет олардың ҳеш қайсысына кеўил аўдармастан үйинен шыққан пәти менен Дүйсенбайдикине туўры тартты.

Бай Айтбайдикинен ҳәзир келген еди· Оның исиңки қабағы даладағы силпилеген булттай түнерген, еки бетиниң алмасы төсеўли жатырған ғалының қара қоңыр нағысындай шатнаған. Оның қай тақылетте отырғаны менен Турымбеттиң иси болмай, етигиниң өкшесин сипсе менен тазалады да, байдың қапталына өтти. Ешейинде бул үйге етиги менен түўе өзи зорға келетуғын адамның соңғы ўақытта сүңгип келе бериўи байға



www.ziyouz.com kutubxonasi

онша унамайтуғын еди. Төрде нағыслы гилем төсеўли жатырғанына қарамастан, жалаң аяқланбай, ҳәзирги өтиўи, оның көкирегин басып өткеннен кейин сезилмей, ала көзлери оның шерим қонышларының сирлигине жабысқан ылайға тигилип; «Сениң шеримиңе мениң гилемим хор болды-аў» деди ишинен. Буны Турымбет түсинбестен, байдың қәдимги ашыўлы отырысларының бири шығар деп ойлап мелшийди.

Жулысатуғын қоразлардай екеўи де шекелесип биразға шекем тил қатыспады.

—Неге келдиң?—деди бай бир қырынлап. Оның даўысы жер төлениң пәтигинен шыққандай еситилди. Пәтәмам бедени жуўлап, қос дизеси дирилдеген Турымбет жуўап ойлап таба алмай, мойнын төмен алып, етигиниң баслығына қарады ҳәм оған жабысқан асықтай ылайды көрип қолы менен алып, есик бетке ылақтырып еди, ол да дийўалдағы түркмени гилемниң ақ нағысына жабысты. Бай оған да түтигип қабағын жыйырды, бирақ үндемей, балалап отырған ашыўын ишине сыйдырып бақты.

— Бай аға, қапа көринесең?

—Усы келиўиң, сораўың жөн бе, өзиңше?—деди жулып алғандай нықлап.—Биринши адам өлтириўиң емес.

— Енди өлемен бе, аға? Ҳеш жерге сыймай баратырман.

Бай Турымбеттиң бир ақшамда сарғыш тартқан қансыз жүзине, ағына қойыў қан топланған қызыл ала, ириңли көзлерине, тартыңқы қабақларына қарап, өзиң берик услағанды мақул тапты; «түри жаман екен, усыннан тутылса мени де бир бәлеге дуўшар қылар?»

Турымбет оның өзгермели минезине бурында да түсинбейтуғын еди, ҳәзирги оның жин көзленип сүзетуғын буғадай болып отырғанының себебине де түсинбеди; «Бәҳәрги булттай қуйлана беретуғын қандай адам бул?»

— Бизиң ҳаял услайтип жүре берсин бе, ямаса илажы бар ма?—деди аўзы лопайдай тобарсыған Турымбет.

Бай пысылдап, үсти-үстине жөтеллеп, жағасына шашыраған түпиригин шаршы менен сыпырып күлди:

— Еле аўзыңның сарысы кетпеген палапансаң. Нөше рет ескертемен. Ертеңге көз жибериў керек, ертеңге!

Турымбет оның не демекши болғанын түсинбеди. Бай оған ҳеш нәрсе түсиндирмей, жағын таяныўы менен отырып:

— Турымбет,—деди әллен ўақытта қолын ийегинен жаздырып тиклеңип.—Мениң қыяметлик иним болып едиң. Көкирегиң меникиндей болып киятыр, соған қуўанаман. Ал енди, сениң ҳаялыңның «бети ашылып ойер бүйерге сүңгип кете беретуғынын



www.ziyouz.com kutubxonasi

мен де жақтырмайман. Эттен, бул түсиниксиз заман! Усылайынша өз абрайын өзи сақламай жүрип-ақ, бир еки жылдан кейин хор болмас па екен? Ийшалла хор болар, себеби ол шариятты бузып жүр. Ислеп жүргени ҳаялдың иси емес. Ҳэзиринше шыдап көриў керек». Пышықтың жүйриги сабанхананың төри» деген, қайда барар екен, ҳэлсиз душпанға да күш жумсап қэдирди кетирмеў керек. Тусаўлаған байталдай, эри-бери гибиртиклер, соннан соң өзинен-өзи сап болады.—Бай «қалай, гэпиме түсиндиң бе» дегендей оған жымыйып қарап.—Эй қыяметлик иним! —деди даўысын созып.

Турымбеттиң гүллэн денеси босасып, ой-баўыры кесилип, байды және унатты... Оның ҳэр бир гэпи аталық нэсият болып, жылан инге киргендей мийине сиңип, ол не айтса да тек «яқшы» деўден басқа илэждың саңлағын таппай, және не айтар екен деп бетине тигилиўи менен сөйлеўин күтти.

— Мен келешекте сеннен кэлентар оданбасы шығармақшыман. Сол ушын бундайда парасатлы бол, шыдаў ўазыйпаң,— деди бай аўырдан сөйлеп; Турымбет жымыйып аўзын бир сыйырды, соң оң қолы менен желкесин қасып мардыйды.

— Қатын деген кекшил халық, бирақ ақылы еки көзинде болады. Бир пайғамбарымыздың ҳаялы, байы менен кэпирдиң палўаны айқасқанда, байының аяғының астына тайсын деп тары шашып, душпан кэпирдиң аяғының астына күл шашқанын айтқан шығарман. Қатыннан гөре жигитке ийт опадар. Мениң көбирек сөйлегеним кеўлиңе келмесин. Сениң балалығыңды есиңе салып, қысқасын айтқанда, бир жерде және балалық ете ме деп атырмандағы.

— Енди сизге ойласпай ҳеш нэрсе ислемеймен.

— Бунның ўаж. Сөйтиў керек. Қырық адамның атын билген киси қалый болмайды деген. Қудай берген дүнья малымның арқасынан атым пүткил қарақалпақ болмаған менен Ийшан қала, Чимбай, Шахаман, Жаңабазар волостында белгили адамман. Талай ақылгөй адамлар менен ойласып, сарқытын жегенмен Хийўа ханы Аспандыяр менен табақлас болып көрдим. Бирақ қол астындағы ҳэмелдарлар, мөҳирдарлары ала аўызлық етип ол шейит өлди...—Бай оның менен енди отыра бериўге зеригип далаға шығып еди, изин ала Турымбет те шықты. Ҳаўа бираз ашылысыпты,бирақ қуяш батыўға жөнеп баратыр екен. Аўылдың ерте намазлыгердеги көринисине көкирек керип қараған бай да, Турымбет те қапталласты. Бай иши толып нығырланған қаптан жуўан болған менен қасындағы бийик денели



www.ziyouz.com kutubxonasi

Турымбет үстине қулап кетсе, сап болатуғындай әззи ҳәм тапалтас көринеди.

Олар Төребайдың үй бетине де көз таслаған еди. Әне Жумагүл пайда болды. Ол қоңсысыникине кеппик қолтықлап киятыр. Бурында бәрҳә төмен қарап жүретуғын келиншек ақ теректиң қазығындай тип-тиккесине жүрип баратыр. Ол да аўылдың түр-сыпаты менен қызыға ма, жан-жағына бурылып, қарайды, бир ўақытта ол батыўға мейилленген қуяш астынан адам сүлдерин көрип тоқтады. Олардың ким екениң анықлағысы келген менен батардағы қуяш бетлетпегенликтен, алақаның маңлайына тутып, қуяш астынан сығаланды ҳәм оларды таныды да жорта қапталына түпиринди. Турымбетке жүдә жақын ийинлесип турған бай оны көрип кейин бәсип, артына айналды, Турымбет оның неге тайсалақлағанын түсинбей: «Әй, уятсыз бийҳая!—деди гүбирленип, сөйтти де астыңғы ернин тислеп байдың изинен бурылды.

## 32

Айтбайдың өлими Жумагүлдиң ишин қатты ашытты, пайдасы не, қолынан келер ҳәйлеси жоқ, ҳәттеки жерлеўине қатнаса алмады. Өлиниң жаны ашыр жақын-жуўықларынан болмаған соң, ҳәм аўылдағы басшысы бар хожалықлар қатарында саналмаған соң, хабар да берилмеди. Бирақ ол хабар күтип отырмады, қоңсылардың ҳаяллары менен барып пәтия етип қайтты.

Оның көкиреги көп нәрселерди сайрайды, оның өлиминиң себебине өзинше түсингендей, ҳәммесин айтқысы келеди, бирақ кимге? Әне усы жағы оны қыйнайды. Биразлардың уйғарыўына қарағанда, оны Жаңабазардағы ийшанның жақынлары өлтиргенбиш, ал анығын ким биледи, ҳеш ким, ҳәр ким қуба тәўекел болжайды.

Жумагүл өз-өзинен йошланып, йошланып алады. Айтбайдың өлими туўралы өз түсинигин ең қурығанда ҳаялларға айтса қәйтеди? Ивановадан еситкен жаңалықларын көпшилик пенен неге бөлиспейди? Иванова болса аўылына айтып бар деди. Соңда не ушын урыдай қуўыслана береди, шынлықты айтып көриўи керек ғой. жұрт қалай түсинсе, солай түсинсин!

Ол Иванова берген шаппаттай ақ қағазды жолда киятырып олайына-булайына талай рет аўдарып, төңкерип көрген еди, мине ҳәзир де ол сол қағазды қойнынан шығарды. Тасқа басылған бул қағаздың не сөйлеп турғанын билмейди, ал «оқыўға гүўалық» деген уғым есинде. Дөңгелек мөрин көрип бир нәрсеге



www.ziyouz.com kutubxonasi

исенгендей болады. Төребай—Айтбайдың өлиминиң себебин тексериўге келген қалалы атлылар менен кеткенинен еле келген жоқ еди. Ол отырып белгили шешимге келди ме, бирден жеделленди де, дәрреў суў қабағына асылып, оның баўынан көтерип ийнине қағып салды да, Кегейлиге қарай жөнеди.

«Асқынласаң әўлийени арала,

Қапа болсаң тасқын суўды жағала» дейди халқ, бәлким, ол дәрьяның бойына барып қапашылығын жоғалтып, кеўил көтерип қайтар, өйткени Кегейлиниң еки ернеги ҳәзир шексиз сулыў, жапырақлары алақандай қамыслар оның еки ернегине тигилген көк жипек жийектей сәнленип, узынына аттың жалындай болып өседи. Бәлким, ол балалығын есине түсирип қамыс жапырағынан кеме ислеп ығызар, самал турса, жиптиктей, көк кемелер пәтли ағыстың өрине қарап қандай зыңғыйды!

Бул ўақыт әйне сәске мезгили, яғный, еркеклерин жумысқа жиберип, малын, гүби-шелегин жайғастырып, балаларын уйқысынан турғызып ҳаяллардың бир жөн ғалмағалы басланатуғын мезгил, әне усы ўақытта ҳаяллардың көбиси суўға қарай ығылатуғын мезгили. Ол ыраштың басына шығып Кегейлиниң ақырын ғана қайнаўытлап аққан ылай суўына қарап турды, соң артына бурылды. Тап минбер үстиндеги көриниси сыяқлы аўылы аяғының тенейинде ғана жазық ойпатлыққа жайласқан қыслаўы шоқ-шоқ тамлар, қара үйлер болып көринеди. Ол және суўға үңиледи, ыққа қарайды, көз ушында Қарийшанның бийик көпири кереге көзленип көринип тур.

Жумагүл шыны менен биреўлерди күтип, аўыл терепке тезгез көз таслайды; Әнекей, түби қушақ жеткисиз нәҳән суў қабақты арқалаған Бийби киятыр, әне, шәңгил қабағының баўын услаған Турдыгүл көринди, Әнекей, Турымбет пенен байдың үйиниң қубласындағы қамыс қорасы көп шоқтан баяғы «ҳалақалы абысын» зоңқ етип шықты... әне, әне...

Өл суўға келгенлер менен көриседи де, усы суўаттың ийесиндей олардың қолынан қабақларын алып, өзи толтырады ҳәм жағаға шығарады. Әдеўир-ақ ҳаял-қызлар жыйналды. «Отқа барған қатынның отыз аўыз сөзи бар деген, ерте барсаң да иркилип келдиң деп үйиң миңлейди» деп, Жумагүл дәслепки кетермен болғанларды да иркеди. Қабағын толтырып хызметин қылған келиншектиң сөзин жығып кете бериў нақолай көрингенлери иркилип ағын суўға бет қолларын жуўып отыр, кызлар тулымларын суўлап қайтадан еседи.

—Абысынлар, келиншеклер, қызлар-аў, — деди Жумагүл



www.ziyouz.com kutubxonasi

оларға.—Мен сизлерге бир шынлықты айтқым келип тур ғой, қалай көресизлер?

—Айт, айт,—деп жабырласты ҳәмме.

—Айтбайды өлтириўлери дурыс па? Дурыс емес. Ол сорлыда не жазық бар, ойлайтуғыны аш-жаланаштын ғамы еди. Ол кимнин болса да бир ҳарамы жаўыздын қолынан қазаланды...

Турдыгүл айдыллы көйлегинин жени менен көзин сыпырды. Ҳаяллар қыл мойын қабақларынын баўларына асылмаса, Кегейлиге жығылып кететуғындай, кимиси жүресине, кимиси жалпайып отыр. Суў бойынын өлпен самалы Жумагүлдин ҳалақасын алдына, артына, қапталына таўлап пәтенге келтирген менен, жанға жағымлы, денеге ләззет берип, түймели жағадан қойынға киреди. Жумагүл гәпин қуйқылжытып айта алмаса да, шынлықты айтқанға ма, ҳаяллар аўызларын ашып қатып қалды. Жумагүл оларға биринши ўазда не көрип не еситкенин, соннан Ивановаын не дегенине шекем өз түсинигинин түйирин қалдырмады...

Ҳаяллардын арасында өз-ара «теңлик», «еркеклерден ақылсыз емеспиз» деген ғаўқылды, сыбырлы көтерилди, бирақ ҳеш қайсысында да Жумагүлдин гәпине исеним жоқ сыяқлы.

— Бул бир жақсы ертек екен, — деди бир ҳаял орнынан тура берип.

— Теңлессек еркеклеримиздин үстине шығамыз ба? Әйй, бул келиспейтуғын гәп,—деди «Ҳалақалы абысын».

— Кимнин түсине енди бундай ўақыя? — деп бурымына ақ араласа баслаған бир ҳаял турып, ийнине қабағын салып көтерилип баратырғанда Турдыгүл:

— Жумагүлдин айтқаны дурыс, Айтбай да усылай дейтуғын еди, — деп еди «Ҳалақалы абысын»:

— Өлгеннин ийманын берсин, тириге жүрим берсин, оны қанша мақтасаң да, тирилмейди, қойытылған пышақтын сабы алтын бола береди, биз де талай жигитти тақымнан өткергенбиз, бәри умыт болып кетти, сен де умыт, — деп гүрк-гүрк етип сөйлени, қабағын ийнине салды да, жөнине кете берди.

Бийби көпшиликтин ишинде сөйлемек түўе қатарындағы ҳаяллардан иркилип қала алмады. Ҳаяллар қосақ-қосақ болып қайтты, Жумагүл менен Турдыгүл олардын айдаўшысындай ең изинен сөйлесип киятыр. Бирақ Турдыгүлдин сөйлегенинен көзин сыпырғаны көп болды.

Жумагүл дурыс ислегенин я надурыс ислегенин билмей суў бойында болған әңгимени анасына айтып еди, онын аза бойы



www.ziyouz.com kutubxonasi

тик турып, қорқып кетти ҳәм қызымды қорқытып алдым ба деген ой соңынан келип;

— Өзиңниң ериң болмағанға журтлар бузақылық деп түсинген ғой, — деди.

Төребай бүгин де келмегенге Жумагүлдиң дәти шыдамады, өз--өзинен тула беденин қорқыныш бийлеп тыпыршылайды, бирақ онысын апасына сездиргиси келмей басқа әңгимеге айналдырады. Жаңылтпаш айтпақшы болады, бәри бир басылмайды көкиреги. Ақыр соңы Бағдагүлди шақырып келип те бир уйқыға шекем сөйлесип отырды.

Қызының аяқ алысынан, сөз аўзынан қәўипли кемпир түнди де уйқысыз өткериўге бел байлап, төсекке кирген пәтте көзиң қаплаған уйқыны қашырыў ушын өз жанбасын өзи бурап алды, оның ашыўы басылып еди, сүйеги шыққан арық жилигин кереге-ге тырнатты. Қулласы уйқыламаўдың барлық илажын ислеп атыр. Күни менен шаршаған Жумагүлдиң жатыўдан-ақ силеси қатты. Кемпир де тыныш қәддинде көзин қараңғыға,үйретип жатыр еди, сыртта биреў дүрсилдегендей болды. Қеўлин сергек тутып жатырған адам демин қалайынша ишинен алыўға мәжбүр болғанын сезбеди, көкирегине қолын басты, дүрсилдиге қулақ салып, түнлетип киятырған Төребай ма екен деп те ойлаған еди, жоқ ол емес екен, дүрсилдеген туяқтың сырт-сырт еткен сести үйге анық жақынлаған соң көп ўақытқа шекем семди, оның орнына Сәнемниң жүреги қатты-қатты соғып кетти. Ол көрпениң астынан әстен ғана қолын созып Жумагүлдиң мурнынан шымшыды. Ол бир нәрсени уқтыма, ҳаўлығып даўрықпастан көзин ашып, сыртқа қулақ түрип еди, ергенекти ашыўға бар күшин жумсап, сырттан ширенип ийтерип, пыснап атырған адам сестин еситти.

— Кимсең?!!— деди Жумагүл.

Жым-жыртлық. Басы бос шыбынлаған мал сүйкенди ме екен деп Жумагүл орнынан турып есик бетке қарай жүрди. Ай жарық еди, ылашықтың саңлағынан ишке түскен ай-жулдыз нурлары үйди ала көлеңке етип тур. Усы жақтылықтан пайдаланып сырттағы биреўдиң былай-былай қозғалып қараўытқанын көзи шалып кетти.

—Апа, апа, балтаны сен ал,—деди Жумагүл даўрық шығарып. Қызының сумлығын бирден уққан ана орнынан турғанының белгисин аңлатып ыңқылдап, гүрсилдеп жүрип;

— Яқшы балам, Төребайды шақырайын ба?—деди.

— Ҳәзирше шыдайық, уйқысын бузып не қыламыз? Егер ергенекти сындырса бир тәўекел көрермиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сырттағы уры қайтып қыбырламады, тан мейил берип киятырған мезгилде онын аяқ сыртылдысынын кем-кем узақлап баратырғаны сезилди.

Олар бул ўақыяны ҳеш кимге айта алмады да, айтыўға тартынды. Себеби онын ким екенин айқын билмеген соң бийбелги адамға жала жаўып шығыў қыйын саўда. Деген менен қорқақта болып алды, күнлер өткен сайын олардың сақлығы арта берди. Бүйтпесе де, илаж жоқ еди. Сол келген адам ба, басқа ма, биреў буларды аңлып қоймай ҳәр күни түнде бир келип керегенин түбин тырнап-тырнап кетиўге әдетленди.

Айтбайға пышақ урған гәззап биз ғәриплерди айландырып жүрген болмасын деп қорқты ана. Жуматүл оның қорқынышын кетире алмады. Қайтама еки-үш күнге шекем мазасын алып болған ҳәдийсе Жумагүлди де шаршатты.

—Апа, бүйтип жүргенше бас алып кетпесем болмас, Чимбайға барып Нурлыбайды таўып алып Ивановасы менен сөйлесип, жүр деген жағына жүре берейин.

—Қайдан билейин, шырағым, түнде уйқы бермей жүргенлер жөнине қояр ма екен? Меннен де ес кетти...

## 33

Бул аўылдың басқа аўыллардан бир өзгешилиги Кегейлинин ырашынын астында десе де болады, ең узақ үйлер еки-үш шақырымнан аспайды. Суўы жақын болғанлықтан ба, яки жер тарлығынан ба, егинлерин үйлеринин иргесине егеди. Бәлким, сонын ушын шығар, жазға қарай гейпара қақыралардын қыспаларына да қосыла жиңишке көк сүйрик өсип, ҳәр буўынынын арасы бир қулаш болып аспанға ийек атып кетеди де, гейде үстинен адам бойы көтерилип шошайып, басын биреў арнаўлы түрде пышақ пенен жонғандай сүйирленип турады, соң-соң бирли-ярым жапырақ салады. Аўылдын әтирапын баз-баяғы көк майса, басады, сонлықтан бул аўылдын малына да рәҳәт, алыслап кетпей-ақ отлап жүре береди. Ал, шеткерирек шыққан сайын шеңгеллик көбейеди, боян молаяды олардын арасынан жүрсен қапырық ыссы, буған тек шопанлар, падашылар шыдайды.

Бул шеңгелликти араласан адым жерден қоян зоңқ етип қашады, соған қызығып бир түп шеңгелдиң түбинде гөжеги жоқ па деп барып түрткилесең болды, ҳәрре саўтанақ жериндп қоймай ғаў басады.

Аўылдын күн батар бети тап Кегейлиге барғанша ашықлық,



www.ziyouz.com kutubxonasi

гей бир жерлерге шөп те өспеген, тақырлық, жабайы шөп көгермеген бул тақырлыққа адамлар егин де екпейди. Соннан келген, ауылдын суўға жақын, көз ушына шекем көк шөпликке малынғанына қарамастан гей күнлери шаңғыт көтерилсе, көзинди аша алмайсаң.Бундай жағдай әсиресе жаздың тымырық ыссы күнлеринде де бола береди. Күтпеген жерден қуйын көтерилип, әззи шөплердиң басын жулып кетеди дағы, биреў тап қолы менен шыйратып турғандай жеңил желпи шөпти қоса көтерген қуйын таўланып-таўланып барып, биреўдин үйине дүкеди, ямаса бир атызлардағы ырғалған жүўериниң басларын ийип көз көрмейтуғын бир жаққа жөнеледи. Жүдә ыссы күнлери шаңсыз жерден-ақ қуйын көтерилгенине қарап, адамлар оның ишинде жин бар десе, «әрўақлылар» жин көрдим, аяғы менен теўип баратыр екен деседи.

Кегейлиниң ырашынан ба ямаса арқа күн шығар бетте төбеси түйениң өркешиндей болып көринген қумлықтан ба, ямаса күн шығарда жазық жатқан бозлақтан ба, шаң көтерилсе, жаздың күнлери де қазанды ашық қойыў мүмкин емес. Егер аўзы ашық ҳаялың болса, ишкен тамағына қосып шықырлаған шеге шайнайсаң.

Қуйынлы күнлер бурынлары жийи-жийи болып туратуғын еди, соңғы гезде әдеўир сийрексиген. Сийрексисе де сол узын шубай ийрек қуйын үйиңе соқлықпасын, соқлыққанлар шыпта үзигиниң аспанда пәтпелек болып желкилдеп жүргенин көреди, қамыс қостың ишинде от жағып отырғанлар ийманын айтып тек аллалайды.

Соның ушын да гейпара жел өкпе, жәлпәрик адамлар пәтленип баратырса, дос яранлары «сен қуйынланба» дейди.

Бул қуйынның көптен бери аңлығаны Айтбайдың шоғы еди, жақыннан бери ол жақтан аўысып Төребайдың қақырасына өтти. Қақыра жүдә беккем екен, қасындағы ылашық пенен бирбирине ес болып салмағын арттырып турғанлықтан ба, қуйын соғарын соқса да, көтере алмайды, айналып өте береди.

Ал Турымбет те сол қуйын секилли, солай қарап нәзер тасласа болғаны, турған жеринде шыр гүбелек айланып не қыларын билмейди.

Жумагүл қалаға ерте турып кеткен еди, ҳеш ким көрмеди, ҳеш ким билмей қалды, буннан бийхабар Турымбет ҳаплығып келип:

— Бийәдеп қызың қайда?—деди Сәнемге, Ақлығын алдына алып өз қыялы менен бәнт болып отырған ана шоршып-ақ түсти. Турымбет сүзеўик буғадай жин көзленген екен, Сәнем оннан



www.ziyouz.com kutubxonasi

қорқып бир қысым болды да, ақлығын қушақлаўы менен қазан-табақ турған қуўыста тилсиз қатып қалды.

— Қызың қайда деймен?!

— Қоңсы-қобаларда жүрген шығар.

Сәнем бул жуўапты ойланбай-ақ берген еди, соңынан усы жуўаптың бирден есине келе қойғанына қуўанды, қалаға кетти десе не қылар еди, бул ширкин! Бәлким, изинен кетер.

Турымбеттиң жеңкелик ҳәрекетин Сәнемнен еситкен Төребай шыдамады, оның өзи менен айтысып, түсимсиз адамға сөзимди зәр өткенше деп туўры ақсақалдикине барды.

Ақсақал есигинин алдындағы ҳаўыздың бойына өскен нәҳән гүжимниң астына төсек салдырып дем алып жатыр екен. Төребайды айрықша бир мириўбетлилик пенен күтип алып, оның шаң-шаң жалаң аяқларынан жеркенбей, қызыл ала түркмени текийметинен орын берди ҳәм оның арзын асықпай тыңлап болған соң:

— Бул жақсы емес,—деп басын әстен-әстен шайқап, таңлайын тық-тық еткизди, сөйтип малдасын қурынып, қуў жақлары ортасында қаңқайған сүйектей мурнын шымшып-шымшып, көрип сөйледи.—Турымбетке пәлен-төлен деў қыйын. Некаласын айрылыспағаннан кейин қолынан келгенин қыла береди. Шәрият деген қараманлай ийилмейтуғын нәрсе.

— Ҳаў, ақсақал аға, шәриятты биреўлер саққыздай созады, ал сиз...

— Жоқ, ол нәмантай моллалардың иси. Шәриятты бузыў Адам ата, Әўене бина болғалы болған нәрсе емес.

«Исенген өгизим сен болсаң гүйсеген тисиңди...» деп айтажақ болып турды да, және үндемеди.

Төребай үстинен шағынып ақсақалдикинде отырғанда Турымбет Дүйсенбайдикинде еди, олардан басқа бул үйде Тәжим мурт та бар. Ол Турымбетти нәсиятлап отыр.

— Иним бостан босқа шөллейсең. Адам деген питегене өзин тутпаса да болмайды. Сол тәйтенки ҳаялын жолбарыс болып кеткенде қолынан не келеди?

34

Жумагүл соңғы сапары Чимбайда еки қонып келди. Бул оның дүзде биринши рет қонып қалыўы еди, бирақ бул әдети анасында қәўипләндирди. Төребай менен Бағдагүлди де гүманландырды: Ўаз, ўаз деп жүрип бузылып жолдан шықпаса жақсы!

Ол келген мәҳәлде кемпири қызын алдына бергенде;



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Емшек ембей көнлиге берсин,—деп қызын да емизбеди. Шынында да бир бәле бар, өзи де бир сумлық баслап жүрмесе, не қылар дейсең? «Бийшара нәресте бахытсыз болды-аў!» деп ишинен гүбирленип,.ақлығының оймақтай дөңгеленип шүртийген аўзына үңилди.

— Мейли, шырағым, теңинди таўып кететуғын болсаң, өзимақ сақлайман, емизбесең емизбе, көнлигетуғын түри бар.—Оның көзинен бир тамшы жас тырс еткен еди, Жумагүл оны абайламады. Себеби кеўли хош отыр. Көп сөйлеп кисиниң мийин қатырып, ўақытын алыўды унатпайтуғын нашар бир күнде жүдә сөйлемшек болып кеткиси келмегендей, сөйлемеўге тырысады, бирақ көргенлерин көз алдынан өткериўде!

Ол ҳәр сапары қалаға барып жүрген менен анықлап ҳеш жерди де көре алмай жүр екен, усы ретте көп қуўыс-қолтықларды көрди. Себеби шарбазардан Нурлыбайды излеп бармаған мүйеши қалған жоқ.

Еки адамның басы қуралған жер болса қайрылмай кетпейди, бирақ ҳеш кимнен ҳеш тене сорай алмайды. Қуўырдақ базарына да көп барды. Бул кәрада «Аралдың сары сазаны», «Әмиўдәрьяның таза сүўени!» деген шақырық сеске қулақ салып, аўзы қап-қара ошаққа отын майдалап тығып турған жалаң аяқ, жалаң бас, көйлексиз, жеңсиз келте гүпи кийген отжағарлардың қасында шашлары уўдар-дуўдар, қалың қара шашларынан бир қолын айырмай қасынып анталасып турған, бет-аўызлары күйе-күйе, үстилерин пышақ пенен арнаўлы тилип қойғандай кийимлери өрим-өрим, бийпаян суғанақ балаларды көрип, аяйды, тәўбе етип жағасына түпиринди. Аржағына-бержағына қайрылып баратырып қудықтың басындағы нәўбетке қойылған суў қабақлардай дизилисип қыйқыйысып отырған қызларды, шайқатылып әлле нәрселерди сөйлеп отырған жеңгелерин, оларға қәйтип жараныўдың жолын излеп, хызмет етип жүрген жигитлерди көрип тамашасыз өткерген жаслығына өкинди, Чимбай әдеўир үлкен қала, қараңғы көшелеринен өткенде биреўдиң дәлизинде жүрмен бе деп ҳаўлығайын да деди, өйткени, қараңғы көше узынына кеткен дәлиз усаған, еки бойына ҳәр қыйлы нәрселерди сататуғын баққаллар отырады. Ол усыларды аралаў менен излегенлерин кешке шекем таба алмады. Енди қайда барарын билмей диңкеси қурып шаршап, неде болса жүрек жалғап алайын деп қойнындағы нанын алып, Кегейлиниң жайнаўытына түсип суўға басып жеп отырғанының үстине, қалаға мәлим Әлжан деген суўшы келип қалды. Ол жас келиң-



www.ziyouz.com kutubxonasi

шектиң хәрекетинен ақ қалалы емеслигин билип, үйине ертип барды. Ҳаялы да жақсы адам екен, мийман қылды

Азанда ол излеген адамын мәгәр болса окрисполкомнан табатуғынын айтып, кенсесиниң алдына ертип әкелип, өзи жумысына кетти.

Окрисполком баслығын күткенлер дым көп болады екен, есик алды быған жыған адам. Ол да көпшилик пенен қатар нәўбет күтти. Отырғанлардың өз-ара сөйлескенлерине қулақ қойды. Ҳәр қайсысын да ҳәр қыйлы муң бар, бири мал урлатқан, екиншисиниң урыўы жәбир көрген, үшиншисиниң неке қыйдырып қойған ҳаялы басқа биреў менен кеткен... ҳәр кимди бир күйге салған қудай. Бирақ ол өзи менен муңлас киси таппады, соншә еркеклердиң арасынан ҳаял көринбейди.

Кеш песин болғанда барып өлдим-азар нәўбет жетти. Окрисполком баслығы қара шоқ сақаллы, сүйир жақлы биреў екен. Оның төрде отырысына қарап окрисполкомның даў шешетуғын одаңбасысы усы шығар деп ойлады. жайдың ишиндеги ҳәр қыйлы ғалы гилемлер, дийўалларға тутылған мурынның қанындай қызыл мақпаллар Жумагүлдиң көзин қамастырады: керек дүнья қәйерге жыйналған! Ол кирерин кирсе де қәйерге отырарын, анаў кисиниң қолынан алар алмасын билмей, сарсаңы шығып иркилди. — Неге келдиң?— деди ири даўыс. Оның даўысы көпектиң арыс еткениндей сезилип, тутлықтырды. Сөйтип өзин тутып туралмай көнгейленип жас келген көзлерин кең жениниң шети менен сыпырып, бул кисиден сүйеў излеген түр билдиреди, ал ол киси қабағынан жаўын жаўдыратуғындай исинип отыр.

— Қандай жәбириң бар, айт тез?

— Окрисполком деген сиз бе? Маған Нурлыбай деген жигит керек еди?

— Биз не, адамлардың қараўылханасымыз ба? Я шарбақшы деп келдиң бе? Ондай адамды танымайман.

— Билмедим, аға, ол окрисполкомға хабарласарсаң деп еди... өзи усы жерде жоқ па?

—Ха, ха, сен баяғы минберге шыққан келиншек екенсең ғой. Билесең бе, Иванова деген ҳаял бул жерде кеп болыўға басынан қорқып, Төрткүлге ертеңине-ақ қайтты. Сениң мәртлигиңди ай! Адам деген өзиниң жанын қәстерлесе, жаман болмайды, абайлы бол, биреў өлтирип кетпесин, жоқары жақта сен қусап минберге шығып, ўаз айтыўға урынған ҳаялларды душпанлар өлтирип кетип атыр.

Жумагүл «жоқары жақ» дегенде усы адамлар кийетуғын



www.ziyouz.com kutubxonasi

кийимлердиң таўарлары, қант-чайлар ҳәм соған усаған жаңға керекли затлардың шығарылатуғын кәнин түсинетуғын еди. Өткен сапары келип Нурлыбай менен сөйлескенинде адамларға жақсылықтың өзи сол «жоқары» дан тарап киятыр деп еситкен, ол, егер сол жақта да адам өлтирилип атырса, қыйын ис баслаған екен, деп ойлады...

Усы ойын ол ҳәзир апасы менен ортақласқысы келип;

— Апа, жоқары жақта адам өлтириў таўық сойғаннан аңсат қусайды, —деди.

Сәнем қызына өкинишли түр менен қарады;

—Оны сенде билмейсең, мен де билмеймен. Нурлыбайды көрмей қайтқаның бийкар болған екен, балам.

— Апа, бийкарға еки қонды деп отырсаң ба, көрип қайттым. Мен басынан баслап айтажақ едим, себеби оқыўда сөйлеўдиң де тәртибин үйретеди дейди, айттым ба еле, усы сапары оқыў ушын Төрткүл деген қалаға кетермен болып келдим.

—Окрисполком ше?... деп Сәнем өлим туўралы ескертпекши болып гәп баслағанын Жумагүл бирден уқты.

— Окрисполкомның өзи дурыслы адам емес қусайды. Нурлыбай, оның гәпине инанба, еле Төрткүлге барған соң тәмбисин бергиземен дейди. Сонда да сақ болған шеп емес көринеди, оны өзи де ескертти.

—Қашан кетесең?

—Енди бир ҳәптеден кейин, келеси пийшембиге.

Кемпир, оянып кетпесин дегендей, жеңи менен ақлығының терщиген маңлайын желпип:

—Бахытсыз болды-аў, бийшара,—деп еситтирип айтып суўық демин алып еди. Жумагүл шоршып-ақ түсти.

— Өйдеме, апа, қуда қәлесе бахытлы болады, Иванова деген орыс ҳаял Нурлыбайға, мени ен болмаса, келешек балаларының бахты ушын оқысын депти. Ол ҳаял расын айтқан шығар. Тап усы нәрестениң бахты ушын оқыйын. Өзиң «жаслығымда мийнет бер, қартайғанда дәўлет бер деген» дей беретуғын един, егер Иванова деген ҳаял дурысын айтып, Нурлыбай алдамаған болса, усы нәрестениң бахтын излейин, қарманып көрейин, апа.

— Мен бәрине де қайылман, шырағым. ҳәзирше мына қызды сақлағандай күшим де бар, бирақ түбинде қатарға қосылсаң болар еди. Қәнекей, Қутымбайдың әлжуўаз ҳаялының үстинен шықсам.

Жумагүл езиў тартып тым-тырыс күлди.

Олар екеўи ақылласып, түйген түйининиң қатты-бослығын сораў ушын дизилисип Төребайдикине кирди. Ол оқыў жә-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нинде еситип жүргенин, бурынырақ-ақ кете бер дейин десе, қонсылығын ауырлағандай болып көринетуғын болған соң үндей алмай жүргенин, егер ол кетермен болса, Сәнемнен, қызынан ғам жемеў кереклигин айтты. Жумагүлге окрисполкомның не дегенин еситкенде:

— Айта береди,—деди қолын бир силтеп—Ол да бизиң ақсақалдың қәлибиндеги адам болса керек. Сыпайы тонбас қалтырар деген, көрдиң бе, әстелик пенен көкирегиңнен ийтермекши болғанын. Қорқпа, булардың үстине жамылған көрпеси қалың болған менен асты геўдирек муз, әстен-әстен ерий береди.

## 35

Өзиниң ўәдеси бойынша Нурлыбай келеси пийшемби күни Чимбайдан кемели шығады. Жумагүл ойлансын, толғансын мейли, соған шекем бир жуўмаққа келиўи тийис, егер оқыўды анық күсесе, өзинен қалдырмайды, ал бир жуўмаққа келе алмаса, соң хабар жиберсе де келеди, себеби ҳәзир зорлап болмайды, зорлаған менен келешегине исенбесе не пайда? Бирақ оған Иванова аса зинҳәрлап кетсе керек, ол Жумагүлди көп нәсиятлады. Өзиниң оқыўға киргенине бир жыл болмай атырып не деген ақыллы болып кеткен, жасы кишиден келип сөйлеген сөзлери жупкер, ҳәр гәпи нық, қорғасындай. Еркинниң бойындағы от жаққыш Нурлыбайға сирә усамайды. Гейпара сөзлерине қарағанда үлкен адамды киширтип қойғандай. Неше-неше нақыл айтты ол . — «Өнери жоқ кисинин, мазасы жоқ исинниң» деген, Жумагүл. Көзинди жумып ойлан ҳәм келешекке көз жибер, өркешленген бир бийик таўды, оның аржағынан шығып киятырған күнди көз алдыңа елеслет.. Ҳақыйқатында, сол көринген таў сенин саўатсызлығың, аржағындағы күн—билим, сол бийик таўдан асырылсаң болды, қуяшқа журттан бурын жетесең, «билими бар мынды жығады» деген нақылды халық бийкардан бийкарға айтпаған... Ивановады көрдиң ғой, соннан өнеге ал, мениң айтып отырғаным соның сөзлерин уқ!.. Жеккеден жекке өзим кете бермейин десең қасыңа жолдас изле!... Ойлан!... Егер баяғы бизиң аўылдағы Бийбидей хош ҳаўаз қыз болса, қәне?»...

Жумагүл ойланады. Нурлыбайдың айтқанындай жолдас излесе, биреўлер изине шуқшыйып түседи. Окрисполкомның айтқанындай өмирден айырылыўы мүмкин! Ол ушын не қылыў керек, өмирди де сақлаўы лазым. Пийшембиге бес күн қал-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ды. Жумагүл еле ойланыўда. Өзин гилең ер балалардың арасына салып-көрди, өйбей, қудай көрсетпесин! Барып турған айып-айып! Сонша еркектиң арасында да ери жоқ ҳаялдың жүриўи сумлық ғой!Журттың жүзине қалай қарайды? Егер Турымбеттиң жүреги бар болатуғын болса қай ўақ, бир ўақ изине айланыўы тийис ғой! Сол ўақытта не дейди? Олай болмаған жағдайда диянатсыз нашар екен деп жүзине адам қарай ма?

Жоғ-а, Нурлыбай дурыс айтады. Оның Ивановадан үйренгени даўсыз. Енди жолдас табыў керек! Ерлер менен сырласып болама! Өз жыныcы болғанда, қыйыншылығыда билинбес еди. Ең болмаса қапаланған гезде сөйлесип, ишке жыйналған қайғыларын ортақласады... Оған қолай ким бар? Кимди үгитлеў керек? Сөйтип жүрип өзи де кете алмай қалса! Пай жаман болады-аў! Бийби қалай болар екен? Жаслайынан сырласы, да муңласы да сол. Бирақ ол бүгинлиги жақсы турмысқа ийе. Көнбейди ғой. Көнгенде емин-еркин қосық айтпас па еди. Егер Нурлыбай алдап жүрген болмаса, Бийби оқыўға жүрсе нағыз бақсы қыз болып мүшкили жеңилленер еди. Және ким бар? Турдыгүл-ше? Онша адам исенбестей қыз емес қусаған еди. С... келисер, бәлким, ол Бийбиге қулақ қағыс етип көрген шеп болмас тәўекел етсе ете қояр.

Кегейлиге жақын бул аўылда жаздың кеш песининен кейинги ҳаўа жүдә пайызлы. Уйқыласаң да, жүрсеңде, турсаң да дәрья беттен шамал есип, зейиңди ашады. Жумагүл далаға шығып қаққан қазықтай қақайып, Кегейли бетке көкирегин берип тур. Желқом көринбей ме? Көринбейди, еле оның үш күни бар! Ол және үйине кирди, және шығады, кешки шамалға және ҳәўес. Ўақыт намазлыгерге таялды. Қуяш уясына кириў ушын төмен шөгип баратыр. Аўылдың арқасынан аппақ думан көринди Бул шаңғытып киятырған пада. Егинлерине мал кирип кетпесин деген ой менен ҳәр үйден биреў шығып, арқа бетке қарап тур. Базы бир үйдиң баласы, я ҳаялы үзип кеткен бузаўларын қуўалап жүр... Бул көринисти көрип Жумагүл өзиниң баспақ баққан күнин көз алдына елеслетти.....Әне, әне! Басына ҳайўанқаслап түрме ораған қызыл орамалдың узақтан көриниси оның жаслығын бийтанысқа да аңлатар... Ийниндеги гидиман қабағы. Кегейлиге суўға баратыр... Мине пайты келди! Нағыз сөйлесип алатуғын ўақыт! Жумагүл ылашығына қайтып кире сала, суў қабағын арқалап, шәнгил қабағына қарамастан Бийбиниң изинен кетти...

Бийби жүрген соқпағынан былай-былай бурылмастан, жән-жағына қарамай, ыңылдап қосық айтып баратыр;



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қара шекпенимнин пеши болайын,
Қапа кеўлимнин хошы болайын...

«Биреўге ашық болып қалған ғой шамасы. Қоя, қыялы түспегир қайда кетеди!.. Пақ, пақ! Даўсын еркине жиберсе, шеңгел арасында сайраған қуслар жарыса алмай, паданың алдына шығып баратырғанлар да иркилер еди...»Ол Бийбиге селтен бермей изинен әстен жүре берди. Бийби артына қарамайды. Кегейлиниң ырашына минген соң ғана таза ҳаўаны симире жутып, аўлына бийиктен нәзер салмақшы еди, жақынлап қалған Жумагүлди көрди.

— Ҳаў, қайдан келип қалдың?

— Жете алмай киятырғаным.

Екеўи бийикте турып ҳеш кимге көринбеў ушын суўалма жайпаўытқа түсип, ийинлерин ийинлерине тийгизип қушақласып көристи.

— Саў жүрсең бе?

—Өзиң саў жүрсен бе?

—Биййби-аў, жаңа изиңнен ерип, жүрип көптен бери еситпеген даўысты еситип, қулағымның қурышы қанды.

—Қойшы,—деди Биййби қысынып.

—Саған ерик берип, үлкен жыйынның алдында айт десе қосық айтар ма един-ә?

— Өйтип жинлимен бе? Қатынға бақсылықты ким қойыпты.

— Сен тыңла, балажан,—деди Жумагүл Биййбиниң қан қызыл кең көйлегиниң етегинен тартып жайпаўытқа отырғызып.—Жақында Чимбайға барып өзимиздей ҳаялдың ўаз айтқанын көрдим, қулақ еситип, көз көрмегенлер көп екен ғой,—деп жылдам-жылдам сөйлеп Иванова туўралы, оның не дегени жөнинде, бир жыл оқып «ақыл қалта» болып баратырған Нурлыбай жөнинде, енди өзиниң оқыўға кетиўге бел байлап, бир шешимге келгени жөнинде қалдырмай айтты.

Ол тез сөйлеген менен де бул ўақыя Биййбиге таңлақ еди. Ҳайран қалып, қабағына шәңгил қабағындағы суўды қуйыўды да умытып отыр. Жумагүлдиң қыялы, кеўлиндегисин айтып болғанша Биййбини иркиў. Егерде ол асықса, шәңгил қабағын сорап алып қабағын толтырыў, Шәңгил қабағын таслап кетсе, ери не дейди? Қорққанынан-ақ иркилер!..

— Өйбей, балажан, сен қайта көп жерди көрип жүрсен. Мени жалғыз жиберсе, төркинимди де таўып алыўым мусаллат,—деди Биййби өзинен өзи.

— Нурлыбайды таныйсаң ғой, баяғы Аналық кемпирдиң ба-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ласы-ше? Ол сени еске салып та қойды. Ҳаўазыннан хабары болса, меннен көрме.

Бийби мыйығынан күлип, алыс жерге көз жиберип отырып:

—Биз қәпестеги қуспыз, жаздырылыў қыйын, ол жағын ойландың ба? Ол ушын мен байдан айрылыўым керек емес пе?—деди.

— Усы сөзди Иванова деген орыс ҳаял да айтып, қарақалпақ қызлары туғырдағы қаршыға, деди, әне сол туғырдан жаздырып шарықлатыў керек, бирақ сол туғыр дегени ким екенин билмеймен. Саған иркинишш жасайтуғын ким? Байын емес пе?—десе де Жумагүл қорқып кетти. «Өзи еринен ажырасқан жесир болған соң мени де өз жолына салмақшы екен деп ойламаса болғаны!»

Қегейлиниң ылайлы суўына көзин қадап Бийби еле үнсиз отыр.

— Қыялыңа жаман нәрсе түспесин,—деди Жумагүл өзиниң ойланбай айтқан пикирлерин шайып-жуўғысы келип.

— Қеўлиме келтирип не қылайын, балажан, мен де сениң менен кете берсем...—Ол көз жумды.—Япырмай-а? Егер мен оған қосылатуғын болсам...—Бийби гәпинин ақырын айтпаған менен Жумагүл бир нәрсе уққан еди, сораў берип оның жекке сырын ортаға салмады.

Олар қабақларын толтырып ырашқа шықты.

Бийбиниң көйлеги шамал менен желбиреп қабағының баўынан көтере алмай тур.

— Ғарры бай жөнинде әңгиме болса дийкем қурыйды, қабағымды ийниме салшы.

Олар әсте-әсте төменге түсип соқпақ пенен үйлерге қайтты. Бийби бас көтермейди. Аўыр жүк көтерип шаршаған нардай мойны созылып салмақ пенен адым атады. Арқасындағы қабағының баўын оң қолы менен услап шеп қолында. Бийбиниң шәңгил қабағын тутқан Жумагүл, сырттан қарағанда қурдасынан ири болған менен ийинлерин салыстырғанда пәжимүрде, оның күнликшисиндей көринсе де еркин киятыр. Жүги жеңил сыяқлы қатты жүрип, оның менен қатарласса да, алдына түссе де, қабағы шайқалмайды. Оның ылақшы аттай ойнақшып еркин киятырғанын Бийби сезбейди. Ҳәр аяғын үймадан зорға суўырып алғандай мөлпаңлап зорға киятыр. Оның бул кейпинен әлле қандай жақсылық дәметип «ойлансын-ойлансын» деп Жумагүл оны қайтып ғаўзастырмады.

— Жумагүл, неге үндемейсең?—деп Бийби иркилип қабағын бөксесинен сәл көтерди.

—Өзиң ойланып көр, қурдас. Биздей нашарлардың талайы



www.ziyouz.com kutubxonasi

байын қәлемей ҳәм қашқан ғой. Бизлер жаңа ҳүкиметтиң дәуиринде оқыймыз деп қашып бахыт излесек ким айып көрер екен?

— Сен оқыўға анық кетпекшимисен?

— Анық кетемен. Нурлыбай келсе болды. Еки көзим күни менен Кегейлиде. Желқомлы кеме көринсе, мени кетти дей бер.

— Қызынды не қыласаң?

— Ҳәзиринше апам алып қалады. Егер оқыўжақ жайлы болса, соң алып кетемен. Оягын Төрткүлге барып билемен.

— Оқығанда не боламыз, соягына көзим жетинкиремейди.

— Сабағы мийимизге қонып, оқыўын питкерип шықсақ, ҳүкимет қолымызға қағаз берип ел басқартса итимал.

Бийби шыны менен еңк-еңк күлип еди, ийниндеги қабағының аўырлығынан маңлайынан тамшы-тамшы тер зытылды. Қос қолын қабағының баўынан жаздыра алмай басын шеп ийнине ийиңкиреп шығанағы менен терин сыпырды:

— Тәўекел, мен ертеңге шекем ойланып көрейин.

—Ойлан, ойлан. Бир жуўабын қай ўақта бересең? Үйиңе мен келсем, я сен бизикине барсаң журт гүманланар.

— Ертен усы мезгилде суўға келе қояйық.

Жумагүлге жаздың ҳәр бир узақ күни жылдай сезиледи. Үйдиң ишинде бир иске жүдә қумбыл болып қалмаса, дәрриў далаға шығады да, Кегейлиге қарайды. Бәлким, ўәдели күн болып қалғанды! Бийби жөниндеги ой бурынғыдан бетер толқытты. Қәнекей екеў болып кетсе!

Өлдим азарда ўәдели күнниң бир мезгили зордан өтти. Иште отырып Бийбиниң суўға кеткенин билмей қаларман деген ой менен, өткен базарда Төребай әкелген салыны түйип далада тур. Ҳәр келсапты урған сайын көзлери қуяшқа қамасады. Асыққанақ қорлық екен. Қуяш еңкеймейди, қапылып! Бир кели салыны жапырып боламан дегенше талай мәртебе Кегейлиге қараған болса, Бийбиниң үйине де сонша бурылды. Зорға дегенде ўәдели ўақыт келди!

— Жумагүл, мен көндим,—деди Бийби изинен қабақ арқалап жеткен Жумагүлге.—Әри-бери ойланып көрип едим, ишқыста болып жүргенше бас алып ылағып кеткеним жақсы екен. Әбди де сол Төрткүл деген жаққа кетип қалды, мен айтқанына көнбей қалып едим, енди өкинишлимен, ал қурдас, тисиңнен шығара герме, сен деп айтып отырман. Ол келемен деген сөзди де айтып еди, иркилип атыр, сен айтқандай оқыўға кирип қалды ма екен. Тәўекел шығар, енди, төрт ели пешенемди сынап көрейин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Мен де өзиңдей, төрт ели пешенени сынағанымыз дурыс болар. Ал, енди Турдыгүлге де айтып көрсек қайтеди?

— Қоягөр, қоягөр, құрдасжан,—деди Бийбиниң азар-безери шығып.—Әкеси жаман. Қайта сырымыз ашылып, масқара болармыз. Сениң мурындық сиңлиң болған менен, ҳәзир қудай билсин, не ойлап жүргенин. Сен болса Турымбеттен ажырастың. Енди ол кимге үйленсе соған мурындық сиңли болалыдағы.

— Сөйтермекен-ә?

— Сөйтпей не қылады? Ямаса Турымбеттен еле де дәмелимисең?

— Яқшы, қойдық. Екеўимиз бирге кетемиз, умытпа, келеси сәрсенби ақшамында үйден шығып кетип Кегейлиниң бойында жатамыз. Болмаса сени жибермейди, байдың өзи түўе жан ашыр, ағайын-туўғанлары көрсе де, тутып береди.

—Сол ғой айтып отырғаным, балажан, Турдыгүлге билдире көрме! Я әкесине, я апасына айтса, мениң қурып қалғаным, бул күнимнен айрыламан. Мақул десең, сен айтқан ўаққа кийимлеримди түйинип ҳәзирленейин.

Жумагүл Турдыгүлден қәўип етпеў кереклиги туўралы ескертип, оның да жүреги жаралы қыз екенин, ишинде сыр сақлаўға келгенде анаў-мынаў еркекти қойыспайтуғынын айтпақшы болып турды да, ҳәзир қуры өжетлесиўдиң неге кереги бар деген қыял менен:

— Яқшы онда, өз ғамыңды жей бер,—деди.

* * *

Соңғы бир ҳәптениң ишинде өзгерип кеткен болмаса Турдыгүл ҳақыйқатшыл еди, не қудайдан жазып алжасқан болады? Өгизге туўған күн баспаққа туўатуғынын қалай умытады ол. Егер Бийбиниң айтқаны дурыс болса, истиң шебекейине айналғаны. Ол сүйген жигитинен айрылғанға мийи аўылжып, еси жарым болған шығар, ямаса Жаңабазардың бийиймаң ийшаны дуўа жегизип басын айналдырды ма екен?

Он гүлинен бир гүли ашылмаған нәўше, сақалы пахтадай ақ ийеги мәсиўектей қайқы, аўзында бир тиси жоқ мәплик ғарры менен қалай кете береди?... Кетпеўи тийис. Егер ҳоп деп секирсе, нәҳән жапдан өтежақ болып тур. Оның аржағы жарқыраған қуяшлы бәҳәр, әне соннан ләззет алыў ҳәммеге парыз! Усындай қыялый ойлар Жумагүлдиң өзине тыным бермейтуғын еди.

Қызының көп ойланып, белгисиз бир нәрселерге ашына беретуғынлығына Сәнем қыйланып қалады, себеби ойланаман, би-



www.ziyouz.com kutubxonasi

реўдин ғамын жеймен деп, басына пайдасыз нәрселер ушын сырқасланып қала ма деп қорқады, сөйтип онын дыққатын басқа жаққа аўдарыў ушын қызын хошеметлейди де.

— Шырағым, сенин арқанда қатарға қосыларман деген дәмем бар. Жаман перзент жақсы атасынын басын есикте қалдырады, жақсы перзент жаман ата-анасынын басын төрге шығарады деген. Нуратдийин татардын айтқаны есиме түссе, йошып-йошып кетемен, себеби сен оқыўға кетпекшисен. Еркиннин бойына қайтадан барып, Қутымбайдын өзеги шириген торанғылдай геўек, әлжуўаз қатынын есигиме салсам!... Ийшалла саларман, периштелер әўмийин дегей.

Анасын әзелден наразы шығар деп жүрген Жумагүл аяқ-қолы жерге тиймей қуўанды.

— Айтқанын келсин, апа, Нурлыбай «оқымаған жалан аяқ, саясыз өскен бир қуў таяқ пенен барабар» деди. Мен ушырасқанымда Иванова деген орыс ҳаял «бахыт сандықта турғанда гилтин аспаннан емес, көкирегиннен изле» деп еди, енди ойланып қарасам, Нурлыбай менен орыс ҳаял екеўи де дурыс айтқан қусаған...

Кемпири жатып қалса ямаса бир жумысқа айланып кетсе, Жумагүл әзелги ойына және оралады; «Айтбайдан кейин Турдыгүл өзгере қойды ма екен? «Аш бала тоқ бала менен ойнамайды, тоқ бала ҳеш нәрсени ойламайды» деген, қарны тоқ, кийими пүтин қыз бәрин умытса умытқан шығар... Ол анаў-мынаў сырды ишинде сақлайтуғын қыз еди. Бийбинин аспаный гүманы шығар бул.

Ҳәр ўақ Турдыгүлдин үй бетин анлыйды, ол көринбейди, барыўға әкеси жолатпайды.

Кететуғын күни жақынлап келген сайын ол апасын аяй беретуғын болды. Бийшара хорланбаса болғаны! Жоқ-а, Төребай ондай адам емес ғой!...

Сәрсенби күни азанда ол ен болмаса апамды бир арқа қуўрақ отынлы етип кетейин деп, арқан орағын алып үйинен шықты. Қубладағы өртен шенгеллик бетке баратуғын адам Тәнирберген машыншынын үйине жанаспай өтпейди. Жумагүл усы сапары өтип баратырып та бир нәзер таслап қарап еди, Бийбиайым кели түйип тур екен:

— Жумагүл, нан же,—деп шақырды.

Ол үйге барыўға сылтаў таппай жүрген адамға бул онай түсти.

Турдыгүл төсек тартып жатыр екен, оны шыннан аўырып



www.ziyouz.com kutubxonasi

этыр ма, жоқ па деп Жумагүл қорқып кетип, бара шекесин услады ҳәм:

— Ағаң қайда?—деп сорады.

—Кеше Жаңабазарға кетти. Келеси сәрсенбиге, жип түйискен екен, соған шекем айтысқан малларын әкелип алажақ.

Қыздың ети де ыссы емес, маңлайында тер де жоқ, бирақ шеке тамыры зырқылдап, батып шығып-батып шығып тур.

— Қашаннан бери жатырсаң?

— Үш күн болды.

—Турып шамаллап жүргендей шамаң бар емес пе?

— Бәлки турмаспан енди.

Жумагүл оның шеке тамырларын уўқалап, қәўипленген кисидей Биййбиайымға қарап еди, оның ақ бозлақтан келген жүзлери мийирманлықтың белгисин аңлатып күлимледи. Бирақ ашып ҳеш нәрсе айта алмады, олардың сөйлесиўине мүмкиншилик туўдырып шығып кетти.

— Турдыгүл, қәлесең оқыўға кетемиз.

— Оқыўға?!

— Аўа, оқыў! Оқыў деген өнер үйрениў, ел басқарыў қусайды. Бизге ким бүйтип мирәт салады? Ҳәзир билгирлер мирәт салып турғанда мен оқыйжақпан. Соны саған да айтыўға келдим. Қәлесең бирге кетемиз. Бизлерге шалғай жаўып, жеңиниң ушын усынатуғын адамлар аз емес тәризли. Оны усы думан басқан аўылдан былайырақ шықсаң биледи екенсең. Ойланып, ойланып көр, «өнери жоқ кисиниң, мазасы жоқ исиниң» деген нақылды ойла, мен де жақыннан бери түсинип жүрмен.

Көпшигиниң астынан бузаўбас түрткилегендей, Турдыгүл бирден бас көтерди, еки бетин жапқан тулымларын оң қолы менен гезекме-гезек тегислеп, тандыр ошақтың күйе-күйе аўзына қарап отырып:

— Бизлер мынаў ошақтың, қара қазанның ийесимиз. Қайда бара аламыз, апа,—деди,—малы бар адам қәлесе бизди ошақ қылып соқтырады, қәлемесе, буздырады. Сол Жаңабазарлы ийшан усы жасына келгенше сегиз ошақты аўмастырған дейди. Мен тоғызыншысы қусайман. Бүйтип хорланғанша өлгеним абзал емес пе?—Оның көз жасы жумбай-жумбай төгилип, өңиршесине тамды.

— Өлиў аңсат, жүрим тиле, қарағым. Егер мен жаңылмасам думанның шетине шығып киятырған қусаймыз. Жылап өзиңди болдыртпа, тирнекли бол. Жүрексинсең сени ертип кетейин. Ойлан, тәўекел етсең, ертең кеште, ел жатқан соң, бизикине бар, бирақ еки аяқлы адам, төрт аяқлы ҳайўан, ҳайўан демекши, еки



www.ziyouz.com kutubxonasi

аяқлынын да ҳайўаны болады, әйтеўир жаны бир мақлуқ сезетуғын болмасын.

Турдыгүл көп егленбестен «яқшы» деп ўәде берип қалды.

## 36

Елдиң алды жатып, даладағы шаўқым семген. Басқа үйлерге көз болмаў ушын шыраны өширип Жумагүл өз жолдасларын асығыслық пенен күтиўде. Жас жүрек ҳәр жақларға алып ушып шәўкилдейди: Бир мәҳәлде ол ат үстинде жүрген ҳәмалдар. Минберге минип, гилең ҳаял-қызларға басынан өткенлерин сөйлеп турған ўазшы... Дийханларға жерлерди қайтадан бөлип жүрген әнжирал... Ошақ басында отырып бесик таянған ғәрип ҳаял, ери және урса минберге минбек қайда?—деген ой келип еди, узақ жолдан жуўырып шаршап келгендей, жүреги дүрис-дүрис етти. Әллен ўақытта барып оның жүрек сесине қосыла далада биреў дүрсилдегендей болды. Қуўанғанынан барып шыраны жағып жибермекши еди.

— Қой, жақ па, басқа биреў болып жүрер,—деди анасы. Жумагүл тым-тырыс отырды.

— Жумагүл а... а...аш!—деген сыбырлы еситилип еди, ергенектиң тәмбиси алынды. Бул Бийби екен. Ол келе сала:

— Мен үйдегини уйқылатып шықтым. Қәне, кетейик, бол!— деди асығып.

— Ҳәзир, Турдыгүл де келетуғын еди, күтип көрейик.

—Ўай-ўай, қурымасақ болғаны ғой—деди Бийби жыламсырап. Ол отыра алмады да, шығып кете алмады да, гүўенлеген ылақтай әрман-берман тыпыршылай берди. Соның арасында тық-тық еткен аяқ сести еситилгендей болып еди:

— Әне, усы Турдыгүл—деди Жумагүл қуўанып.

— Усамайды,—қорқыныштан Бийбиниң жүреги үсти-үстине соғып, шыбынлаған ябыдай шыбжыңлап тур.—Оған айтпаў керек еди...

Аяқ сести жақынлаған сайын булар қоллары менен жүреклерин басып, айрықша еплилик пенен демлерин бөлип ала баслады.

— А... а... а...аш!

Бул анық Турдыгүл екен. Төребай менен Бағдагүл барлық ҳәрекеттен хабарлы, бирақ олардың толық жыйналыўын күтип үндемей жатыр еди. Үшеўиниң жәм болғанын сезип орынларынан турып келди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Жолларыңыз болсын, Жумагүл! Бийби! Бийкеш—деди Бағдагүл.

— Қәне, жүре ғойын!—деди оларды узатып салыўға бурыннан таярлықлы Төребай.

Сәнем бурын қызының кетермен болып жүргенине ырзашылық берип жүрсе де, анық жолланатуғын болып қызлар менен орнынан турғанында, иши ийт жыртқандай болды, бирақ узақ сапарға жол алған перзентимниң алдын кес-кеслеп кеўлин қабартпайын деген ой менен сыр берместен:

— Бахытларың ашылғай,—деп Жумагүлди қайта-қайта сүйип, Бийби менен Турдыгүлдиң маңлайларынан сыйпады.—Ала аўыз бола көрмең, шырақларым.

Жумагүл есиктен шығып турып тағы изине оралды да, уйқылап атырған бөпесин қолына көтерип, саўтанақ жерин қалдырмай шорпылдатып сүйип-сүйип, болған соң:

— Ал, апа, хош. Аман отырғайсыз,—деди де, алды-артына қарамай шығып кетти.

Жаздың бүгинги айсыз ақшамы бираз салқын еди. Аспан оларға болысқандай шет-шебирине сийрек-сийрек булт жәмлеген. Ай жоқ. Күл арасында қалған сексеўилдиң қозларындай шашаў-шашаў болған жулдызлар тас төбеде қыпылықласады...

Үш қыз түн қараңғылығын қақ айырып, Кегейлиниң ығына қарай баратыр. Төребай оларды баслаўда. Аўылдан алыслап кеткенше ҳеш қайсысы сөйлемеди. Ҳәр кимниң өз билгени ишинде. Жумагүл шығарында шықса да, анасы менен перзентин есинен шығарар емес, жолдасларына билдирмей көзине жас алып, оны жеңи менен сыпырды.

Турдыгүл ақ сақаллы кисиниң шеңгел пәнжесинен қутылғанына қуўанып, кем-кем адымын шыйрақлай түсип, жолдасларынан озып кеткенин де байқамай қалады. Арманырақ барып иркиледи. Шадлығы соншеллы, иши дүбирлесип қосық айтып жибергиси келеди. Ыңылдайын десе де, қапылғыр, түн иши. Қашып баратыр. Оның үстине Төребайдан да тартынады...

Бийби қолтығына қысқан түйиншигин аўырлап изде қалыңқырайды. Бәрҳә ойлы; Ырастан-ақ қутыламан ба? Не ушын кетип баратырғанын билген менен келешегине жартыўлы исенбейди...

Олар аўылдан төрт-бес шақырымдай узақлап кетти. Кегейлиниң еки бойы тығылысқан майса урық еди. Суў жағалап жүрген биреўлер көрип қояр деп олар қәндек пенен жүрди. Адамның алқымлығына келетуғын қалың урық мынаў үш қызға ҳақ жол тилегендей, түн самалы менен сытырласып айырылады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Усы жерде кутиң,—деди Төребай бир ўақытта иркилип. Булкәра урықтың да қалың жери еди. Жән-жағында аўыл узақ, иттиң даўысы келмейди... Қәндектеги кебирлик тап бир жәйлым суўдай жалтырап атыр. Узағырақта майда қоғалы жекенлер қараўытады. Олар жүриңкиреп барып бир шоқ қалың шеңгелдиң астын тазалап, урық жулып әкелди де, жерге төседи. Түйиншиклерин қойды.

— Төребай аға,—деди Жумагүл оның қолынан услап турып.—Анамды әўели аллаға, қала берсе саған исенип тапсырдым. Қайырқом бола гөр, ағажан.—Жумагүлдиң даўысы бузылып қамықты.

— Бизлерди ҳеш ким биле көрмесин,—деди Бийби жалбарынып.

—Қапа болмаңлар,—деп Төребай олар менен хошласты. Сөйтип ол анық даўыс жетпейтуғын житиримге кеткенше қызлар қарап турды, соңынан шеңгелдиң астына төселген урықтың үстине шығып бир-бирине сүйенисип отырды.

Бийбиниң бираз кеўли басылыпты. Ол үйинен жасырып алып шыққан шыңқобызын алып «Жетим қыз» намасын гүңиреңдирип еди:

— Бүйтип шағал мәслик қурып отырғанда биреў келип қалар,—деди Турдыгүл сақлық етип. Қашып жүргени есине ҳәзир түскендей «ҳаў» деп Бийби шыңқобызын шүберекке түйип, қалтасына салды...

Түнниң қара шымылдығы серпилип, таң сүттей ағарып киятырғанда үшеўи даўыс қоса гүбирленди...

—Бахтымыз бүгинги таңдай ашылғай иләйым!!!

37

Аўылдағы жалғыз «большой»—Айтбайдың мәрҳум етилгени Дүйсенбайға аўыр мүшкил болды. Биресе Халқабад волостына, биресе Чимбай окрисполкомына қатнап, сол ўақыя ушын жуўап бериўден тынбады. Ҳәр барғанда бир сарсылып, өз шекесине өзи мушлап пушайман етеди. Қызлар тил бириктирип кететуғын кеште, енди бармайтуғын болып, биротала ақланып келген еди. Күнде-күнде көп ойланып уйқысы қашып жүретуғын адам кешки аўқатын жеди де, төсекке кирип сеспей қатты. Мине оның усы қатты уйқысынан пайдаланып Бийби шығып кеткен еди.

Басы дастыққа тийиўден қурылдап, уйқының қушағына кирген адам таң қулан ийек болған гезде оянып, жән-жағына қарады. Бийби көринбейди. Ҳаялының ерте турып кеткенине таң-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ланбады да. Келинниң үлгисинде исленген насыбай тоқтағаны басының тусында дастық пенен қатар туратуғын еди, уйқысын тез ашыў ушын оған қол узатып бир атым насыбайды шымшып алып аўзына салды.Бийбини таң азаннан сууға кетти ме екен деп оянғалы бери бийғам жатырған адам бирден сескенип кетти. «Буйтип таң азаннан сууға баратуғын қылықты қайдан шығарды? Ешейинде мойын таўлық етип жүретуғын ҳаял, бирден дүзеле қойған ба?» Бир қапталлап жатқан қәддин өзгертип, дүс төменине түсти. Ошақтағы күлдиң үстине «түф-ә!» деди де, алақаны менен аўзының қыуйыўына жабысқан көп-көнбек насыбай қалдығын сыпырып, жән-жағына апалақлады. Бийби жататуғын қызыл мақпал көпшикке сер салды. Көпшик ашыған қамырдай көмпейип атыр. Адамның басы қойылған емес. Қандай да бир жаман аўҳалды сезген байдың жаны көзине көринип, көпшикти шығанағы менен қағып жиберип орнынан турды.

—Бийби!!!

Оның зәҳәрли даўысына үлкен ҳаялы кирип келди.

— Неўе!

— Бийби қайда?

— Мен оның қараўылыман ба?

— Не дейди?!—Ол секирип турып, көрпелерди мыжымырлаўы менен аршаның үстине үйди.

— Турымбетти шақырып кел!...—Байдың кеўили қараңғы еди. «Бәлким жас жигитлигин етип Турымбет әкетип қалған шығар. Сөйтип масқара боларман, мен! Мен!»

Далаға жуўырып шығып, қорасына үңилди. Өзиниң аты да, Турымбеттиң аты да өз орнында. «Маңлайыма, ким келген болады?... Я? Ким? Ким? Сонша малдың ҳарамға шыққаны ма? Сорымай! Сорымай!... Қой, қой... мүмкин емес!» деп мойнына қурық түскен асаў тайдай есиктен төрге, төрден есикке жуўырып тыпыршылады. Далаға шыққан менен кимге хабарласады! Не дейди!... Астыңғы ернин тислеп сөгинип жүр: «Ийттиң тууғаны, ешектиң баласы!... Усыннан тутып алсам бар ғой, сазайыңды берер едим сениң! Сен бе, сен!» Байдың путындағы узын ақ дизкийиминен басқа ҳеш нәрсеси жоқ еди, қарны иш таслаған қойдың қарнындай салынып, жалаңаш, жалаңбас ҳәр нәрсени бир сыйпап, биресе гүбирленип сөгинип, биресе ернин тислеп, үйдиң ишин айналып аяғына қоз басылған баспақтай, арман-берман шаўып жүргенде асығып Турымбет кирди.

— Бай аға, не гәп?!

— Бизиң ҳаял қайда?!

—Бир жерде жүрген шығар, келер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Қойсана, нэсиятынды.Бир жерде жүргенде мен усындай ҳалға түсемен бе? Қарап кел, қарап?!

Турымбет ҳештеңеге түсинбеди. Далаға шығып, не қыларын билмей басын қасып тур.

«Уай. Уай ағасы-а!!!» деген аянышлы даўыс бетин бурды. Тәңирберген машыншы жалаң аяқ, жалаң бас жүр. Алдында көйлекшең ҳаялы зытып қашып баратыр. Орамалы түсип қалған, бурымлары да жаздырылып кетипти. Машыншының ҳәр қолында бир геўиши бар, жеткен жерде биреўи менен ҳаялын сарт еттирип урады, және жете алмай қалады. Таң азаннан буларға бәле көринген бе? Ямаса ертектегидей иргесинен алтын шығып, соған ҳәўлирип жүр ме? Турымбет бул көринисти хабарландыра үйге кирип еди.

— Бар, билип қайт! Бизиң ҳаялды биле ме екен?—деди бай өзиниң не болғанын сезбей. Турымбет шығып кетти. Ол жақынлаған гезде машыншы тынбай кейиниўде еди.

— Қызынды табасаң... ямаса өзиң өлесең! Мени масқара қылдың, қаншық! Ол саған айтпай гөрге бармайды. Анасысаң! Ҳа, атанның...—деп Тәңирберген машыншы ҳаплығып, сөгинип жөртыўда. Ҳаялы оған қарағанда жүйрик екен, араны әдеўир ашыпты. Машыншы шыдамай қолындағы геўишиниң биреўин шашы уўдар-дуўдар болып қашып баратырған ҳаялының изинен жиберип қалды, бирақ тиймей кетти.

«Булардың екеўи де биреў менен қашып кете қойды ма екен?—деп ойлады Турымбет.—«Екеўи ўәделескен болды ғой, шамасы! Екеўине еки жигит тап болған-ә? Қудайы берген жигитлер екен! Аўылдағының аўзы сасық деген. Усы ўақытқа шекем қуры жүргенше биреўин мен неге айландырмадым!» Ол машыншы менен ҳаялын арашалап жибериўдиң орнына ғырра кейнине қайтып байға келди де:

— Машыншының қызы да қашып кетипти!—деди.

— Не деп сандырақлап турсаң сен! Мен бизиң ҳаялдың хабарын билип кел дегеним жоқ па? Оның қызы менен не жумысым бар, ҳа!...

— Бирге кеткен шығар, аға!

—Тоқта, тоқта!—деп бай ыйығын гүжирейтип, желкесине оң қолын салып еңкейди.—Оның қызы да қашқан дейсең бе, бирден сөйдесең болады ғой!... Ҳа, ҳа, булар тил бириктирген екен!—деди бай шеп қолын мушлап!—Бәри сениң жесириңниң кесири! Сол ерини кеткен болмасын.

Жалаңаш байдың исиктей сарғыш қызыл денесине қарап, не дерин, қандай кеңес берерин билмей Турымбет зеңирейди. Ал



www.ziyouz.com kutubxonasi

бай қолын желкесинен алмай, ыйығын гүжирейтиўи менен еле ой үстинде Бир ўақытта ол кийимин изледи. Тез-тез кийинип болып:

—Қәне атты ертле!—деди Турымбетке.

Соның арасында Жумагүлдин жоқлығы да анықланды...

Тәңирберген машыншыдан хабар аламан дегенше қуяш сәскеликке тирелди. Бүгинги қуяш ҳәр күнгиден де нурлы, ҳәр күнгиден де ыссы. Бир жағынан ишқысталық, екиншиден семизлиги, бай суўға сүңгип шыққандай шып-шып терге шомылып жүр.

— Қәне, сен, асық!—деди бай Тәңирберген машыншыға.— Үйиңе тез барып атланып кел, екеўимиз Кегейлини жағалап Шымбайға кетемиз. Ал, сен Турымбет,—деп оған қол шошайтты.—Ҳәзир Халқабадқа тарт, егер оннан таппасаң Нөкис, Хожелиге бар!

Турымбет сөйлеместен әстен ғана изине бурылды...

* * *

...Нурлыбай ўәде еткен кемеге минип, өрлеп аўылдың тусына жақынлаған сайын жүреклери ҳәўлирип, ишлери музда-суў болып киятырған үш қыз, «Ийшан көпирдиң» үстинде атларын кесе тартып, булар минген кемеге қамшыларын шошайтып әлле нәрселерди айтысып турған Дүйсенбай менен машыншыны узақтан танып «неге өрге кетпедик, «Қуўаныш жарманың» ямаса «Абат жармыштың» сағасынан ақ мингенде болады екен» дести ишлеринен.

—Қурыдым!—деди Бийби сыңсып.

Турдыгүлдиң «енди өлдим» деген даўысы Жумагүлдиң де руўҳын түсиргендей болды. Бирақ ол жасырыныўға ишарат етти.

Көпирдиң астынан өтиў ушын кемениң желқомы түсирилип, алдаўшылар салдаў тартыўы керек еди. Усы пайытта қуўғыншылар атларынан түсип келип салдаўшыларды ирикти.

— Кемеңизди көремиз.

—Не бар сизлерге! «Ким ерик берди?» дескен салдаўшылардың сөзинен қандай да бир сыр сезиледи. Бай үндеместен ҳәкиренлеп жүр. Ол жағаға жақынлап қалған кемеге секирип ақ минди. Изинен машыншы да ғарғыды. Екеўи бирден тайнапыр кемениң ишинде қуўыс қоймай тимискилене баслады. Пахта тығылган нәҳән бир кенептиң қапталында қалтырап отырған Турдыгүлдиң шатыраш көйлегиниң етеги көринип қалды.

—Әкени қорлайтуғын сен бе?—деп тисленди машыншы қызының бурымынан сүйреп. Қызда үн жоқ. Еки көзинен жас та



www.ziyouz.com kutubxonasi

шықпады. Аппақ жүзлеринен қан қашып, қос бурымы әке қолында тауланыўы менен шығып баратыр еди.

— Тоқта!—деди Нурлыбай асылмақшы болып.

— Кетсең-ә!—Машыншы оның қолын қағып жиберди.—Кәлеген қудайыңа айтып бар, мениң қызымда не ҳақың бар?

Соның арасында истин шатаққа айналатуғынын билип, Бийби жатқан орнынан өзи тикейди ҳәм кемеден түсиўге ыңғайласты.

— Қайда барасаң?—деп Жумагүл оны иркпекши болып еди, Бийби.

— Ийеси табылған малға кимниң илажы бар,—деди.

Кемедегилер бийорын жәнжел шығарыўдың есабын таппады. Дүйсенбай менен машыншыны тутып сабаса, жағадағы ел көтерилиўи мүмкин. Соньлықтан олар не қыларын билмей аңқайысып тур еди, бай оларға сырты менен айбат етип гүңкилдеди.

— Маған неге адыраясызлар, айтың?! Ямаса бизиң ҳаялға мал қосып өтирдиңиз бе?

Дүйсенбай менен Тәңирберген машыншы өз жоқларын тапқан соң ҳеш ким менен иси болмай, атларына минип, еки нашарды пияда алдыларына салды.

— Турымбет саў турса Жумагүлди Қызкеткенниң сағасынан Әмиўдәрьяға аман түсирмес,—деп бай исенимли түрде сөйлеп, атының саўырына бир, ҳаялының көк желкесине бир қамшы тартты...

Турдыгүл мийримсиз әкесиниң қамшысынан денесине дақ түсирмеў мақсетинде алдына қарай жуўырып кетти.

—Дүйсенбай айтшы,—деди машыншы оған қапталласып.—Мен, усы жарлы-жалаңаяқларға лийкин тийген менен қолларынан не келеди, деп ойлайтуғын едим. Ҳәзир оларда, бәҳәрдиң, қуўрақты жасартып, жоқ жерден өсимлик көгерткени секилли бир қәсийет көрип жүрмен. Оның үстине ҳаял-қызлар қосылса...

—Еркекпенен ҳаялды бир тәрезиге салып кисиниң буўынын балталама. Еркек тас, ҳаял кепек, үплесек көзден ғайып болады.

—Илайым. Бирақ бәрше жарлылар менен қарақалпақ ҳаялқызлары тардийирлес сияқлы.

—Оны сениңменен бизден жақсы түсинетуғынлар бар. Шынын айтсам, анаў кемедегилердиң биреўиде Төрткүлге тири жетпейди. Бар қызына жет ҳәм беккем бол...

* * *

Қурдасларының қалып қойғанына иши-баўыры күйип, лап-

www.ziyouz.com kutubxonasi

лап кеткен Жумагүл көзине келген жасын өзгелерге билдирмей, тикейип турып олардың изинен;

—Хош, Бийби! Хош. Турдыгүл!..Дениңиз саў болсын. қудайым!... Қуда қәлесе, изимнен барарсызлар!...—деп бақырды.

Кеме көпирден өткен соң желқом қайтадан тикленди. Жумагүл кемениң желқом былғайтуғын екинши өрлигиндей орнында тикке қақайыўыменен аўыл бетке нәзер жиберип, қара жемелик ли қос бурымын артына қағып таслады да, суў үстиндеги салқын самал менен дирилдеген желқомның көлеңкесине барып, бетин өрге қаратып нықлана отырды. Шамалда оңына есги. Айсыз түн ишинде жанған жекке жалындай жалтыраған ақ желқом, жайсаң кемеге күш берип, Кегейлиниң ағысы пәтли ылайсуўын қақ айыра ҳарылдатып, алға илгерилетти.

*Биринши китаптың ақыры.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

# *Екинши китап*

## 1.

Үш жыл өтти...

Ҳәр жапалағы гүбелектей епелеклеп жаўып турған қар сәскеге таман тынды. Демде ақ булт серпилип, ҳаўа ашыллы аспан көк гүмбезленди, бирақ әтирап ақ көрпе жамылып қалған еди. Бундай қардан соң жыллы болар дескен болжаўлар бийкарға шығып, күн бирден суўытты: аяқ астылары «қырт, қырт қырт»...

Күн суўытқан менен Маңғыт аўылын аяғынан тик бастырған ўақыя иркиниш таппады. Кегейлинин ырашын жағалай қонған аўылдың арқасындағы арба жолдың үсти быған-жыған адам; Шымбайдын шар базары усы Маңғыт аўылына көшип келгендей. Өзара ғаўырлылар аяқлардың сықыр-сықырынан түсиниксиз. Жаланашлықтан далаға шыға алмайтуғын жас балаларға шекем жиликлери қутанның сыйрағындай қараўытып, кимиси жалаң аяқ, кимиси әкелеринин мәси-геўишлерин салпылдатып кийип, үлкенлердиң исин үйренгиси келгендей, там басларына минип қарап морыдай сопайып турады. Жас нәрестелерин арқалаған ҳаяллар да той кийимлерин кийген, үйлерден үйлерге қуўжыңласып киреди.

Жолдын еки бойы дүрсилдескен атлы. Олар тағалы атларын қар үстинен аямай шаўып, аўылдан шоқ-шоқ болып шыққан адамларға жақынлап, қар сықырлысын жеңгиси келгендей, даўыслап, қамшыларын шошайтады:

— Төребай ушын оңға!

— Хожанияз ушын шепке!

Атларының сипседей қуйрықларын түйдеклеп буўып, тынбай шаўып, даўыслары қарлыққанша бақырып жүрген бул шабар-

www.ziyouz.com kutubxonasi

манлардан ҳәмме нәрсе ғәрезли еди. Гейпара сайлаўшылар, усы ўақытқа шекемги үгиттен сарсаңы шығып жүргенликтен, ҳәр жаққа бөлип жиберип турған бул атлылардың қас-қабағына қарап, бағытын өзгертип те кете береди.

Адамлардың көбиси оңға бурылған сайын ала ат минген ақ қурашлы шыр-пыр болып гүбирленеди:

— Усылардың көкирегиниң қурты жоқ...

— Ҳәй, ақ қураш, жөниңе жүр!—деп басына әскерий соппас кийген сары атлы жас жигит оған шаўып келип абай етсе де, оңға бурылғанларды өзи де бир хошеметлемей қалмайды:

—Ҳа, бәрекет табасаң!...

Мине, бул әжайып ҳәдийсе жаңадан ақсақал сайлаўдың ғалма-ғалы еди.

Ақ қурашлы атлы да, әскерий соппаслы жигит те округтен сайлаў өткериў ушын келген ўәкиллер: ақ қурашлысы округлик таярлаў бөлиминиң хызметкери Атанияз ақ қураш Қурбаниязов, ал әскерий соппаслысы ОГПУ де ислейтуғын Орақбай Ембергенов еди.

Сайлаўшылар усы гүзар жол менен жүрип барып, арбаның алтақтасына минип отырған бир шоқ бес-алты адамның алдынан өтип атыр. Өткен адамларды ОкРОНО баслығы Нуратдин Мәжитов санайды. Ешкиниң түбитинен тигилген, ҳәр қулағы бир қулаш малақайы бар Нуратдин Мәжитов қасындағыларды ҳәм өткен адамлардың өзлери анық еситсин деп, бәрҳәма даўыслап санап, тикейип турыпты: «Бир; еки, үш... тоғыз,,, отыз,,, елиў...» Оның даўысына қарап алтақтада отырғанлардың биреўи шырт еткизип шөп сындырады: екинши биреўи сеңсең постында қунысып, қәлем менен гербиштей қалың бир китапшаны ашып, ишин шыжбайлап, бир нәрселерди жазып отырыпты.

Усы ақсақал сайлаўының дәбдебеси менен оқыўынан рухсат алып, қыста аўылға келген Жумагүл тынышы таппай, Төребайдың тамына арқасын берип сүйенип, гезек пенен бармақ бүгип, оңға қарай бурылғанды да, шепке қарай бурылғанды да өзинше санайды. Анасы Сәнем де үйде отырып тақат ете алмай, қызының қасына келип турып-турып, оны есабынан жаңылыстырып аларман дегендей, үндеместен бүрсеңлеп тамға кирип кетеди.

Мине, ол және шықты.

— Жумагүлжан, айтқаның болады, оң қабағым тартып жүрипти.

Қызы оған қайырылмады. Бирақ еки езиўиндеги әлле неткен қуўаныш изи қардай тислерин көрсетти. Соның арасында Қалий

www.ziyouz.com kutubxonasi

дегеннин ҳаялы Айзада келип, Жумагүлдиң шығанағынан тартты:

— Бизиң үйдеги наўқасландым деп жатып қалды, не қыламан?

Қалий өзи камбағал болса да гежир адам еди. Жумагүл ол кисиниң не ушын бүгин наўқаслана қалғанына түсинбеди: «Бәлким, ҳаялы менен урысқан шығар. «Сен бир күшик туўмай, бәрҳа қыз туўасан» деп, тез-тез жәнжел шығарып, қоңсыларына «тамаша» беретуғын бул киси бүгин де сондай бәле таңқан болса не шара? Себебин соң сорарман» деген ой менен Жумагүл:

— Онда өзиң өт. Ҳәр үйден биреў өтпесе болмайды,—деди.

Толық денели, бөксеси, жаўырыны бирдей бул дуғыжым ҳаял Жумагүлдиң усынысына қуўанып кетти;

— Билмеймен, өтейин әйтеўир.

— Қасақана қызларыңды да көтерип өте бер. Қалий ағаның иши жансын. Айтпақшы, қаяғына даўыс бересең?

— Алыстағы аталастың аты озғанша, аўылластың тайы озғаны жақсы. Арқадағы аўылдан ақсақал сайлағанша өзимиздиң аўылдың Төребайы болсын.

— Рәҳмет, Айзада!

Күйеўи Қалийдың ырас па, өтирик пе ыңқылдысы бар еди, үлкен қызы Нурзаданы үйде қалдырып, ерине хабарласпастан кишкенелерин кийиндире берди. Нурзададан кишкенелериниң өзи алтаў еди. Ол бәрин қыз кийиминде кийиндирип болып бирден ойланды: «Ҳақыйқатында да гилең қыз бир түрли екен-аў! Булар менен соншама жыйынға барыў да уят!... Қыз туўа берген ҳаялдың қызлары да қыз туўа береди деп қызларымды ҳеш ким айттырмас».. деген қыял менен, ериниң гөне жатақ малақайын қазықтан алып, дигирманның уясына сыпырғыш қылынған ешки тери бир малақайды таўып, және биреўине қоңсысынан сорап, үш қызын ул тақылетте кийиндирди, үшеўиниң қыз кийимлерин өзгертпей, арқалап, биреўин алдына көтерип, қалғанларын жетелеп, жетеў болып, санап отырғанлардың алдынан өтип баратырып:

— Бизди жети адамға санаң!—деп бақырғанына, алтақтадағылардың «ўаҳаҳаласып» күлискени, «ықласына жетеўге сапалсын» деген даўысы еситилди...

Сайлаў салтанаты еки күн даўам етти. Түнге қарап та адамлар тынбайды. Арман-берман дүрис-дүрис шапқан атлылар; бақырысыўлар, шақырысыўлар...

Дүйсенбай да көпшиликке араласып жүрген еди. Жумагүл соншама қарап турса да оның ким ушын даўыс бергенин биле



www.ziyouz.com kutubxonasi

алмады. Бәлким ол жылыныў ушын үйге кирген мәҳәлде бир жағынан өткен шығар. Бирақ Жумагүл сол Хожанияздың үйлериндеги Сейтжан дегенниң бес-алты адамды баслап келип, оң жақтағы тәрептен өтип, Төребай ушын даўыс бергенин көрип қалды. Олар сызықтан өтип, көпшилик жыйналған жерге келип, жанадан киятырғанларға қарап турғанда, Дүйсенбай оны илип сөйледи:

— Тамақты өз аўылыңнан ишип, бизиң аўыл ушын үрнүиңниң неге кереги бар еди?

— Сиз де анайы ийт емессиз. Өзиңиздиң аўылдан тойып-тойып, бизиң аўылдың ийти болыўға таярланып жүрипсиз.

— Мал өрисин, ер туўысын табыўы керек еди...—деп, Дүйсенбай көп айтысып турмай, ийтаяғын қызғанып ырылдаған күпектей, гешир түсли сары тислерин ақшыйтып, гүбирленип кете берди. Сейтжан оның көк желкесине қарап қалды.

Турымбет даўыс бериўге екинши күни азанда қатнасты. Ол жерде иркилип жән-жағына қарамады, ақ қурашлы менен әскерий соппаслының қасына барып шепке бурылды.

—Ўатансыз адам, бағсыз бүл-бүл,—деди Сейтжанның қасындағылардың биреўи Турымбет ўазыйпасын питкерип қатарға турғаннан кейин, Турымбет оның кимге айтылып атырғанын түсинбеди де.

Екинши күни песинге таман сайлаў тамам болды. Нуратдин Мәжитов Сәнемниң усыкәрада екенин билсе де келип хабар алған жоқ. Төребай менен де, Жумагүл менен де сөйлеспеди. Далада турған Жумагүлдиң қасына жақынлап келип, Орақбай Ембергенов:

— Жумагүл, көз айдын! Төрткүлдеги айтқаның орынланатуғын болды. Мәжитов саған ҳәм анаңа сәлем айтты. Төребайдикинде болғаныңыз ушын сайлаўдың қәделерин бузып аламан деп келмеди. Сайлаўдың жуўмағы Окрисполкомда тастыйықланған соң хабар етиледи,—деп, аттан түспестен, қалаға қарап кетип баратырған бир топ адамлардың изинен, сары атының туяғынан тақыядай-тақыядай жалпақ қар зытқытып, патыр-патыр шаўып кетти.

Жумагүлдиң еситиўге қуштар жуўмағы да усы еди. Оның Ембергенов пенен сөйлескенин қулағы шалған анасы жөн-жосағын сорамай-ақ, Жумагүлдиң қуўанышлы жүзинен жақсылық сезди:

— Он қабағымның тартқанына бир ай болып еди. Неге қуўанаман деп жүр едим. Усы екен. Әй, алла, усы бахтымыздың ашылғанының алды болғай. Төребайжанның ақсақал болыўына қуўанбайтуғын жүрек бар ма екен?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ана Бағдагүлдин өзинше қызының сайлаў жөниндеги күш салыўларын айтпаға уялағуғын еди, ол шығып кеткеннен кейин ашылысты:

—Бурынғыны айтпасам бүгинги есиме түспейтуғындай. «Ғапылда қатын ақыл табады» дегенди еситетуғын едим. Ақылыңнан айналайын, оқытқан ҳүкиметиңнен айналайын, сөзиңди тыңлаған досларыңнан айналайын!—Сәнем қызының желкесин жаўып, бөксесине түскен, жипектей қара бурымларын алақанына салып, сыйпалады.—Ықлас-қалас, шырағым! Сениң себебиңнен Төребайжан ақсақалға сайланды. Енди Ханымгүлден өш алсам, әрмансыз болар едим. Жоқ-а! Кеўлим қайларға баратыр? Жығылғанға жудырықты ким болса сол ура алады. Заманның бағытына қарағанда олар жығылған адамлар. Қой шырағым, әсиге кетсем қайттым, «түф-түф». Сенин ҳәзирги жүрисиңди көрсе де, ишлерине шунатай сыймайтуғын тар адамлар, там басынан думалап кеткен ғарбыздай паңқ ете қалар еди. Қойдым, қызым, қудайға мың мәртебе шүкир! Оқый бер, оқый бер!

Сәнем ҳеш ўақытта бүгингидей қуўанған жоқ. Оны, әсиресе, Жумагүлдиң отырыс-турысы-ақ шад етип баратыр. «Төребай сөзсиз ақсақал болады» дейди ишинен исенип.

Сайлаўдың жуўмағы үш күнге шекем мәлим болмады. Аўыл арасы дуў-дуў әңгиме:

— Хожаниязға көп адам даўыс берипти.

— Ҳүкимет миллетине қараса керек. Даўысы аз болса да қарақалпақ болғаны ушын Хожанияз сайланатуғын қусайды.

Хожанияз мақсымның көбинесе қыз алысыў-қыз берисиў ислерине араласа беретуғын қылығын билетуғын Қалийдың әбден шыдамы кетип Жумагүлге келди.

— Хабар жоқ па? Ҳеш нәрсе болжай алмадың ба? Егер Хожанияз ақсақал болса биз усағанларды көширеди. Ол Хийўа ханынан кейин болмай, бурынғы ақсақалдың жолын қуўады. Уят та болса айтайын, биз усағанлардың қызларына шыққан тәжжал ол...

— Сонда неге өзиңиз сайлаўға келмедиңиз?

— Аўырдым, шыным...

...Жумагүл оқыўға кеткен жылдың гүзинде Әбди аўылға келип Бийбини әкетип, Турдыгүл және қалып қойған еди. Жумагүл жазғы дем алысқа келгенинде Турдыгүлди қайтадан үгитлеп, бурынғысынан писирип, Төребайдың Нөкис волостындағы бир таныcы Сейт дегенниң үйинде бир ҳәпте жасырып сақлап, ақырында Жумагүл сол үйдиң Сапаргүл деген қызын да Турдыгүл менен қосып, оқыўға әкеткен еди. Сапаргүлдиң әкеси орасан ақ



www.ziyouz.com kutubxonasi

кеўил, мийриман адам екен. Әдебинде ашыўланса да, бир айға жетпей қызын сағынып изинен Төрткүлге азық әкелип, қайтама Жумагүлге рақмет айтып кеткен еди. Ал Турдыгүлдиң әкеси түўе, анасы қызын көриў былай турсын, аўылда жүрип Жумагүлден қызы жөнинде бир аўыз сораған емес. Жумагүл де олар менен хабарласпады. Бирақ Қалий ҳәзир шығып кетиўден күтилмеген бир ҳәдийсе болып қалды. Бийбиайым сүнгип кирип келип:

— Шырағым, әкесинен жасырынып келдим, мениң Турдыгүлим саў ма? Илайым саў болғай, меннен дуўай-дуўай сәлем айтып бар. Бизлерди ойламасын. Қалыңға алған малымызды қайтып берип шамаластық. Бизлерди ашырқап қалады демесин. Малымыз көп, өзи биледи. Мә, шырағым мынаны мениң Турдыгүлиме апарып бер, ишинде әкесинен жасырып жүрген пулларым бар, айна тарақ алар, ишинде сениң де пайың бар, бөлек түйиншикке түйдим, ақ түйиншиги сеники,—деп Жумагүлге тез-тез сыбырланып:—ал кетейин, сизиң үйге келгенимди көрсе де азаплайды,—деди де, Бийбиайым қызыл орамалға түйилген қарамы қос жудырықтай бир түйиншикти таслап, Жумагүлдиң бир нәрсе деп сөйлеўине қарамай дәрриў кетип қалды...

Бийбиайымның аналық жүрегине Жумагүлдиң кеўли енди қарар таўып, тынышланды...

Үшинши күни баяғы бир шоқ атлы аўылға қайтадан келди. Гүлләп сайлаўшыларды жыйнап, Окрисполкомның мәжилисинде бул аўылды бурынғысынша «Маңғыт аўылы» деп урыўының аты менен атамай «Бахытлы аўылы» деп атаўға қарар еткенин, оның ақсақалы болып, Төребай сайланғанын хабарлап, өзлери менен бирге жаңа ақсақалды қалаға ертип әкетти.

—Әне, әне,—деди кеште Сәнем бул жуўмаққа баладай қуўанып.—Мениң оң қабағымның тартқаны келди...

— Қой-шы, апа, дым ырымшылсаң.

— Мени ырымшыл дейсең-аў, қарағым ойлаған ырымым келди ғой. Ал енди жақыннан бери ийниМ тартып жүрипти. Ең жақын адамым менен көрисемен.

— Көп болса ағаң Төренияз келер,—деди Жумагүл оның қандай қыйын жағдайда да сол туўысқан ағасын еслей беретуғынын жақтырмай.

—Келсе келсин. Туўысқан деген қуўанғанда бирге қуўанысса не жетеди?

—Пай, апа деймен-аў!

— Сениң ашыўыңды билемен, шырағым. Жақсы адамның бир ашыўы ишинде қалар болар. Қандай ақаяқ жаман болса



www.ziyouz.com kutubxonasi

да туўысқаным. Ол маған жаманлық етпейди. Бәри илажсызлықтан болған. Оны сен де кешир.

Анасынын зейнине тиймейин деди ме, Жумагүл үндеместен оның жасы жетпей қартайып, қатық қуйылған бир тутам жуўсандай келте ғана ақ бурымына қарап ойланып қалды.

— Еле мынандай шүтик шыра жаққанымызға ҳеш ким инанбайтуғын ўақыт болады...—Жумагүл әңгимениң бағытын өзгертиў мақсетинде ҳәстениң үстинде пыр-пыр жанып турған шыраға қарады ҳәм келешек ҳаққында еситкенлерин өзи билгениниише еркин гүррин етти.

Жумагүлдиң әңгимеси оған ертек сияқлы көринсе де, көзлеринен қуўаныш көз жасы төгилди:

— Инанаман, шырағым. Сен мени алдамайсаң. Айтқанларың келгей. Ҳәзир түсимиз емес оңымыз болғай.

Жумагүл аўылға келгели бөпесин, бойыма үйренбесин деген қиял менен, онша ыптығы қурый бермес, алдына алса баўырына баса бермес еди. Бүгин қуўаныштан ҳәмме нәрсени умытып қызын алдына алып отыр.

Сәнем де барлық ғалма ғалды естен шығарды. Жумагүлдиң гәплерине аўызы ашылып еки езиўи жайылып ғана үнсиз күледи. Тек жатарда ғана ол:

— Шырағым, бүгин көп ойнаттың, оған қосымша қойнына алып жатсаң анасының ийисине үйренеди. Кетеринде жәнә жылап қалады,—деп, ақлық қызын өзи баўырына басып, Жумагүл емген сүтсиз емшегин үйреншикли әдети бойынша ақлығының аўзына салып «шылп-шылп» сорытып жатты.

Олардың бүгинги қуўанышлы қатты уйқысы ярым ақшамнан аўған мезгилде бузылды. Әйнектиң көзлери шаңгыр-шуңгыр» сынып, қаранғы жайдың иши оққа гутылды...

Иштегилер Сәнем, Жумагүл, Бағдагүл, Тазагүл еди. Излиизинен бес-алтыирет атылған мылтық сестинен қорқып, олар таң ағарғанша бир-бири менен хабарласа алмады. Ала геўгим мәҳәлинде Жумагүл биринши болып басын көтерип қараса, жүкли Бағдагүл ҳал үстинде, қырға шыққан ылақадай, арманберман аўнап атыр. Ҳеш жерине оқ тиймепти. Қан шыққан жери жоқ, ал бийшара Сәнемниң үстиндеги Жумагүлдиң Төрткүлден әкелип берген шымшық көз ақ шыт көйлегиниң саў жери қалмапты: қанға жуўып алғандай боялған. Жумагүлдиң дизелери муз үстинде турғандай қалт-қалт етип, «ҳаў апажан, апажан, не болды саған?» деп үстине бойын таслап жығылды... Сәнемниң денеси әлле қашан музболып қалыпты...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қоңсылар ҳә демей жыйналды. Бийшара ана әдепки мылтық атылғаннан-ақ нәрестениң ғамын жесе керек, иргениң түбине көрпешеси менен ылақтырып жиберипти. Оны адамлар соң елестирди. Жылап-жылап даўысы семип, ақыр соңы жылаўға да шамасы келмей шалыққан төрт жасар қыздың бетлери сиядай көгерип жатыр. Көкирегинде тек елпилдеген жаны бар...

Жылай-жылай Жумагүлдиң көзлери муштай болып исип кетти.

— Бийшара Сәнем бийазар еди...

— Жылама, Жумагүл, көз жасқа өли тирилгенде, дүньяға адам сыймас еди..

— Шейитлик ҳәр кимниң басына келе бермейди...

—Оның қалған жасын өзине берсин, қызым..,—Усылайынша ҳәр қыйлы тәселле айтып кетип атыр.

Жумагүл өзин қанша берик тутайын десе де анасының өмир жолы көз алдына елеслеп кетсе, даўысының қалай шыққанын сезбей өкирип жибереди...

Қалаға әлле ким хабар етипти. Ертеңине кеште Төребай менен Ембергенов жетип келди.

Төребай қаладан биринши тапсырма менен келген еди, ол туўралы жыйналыс ашып, дийханлар менен ойласып алыўға мүмкиншилик таппады. Өзиниң үйиң түўе сол аўылдың ишинде адам өлип атырғанда жыйналыс ашыў дәстүр емес. Сол ушын өли жайғастырылғанша үндемеди, ал Ембергенов болса, бул ҳәдийсениң гүнәкарларын аўылдан излемей, из қуўып кетти...

Жумагүл кетиўге таярланып оқыўға өзи менен Тазагүлди әкетиў мәселесине келгенде, Төребай да, Бағдагүл де бир пикир айтты:

— Егер, өзиң қайыл болсаң таслап кете бер, тәрбиялаймыз. Оқыўыңа кесент келмесин, Жумагүл.

Жоқ, бул сапары ана аналығын етти:

— Әкете берейин, Төрткүлде илажы болар.

Оның бул шешимине Төребай менен ҳаялы пәлен-төлен дей алмады.

Төребайдың қаладан алған биринши тапсырмасы мынаў еди: бир ҳәптеге қалмай областың орайы Төрткүлге жетиўи тийис. Соннан арман Хийўа әтирапындағы душпанларды сапластырыўшы отрядқа қосылып Хийўаға барады. Ал, кетемен дегенше аўылынан және бир жигитти Қоңыратқа жибериўи зәрүр. Қара басына қарап турған мәселе оңай, кете береди. Қыйыны Қоңырат мәселеси болды. Қоңырат қаласының әтирапына усы қақаман қыста қорған салыныўы тийис екен. Әне, усыған қатнасыўға



www.ziyouz.com kutubxonasi

дэрриў келисим беретуғын ким? Жылдам шешиўи керек. Ҳэзирше Абдулладан өзге қолайлы жигит есине түспеди, көзине де көринбеди.

Абдулла Айтбай «большой» дың жийени, Айтбай өлгенде ол кишкене еди, ҳэзир он жети-он сегиз жасларда. Айтбайдың ата-анасын да қолына алып, оның үстине өзиниң нэрежан кесел анасын асырайман деп мүшкилин аўырластырсада, сыр бермей жасынан мийнет пенен қайнап пискенликтен турбаты жигирма жасар жигиттиң турбатын аңлатар еди. Өзи шаққан ҳэм бир сөзли. Былтырғы жазда Айтбайдың ата-анасы қайтыс болған еди. Ҳэзир өз анасы менен екеўи турады. Әкеси «Тазғара саўашын» да қызылларға жэрдем етип жүрип қайтыс болған. Сол ушын ба, душпанлары менен жолығысыўды қой излеген аш қасқырдай күсер еди.

Абдулланы шақырып алып тапсырманы ескертип еди:

—Ҳэзир кет десең де тайынман,—деди ол қысқа.

Солай етип Төребай Абдуланы Қоңыратқа жоллады, ҳеш кимге себебин ескертпестен жэне бир ат таўып, Жумагүлди қызы менен Төрткүлге өзи әкетти...

## 2

«Арқадағы аўыл» деп аталатуғын аўыл маңғытлардың арқасында қара көрим жерде орналасқан, жазда қара таллары бүлттай, қыста төбешик-төбешик тамларының айналасында, шақаларын биреў қол менен сылап кеткендей шыбықланып туратуғын, ҳэр биринде төрт-бес түтен қара таллары бар аўыл.

Бөлек қонысласқан менен олар да маңғытлардың бир тийреси, Хожанияз болса, сол аўылдағы ең аўызлы, жигерли жигитлерден есапланатуғын еди. Ата-анадан жаслай жетим қалған менен әкеси ийшан болып өткени ушын оны ҳэмме «мақсым бала» дер еди.

Келбети де мақсымларға ылайық. Тап бир буйрық пенен көгерткендей, мурнының астына емес, еки езиўиниң үстинде, аўзының қыйыўларын жасыратуғын селдир ғана, тап өт шалғандай сарғыш муртлар бар. Сүмпек ийегинде түк жоқ, көгис, жылтыр, шырайы қызғыш. Оның қырқ жасты алқымлағанына қарамастан, бириншн көрген адам оған отыздан артық жас бермес еди. Той-мерекелерге ерте араласқаны ушын ба, өзи әбжил. Үйиниң қасында үйир-үйир қойжанлық жатпаған менен, сырттан қонақ келсе, қайдан болса да сойыслық табылады. Қазанлы. Өзге аўыллардан қыз айттырып келген жигит-желеңлерде алды менен соныкине түседи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзи аўылдың аўыз биршилигин де сақлаўдың тәрепдары деп аі кеширген.

Бул топардағы дийханлардың абрайлысы Сейтжан еди. Жасы қырқ беслерге келип қалған, орта бойлы, тапалдас, қарасақаллыдан келген адам. Мәниссиз көп былшылдыны жақтырмас. Бир нәрсе ислейжақ болса үндеместен ислей береди. Өзи Хожаниязбенен бир урыўдан еди. Соннан келген оның менен жулдызы қарсы. Хожанияздың барлық минез-қулқын ҳаслан унатпайды. Ушырасып қалса сәлемлеспейди де. Әсиресе, олардың арасындағы қарама-қарсылық, топарындағы Атажан бай үйленген соң күшейди. Хожанияз жүрген соқпақтан ол жүрмеўге тырысады.

Хожанияз Сейтжанның жек көретуғынын сезер еди. Сайлаўда ақсақаллыққа өтпей қалғанын тақыйық Сейтжаннан көрип, жер баўырлап қалды. «Ағайин ғой, даўыс берер деп жүргенше неге алдынан өтпедим, ўақытша неге бас иймедим», деп басын тырнады, өкинди. Ҳақыйқатында ол Сейтжан менен бетлесиўге бата алмайтуғын еди. Жүрексизлиги есине түсип: «Үйи жаңғырға дәўран қараған ба, периштеси басым болып баратыр... Алдымызда алысатуғын кен майданлар бар емес пе?»... деп өзинше. Кешқурын Сейтжандикине келди. Сейтжан оны қаншама жек көрсе де, үйине келген адам болғаны ушын, кет деп айта алмады.

Олардың арасында әңгиме басланды.

—Сейтжан аға!—деди Хожанияз жуўас ҳәм жалынышлы даўыс пенен.—Ағайин едик, бирақ жерге көмдиң.

Сейтжан оған сөз зая еткиси келмеди ме, үндемеди. Оның бир аўыз сөйлеўин күтип интизар болып отырған Хожанияз пискен секерпарадай шыртылдап, жарылыўға сәл-ақ қалып:

— Ағайин, алдында не гүнам барын билсем екен, дүзетер едим,—деди.

Сейтжан сөйлемей отыра берди. Хожанияз оннан сайын тыпыршылады.

—Урыўымыздың бир тиреги Атажан байдың кишкене ҳаялы жөнинде өкпелеген шығарсыз. Меники аўызбиршилик ушын ғой. Өзиңиз билесиз, бурынғының жолы. Жас қыз болған соң кетип қала ма деп ойладым. Дүйсенбайдың киши ҳаялы қусап урыўы басқа биреў менен қашып кетсе, аўылға абырайма? Пәленшелер қайлақта демей ме журт? Шаўқым шықпасын деп өзимиздиң урыўдан еки жигитке тапсырып қойыппан. Аты Атажан байдики болған менен келин елдики. Басқа жақтан көшип келгениңиз жоқ, бәрин түсинесиз. Усы күнлердеги Алпысбай, Жетписбай, Сексенбайларды әкелери алпыс, жетпис, сексен жасларында көр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ген балалары. Болмаса сол жастағы ғаррылардан бала бола ма? Бәриниң де жас дийханлары болған...

— Туф-әй, ҳайўан!—Хожанияздың пәтиўасыз гәплерин ахырына шекем тыңлай бериўге Сейтжанның дәти шыдамады.

— Атажан байға билдиргенимиз жоқ, келиншек келисим берген...—деп Хожанияз және сөйлеп баратыр еди, Сейтжан қулағын басты. «Ҳә, сениң, алдым белгисиз, болмаса сазайыңды берип, әкеңди танытар едим...» деп Хожанияздың көкиреги сайрады, бирақ сыртқа шығарып айта алмады. Найлаж түрде түргелип, тенселе-тенселе үйден шықты.

Сейтжан менен ушырасқаны оған сайлаўдан жығылғаннан да артық дәрт болды. Көкирегин көтере алмай жатып қалды

Еки ҳаялдың үстине жас қыз алғалы өзгелерге сыр бермеў ушын ҳасасын таслаған Атажан бай диңкесизликтен аўылды көп гезип жүре алмайтуғын болған еди. Ешейинге жымпылдап есигине тыным бермейтуғын Хожанияздың соңғы гезде көринбеўи оны диңкесине ендирди. Қалдаўрап Хожанияздикине келди.

—Неге жатырсаң?—деди Атажан бай оның жатырғанын көрип.—Ҳеш қапа болма. Журттың көпшилиги сениң тәрепиңде екенин пүткил округ биледи. Ҳеш кимге зәлелиң жоқ жигитсең. Аўылды сендей тыныш қылған жигит бар ма? Сеники аўыз бирлик, бирақ сайлаўдан жығылғаның аўылдан емес, Жумагүл деген ақ байталдың кесепаты. Төрткүлден күш алып келген дейди. Өзимди айтпай-ақ қояйын, сен ушын Дүйсенбай бийшара қанша ғайрат салды, қанша пул ғәрежет шығарды. Нурымбет ахун неше-неше адамларға бийпул дуўа берди... Түргел, душпанларына сыр берме!...

Хожанияз ҳақыйқаттан да сыр бермеў керекли гин енди уқты. Ертеңине қәдимгисинше көшеге шықты. Аўылласлары менен араласты. Қайтадан атына минди.

Окрисполкомның соңғы қарары бойынша Хожанияздың топары да «Бахытлы» аўылына қосылып, бир аўылкеңеске бириккен еди. Аўылда Төребайдың жоқлығынан пайдаланып анаўмынаў мәселелерге араласатуғын болып кетти. Дийханлар арасындағы гейпара даў-жәнжеллерди шешиўге қатнаса баслады. Қарап жүрмей дийханларды жыйнап бәҳәрги егис ҳаққында әңгимелесип жүрди. Тазадан жап қазыў кереклигин кеңести.

Қалаға да тез-тез қатнайтуғын болды.

Төребай Төрткүлден бир айда айланып келди. Тап соның келиўине писирип қойылған екен, окрисполкомнан келген биреў



www.ziyouz.com kutubxonasi

аўылда жыйналыс ашып, Хожаниязды батрашкомлыққа усынып кетти.

Енди ол исти биротала гүжитти. Ешейинде көп ислерге араласып жүрген адам, жыйналыстын соңынан қалаға бир барып қайтты да, гилен байларға ҳәм олардын дийханларына:

—Кимде-ким байға жалланып талабын етсе, ериклп. Мен шәртнама дүзип ҳақысын алып беремен,—деп бирме-бир дағазалап шықты.

* * *

Ҳеш ўақытта кисиден алданбайман деп, алды-артын өлшестирип жүретуғын Дүйсенбай өмиринше есинен шықпастай болып еки алданған еди. Биринши алданыўы ҳаялы Бийбигүлдиң оқыўға қашып кеткени. Заң қуўып оның әкесинен малларын қайтып алмақшы болып еди, бир-еки жыл ҳаял болған ҳаял кетип қалса, заң қоспайды екен. Болмаса Жанабазардағы ийшанның Турдыгүл ушын Тәңирберген машыншыға өткерген малларын қайтып алыўы, ҳәттеки, олардың шатағына окрисполкомнын араласып заң тапқаны, оған үлги болған еди. Қарап қалмайын деген ой менен айтысып барғанында:

— Сизге мүмкин емес,—деди окрисполкомда.

Екинши алданыўы—Хожаниязға даўыс бериўи, онын өтпей қалыўы еди. Бунын пәнти ҳаялы қашып кеткенинен де аўыр көринди оған. Хожанияздан да бетер қандай бийабырай болып қалды. Онын үстине неше ақыллы гәплери, гейпара түнлерди уйқысыз өткергенлери, гейпара аш-жаланашлар менен кеңесип, биразына бипул гөне-көкси кийим, гейде дән бөргенлери, ояқбуяққа тынбай шапқан ат терлери!...

Сайлаўдан кейин ол көкирегин сууық жерге басып, қалайынша бурынгы қәлпине келиўди билмей жүргенде Төребайдың тамынын мылтыққа нышана болғаны әбден мазасын кетирди: жүреги музда-суў. Кирсе, шықса: «сырғыя Тәжим мурт ойласпады» деп, сарсылар еди.

Қаладан келген атлылар издиң басқа жаққа кеткенин анықлап Дүйсенбайдан гүманланбаса да, оған тышқан тесиги мың теңге, бойы аўыр: «үҳ... үҳ!!.»

Ол садақа, тойларға да көбаса бармайтуғын болып қалды. Үйине көпшиликти жыйнамайды. Ҳеш ким менен көп сөйлеспейди. Батрашкомлыққа сайланған Хожанияз бир жола түсте келип, дийхан жумсаўдың таза тәртиплери туўралы айтқанда да, онын өзин унатпай, ишинен сөгинип, жүзеки «ҳе, ҳе!» деп, мақул-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лап қала берди. Оның анда-санда сөйлейтуғыны, кеўил көтериў ушын соқта ойнайтуғыны Турымбет. Бирақ онын менен де гәплерин тереңге жибермейди.

Излерине қуўғыншы түскенинен қорыққан Тәжим мурт та бул аўылға қәдемин изеп баспай кетти. Ҳәмме менен байланыс үзилип қалғанына, бир жағынан қуўанса, екинши жағынан қорқатуғын да еди. Дүйсенбайдын ендиги жалғыз қәўпи Тәжим урттың тутылыўы. «Ол усланса истиң питкени — жалахор адам. Мени сөзсиз сатып кетеди», дейди өзи-өзине.

Аўылға әскерий кийим кийген биреў келсе де иши улы гүпилди болып ас батбай, безгек тийгендей қалтырайды. Дизесиниң дәрманы кетип жығыла береди. Ал сол келген атлының парахатшылық пенен кеткенин еситсе, бетине қан жуўырып, бойына ас тарайды. Сол ойласпай оқ атқан наймытлардын, еле табылмай атырғанын шала еситсе де, анығын сораўға ҳәммеден, ҳәттеки, Турымбеттен де қорқады, күндиз көлеңкесине де исенбейди. Тосыннан дуўшарласып қалса иләжы жоқ, болмаса Төребайдың көзине түсе бериўге де жүреги даўамас еди. Далаға шықпай адамлар менен қарым-қатнасы үзилип қалғанлықтан, ол Төребайдың бир ай аўылда болмағанын да билмейтуғын еди. Бир жола есигинин алдында турғанында өтип баратырған Төребайдын «Ассалаўма әлейкумын» еситип, жүреги бираз тоқтасқандай болды, сонда да исенбес еди...

Төребай Төрткүлден жүдә қуўанышлы келген еди. Хийўа айналасында жыйналған душпанларға соққы берип сапластырыўға жеңиске ерискен жигитлердиң қатарында областьтан алғысланды. Область басшылары алғыс пенен қоса аўылдағы жумысты жәнеде ҳәр тәреплеме жанландырыўдың зәрүрлигин ескертип, рух берип қайтарған.

Исти неден баслаў керек? Төребай енди усы жөнинде бас қатыра баслады. Округкомда берилген көрсетпеге муўапық мәжилис өткерди. Жыйналыстын мақсети—быйыл жерди жолдаслық ислеўди—ТОЗ баслаў еди.—Ол ушын егис баслағанша аўылдын қубласындағы партаўға жап қазып апарыў керек!

Төребай кескин қойған бул мәселе аўыл адамларынын тийкарғы дыққат орайына айналды. «Суў!» десе қайсы дийхан қарсы турады, ҳәмме бир аўыздан, жап қазыўға келисти.

Төребай дийханлардың аўыз биршилигине қуўанып Хожанниязға тәртип берди:

—Белдарлардың көпшилиги Дүйсенбай менен Атажан байдың есабынан болады.

Хожанияз тақыр басын қасығаны болмаса, илла деп аўзын



www.ziyouz.com kutubxonasi

ашпады. Бирақ соның ала не себептен де Хожанияз Төребайдикине көп келгишлейтуғын болды.

Сырттан бақлап Төребай менен Хожанияз арасынан әлле-қандай от шығыўын асығыслық пенен күтип жүретуғын Дүйсенбай бир күни «ақсақал менен батрашком сөз алысып қалыпты» деген гәп еситти. Қарақулақтай ҳәр кимниң аўзына қарап, сөзлерин тыңлап, биразын ҳаяллар арқалы еситип еди. Олардың жоңжели ақсақал менен батрашкомға кеңсе салыў үстинде екен. Төребай кеңсени усы аўылдан, ал Хожанияз өз аўылынан салыўды усыныпты.

— Бул тартыстың биреўге ысыўы, биреўге суўығы жоқ,— деди Дүйсенбай өзинше.—Қайсы әўлийеге жерлегенде маған қыз эпереди дегендей гәпта!

Дүйсенбай усылардан басқа ҳеш нәрсе билген емес. Тек суўға баратырған ҳаяллардың аўзын аңлығаны болмаса, басынан қорқып биреўлер арқалы сорап билиўге, қызықпады да. Ол өзин қаншама аўлақ тутқан менен, аўыл бойынша өткерилген наўрызлық[1] гөжениң салтанатына қулақ аспай, бөлинип кете алмады. Дийханлардың бирин-бири шақырыўы көбейип ҳәмме араласқан жерге бул да барды. Бул байрамда өзи туўралы жаман сөз еситемен деген еди. Ҳәмме тымтырыс, тек ҳүкиметтиң келешеги туўралы сөз болды. Соңлықтан қәўипсиз, пүткил ўақыялардың кем-кемнен басылып адамларға араласа баслағанына қуўанып, үйинде түрли ойлар менен жатыр еди, ярым ақшамда даўысы таныс биреў қапысын тырнады:

— Дүйсеке, а... г... ш!...

Төсегинен жылан шыққандай бай селк етип, есигин ашыўға мәжбүр болды.

Тәжим мурт кирди.

— Аманлық па?— деди Дүйсенбай сыбырланып. Тәжим мурттың сөйлеўге тили жуўыспай, тоңып қалыпты. «Аҳ, аҳ!» деп, жоңқадай алақанларын печьке басып, бир майдан ҳалықлады. Оның узақ жерден пияда келгенин сезген бай ҳештеңе демей, шырағы жағажақ болып атырғанда Тәжим мурт:

— Кәне, кийин!— деди буйырып.

Байдың етине қалтыратпа тийди. Бирақ Тәжим мурттың өзи келгени ушын бәне таўып қалыўдың есабын таппай, қыйпан-сыйпан етип бешпентин, белбеўин таба алмағандай ҳәр нәрсени бир услап айланшықлады да жүрди.

---

[1]Наўрызлық—жаңа жыл басындағы байрам.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Болсанә!...

Олар Ийшанқаладағы Нурымбет ахунның мешитине келгенше бир ауыз сөйлеспеди. Бул жерде жигирмалаған адам булардың келиўин күтип отыр екен, Дүйсенбай Нурымбет ахунның йинегине кирип отырған түлки тери малақайлы, сақалы бир тутам биреўди көрип, өзин жас гезинде бир тойда аттан жығып кеткен бай баласына шырамытты. Бирақ анық биле алмады, оның қол менен тырнап тескендей көзлериниң ойнақшып турғанын көрип жансызба деп те гүманланды. Көкиреги буған да исенбеди. Деген менен ким екенин жете билгиси келип, соған тигилиў менен ойы бәнт болды. Басқаларға қарап, билип алыўға пурсат та болмады. Асығып отырған Нурымбет ахун сөз баслады:

— Азаматлар, қуда ҳүрметине бизин атымызды билетуғын елдиң гүллән қаймақлары жыйналып болды. Уақыт қысқа. Сонда да мен азмаз айтыңқырайын... Ийшанымыз ҳәммеңизге сәлем жоллап, бала-шағаңызға өмир, өзлериңизге жүрим ҳәм ийман тилеп атыр... —Әңгиме ҳәмме диншилердиң Әмиўдәрьяның арқасындағы атақлысы Қасым ийшан жөнинде баратырғанын билгенлер де, билмегенлер де сорамады. Тек ғана ултаны ызғар мешиттиң дийўалынан басқа жаны барлары: «ийшаным, ийшанымыз саў болсын» деп жабырласты. — Ийшанымыз Қызыл қумда жүрген қазақ байларынан да хабар алыпты,— деди Нурымбет ахун жүдә исенимли ҳәм мақтанышлы.—Бизге жәрдем беретуғын болыпты. Турдықылыш пенен Тәжимжан сөйлесип қайтты. Турдықылыштың шабарманлары Жуманияз ләўзе, Мәтжан мықыры бүгин бул жерге жетпекши еди. Кешигип атыр. Күтпей-ақ ? қояйық...—Әлбетте, бәриңиз де бир елди ауызыңызга қаратып келген ақыллы адамларсыз. Сонда да ийшанымыздың «мениң атымнан айт» дегенлерин айтыўым керек. Бул Хорезмниң шуқыры-ата бабаларымыздың дин мусылман ўалаятына биротала араласып, мусылман болған жери, исламға қол берген жери, бейиштен орын алатуғын жери. Енди кеңес ҳүкимети бир сумлық таўыпты. Динди ойран етип, мусылманлардың парра-паррасын шығарып бөлип жибереди деген хабар бар. Ягный ҳәр миллетке өзин-өзи басқарыўға ерик беремиз деп алдап, мусылманларды бир-бирине қарсы қоймақшы. Халықтың ерки кимде болыўы керек? Бир қудада ҳәм қудай тәрепинен белгиленген исламның ийелеринде, ақсүйек бекзатларда. Қудай әўелден адамзатты еки қыйлы қылып жаратқан. Ислам күшиклери, ақсүйеклер, бекзатлар хан сайлап, ел басқарып, қара пухара тек ислеўи тийис. Ал, ҳүкиметтиң бул ойлап атырғанлары мусылманшылыққа қайшы келетуғын тәртип. Биз



www.ziyouz.com kutubxonasi

барлық мусылманлар бундай тәртипке қарсы гүрес ушын бирлигиўимиз керек... Өзлериңиз билесиз, Жөнейтхан жеңилгеннен кейин бираз тыныўшландық. Себеби, душпанды сапластырыў ушын күш топлап алыўымыз керек еди. Күш топланып атыр. Қоңырат қаласының әтирапын қорғанлап, әскер ойнап атырған менен, Әмиўдәрьяның қубласы қәўипли емес, арқасында бәле бар. Өзлериңизге белгили, бул жағы орысларға ертерек жақынласты. Сол ушында ийшанымыз ақыллылық етип Қызыл қумға барып қайтты. Дәрьяның арқасын алсақ Қызыл қумда жүрген қазақ атлыларына қосылып Қызылордаға шабамыз. Аржағында Мәскеў узақ емес. Төрткүлде, Самарқандта, Ташкентте жаңа ҳүкимет басшылары барлық шығыс мусылманларының күшин бөлиў ушын таярлық көрип атырса керек. Дәрьяның қубласының қарақалпақларын Майлы шеңгелден баслап Барса келмес, арқасы Арал теңизи, Қызылдың қумынан шегара тартып автоном область етпекши дейди. Бул ақылға уғрас келмейтуғын талап. Сол ушын алланы яд еткен ҳәр бир мусылман атқа миниўи шәрт. Биринши гезекте Төрткүлде жаңа ҳүкиметтиң оқыўын оқып атырған мусылманның сатқын балаларын тарқатып жибермей бизге тынышлық жоқ. Мусылманнан айнығанлар жаман. Айтқан гәпимиздиң қулы болып жүрген бурынғы ақсақалдың айыбын таўып қаматқан ким, билесизбе? Сол Төребай еди. Сол үйи жаңғыр Төребайды оқып жүрген Жумагүл Зәрип қызы қуўатлайды. Сол қатынның кесепатынан келешеги сүттей ғана аппақ Хожанияз мақсымның ақсақаллыққа сайланбай қалғанын билесиз. Себеби, енди Маңғыт аўылына ким ақсақал болады деген сораў туўғанда, сол саллақы қатын Төрткүл обкомына барып, Төребай болады депти. Даўыс бериўде де қылаплық болды ма деп ойлайман. Солай ма Дүйсенбай?

— Солай тақсыр!— деди Дүйсенбай.

— Әне, көрдиңиз бе, ҳүкимет басшылары өзлери оқытқан адамлардың созин тыңлай береди. Егер усылайынша оқыған адамлар көбейе берсе, кеңес ҳүкиметиниң тиреги көбейип, ақыбети жаман болады... Буның менен сизлер, ис қоржынға айланады деп ойламаң. Жети атасы бий болмаған адамға ел басқарыў мәкириў. Оны қудай да шеп көреди. Елеберин көзиңиз жетеди. Қарақалпақтың ҳаялы ғой ҳаялы, бурын кисиге төрелик берип көрмеген еркеги журтқа басшылық ете алмайды. Оны өзлери де биледи. Сол ушын анаў Төребай дегенге жорта ел басқартып қойды. Қарақалпақ аўылына келгинди биреў ақсақал болды деген не сумлық?..



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Дурыс айтасыз!— деп түлки малақайлы мақуллап қойды.

— Әне, еситтиңиз бе? Автоном болатуғын болса ондайлап қуўып шығарылады. Оған шекем бир қарақалпақ оның айтқанына жүрмей аўыл гарқасады. Буған ким айыплы? Еки жүзли, қуянқы Жумагүл айыпкер. Ҳүкимет еле оның қасаңлығына түсинип өзин дарғазап қылады. Асықпаң сизлер, ол қатынның алдағанын түсинеди. Бипай өмиринде ҳаялға исенбейтуғын болады. Себеби, бул халыққа сатқынлық. Ҳаял деген жүзегей халық қой. Қойың, жигитлер, қызып кетиппен. Ондай ҳаялды ҳәр адымда шалыў керек... Ел басқарыў тек сизлердей бекзат, ақ сүйеклерге минасып... Қысқасы, Төрткүлге шабыўыл жасап, «Әмиўдәрьяның арқа-қубласын бириктирип, жаңаша тәртип орнатамыз» деп атырғанларға жарақ пенен қарсыласыўымыз керек. Бул бизге қыйын емес, себеби ҳәзир ҳүкимет ҳәмме жер бизики болды деп, тек жаңаша оқыўға кеўил берип атыр. Қалай қарайсызлар?

— Төрткүлдеги басшылардың арасында бизди қуўатлайтуғынлар бар ма?— деди арт беттен биреў.

— Бар.

Ҳәмме тым- тырыс.

Қоразлардың жекке сийрек шақырғаны еситилди. — Тарқасыў керек,— деди Нурымбет ахун.— Мақул ма?

—Мақул, мақул,—деген гүңкилдилер шықты. — Әлҳәмдиллаға тили келген мусылманлардың исеңимлилеринен ҳәр бириңиз екеў-үшеўден адам таярлайсызлар. Шабыўылдың күнин өзимиз айтамыз. Ийшанымыздың басқа да ойлап қойғанлары бар, оны аўылыңызда көре берерсиз. Ал, ҳәзирше ийшанымыздың ант хатын оқыйман. Тәкирарлаңлар: «Бисмилла! Ислам ушын бир тамшы қанымды аямайман. Өзим тутылсам, ислам ушын дегенлердиң ҳеш қайсысының атын айтпайман. Айтсам тилим қырқылсын, көрдим десем көзим шықсын, нағыз дозақый болғайман, отлы гүрсиниң астында қалғайман. Әўмийин!..»

Ҳәммеси ғаўырласып тәкирарлады. Сонда да Нурымбет ахун оларға исенбей ҳәр қайсысына нан услатып болып тарқатты...

Бирақ Дүйсенбайды иркип қалып ескертти:

—Қаланың басшылары Зәриптиң қызы Жумагүлдиң оқыўын питкериўинен көп нәрсе күтип отыр. Абайлы бол. Биз сол Жумагүлдиң ерине көп нәрсе жүклеўимиз керек. Гези келгенде ол аңсатлаў оқыўға жиберилсе, ҳештеңе уттырмаймыз. көз қулақ бол...



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Дүйсенбай Ийшан қаладан таң ата келди. Ҳаялым ҳеш нәрсе сорамасын дедиме, от ысырып көрмеген адам үйине бир дәсте жыңғылды қушақлап ала кирди.

Чай ишип болып уйқыға да жаталмады. Түпсиз қара уўайым басты: Жарақ асынып топылысқа барыўдын ақыбети жақсы емес, оқ тийип өледи. Тири қалған менен женилсе, әшкара болады. Нурымбет ахунның алдында ўәде берип, енди бас тартса, баз-баяғы жаман, тили мүки болады. Сол ушын ең болмаса Турымбетти қайтадан таярлап шабыўылға қосыўы тийис.

Тағы қандай имканиятлар бар? Бәрин ойлай баслады. Есине Тәңирберген машиншы түсти. «Пай, өзи дүньядағы саран, бирден-бир қыйқым адам-аў», деди гүбирленип ҳәм ақсақал сайлаўынын жуўмағы шыққан күни ақшам келип, оның шаўқым шығарғаныи еследи.

— Бүйтетуғынын билгенде, пул емес, сизлерге тәңирдиң ғазабын берер едим,—деген еди машиншы.

Сонда Дүйсенбай:

—Берген пулың азлық етти. Көп пул үстемлик әперетуғынын, қолға кирген үстемликтиң өзи көп пул екенин түсинбедиң!—деп, жеңислик бермей, қайтарған еди... Илажсыздан не де болса Тәңирберген машиншының аўзын және ийнскейнн деген қыялға берилип ақыр соңы соған тәўекел етти.

Қалың малын қайтып төлетип, ең болмаса басқа биреўге тиймей, қызының оқыўға қашып кеткени ушын ҳаялы менен урыслы болып, ишки зәрдесин кимге айтып жарыларын билмей жүрген машиншы Дүйсенбайдың келгенине қуўанып, машина тигетуғын гүрсисинен түсип көз әйнегин алды.

— Дүйсенбай, келмейтуғын болып кеттиң?

— Бул бир таршылық заман болды.

— Айтпа-айтпа,—деди машиншы басын шайқап.—Мендей масқара болғанлар бар ма екен? Алған малды төлеў деген не сумлық еди. Журт не айтысып жүр?

Тәңирберген машиншыны көрсем, және Хожаниязды ақсақал етемиз деп шығарған пулларынан гәп қозғайды деген қыял менен жүрген Дүйсенбай оның ҳәзирги сөзлериниң бағдарына қарап, өзин үстем тутып гәпти шорта кести:

— Ағын суўдын сағасынан байламаса болмайды.

— Ол не дегениң?

— Бой жеткен қыз-ашырқаған қаншық. Қызларды сөзге ылықтырып әкеткенлердиң өкшелерине желим жағыў керек-тә!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Машыншы енди мақуллаў белгисин билдирип басын ийзеди. Бай биразға шекем сөйлемей қалды. Машыншының жуқа қызыл көзлери аларып, көкнар сүзекидей сарғыш тартқан жүзлери жыбыр-жыбыр етип, көп ўақыт отырды. Дүйсенбайдың қыялы бул сапары ашығын айтпай кетиў еди. Машыншының ҳақыйқаттан да бул сумлыққа кеўли берилип отырғанын аңлап «тандырды қызғанда жабайын» деп туўрысынан келди:

— Төрткүлде жатып аўылдағы аўзының сарысы кетпеген аңгөдек жигит-қызларды мәргиядай өзлерине тартып отырғанларға жарақлы топылыўымыз керек.

— Екеўимиз бе?

— Егер келиссен қырық-еллиўден кем болмайды.

— Жолдас табылса, бараман,—деди машыншы шешимли түрде.

Усы күннен баслап қайтадан екеўиниң әлпи алысып кетти. Әңгимеден әңгиме туўып, сайлаўда утылыў себеплерин Дүйсенбай Төрткүлдегилерге ҳәм Жумагүлге аўдарып еди, қызы ушын күйип-писип жүрген машыншының әбден ғыжырданы қайнады. Сөйтип олар күнде болмаған менен күн ара жолығысып, өзлериниң келешеги жөнинде ойласатуғын болды. Нурыбет ахунның тезирек хабар жибермегенине асығып, Дүйсенбай:

— Япырмай, ийшанымыз жақсы түс көре алмай жүр ме екен,—деп, тоңқылданады. Оған қосыла Тәңирберген машыншы да шыр-пыр болып, ийшанның жақсы түс көриўине тилеклеслик билдиреди. Солайынша күте-күте, Дүйсенбай апрельдиң басында қалаға барып еди, ат байлаған шарбағында биреў оны тутып алып:

—Келеси жума!—деди де кетти. Дүйсенбай бул күнди тақатсызлық пенен күтсе де, Тәңирберген машыншыға ескертип болып, енди ҳәр қыйлы сумлық ойлады...

Ўәдели күни аўыр жатарда Тәңирберген машыншы оның қыпқызыл қан қусып ошақтың басын жайратып таслағанының үстине келди. Дастықты бийик салып жатырған бул адамның бас ушында ол азмаз отырды да, ҳалын көрип, бирақ сумлық пенен «ойран бояў» ишкенин сезбей, оның силтеген жағына кетип қалды.

Ол сол жатыстан еки ҳәптеге шекем далаға шықпады...

## 3

Тазадан қазылатуғын жап Кегейлиден саға алып аўылдың қубласы менен шығысқа қарай ағыўы тийис. Бир топар дийхан-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ды баслап Төребай бастан ақырына өлшеп шықты ҳәм оны «Жаңа жарған» деп атауға келисти.

Жердиң тоңы кетиўден «Жаңа жарғанның» қазыўы басланды. Гә Хожанияз батрашком, гә Төребай қазыўшылар менен болады. Қазыўдың тийкарғы шығынын Атажан бай менен Дүйсенбайдан өндириў мөлшерленген еди: жүдә кәмбағал дийханлардың ҳақысын солар төлейди.

Абдулла Қоңыраттан жигирма күнде-ақ қайтып келген еди. Ол жерде бир қан төгиспеге қатнасқан. Өзи сыр сақлаўға да беккем жигит екен, Қоңыратта не жумыс ислеп келгенин тек Төребайға ғана айтқаны болмаса кисиге билдирген емес. Қазыўдың биринши күнлеринен баслап жең түрип шықты. Оның жағдайы ҳәммеге белгили. Сол ушын Абдулла менен Қалийге биринши гезекте ҳақы берилиўи тийис еди. Олардың екеўи ушын Хожанияз Дүйсенбай менен шартнама дүзисти.

— Мейли, Хожанияз,—деди Дүйсенбай шартнамаға қарсылық етпей.—Ел ушын жап қазылса болар.

Бул кисиниң гәпиниң бағыты Хожаниязды ҳайран етти. Не ушын қыйланбайды, ямаса ашыўланғаны ма?... Солайынша ол өзиниң гүмилжи ойларына жуўап таппай-ақ, қағазларына қол қойдырды да, көп сөйлеспей кетип қалды.

Қазыўға жапатармақай ҳәмме қатнасты. Қолы бос адамлардың ҳеш қайсысы мирәт күтип отырмайды, бел алып қазыўға барады. Нышлы беллерден шыққан топырақлар гербиштей-гербиштей болып атылып, күннен-күнге бийик ырашлар көтерилип атыр.

— Быйылғы ықласқа қудай береди,—деседи дийханлар өз ара сөйлессе.

Батрашком Абдуллаға шартнаманың ушынан ҳақысына дән эпериўге келгенинде «аўырыў» болып жатырған байды көрип, Абдулланы қайтарып жибергеннен кейин, қаталлықты қойып, бас ушында гүналыдай отырды:

—Жас үлкен, жүдә жаман жығылдыңыз ба?

Дүйсенбай:

— Билмедим, билмедим,—деген ен басқа ҳештеңе демей, бостан-босқа «ҳоқ-ҳоқ» деп лоғыды, аўзынан ҳештеңе түспеди. Бәрҳа от жақтырып қойғанлықтан ба, бетлери майға пискен баўырсақтай қызыл еди.

—Шара жоқ, Дүйсенбай аға,—деди батрашком Дүйсенбайдың хаялы шығып кеткен соң сыбырлап.—Еле де дийханлардың төртеў-бесеўинен басқасын зорлап қойыппыз. Төребайға салса көпшилигин сизиң ҳәм Атажан ағаның есабынан жумсамақшы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Халық деген, бийшара үркек қойдай, қорқытсаң қорқып жүре береди. Ал енди, үй жаналасам деген ойым бар.

Дүйсенбайдың жарқабаққа шыққан ажырықтай уйысқан өлпең муртлары жыбырласып, езиўинде күлки пайда болды.

—Есиң дузиў ғой, иним, керегиңди сорай бер. Мен айтпай-ақ өзиң бәрин билесең. Жақын арада ақсақаллықты оннан алыў керек. Ахунымыздың болжаўына қарағанда, ҳәзирше буның ақсақал болғаны тәўир болған. Көрсин журт, жалаң аяқ келгиндиниң ел басқара алмайтуғынын. Көрсин, қатынның айтқаны бойынша ақсақал сайлаўдың қандай болатуғынын. Көрсин, қатынның ақылының келтелигин!...

— Бүгин бир тамаша болды,—Хожанияз және сыбырланды.— Төребай жоқ еди. Бир атлы аўылдың ортасы менен «халайықлар, ислам ушын бириги̇ңлер!...» деп, «Жаңа жарғанды» жағалап шаўып еди, қазыўшылардың гүлләни ислерин қойып, ыраштың басына шығып тыңлады. Бир-екеўи ғана «неткен жалатай бул?» деп гүңкилдесип еди, көпшилиги оларға кейип «дурыс айтып атыр» лести. Соннан соң анаўлардың даўысы да семип қалды.

Дүйсенбай бул хабарға қуўанған менен, ишинде шеңгел жатырғандай еди. Ертеңги күни Нурымбет ахун алдында жуўап бериўден қорқып жатыр. «Ийшанымыздың және де ойлап қойғанлары бар, оны аўылыңызда көре бересиз деп Нурымбет ахунның ескерткени усы шабарман ба екен» деп. Дүйсенбай ишинен жорып, Хожаниязға билдирмеўге тырысып еснеди, керилди: «Алла, алла». Оның даўысы аўырыўға усамайтуғынына исенерин де, исенбесин де билмей батрашком «Жаңажарған» ға атланып кетти.

Қазыўшылар арасында алағадашылық бар екен. Хожанияз келе сала патырлап қазыўшыларға:

— Бул мениң тапқан қазыўым емес. Маған салса бир қарақалпақтың мунайғанын көргим келмейди;—деп атыр еди.

—Қумарпаздан батрашком болып,—деген бир гүңкилди еситилди.

Усы мәҳәлде, атын жанбаўырдағы отлаққа жиберген Төребай ыраштың басына көтерилди. Хожанияз тым-тырыс болды.

— Ақсақал, бүгин Хожанияздың үйлеринен еки адам келмей қалды. Бизиң топардан Салый менен Орынбай да жоқ, — деди Қалий белин таянып турып.

«Сен билесең бе» дегендей, Төребай батрашкомға қарады. Батрашком оның көз қарасына итибар бермей, атына қарай бурылды.

Кеште Төребайдың өзи келмегенлерди анықлап шықты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Орынбай менен Салый дәнлерин түўесип, жолдаслық жер исләўге келисилген келисим бойынша арба, өгизлерин бириктирип, отынға кетипти. Хожанияздын үйлериндеги дийханлар да сондай себеплер менен келмей қалыпты. Барлығынын себебин анықлағаннан кейин ол батрашкомдикине барды. Ол дастықты бәленттен қойып жатыр екен. Ҳаялы Улман өз дизесине бөпесин мипгизип емизип, еринин жүн басқан балтырларын қысып отыр. Ақсақал кирип келгенде Хожанияз қыбырламайжақ еди, Улманның бөпесин қапталына жатқара сала ушып түргелип, төсек салыўға қолайласып атырғанын көрген соң, нәйлаж:

— Кел, Төребай — деп, аяқларын жыйды.

Төребай төсектин бир шетине жанбасын тийгизип ашыўлы сөйледи.

— Атажан бай ҳәм Дуйсенбай менен және шәртнама дүзис! Қазыўшылар тарқап кетпесин!

Хожанияз дасқар шымшықтың қанатындай таргыл атаўшық муртларын сыйпап-сыйпап, күлип жуўап берди:

— Төребай, сен неге билмейсең ?Олардың кеширмеси көтере бере ме?

— Көтереди! — деди Төребай кескин .

— Ҳәзир Дүйсенбай аўрып атыр. Атажан бай ғарры. Егер олар ишқыста болып, өлсе, биз екеўимиз жуўап бермеймиз бе?

— Бизиң үйди оққа тутып. Жумагүлдин кемпирин атып кеткенлерге ким жуўап береди? Атажан бай ғарры болса, неге жас қыз алып отыр?

— Атажан байдын ғаррылығын билдирмейтуғын жас жигитлер көп,—десе батрашкомнын түси суўыды.

—Тәңирберген машыншының да, Мәмбет молланың да және еки-екиден белдар көтериўге шамасы келеди,—деди Төребай онын дәлилине қулақ аспай.

—Сенин менен биз байларға қарсымыз. Бирақ қарсымыз деп елди бүлдире бериўге ҳақылы емес шығармыз . .

Олардын тартысы биразға созылды. Ақыр соңы еки байдың ҳәр қайсысына және бир-бирден белдар салыўды зорға үйғарысып тарқасты.

Дүйсенбай буған да келисим берди. Бирақ Хожанияз оған көп егин егиўи ушын дийханларды жалдап беретуғынын айтып қуўантып кетти.

Арадан бир ҳәпте өткермей-ақ ол Тәңирберген машыншының келгенин еситти. Сонда да онын өзи келгенше шыдап ,бай бас көтермеди. Тәңирберген машыншы дәәтсизлик етип келип, таңланыўы менен есикте турып қалды:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ахунның ғарғысы өтпепти.

Машыншының шырайынан зулметли зәҳәрди абайлап, бай бас көтерди.

— Ахун сени қоян жүрек деп атады.

— Айтса қайылман. Аман қайттыңыз ба? — деди Дүйсенбай көрпе менен қымтанып.

—Ис патырат, алты адам өлди. Ең жаманы өлилер арасында Тәжим мүрт шала жансар болып, «ўай-ўай» деўи менен қалып қойды. Алып шығыўға пурсат таппадық.

Дүйсенбай, мени қорқытыў ушын айтып отырған шығар деп исенбей, оның бетине анықлап қарап еди, машыншының гүзги жапырақтай сары жүзинде қан қалмай, бөздей ағарып, қызыл көзлериниң айналасы бузаўбас жүрип өткендей исип кеткен екен. Әдебинде албырап қалған бай өзин басып, ишинен «бүлар тутылғанда мениң не жумысым бар, аўрып үйде болғанымды ҳәмме билеги» деген исеничте:

—Ахун хештеңе айтып жиберген жоқпа?—деди.

— Айтты.

— Тәўир болдым. Айта бер. өзи кайда?

—Ол қалған жигитлерди Жиңишкениң тоғайына жайғастырыўға кетип еди, бәлким,'үйне де қайтып жүрген шығар. Миллетлерди айырыў жөниндеги пикирдиң қәте екенин, оған халық күш бермейтуғынын айтты. Және азмаз шыдаў керек деди. Оның еле дәмеси мол. Ийшанымыз пикирлериннен қайтпаң депти. Бирақ ҳәзир ҳүкиметтиң саўатлы адамға мүтәж болғаны ушын өзимизге бейим адамлардан оқыўға жиберип алыў кереклигин ескертипти.

Дүйсенбайдың көзлери жасаўрап, «пыр-пыр» жанып турған шыраға түсип, тынып қалды. Тәңирберген машыншы жанбаслап чай ишти.

Екинши күни азанда бай Турымбетти ҳаялы арқалы шақыртып:

—Иним, аўырыўымнан аман қалғаным ушын саған садақа, — деп боғжамасынан ақ шашақлы бир гилем шығартып берип жиберди.

* * *

Соңғы гезде Төребайдың мазасын қашырып, аўыл дийханларының берекетин ушыратуғын бир ўақыя пайда болды: Биймәлим бир атлы ара тура: «Халайықлар, динди сатпаңлар! Диний Хорезмниң ҳүрмети ушын биригиңлер, ул-қызларыңызды жаңаша оқыўға берменлер...» деп, аўыл арасынан қуйындай шаўып өтеди. Төребай оны тутып алайын деп ғужырланады. Бийпайда



www.ziyouz.com kutubxonasi

аңлыған ўақтына тап келмес сирә. Ол усылайынша күйип-писип жүргенде округкомға шақырылды.

Окружкомның кеңсесинде көп адам бар еди. ОГПУ деги Орақбай Ембергенов та усы жерде екен. Окружком секретары Баймуратов кишипейиллик пенен Төребайды көриўден орнынан тикейип, алдына жүрип келип сәлемлести. Төребай ишинен «жаңа заманның басшысы да» деди де, дийўалға жанаса қойылған гүрсилердиң бириўине мәрдана отырды.

— Соңғы еки хәптениң ишинде аўылыңнан тыста болып келген, қыдырып қайтқан адам болды ма? — Баймуратовтың бул сораўы Төребай ушын күтилмеген сораў еди. Ол аўылдың мазасын алып «халайықлар!. .» деп шабатуғын атлы жөнинде сорар деп ойлаған еди. Күтилмеген сораўға ойланып қалды. Дурыс жуўап бериўи лазым. Қәне, ким қайда барды? Хәмме аўыл адамларын, қәўиплилерин көз алдына елеслете баслады: Дүйсенбай аўырыў. Атажан бай ғарры. Хожанияз өзи менен күнде көрисип жүр. Дийханлардың бәри қазыўда. Турымбет болса анасына қайыр бермей, жас балалар менен қайтадан асық ойынға түсип жүрипти. Ким,ким? Барлық адамларды еследи. Мәмбет молла пышықтай, кемпириниң қасынан шықпайды. Бир-еки мәртебе онын ешек арқанлап жүргенин де көрди ол. Айтпақшы, Тәңирберген машыншы көринбеди? Жоқ, оның өзи көп аса далаға шығып гезе бермейтуғын адам. Хәр кимниң кийимин тигиў менен бәнт. . .

— Жоқ, хеш ким қыдырмады, — деди ол ойланып-ойланып.

— Анық билесең бе? — деди Орақбай Ембергенов.

— Анық билетуғын едим. . .

Төрткүлге Тәжим муртлар жасаған шабыўылдан Төребайдың бийхабар екенин билгенсоң Баймуратов шақырған себебин түсиндирип:

— Сақ болыңлар, оқыў жөнинде быйыл умытпа!—деп қайтарды.

Ол қайтысын жол бойынша және ойланды. Хақыйқаттан да биреўдиң қыдырып ямаса тамыр-таныларына өлим түсип яки той болып кеткенин биле алмады. Төребай соңғы гездеги батрашкомның хәрекетлеринен шухбаланып, ол жөнинде Баймуратов пенен кенесип көрмекши болған еди. Киятырып ол туўралы айтпағанына қуўанды: «Аўыл кеңесликке талас болған соң қуры жаманлап жүрипти деп исенбеўи мүмкин. Оны өзим жеңиўим тийис» деди гүбирленип. Аўыл арасында базда көк ғарғадай көринип: «Халайықлар, дин сатпаңлар!...» деп, шаўып өтип кететуғын адам туўралы айтыўды умытып қалғанына өкинип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

қайтадан қалаға кетпекши болып турды да, және: «тек хабар жеткергенше өзим оның да жолын табайын» деп, аўылға қарай алған нәзерин бурмады.

Муғаллим жетиспегенликтен еле аўылдан мектеп ашылған жоқ еди. Жумагүлдиң кетерде зинҳарлап кеткен тапсырмасы, оған қосымша округком да ескертип қойыпты Баймуратов бүгин және есине салып жиберди: Қалай болмасын быйылғы жазда Төрткүлге жигит-қызлардан таңлап оқыўға жибериў керек...

Төребай бул тапсырма жөнинде талай бас қатырған еди. Калий қызларына жәм жуўытпайды. Орынбайдың балалары жас. Салый уста жалғыз қызым деп шыр-пыр болады. Бир ийсе Хожанияздың топарындағы Сейтжан ғана ийеди.

Төребай бул кисини бурыннан жақсы билетуғын еди. Олар талай-талай қазыўларда бир шек салысып бир төсекте жатысқан. Қалаға талай-талай отын сатысқан. Сейтжан Хожанияз бенен тек ғана аўыллас емес, ағайин болғанына қарамастан, оның ел бириктиремен, деп жақын жуўықларына да ҳарамылық етиўлерин ҳаслан унатпас еди... Ол бул сырларын тек Төребайға айтып ашылысатуғын еди. Болмаса өзи көп сөйлей бермейди де

Төребай усыларды еслеп Сейтжандикине бурылды. Үйинин қасында сур ешеги байлаўлы тур екен. «Өзи де үйде болғаны» деп аттан түсти.

Сейтжан аяғын көсилип, сегиз жасар улы таллап берген қабықтан кендир арқан есип отыр еди. Төребайдың кирип келгенине ушып турғанда қабығы шашылып еди, Төребайдың өзи жыйнастырып қазыққа илдирди.

Ҳаялы Турсын жоқ екен. Он бес жасар қызы Гүлжан жаман отырған әкесиниң көйлегин жүктиң үстине таслап, есик бетке шықты да от жағыўға айланысты...

Олар еркин отырып сөйлести...

—Ҳадал сырым, ҳаял оқып журтқа аға болады дегенге кеўлим бармайды, — деди Сейтжан оны атландырып атырып. — Жаңа заман ушын қызыма қарсылық етпеймен. Ал Турдыгүл келе қойса, көрип, Гүлжанның өзи-ақ кетемен дер еди.

Тәңирберген машыншының минези өзгермесе, Турдыгүлдиң жазғы дем алысқа келмеў қәўпи бар еди. Төребай ол жөнинде ҳештеңе айтпастан кетеринде:

—Ең баслысы, жеңгей қарсылық етпесин, ал жаңағы айтқаным, шабарманға тыйым салайық,—деди. Шабарман дегени сол «халайықлар»., деп шабатуғын бийбелги атлы еди.

Қурыгыр атлы қасақана тап Төребай жоқта, ямаса ол ағын жиберип, жамбаслап шай ишип отырғанда келип, аўыл арасын-



www.ziyouz.com kutubxonasi

да дүбелей турғызып, бир үйди от алып атырғандай ашшы даўыс пенен бақырып, ол далаға шығаман дегенше зым ғайып болады. Көбинесе намазлыгер, намазшам мезгилинде өтетуғын еди. Ол Хожаниязға да:

—Сен де сақ бол!—деп, бир-еки мәртебе ескерткен еди. Ол да Төребай усап, ғапылда қалып жүргенин айтады.

Шабарманды түсинип болмас еди. Төребай сол жаршының базда ақ, базда ала, базда қасқа атлы болып өтип кеткенин еситеди. Барлық аты жүйрик қусайды. Соған қарап олардың көп екенин, ямаса бир атты ҳәр түрге бояп жүрген бир адам екенин де биле алмайды.

Кешқурын ол атының ерин алып, алдына беде таслап, өзи тамға сүйенип, аўылдың бәҳәрги көринисине заўықланып тур еди. Арқа жақтан киятырған көмирдей қара аты бар бир жолаўшы көринди. Сондай нәлетий болмасын деп қәўипленип, өзин сәл тасаға алды. Жоқ, олай емес, мойнын төмен алып жүдә салпаўысып киятыр. Сөйтсе де Төребай ишке кирмеди. Кимдикине қайырылғанын билейин деп, ешейин турыпты. Бир ўақытта атлыға жан енди. Зәңгиге ширенип жән-жағына қаранды. Туппа-туўры Төребайдың тамына көз тикти, буны көрмеди. Аты тамның аржағында еди, оны да абайламаса керек, уры ийттей жән-жағына қаранып, аўылға араласа келе, бирден үсти-үстине атын қамшылап жиберип ,бас байрақ ушын озып киятырғандай қамшысын былғап сүренледи:

—«Халайықлар, халайықлар! Еситпедим демеңлер... Ислам ушын... Жаңаша оқыўға бала бермеңлер!...»

Төребай изин тыңлап турмады. Жадағай атына ғаргып минип, қуўа жөнелди. Қара атлы, қуўғыншы түскенин көрип қалып, атын бас демей,көз демей урып, артына қарап-қарап, даўыл айдаған қаңбақдай ушып баратыр. Бул да жеделленип «шүў, жәниўар, шүў!» деп атын ҳәм хошеметлеп ҳәм қолына илинген шыбық пенен сабалап қуўып киятыр. Қара ат жүйрик екен, кем-кем араны ашты. Төребайдың қасқа аты да кем-кем қызып, ойға, бәлентке қарамай келеплеп шаўып, кийиктей атлығыўда. Кашқын бәрқулла артына бет бурып баратырғанлықтан ба, аты гилең шеңгелликтиң, жыңғыллықтың арасы менен аўылдың қубласына шыққан соң «Жаңажарған» жаптың қайшысына тирелип, батысқа бурылайын десе Кегейли бар, бирден жапты жағалап Ийшан қала тәрепке қарай туппа-туўры шапты. Төребай да араны қуўырып киятыр... Ийеси меңгере алмаған қара ат кәпелимде сүрнигип кетип, омма-қазан атып ушып түсти. Ол



www.ziyouz.com kutubxonasi

қайтадан атын тиклеп минемен дегенше Төребай да жетип үлгерди.

Қашқын үстине узын шапан кийип, шабандоздың кейпин тутқан арықнамайлаў, бир тутам қара шоқ сақаллы биреў екен, үстине қәўип жақынлаған гезде оның қолында шығанақ бойлы ақ сүйек саплы пышақ жалт ете қалды.

Жарағы жоқ адамның пышақлы жаўға аттан түсип топылыўы қәўипли екенин екеўи де биледи. Төребай әмелин тапты. Атын арқанлайтуғын шылбырдың ушын гүрмеклеп, тап бир асаў услайтуғын жылқымандай пияданың үстине атты айдап, дөнип барып, таслады, мойнына түспеди. Айланып келип тағы таслады, тағы түспеди ,үшиншиси иретте қашқын арқанның гүрмек шалынған ушын қақшып алды. Төребайдың қолынан аттың дизгини кетип, Төребай да атын былай-былай табжылта алмай қалды. Ал анаў аттың дизгинин саўмалап, кем-кем жақын киятыр. Төребай оның қасына жақын келип пышақ урыўын күтип отырыпты Қашқын жүдә жақын келип «я, алла!» деп асаў тайдай шаншып, пышақ силтеген мәҳәлде, Төребай өзин оның үстине бүркиттей урды. Екеўи қушақласа жығылды.

Пышақ Төребайдың жанбасына қадалған еди, қайындай сүлиңгир жигит пышақ зарпын нүткиллей сезбестен, ийесиниң суўырып алыўына үлгертпей, қапсыра қушақлап астына басты. Қашқын тырмасып атыр. Ысласпа, пысылдаспа, тислесиў... Қашқынның қолында және бир кишилеў пышақ жалт етип, Төребай қолының уйып аўырғанын сезди. Топырақ қанға былғанды. Төребай бул қанның қаяқтан ағып атырғанын байқамады Себеби, қашқынның да аўзы-мурны қан. Төребай бир түпирип қараса, еки жағының да тили бар шаққы оның қолында ойнап жүр екен. Жан айбаты менен оның шаққылы қолын қысып, өзиниң сүйир ийегин оның кегирдегине басып еди, қашқын ҳәлсиреп, шаққы жерге түсти. Шаққыны өзи алып, қәўиптен қутылған соң, оқыранып қасынан кетпей турған қасқа аттың шылбырына қол узатып, душпанның еки қолын денесине қосып, бала қундақлағандай шандып, тикейип еди, үстиндеги көйлеги өрим өрим болып ҳәмме денесинен қан тамшылады. Майжанбасына қадалған қанжардың сабына қол тийгизип көргенде, жаны көзине көринип, бүккесине түсти. Геўгим түсе Төребайдан ҳал кетти. Тикейип атқа миниўге шама жоқ. Қасындағы торға түскен сүўендей шырмалып қалған адамға ара-тура қарайды. Ол ыңырсып, тисленип күшенеди, сирә аттың шылбыры оны жаздырар емес.

Бирден дүсирли шықты. Буннан екеўи де дәмеленип бурын



www.ziyouz.com kutubxonasi

лып еди, Сейтжан бир арық шубар атты сабалап келип қалыпты. Ол шырмалып қалған адамнын бетине үңилип турды да:

—Газзап, ҳарамы!—деп гүбирленип, денеси қанға былғанып, аяқларын көсиле алмай, бүккесине топ болып жатырған Төребайды көрип:

—Орынбай...й.й! Берман айда!—деп даўыслады.,

4

Төребайды қозғаў мүмкин емес еди. Қалаға жетиўи қыйын. Сол ушын оны үйине шекем еплеп әкелисип:—Орынбай, басында бол, қозғалма, енди қан ақпасын,— деп Сейтжан тутқынды аттың ерине бөктергидей қылып кесе жатқарып түни менен қалаға әкетти. Төребай, денесинен пышақ суўырылған менен, жүдә ҳәлсиреген еди. Ертецине Сейтжан келген соң көзин ашты. Сейтжан бир рус ҳаял менен келген еди. Ҳаял келди де, үй ишиндегилерге өзи үстемлик етип, Төребайды шешиндирди ҳәм пүткил денесин өзи жуўып қайтадан танды. Бул областьтан округке келген доктор еди. Төребай доктордың қалада жоқлығын өз тилинде Сейтжаннан сорап еди, ҳаял жергиликли тилди билетуғын болып шықты:

— Мен областьтан келдим. Қаладан кеселхана шөлкемлестириўге келген едик...— деди.

Төребай қысынғанынан жымыйып күлип еди;

— Ҳеш гәп, ҳеш гәп!— деди де, оның жаралары қәўипли емеслигин, күтсе тез тәўир болатуғынын, бирақ жаралардың шүбереклерин алмастырып турыў зәрүрлигин Төребайға айтып, қалай ислеў кереклигин Бағдагүлге үйретип, асығыслық пенен қалаға қайтып кетти.

Енди Бағдагүл де шебер болып қалды. Бурынғыдай Төребайдың айтыўы бойынша емес, доктор қалай үйретип кеткен болса солай ислейди. Кем-кем жарадардың бети берман қарай баслады. Бирақ ол жатса да тынымсыз. Қазыў менен қызықсынады.

Бул сапары ол жеккесиремеди. Аўыл дийханлары келип турады. Ембергенов бир келип, тутқынның Қасым ийшан дегенниң бир шабарманы екенин, бирақ оның қайерде турақлайтуғынын ол билмейтуғынын, деген менен оның көрсетиўи бойынша «Алтын тоғайдан[1]» бес баспашы тутылғанын айтып,

---

[1] *Алтын тоғай*— Шортанбайдың сағасындағы Әмиўдәрьяның қайырындағы тоғай. Торангыллары ақ теректей дүзиў болып өскенликтен усылай аталып кеткен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

кеўлин көтерип кетти... Баймуратов та келди. Ол дәслеп Төребайдың кеўлин алыў ушын өзи жөнинде сөйледи:

—Еситкен шығарсаң, мен 1916-жылғы мәрдикарға алыныўдан революция исине араластым. Соңынан қызылларға қосылдым. Биз, революционерлер қандай қыйыншылықларға төзим бермедик, иним. 1918-жылы гезегим бойынша түнги сақшылықта тур едим, қайсы қудай есимди алғанын билмеймен, ақлардың еки-үш адамы артымнан келип аўзымды басып, тайдай туўлатыўы менен әкетип қалды. Ордасына барған соң, пай қыйнады-аў, рейимсизлер! Мынаған қара, саў жерим бар ма?— Баймуратов көкирегин, жаўырынын ашып, жол-жол қара тыртықларды көрсетти.— «Қызыллардын баслы күши қәйерде екенин айт!» деп етиме темир қыздырып баса берди. Хәр басқанда терилерим «ўажж-ўажж» етип, жаным көзиме көринеди. Өлсем де айтпаўға бел байладым. Партия бизди соған үйреткен, ақыры... Енди зыйыққа отырғызып өлтиремиз деген күни өзимиздинҚызыллар келип, қутқарып алды... Хеш гәп, аўырып турдың—аўнап турдың...— Буннан соң Баймуратов «Жаңа жарған» нын қазыўын көрип келип, аўыл дийханларын жыйнап, ТОЗ ҳаққында сөйлесип, ўазыйпаларды айтып, Төребайдың усынысы бойынша Сейтжанның ТОЗ ға баслық болыўын мақуллап, дийханларға сайлатып кетти.

Баймуратовтың кетерде Төребай менен Сейтжанға және ескерткени мынаў болды:

—ТОЗ ағзаларын көбейтиңлер... План ушын дәнди көп егиңлер... Батрашкомнан дурыс пайдаланыў керек, ол қалаға бийпайда көп қатнағаннан гөре, аўылда көп ислейтуғын болсын.

Төребай бул сапары да батрашком жөнинде айтпай қалды. Себеби, Баймуратовтың сөзине қарағанда Хожанияз қалаға ҳәр барғанда булардың үстинен шағынып жүрген болса керек. Қорыққан бурын жудырықлайды деген. Енди оған қарсы даўласыў басшыларды алжасыққа салып, екеўине де исеним кемейип иске зиян береди. «Еки ийт урысса, сүйек ғарғаға оң түседи. Буны жамай жаўлары пайдаланады. Бәлким, Хожанияз жөнинде мен алжасып жүрген шығарман» деп ойлады.

Ол бир айға шамалас жатып түргелди. Ол өзин бираз күшли сезер еди. Себеби Хожанияз қарсы болған менен Сейтжан менен пикири дәл келеди. Сол ушын Төребай жазға қарап гилең тамсыз дийханларды жыйнап-кеңести.

Ақсақалдың да, ТОЗ баслығының да мақсети жайсыз дийханларды бириктирип жай салыў еди. Дийханлар әбден түсинисе алмаса керек. Бир-бирине алақласып қарасқан гезде;



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Барлық ТОЗ ағзалары биригип, улыўма бир дәлизи бар, малханасы бар, нәҳән бир жай саламыз...—деди Сейтжан.

— Сен «ТОЗ-ТОЗ» деп, ақырында қатын-баламызды да бириктирмекшимисен?— деди биреў.

— Айтып болғаным жоқ,— деди Сейтжан оларға.— Ҳәр кимниң хожалығы айырым, өзлерине дәрек бөлмеси болады. Бунда барлық күшти есапқа алып биреўден-биреўдиң дийўал пайда етиўин нәзерде тутып, тамларды тек жалғастырып салыўды айтып отырман...

ТОЗ ағзаларының биразы түсинбей бас қасый баслаған соң Төребай және сөйледи:

—Аўылласлар, мейли, ойланып көриңлер. Бизиң айтып отырғанымыз сизлердиң ғамыңыз. Ҳештеңеңизге зәлел келмейди. Ҳәр кимдики өзиники...

Ақырында, олар ойласыўға мәўлет алды...

* * *

Соңғы күнлери Тәңирберген машыншы жанланып кетти. Төребайдикине жийи-жийи келип турады. Жүрген бир қайырқом. Бағдагүлдиң кийим жаман отырғанын көрсе де «мен тигип әкелейин» деп әкетеди, жәңе айтқан ўақтында питкерип әкеледи.Бул кисиниң тек шарбаншылығы, өзимшиллиги болмаса ҳүкиметке қарсы гүдибузарлық ислегенин ҳеш қашан сезбеген Төребай, ишинен оның көп келгенин жақтырмай, Бағдагүлге ескертпе жасады:

—Үйге келиўине қарсы емеспен, бир сораўым, кийим тиктирип, үйир қылма!

Тап усы гәпти еситкендей бир күни келгенинде ол Төребайға жалбарынды:

—Иним, перзент ҳақыйқат жан тамырың екен. Турдыгүлди сағындым. Ол меннен қорқып жазда аўылға келмес, келе берсин, көрейин, қандай болды екен. Хабар жибергиз!

Буған Төребай исенерин де, исенбесин де билмейди. Қызы кеткенде аўылды басына көтерип жәнжел шығарып жүрген бул киси қай дегбирден састы екен? Сумлық пенен айтып жүрген болмасын. Төребай әри-бери ойланды. Бирақ сырттан Нурымбет ахун қусаған биреў усындай сумлық үйретеди деп есине келтирмеди, сирә. Келтирейин десе көрген жерде оның сол ыңғырыўлаўы: «Перзентим», деп жыламсырайды. Оған қосымша бир жола ҳаялы Бийбиайым келип, Бағдагүлге машыншының ҳақыйқаттан да жалғыз қызын сағынып жүргенин айтып:



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Ақсақал қәйним шақырта қойсын,—деп кетипти.

— Хабар жибергизейин — деди Төребай.— Ол қайтама қайраўдағы ғаздай басқа қызларды әтирапына топлаўға да себепши болар.

Соған шекем ол оқыўға баратуғын жигит-қыз үгитлеўин тоқтатпады. Сейтжан менен, ҳаялы Турсын менен қайтадан сөйлести. Қалийдиң үйине хабарласты. Усылай етип жүргенде күтилмеген жерден Турымбет келди.

— Оқыўға мени жибер, ақсақал...

Төребай менен бирге отырған Хожанияз алды менен қуўанышын билдирди:

— Әне, жигит! Әне қарақалпақтың бир азаматы!

— Муғаллим таярлайтуғын бир жыллық курсқа бир жигит жибериў керек еди, мейли сен-ақ бар,— деди Төребай.

Турымбеттиң үлкен қыйық көзлери күлип, жадырап қоя берди.

—Жумагүлди көресең, бала!—деди Хожанияз. Турымбет бозарды.

* * *

Жаз жүдә қолайлы келген еди. Ҳәр күни аспан ашық болады. Күн ыссы. Базда иши тартылып қалатуғын Кегейли быйыл шимпилдеп ағып тур. «Жаңажарған» жаптың қазыўы шалалаў питкенине қарамастан Кегейлиниң суўын оқпандай симирип табаққа қуйғандай төппелеме ағады... Егер дийханлар өз-ара таласпай, жаңа раштан оқпан жибермей, тежеп суўғарса, ТОЗ ағзаларының егис жерлерин суў менен бас-пүкил тәмийин етиўге күдиретли. Гүллән дақыл: жуўерилер де, мәш те, тары да ҳәр бир атызда ләгенге көгертилген нәлдей уйысып қалды. Ҳеш бир атыз Дүйсенбайдың жылда исленип, төгилип турған атызларынан кем емес. Жерге не тухым шашылса бәри ырғалыс ты. Дийханлар егинлериниң басына барса болғаны, гүнкилдесип, қуўанысып:

— Елге келер бир нәўбет, жерге келер бир нәўбет деген усы, — десип, телпеклерин көкке шыңғытып ойнайды. Сөйтип жүрип өңшең ТОЗ шылар Төребайдан алған мәўлетин де умытпады.

—Бирлик бар жерде молшылық бар,—деп Сейтжан жолдасларының атынан сөйлеп, бириктип көп бөлмели бир жай салыўға келисим берди.

Ара көп қашықламай бул ис қолға алынды. ТОЗ ға кирген



www.ziyouz.com kutubxonasi

он төрт адамның биразы тырнақ ушын тал шабыўға, биразы былай аўдарыўға киристи, уста көзли Салый таза тамның төбесин бастыратуғын ағаш қайымлап шабыў ушын, Шортанбайдың тоғайына кетти...

5

Кегейлиниң бойындағы жас урықлар жасарып, «Бахытлы» аўылына қараған қәндегине, қубладағы «Жаңа жарған» жаптың еки жағасына егилген кендирлер шаңырақ бойлы өсип, дуғ тоғайға айланып, қатара тигилген қара таллардай доланысын, әтирап қулпырып кетти. Кешке қарай қубладан, батыстан шамал ессе, аўылда май ийиси аңқып, танаў қышытады.

Дийханлар быйылғы бахтына мәз-майрам. Жай салыспа да қызып кетти. Ылай басқылағанлар бирин-бирин дәлкеклеп уўшуў күлки туўдырып турғаны. Қалий онша көп сөйлемей тунжырап жүретуғын болғаны ушын ба, адамлардың биразы соны дәлкеклегенди, сөзге, күлкиге араластырғанды тәўир көретуғын еди. Оның қулағы үйренсин дей ме, бойының келтелигине дейин айтып басқылайды. Соң-соң ол да үйренисти. Қалийли басқылайтуғын Орынбай еди. Орынбайдың өзи болса жаслайынан мал бағып жетимлик пенен өскен. Жаслайынан кийме таз болғанлықтан ҳәзир басы жылтыр еди. Оның үстине көсе. Бирақ ол ҳеш ўақытта басының жылтырлығын, көселигин айыпқа санап муңаймас, бәрҳа кеўилли жүреди. Қалий бүгин бир гәп таўып келди:

—Орынбай қаладан тақия сатып алса базарда басын көрсетпеге уялып, гөне тақиясына кийгизип көредимиш...—Орынбайдың әрманы Қалийди сөйлетиў еди. Оның сөз тапқанына ашыўланыў былай турсын, қайтама мәс болып, ҳәммеден қаттырақ ҳәм көбирек күледи. Солай етип басқыласыўға Қалий де араласып кетти. Енди оған биреў «келте» десе өзи күлетуғын болды. Усылайынша ўаг-шағ күлки, ўақты хошлық пенен аўылдың тарийхында биринши жай-он төрт бөлмели жайдың дәслепки пақсасы тиклене баслады.

Аўыл арасында «халайықлар, халайықлар!...»—деп шабатуғын атлы кес-геллем тыйылды... Бул көриниўлер менен сол ҳәдийсеге қуўанбаған адам қалмағандай еди, сол ушын Төребай жүдә кеўилли жүреди. Тек оған Тәңирберген машыныны кеўилсиз сыяқлы. Сонлықтан «бос жүрек әке қызын сағынып жүрген шығар» деген пәм менен, ушырасып қалған жерде «қызың жақында келеди» деп қуўантып қояр еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Турдыгүл бираз кешигип, июльдиң ақырында ғана келди. Оның жазғы дем алысқа келиўи Жумагүлдин өткен жылғы келгенинен өзгеше салтанатқа ийе болды. Төребай оның анасы Бийбиайымға:

—Аўылдың қызлары бир жазылысып отырыссын!—деп аўылдағы қурдас қызларының бир азын шақырттырған. Төребайдың өзи, ҳәттеки, үйлери бөлек Сейтжанның қызы Гүлжанды да алдырды. Төбесине нәҳән бир секерпараны кесе қойғандай түрме менен айдыллыны қабатластырып орап, он еки шереклик жаўлығын жазы-қысы тасламай бүркенип, етеги жер сызып, шаңды үйиретуғын қызылкөйлек кийип жүретуғын Турдыгүл пүткиллей өзгерип кетипти; Басында қызыл жипек бир тартым, етеги дизесинен еки ели төмен қызыл борлатна көйлектиң үстинен қарағыжым мақпалдан шолақ бәшпент кийген, жүрис-турысы жеңил, жаз болса да, етик кийиў таң емес еди. Аяғындағы қара хром етиги жаңа ғана майлатқандай жалт-жалт етеди. Қынама белли кийимлериниң қонымлылығынан ба, белбеўлиги бир қысым. Көкиреги шабатуғын аттың төсиндей кең. Қойнына қос алма тыққандай тырсыйып турыпты. Кийген кийимлерине таңланған қурдаслары оған еситтирмей өз-ара сыбырласты:

—Әкеси машыншы болған соң өзи де машыншылыққа оқып атырған шығар, кийимлерине қарап!

— Шап-шағын айтпайсаң ба? Жеңилине қара!..

«Жаңа базар»дың ийшанына пәтия оқысқаннан кейин шырайы запырандай сарғайып, «кеселлендим» деп жүретуғын Турдыгүлдиң бийдайдың пәтириндей дөңгелек бети сүтке малып алғандай аппақ, жуқа еринлерине әнардың суўы тамғандай қызыл, кең маңлайындағы қаслары қарлығаштың қанатын қайшы менен сулыўлап қыйып жабыстырғандай. Оң бетиниң алмасындағы ийнениң ушындай қал жүдә жарасықлы. Әребексиз қобаға мурын сулыўланып кетипти.

Өзи бардамлы машыншының қызы болғанлықтан, ҳәр қулағында узыны бир сүйемдей, аспа шынжырлы гүмис сырғалар болатуғын еди, мине олар шунатайдың тырнағындай аппақ ғана шытақлар менен алмастырылған. Көмир менен ысқандай қапқара шашы жылтылдап, майдалап өрген бурымлары қараталдың шыбықларындай дизилип жаўырының тегис жаўып тур.

Оның келбетине аўзының суўы қурымаған бир қыз қалмады.

— Оқыў қыйын бола ма екен? — деди Сейтжанның қызы Гүлжан басқа не сорарын билмей.

— Ҳаслан қыйыншылығы жоқ. Еки айда хат оқыйтуғын бол-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дым, — деди ол көзлерин ойнатып тез-тез сөйлеп. Бурынғы кем сөзли қыздың сөйлемшеклигине де таң қалысты:

— Оқып-оқып ким боласаң?

— Доктор боламан.

— Бийбигүл ким болады?

— Артист. Былайынша айтқанда, қыз бақсы.

— Жумагүл-ше?

Ол быйыл совпартшколда оқыйды. Оннан соң басшылықта ислейтуғын шығар.

— Өйбей!

— Өйбей!...

Қызлар бирине-бири тигилисип, бетлерин сызысты. Бийбиайым қызының көрикленип кеткенине қуўанып, оның ҳал-жағдайын қурдаслары кеткен соң сорарман деп, анда-санда жақын келип:

—Отыра қойың, қызларым, сөйлесиң, маўқыңызды басқанша сөйлесиң, — деп кетеди.

Қызлардың ҳәр бири Турдыгүлди таза түскен бийтаныс келиншектей көрип, жақын отырғысы келеди де қамаўдағы ешкилердей соған қарай тығылыса береди.

— Өйбей,қандай көркейип кеткенсең, ҳәмме сендей ме? — деди Қалийдиң үлкен қызы Нурзада.

— Барлық сулыўлық,адамгершилик, ҳурмет, дослық оқыўда, қызлар!...

—Оқыўға ким барса да ала бере ме?—деди және қыз шыдамай.

—Усы топарымыз бенен барсақ та алады.

Жүзлеринде күлки туўған қызлар ата-аналарының қаталлығын еследи ме, айыплы бенделердей бир-бирине жалт-жалт бурылып, сөйлерге сөз таппай төмен қарасты.

— Қызлар, ҳәммеңиз оқыўға барыў жөнинде ойлаңызлар. Мениң еле бир ай ўақтым бар. «Ырысқыны сатып рәўшан ал» деген нақыл бар гой. Негизинде ырысқыны сатып оқыў керекпе деймен. Рәўшан деген оқыў екен. Еле берин түсиндиремен... — деп, Турдыгүл қыдырып келген қызлардың арасында қонақтай отыра бериўди бийқолай көрип, қазан асыўға қолайласып атырған апасына жәрдем бериўге түргелди.

Ешейинде «аҳ, қызым!» деп сарсылып, Төребайға тыным бермей жүрген машыншы, қызы қолынан алған ўақытта усти-басын көзден өткерип, «ҳәй, бетсиз!» деп, ҳеш кимге еситтирмей бир тисленип, төрги жайына кирип еди. Шық-шықлап күлисип, сөйлесип отырған қызларға көзим түспесин, дегендей төрги жайы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нан шықпады. Қызлар да жуўық арада тарқаса қоймады. Жападан жалғыз отыра-отыра тәҳәти кеткен машыншы үнсиз келип есиктен көринип еди, ҳәмме қызлар үриккен қозылардай уўдыр-жуўдыр тикейди, түси саразбандай суўық машыншы далаға шығып, аяқ дүрсилдиси семгеннен кейин қызлар қайтадан емин-еркин жайласты.

Тәңирберген машыншы есиктен шығып, қораның шалдыўарына арқасын сүйеди. Айналада қулпы дөнген жасыл егинлер, песиннен кейин қублаға айналып, аўылға май ийисин айдаған шамал оны ирке алмады. Оның қәҳәрли көзлери Төребайдың үй бетине тигилип турыпты: «ақсақалдың аты көринбейди-өзи жоқ қусайды...» Ол дәрриў жер төлеге кирип нәҳән қанжар алып шықты да, қуўраған еринлерин жалап-жалап, Дүйсенбайдың үйине қарап бир қырынлады...

* * *

Бир жылдан бери сағынып келген үйинде келген ақшамын толық үлгере алмай Турдыгүлдиң пышақланғаны ҳаққындағы хабар таң самалы менен-үйме үй кирди.

## 6

Нурымбет ахунның үйи Ийшан қалаға жақын болған соң узаққа кетпей, көбинесе мешитти мәжилис орны қылып белгилеп, кеўли ҳәмралар менен жыйналысып алатуғын еди. Соңғы гезде оны өзгертип, қубласы Қырантаў, арқасы «Бир қулақ» тың көли, батысы Әмиўдәрья орталығындағы пышық мурны батпастай Жиңишкениң тоғайын мәкан етти. Бул жер ҳәмме жағынан қолайлы еди: атларға отлақ, тоғайы отын, гезсе кеңислик, аширқаса балық, ол болмаса, Қыран таўдағы мазарстанның шыйығына ҳәр сәрсенби, жума сайын әкелинетуғын мут аўқат, маллар... Ол да жетиспей баратырса, ел ишиндеги байлар, моллалар, мазарстандағы өлген ата-бабаларын бәнелеп, тандыр-тандыр шөреклер менен қойларын жибереди.

Бул жерде он-он бес атлы турады. Иси ериккенлерге қоян-қырғаўыл да көп. Егер көлдиң ернегиндеги көк шөпке жайылған қырғаўыллар аттырмай ушып кетеди десе, жигилдик жийделердиң басларына қонақлағанларын ақшамында таяқ пенен урып алады. Ол азлық етсе бир жас тоғайтал шаўып, жапырақларының ҳәр жерин жонып, әтирапына неше қақпан қурса, азанда сонша қоян алады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Төрткүлде болған шабыўылдан кейин Нурымбет ахун өз үйинде жүдә сийрек қонатуғын еди. Онда да маш аңлаў ушын барады. Арадан еки күн өтсе болды, үшинши күни усы жерге:

— Қырғаўылдын етин сағындым, — деп, қолға түсип қалыўдан қорыққанын жасырып, сылтаў таўып келеди. Ол кешеден бери және усы кәрада. Бирақ бул сапары арнаўлы мақсети бар еди. Соның жуўмағын күтип отырыпты. Өзи де бийтақат, жигитлери де бийтақат. Түни менен уйқы көрмеди. Уйқылап қалмаўдың ермеги ушын үйдей қос тораңғылдың астына от жақтырып, қырғаўылларды иске қадап, писирип атыр. Биразлары отқа абынып уйқылап жатыр.

Олардың күткен адамы Мәтжан мықыры еди. Ол атын қара жерге шомылдырып күн шыға жетип келди. Бойы ҳәстедей кишкене бул мықырының пәтине-ақ ҳәмме қуўанысып, не болғанын билиў ушын, оны айланшықлап, қора болды.

— Ис бәржай болды. Мынаў жазып жүрген дәптери, — деп, Мәтжан мықыры бир оқыўшы дәптерин қойнынан шығарып, ахунның алдына таслады.

—Әке болғанлар Тәңирберген машыншыдай болсын. Исламға сондай садықлық етти!...

— Әлбетте, жигитлер. Ислам дүньядағы күшли дин. Шын кеўлиң менен сыйынсаң қор болмайсаң. Сол ушын да Қасым ийшанға жұрт бас ийеди...—деп, Нурымбет ахун асықпай қалтасынан көз әйнегин алып кийди. Дәптердиң сырты қызыл нағыс пенен безелген: Қошқар шақы, ғарға туяқ, қырық тырнақ... Ахун ояқ-буяғын аўдарып отырып:

—*Күнделик дәптер, Тәңирберген қызы Турдыгүл 1924-жыл Январь»* —деп сәдде-сәдде оқып: —Ҳо, ҳо! Мынаўың олжа ғой, бала. Өзи де шебер екен,—деди ҳәм бас бармағын жалап, ишки бетин ашты. — Қәне занғардың қызы не жазып жүр екен, оқыйын!

Баспашылар наўадағы суўға таласқан текелердей бирин-бири ийтерисип, шоғыртпақланысып, Нурымбет ахунның қарбасқан сора астынан көринген тышқан ининдей, аўзына анталасты. Ал, үлкен ис питкерип келгенине мақтанышлы Мәтжан мықыры ҳәстедей бойын Жуманияздан да үлкен көрсеткиси келип, айрықша қоразланып отыр. Қолға илинбейтуғын муртларын сылапсыйпап қояды.

— *«Мен Төрткүлге оқыўға келгенше өткен өмиримди өмир деп есапламайман!»*—Ахун күнделик дәптердиң ақырын көргенше асығып, бетлерин сытыр-сытыр ашып...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сыртынан басқа жерде күнлерин көрсетпей, ҳәр қайсысының арасын ашық жазып кете бериңиз,—деди.

Булардың арасында ең гейделиси, бирақ даўысы жиңишкеси Жуманияз ләўзе дегени еди. Мәтжан мықырының мақтанып сөйлегенин қызғанатуғын ләўзе оның шетте қоқырайып отырғанын жақтырмай, көз астынан оған аларып бир қарады да, сийрек-сийрек муртларын сыйпалап отырып, үлкен өзимшилик пенен:

— Демде қалай саўат ашып, хат жазатуғын болған?— деди.

—Ҳәзир билемиз,—деп Нурымбет ахун дәптерге үңилди ҳәм оқый баслады:

* * *

*«Жумагүл ара-тура Сапаргүл екейимизге «саўатыңыз ашылды, енди күнделик жазып жүриң, қолыңыз шынығады» дей беретуғын еди. Ол «ақсақал сайлаўына қатнасаман» деп, аўылға кетти. Сапаргүл екейимиз ойластық. Ол меннен гөре тиришелей. «Жазайық, бирақ бир-биреўдиң не жазғанын соң көрейик» деди. Мен не қыларымды билмей отырсам, столдың тартпасында Жумагүлдиң күнделиги қалған екен. Оңай түсти. Алдым да, Сапаргүлге билдирмей оқып шығып, жүдә жатлығыў ушын бираз жерин көширдим...»*

* * *

—Сөйтип Жумагүлден көширип пе?—деди биреўи шыдамай.

— Сапаргүл дегени Нөкисли жалаң-аяқ Сейттиң қызы ма екен?—деди және биреўи.

— Соннан басқа бул жағадан оқыўға кеткен қыз барма?— деп жуўап берди үщиншиси.

— Сабыр етиң, оқыйман. Соннан соң билемиз,—деп, ахун көз әйнегин қолына алып, ақ шыт белбеўиниң шети менен сыпырып-сыпырып, қайтадан кийди:

* * *

*«Мен, Зәрип қызы Жумагүл, усы күнделикти Ивpraveнаның тапсырыўы бойынша жазып отырман. Ол «Ана тилинде, ҳәзир китап жоқ, сол ушын өмириңниң ең умытылмас күнлерин, ҳәп ҳәптеде көрген жаңалықларыңды жазып тур. Бул сениң хат жазыўға жатлығыўың ушын жақсы» деди. Сол ушын жазғаным усы. Иванованың кеңес берген усы күни де маған бир умытыл-*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*мас күн емес пе? Бүгинше болар. Усының өзин сөйленип-сөйленип, ҳәриплерди буўынлап айтып отырып жаздым...»*

* * *

*«Мен ушын умытылмас күн қайсы? Анам менен ел гезип диййана болғаным ба? Ямаса Ханымгүлден ақырет еситкеним бе, ямаса оннан ажырасқаным ба, ямаса Төребай менен отын тасығаным ба, ямаса биринши йаз тыңлағаным ба?.. Билмей отырман. Мениңше йаз тыңлап «ҳаял-қызлар азатлығы...» деген гәплерди еситкеним шығар...*

*Жоқ, әкемниң мени өлимши қылып жолда сабағаны! Ол азап берди ғой! Жоқ йазға қатнасқаным! Егер әдепки жылы жалмаўыз әкем жолдан қайтармағанда себеп пенен қалаға барады екенмен.*

*Соннан соңғы бир жылым бос мийнет болды. Бүгинше усы болар...»*

* * *

*«Өмириме бурылыс жасаған ең бахытлы күнди еле таба алмай жүрмен. Ойлайман. Жоқ, жоқ, мен ушын ең қәдирли күн 1921-жылдың жазында Иванова сөйлеген йазға қатнасқаным! Тап усы, усы күн! Лениинниң атын еситкеним, сонда түсинбегенимди айтса...»*

* * *

*«Мен ушын қәдирли адамлар кимлер? Биринши туўған анам! Екинши дүнья пролетариатының көсеми Владимир Ильич Ленин. Көрмесем де еситемен: адам ата дөрегели бундай ақыллы адам бина болған емес. Бул дана ақыллы кисиниң атын тәкирарлап жаза бергим келеди: Ленин, Ленин, Ленин...»*

*«Және қәдирли адамлар: Иванова, Айтбай, Төребай, Нурлыбай, ҳәр қайсысының өз орны бар. Олардан тек ғана Айтбай ҳәзир жоқ. Бийшара, ата-анасының алдынан шығып, шарықлап жүре алмай әрманлы қазаланды. Оған ишим ашыйды. Ҳәзирги оқып жүрген жасларды көре алмай кетти-аў! Қойяйын, баўырым езилип, көзимнен жас ағып баратыр...»*

* * *

*«Бүгин зулымлықлар есиме түсип отыр. Мениң менен Турдыгүлди, Бийбигүлди оқыўға жибермей сабап-сабап алып қалған*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*Дүйсенбай менен Тәңирберген машыншы ...Гәззаплар, бизлер минген кемени де қуўды-аў! Қызкеткенниң сағасынан аман-есен Әмийдәрьяға түскенимизди айта бер! Артымыздан мылтық атты Ғайырлыдан Тәжим мурттың дайысын таныдым. Арасында бизиң жаман Турымбет те болса керек. Қараңғы еди. «Арғы жағаға шықты ма, оқ жетпей ме?..» деп Турымбет гүбирленгендей болды. Сирә сол болса итимал. Кереги жоқ, олардың атын жазыў түўе, айтқым келмей қалды...»*

* * *

—Ҳәй, гәззаптың жазыўын көрдиң бе? Ҳәттеки атағысы келмейди,—деди Жуманияз ләўзе.

—Онда не қылажақ екен-әй?—деди сүўен шабақтай суғанақ биреўи, дәптерге үңилиў ушын мәкидей басын Жуманияз ләўзениң қолтығынан суғып.

—Тыңлай бериң, оқып билемиз,—деди Нурымбет ахун. Оның шырайы қашшан талақтай болғанын ҳеш ким байқамады.

—Оқый бериң, ахун аға!

*«Есиме түсти. Нуратдин татар Мәжитовты көрдим. Жақсы адам екен. Анама сәлем айтты. Өзи Орта Азия халықларын миллий республикаларға бөлиў бойынша жоба таярлаўға қатнасыў ушын обкомның секретары менен Ташкентке баражақ қусайды...»*

* * *

*«Төрткүлге келген күни Нурлыбай мени Иванова менен қайтадан таныстырды. Иванова мениң анамдай қушақлап көристи. Нурлыбай интернатта жасап оқыйды екен. Иванова оны қайтарып жиберди. Мени өзиниң жайына апарды. Аты Марфа, отчествосы Семеновна, фамилиясы Иванова екен. Әдепки күнлери оны «Марфа апай» дейтуғын едим. Соң «Марфа Семеновна» дейтуғын болдым. Биринши күни ымласып сөйлестик. Қасақана бизлердиң жасымыздағылар ушын Төрткүлде оқыў жоқ екен. Оның Ташкентке кетип қалатуғын мүддети де питипти. Мени әкетпекши еди. Кетпей қалдым. Еле қыйланаман. Ең жақсы жери, ол мени қаладағы мектептиң муғаллими Галя Сидоровна деген жесир ҳаял менен таныстырды ҳәм соның үйине орналастырды. Мектепте оқыйтуғын Жорахан деген өзбек қызы, Роза деген татар қызлары бар екен. Галя Сидоровнаның үйине олар келип турады...»*



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

— Боқтан өзгени жазыпты. Жалықтырып жиберди ғой,—деди Мәтжан мықыры.—Бизлердиң исмиз ушын сырлы нәрселер бар ма, ахун аға, сонысын тауып оқыса!

—Ҳәзир,—деп ахун солыған геширдей жиңишке бармағын жалап, келеси бетти ашып жиберди.—Мына жерин оқыйын, оннан соң Тәңирберген машыншының қызы өзи жөнинде не жазғанына өтемен.

* * *

*«...Әбди шайыр екен. Бийбигулди жанындай сүйеди. Ауылласы жақын қурдасы мен де:«Бийби» дейтуғын едим. Әбди— «Бийбигул» дейди. Бийбигул! Бийбигулге шығарған қосығын айтып намасына ыңылдайман. «Ҳа ха, Бийбигул! Бахтым мениң Бийбигул!...» Бул қосық узақ жыллар айтылады. Дау жоқ!..»*

* * *

—Енди машыншының қызының Жумагулден көширген жағы тамам болды. Мақул тыңлаң, бул заңғар өзи жөнинде не жазғанын оқыйман,—деп, Нурымбет жасаураған көзлерин бир сыпырып дауам етти.

* * *

*«Мен, Тәңирберген машыншының қызы Турдыгулдиң, қәдирли күни қайсы күн? Не деп жазарымды билмей Сапаргулге ойласып едим, ол күлип; «қәдирли күнимиз—оқыуға барамыз деп лебиз етип, Төрткүлге келген күнимиз» деди. Сапаргул меннен жақсы оқыйды, сол ушын билетуғын шығар, мен де соның айтқанындай ойлайман...»*

* * *

— Не деп атыр бул, түйирли жерлерин тапсаңыз да, жас үлкен?—деди әдепки сүуен жақлы ахунға мойнын қыйсайтып. Ахун дәптер бетлерине көзлерин жууыртып, ҳәр жерлеринде ғана дауысын шығарды:

* * *

*«...Бизлер Сапаргул екеуимиздиң Төрткүлге жетиуимиз Жумагулдикиндей қыйын болмады. Төребай аға менен Жумагул-*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*диң бир таныс жигити Жумагүл үшеўимизге үш ат таўып бир ақшамда Қаратаўдың үстинен жолсыз айдап Шаббазға жеткерди. Шаббазда түсленип Төрткүлгеде келдик...»*

* * *

*«...Жумагүллерге қыйын болған екен. Бизлер келген жылы ана тилимизде оқыў ашылды... Жеккесиремедик. Жумагүл Галя Сидоровна деген ҳаялдың үйинен шығып, бизлер менен бирге жатаққанада жатты...»*

* * *

*«... Муғаллим, көсемимиз Владимир Ильич Ленин ҳаққында сөйлеп берип еди. Ленин ақылдың кәни екен. Муғаллим ертең азанда және Ленин ҳаққында сөйлесе екен деймен...»*

* * *

—Әй нәлеттиң қызы!—деди Мәтжан мықыры шыдамай. Жуманияз ләўзе оның сөйлегенин унатпағандай көзлерин аўдарып бир қарады, Нурымбет ахун оларға итибарсыз, бармағын және жалап оқый берди.

* * *

*«Қыс... Жумагүл жүдә қайғылы келди. Анасы қазаланыпты... Қызын өзи менен әкелди...»*

* * *

*«Жумагүлдиң Жорахан, Роза деген қурдаслары жайға келип кетти. Бийбигүл менен Әбди келди... Бийбигүл хошҳаўаз... Жаңлатып қосық айтады. Мениң даўысым қосылмайды. Сапаргүл де қосық айтады».*

* * *

*«...Оқыўдан кейин қызлар қәлесе ер балаларға қосып мылтық атыўды үйретеди екен... Өнер зиян емес деп бүгин бизлер де тилек етип бардық...»*



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

*«...Қар, Боран... Айыр қайғы!... Ҳәммениң басында мүсийбет!... Ленин өлипти! Қалай өлген. Неге өледи? Жыламаған адам жоқ...· Жумагүл анасы өлгеннен бетер қыйланды. Қосылып жылап көзлеримиз исип кетти. Галя Сидоровна келип бизлерди жубатты; «Ол кисиниң иси өлмейди, иси тири адамның өзи де тири деген сөз... Хәр бириңиз көзден бостан-босқа жас төкпей, Лениниң нәсиятына садық болсаңыз, жақсы оқысаңыз... адамзаттың жақсы ийгилигине хызмет етсеңиз, көсемимиз Лениниң тири болғаны»...—деди.*

* * *

*«Төрткүлге Төребай аға келди· Анам пул берип жиберипти. Төребай аға Хийўаға бармақшы. Ол қандай мийирман адам· Әкем бермес нәсиятларды берип, йошландырып кетти».*

* * *

*«Жумагүл Ленинлик шақырық бойынша ВКП(б) ағзалығына кандидат болып кирди...»*

* * *

*«Төребай аға Хийўа әтирапындағы душпанларға қарсы бес күнлик сайашқа қатнасып қайтып келди. Душпанларды биротала жеңипти, Төрткүлден барған жигитлерге Хорезм Ревкомы Қызыл байрақ берген. Төребай аға жүдә қуўанышлы. Айылға йош пенен қайтты. Апама сәлем айттым».*

* * *

*Жумагүл Хийўадағы Анабийби Сафаева деген келиншек пенен ушырасып қайтты. Анабийби апай 1922-жылы Москваға барған бахытлы ҳаяллардың биреўи екен».*

* * *

— Москваға барса бахытлымыш-а?—деп, Нурымбет ахун қапталына түкирип, еки беттн оқымай өтти. Жуманияз ләўзениң қолтығынан басын шығарып атырған суўман баспашы шекесине тамған ахунның түпиригин алақаны менен ысып жиберип, тыңлаўын даўам етти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

*«...Бәҳәр. Ташкенттен Иванова Марфа Семеновна деген ҳаял келди. Бул ҳаял жөнинде Жумагүл көп айтатуғын еди. Марфа Семеновна Төрткүлде жумыс ислеўге биротала келипти. Ол бизлердиң жайымызға келди. Ҳал-жағдай сорасты. Жумагүлдиң анасы өлгенин еситкеннен соң өзи туўралы сөйлеп берди...*

*Ол Ленинградлы ески революционердиң қызы екен. Әкеси патша тәрепинен жер айдарылып бийдәрек кеткен. Он бес жасар әжағасы Треугольник деген заводта ислеп жүрип революциялық листовкалар таратқаны ушын қамаққа алынып, түрьмада қайтыс болған. Усы мисиўбетлердиң айыр зардабынан анасы бийшара кеселге шатылып өлген соң, панасыз қалған Марфа Семеновна немере дайысының қолында тәрбияланған. Ержеткен соң бир революционер жигитке тийипти. Октябрь революциясы жеңгеннен кейин бир заводтың партячейка секретары болып ислеп атырған кийеўине түнде жалмаўыз бандит келип, Марфа Семеновнаның көзинше атып кеткен. Соннан кейин ериниң қәбири басында; «Мен партияға кирип сениң исиңди даўам еттиремен» деп лебиз еткен. Сол лебизин шаймаламастан партия қатарына кирип, Туркистанға жумысқа келеди. ВКП(б) ның Орта Азия бюросының тапсырмасы бойынша Әмиўдарья областына 1921-жылы бир жыл мүддетке келип кеткен екен... Сөйтип Төрткүлде тосаттан әкесин табады. Бирақ бул қуўанышы узаққа созылмай әкеси баспашылар тәрепинен өлтириледи...*

*Енди Иванова Төрткүлге турақлы жумысқа келипти.*

*— Сонша бахытсызлыққа қалай төздиңиз?—дедим:*

*— Революционерлер сол қыйыншылықларға шыдамаса езилген халықлар азатлыққа шығар ма еди, сиңлим?—деди ол. Мен сораўымның дурыс, надурыслығын билмей-ақ қойдым...*

*Бул ғайбар рус ҳаялының басына неше қайғылар келмеген? Үсти-үстине өлим! Соннан келген нық. Шырайын алдырмаған Рус революционерлерине сәддақ. Әлҳаббиз! Даңқ—дей бериң, жанларым»...*

* * *

—Әлҳаббиз!—деп салды Жуманияз ләўзениң қолтығындағы суўмақай.

Матжан мықыры ашыўланып, оған жақынлап-ақ қалды:

—Неге таңланасаң?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Бул таңланбайтуғын ҳәдийсе ме?

Жуманияз ләўзе суўмақайдын шекесине жабадай алақаны менен шарп еттирди.

— Бизиң кемшилигимиз—қыйыншылықларға көнбеў, ухх!— деп, Нурымбет дәптердиң келеси бетин ашты:

* * *

*«...Анамды сағынаман...*

*Биринши май демонстрациясына таярлық басланды... Маған муғаллим «Владимир Ильич Лениниң сүўретин көтерип шығасаң» деди... Бахытлыман! Әбди буны еситип газетаға мақтап жазаман деп жүр...»*

* * *

*«Төрткүлдиң Қызыл майданында Орта Азияның халықларына миллетлери бойынша еркинлик бериўге арналған митинг болды. Ҳәмме қуўатлады. Жумагул сөзге шықты. Ол: «ойланып-ойланып, алды менен сөйлегенлердиң сөзлеринен жуўмақ шығарып, алысларға көз жиберсем аз санлы халықлардың өтмиши мына жуўмаққа келтиреди. Мен өз халқымның тәғдиринен өзимниң тәғдиримди көргендеймен. Революцияға шекемги қарақалпақ халқының мүсәпирлиги, ериксизлиги биз шығыс ҳаялының тәғдирин еске түсиреди...» деди. Журтшылық Жумагулдиң сөзине де көп қол шаппатлады. Ҳәттеки адамлардың арасынан «ҳаялларға ерик берилсе, қандай даналықты таўып айта алады» деген гәплерди еситтим...»*

* * *

— Қулағына қорғасын қуйылғыр!—деп бир баспашы қасындағыларға жалт-жалт қарап еди: Нурымбет ахун:

— Пәтиўасыз сандырақлаў ғой, несине итибар берип отырсаң, ладан,—деди де, келеси беттеги сөзлердиң сырын дағазаламай ишинен оқып, оннан соңғы беттен басламақшы еди, Мәтжан мықыры:

— Тақсыр, бирсораўым бар,—деди ахунға.—Усы «Автоном, автоном» деген сөз шығып жүр, ҳақыйқаттан да автоном болар ма екен?

— Бул келешеги жоқ нәрсе,—деп ол ҳеш кимге билдирмей қолындағы күнделиктиң еки бетин жаўып жиберди.—Мусылманды мусылманнан айырыў мүмкин емес, бул бир. Екиншиси,



www.ziyouz.com kutubxonasi

қарақалпақты автоном қылса барлық қазақ,өзбекти бул жағадан көширив керек. Өйтпесе болмайды. Халық соны талап етеди. Төребай усағанлар ақсақаллықты усы бастан тапсыра берсе болады. Себеби, оны журтшылық пәтпелектей ушырып жибереди. Бирақ буның бизге пайдалы жағы бар. Автоном болса, ҳүкимет бир ҳәпте жасай алмай, шигиниңиң қамырындай ыдырап кетеди.

— Илайым, аўзыңызға май.

—Ҳәзиринше автономына таярлана берсин, дуйым журтты аяғынан тик бастырып, ҳүкиметти қулатамыз. Қәне, енди, қулақ салың оқыйын, бул жөнинде сон сөйлесемиз.

* * *

*«Басым аўырып, оқыўға бара алмай қалдым... Аўырғанымды еситип Иванова келди... Қоңсы жайлардан Галя, Роза, Жораханлар жыйналды. Әбди саз шертти., Бийбигүл қосық айтты. Марфа Семеновна оларға ҳәдден тыс қуўанып, қол шаппатлады. Руҫша ойын ойнап берди. Қызлардың меннен басқалары ойынға шебер екен. Буўынлары жоқтай. Мениң менен келген Сапаргүлди айтса!...*

*...Күтилмегенде «паңқ» еткен мылтық даўысы шықты. Иванова «Баспашылар!...» деди де шыраны үплеп жиберип; «Турдыгүл қозғалма», деп, басқаларды ертип жуўырып кетти.*

*Үсти-үстине «паңқа-паңқ» бола берди.*

*Бир өзим отырып тақат ете алмадым. Ҳаўлығып қызлар кеткен жаққа қарай жуўырдым».*

* * *

— Әне, гәп усы жерде.

— Қотыр ешкидей шыбыжыңлай бермесеңә!—деди Жуманияз ләўзе қолтығындағы сумақайдың басына алақаны менен және шарп еттирип Ҳәмме тым-тырыс. Оқыў даўам етти.

* * *

*«Көшеде жуўырып жүрген бир милиционер мени услап алды. Қайда баратырғанымды айтып едим, ол мени солай қарай жетелеп жуўырды. Жол бойынша оның айтыўына қарағанда қалага бир топар баспашылар келген.*

*Ҳа демей, қызлардың изинен жеттик. Марфа Семеновна бизлерге «жарадарлар болса, ғамқорлық етесиз» деп, өзи жигитлер*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*менен қатарласып мылтық атысып кетти. Оннан Жумагул де қалыспай мылтығын гөзлеп изинен жуўырып кетти. Баспашылардың бәринде ат бар екен. Қаратаўдан арман асып, тым-тырақай қашып көзден ғайып болды. Бирақ атлы әскерлеримиз үлгере алмай қалды. Атлы баспашы аттан аўдарылған екен. Олардың арасында муртлары шыйратылған қара биреўиниң еле елпилдеген жаны бар екен,мен бетине үңилген ўақытта көзин ашып еди. қорқып кеттим. Бир ўақытта Жумагул келип «хә, жаўыз Тәжим мурт» деп, муртының бир жағын аяғына басып турып, мылтығының аўзын қақ маңлайына басып ғарс еттирди... Баспашылардан түлки териден малақай кийген биреўи де шала жансар екен. Оны Сапаргул атажақ еди. Иванова келип қолын услады. Соның арасында үш жигит келип түлки малақайды көтерип кеселханаға әкетпекши еди. Түлки малақай, өзиниң қандай халға түскенин сезип жан сақлайын десе керек. «Мен емес, мен емес... Нурымбет ахун... Нурымбет.., деп бақырып-бақырып, тым-тырыс болды. Жигитлер; «өлмегенде көп сыры бар екен...» деп өкинди...»*

* * *

Нурымбет ахунның қоллары дирилдеп, көзлери тынып, «күнделик дәптер» жерге түсип кетти. Қалғып кеткен кисидей еркин жоғалтқанын бирден сезип, қасындағыларға мәрт болып көриниў ушын қайтадан күнделиктиң келеси бетин ашып:

*«...Хорезм республикасының Орайлық атқарыў комитетиниң мәжилисине Жумагул қатнасып қайтты. Онда Автономиялы Қыр. . . ғыз. . . Қа. . . ра к. . к . алпақ . . областьлары. .»* деп оқыўға тили айналмай қалғанын көрип, Жуманияз ләўзе;

— Тақсыр, даўысыңыз қарлықты. Соң оқырсыз,—деди.

—Ең кейинги бетин оқы, өлер алдында не жазған екен?—деди Мәтжан мықыры.

Ахун өзин тутыўға урынған менен, тикейип отыра алмай қапталына жамбаслады. Бирақ даўысы тарғыл-тарғыл:

* * *

*«...Жазда Хийўа менен Төрткүлден көплеген жигит қызлар Москва, Ташкентлерге оқыўға кетежақ...»*

* * *

*«...Көп айлардан бери мени көрмеген әкем дүзлескен қусайды. Келе қойсын, өкпемди қойдым деп хабар жиберипти..»*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*Адамның бахты қай ўақытта ләззетли деп сорасаң Марфа апай «қатар-қурбысын өзинен де асқан бахытлы қыла билген адамның бахыты ләззетли . . .» дейди. Сол ушын мен де аўылга барсам Жумагүл усап қызлар ертип қайтаман. Сапаргүл де быйыл жазда аўылымнан қызлар әкелемен деп жүр».*

* * *

Өзин зорлап оқып атырған Нурымбет ахунның тили гүрмелмей, даўыл жыққан гөне түбир геллек киби басы жерге сылқ етти...

—Пай әкетти-аў!—деп Мәтжан мықыры «ҳа, ҳа, ҳа-лап» күлип, көк жөтел ешкидей «ғырқ-ғырқ» жөтелди. Нурымбеттиң өсип кеткен сақал-муртлары дир-дир етип жатыр. Басқалар күлкисин тыйып, отқа қалаўлы қабаплардың бир жағы күйип, көмир болып кеткенин көрген соң «ўах-ўах!» деп, шыр-пыры шықты, соң өрли-ғурлы аўызларына басып:

Ахунның еринлерине қара, үйтилген қырғаўылдың қуймасындай қып-қызыл, түрик ғой-әй,—деп күлисти.

Тәўипнамай биреўи оған аларып қарап, қумандағы суўық суўды ахунның бетине ақтарып, бөксесине теўип жиберип еди, ол гиртийтип көзин ашты:

— Шаршаған қусайман, жигитлер, Москваға, Қазанға, Ташкентке баратуғынлар Әмиўдәрья арқалы кетиўи мүмкин. Егер Қасым ийшан яқшы десе «Бегжап» тың тусында аңлыймыз. Аман жибермеймиз...

— Түргелиң, ақыры, кабабыңыз суўып кетти,—деди оған биреўи.

Сәскеде Қосторaңғылдың қойыў саясы қашып, олар қуяшта қалған орнын өзгертип, ат жабыўларын қайтадан жайып, төрт асық ойынына киристи. . .

## 7.

Күтилмегенде бундай қайғы болады деп ким ойлаўы мүмкин? Тәңирберген машыншының ошағына қан қуйылып қалды. Аўыл арасы да қыян-кести болып кетти. Арман-берман шапқан атлылар... Өли қызын көрип Бийбайым талып қалған. Тилге келмейди.Тәңирберген машыншы еки бүйирин таянып «ўай-ўай» лап тур. Даўсының барынша жылап маңлайына урады. Сырттан қараганлардың аямаганы жоқ.

Бул ҳәдийсеге де ОГПУ ден Ембергенов келген еди. Кеше кеште бул үйге келген қызлардың үйлерине барып, ўақының



www.ziyouz.com kutubxonasi

себебин билетуғынын, билмейтуғынын сорап шықты. Бирақ белгили жуўмақ ала алмаса керек., гүлшедей дөңгелек ақ жүзинде ашыў ойнап, ишке кирди ҳәм Бийбайымның қасына барып басын сүйеп, мурнына дәри ийискетти. Ана қыпылықлатып көзин ашты. Сөйтти де және жылады. Жыйналғанлар тәселле берип атыр сирә ол тыңлар емес. Көкирегин керип, шымылдықтың артында жатырған Турдыгүлге бой таслайды. Ҳаялының қандай ҳалда екенин сезсе де Тәңирберген машыншы өзин шетирек тута берер еди буны байқап турған Ембергенов ананы қайтадан қушақлап отырғызды, аўзына суў тамызды. Бийбиайым сәл солығын басып, көзлерин ашып еди, ерин көрип бирден пәтленди де бара оған пәнже урды;

— Мийримсиз жаўыз! Жылама! Халайық, инанбаңлар буған! .. Өзи өлтирди...

— Бийшара, ақылдан сасыпты,—деди биреўлер Бийбиайымды аяған болып. Тәңирберген машыншы ҳаялына умтылмақшы еди, әтирапындағы адамларды көрип үндей алмады.

— Жалмаўыз, Тәңирберген!—деп Бийбиайым және естен танды. Күни менен жылап жүрген машыншы қаранғы түскеннен кейин ушты-күйди жоқ болып кетти. Ембергенов сырттан аңлып жүр еди. Кегейлиниң көпиринен өтип баратырған гезинде услап әкелип, жыйынға көрсетип, қалаға айдатып жиберди де өзи Ийшанқалаға қарай бир милиционерди ертип кетип қалды.

Ертеңине:

— Бир қоржын оқлаўлы писени менен Нурымбет ахун ақшам үйинен тутылыпты,—деген хабар тарқады.

Бул ҳәдийсениң ақыбети аңсат болмады. Бир ҳәптеге бармай Төребай қалаға қайтадан шақыртылды.

Баймуратовтың кеңсесинде бес-алты адам отыр. Ол баяғы киши пейиллиги бойынша Төребай менен тикейип сәлемлессе де қаслары узын қабағы үйилген еди. Ол өзиниң қәдимги әдетин қылып, қәлемин столдың үстине шаншып қойды да Төребайға ашыўлы қарады, сөйлемеди.

Шоқ қара сақаллы, мурнының тесиклери арасынан бир ели мурт қойған, тақырбас, мурны иймеклеўден келген қатпа, арық окрисполком председатели де Төребайға бир қапталдан бурылып, өзин қатал тутқан күйинде жүзин суўытты.

Әлле қашан-ақ жақын таныс, қәдир билис болып кеткен, арық сүйен жақлы, шот маңлай, округлик халық билимлендириў бөлиминиң баслығы Нуратдин Мәжитов ири тислерин көрсетип жымыйып күлди. Бул киси күлип қарамағанда Төребайдың дизелери қалтылдап тура берер еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Төребай кирер есикте еки қолын алдына қаўсырып, сәл-пәл бүгиншиккиреп турыпты.

—Сен не, намаз оқыўға келдиң бе?,—деди окрисполком председатели жекиринип.

Төребай қазықтай тикленди.

—Хә, сен стройда турсаң ба?—деди Баймуратов ашыўлы.

Ол аяқларын қалай басып, қалай турарын билмей, оң аяғына салмақ салып, шеп аяғына дем берип, өзин босаң тутты.

— Әй, саўатсыз! ..—деди окрисполком председатели.

Қағазға қол қойыўды билмей, мөрге түкиригин жағып суқ бармағын сияға малып қағазға басатуғын окрисполком председателиниң өзи саўатсыз екенине Төребай қасарыспады.

— Қәне, Тәңирберген қызы Турдыгүлди неге шақырттың?—деп секретарь тийкарғы иске көшти.—Өлимге не ушын себепши болғаныңды жасырмай айтып бер.

— Душпан екенсең!—деп окрисполком председатели қосылды.—Биз алжасқанбыз. Билесең бе? Хәзирги совет партия мектебинде оқып атырған Жумагүл Зәрип қызының кепиллиги бойынша сени ақсақаллыққа сайлаўға уруқсат қылған едик, дурыс, аўылың бираз тәўирленди. Соған мәсирип душпанлығың билинбейди дедиң бе, тапқан екенсең аўзы ашықларды!—Ол Баймуратовқа бурылды.—Мениң пикирим буны хәзир қаматыў керек!

— Не дегбирден састың?—деди Баймуратов Төребайдың бурыштай қызарып турғанынан айыпсыз екенин сезгендей. Төребай аяқлары уймаға батқандай үскини қуйылып, иркилип турды да:

— Жолдаслар,—деди әстен ғана. Өзин хәммениң тыңлап отырғанына қарап, даўысын сәл көтерип сөйледи.—Турдыгүл Тәңирберген қызын шақыртқаным ырас. Себеби әкеси жалбарынып қоймады. Оның үстине Турдыгүл келе ғойса, оның жаңаша турмысқа араласып, жаңаша болып кеткенин көрип, басқа қызлар да оқығысы келер деп ойлап едим. Ол айтқаным болмады. Мен айыплыман., Ал, анасы бул өлимге әкеси айыплы екенин дәлиледи. Тәңирберген машыншы бәримизди алдады..

— Сизлер не анықладыңыз?—деди секретарь Ембергеновке.

— Дурыс емес!—деп окрисполком председатели Ембергеновтан бурын қыза түргелип, аўзын ақсүп орамал менен сыпырып, сөйлеп кетти.—Төребай Омар улы жолкер болып баратыр. Бул душпанлардың тәсирине берилген адам. Әкеси өлтире ме екен? Өлтирмейди. Бизлер де әкемиз, қайсымыз қызымызды өлтиремиз. Хәзир биз де қызымызды усы қаладағы мектепке бер-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дик. Мен оларды өлтире алмайман. Соған қарап Тәңирберген машынины ондай жолға түседи дегенге исенбеймен. Жала! Толық жала! Қызынан айрылғаны менен турмай әкесин жазалатып, қарақалпақтың бир хожалығын жоққа шығармақшымысаң? Жоқ, бул болмайды!..

— Анасы айтса да инанбайсыз ба?—деди Төребай шыдамастан.

— Ол күйик пенен айта береди. Иши жанып турған ҳаял жалғыз сүйенери еринен өш алып өзин жубатпаса не қылады?—деп окрисполком председатели жеңислик бергиси келмеп еди. Ембергенов қолын көтерип Баймуратовтан сөйлеўге урықсат алды.

—Бул анықланған факт. Қыз төрги жайда жалғыз жатқан. Бирақ түн жарпысында далада дүрсилди шыққандай болған екен, әшейинде ҳаялын жумсайтуғын машынишы өзи кийинип шығып кеткен. «Ҳе бул қартайғанда есине енип киятыр-аў, қызым келип бүгин жумыс пенен шаршағанымды билген ғой, қорағa келген бос малларды өзи айдап салмақшы екен-аў» деп, анасы алағадасыз уйқылап кетеди, бир ўақытта төрги жайда бийғам уйқылап қалған қызының бирден буўлығып;

— Аға, сен де бармысан?—деген даўысы менен шоршып оянып, төрги жайға жуўырып киргенде, қопарылған әйнектен бипеўдиң пышықтай қарғығанын көрип қалған, ал әкеси қызын қушақлап жортаға;

— Ой, нәлет, жаўызлар!—деп жылап отыр екен. Анасы сап болған қызының үстине бой таслап, естен танған...

—Мениң пикирим бар,—деди Нуратдин Мәжитов.—Омар улын Қарақалпақстанға келгели билемен. ВКП(б) қатарына өтиўге кепиллик бериўшиниң бири мен. Сайлаўда өзлериң ўәкиллик берип жибердиңиз. Бул жигит өтирик сөйлемейди. Ақсақал болғалы берли оқыў, халық ағартыў исине көп кеўил бөлип жүрипти. Турдыгүл Тәңирберген қызын жазғы дем алысқа шақырыў жөнинде маған келип, ойласқан еди. Егер, келе ғойса, басқа қызларға үлги болады деп келисим берген мен!

— Енди, басқа үркек қызлардың алдында оқығанның өлимин көрсетип, оқыўға баратуғын жолға шеңгел көмипти ғой,—деди окрисполком председатели жеңислик бергиси келмей.

— Бул исте әкеси айыплы екенин мен де тастыйықлайман. Мине, менде Жумагүл Зәрип қызының арзасы бар. Копиясын окрисполкомға жиберген...—деди Мәжитов сөзин даўам етип.

Окрисполком председателиниң мойын тамырлары шертилип, жүзи қызарып Мәжитовтан көзин айырмады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бул қыз хатында Төрткүлге шабыўыл жасағанлардың ишинде Ийшан қаладағы Нурымбет ахунның бар екенлигин жазыпты. Бундай жаманлық сол ахунның тәсириндеги адамлардың қолынан келеди. Мен буны сизге еки рет оқып бердим,— деди Мәжитов окрисполком председателине қарап.—Усы ўақытқа шекем, «ахун кисиге ҳазар бермейтуғын адам, бийкар» деп, бүркеп келдиңиз. Ал бүгин әкеси қызын өлтирмейди деп нағыз айыпкерди ақлағыңыз келеди.

— Жолдас исполком, биз Нурымбет ахуннан гүманланатуғынымызды айтқанда да сиз «мөмин адам» деген едиңиз,—деди Орақбай ушып турып.—Бүгин Тәңирберген машиншы, сол «мөмин»ниң тиккелей тапсырмасы бойынша Мәтжан мықыры деген менен қосылып, өзи пышақлағанын мойнына алды.

— Мен саўатсызбан, ақыры... —деди окрисполком председатели.

Баймуратов ийни түсип, салысы суўға кеткен окрисполком председателине, Нуратдин Мәжитовке қарап-қарап, столдың үстинде жатырған аўзы бүрмели ақ шүберек қалтадан махорка алып орады, шырпы шағып уртын бир толтыра жутып, кейнинен шақала бир жөтелдиде:

— Бюро ағзаларынан басқаларыңыз бир майдан шығып турың,—деди...

Төребай бюро ағзаларының өз-ара қалай жәнжеллесип, не шешкенин билместен, бюроның ақырында тек жазасын еситип түни менен аўылға қайтты. Ҳаялы Бағдагүлге келип гүрсинди.

—Аўзы ашықлығым ушын, есап қағазыма жаздырып қатты сөгис алдым.

— Ҳәзирги басшылар да сөге ме екен? Қатты болғанда ата-бабадан қайтарып сөге ме, ямаса даўысының барынша бақырып ҳәммеге еситтирип сөге ме?— деди Бағдагүл. Ашыўлы Төребай ҳаялының аңгөдеклигине күлди де қойды...

Сөйтип ол қанша талапланса да оқыўға қызлар жибериў жөниндеги мақсети иске аспай, оқыўға кетиўге бел байлаған жалғыз Гүлжанды да анасы өлимнен қорқып жибермейтуғын болды. Оның үстине арадан бир ай өтпей-ақ және сум хабар тарқады.

—Москваға, Қазанға, Ташкентке оқыўға барыў ушын Әмиўдәрья арқалы Аральскийден шығып отарбаға миниўди мақсет еткен жигирма еки жигит-қыз минген кеме Бегжаптың тусына келгенде баспашылардың қолына түсип қурбан болыпты! ..

Усы қайғылы ўақыяға белин қайыспаған аўыл қалмады дерлик. Мәжилислер өтти. Жалғыз қызынан айрылған Бийбинайым сарсыла-сарсыла шөп болып азып кеткен еди. «Бегжап»тың



www.ziyouz.com kutubxonasi

қайғылы ўақыясына арналған мәжилисте көкирегин кере ортаға шықты.

— Тең-қурбыларым! Мени естен айрылды деп ойламаңлар! Мен енди түсиндим, бул ойқаннын ҳәммеси бизиң ул-қызларымыздын келешегин қызғаныўшылық!—деп ол сөзиниң ақырында кембағаллардан ким ул-қызларын оқытаман десе жәрдем беретуғынын айтты.

Бийбиайымнан соң Аблулла биринши сөз алып:

— Мен бараман! —деди.

—Бар, шырағым, бар!—деди Бийбиайым және түргелип.— Өзиң оқып келгенше ананды қолыма аламан.

Ерлердин жыйналысында сөйлеген күйикли ананың гәпи үйдегилерге де еситилген еди. Сол күни кеште Турсын ерине:

— Мейли, ағасы, бизиң қызымыз журтлардикинен артық па, әжели болса өлер, болмаса оқысын, Абдулла менен жибере қояйық,—деди.

—Ақылың бар, ҳаял! Мынаны да Халқабадтағы мектепке берейик,—деп Сейтжан қуўанғанынан сегиз жасар улын қушақлап дизесине миндирди.

* * *

Жуманияз ләўзе де, Мәтжан мықыры да Әмиудәрьяның қубласында атағы шыққан байлардың балалары еди. Олар бирге жүрип, бир мақсетке хызмет еткен менен, бирин-бири көре алмас, бири екиншисине жақпас еди. Олардың бул күншиллиги әкелеринен аўысқан. Әкелери кеңес ҳүкимети келип, биротала еркиннен айрылған, өз-ара жаўласып, «Қалликөл» дин мал жайлаўына таласып өткен байлар. Соның ушын балалары да бир бирине ала көзли еди.

Жуманияз ләўзе, бойының түйедей ирилигине ақыл-ойы сәйкес болмаған соң, «ләўзе» атанып кеткен. Ал, Мәтжан, бойының келсаптайлығына қарамастан, үлкенлер менен жақ жарыстырып, шортимекликк ете бергени ушын мықыры» атанып кеткен. Олар кеңес ҳүкиметине қарсы шөлкемлестирилген баспашыларға қосыларда да бир-бирине ойласып келген емес. Екеўи де Қоңыратлы баспашы Турдықылыштың шабарманлығын арсынып қашып кеткен. Қалған -қутқан дүньяның арқасында ҳәр қайсысы жигитлер жыйнаса да, ҳештенениң көзин билмей Тәжим мурттың бандасына келип қосылған еди. Бул жерде олар найлаж тил бириктирип кетти. Сонда да еки байдың баласы бирбирине ала көзлигин тоқтатпады. Бирақ, Тәжим мурт өлген соң



www.ziyouz.com kutubxonasi

да тәғдийр оларды айырмады. Нурымбет ахунның силтеўинде қалды, себеби, Турдықылышқа қайтып барыўға бата алмас еди. «Нурымбет ахун усланды» деген хабарды еситиўден тез ғана «Жиңишкениң тоғайы»нан орын алмастырды. Енди олар ҳеш кимниң қолтығына тығылмастан өзлериниң топарын дүзбекши болып көрди.

Бирақ қайсысы басшы болады. Усы сораў екеўиниң де басын ғырғыр етип, туўры Бегжаптың сағасына жол тартты. Нурымбет ахунның усланбастан бурынғы ескертиўи бойынша Әмиўдәрья арқалы ыққа қарай оқыўшылар өтеди. Аңлып жатыўы тийис. Ең қыснақ жер «Бегжап»тың сағасы. Усы кәрада аңлыса болады. Бул жерде олар Турдықылыштың бандасы менен қайтадан ушырасып қалды. Турдықылыш оларға үндемеди, бирге бола берди. Сөйтип Жуманияз ләўзе менен Мәтжан мықыры сол жылдың жазында «Бегжап»тың сағасынан қан ағызған қайғылы ўақыяға жан-тәни менен белсене қатнасты...

Мәтжан мықыры Жуманияз ләўзеге қарағанда сумлаў еди. Жигирма еки жастың жанын қыйғаны ушын ЧОН отрядының шабыўылынан қорқып, Турдықылыштың бандасы Үстиртке қарай қашқанда, Мәтжан мықыры өзине дәрке жигитлерди иркип:

— Турдықылыш яўмыттың қолтығының астына кирип, не дер екен деп жүргенше, өзлеримиз шабыўыл жасап, өзлеримиз басқаратуғын ел бөлшеклеп алғанымыз пайдалы,—деп, бөлинип қалып қойды. Ескиден киятырған душпан болғаны ушын ба, ләўзе мақарыға исене бермес еди. Ол да өз жигитлерин жыйнап:

—Көп сырымызды билетуғын Мәтжаннан ажыралып кетсек, кеңес ҳүкиметине сатып жибереди,—деди.

Олар усылайынша және бас қосып, Әмиўдәрьяның арқасына өтип, Порлытаўдың айналасындағы көлдиң ортасындағы қопалықты паналады...

## 8.

Және жадыраған жаз келди. Бул жаз Төребайға бахыт әкелди, егиз қызлы болды.

Солай болса да тазадан там салыў быйыл да ядында жоқ. Гөнерген тамының унираған жерлерин, жарықларын өзи сыбап алып соған-ақ қанаат етип жүр. Мине, ол үйине ТОЗ шылардың, аўыл дийханларының егинлерин бир қатара көзден өткерип келди. Бағдагүл суўға кететуғын болған соң еки бесиктиң ортасында отырып, еки қолы менен екеўин де әстен тербетеди. Егизеклер тең уйқылап кетти. Ол енди еки бесиктиң ортасында



www.ziyouz.com kutubxonasi

шалқасына жатты. Ақсақаллыққа сайланбастан бурын қандай болып жататуғын болса, ҳәзир де солайынша, басында бир көпшик, қара қасларын гә керип, гә үйип, шалқасына жатыр. Бурынғылардан айырмасы—үйи қоқтасынлы. Бурын кийизге де жарымас еди, ҳәзир кийиздиң үстине көрпеше төселген, бурын жарғақ пенен тысланған көпшик, болар еди, ҳәзир қызыл шыт пенен тысланған... Ол көз алдына ҳәр қыйлы ўақыяларды келтирип жатыр; «Саррас бир жылға қарады, аўылға топылатуғын баспашыларға бир нәўпе тыйым салынды... Усы бир жылдың өзинде «Бахытлы» аўылы қанша өзгерди?.. Жоқ, аўылды қоя бергенде, бурынғы Әмиўдәрья областы қанша өзгерди? Әмиўдәрьяның қубла тәрепине орналасқан Хожели, Қоңырат, Маңғыт қалалары өзлерине дәрек елатлары менен Әмиўдәрья областына өткерилип, Қарақалпақ автоном областы дүзилди. Бул ўақыяға қуўанбаған ҳақ нийетли инсан бар ма? Әсирлер бойы миллет болып саналмай жүрген миллет өзиниң ҳақыйқат миллетин белгиледи, өз тәғдири өз қолына тийип 1925-жылдың 12-февралында Қарақалпақстан советлериниң биринши шөлкемлестириў съезди өткерилди. «Бахытлы» аўылы бир аўыздан Төребайды делегатлыққа сайлады. Биринши шөлкемлестириў съезди қарақалпақ автоном областын ерикли тийкарда қазақстанның составына киргизиўди соранған қарар қабыл етти.

Биринши шөлкемлестириў съездиниң бул қарары халықты қанша қуўандырды! Қарарға байланыслы өткерилген жыйнялысларда неше-неше адамлар сөйледи. Бәри де бир аўыздан «миллетлер арасындағы дослығымызды күшейткен большевиклик партиямызға даңқ, алғыс, раҳмет» дести...

Төребай қарақалпақ автоном областының Қазақстан составына косып алыўын тилек етиўши делегацияның есабында Қызыл ордаға да барып қайтқан еди. Еки халық ўәкиллериниң қушақласып көрисиўин көз алдына елеслетти: «қазақлар революциядан бурынғы қазақлар емес... Жай халық ўәкиллери, жо-жоқ, жай халық емес, совет халқы, аўа, совет халқы, совет қазақстанының халқы қарақалпақстан советлериниң биринши шөлкемлестириў съездиниң қарарларын, яғный қарақалпақ халқының тилегин бир аўыздан мақуллады. Бүгинги қарақалпақ халқы енди бурынғы қарақалпақ емес, уллы советлик бир хожалықтың ағзасы болды...»

—Ол усыларды аўылға айтып келгенде аўыл шексиз қуўанышқа бөленген жоқ па? Қол шаппатлаў дәстүр болмаған аўыл қанша ўақыт—қол шаппатлады! Халық түсинеди. Егер Октябрь революциясы усыған жеткермегенде, бурынғы миллетшилер халықты қанша әпдадалыққа салар еди. Ҳақыйқаттан, рах-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мет партияга, рус халқына!.. Төребай ҳәмме ўақыяны көз алдына келтирип қўуанышлы езиў тартады. «Бегжап» қанлы ўақыясының бас себепшиси Турдықылыш ҳәм Қасымның бандалары қолға түскели аўыл арасы суў серпкендей тынышланып еди. Дийханлардың турмысы жақсыланды, өмир сүриў еркин болды, ашсатласты. Аўылдың сыртқы көриниси де, иши де өзгерди Ҳәмме «Үлкен жай» деп атайтуғын ТОЗшылардың он төрт хожалықлық жайынан басқа қанша жекке-жекке ылай тамлар, қамыс қақыралар тикленди. Неше жер төлелер көмилди. Дийхан ушын жер ашыў жыр емес, бас мәселе суў еди, «Жанажарған» қанша дийханларды жоқшылықтан қутқарды. Ең баслысы «Жанажарған» бурынғыдай байлардың атызына ақпай, жылаўын ТОЗшыларға берди. Соның себебинен бе, өткен жылы қабы толмай ТОЗшы қалған жоқ. Төребай қайсысына жолықса да, олардың аўзынан «теңликке жеткерген кеңес ҳүкиметине рахмет» деген алғыс еситилер еди. Көп нәрсеге кеўли толмай кеўиллениип, өзинен-өзи тоңқылданып жүретуғын Қалийге шекем:

— Быйыл муртымызды балта кеспейди, ҳүкиметтиң сиясатына мың-мың алғыс!—деп жүрипти. Өткен жылы мәмлекетликтән планлары да орынланды.

«Үлкен жай» питиўден Сейтжан бөлек аўылда жасағанды қойып, сол жайға көшип келген еди. Баслығы өзлери менен бир жайда жасап, аш-тоғынан хабарлы болғаны ушын ба, «Үлкен жай» да туратуғын, ТОЗ ағзалары жалғыз қалған Бийбиайымды да жеккесиретпеди. Қатарға қосып алды.

Бийбиайым еринин изинен хабар алмады да, оннан қалған дүнья көп еди, бәрин орынлы-орынларына жумсап, көпшиликке берген ўәдеси бойынша Айтбай «большой» дың қалған жийени Абдулланы оқыўға жиберип, оның изинде қалған анасы менен хожалығын қосып жиберди.

ТОЗ ағзалары оның жумысқа барыў-бармаўын елестирмес еди. Сонда да ол шыдамай «Жаңа жарған»ның қысқы қайта қазыўында ийнине бел салып шықты, бирақ ТОЗ шылар;

—Тек чай қайнатып берсең болар,—дескен соң олар менен бирге болды.

Сөйтип «Жаңа жарған»ның қысқы қазыўы да аўыз бирликли өтти. Бәҳәрде Әмиўдәрьяның суўы кеш тасығанлықтан аўылда суў ушын бир төбелес болғаны болмаса жәнжеллер кемип кетти. Бирақ сол төбелес есте қаларлық еди. Тек адам өлген жоқ, басқасының бәри болды. ТОЗ шылар бир тәреп, басқа жекке дийханлар бир тәреп болып, «Жаңа жарған»ның суўына таласты. Бир-биреўге бел алып жуўырысыў нәтийжесинде беллер



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қалийдиң бир аяғының бармақларын шаўып, Сейтжанның жаўырынын тилди. Жекке дийханлардың да көбиси жараланды.

Төребай араласып, ТОЗшыларды қуўатлап еди, оған да бел тийди.

— Есигине киси жумсамаған дийханның басқалар менен ҳуқықы тең,—деп Хожанияз араласып еди, ТОЗ шылар оны да аяп қоймады.Ири денели Орынбай келип белиниң жалпағы менен оның жаўырынына бир урды. Төбелес қыза келе ақсақал менен батрашком арасына өтип, Хожанияз окрисполкомға шаўып кетти. Сөйтип мәселениң ақыры окрисполкомнан шығып, оннан соң Баймуратовтың алдына жетип, түби айланып келгенде ТОЗ шылардың пайдасына шешилди. Бул ҳәдийсе және бираз дийханның ТОЗ ға кириўине әкелди. Саны көбейген соң күши артып, ТОЗ шылар және еки шығыр да сатып алды. Сол шығырлар менен дөңеслеў жерлер де егилди. Бахыт қараған «Бахытлы» аўылының егинлери быйыл да болық; көги былтырғыдан да зор. Жуўерилер бел буўарлыққа келип тур.

Мәмлекет қымбат баҳа менен сатып алып, ширкет арқалы ҳәрқыйлы шыт, чай-қант беретуғын болғанлықтан пахта егисиниң көлемин көбейтти. Пахталары да ғумшалаўға қарады Суў кем болған гезде шығырлар тынбайды. Өзлери күни-түни гезеклесип шығыр айдайды.Еле егис ўақты келмей атырған тары еди. Ерте егиўге шымшықлар да жеп қояды: ўақтында егиў тийис. Сол ушын олар өз-ара ғаўқылдасып: «топан тасыўда суў көбейеди, тарыны мол егемиз» десип жүрипти.

Аўыл арасында тыныўшлық орнап, жаңа дүзимге қарсы жар салатуғынлардың даўысына суў қуйылғанына қарап Төребай: «уйытқытып жүрген Нурымбет ахун екен ғой деп уйғарар еди. Орақбай еки үш мәртебе түн жарпында келип, «Бегжап»тың сағасында жигирма еки жастың қанын төккен Қоңыратлы Турдықылыш бандасының бир топары тутылғанын, енди қалғанларына излеў жүрип атырғанын, әсиресе, Әмиўдәрьяның арқасына көп үйирсек Жуманияз ләўзе хәм Мәтжан мықыры дегенлердиң таптырмай жүргенин айтып, аўылда қырағылықты күшейтиўди ескертип кетти.

Оқыў жөнинде әңгиме болса ғана ТОЗ шылар арасында бир қанша ала аўызлық болатуғын еди. Халқабад волостында ашылған мектепке Сейтжанның улына қосып тек Орынбай бир улын берип қойыпты. Балалары қыстан бери күнде ешекли қатнап жүрипти. Әкелери «күн көрис» салығын да төлейди. Басқалар еле кесгеллем, оқыў жөниндеги гәптен азар-безер болады.

Дүйсенбай тым-тырыс. Өз алдына бир шығыр сатып алып, батрашкомның шәртнамасы бойынша жалланған дийханларға



www.ziyouz.com kutubxonasi

қәдимгисинше егин ектирип алды. Атажан бай да егис күнлеринде қақанлады. Мәмбет молла да тиришеленди. Егинлери болық. Олардың бәри мөмин.

Жаз басланыўдан және жекке там салыспалар басланды.

Төребай Хожанияздың қылықларына ҳеш түсине алмайды. Ол тап еки жүзли пышақтай аўып турған биреў. Гейпара ҳәрекетлерине қарағанда ҳақыйқат дийханлардың тәрепдары усаған.

Ал, базы бир қылықларына исенип болмайды. Аўылдың аўыз бирлиги деп, байларды қуўатлай кетеди...

Төребай усыларды көз алдына елеслетип жатыр.

Ол Қызыл Ордадан келгели Хожанияздың шоғында бир неше мәртебе болса да батрашкомның үйине кирмеген еди. Бағдагүл суўдан келген соң:

— Көрдин бе, екеўин геннен уйқылаттым,—деп күлип түр гелди ҳәм батрашкомды көриў мақсетинде тез атланып, туўры Хожанияздың шоғына тартты. Егер Хожанияз ашық сырласса аўылдың келешеги туўралы бирге ашық пикирлесиў қыялы да жоқ емес еди. Келсе үйиниң қасында көп адам жүрипти. Ҳәммеси бир отаў тигиўдиң ғамында. Бес-алты ҳаял кийизлерди қурастырып, үзик тигип отыр. Ҳасасын таянған бүкир Атажан бай да усы жерде, Мәмбет молла да келипти. Шолақ бешпентли дуғыжым билекли бир дийхан отаў орнын қырмып атыр. Хожанияздың гөне үйинде сөйлеп отырған Дүйсенбайдың даўысы еситилди. «Бул әпиўайы үй тигиспе емес қой» деди Төребай өзинше. Соның арасында Хожанияз адамлардан бөлек шығып Төребай менен сәлемлесип:

— Мәжитов ертен азанда жетсин деп еди,—деди. Төребайдың оған қәҳәри келип, не ушын деп сорамастан, атының жүўенин тартып, артына айналып баратыр еди. Атажан бай маңлайына алақанын тутып турып.

— Ҳей, неге аттан түсирмедиң?—деди Хожаниязға. Хожанияз үндемей қолын бир силтеп, ҳаўаны кести.

— Ҳәзир қайтарып келейин,—деп Мәмбет молла Төребайдың изинен бүгежеңлеп жуўырып еди, ол қайрылмады.

Туп-туўры қалаға қарай бет алып, «Бунша дүньяны қайдан тапқан?—деди Төребай жолда.—Пара алып жүр ме екен? Ямаса соқта ойнайдымыс деген гәп бар еди, сол соқтадан утып алған дүньясы ма екен?.. Гилең байлар неге усы жерде... Мәмбет молласын изимнен жибергени неси?.. Ең баслысы, не ушын окрисполком зор берип қуўатлайды?

Окрисполком баслығында бәле барлығына неге ҳеш ким исенбейди екен? Бул киси баяғыда Жумагүл оқыўға кетпекши болып, Нурлыбайды излеп келгенде де тоңмойынлық еткен. Еле



www.ziyouz.com kutubxonasi

сол турысы. Саўатсызбыш, болмаса жақсы шөлкемлестириўшимис,—депти биреўлер жоқарыдан. Хожанияз сыяқлыларды қуўатласа жақсы шөлкемлестириўши болғаны ма екен? Жоқ, мүмкин емес ,бул. Жәнжелпазды тыныш етсе жақсы шөлкемлестириўши боладымыш... Бағана үй тигиўине қарағанда, усылардың шаўқым шығармай ҳәмме нәрсени бастырып жүргенине қарағанда бир жағында парахорлық бар. Усы Хожанияздан окрисполком пара алады...» Ол қалаға жеткенше ойланыў менен болды ҳәм усы сапары не де́болса Баймуратовқа ҳақыйқатлықты айтыўды мақсет етти.

Алды менен Мәжитовтың кеңсесине кирди. Ол да Баймуратовқа усаған киши пейил еди, есик бетке еки адым жүрип келип сәлемлести...

Төребай бул ақ көкирек, кең пейил адам менен сырласқысы келди;

—Нуратдин абый, усы окрисполкомның өзи гүманлы емес пе?

Мәжитов оның шыны менен сорап отырғанын билип, өзине тән әдетинше көзлери күлди.

—Өмир баянында бузықлық жоқ. Бирақ ески жолды көп қуўалайды. Базда диншиллерден кеңес сорайтуғын қусайды. Биз бунын бәрин саўатсызлығынан деп жүр едик. Өзи тоң мойын усаған. Былтырдан бери Баймуратов пенен басы писпейди. Оны өткен конференцияда да көп адамлар сызып таслап еди, өзиниң областьта бир таянышы бар ма деймен... Ал енди, Баймуратовтың талабы бойынша жақында, Ивановапын басшылығында қайтадан комиссия келип тексерип еди, жуўмағы обкомда қойылатуғын болып кетти. Не де болса усы сапары пара алмайтуғын адам тексерди. Ҳақыйқатлық шешилер. Мен Жумагүлге те хат жибердим.

— Жумагүл қайда ҳәзир?

— Совет партия мектебинде оқып жүр еди, келеси жазда питкереди. Быйыл дем алыс ўақтында ўақытша Иванованың қараўында ислеп қалыпты. Ол да бюроға қатнасады ғой.

— Онда жақсы екен,—деди Төребай өзин жеңил сезип.

—Төребай иним,—деди Мәжитов.—Мен өншен ақсақалларды шақырып отырман. Ҳәзир бәри келеди. Быйыл муғаллимлик курсты питкерген жаңа муғаллимлер жыйналады. Арасында баяғы өзин справка берип жиберген Нурымбетов Турымбет деген бала да бар. Оны өзиңиздин аўылға жиберемиз. Оған жәрдем бер. Ал, тийкарғы ескертейин дегеним, қызлар мәселеси. Бул мәселе—бас мәселе... Быйыл окрисполкомның қарары шықты. Қарарда «Бахытлы» аўылы бойынша Төрткүл ҳәм бас-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қа қалаларға оқыўға жибериў ушын үш қыз белгиленип отыр. Көп емес. Себеби сизиң аўыл ең жақсы шөлкемлескен аўыллардан ғой. Орынлаў керек. ТОЗ ағзалары менен сөйлес... Бетке айтқанның айыбы жоқ. иним. Өзиң саўат аш, жасым өтти деп арсынба. Еле жасың қырыққа жеткен жоқ. Өнер-билим үйрениў—ҳеш ўақытта кеш емес...

— Яқшы, Нуратдин абый...

Төребай ойына алған мәселелер бойынша Мәжитов пенен ашық сөйлесип болып, Баймуратовқа да кирип шықты.

Қайтып келсе ОкрОНОның алдында Турымбет оны күтип, шамалға ушып желбиреген қара шашларын сыйпаң, шылымды қайта-қайта бурқыратып шегип тур екен. Үстинде бәҳәрдиң ақша қарындай жипек көйлек. Белинде ушлары пөпекли, ақ жипектен есилген белбеў. Аяғында сары телетин туфли. Путында қара шалбар. Өзи аппақ болып семирип кетипти. Кисилик жарыстырып гәрдийип турған муғаллимге Төребай алды менен сәлем берди...

Қайтысын жолдың ярымынан көбинде Турымбет атлы жүрди. Аўылдын ҳал-жағдайын сораўы да солғын. Төребай Жумагүл жөнинде сорап билмекши болып еди.

— Қой, ол уятсызды,—деп келте жуўап берди, ал өзиниң қалай оқығанына келгенде мақтанды:

— Мениң бурын саўатым болмаса да ески саўаты бар адамлардың арасында өзимди жақсы меңгерип жүрдим. Барлық ҳәрипти билемен. Мәжитов айтқандай, өзиң жәрдем берсең болды. билимди мен халық ушын алғанман, енди халыққа беремен. Ырасында да,мен Ленин ҳаққындағы көп әңгимелерге исенбей, сонша халықты патшалыққа қарсы қалай үгитлеген, қалай тәрбиялаған, сонша әскерий күши бар патша қалай қулаған дейтуғын едим, оқытқан муғаллимлер қулаққа қуйды. Кәрамат, кәрамат! Ленинге рахмет!..

—Дурыс болыпты, иним. Ел сендей билимли жигитлерге шөллеп, аўзын палапандай ашып отыр, аўылымыздан еки бала қысы менен Халқабадқа қатнады...

— Жақсы болыпты, әне класста класком болатуғын балалар да тайын екен,—деди Турымбет билгишсинип...

Турымбеттиң муғаллим болып келиўине арналып аўыл кеңестиң кеңсесинде үлкен мәжилис өткерилди. Төребай Турымбетти ҳәммеге таныстырды, ҳүкимет пенен партияның халық ағартыўы исиндеги ғамхорлығын түсиндирип. жоқары қалаларда оқыў ушын аўыл бойынша үш қыз жибериў жөниндеги окрисполкомның қарарын баянлады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Кимде-кимниң садақаға айтқан қызы болса, берсин, — деди биреў Төребай сөзин тамамлаўдан.

Дийханлар бул даўыстың қайдан шыққанын билмей, оны излеп бир-бирине қарасты.

— Қәне, Мәмбет аға, баслап қызыңызды сиз бериң? — деди Хожанияз қарап отырмай.

— Мен, бе? — Мәмбет молла көкирегине қолын басты. — Әне қалас! «Ақ патшаны қулаттық, Хийўаның Әспандияр ханы өлтирилди» деп, ҳәмме телпегин аспанға шыңғытып жүр еди. Әне, тамаша! Хийўа ханынан бул ҳүкиметтиң не айырмасы бар? Хийўа ханы сулыў қызлардан елге бир қыз салып, тиккелей алатуғын еди. Ал бул ҳүкимет оқыўды бәнелеп үш қыз алажақ... Қызлар оқыйдымыш!..

Төребай қанасына сыймай бирден қызды:

— Қәне, Мәмбет молла, қысқарт!

Соңғы гезде Бийбиайым Т О З шылардың жыйналысына қатнастырылмай қалмайтуғын еди, ол күтилмегенде орнынан құстай ушып түргелип:

—Бундай бийәдеп адамның бизге не кереги бар? Шықсын ҳәзир, — деди пәтли. — Бизиң Турдыгүл оқыўға кеткенде де мийнмизге қурт болып түсип «қызыңыз бузықлық етиў ушын кетти», деп, тыным берген жоқ еди. Еситтиңиз бе ҳәзирги сөзин? Бундай жәдигөй адам босатсын араны!..

— Жалған! Мен ҳәзир түсинбей айтып атырман, деди Мәмбет молла.

— Бундай бузақы, ел бузар керек емес! — деди Салый уста қызып. — Оның өзисиз де, қызысыз да күн көрермиз. Төребай, мениң қызымды қәлеген жерге оқыўға жибериў ушын биринши есапқа алып қойыўыңызды сорайман.

— Жаз, — деди Төребай Турымбетке. — Салый қызы Орынгүл. Қәне, Мәмбет молла, босат жайды!

— Бир қарақалпақ жыйналыстан шығып кете бере ме? Қолға қойылсын, — деди Хожанияз.

— Кетсин, кетсин! — деди дийханлардан көпшилиги жабырласып.

Сейтжан түргелип барып Мәмбет молланың қолынан жетелеп, шығарып жиберди.

Орынбай сөз алды:

— Мениңше, батрашком Хожаниязды да шығарып жибериў керек.

— Не ушын?

—Сени қудай ура ма?...—дести бир даўыслар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мен буларды бир пикирлес деп шамалайман, — деди Орынбай.

— Хожанияз усы жыйналыстан шығыў түўе батрашкомлықтан босатылсын, — деди Қалий орнынан шалт турып.

Жайдың иши балық базарына айналып кетти:

—Босатылсын!

—Босатылмасын.

—Босатылсын!

—Босатылмасын.

Турымбет ҳеш сөйлеместен, биресе Хожаниязға, биресе екиге бөлинип бақырып отырған адамларға жалтақлайды. Төребай алақанларын шарт-шарт шаппатлап, ғаўырлыны ирикти.

— Мени босатыў сизлердиң қолыңызда емес, — деди Хожанияз тынышлықтан пайдаланып.

Төребай жыйналысты таярлықсыз өткергенин енди түсинип.

—Азаматлар.—деди алақанларын шапатлаўын даўам етип. — Тынышланыўыңызды сорайман! Әне, усылай тыныш отырыңлар ақыры. Батрашком Хожанияздың мәселесин ендиги жыйналыста қараймыз. Жыйналысымыз даўам етеди. Қәне, оқыўға және ким қызын жибереди?

Сақаллы, шымыр денели бир дийхан әстен тикейди:

— Қызларым жас .Болмаса жиберер едим. Ал аўылдағы мектепке қызымды биринши болып беремен.

— Жүдә жақсы, қәне, және ким?

Тынышлық.

Қызы көп Қалий, Хожаниязды босатыўға усыныс көрсетерин көрсетсе де енди мени көрип қоймағай деп басын жоқары алмады. Ҳеш ким жүрексинип, оны туўрылап көрсетпеди.

— Оқыўға бала жибериў, қыз жибериў бахыт. Бүгинги оқыў ертеңги азық... — деп Төребай өзи билгенинше түсиндирип, Жумагүл жөнинде, улыўма ҳаял-қызлар жөнинде, Мәжитовтан еситкенлерин айтып: — Және кимниң қызы Орынгүлге жолдас болады? — деди.

Толық тынышлық орнады.

«Салый қызы Орынгүл» деп еле жазып бола алмай, ҳәр ҳәрипти салған сайын еринлерин дөңгелетип ,шыйырып отырған Турымбет Жумагүлдиң атын еситкенде қапталына түкирди.

Төребай жыйналғанлардан және сорады. Және ҳеш ким сылт етпеди.

Соңғы гезде жатық минезли болып қалған Дүйсенбай жыйналыстың бир мүйешинде шөгип ғана отыр еди. Өзи сөйлемеди, сөйлегенлердиң бир аўыз сөзин түсирмей тыңлады. Мәселе аў-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ыл ортасынан мектеп ашыўға келип, «мектеп ушын жай қәне?» деген сораўға тирелгенде барып, ол малақайын қосқоллап көтерип түргелди:

— Аўылласларым, қудай меннен бир пәрзент аяды. Өзлериңиз билесиз. Ал, мектепке жай керек болса, ойланбай бизиң бир бөлмени алыңлар.

Ҳәмме аң-таң. Төребай бул кисиниң шыны ма ямаса жуўҳашылығы ма, анықлағысы келип бетине қарады. Дүйсенбай айтарын айтып болып, бийғам отырып, өзин атқылаған көзлердиң ҳеш қайсысына кеўил бөлмей, аяқларын көсилип, насыбай атты.

— Бул қандай сақыйлық, Дүйсенбай? — деди биреў орнында кекетип.

— Бул кисиниң сөзине инанбаў керек, — деди қызлары жөнинде сөйлеўден буғып қалған Қалий омыраўын көтерип.

— Аўылласлар, өйдемеңлер, — Дүйсенбай және тикейди. — Жайымда бала оқып, кулағым бала даўысын еситип жүрсин. Бәриңиз де әкесизлер, ал мен бала даўысына зарман.

Шаўқым басылды...

* * *

Дүйсенбай аўлағында келип Гүлбийке кемпирге:

— Балаңның оқыў питкерип келгени ушын жас үлкенлерди шақырып пәтиясын ал, — деп, кеңес берип кетти.

Турымбет оқыўға кеткели тамының төбеси қурымланбағанлықтан жалпыламай өрмекшиниң аўы менен қапланған еди. Әллеқандай қонақ күтиўге ғамланып атырған анасын көрип Турымбет жайды алды менен тазалаў кереклигин ескертти. Бул кемпирге аўырманлық түсирмеди. Тез барып Дүйсенбайдың ҳаялын ертип келди. Сөйтип олар биргелесип, усы бүгин кеште қонақлар шақырыўдың әнжамын көрди.

Муғаллимниң қуўанышын ортақласыўға Т О З ағзаларының бәри келди. Тек Дүйсенбай жоқ еди. Ол шақыртылған еди, бүгин сырқасланып отырғанын айтып жиберипти.

Дүйсенбай Турымбеттикине екинши күни келди, бирақ тәнҳа өзи келди. Оның үйреншикли аўзы бурынғыдай ақыл үйретпеди. Чай қайнағанша көпшикке жанбаслаған оның дөңгелек көзлери диўалға тутылған қызыл гилемлерди, төсеўли ақ кийизлерди жеп баратыр. Солай отырып бир айтқанын тәкирарлап, үш төрт мәртебе гүбирленди:

—Аман-есен оқып келип үйиңе қуўыстың, қосшым. Атағың абройың өзиңе қутлы болсын. Мәртебең бәлент болсын...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дүйсенбай усы гәпти тәкирарлаған сайын кемпир қалыспады. Әдепки бир жуўабын қайталай берди:

— Тәңир жарылқасын-қайтып келмеске шығынып кеткендей болды ғой, шырағым мениң.

— Аўа, аўа бир жыл деген бир адамның өмири, — деди бай енди Турымбетке тикленип. — Көп нәрсе үйренген шығарсаң, Турымбетжан?

—Қисн бир жылда не үйренеди. Журтлар жети-сегиз жыл лап оқып жүр, — деп жуўап берди Турымбет.

— Усы оқығаның болар. Көп оқығанлар шай мий болып кетеди, — деди және анасы.

Дүйсенбай ана менен баланың жүзлерине алма гезек қарап отырып, түпиригин бир жутып, қылғынып сорады:

— Оқыған биреўди алып қайтпаған екенсеңдағы?..

—Қоя гөр, қоягөр. Кеткен келиндей бийҳая, жалаңбас биреў ғой сонда әкелетуғыны. Көзим ондай жалаң путты көрмегей!

—Турымбетжан, кем сөзли болып кетипсең. Бул жақсы. Саўатың ашылған шығар?

— Отыз еки ҳәрибин яддан билемен.

— Әне, маман болыпсаң. Отыз еки ҳәрип түўе, әлип десе таяқты көрсете алмайтуғынлар да дүньяда жасап жүр. Мен не? Әптүйекти шығыппан ба, еле бир? Бул дүньяда оқыған да, оқымаған да, жасайды. Қудай бахыт берсин.

— Бүгин Сейтжан менен Орынбайдың улларын көрип сөйлессем, бираз ҳәриплерди үйренипти. Соннан бери, отыз еки ҳәрипти оқытып болғаннан кейин, балаларға не үйретиў кереклиги басымды қатырып тур.

—Иним-аў, оның несине қыйналасаң? Отыз еки ҳәрипти оқытып болған соң ҳүкиметтен тағы ҳәрип сорай қоясаң. Нураддин татарда не көп? Ҳәрип көп.

—Япырмай-ә?—деди Турымбет басын қасый-қасый қуўанып .— Өйтсек те болады екен-аў. Отыз еки ҳәрип түўесилсе жолдас Мәжитов қосымша ҳәрип жибере қоядыдағы... Әне, әне, усы есиме келмепти...

— Иниси бардың тынысы бар, ағасы бардың ырысы бар. Бағанадан бери қабағың жыйырылып отырғанға не болды десем, усы ма? Бай ағаңа қашшан айтқанында ақыл таўып береди екен. Иниңе көз қулақ болагөр, мырзаға, — деп кемпир жайдың иши ысып кететуғын болған соң далаға от жағып, қуман қойыўға шықты.

Малдас қурынып отырған Дүйсенбай және бир қырынына



www.ziyouz.com kutubxonasi

жамбаслап, көз астынан Турымбетке қарады. Кейпи өзгерип, толысқан Турымбеттиң ақ жүзине сергеклик кирипти.

— Жумагүл де муғаллим болып кетти ме?

—Ол жүдә қәдирли. Дем алыс ўақтының өзинде областьта ҳаял-қызлар менен ислесетуғын үлкен жумыста қалды.

— Ҳә! — деди бай басын кесесине шайқап. — Солай де. Адам деген заманагөй болыў керек-аў өзи.

— Заманагөй?!

— Аўа, заманагөй. Қапылып жас өтип баратыр.

—Жас болғанда не қылар едиңиз?

— Мениң балама айт, шырағым. Жас ғой, Үйрет, баяғы иниң ғой,—деп Гүлбийке кемпир иштен чайник алып кетти.

Оқып келген жигитти олай-булай ғаўзастырып, қандай болып өзгергенин билиўге қумартып отырған бай көзлерин сүзип жерге қарады:

—Түсиниў қыйын...

— Бир жыл оқыған адамды түсинбейди деп отырсаң ба?

—Ҳеҳ, ҳеҳ, ҳеҳ!

Турымбет бул күлкиге түсинбесе де, қосыла күлди.

—Заманагөй болыў талдай майысқақ, оқ жайдай ийилгиш болыў деген сөз. Адамның бир қулағы дастықта болса, екинши қулағы дүньяның ғалма-ғалында болыўы керек. Ондай адам бахытлы болады. Ҳәр ўақыт ақыллы адамлардың иси сол. Саған қудай берген....

Чайник алып ентелеп кирген кемпир гәптиң ақырын айтқызбады.

—Түкир, шырағым. Қудай бергей. Усыған оқыўға барыўға кеңес берген сен. Қыдыр атаны көрген ағасы сен...

Дүйсенбай және селк-селк күлди.

— Усы жеңгем мени асыра мақтайды. Мен еле Турымбетжанды буннан да былай өрмелетемен. Жас жигит. Былайынша айтқанда, бизиң атымыз. Жалына асыламыз. Жықпаса болды.

—Жығып қудай урып па?—Гүлбийке кемпир баласының мәртебели атқа теңгерилгенине шадланды:—Енди қазан асайын,— деди де және шығып кетти.

— Ат дегенниң жылаўы болады. Егер мен сиз асылатуғын жаллы ат болсам, жылаўым кимде?— деди Турымбет.

— Ақыллы жасы киши, жылаўын ағасына береди.

— Жоқ, қәтелестиң, жылаўым өзимде ҳәм Нуратдин Мәжитовта.

— Нуратдин Мәжитовта?!— Бай кемпирлерге усап бетиниң алмасын суқ бармағының ушы менен сызып, ашыўланған түр



www.ziyouz.com kutubxonasi

билдирди.— Жасыңнан камалға келтирип, аўызыңа азық, қалтаңа пул салып жүргенлер шетте қала береди-ә? Жақсы үйренген екенсең? Биресе, Тәжим мурт пенен, биресе, Нурымбет ахун менен шабыўылға барып жүргенде Нуратдин татарды танымайтуғын един. Тәжим мурт өлип, Нурымбет ахун қамаққа алынғанға шуўақтағы майдай ерип, боқлықтай сасыдың ба? Ери! Сасы!..

Күтилмеген жаңалық Турымбеттиң жүрегине пышақтай қадалып, тоқпақтай мушы менен Дүйсенбайдың көкирегине дүрис еттирди:

— Жоғал, душпан?!

Дүйсенбай түби ширик тораңғылдың геллегиндей шалқасына аўдарылып түсип, ийеги кемсеңлеп, иргеге жумалап кеткен дегелейин қолына алып, жер таянып түргелди.

—Тойдырғанның қарнына!—Ол, егер, Турымбет умтыла қойса, есиктен шыға кетиўге қолайласып турыпты:—Көзлериңниң ети өскен екен, сениң! Нурымбет ахун қамақта жатып бундайыңды билмей атырған шығар. Оның қулағы шалса, дастығы болар един. Сениң гүнаңа мен жуўап берип жүре алмаспан. Жуманияз ләўзе сени өли Тәжим муртқа дастық етпесе, көре қал, ақылсыз!—Бай жуўап күтип турмастан есикти сарт еттирип жапты.

Турымбеттиң ишегине қоз түскендей ашып, тақатсызланып, кең тамға жалғыз өзи сыймай, басына таяқ тийген жыландай таўланды.

Еңсесине түскен аўыр тасты ысырып таслағысы келип, не де болса уйқылап алайын деп, қапталындағы дастыққа жығылып, еки алақанын басының астына қойып жатып еди, ол да қолайсыз болып қырынынан түсти, бул да қолайсыз болып дүстөменине жатты, бунысы да нақолай болып, тиккесине отырды, буған да шыдамады,ақыр соңы тикейип, желкесин қасыўы менен қапыға шекем жүрип барып, кейин қайтты, және солай...

Үлкен қабақты ярым қылып «шалп-шалп» еттирип, арқалап кирген кемпир баласының бийтақат болып жүргенин көрип:

— Бай ағаң қайда кетти, зейнине тийдиң бе?— деп, сөйленип, қабағын жерге коймақшы болып атырғанда, баўы үзилип, зилдей қабақ жерге былш етти. Қазаношақ бет көл болды. Турымбет буғанда дәрпенбеди.

— Ақ көкирек, Қыдыр көрген адамның кеўлин қабартқаның ушын қабақ сынды, жүўернемек! Бар, кеўлин алып қайт, ол киси саған дәўлет, дәўлетиңе теппе!

— Мийимди қатырма, апа!..



www.ziyouz.com kutubxonasi

# 9

Дүйсенбай албырамады. «Турымбет қалайынша өзгерип қақпанға түскен қояндай тыпыршыласа да аяғы сынады. Әттен буғадай жөн-жосаққа қарамай кететуғын мушы бар. Ҳеш гәп. «Узақтан қашып урған пайдалы»... Ол азан менен Төребайдикине барды.

— Иним, жайды өзим сазлай берсем бе екен? Пай, усталаў адам болса жақсы болар еди.

Ол усы гәпин Сейтжанға да барып айтты, Қайтып келип еки өжиредеги затларын үлкен бир өжиресине тасып, босатып қойды

Сейтжан Салый уста менен Орынбайды ертип, сәске болмайақ жетип келди. Олар жайларға бирим-бирим кирип жүр.

— Дүйсенбай, затларың азайып қалыпты ғой,—деди Салый уста бурын көрип жүрген дүньялардың қайда екенин билгиси келип.

Үйдеги өли дүньясын да билдирмей қыпсалап жүрген Дүйсенбайдың еситейин дегени де усы еди, қуўаныштан:

— Жәнибек хан тағы еки жыл сораса, мың там босайды деген емес пе, бир байыўлы,—дегенин билмей-ақ қалды.

Сейтжанның бирден қабағы жабылып:

— Тарт тилинди! Бир сенин жайың босап, дәўлетиң қайтса, мың жай толып қатарға қосылып атыр,—деди қызып.—Сениң жайыңның кереги жоқ, кәне, Салый, жүр кеттик!

Дүйсенбай «ҳаў-ҳаў, инилерим» деўи менен аўзы ашылып калып, олардың изинше не қыларын билмей ақсақалға жуўырды.

— Төребай иним, жаздым- жаңылдым, сорым қайнап Жийеншениң сөзин айтып не қыламан?! Мен олай дейжақ емес едим. Күлки ушын айтып едим. Сейтжан қызбалық етип, түсинбей қалды. Кеўлимде зәрре қыйлықал жоқ еди.

— Кете бер, өзим сөйлесемен, — деп Төребай да дүңкийиўи менен қалды.

Дүйсенбайдың иши-баўырына енди от түсти. Үйине келип жата алмады. Сейтжанның изинен және барды. Салыйға ушырасты. Орынбайды көрди:

— Керек болса бас пүкил алың. Қуда бир, рәсиўли ҳақ, ҳаслан сумлығым жоқ.

—О дүньядан биротала қол жыўған адамсаң,—деп жиберди Орынбай оның жығырданын қайнатып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дүйсенбай жалын үстинде ушқан көзсиз гүбелекке айналды. Биринен екиншисине зыр-зыр жууырыў...

— Аўыл кеңестиң қарарын шығарсақ та алар едик. Өзин жақсы адам болып инам етесең. Қәне, ырасынан кел, не сумлық пенен берип отырсаң?— деди Төребай ол келип қоймаған соң қайтадан сөйлеткиси келип.

— Ырасын айттым ғой, баланың даўысын жақсы көремен, баланың! Ең болмаса үйимниң дөгереги шаўқым болсын. Қудайым ҳеш кимди бийперзент қылмағай. Өзлериңиз билиң.

Төребай оны шығарып жиберип, Сейтжан менен кеңесип, Турымбетти шақыртты.

— Маған бәри бир, — деди Турымбет, — Қайсы жай болса да оқыта беремен.

— Енди жай салған менен ызғары кеппей, оқыўбаслаў қыйын. Ҳәзиринше сонда бола берсин,—деди Төребай. Сейтжан ойланып-ойланып келисти ҳәм:

— Дүйсенбай да қоян жүрек болып қалса керек,—деп күлди.

Ертенине усталар қайтадан келди.

Дүйсенбай мәңги қулплы туратуғын жайын ашты. Иши бос еди. Бос мийманханасын да көрсетти:

— Өтиниширим, екеўиниң де есигин арқадан ашып ала қойың. Бала даўысын мен жақсы көрген менен өкшеси қанамаған ҳаялыма жақпайтуғын көринеди. Бийшараның бас аўырыўы да бар.

—Ҳаяллар көзиңниң отын алған екен ә?—деди Салый уста дәлкекке айландырып.

—Аўа,инилерим. Қартайдық ғой. Етиңниң ысыўы қашқан соң ҳаялға да қәдирин кете береди екен.

Усталар менен бирге, келген Турымбет олардың өз-ара дәлкегине түсинбей өликтей сәррийип, шырайы көгерип турыпты. Оның бет-әпшеринен хабарлы Дүйсенбай дыққат аўдармастан:

— Еки жай босатқанымның себеби, аўзы арқадан ашылған соң биреўи дәлиз есабында суўықты бөлсин деп отырман,—деп үйине кетти.

Жай сыбаў басланды...

Турымбет сыбаўшылардан күнине бир ирет хабар алып кетеди. Бирақ, жүриси бәрҳа кеўилсиз. Оның бул кейпин көрген усталар бир-еки сапарға шекем үндемеди. Жас жигиттиң күнде ашыўлы, ойлы сыпатын көре берген соң шыдамаған Салый уста дегишти:

— Иним, биреўди сүйип қалып пәнт жедиң-аў, шамасы?

Турымбет тек мыйықтартты. Үндемеди.

Жаңа оқыў жылы басланыўдан еки күн бурын кеште Төре-



www.ziyouz.com kutubxonasi

бай муғаллимди үйине мирәт етти. Бағдагүл Турымбетти жек көретуғын еди: Төребай аўырғанда оның зорлық етпекши болғанын Бағдагүл еле умытпайды. Әттең, ери ертип келгенсоң нәйләж. Хызмет етип жүрип тек көз астынан сығаланып қарап-қарап қояды. Турымбетте әлленеткен менменлик бар тәризли, бурынғыдай шоштыйып отырған жоқ.

— Иним,—деди Төребай оған,—өмир дегенде урысасаң да, жарасасаң да. Журттың көпшилиги «муғаллим-муғаллим» деп қуўанысып жүр. Партиямыз бенен ҳүкиметимизди бир гүжим деп есапласақ, сен де, биз де сол гүжимниң жапырағымыз. Өзиң билесең, мен саўатсызбан. Бизге жәрдем бер. Аўыл кеңестиң мәжилис протоколы, қәўли-қарары базда жазылмай қала береди. Өзим де ўақыт таўып саған оқысам деп жүрмен.

Дүйсенбай менен урысып айырылысқалы ишеклерине қоз түсип, жүрегине пышақ қадалып жүрген жигит көп ўақытқа шекем жуўап бермей: «Бундай қолайлы ўақыт бола бермес, барлық бастан өткенлеримди ҳәзир айтсам ба екен?—деп қыяллланды.—Айтыў керек! Сонда ғана таўдай дөңген қара булттан қутыласаң! Жоқ-ә... бирден исенсе, жақсы. Исенемен, анықлайман деп жүргенде бул үйи жанғырдың Жуманияз ләўзе, Мәтжан мықыры дегенлерин тири жүргизер дейсең бе? Не деген ақыл бар Дүйсенбайда? Көрдиң бе, мектепке жайын берип, жағынып жүргенин. Төребай неге усыларды түсинбейди екен?». Турымбет өз ойларына шырматылып Төребайдың не айтқанын да умытты. Жамбаслап жатты.

Төребай: «бундай гежирлик өзине питкен минез екен, еле қалмапты» деди де, сораўыма өзи-ақ жуўап берер деп, такрарламастан мектепке балаларын кимлер беретуғын болғаны, кимлер балаларын қашырып жибергени ҳаққында өзи барған үйлердиң мағлыўматын айтыўға өтти...

* * *

Қалай еткен менен мектепке жайын бергени ушын Дүйсенбайдың кеўли қарар таўып, жүреги басылған еди. Бир жола Турымбетке көз қысып, сөйлесикке шақырмақшы болғанда, оның қол силкип кетип қалғаны ушын қайтадан көкреги ҳәўлирип, қорықты. Ал кеште Төребайдикине кирген көрип жанйнине әбден от түсип, олардың не сөйлеспекши екенин аңлып турып еди, өзи ҳаққында гәп болмайтуғынына түсинип, Турымбет Төребайдикинде отырғанда аяғындағы геўшин қолына



www.ziyouz.com kutubxonasi

алып, сылт етпестен Төребайдың жайының артындағы сай менен Мәмбет молланикине барды. Он жети-он сегиз жаслардағы былқылдақ денели, семизшик, жалпақ бетли, сәл жумық көзлилеў қызы жип келеплеп, қатпа, арық, көзлери алақандай кемпири уршық ийирип, өзи көз әйнек пенен қуранға үңилип отыр еди. Даладағы дүрсилдиден ҳаўлығып апыр-топыр болып атырғанда-ақ Дүйсенбай сып етип кирди.

—Улбоған, ешектиң дорбасын көрип келши,—деди Мәмбет молла қызына. Қыз әке сөзин еки етпей шығып кетти.

Молланың кемпири Дүйсенбайды көрсем болар деп отырғандай сөйленди:

—Бай мырзаға, геўектиң баласы енди бизиң ғаррының оқытқанына қарсы шебекей оқытады дей ме? Оқыў дегенниң биреўи от, биреўи суўдай бола ма екен? Қалайынша оқытады? Бизиң мынаў ғарры қағаз деген қудайдың бир аты, қуран қуданың ҳәмири менен аспаннан түскен, оны намәрам адам қолына тутыўға болмайды деп, бизлерди жақынлатпайтуғын еди. Ыштанына дәрет сындырып жүрген ол қағазды қалай услайды? Ямаса әрўақлар қашты ма? Сен жайынды да берипсең ғой...

—Қойсаңа быжық! Аўзыңның ўадыўасылы бар сениң!—деп молла жекиринди.—Бар, жаңағы қыз ешектиң дорбасын таба алмай жүрген шығар.— деп, кемпири шығып кеткен соң:— Дүйсенбай жан, мен еле пәнт жеп жүрмен. Ең болмаса мени қуўатлаў орнына жайынды берипсең. Ийшанымыз еситсе, саған шатақ болмас па екен?—деди.

— Сеники дурыс, меники де дурыс,— деди Дүйсенбай тез-тез сыбырланып.— Сениң жолың сондай болыўы керек. Оның менен саған ҳештене қыла алмайды, кеширимли. Себеби сен ескише оқығансаң, болғаны. Ал, мениң келгеним: Турымбет өзгерген. Сен оған қызыңды беретуғын болсаң қайтеди? Бастан қолға алмасақ болмайды. Биротала өзгеретуғын түри бар. Өзи дүньяпаразлаў бала еди. Мен бир нәрселер берейин десем алмас деп жүрмен. Тарысып қалдық. Ең болмаса бергенди алатуғын болсын. Кейни аңсат. Ал, кеттим...

* * *

Турымбет Төребайдикинен келип ,үйинде Мәмбет молланың шай ишип отырғанын көрди. Гүлбийке кемпир демлеўли палаўын еле түсирмепти.

Баласының келген күнгиден басқа бир майдан жадыраға-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нын көре алмаған бийтақат ана шыбыжыңлап, оның кеўлин көтериўге тырысар еди. Ырғып турып оған төсек салды.

Турымбет төсегин сәл иргеге тартып, дийўалға жаўырының берип отырмақшы еди. Кемпири жүктиң үстинен көпшик таслады.

— Шырағым, арқаңа ызғар өтип кетер. Сүйенип жат.

Ол көпшикти арқасына қойып, қос дизесин баўырына тартып, мойны алдына бүгилип отырды. Мәмбет молла әңгимеден әңгиме туўатуғын пайыт излеп те қыйналмады.

— Оқыў деген бахыт. Билими бар мыңды жығады, билеги жуўан бирди жығады деген. Бирақ билимли адамға да арқа сүйер адам керек...

—Айтарың бар ма?—деди кемпир. Турымбет олардың гәпиниң қайда баратырғанына пәрўайысыз, өз ойы менен бәнт.

—Бурынғы ўақытта еки ағайинли жигит болған екен,—деди молла тамсаныл.—Сол еки ағайинлиниң үлкени бай, кишкенеси жарлы болса керек. Кишкенеси үлкениниң дүньясына күтә қызығады екен. Бир жола кеўли сумлық жайлап ағасының ғәзийнеханасына кирип барады. Барса, келбети келип қалған, сақалы аппақ қуўдай, ийман жүзли, қызыл шырайлы бир киси ғәзийнеханасының ишинде гүрек алып, арман-берман тынымсыз жүрипти дейди. Мынаў неткен киси деп, оны танымай, маңлайы дийўалға тийгендей гилт тоқтапты да, «сиз кимсиз?» деген екен, ийман жүзли киси: «мен сениң ағаңның бахтыман» депти дейди...

Әри-бери өз ойын жуўмақластыра алмай отырған жигит аз да болса ғалмағалдан қутылайын деди ме, ямаса қуры сөйлеп отырған жас үлкенге томсырайып отырғаным унамай, сөгип кетер деди ме, ямаса ертекке қызықты ма, молланы тыңлады.

Молла көз әйнегиниң үстинен Турымбеттиң кейпин байқап, ертегин даўам ете берди:

— ...Сумлық пенен кирген жигит сол кисиден: «Сен ағамның бахты болсаң, мениң бахтым қайда?» деп сорапты. Сонда ол: «сениң бахтың уйқылап атыр, себеби сен оны излемедиң, ақылсызлық еттиң, сен ақылсыз болған соң, ол да ақылсызлық етип, сени излемей атыр» деп жуўап берипти...

— Бахыт дегенди излеп тапса бола ма екен—деп кемпир сораў менен бөлди.

—Болады екен... Сөйтип, сол ағасының бахтынан өзиниң бахтының қәйерде екенин, қандай жоллар менен барып таўып алыў керeклигин сораған екен. Ол, «пәлен деген Байтеректиң түбинде уйқылап атыр, пәлен деген жоллар менен жүрсең барасаң» деп, силтеп жиберипти. Жигит ертеңине ҳеш кимге хабар



www.ziyouz.com kutubxonasi

ласпастан жолға раўана болады. Бир күнлери бир қалын тоғайдың ишинен кетип баратырса, бир жолбарыс алдынан кеселен шығады. «Әй, адамзат,—депти жолбарыс,—маған жақынла, қорықпа, баратырған жөн-жосағыңды айт». Жигит жөн-жосағын айтады. Сонда жолбарыс турып, «илайым бахтыңды тауып алғайсаң, бирақ маған ем сорап қайта гөр. Мен бир жылдан бери кеселге шатылдым. Ҳеш нәрсе жей алмайман, аўзымнан ақ көбик ағады, қайтысын айтып кеткейсең» деп өтиниш қала береди. Оннан өтип үш күн жол жүргеннен кейин, бир аламанға тап болады. Шөнте-шарда есап бар, аламанда есап жоқ қусайды. Барлығы қазыў қазып атыр екен. Қазыўшылардың сәркардасы жүдә қатал екен. Қазыўшылардың биреўи отырса төбесине, турса тиркегине қамшы урып, тыным тапқызбайды екен. Сол сәркарда жигит ғайры елден киятырған бул адамды көрип, алдынан шығады. Жөн-жосақ сорайды. Бул жигиттиң бахыт излеп баратырғанын еситкен соң ол да «илайым жолың болсын, бирақ, сол бахтыңды гезлестирсең, мениң дәртиме даўа сора, мен усы елдиң патшасының баласыман, бирақ, мен мына адамларға көп азап берип болдым, урмайын десем де шыдамайман, соның еми не болар екен, бахтыңнан сорап, билип, қайтысын маған айта гөр» деп жалбарынады. Оған да ўәде берип, жүрип кете береди. Жигит және бир ҳәпте жол жүреди. Бир елдиң шетиндеги үйге барып қонақ болады. Барса бул үйде үш ағайинли жигит бар екен. Ғайры елден келген мийман деп сыйлайды. Астына жақсылап төсек салады. Тойдырады. Бирақ ярым ақшамда үш ағайинли жигит орынларынан турып қызыл муш болып төбелесе баслайды. Ыңқа-ыңқ, былша-былш таң атқанша даўам етеди. Бул ҳайран болады. Бир ўақытта таң алагеўгим болып, күн шығар бет ағарыўға мейил берген гезде олар өзлеринен өзлери тынышланып, орынлы орынларына отырып атыр дейди. Бул олардан «не ҳал?» деп сорайды. Сонда үш ағайинлиниң ең үлкени турып: «Ҳүрметли қонағым, сен бахытыңнан бизлерге ем сора, ярым ақшамнан кейин усылай төбелесемиз, таңның алдында басыламыз, күндизге қараса әп-әнедей болып жүремиз» депти. Жигит оларға да ўәде берип, кетеди. Сөйтип ол күнлерден бир күн излеген Байтерегине жетеди. Келсе, Байтеректиң астында биреў уйқылап жатыр дейди. Оятады. Сорасады. Айтқанындай бул жатырған адам сол жигиттиң бахыты болып шығады. «Сен неге жатырсаң, ал мен болса жарлыман» дейди жигит. Сонда бахыт турып «мениң жатқанымның себеби сен талапланбадың излембедиң. Бахытты излеў керек» дейди. «Олай болса келгеним, жүр енди» дейди жигит. Бахыт турып: «Яқшы, сен асықпай қайта



www.ziyouz.com kutubxonasi

бер, мен сеннен бурын үйиңе жетемен» депти. «Олай болса мениң мына сораўларыма жуўап бер» деп, жолдағы жолбарыстың, қазыў қаздырып атырған атлы жигиттиң ҳәм үш ағайинлиниң тапсырмаларын айтады. Сонда бахыт: «Жақсы, сен оларға айтып бара ғой» деп үшеўине ем айтады: «Үш жигиттиң бундай кеселге шатылғанына үш ай болды. Себеби үш айлықта әкеси өлди. Бирақ әкеси өз исине писик, зықна адам еди. Төрт гүзе алтыны бар еди. Сол төрт гүзени үйиниң төрт мүйешине көмип, өлеринде балаларына айта алмай кетти. Ал сол төрт гүзе, алтынның пуўы көтерип балаларына төбелес қурғызады. Егерде, соны ашып алып бир гүзесин басқа биреўге берсе, үшеўин өзлери алса, ондай төбелес тоқтайды. Ал енди, қазыў қаздырып атырған жигиттиңе келсек, ол жигит емес, қыз. Оның әкеси ул көриўге интизар еди. Қыз туўған ҳаялларын өлтиретуғын еди. Соның ушын, ең соңғы ҳаялы қыз туўса да, қорқып, ул туўдым деген. Патшаның өзи де сол ҳаялды жақсы көреди екен. Сонлықтан «уллы болдым» деп, елге жар урдырып, ул болғаны ушын той береди. Ҳәзир сол қыз балэәтқа жетти. Енди күйеўге шыққысы келип жүрипти. Өзиниң нашар екенин айтыўға халықтан тартынады. Егер ол өзи менен сырлас адам таўып, соған тийсе кеселинен айығады, адамларға азап бермейтуғын болады, ҳеш кимди урмайды. Ал енди оның аржағындағы жолбарыс болса, усы кеселге бир жылдан бери тап болды. Ол бир байдың баласын аң аўлап жүргенде жеген еди. Оның қолында алтын жүзиги бар еди. Сол жүзик ҳәзир оның ишегин ширитип атыр. Егер сол жүзикти биреўге алдырса, тәўир болады. Егер, ҳеш ким алмаса, дүньяда ақылсыз адам болса, соны таўып жесин, сонда тәўир болады. Оннан басқа еми жоқ» дейди. Жигит бахыты менен хош аллияр айтысып, қайтады. Үш ағайинли жигиттиң үйине келип, бахытының айтқанларын айтады. Оның айтқаны дурыс екен. Үйдиң төрт жағынан төрт гүзе алтын табылып, үш ағайинли жигит бир гүзесин оған инәм етеди. Ал, ол «мен сонша жерге алтын көтерип бараман ба? Мениң бахтым бул ўақытқа шекем көп алтын жыйнап таслады» деп, алмай кетип қалады. Соннан өтип патшаның баласына келеди. Ол еки көзи төрт болып күтип тур екен. Бахты не айтса, ҳәммесин қалдырмай айтып береди. Сонда ол турып: «Жигит, сен нағыз бахтыңды тапқан екенсең, мениң қыз екеним ырас. Мени ал. Мен саған тийейин. Орныма патша бол»—дейди. Жигит турып: «Жоқ, маған сендейлер керек емес, бахтымның жыйнап қойған дүнья-малына сеннен де жақсы қыз аламан» деп, орнынан турып кете береди. Ол енди жолбарысқа келеди. Жолбарыс ҳалдан кетип, бунын келиўин күтип жатыр



www.ziyouz.com kutubxonasi

екен. Барлық ҳалжағдайларды билип алғаннан кейин ол жигитке «Сен мениң аўзыма қол суғып ишимдеги алтын жүзикти ал, зыяныңды тийгизбейин, аўзымды ашып турайын» деп өтинеди. Сонда жигит «мен бир алтын жүзик ушын сениң ылас-ылас аўзыңа қол суғып, наспанда болатуғын жағдайым жоқ, бахтымды таўып байыған адамман» деп кетиўге қолайласқан ўақытта, жолбарыс: «дүньяда сеннен ақылсыз адамжоқ екен, егер үш ағайинлиниң берген алтынын алғаныңда, патшаның қызына үйлениp, мениң ишимдеги алтын жүзикти қолыңа салып, патша болғаныңда бахтың қасыңнан кетпес еди. Нағыз бахыты тайған, ақылсыз адам сен екенсең. Сени жоқ етейин»—деп, тәп берип, жигитти жеп қояды.

— Өйбей... й... й!—деди кемпир.—Қандай ақылсыз жигит. Жолбарыс ақыллы екен ғой!

—Бахыт дегенниң өзи көбинше таныс кисиң болып хызмет ететуғын қусайды,—деди молла кемпирге қарап отырып.—Сол ушын биреў беремен десе, алмай кетиў керек емес. Китапта оны ақылсызлықтың белгиси дейди.

—Моллалардың кисиге бермей ала беретуғыны сол екен ғой, —деди Турымбет бир жағын күлкиге айландырып, Мәмбет молла көзлерин төбеге қаратып күлип:

—Алған пайда, ақыллы адам алады,—деди·

— Ақылсыз адам бере ме?

— Жоқ, байлардың Қыдыр көрген ақыллысы бере береди. Бирақ бергенлердиң ишинен биреўи өзиниң бахыты екенин адам елестирмей жүриўи де тәжип емес. Сол ушын биреў беремен десе, алып үйрениў керек. Ал берген адамның, беремен деген адамның зейнине тийиў аш жолбарысқа жемтик болыў деген сөз...

Турымбет үнсиз қалды.

## *10*

Турымбет Дүйсенбай менен ашылысып сөйлеспей бир айға шамалас ўақыт өткерди. Дүйсенбай да беглигин бузбай жүр еди, бир күни Турымбетти аўлағында көрип былай деди:

—Ҳәрким ҳәрқыйлы тухым себеди. Жуманияз ләўзе тек өлим себиўши екенин билесең. Ол аўылға жақын жүрипти.

Усыннан баслап ҳәр өткен күн Турымбеттиң жанын жегидей жеп, жүйкесин қуртыўға қарады. Иштейин кем, сөйлемейди, менменсиўден де жүрдай. Оны түсинетуғын адам жоқтай.

Бәри жыйналып класста он беслеген бала бар. Сейтжан ме-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нен Орынбайдын оқып журген балаларына, Турымбеттиң қуўанғанына бар екен, классты көбинесе соларға тапсырып, қуяшламаға шығып отырады. Күнде, кунара ушырасып журген соң муғаллимниң азып баратырғанын абайламағанлықтан, кешқурынлары келип сабақ алып, ҳәрип үйренетуғын Төребай да ҳештеңе сорамайды. Қайтама ол бүгин кулки аралас болса да:

— Иним, егер, балаларға маған урысқандай урысатуғын болсан шыдатпайсан ғой,—деп кетти.

Мине, ол далаға шығып, тамның саясындағы төңкериўли келиге қораздай қонақлады. Маңлайына қолын тиреп ойға шумды, шыдамады. Көленке жақпай қуяшқа, қуяш жақпай көлеңкеге келини жумалатады.

Ол тамының Дүйсенбайларға қараған мушына жақын ески соқпақтың жағасына өскен жалғыз түп ерик ағашына көп үйирсек болған еди. Базда оның астына келисин көтерип әкелип, отырып алады. Усы ерик ағашының қайдан пайда болғанын да билмекши болып ойланады, ҳеш есине түсире алмайды. «Қуданың ҳәмири менен бир шаңғалақтан өскен шығар» деп, гүбирленип, мийин жегидей жеп баратырған тикенекли қыялларына тағы бериледи.

Олай-былай өтип баратырған адамларға базда бир бас көтерип, және маңлайына қолын тирейди. Қалийдың қызы Нурзаданын суўға баратуғын соқпағы да Турымбеттиң тамының артындағы сайдың арқа ернеги. Ийинли, қызыл шырайлы, писте мурын сол қыз, бетинин Турымбетке қараған жағын бир алақаны менен жаўып өтип қала қойса, ол басын көтерип, бир қараған күйинде, қыз Кегейлиниң рашынан өрмелеп, төмен түсип кеткенше, ямаса қайтысын үйине кирип көринбей кеткенше қарайды. Бәрҳәма жигит көзи узатып салып турған соң ба, бүгин екинши күн, Нурзада бул кәрадан өткенди қойды. Керисинше үйи алысырақтағы Мәмбет молланын ақ бозлақ, былқылдақ қызы Улбоған суўға усы жақтан журетуғын болып алды. Ол Турымбетти абайламағандай, Нурзада усап бетин жаппастап, қызыл айдыллы көйлеги жасырған қос анары дир-дир етип, есилген тулымлары өзиниң журген пәтине желбирип, жеделли өтеди. Усы көринислер ғана оның басын ғаўлатып, ишеклерин өртеп баратырған қыяллардан азмаз сақыт қылған менен, бул көринислер бәрҳа тура бермейди. Қара қозы тери үшқулағын сәл жоқары көтерип, еки шекесин қысады да және отырып қалады.

— Балам, не қылып отырсаң?

Турымбет анасының даўысын таныса да басын көтермеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мынаған қара, балам?

Ол кемпирдин қолтығындағы шыйратылған қызыл нағыслы текийнеметти көрди:

—Неше сом?

— Бахыт!...— деди де анасы иркилмей, бүгежеңлеўи менен жайына кирип кетти. «Бахыт; бахыт!... Дүйсенбай бахыт-емиш» деди Турымбет гүбирленип. Ол отырып-турып, бирден ушып түргеле сала, асығып, анасының-изинен кирди:

— Үйине қайтып бар, баҳасын айтсын.

— Пулы керек емес деди.

—Апарып бер, ҳәзир апар.—деди Турымбет жекиринип.

— Келген нәрсе дәўлет. Ол киси сениң бахтың, шырағым. Пул берсең кеўли қабарады.

— Керек емес!

— Сени жин урғаннан аманбысаң, шырағым. Алмасаң, сен жолбарысқа тап боласаң. Бай сөйдеди. Аўа, келген бахытты қайтарма. Анаң айтты-ўассалам!

— Ислегениме бир нәрсе алсам бәри бир пулын бергиземен...

Ол өз келешегин ойлап, исенип, Дүйсенбайсыз да тоқ турмыс та жасаў мүмкин екенин есине алса, бираз нәрселерди умытқандай болып турады да, ал мектепке барғанда Дүйсенбайды көрип, ишиниң ашыўы тағы улғаяды. «Мен усы Дүйсенбайды көрмейтуғын жаққа неге кетпедим?... Бул шайтан адам мени қолтығына жақын жүргизиў ушын өжирелерине шекем бериўине қара...» деп өзинше гүбирлейди, бирақ ашық сыртқа шығара алмайды. Кеўилсизлиги ушын ба, мектепке балалардың аз тартылғанына да басы айланбайды. Дүйсенбай, Жуманияз ләўзе туўралы ескерткели, буны көрген жерде өзин еркин тутып:

—Жаңаша оқып мийин жегизген сорлы!—деп түйреп кететуғын болды.

Турымбеттиң уйқылап та мазасы жоқ. «Төребай енди келсе айтып жарылайын» деп турады да, келген соң батылы бармай, оған күндегисинше даўыслап отырып ҳәрип үйретиўин даўам етеди...

Бүгин ол уйқылай алмай жатыр, себеби кешқурын Дүйсенбай тусынан өтип баратырып:

— Ырза бол,—деп кетти. Онын не ушын хошласып атырғанына көзи жетпеди... «Яки ол аўылдан көшип кетпекши ме екен? Қәнекей, онда!...» Ол усылайынша өзин жубатып таң алдында көзи илинген еди. Бир ўақытта мурны қымыршып «ҳәф, түшкиў» деп, қатты түшкирди де, екинши бүйирине бурылып жатты. Бәри



www.ziyouz.com kutubxonasi

бир ,бир, тыныш таппады. Биреў басын шайқап, қулағынан тартып, жулқып-жулқып жиберди.

— Неўе өзи?—деп, Турымбет және қорылдап баратыр еди, танаўларына қуйылған насбай усти-устине түшкиртип көзин ашты. Бас ушында Жуманияз ләўзе жүресине отыр. «Ҳе, түсимде сандырақлағаным ушын анам басымда отырған ба» деген қыял менен, көтерген басын дастыққа қоймақшы болып атырғанда, әйнектен түскен айдың нурынан, омыттай шөгип отырған адамның ийниндеги мылтығын ҳәм қолындағы шығанақ бойлы пышағын көзи шалып шоршып түргелди:

— Кимсең?!

— Қыймылдамай жат. Сораў берме, кимликсең, соны айт! Дүйсенбайға неге жекириндиң? Өлим керекпе, өмир керекпе? айт тез, айт! Айт!

— Ҳаў, ҳаў!—Турымбеттиң жалаңаш денеси қалтырады. Шығанақ бойлы пышақтың ушы туўры алқымына қадалажақ. Ҳәттеки кем-кем жақынлап киятырғандай! Пышақтың ийеси зәребесин үйирип асықтырды:

— Сөйле, жуўап бер. Дүйсенбайдың айтқанынан шығасаң ба, жоқ па? Жоқ де, я аўа де? Бол деймен! Тилинди биреў жулып әкетти ме?

Турымбет бул кисиниң майда даўыслығынан Жуманияз ләўзе ме деп пәм етти, бирақ албыраганлықтан анық танымай, дастығының астынан бир нәрсе излеп қармаланып еди, таппады.

— Тарт қолынды! Өлесең,—деди ләўзе тикейип,—Таң атып киятыр. Боласаң ба, жоқ па? Ямаса тилиңди айқыра тислетип, сестинди биротала гүм етейин бе?

— Дүйсенбайды өкпелеткеним жоқ.

— Ертең үйине бас ийип барып, қолынан алмасаң, келеси жумаға тири жетемен деп дәмеленбе!...

Дастыққа шекеси тийсе «пар-парр» қурылдап уйқылайтуғын кемпир де оянбады. Дизелеринен дәрман кеткен муғаллим және жуўап бермеди. Соның арасында кемпир ыңырсып, бир қапталына аўдарылып түсти. Жуманияз ләўзе мылтығын Турымбеттиң өкпе тусына тутып тикейди:

—Ойлан, бирақ, бир аяғым гөрде, бир аяғым жерде деп ойлан! Бүгинше тири қалдыраман. Тамам!...—ол аяқларын ғаз-ғаз басыўы менен бәсип-бәсип шығып кетти.

Турымбет өзине келемен дегенше гүз таңының қатқалағында «тақ-тақ-тақ» шаўып баратырған ат дүрсилдиси еситилди.

Азанда ол түнги болған ҳәдийсениң я түси, я оны екенин билмей, анасы шай қайнатқанша басын дастықтан көтермей жатты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүргеле бергенде басының иши «гүў-гүў» етип, көз алдының тынып кеткенинен уйқысының шала екенин, я қысылғанын байқамады.

Мектепке сәскеде келди. Бес-алты бала далада жуўырысып ойнап жүр екен. Есигиниң алдында жалғыз өзи жарғы тартып, гөне ерик ағашын қыйқалап атырған Дүйсенбайға көзи түсип, балалардың «сәлем, муғаллим аға» деп жабырласқанын еситпей әстеп жүрип барып, Дүйсенбайдың жарғысының екиниши қулағына асылды...

II

Гүздиң биринши айы дийханлар ушын бираз бостанлық болады. Бул күнлери егинлерге тәрбия бериў көп талап етпейди. Сууғарыў да, отаў да керек емес. Егинлер наятий зор. Ендиги жумыс-зүрәәтти жыйнаўға таярланыў. Бирақ дән егинлер еле толық писпей атырыпты.

Сонлықтан дийханлардың көпшилиги шоқ-шоқ болып жүрип егин аралайды. Егинлердиң зүрәәтин сырттан пишип: «мен быйыл дән сатып арба аламан», «мен ешек аламан», «мен ат аламан!» Быйылғы қыс кийимге бир жарырмыз»... десип ҳәр қайсысы өз алдына тон пишеди.

Мине, бой жүўери атызын аралап, бир топар дийхан өз-ара сөйлесип баратыр. Шелдиң басы менен жол баслап сөйлеп киятырған Орынбайдың кегирдегинен бир иймек бас илип қалды. «Ҳоҳ!» деп тоқтап, жүўерини буўынынан сындырып алмаў ушын мойнынан жаздырып атыр еди, қатты түшкирди. Қараса мойнын илген иймек бас күйик бас екен. Шыңгиригин белинен морт еткизип сындырды ҳәм усындай күйик баслар және бар ма екен дегендей атызға қарап турып:

— Қалий, мынаў күйик бас кимге мегзейди? — деди. Қалий да оның басқысынан қорқып, мени айтып тур, деп ойласа керек

— Саған усайды, — деди.

— Табалмадың жора, — деди Орынбай. — Басы бәлким маған усар. Бирақ буўыны Хожаниязға усайды.

—Солай десеш. Буўыны да, басы да, жуўҳалығы да, ҳарам нийетлиги де соған усайды. Ол быйыл мениң Дуйсенбайдан аласы ҳақымнан бир ылақтың пулын жырып қалды. Соннан бери бәледей көремен. Оның үстине маған «қарақалпақ едим, неге қуўатламайсыз?» дегенин қайтерсең.

Қара сақаллы, шымыры денели дийхан да гәпке араласты.

— Күйик бас жүўери емес, жабысқақ ошағаннан кейин емес.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аўылының дийханлары ҳақымызды жеп болды деп зар жыласып жүр. Ал енди саған айтқанын маған да айтты. Ол нәлетий «қарақалпақ» деген сөзден утып жүр ме деймен...

Олар усы шоғын бузбастан, тары атызын аралап киятырған шоққа қосылды. Олар Сейтжан, Салый уста ҳәм басқалар еди. Қалий шыдамсызлық етип оларға күйик бас жүўери ҳаққында айтып еди:

— Тап бизлер де тарының арасындағы жабысқақ пышық құйрық жөнинде гәп қылып Хожаниязды еслеп едик, — деди Салый уста.

Усылайынша, бос ўақыттың көп болғаны ушын ба, Т О З шылар батрашком ҳаққындағы мәселени қайтадан қоздырды. Егер кенес ҳүкимети әдил болатуғын болса бизге батрашком есап берсин десип, Төребайдан жыйналыс талап етип де барды.

Көпшиликтиң талабын орынламаў мүмкин емес еди, екинши күнге Төребай жыйналыс ашыўды белгиледи.

Жыйын-терим алдында қолы бос, иси ериккен дийханлардың бәри қалмай келгенликтен жыйналысты кеңседе өткериўге мүмкин болмады. Жыйналыс кеңсениң алдындағы қуяшламада өтти .Алды менен Хожанияз сөйледи. Ол дәслеп ҳүкимет пенен партияның жарлы жалаңашларға ғамхорлық етип атырғаны ҳаққында көп айтты. Қарақалпақ халқы өз алдына автоном болғалы жақсы болып атырғанына миллий жигит-қызлардан ел басқарыўшылар шығып атырғанына да әдеўир тоқтады. Оннан кейин «Бахытлы» аўылын келе қылған «Жаңа жарған»ның әҳмийетин ҳәм дийханлардың қазыўға қалай қатнасқанын көп дәлиллер менен айтып бирақ ҳәр гәпиниң арасында:

— Биз қарақалпақлар жаўынгер миллет едик, сол ушын қарақалпақ ҳеш қыйыншылықтан тартынбады, қазыўды жақсы қазды. Биз қарақалпақлар әзелден аўзымыз бир халық едик. Сонлықтан халық халықлығын етиў тийис, қарақалпақлар өзиниң ул-қызларын өсирсин, көбейтсин, егинди жыйнап, қарақалпақ ашырқамасын. Биз қарақалпақлар... — деп қайта-қайта мыжып орнына отырды. Дәслеп адамлар силтидей тынып қалған еди, биринши гәпти Орынбай баслады. Соннан кейин қызып кетти.

Төребай Хожанияздың сөзин жақтырмады. Бир ойы оған «биз қарақалпақлар...» деп, көкирегиңе өтирик ураберме» демекши еди. Жыйналғанлардың рәмәўизин аңлаған соң, надурыс түсиник пайда болып шаўқым көтерилип кетер деген ой менен өзин зорға иркип отырды. Бирден оның қыйлын уққандай Сейтжан түргелди.

—Қәне Хожанияз, сен биз қарақалпақлар өйттик, буйтик биз



www.ziyouz.com kutubxonasi

қарақалпақлар ондай едик, бундай едик дедиң. Соныңнан не түсиндик? Ямаса сен бул сөз бенен бир нәрсени утпақшымысаң?! Жоқ, болмады, бул сумлығың. Гәп қарақалпақтың қандай халық болғанында емес, сениң қандай батрашком екенлигиңде, —деп, ол оның жекке кемшиликлерине тоқтады...

Хожаниязды қуўатлаўшылар да аз болған жоқ. Қәпелимде жыйналғанлар екиге бөлинди. Бир тәрептен соң екенши тәрептиң адамы сөйлеп, ўарра-ўарра тартыслар ярым ақшамға шекем созылды. Күндиз ғой деп, жеңилтек кийинип келген дийханлар бүгинги гүз ақшамының қатты суўығын да ескермеди.

Қол көтериспеге келгенде еки жақ тең келип, Хожанияз босатылмады...

Қалий бәрқулла ерте туратуғын еди. Жыйналыстан кеш келгенине қарамастан, бүгин күндегисинен де ерте оянды. Қараса әтирапқа қар жапқандай, қыраў!

— Уақ! — деди ол жамбасына урып.

Сөйтти де қарсы есигиндеги жорасы Орынбайды оятты:

— Түргел, Орынбай, апатшылық!

Ешейинде, «көсе» деп, айыбын айтып шақыратуғын Қалийдиң даўысына Орынбай ушып түргелип, шала кийинип қапыдан шықты:

— Не өзи, неўе?

—Мақсым батрашкомның кәраматына қара, үлкен апат! Қыраў, түсипти. — Қалийдиң даўысында қайғы бар еди.

— Аўызыңа қум! — деп Орынбай сөйлениўи менен далаға шықты. Екеўиниң даўрығынан барлық қоңсылары оянды. Азан менен бирин-бири көрсе айрықша ўақты хошлық пенен сәлемлесип, ҳаяллары менен қалай жатып шыққанларын да айтысып күлисетуғын дийханлар қәбир басында турғандай тунжырасып қалды.

«Үлкен жай» дан изли-изинен адамлар шығып, шөплердиң басларына қарап турыпты. Орынбай тамды жағалап барып дийўалға өрмелеп өскен асқабақтың пәлегин услап, үңилди:

Қыраў буны да урғаны, ҳеш егин аман қалмаған екен.

— Әй, қудай, — деп Қалий гүрсинди. — Шалыдан басқа барлық егинди шала қалдырдың-ә?

— Ашлық болмаса болар еди, — деди Салый уста.

—Ашлық болмас-аў, — деди Сейтжан,— Пушлаў болса да қапларымыз толғандай егин бар. Пахтаға алармыз. Ал аўыстырып мәмлекетке не беремиз?

—Әй, Сейтжан, ешкиге жан қайғы, қассапқа ет қайғы. Саған, мәмлекет, бизге бала-шаға қайғы. Ҳүкимет әдил болса биз-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ден алмасын. Берсин, сонда ғана жарлыларға қол жапты деп түсинемиз.

— Бизден алған менен басып қоймайды ғой, Қалий. Және бир жарлыларға береди. Оқып атырғанлар бар, халықты қорғап турған әскерлер бар...

— Мениң бүгинги түсим рас болса ғарғысқа ушырадық, — деди Қалий.

—Не дегениң ол?

—Түнде Хожанияз батрашкомлықтан шықсын деген аўзы жеңил мен едим. Сол ушын «ийшанның әўладына тилимиз тийе қойды, кейни не болар екен?» деп жатып едим. Жаман түс көрип ояндым. Түсимде Хожанияздың әкеси менен анаў қақсал Мәмбет молла орақ алып, бизиң көк жүўерилерди орып жүр екен... Орғаны емей не, гүллән егинди.қыраў жалпайтты ғой. Уай-ўай, билесиз бе, оның әкеси ағын суўды терис ағызған адам дейтуғын еди. Егер ақшам босатқанымызда болады екен зимистан! Онда қыраў емес, низден қар жаўар еди.

Дийханлар үймелесип Қалийдиң сөзин тыңлай баслағанда Сейтжан:

— Әўлийе болса, әўладларын жарылқасын, — деди олардың арасын ашып.—Молла, ийшанлардың гарғысы келгенде ТОЗ ға кирген сизлердиң биреўиңиз тири жүрмес едиңиз. Дуўаларын шебекейине оқып, өзлериниң баяғы ҳүкимдарлығына ерисер еди. Бул қыраў жылдың наколай әлематы...

* * *

Егинлерди ертеден суўық урыўы дийханлар ушын ең аўыр қайғы, оннан аўыр қайғы болыўы да мүмкин емес. Буны түсинбейтуғын адам бар ма?! Азанда далаға шыққан Төребайдың да жүреги «суў» ете қалды:

«Бул не әлемат!»

«Үлкен жай» бетке көз жиберип, дийханлардың шоқланып турғанын көрди де үйине қайтып кирместен солай қарап кетти. Олардың азанғы сәлемлесиўи де солғын болды.

Төребай гәп баслады:

— Жигитлер, болар ис болды, иләж жоқ. Енди шала пискенлерин сепситпестен жыйнап алыўға киресе бериў керек. Кешеги сизлердиң ашшы сөзлериңизден соң түни менен ышқыста болып шыққан Хожанияз қуўанып отырған шығар. Бәлким «мениң кәраматым» деп өсек таратар. Ҳаўа райының усындай шалыслығы болып турады ғой. Абзалы, душпанлардың өсегин тың-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ламаў. Шала болса да пискенлерин жыйнаў керек, қулласы, бир дән сепсимесин.

Сепситпесбиз-аў!

—Мурнының тесиги төмен қарамасын Орынбай,—деди Салый уста. — Батпан уўайымнан мысқал пайда тапқан жерин болды ма? Қәне көтер басыңды!

12

Дийханлар қанша сыр бериспейми деген менен гүллән егинлер мыллыйысқанға өзлери де мыллыйысты. Шала пискен жүўериниң жапырақларындай жүзлери сарғайысты. Тәбият күшине ҳеш қайсысы илаж таппады.

Жалпыламай орақ басланды.

Усылайынша шала пискен егинлерди жыйнаўға ҳәмме кирисип атырған күнлердиң биринде Дүйсенбай Шымбайдың узақ базарына кетти: оған таза геўиш-мәси ушын сары телетин керек екен. Бул күнде ондай тери таңсық еди. Излегенин табa алмай, етик базарын арман-берман гезип жүрипти. Ҳәр кимниң қолтығына, түйиншигине бир үңилип уры көзленип жүрген Дүйсенбайдың аяғын биреў басты.

— Не керек еди, сизге?

—Базар адамы сыбырлап сораў бергенге, бул да сыбырлап геўиш-мәси кереклигин айтты.

— Изиме ер! — деди базар адамы.

Бул, орта бойлыдан келген, аўзы басын жүн басқан, шырайы өртең шалғандай бир қара киси еди. Сақалының қаралығынан айырмаса жасын шамалаў қыйын. Әдеп оны Дүйсенбай «қаланың жалатайы ма?» деп, қыялына келтирип, қорқып турды да, «шуқлап тескендей дөңгелек шуқыр көзлери таныс сияқлы ғой» деп, тәўекел, изине ерди.

Олар базардан шығып кетти.

— Дүйсенбай аға, үй-ишлериң саў ма? — деди ол киси былайырақ шығып.

Алдынан жылан кеселеп өткендей, Дүйсенбай адырайып гилит тоқтады.

— Ҳаў, танымайсыз ба? Мен сизди умытқаным жоқ. Ийшанымыздың үйинде қолыңызға суў қуйған ким еди? Есиңизге түсириң.

Әмиўдәрьяның арқа қубласына аты белгили Қасым ийшанның үйине Дүйсенбайдың он жыл илгериде бир барғаны бар еди. Соннан соң қайтып барған емес. «Ийшанымыз» деп Нурымбет ахунның аўзынан түсирмейтуғыны усы Қасым ийшан екенин



www.ziyouz.com kutubxonasi

ишинен билетуғын еди. Бирақ оның ҳәзир қаяқларды пашалап жүргени бир Дүйсенбайға емес, ҳәммеси ушын айрықша сыр еди. Нурымбет ахун қамалғалы Қасым ийшан менен байланыс үзилип қалғаны ушын оның менен енди қәйтип қатнасық жаңаларын билмей жүрген Дүйсенбай, алдында бөденедей жорғалап киятырған күйик қара адам жөнинде ойлап, еске түсирип: «ҳа, ҳа, баяғы есигинде оқып жүрген Шанияз екен ғой»... деди. Сонда да ойын тастыйықлағысы келди.

— Ҳаў, сен онда Шаниязбысаң?

— Қартайған екенсиз, Дүйсенбай аға. Мениң Шанияз екенимди зорға таныдыңыз. Енди Шанияз мақсым десеңизде, Шанияз супы десеңиз де болады. Ийшанымыз «қатым хатын» берди.

Олар базар жайдың қубласындағы еки жүзлеген ешек, атлар байлаўлы турған шеңгел ҳәремли шарбаққа келип иркилди. Шанияз, изимизден биреў киятырған жоқ па дегендей, саралаған болып, жән-жағына ҳәккедей қаранып-қаранып, алдындағы бийик ҳәйўанлы жайға зып етип кирди. Дүйсенбай да кирди.

Мелле шапан кийип, белин ақбелбеў менен шомдай етип буўған кемпирбет Қасым ийшан бир баў ақ пишендей болып төрде ақ қурашын қасына қойып тақияшан жамбаслап жатыр екен. Оның сары телетин мәсисине тийер-тиймес болып аяқ ушында Зәрипбай, қарсы алдында Қутымбай саққа жүгинип отыр.

Тек атын еситсе өлгенин билмей хызмет ететуғын бай Қасым ийшанның өзин көрип, сынық оқ жайдай еки бүгилип, жерге дизерлеп келип сәлемлести.

—Зәрипбайжан ғой хабарлы еди, мынаў екеўиңизди қудай айдап келди,—деди Қасым ийшан жамбаслаўын бузбай.—Мүшкилиңиз жеңил екен. Дүйсенбай, Шаниязжанды сениң үйиңе жиберм^кши едимдағы, Қутымжанға бир шалғай жақын Зәрипжаннан айтып жиберейин деп отыр едим. Бул заманда топ-топ, шоқшоқ болып жүриўге, сөйлесиўге болмайды. Нурымбет ахун жүдә ашық кетип, изин ойран етти. Болмаса, әп-әнедей болып киятыр еди. Топарласыў деген барлық мәселе пискен соң болады. Ўәделесип, бир жерге жыйналасаң да дийдилеген қалаңа бас саласаң. Ал енди, сабындай жылысқақлар бар. Оларға антты тәкирарлатып, нан услатып, қуран услатып, ўәдесин алмасаң суўға арқа сүйенгеннен кейин емес. Иниллерим, қудай бизге оң көзи менен қарап, исламға қуўат бережақ. Оң көзи менен қарағаны сол—тилегимиз қабыл болды. Суўықтың ерте түспўин тилеп едик. Тилек қабыл. Егинлер писпей қалды. Енди өзлериң қусаған бурыннан жуқпалы, қазаны қаспақлы, қолы кирли, урасы толы адамлардың бахыты болент. Келеси бәҳәрдиң ашлығы ақ



www.ziyouz.com kutubxonasi

қапшық[1] жылынан кейин болмайды. Ҳәзир ҳәкиреңлеп жүрген дийханларға еле атшоқай жетиспейди. Сол ушын ҳәзирден баслап, дән сатқанды тоқтатың. Есабын тапсаңыз аўысық пулыңызға сатып алыңлар. Бала-шағасына қыс кийим алғысы келген дийханлар шала пискен дәнлериниң жартысын сатыўға мәжбүр. Олар кийим ушын пулға мүтәж. Ол жөнинде тәжирийбеңиз бар, айтпасам да билесиз. Бәҳәрде көзи көңгейленген, аштан теңселип келген дийханларға бир қырма жүўери берсең, бир батрақты өлтирип береди... Ешекти қына менен айдағаннан гөре жем менен айдаса жүрдек болады. Билесизлер ме, жем менен! Бийазар жүрдек болады,—деп Қасым ийшан гәпин шегелеп жуўмақлады.—Қулласы, дәнлиге ере ме, дәнсизге ере ме, өзлериңиз түсинесиз ғой. Нәсиятым: пулларыңыз болса бүгиннен баслап базардан дән алың. Ура табылады. Жердиң астында ҳеш кимниң көзи жоқ! Және бир пәнду-нәсиятым: халықта, әсиресе, басқарыўшылар арасында миллий алаўызлық туўдырыў керек. Яқшы, буны Атанияз ақ қурашқа өзим айтаман.

—Шарапатлы аўзыңыздан және бир арқа сүйер гәп еситсек. —деди Дүйсенбай. Оның не билгиси келгенин Қасым ийшан бирден түсинип бойын тикледи:

— Ғам жемең, Жөнейтхан тири. Ол Иран патшасы арқалы қурал-жарақ алдырыпты...

— Ол Персияға қашып кеткен емес пе?— деди Зәрипбай.

—Бул Қызыллардың таўып жүрген былшылдысы,—деди Қасым ийшан гәпти қысқартып.—Көп отырыўдың қәжети жоқ. Керек ўақтында тапсырманы меннен күтесиз. Ҳәзирше усы. Қәне, әўмийин, айтқанымыз келсин!— деп, ийшан еки алақанын жайып бетин сыйпады, басқалар да оның дәл өзиндей етип исследи.

—Менде де бир сораў бар, ийшанымыз,—деди Зәрипбай:

—Қарақалпақ автоном болса, ҳүкимет бир ҳәпте жасай алмайды делинген еди, бир жылға шамаласты ғой?

—Ҳеш қапа болмаң, жасатпаймыз, Төрткүлде биреўлеримиз бар. «Қарақалпақ болмаса оқыўға алынбасын» деп, базыбир қазақ, өзбек балалары миллетин өзгертип атыр. Еле усы жақсы ақыбет береди, яғный алаўызлық, өшпенлилик дөретеди.

— Олай болса неге басшылардың бәри қарақалпақ емес?

—Еле сизлер ойлағандай ҳайран қаларлық ҳүкимет болады. Гәпти майдалай берменлер. Ең соңғы нәсиятым: биреў-

[1] Ақ қапшық—1916-жылғы ашлық солай аталған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

диң шапаны жанып атырса, өшириў орнына соған жылыныўды үйрениў керек.

— Қуллық, тақсыр.

Шанияз ҳәммеден алдын шығып даланы бақлап келип:

— Биримлеп шыға қойың! — деди.

Дүйсенбай геўиш-мәси базарын қойып, дән базарына бурылды.

Усы күни-ақ, базарда дәнниң нырқы көтерилди...

## 13

Дийханлар бар егинлерин жыйнады, Төребай олар менен кеңесип, барын алып атырса да, «Бахытлы» аўылында мәмлекетлик дән планы орынланбады. Қыс түсе келе дәнниң нырқы гүздегиден еки есе артып кетти.

Дән базарда да кемиди. Сатып алыўға келгенлер қап-кенеплериниң аўзын ашып, базда босқа кетеди. Онын менен окружкомда дәнге болған талап пәсеймеди. Төребай менен батрашком тез-тез Баймуратовқа шақырылады. Олар окружкомның кеңсесинен терлептепшип шығады да аўылға келип ҳеш дәрек таппай келеси қысқыны күтеди...

Суўық күн сайын өршелейди. Аяқ астылары ғырт-ғырт қар. Төребай және қалаға шақырылды. Бул сапары ол ҳаўлықты. Өткен ретте окрисполком председателиниң босағанын еситип қуўанып қайтқан менен, дән планы жөнинде қатты ескертип жиберген окружком, енди аўыр шара қолланыўы мүмкин.

Окружком бурынлары ҳәр аўылдын басшыларын жеккелеп шақыратуғын еди. Усы сапары барлық ақсақаллар, бираз батрашкомлар келипти. Кеңсениң кеңдәлизинде быған-жыған ғаўырласып жүрипти.

Төребай үндеместен келип дәлизге қойылған скамейканың бир шетине таўықтай қонақлады. Жыйналғанларға қарайды. Олар өз-ара тартысып, гә бир-бирин мақуллайды. Бәриниң де баслы гәпи дән:

—Жоқ дәнди қайдан табамыз?....

—Быйыл дән жыйнамай қойғанда қәйтеди екен?...

— Таллықта бир батрашкомды өлтирип кетипти...

Ғаўырлы бирден тынды.

Төребай «бул не ҳәдийсе?» деп, есик бетке қараса, басында он еки шереклик қызыл гежи, аяғында қара хром етик, үстинде көк тери жағалы келтелеў ғана қара пальтосы бар, суўықтан қарапәрең жүзи қызарған, толық денели, ийинли бир ҳаял



www.ziyouz.com kutubxonasi

еңкейип, аяқларының қарын босаҒаға сыпырып атыр екен. Ол бойын тиклеп босағадан атлай бергенде Төребай ушып турып, алдына шықты:

— Жумагүл!!

Жумагүл бурылды. Дәлизди басына көтерип сөйлеп турғанлар үриккен жылқылардай адырайысып, дийўалға жаўырынларын берип ортадан жол ашты. Жумагүл ақ маржандай тислерин көрсетип күлиўи менен Төребайға қайрылып, бир қоллап сәлемлести, соң оның қасындағы шөгирмеси қазандай биреўге қолын узатты. Оннан соң келесиге... Ақыр соңы дәлиздегилердиң ҳәммеси менен қатара қол алысып шығып, Төребайдың қасына айланып келди.

— Төребай аға, үй-ишлер аман ба? Бағдагүл саў жүр ме?

—Шүкир, шүкир, ҳәммеси аман...—деп, Төребай оған тикленбей, аяқ ушына қарап турыпты.

— Қәне, жүр, кеңсеге кирейик,—деди де Жумагүл, тық-тық адымлап, сырты қара жылтыр тери менен қапланған қапыға бурылып, қалтасынан гилт шығарды.—Биз де округке жумысқа келип қалдық.

— Төребайдың қолы бәлент!—деди олар ишке кирип кеткен соң бир даўыс.

— Журт кеңсесине аяғын изеп басыўға қорқатуғын ҳаялдың өзи ертип кетти ғой, бала, оны!...

—Қапылтпа, қатынға ел басқарыўды ким қойыпты? Үйине барып қазанын ассын!

— Басшылар да келбетли келиншеклерди жумысқа көтереди-аў!

— Жаңа окрисполком усы ма?

—Хе, бурынғы окрисполком шығып қалып па?

— Шықпақ түўе, қамалатуғын қусайды. Жүрген бир қатынпурыш еди ғой. Хийўаханның ҳәмелдарындай «қараңғы қонақ» сорайтуғын еди...

— Ҳаққынан нәлеттиң. Орнына Гафуров деген келген дей ме? Сонда жаңағы ҳаял ким болғаны?

— Ҳә, мени усы қаладағы ҳәмелдарлардың сәремжаны деп турсаң ба?

— Бул, ҳаял окружкомның ҳаял-қызлар менен ислесиў бөлиминиң баслығы.

—Несине мақтанасаң Онда өзиңе емес, ҳаялына басшы ғой!

— Күлгенше аққудай тоба де, дадымды алла берсин де!

— Ҳаялға ҳәкимшилик тийсе, аттан түсип от жаққыш болыўдан басқа немиз қалады?...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ишке кирген Жумагүл менен Төребай сырттағы бул ғаўырлының ҳеш қайсысын еситпеди.

Кеңсеге от жағылған, жыллы еди. Жумагүл сыртқы пальтосын қапыдан кирген жерде, шеп жағындағы дийўалға қағылған шегеге илдирип:

— Ал, Төребай аға, жаңалықларды айта бер,—деди де өзи отырмастан бурын бир гүрсини столына жақынлатты.—Минекей отыр.

—Ҳәмме аманбыз, егиз қызлы болдық. Мәрьям, Гүлайым деген қызларым бар...

— Қутлы болсын!

— Бийбайымды ТОЗ ға ағза еттик. Қурғын. Баслы кемшилигимиз, мәмлекетлик дән планды орынлай алмай атырмыз... Өзиң қашан келдиң?... Мен қалаға ярым айдан бери жаңа келип турғаным. Гафуров деген биреў окрисполком болған ба? Қалай, өзиңниң оқыўың питти ме? Тазагүл саў ма?

Жумагүл оны тыңлап турып, столдың үстиндеги китапларды бир шетке жыйнап, сыя-дәўетиниң аўзын ашты.

— Жаңадан болған окрисполком председатели Гафуров деген жүдә тәжирийбели адам,—деп Жумагүл оның сораўларына асықпай жуўап берди.—Бурын Түркистан ЦК сында ислеген қусайды. Баймуратовлар менен, Коразбековлар менен бурыннан таныс болса керек. Бүгин көресиз. Ал, Тазагүл ме? О, о! Ол жүдә шаққан қыз! Өзим жөнинде болса, Областьлық партия комитети оқыўды питкериўиме қаратпады. Ярым жыл қалып еди. «Ендигисин соңырақ питкерерсең, жергиликли кадрлар керек» деп, шыдатпады. Илаж таппадым...

— Аўадағы, обком айтқаң соң, жалтармаў керек.

— Келгениме бүгин он күн болды. Жаңалықларды да еситип атырман. Баймуратов «Бахытлы» аўылы жүдә жақсы шөлкемлескен аўыл болды» деп мақтады. Төребай аға, сизге умытпастан бурын бир сыр айтып қойайын. Тек өзиңиз билиң. Бийыл округимиз бойынша бир МТС тың қурылысы басланыўы керек еди. Бүгинги бюроның қарарының жобасына сол МТС тың қурылысын сизиң аўылдан баслаў мәселеси киргизилди. Көп ақсақаллар, батрашкомлар таласар, бәлким. Сиз жоба бойынша турып алың...

— МТС деген не?

— Машина-трактор станциясы,—деди Жумагүлдиң ишек-силеси қатып күлип.—Тракторлар келеди. МТС солардың устаханасы...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Трактордың қандай күшке ийе екенин бурынлары аўызеки еситип жүрген Төребай, өзин ирке алмады.

— Олай болса табанлап турып аламан. Ондай күшке ким қарсы турады.

— Ҳәзирше бәҳәрги егис ушын ТОЗ ға плуглар, тырмалар бериледи. Тракторлар жылдың ақырына таман келе баслар, бәлким...

— Раҳмет, Жумагүл...

—Бул ушын маған емес, партияға, кеңес ҳүкиметине рахмет айтың! Мектеп қалай, ҳәмме оқыў жасындағылар оқыўға кирди ме?

— Еситкен шығарсаң, Турымбет—муғаллимимиз. Бирақ балалар көп емес. Көпшилик дийханлар «Күн көрис» салығын да төлемейди, балаларын бермейди.

— Төрткүлде оқыўға Гүлжаннан басқа ҳеш ким де көнбепти ғой.

—Уятлымыз. Окрисполкомның қызларды оқытыў жөниндеги қарарын бежере алмадық.

— Қызларды оқыўға жибериў жөнинде қарар шығарыў жамай душпанлары ушын үлкен қурал...—деп, Жумагүл гәпин түўеспай-ақ, Баймуратовтың қабылханасында ислейтуғын хаткер жигит қапыны ашты:

— Жумагүл апа, секретарь келсин деп атыр

—Төребай аға, мәжилистен кейин кетип қалмаңыз, үйге барып қонасыз. Сөйлесемиз.

* * *

Олар жыйналыстан үшеў болып қайтты.

Жумагүл Окр ОНО Нуратдин Мәжитов пенен бир тар көшениң бойындағы қарама-қарсы жайда туратуғын еди. Екеўи де бир ўақытта шыра жақса, тамларының тусы айналадан өзгеше, күндизгидей жақты болатуғын еди.

— Түн ишинде излеген адам үйлериңизди алжаспай табады екен. Мынаған қараң,—деди Төребай еки—әйнектен түсип, қосылып кеткен нурдың қасында иркилип. Нураддин Мәжитов тоқтап, алдына, артына бир қарап алды:

—Өзлеримиз серлемейди екенбиз-аў, Жумагүл, қарай ғой, көшениң өне бойы қараңғы, ал мына кәра жақты.

—Бәри ОкрОНО ның нуры ғой,—деп Жумагүл күлиўи менен есигин ашып шыра жаға сала, қызын ертип келди:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Күни менен Нуратдин абыйдың балалары менен бирге ойнайды.

Тазагүлдиң дөңгеленип қыйылған шашы маңлайына көзилдирик салғандай жарасып қалыпты. Ақ көйлек, қара юбка кийген бес жасар сүйкимли қызды Төребай бирден қушақлады ҳәм ҳәр бетинен шорп-шорп сүйип, жайдың ишин шыр ғүбелек айландырып шығып, сорады:

— Апаң жоқта жыламайсаң ба?

— Жыламайман. Сен мениң ағамбысаң?—деди қыз таңланып. Төребай бул қыздың соңғы сораўын еситпегенсип, оның маңлайынан сыйпалады. Қыз қайтып үндемеди. Буны Жумагүлде еситпегенсиди ме үндемеди. Бирақ, Төребай сыр бермей:

— Айналайын ақылыңнан, айналайын...—деди.

— Дүньяда сондай қайырқом, ҳақ нийетли адамлар көп,—деди Жумагүл даладан бир қумған суўалып кирип.

— Жердиң жүзи жақсыларға толы болғаны ушын дүньядүнья болып ҳәрекетке келип турған сыяқлы. Суў-пуўына ким қарасып тур?—деп, Төребай малдас қурынып Тазагүлди дизесиниң үстине отырғызды.

— Қалада бир суўшы бар екен, бир жола жекке қоллығымды айтып едим, соннан бери жумысқа кетерде дүңди далаға шығарып, астына пул қойып кетсем, дүңди толтырып, пулдан керегин алып, аўысқанын орнына қойып кетеди.

— Әлжан суўшы шығар?

— Аўа, аўа.

— Оның өзи бир сөзли адам. Ҳаялы машыншы. Кисиниң ҳақына қылап қылмайтуғын адамлар. Сол ушын шығар, өзлерин ҳеш кимнен ғәрезсиз сезеди.

—Төребай аға, Турдығүлдиң апасының ҳалы қалай?

— Бийбайым жеңгей ме? Ол күтә зор адам екен. Шығырдан шығарын, көзиниң матаўы алынып жиберилген атты көз алдыңа келтир де, соны көр. Жүдә еркин. Еле де мектепке бираз бала жыйнағанымыз соның арқасында.

— Соннан келген оған аўызын қыйсайтып күлетуғынлар да бар шығар. Бирақ бизиң жағдайымызда олардың күлиўи тәбийий нәрсе-аў... ашыўланып ушына шықпайсаң.

— Қудай аўзын орнынан теспегенлер аз емес ғой,—деп, Төребай темир печьтиң қызғанына шыдамай төрдеги темир кроватьқа арқасын берди.

— Қудайдың атын айтқаныңды Қоразбеков еситсе ғой, мәселенди бюроға қояды,—дейди Жумагүл күлип.—Ол киси жүдә бир қызық адам екен. Қудай жолы садақа, үсир-кеўсен дегениң-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ди еситсе, пыр-пыры шығады. Қудайсызлар уйымының баслығы да!

— Ол кисини билемен,—деди Төребай.—Өзи диннен күйген адам. Ол киси туўралы еситкен жоқ шығарсаң!

— Еситпедим. Тек қызбалығын, дин десе төбе шашы тик туратуғынын көрип жүрмен.

— Оның себеби: диншиллердиң мийримсизлигин көзи менен көрип исенген. Қарақалпақта аты жайылған Қәлмен ийшанның есигинде жүргенде Қәлмен ийшан ҳажыға баратуғын болған. Адамлар ол ийшанды ҳүрметлеп, есик-төрли жерден бас ийип тәжим берип келеди екен. Себеби, Қәлмен ийшан еки жылда бир ҳажыға барып қайтатуғын болған. Ҳажыдан тек өзи, және еки-үш супысы аман келип, басқа түйе жетелетип кеткенлери қайтпайды екен. «Олар қайда?» деп сораған адамға «ҳажыдан қайтқысы келмеди, жәннетте қалды» дейди екен. Сөйтип бир күни Қәлмен ийшан ҳажыға кететуғын болып, отыз түйеге жүк артып, есигиндеги дийханы Қоразбековқа да түйе жетелетип кетеди. Бир күни олар заўыты[1] бар бир татардың сарайына түсип, ертеңине саўда-сатлық жумысын жүргизе баслайды. Қоразбеков ҳайран болады. Себеби, оның өзи де Кабаны көриўге интизар екен. Қоразбеков та шаққан жигит ғой. Барған жеринде «бул жер не-йер?» деп сораса, «Қазан деген қала» депти, жолдас супыларының биреўи. Бул үндей алмай жүре берипти. Бир күни қайтатуғын болыпты. Еле Кабаны, «Ҳалқа тас» ты көремен деп дәмеленип жүрген жигит:

— «Ҳалқа тас» қәне, тақсыр?—депти ийшанға.

Ийшан етик қәлиптей ийеги менен түйениң үстиндеги затларды көрсетип «Ҳалқа тас, әне» депти дейди. Қараса- ийшанның көзлери қанталап турған қусайды. Ийшанның супыларының бири Қоразбековты жақсы көреди екен. Оны аўлаққа шығарып алып: «иним, бир ақ көкирек жигит едиң, жақсылық етейин, есит» депти. Биз жылда Каба деп елден шығып, усы Казанға келип саўдагерлик етемиз. Пайдаға таласатуғын, я сендей өркөкрек жигитлер болса елге жетпей сап болады. Бизлер тилимизди тислеп зорға жүрипмиз. Сен тири қал, усы Казанда қашып қала бер...» депти. Сөйтип Қоразбеков Казанда қашып қалып қойған. Соннан соң революция. Оннан соң Қызыллар менен 1918-жылдың басында қайтып келип, биринши болып Қәлмен ийшанның масқарасын шығарып өлтирди... Енди ол қудайсызлар уйымы-

[1] Заўыт—завод.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ның баслығы. Бийшара, қатан ақ көкрек адам... Жумагүл-аў, Тәңирберген машыншы геўек адам екен ғой. Адам перзентине қалай қол көтереди?

— Ол нәлетий адамды еске түсирме, керек емес! Турдыгүлдиң «күнделик дәптери» бар еди. Көре алдыңыз ба?

— Қолға түспеди.

— Муғаллимиңиз қалай? Адам қусап сынып киятыр ма?

— Турымбет пе?—Күлди Төребай.—Минези онша өзгермеген. Мен де оқып жүрмен. Гейде айтқанын билмей қалсаң, кеңсиригиңе берип жибере жазлайды.

Олар тамақ жеп болған соң да сөйлесип, көп ўақыт отырды. Шыра өшкен соң да уйқыламай сөйлесип жатты.

— Дүйсенбай өзин қалай тутып жүр?

— Ол кисиге түсинбеймен,—деди Төребай.—Жаман жерде аты да еситилмейди. Тәңирберген машыншы судланған ўақытта Дүйсенбай жөнинде бир аўыз сыр айтпады. Өзи жүдә ықшыл адам екен. Не тапсырсаң, нени исле десең бәрине ләббай деп турғаны. Ҳеш ким зорламай-ақ еки жайын мектепке босатып берди...

—Ол кисиниң минез-қулқы меннен гөре сизге жақсы мәлим, соңда да аңқ ете бермеў керек болар...

* * *

Жумагүл «Еркиндәрья» аўылына батрашком Өтәмбет палўан болғанын еситкен еди. Ол азанда Төребайды узатып кеңсесине келсе, Өтәмбет палўанның өзи күтип отыр екен. Көрисип апақ-шапақ болысты. Жумагүлди бундай ҳалда көремен деп ҳеш ўақытта ойламағанлықтан ба, Өтәмбеттиң көзлеринен жасы шығып кетти.

«Қарағым, қарағым»... дейди басқа сөз таппай. Палўан бираз жуўасыпты. Жумагүл ҳайран қалып тур: «ямаса баспашылар көкирегиндегини ислетпегени ушын жүрек шайды болған ба екен»...

Әллен ўақыттан кейин олар сорасты. Жумагүл өзи билетуғынлардың ҳәммесин қалдырмай сорап атыр, сорап атыр...

—Басқа аўыллар усап өз аўылыңыздан бир адам таўып оқыўға жибере алмадыңыз-а?—деди Жумагүл аўылда муғаллим жоқлығын еситкеннен кейин.

— Неткен-ә, қарындасым. Еле еситеберерсең, бизиң аўыл округте даңқы шыққан аўыл. Бир жағымыз көл, бир жағымыз тоғай болғаны ушын ба, қаладан 150 шақырым қашықлығы ушын ба, азыўы бар гүллән доңызлар айналамызда. Қызыңды Төрт-



www.ziyouz.com kutubxonasi

күлден қайтарып әкел деп Бийбигүлдиң де ата-анасын өлтирип кетти. Оны еситкен шығарсаң. Баяғы өзиңе белгили жесир Айшаның Ешимбет деген жалғыз улы бар еди ғой. Сол жигит усыманда Мәжитовтың дизимине жазылып болып кете алмай қалды. Өткен жылы халық қатары бизлер де ТОЗ дүзип едик, бир ақшамда баспашылар келип, шығырымыздың гүзелерин дәрьяға ылақтырып, ауыл арасына ойқан салып кетти. Адам өлтириу, мал урлау оңай. Сол ушын ба, ауылда пасық сөзлер де көп. Биреулер қайтадан байлар заманы болады-мыш деп сөз тарқатып, иске кесент жасап жүр... Мәжитовқа өткен жазда муғаллим сорап келип едим, жетиспей атыр деди...

—Дурыс, муғаллимлер жетиспей атыр. Быйыл жазда Төрткүлден муғаллимлер келсе сизлерге жибергизиуге күш салып көремен. Ал, байлар заманы қайтадан болады деген сандырақты бастан шығарыу керек. Адам өз желкесин қалай көре алмайтуғын болса, байлар өзлери күсеген бурынғы дәуирин сондай көре алмайды. Ҳәзирше бундай сандырақ байлардың түсине ғана ениуи мүмкин...

Жумагүл гәпин тамамламай-ақ басында гөне қара қурашы бар, сары шерим етигиниң баслығынан шылғауы аққан бир киси ҳаплығып:

—Жумагүл деген усы жерде ме?—деп қапыны сарт еткизип ашып, изин жаппай:—қызлардың бийлиги сенде болса, жәрдемге келдим. Кисиге пәтия оқысып, мал өткерисип қойған қызымды биреу әкетип қалыпты,—деди жөн-жосақ та сораспай.

Жумагүл өзин жүдә тыныш тутып, қапыны бекитип келди:

— Жақсы болыпты!

— Жақсы болыпты?!—деп таңланды қара қурашлы киси алақанын жайып.—Жақсы болыпты-ә? Түсинип турсаңба, маған? Бул бузықлық ғой! Қонсы ҳаял бар еди, сол қашырған. Түсинип турсаң ба? Кисиниң ҳаялы болған соң, округте ҳаяллардың нәҳәни, әменгери бар дегенге, барып өзи менен уәжлесейин деп, сол ҳаялды сабай алмадым. Билдиң бе? Ҳаялға басшы болсаң, сондай мәккәр ҳаялды жөнлеу керек емес пе?..

Күнниң суўықлығына қарамай маңлайы терлеп турған бул киси аузына не келсе соны айтып турған менен Жумагүл оны ирикпеди. Өзи күлмеди де, ашыуланбады да.

Өтәмбет палуан бул ҳәдийсеге таңланып, тупириги шашырап сөйлеп атырған кисиге қарап тыныш отырыпты.

— Болдыңыз ба?—деди Жумагүл ол киси сөзин түуескенинен кейин ҳәм орнынан түргелип бул кисиге енди гүрси қойды.—Қәне отырып дем алып айтың, жас үлкен?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Теплик, қэне? Мени неге бассынады? Нашардың ақылы көзинде деген. Жас нашарды неге алдайды?...

—Болдыңыз ба?—деди Жумагүл бул сапары қаталлырақ.— Ямаса және бар ма?

— Сол!

— Қандай адам экеткенин билесиз бе?

— Шаш қойып, оқып жүрген бир сырғия.

—Тил дегеннин бууыны болмайды, жас үлкен! Тилге ерик беребермең, ахыры!

Бул киси, көзлери жасаўрап, Жумагүлге тикленип қарап турды да, Өтамбет палўанды көре сала, гүрсиден тикейип, жуўап та күтпестен, қапыны «тақ» еткизип жаўып, шығып кетти.

—Сиз таныйсыз ба?—деди Жумагүл Өтамбет палўанға.

— Көрген өгизим емес.

— Әне, Өтамбет аға, гейпара адамлар бизиң жумысты усылай түсинеди. Хеш гэп!

— Ладанлығы шығар, қарағым... Бизде еле суў кемтар, Жумагүл. Суўға тийик жерлер Қутымбайда.

— Бул мэселе быйыл шешиледи. Өткен жылы октябрьде жер -суў реформасы жөнинде РКП(б) сиясий бюросы қарар шығарды. Хәзир сол қарарды иске асырыўға таярлық баратыр. Соннан кейин дийханлар биротала артықмашлық алады. Хәзирше кешеги бюроның қарары бойынша, дән планды орынлаўға күш салыңлар. Дийханларды быйылғы егиске бириктириңлер. Бәлким, сизиң аўылға барып қайтарман.

— Бир өзиң бараман деп жүрме, жол жаман, қарағым. Егер хабар жибергизсең алдыңнан бир-еки жигит шығараман...

## 14

Жумагүл жумысты неден басларын жартыўлы билмей жүрипти... Өткен жылы жазғы дем алыста Төрткүлде ўақытша ис-леп қалғанда, жумыс оған қызық хәм аңсат көринетуғын еди. Соңлықтан тек оқыўын питкере алмағанына кыйналғаны болмаса, лийкин қолға тийсе, жумыс қыйын соқпас деп, ойлайтуғын еди. Барлық болмақ енди сезилди.. .Төрткүлге көп шатас ислерди Иванованың өзи шешип жиберетуғын еди. Булкэрада тек окружкомға барыў керек .Оның да жумысы көп.

Бириниши хәптеде оны онша елестирмейтуғынлар, енди келе беретуғын болды. Көбинесе:

—Баймуратов сизге жиберди,—деп келеди. Округлик партия комитетиниң бөлим баслығы болғанлықтан, секретарьға



www.ziyouz.com kutubxonasi

«маған неге жибересең» деў нақолай. Бәлким, ол Жумагүлдиң адамлар танысын дейтуғын шығар. Бөлимлерди ислетпесе, округком секретарына көп тараўлы жумыс аўыр. Жумагүл усыны түсинеди.

Шағым арзалар менен келетуғынлардың көпшилиги еркеклер. Кимиси ағайиниң, дайы-жийенин сөз етеди. Қызы айтқанына көнбесе де келеди. Баласын қызлар қәлемесе де келеди. Ҳаялы қыңырлық ететуғынларда келеди. Қулласы, келгенлердиң мақсети бир сыяқлы: я жеңгесин, я ҳаялын, я қызын жөнге салып бериўди сорайды. Мүмкиншилиги болғанынша олар менен жайпарахат сөйлесип, кеңес береди. Бирақ түсинбейтуғынлары бар, олар суд шешетуғын даўлар менен де келе береди, бундай жағдайларда оларға өзиниң судья емеслигин айтады, сирә тыңласа олар. Бир жола ол Баймуратовқа усылар жөнинде айтып еди;

— Еле жергиликли халық түсинбей атыр, ҳаял-қызлар менен ислеседи дегенге оларды бағындырып береди деп жүрген ғой, — деди ол.

Иванова оны узатып салып: «өз халқыңның дәстүрин, тилин билесең бирақ салмақлы бол, тийкарғы жумысты ҳаял-қызлардың ҳуқуқына, олардың оқыўға, жәмийетлик жумысларға араласыўына бағдарла»... деген еди. Областьлық партия комитетиниң де тапсырмасы, талабы усы. Кеңсеге қуры келип, кетип даўагерлердиң арзасын тыңлап отырыў менен қуры нәсият бериўден ҳештене шықпайды, ол усылай ойланып, исти қандай әҳмийетли нәрседен басларын билмей отырғанда, қарашадан келген, басындағы қара кепкасы шетинен буйра шашы шығып турған, сүлингир жас жигит қапыны тық-тық шертип кирди. Бул жас жигит Қазақстаннан жәрдемге келген, ҳәзир қалалық интернаттың директоры болып ислеп атырған Муханов еди.

—Жумагүл апа, мен сизге келдим,—деди ол аман-есенлик сорасып болғаннан кейин.—Өзиңизге белгили, интернатта пьеса таярлап атырмыз. Бирақ қыз ролин, кемпир ролин атқаратуғын адам жоқ. Тилимде қазақша акцент болса да, үйренисермен деп, кемпир ролин өзим алдым. Ал қыз ролин бир жигит алды. Өзиңизге белгили, ғарға ғаңқылдап ғаз болмайды екен. Ер балалар қанша қыз боламан деген менен қыз емес. Даўыслары, қыймыллары өзгеше. Қойып көрдик. Тамашагөй келип жарымайды.

Жумагүл бул жигиттиң не демекши екенлигин бирден түсинди ҳәм оған көзлерин сүзип қарап мыйығынан күлип, азмаз ойланып отырды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қандай пьеса таярлап атырсыз?

— «Қызын малға сатты» деген пьеса.

— Ким жазды?

—Интернаттың ҳәмме баласының үлеси бар десе болады. Пьесаның атынан-ақ оның мақсетине түсиниш:

—Жүдә керек пьеса екен,—деди Жумагүл.—Мейли, керек болса сизлер талап еткен рольди атқарайын.

— Рахмет. Пьесамыз енди табысқа ийе болады.

Жумагүл жүдә жағымлы ҳаўаз бенен күлди:

— Таярлыққа қашан барайын?

— Бизлер бәрҳә таярланып атырмыз. Тек сиз өз ролиңиздеги сөзлерди ядлап алсаңыз болды. Басқалар тайын.

Окружкомде Жумагүлдиң барлығын, жоқлығын ҳеш ким тежемес, кешиксе қайда жүрсең деп сорамас еди. Ал Баймуратов қанша жуўас ҳәм кишипейил адам болған менен оның көкрегинде өзине әллеқандай исенбеўшилик бар екенлигин сезип, Жумагүл бир ис көрсетиўди ойлар еди. «Баймуратовқа ҳәзир ескертиўдиң кереги болмас, жуўмағын көрген соң пикирин айтар» деди де Муханов пенен интернатқа кетти.

Бул қорада ҳәр қыйлы жастағы балалар бар. Фатима усы қорада да сабақ берetуғын еди. Жумагүлдиң келгенине ҳәммеси қуўанды.

— Балалардың ықласы ушын мен ойнайын десем, тилим тамашагөйлерди инандырмайтуғын болған соң ҳеш илаж ете алмадым. Келгениң жақсы болды,—деди Фатима.

Усы күннен баслап Жумагүлдиң жары жумыс күни интернатта өте баслады.

Пьеса бир орта дийханның жалғыз қызын сақалы қуўдай ғарры байға көп мал ушын сатқаны ҳаққында еди. Қыз оқыўға кетпекши болады. Анасы қызының тәрепинде қалады. Бирақ жаўыз әке кемпирин сабап, керегеге байлап қояды да, қызының қолын артына байлап, ғарры байдың арбасына миндирип жибереди. Арбакеш жигит жолда қыздың қолын жаздырып, арбаға жегилген атты босата сала қызды артына мингестирип Төрткүлге алып қашады...

Пьеса Жумагүлге унады, бирақ, ериксиз қыздың бираз ерлиги, батыллығы керек етиледи екен, оны бирден-ақ түсинип, рольдиң таярлығына киристи...

Бәри бир, Баймуратов оннан қайда жүрипсең деп сорамады...

Жумагүл келип қыз ролин ойнайтуғын болғаны ушын интернат коллективи де жумысты айрықша қызығыўшылық пенен қолға алды. Екинши ҳәптеде-ақ пьеса таяр болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пьесаға кимлер қатнасыўы керек? Бул мəселе ҳəммеси ушын əҳмийетли еди. Шешиў қыйын болмады. Көшелерге дағазалар жазылды. Клуб ушын Нурназар баққалдан тартып алынған жайдың жазғы əйўаны белгиленди.

Жумагүл бир мəртебе Баймуратовқа, интернатта ҳаял-қызлардың езилиўшилигин көрсететуғын пьеса таярлап атырғанын айтса да өзиниң бас рольди атқаратуғынын айтпаған еди.

Бирақ пьесаның тамашагөйлери Жумагүл ойлағандай болып шықпады. Басшы хызметкерлер менен муғаллимлер ҳəм интернаттың балаларынан басқа қала халқынан санаўлы адамлар келди.

Окрисполком председатели де ашық кеўилли ҳəм искусствоны жан-тəни менен жақсы көретуғын адам екен. Ҳəммени бир қайтара қутлықлап болып, Жумагүлге:

—Дурыс иследиң, сиңлим. Егер сазшыларға мүтəж болып қалсаңыз дəпшилик өнерим бар,— деп те қойды. Баймуратов та киши пейилликте ҳеш кимнен қалыспас еди. Ол да роль атқарыўшыларды бирим-бирим қутлықласа да ақырында Жумагүлге ашыўлырақ даўыс пенен ескертти:

— Жолдас Зəрипова, азанда бизиң кеңсеге келерсең.

«Секретарьға мениң ролим унамады ма екен?— деп тыпыршылады кеште Жумагүл.— Ямаса аз адам қатнасқаны ушын айыплайтуғын шығар. Жоқ, адамларды қатнастырыў оның да ўазыйпасы емес пе? Ескерттик, көшелерге дағаза қақтық. Ҳаяллар келмегени ушын айыплайтуғын шығар. Олай болса не ушын тек өзи ҳəм Қоразбековтан басқа басшылар ҳаялларын ертип келмеди? Усыған мениң бир өзим айыплыман ба? Мен артистлик ўазыйпамды атқардым, қаяғына боламан деймен. Мүмкин, ол мени айрықша алғыслайтуғын шығар...яки басқа тапсырма бар ма екен?»...

Азанда оны Баймуратов бираз суўықлаў қабыл етти. Жумагүл бул жумысқа келгели секретарь менен тиклесип сөз алыспаған еди, бул адам ашыўланса қабағы сəл үйилип, көзлери ойшыл отырады екен.

— Қарақалпақтың қызы қалайынша басшы жумыста ислей алатуғын болды дедим-аў, — деди ол басын көтерместен зилли.

— Не болып қалды?— деди Жумагүлдиң даўысы қалтырап.

— Жолдас Зəрипова, өзиңиз билесиз, сизиң орныңызда, сизге шекем бəрҳə еркеклер ислеп келди. Биз сизди қарақалпақ ҳаял-қызларының дəслепки қарлығашы деп ҳүрметлер едик...

— Не болып қалды?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сиз түсииин, ақыры, бәринеи де бурын округлик партия коыитетиниц бөлим баслығысыз. Сиз округлик партия комитетинин абройын төктиниз

— Сол ма?

—ı Ҳа, буннан артық не қылмақшы едициз?

— Жолдас Банмуратов, бул аброй төгиў емес, иске жәрдемГ Қыз ролин ойнайтуғын адам табылмаса, не цылыўым керек?

— Әне, әне нышанаға жана келдин. Мен сизин жекке абронызыз жөнинде емес, окружкомнын абройы жөкинде айтып отырман. Пьесада ойнаған ҳаял-қызлардан аброй қашады екен деген пикирден пүткиллей аўлақпан. Бирақ сиз өз ўазыйпаныззды түсиниўиниз тийис еди. Уазыйпаныз ҳаял-дызлар жетиспей атырған жерде өзиниз ислеп орнын өтеўден ибарат емес, сол жерге орынлы ҳаял-қыз табыў.

Жумагүл столдын астына жиберилген қолларын таррашлап төмен созған күйинде ашыўлы керилди.

— Ҳәзир, ҳәзир, —деди де Баймуратов ҳабылханасындагы жигитти ишке шақырып:—Мәжитов келип кетсин,—деди.

Мэжитов көп күттнрмеди.

— Жолдас Мәжитов,— дедн Баймуратов,— Жумагүлди мектепке ертип барып пби менен таныстырыц.

— Яқшы.

Баймуратов оларға буннан артыҳ көп тапсырма берместеп кете бериўлернне урыҳсат етти.

—Бул жүдә тәжирийбели адам,—деди Мәжитов Жумагүл менен кабииетине келгеннеп кейин.— Абайладьщ ба, және өзине ернк берип л<иберди... Псти мектептен басласын деп атыр.

— Мҳҳҳ!— деди Жумагүл ойлы.— Онын ойын шамалап турман.

—Қалаға уйренисе берсин деп мен де айта алмай жүр едим. Мектепти көрсец түсинесен...

Интернаттан басҳа қалалыҳ мектеп жалғыз еди. Бунда да сол иитернаттағы жағдай.Қызлар аз. Тек сегиз ҳыз бар.

Мәжитов Жумагүлге, Жумагүл Мәжитовҳа қарады.

— Менин шамалаўымнан шықты, енди не ислеўимиз керек?—> деди Жумагүл сыбырлап.

— Көрдиц ғой, қызлар түўе ул балалар да аз. Аналардыц тилмн билетуғын жәрдемши керек.

— Қандай жэрдем берсе болады?

—Мен де талапланйп көрип едим, бирақ аз жуўмаққа ерио* тим. Сен енди бюроға арнаўлы мәселе қойыўыц тийис. '"**

■.-'Т г



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қызлар мәселеси жөнинде ме?

—Ең ауырының өзи усы мәселе.

—Мениңше, әўеле гилең қалалық басшылардың өзлериниң оқыў жасындағы қызларын дизимге алып, мектепке келтириўимиз зәрүр,—деди Жумагүл. Буған Мәжитов бирден-ақ келисти. Қалалық басшылардың өзлериниң жигирмаға шамалас қызлары бар еди. Бул жөнинде Мәжитовтың өзи окружкомның бир мәжилисинде мәселе қойыпты. Бирақ изи даўам етпей, басшылардың көпшилиги ҳаялларының қыңырлығын айтып, қызларын оқыўға жибермей-ақ қойған екен. Жумагүл мектеп директорынан сол дизимди қайтадан анықлап, толықтырып бериўди өтинди де дизим тайын болғаннан кейин окружкомның бюросына арнаўлы мәселе таярлады.

— Алды менен партия, совет активлери қызларын билимлендириўге усылай қараса, қызын мектепке ким береди?— деди ол, мәселени додалаў гезинде биринши болып сөйлеп. Жәнжағына қарап, отырған активлердиң жақтырмаған түр менен қыйпақсыйпақ ете баслағанын көрген ол бирден қызды.—Оқыўдың әҳмийетин сизлерге де түсиндирип отырыў керек пе? Керек емес?.. Айтыңлар, қимлер ҳаялларын сылтаўлап қызларын мектепке жибермейди?.. — Ҳәммениң жым-жыртлығынан пайдаланып, ол даўысын және күшейтти. — Ҳаялымды көндире алмайман дегенге ким инанады? Бул бийкар. Бул диншиллик, ескишилик! Оны қоя берсек хожалығына күши жетпеген адам басшы болып жарай ма? Жарамайды. Бүгинги бюродан бундай басшылардың жумыстан босатылыўын талап етемен!...

— Молодец Жумагүл! — деп қудайсызлар уйымының баслығы Қоразбеков ушып түргелди—Қызларды оқыўға жибермеў қудайға исениўшилик. Расында да бизиң ҳаял өжетлеў еди. Енди қалай болмасын көндиремен.

— Жолдас Қоразбековке исениўге болады, — деди Баймуратов. — Жеңгейде азмаз тәкаббирлик бар. Қәне, басқа жолдаслар, не дейсиз?..

Басқаларда шығып сөйлеп, қызларын оқыўға жибериўге ўәде берди...

— Бүгинги ҳәрекетиң орынлы, — деди Баймуратов жыйналыстан соң Жумагүлге. — Тереңге кеткен темир шегени босатыўға магнит керек еди, магнитлик ўазыйпаны атқарыўға қәдем қойдың.

Ертеңине азаннан баслап Жумагүлге арза менен келиўшилер бираз өзгерди, яғный еркеклерге араласа ҳаяллар келетуғын болды. Бирақ олардың бәри де округлик басшылардың ҳаяллары



www.ziyouz.com kutubxonasi

еди. Биреўлери келе сала ерлериниң жазықсыз екенин дәлиллеп қызларын оқыўға бергизбей жүрген өзлери екенин айтып кетеди. Жумагүл жай-парахат тыңлап, оларға келешек жөнинде түсиндиреди. Түсингени үндемей кетедидағы, түсинбегенлери аўзына келгенин сандалап, ҳәкиреңлеп баратырса Жумагүл:

—Түбинде қызың оқыйды—дейди қысқа ғана. Ал базы биреўлерине «ериңди жумыстан шығарамыз» десе, зым-ғайып шығып кетеди. Қоразбековтың ҳаялы менен сөйлесиў қыйын болды. Кийген қызыл көйлегиниң ҳәр жеңи еки жасар қызға көйлек шығатуғын, көкирегиндеги гүмис түймеси баланың басындай, қызыл жүзли семиз Қызларгүл ҳеш сөзден қайтпады:

— Оқыўға қызым бармайды дегеним бармайды. Не деп барады? Ақыры айланып ол да мендей ҳаял болады. Нашар деген қазанның ийеси. Оқығанымыз сен бе? Сендей болып байынан айрылып, салтаң қақай болып жүрмегей. Өзиң менен кетсин. Керек десең мениң байымды жумыстан айдатып жибер! Қалай айдатасаң? Ол усы ҳүкиметти қурысқан адам. Сендейлердиң қолынан жетелеген адам. Бүгинлиги қатынға бийлик тийипти-миш. Қаррық! Әне, болдым. Қолыңнан бир келсе еки қыл!...

Жумагүлдиң көкиреги ҳәўлирди. Бирақ ашыўға ерик бермеўге тырысып бақты. Оның көзинше Баймуратовқа кирмекши болып, тикейип еди, кетиўге қолайласып атырған Қызларгүлди көрип иркилди, оны да ирикти.

— Жеңге, қатты кеттиңиз! Өйтип желпәриклене бермең! — деди ерлерге тән буйрық пенен. — Ериңиз ҳүкиметти қурысқанлардан екени рас. Сонда неге оның абройын төгиўге урынасыз?! Ердиң атын қатын шығарады, дегенди умыттыңыз ба? Жақсы хожалық болыў ҳаялға байланыслы. Жас үлкениниң күйгелеклиги сизден екен, ериңиздиң ҳәмелине сиз семиргенсиз. Ҳәзир түсинип турман. Бурынғы заман болғанда бүйтип сөйлеў түўе, ериң тилиңди кесер еди. Заманның ырқына қарап бетиңе келмеген еркекке үстемлик еткиң келеди-ә?

Ҳаял сөз таппай гүрсиге жалп етип отырды.

— Қызың ертең мектепке келсин,—деди Жумагүл қысқа.

Оның еркеклерше буйрық бергени ушын недерин билмей ҳаял үнсиз шығып кетти. Ол кеткен соң Жумагүл аўыр ойға шүмди. Желкесине түйдекленген бурымына қыстырылған мүйиз тараққа еки алақанын басып, мойны сынып кеткендей ериксиз, алдына жайыўлы турған китапқа тигилип қарап отыр. Бирақ, көзлери китаптың ҳеш қатарын көрмейди. Тула бәдени қалтырап, бойын ашыў қаплаған еди. Қапы сәл ашылғандай болып, етине суўық самал тийген мәҳәлде, әстен басын көтерди, қапыға



www.ziyouz.com kutubxonasi

арқасын берип дәпең биреў силейип турыпты. Бул Турымбет еди. Күтилмеген адамға таңланып, селк етип, жылдам столдың тартпасын ашты да оң қолын басып, қандай да бир шайқасқа таярланды.

Турымбет артынан қапыны бекитип алға қәдем таслай алмай, табанынан шегеленгендей еле тур. Малақайы қолында. Пальтосының сыртынан енли әскерий қайыс буўған. Суўықтан қызарған жүзинде ашыў, я күлки билинбейди. Солғын. Жумагүл столдың тартпасына қолын басып сазырайыўы менен отыра берди. Жигит алға жүрмеди. Жумагүл «кел» деп айтпады. Ҳал сынаспа, тынышлық даўам етти.

Жигит бир ўақытта оннан отыр деген мирәт күтпей-ақ еркеклерге тән батыллық пенен алдына еки-үш адым атлап, қапталдағы гүрсиге отырды.

Жумагүл оған көз астынан қарайды. Ол Жумагүлдиң қарап отырғанын байқап, басын жоқары алған қәддинде оның үстибасына, жайдың ишиндеги ҳәр қыйлы затларға нәзер салып, гүрсилерди санағандай, бирим-бирим ҳәр қайсысына көз жуўыртып, шкафқа, темир аршаға бир-бир қарап, Жумагүлдиң басынан жоқары қағылған, есиктен кирген адамға бир қыялап қарайтуғын Лениннниң сүўретине узақ тигилди. Оның тыныш отырыўын байқаған Жумагүл шығып кетиў жөниндеги өз қыялын бийкарлап, столдың тартпасын орнына ийтерип қойды да оқыған болып китабына үңилди.

Турымбет қалтасына қол суғып шырпы алды да, шетинен бир қыйығын сындырып тисин шуқлады. Ол кеўилдегисин айтуўға албыраса, тис шуқлайтуғын әдетин билетуғын Жумагүл оның өзи сөйлегенше жай-парахат отырыўын даўам етти.

Жигит соң папирос шекти. Тис шуқлаўдан бурын папирос алмағанына қарап, «жақында үйренсе керек» деп, көз астынан бурылып, оның шырпы шағып алыстырыўын көрди. Ол папиросын тутандырғаннан кейин симире аўзын бир толтырып, жәнжағына алаңлағанды қойып, етигиниң баслықларына қарап, жаўырыны түйениң өркешиндей ийилип отырып қалды. Енди Жумагүл оқыўын қойып, еки алақанын жағына тиреп, «Бул не ушын келди екен?»—деген жумбақлы сораў менен, бирақ оған үстемлик нәзерин бузбай көз тикти. Тынышлықты хаткердиң бас суққаны бузып, Жумагүлдин көзлери күлип, шырайы гүлдей жайнап. «Ҳәзир, ҳәзир бараман» деп қалды хаткерге.

Турымбет еле қозғалатуғын емес еди. Жумагүл көп отыра бермей орнынан түргелип, алдына жайыўлы жатырған китаптың бетин қайырып, бүклей сала тартпасына салып, тық етки-



www.ziyouz.com kutubxonasi

зип жапты. Есиктиң гилтлерин сыңғырлатып қолына алып, шығыўға мейилленип еди, жигит те турды, бирақ шыққысы келмеди. Жумагүл қапыны ашып, оның өзи ескертиўсиз шығар ма екен деп күтип-күтип, ақыр соңы шыдамай:

— Мени Баймуратов шақырып атыр, кетежақпан,—деди қатал даўыс пенен.

Ол ашыўлы сөйлеген менен оның көкирегинде қуўанышы бардай сезген Турымбет желкесин оң қолы менен қасып-қасып:

— Жумысым бар еди,—деди төмен қараған ҳалында.

— Не жумыс? Мектеп жөнинде болса Мәжитовқа барыңыз...

— Сенде еди...—деп жигит әлпең даўыс пенен айтты да, Жумагүлге қайтып тикленип қарай алмай, ысырылып, қапыдан шықты...

## 15

Баймуратов бул сапары Жумагүлди рухландырып жиберди:

— Мәжитов пенен өзиң жобасын таярлаған қарардың орынланыўы жөнинде мәселе таярлаў есиңнен шықпасын. Мектептен қол үзбе. Басқа адам жетиспей атырса илаж қанша, пьесада ҳәзирше ойнай тур. Бирақ пьесада ойнайтуғын қызлар жақын арада мектепте тәрбиялансын...

«Бул кисини Гафуров ақылландырған шығар, қалайда дурыс ақылландырыпты» деди Жумагүл өзинше ҳәм ол усы күннен баслап мектептен күнине ең кеминде бир рет хабар алатуғын болды.

Ҳаялы жәнжел шығарып кеткен менен Қоразбеков қызын биринши болып мектепке әкелди.

— Кешир, қарындасым,—деди ол Жумагүлге.—Жеңгең саған да келип кетипти. Азғана бас аўырыўы бар ма, гейде сондай әдетти шығарады...

— Зыяны жоқ, жас үлкен, бирақ жеңгейдиң өзи мектепке бир келсе жақсы болар еди.

Буннан кейин мектепке және еки қыз әкелинди. Он еки он үш жаслардағы бул қызлардың бәри натық, бәри уялшақ еди. Жумагүлдиң әпиўайы сораўларына жуўап бермеўге урынады. Шашларын тышқанның қуйрығындай етип бурымлап өрген, тулымлары бетлерин жаўып турыпты. Сыртқы көриниси кәмалға келгенликтиң белгисин беретуғын олардың бәриниң де мойынлары қарағарғаның туяғындай кир. Қызлардың бул кейиплерине ишч ашыса да Жумагүл ҳештеңе дей алмады, себеби, оларға ҳәзир монша жөнинде айтыў, жанған отқа ийтериў менен бара бар кө-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ринетуғынын сезер еди. Сонлықтан ҳәр қайсысының басларын сыйпалап: «Қарақларым, жақсы оқыңлар, қалмаңлар» деп мәрапатлайды.

Муғаллимлердиң барлығы ер муғаллимлер еди. Ҳаяллардан жалғыз ғана Фатима. Ол усы мектепте де сабақ берер еди.

— Фатима апа,—деди Жумагүл.—Бул қызларға ҳәзирше өзиңиз ғамхорлық етесиз.

— Болады, сиңлим. Бирақ қызларды еле де көбейтиў керек. Көп болған сайын ислесиў оңай.

—Көбейтемиз, көбейиўи сөзсиз!—Жумагүлдиң бул исенимли ўәдесине ер муғаллимлер аң-таң. Бирақ бәри де кеўилли, үлкен исеним сезими билинип, қуўанып турыпты.

— Көбейтиў ушын қаланы көшеме-көше аралап шығып, мектеп жасындағы барлық қызлардың дизимин алыў керек, жолдас Зарипова,—деди бир егеде муғаллим. Бул сөз Жумагүл түўе ҳәммеге белгили, ҳәттеки ҳәр жыйналыста айтылып жүрген гәп болыўына қарамастан, Жумагүл «яқшы» деди бирден ҳәм өзи интернатқа келди.

Жумагүлдиң қыз ролин ойнағанына кеўли толған интернаттың балалары және бир жаңалық күтти ме, оны қоршап ала қойды.

— Мектеплерде өзлериңиз бенен бирге қызлар оқыўын қәлейсиз бе?—деди Жумагүл оларга. Бәри бир аўыздан «қәлеймиз!» деп жабырласып еди, арасында қарсылықлар да еситилип қалды:

— Мен қыз бенен оқымайман...

— Бизге қыз керек емес!

Жумагүл бул қарсылықларға қарсы сөз айтып, бөрттирип турыўды ҳәзир нақолай көрип, Мухановқа «сиз сөйлең» деген дей, ым қақты.

— Қәне, пионерлер, қол көтериң!—деди Муханов алға шығып. Жыйналғанлардың бәри көтерди.

— Түсириң. Бизге ким жәрдем бергиси келсе және қолларын көтерсин.

Бул сапары балалар «Мен! Мен!» деп жабырласса да әдепкидей бирден емес, изли-изинен қол көтеристи.

Жумагүл қуўанышлы түрде Мухановқа сыбырлады:

— Булар бизге қандай жәрдем беретуғынын билмей-ақ қол көтерип атырған болмасын.

Муханов Жумагүлдиң ескертпесине мыйығынан күлип, бирақ балаларға қарап турған нәзерин бузбай:

—Билесиз бе, балалар, қалада он-онеки мыңға шамалас үй



www.ziyouz.com kutubxonasi

бар. Сол үйлерде оқыў жасындағы қанша ул, қанша қыз бар, жазып келесиз,—деди. Балалар қуўанып және шаўқымласты:

— Әкелемиз.

Интернатта мақсетли исин питкерип келип Жумагүл мектептиң муғаллимлерин кеңсеге жыйнады.

— Исти бираз айқынластырсақ деймен, жолдаслар. Сол ушын мениң сизлерден өтинишим: бурынғыдай ҳәмме «қыз келиўи керек» деп жүрместен ҳәзирше ҳәр бириңиз мектепке еки қызды әкелсеңиз. Мен жақын күнде үш қыз келтириўге уәде беремен. Жолдас Муханов, сиз де ҳәзирше еки қыздың ата-анасы менен сөйлесип әкелип берсеңиз, соның изин даўам етиў қыйын болмас.

— Оқыў сентябрьде басланбай ма?—деди бир муғаллим түсинбегендей.

— Зыяны жоқ. Келген қызларға қағаз-қәлем берип оқыта бериў керек.

— Бир бала есиктен басын суғып:

— Жумагүл апа, сизге бир ҳаял келип тур,—деп хабарлады.

Күтип турған Қоразбековтың ҳаялы екен, жүдә жуўасып қалыпты. Жумагүл келип қолын узатқанда, езиўинде күлкиниң изи көрингендей болды.

— Әне, көремен десеңиз, қызыңыз класста,—деди Жумагүл.—Сондай сулыў қыз екен. Әкесине усап-ақ кеўилли, сизге усап ғайбар болатуғын түри бар. Кеширерсиз, атыңыз ким еди, жеңге?

—Қызларгүл.

—Қызыңыздың да атын сорадым. Айгүл екен. Мениң атым Жумагүл. Ҳәммемиз «гүл-гүл». Бурынғы заман болғанда бул гүллер солар еди, енди гүлдей ашыламыз...

* * *

Кеш.

Әлле қашан шыра жағылған. Тазагүлуйқылап атыр. Жумагүл бүгинги ислерине онша кеўилсиз емес. Фатима менен келешек ҳаққында сөйлесип отырыпты.

— Кеўлиңе келтирмесең, бир нәрсе айтайын, — деди Фатима гәптиң ақырында батыллық етип. —Орақбай Ембергенов деген жигитти таныйтуғын шығарсаң. Ташкентте оқып келген, үйинде жалғыз анасы ғана бар қусайды. Өзи маған бир неше мәртебе келген еди. Ҳәр келген сайын «қарақалпақлардың дәстүри бойынша жеңгелик етип Жумагүлге гәп айтып көриң. Мен оның жо-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лына төсек болар едим», деп қоймайды. Өзине айт десем «сиз айтып көриниз» дей береди. Бирақ кеўлиңе алып өкпелеме.

— Ҳеш кеўлиме келмейди, Фатима апа, — деди Жумагүл. — Ол өзиме де хат жазып берип еди. Жуўап қайтармай жүрмен. Ол, бир жағынан, қыз алмаған жигит, екинши жағынан мен сыбай салтаң болсам екен қызым бар. Шынжыр менен қайсы еркекке унайсаң. Оның үстине, гәптиң арғы төркүнин... — Жумагүл үндемей қалды. Фатима не айтажақ болғанын түсинди:

—Оның менен биротала ашым-айрық болғаның жоқ па?

— Болғанбыз. Мен оның минезлерин жек көремен. Бирақ көкирегимде еле сөнип болмаған ушқын бар сыяқлы.

—Кеширерсең, Жумагүл. Бирақ Тазагүлиңе болған аналық мухаббет пенен басқа өз мухаббетиңди шатастырып жүрген болма.

— Қәйдем, Фатима апа, Тазагүлди ҳәр сүйген сайын, көз алдыма уятсыз әкеси келеди. Неге екенин билмеймен, жақында өзи келип кетти...

Бул әңгиме усының менен кесилип қалды...

Жумагүл азанда кеңсесине баратырып Әлжан суўшыға гезлесип қалды. Ол он-он бир жаслардағы қызын алтақтаға стырғызып қиятыр екен. «Мынаў қыз мектепке барыўы керек ғой» деди өзинше. Сөйтти де:

— Сәлем, Әлжан аға!—деди.

Әлжан суўшыға ҳаял ғой ҳаял, еркеклер сәлем бермес еди. Ойда жоқ жердеги Жумагүлдиң сәлем бергенине қуўанып кетти.

—Мың жаса қарындасым,—деп ол иркилди.—Суў керек пе?

—Жоқ, мынаў қызыңызды...—деп Жумагүл гәп баслаўдан оның не айтпақшы болғанын түсинди ме:—Қыз жөнинде анасы менен сөйлесер болар. Шүў!—деп, қолындағы узын шыбығы менен арбаға жегилген танасын бир урды. Дөңлердеги суўы шымбырлап, шелеклери бир бирине сықырлап тийип арба жөнелди. Жумагүл аң-таң, изинен қарап қала берди. Бирақ бул ушырасыўды изсиз қалдырмады, жумыстан соң Әлжан суўшыникине барды.

* * *

Әлжан суўшының жайы бир тар көшениң ең шетинде, үлкен арнаға жақын қоныслсқан еди. Қысқа қараса ҳәмме арна, жапларда суў тартылып қалатуғын болғанлықтан, үйиниң қасынан еки тас қудық қазып қойыпты. Суўы душшы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қысы менен қудықтың суўын тасып күн көреди. Буннан тысқары күнелткиши—жүдә ескерген «Зингер» тигиў машинасы бар. Оны да еки жыллықта алған. Ҳаялы соны тындырмаўға тырысады. Жас балаларға топпы, көйлек, гүпи тигип сатады, соның менен күнелтеди. Ҳеш кимге қол жаймай, жалынбай күн көрип киятыр. Артық-аспай ҳеш теңеси де жоқ. Әлжан суўшы кешигип келди. Ҳаялы Улжан күндегидей емес, жүдә ойшыл ҳәм бир түрли қуўанышлы сезимде отыр еди. Ери бирден-ақ байқады.

— Жумагул келип кетти.—деди Улжан ишиниң дүбирлисин ерине билдиргенше асығып.

— Кийим тиктире жақпекен?—Әлжан суўшының даўсынан жақтырмағанлығы сезилди.

— Қызыңызға өнер үйретиң, деп кетти.

— Журттың бала сақлаўына нәсият ететуғын болыппа енди? Суў тасыўды үйретип жүр деп айтпадың ба?! Машыншы қыламан демедиң бе?!

—Айттым. Бәрин мақуллады. Қызың шебер машиншы болса усы қаланың ең қоқтасынлы, бардамлылары бас ийип келеди деп мақуллады.

— Оны ким билмейди? Несине мақтанып отырсаң, оқыўға бер деген шығар?!

— Үстинен түстиң. Мен оған көп нәрсе айттым. Алтын баслы қатыннан бақа баслы еркек артық дедим.

Әлжан суўшы ҳаялының жалбырақлап атырғанын да жақтырмағандай шешинип қаптал бетке салыўлы көрпешениң үстине жанбаслап жатты. Улжан айыплы кисидей қылпылдап хызмет етип жалбыраўын тоқтатпады.

— Жумагулдиң айтыўы бойынша қыз мектепте оқыса машын тигиў былай турсын, анаў аспаннан ушып өтетуғын айырплан деген бар ғой, соны да айдай аладымыш.

—Сандырақлама, чайды ашшырақ сал,—ол алдындағы чайнигиниң қақпағын ашып ҳаялына қайтып берди...

Улжан Жумагулдиң бираз гәпине елигип «ойланып көремен, ағасы менен ойласайын» деп қалған еди. Енди ол Жумагулге жуўап бериўи тийис. Ерин жаманлаў бурыннан соңғы әдети емес.

Әлжан суўшы бир сөйлемесе бир-еки күнге шекем де сөйлемей жүре берер еди. Бундай жағдайда оған ҳаялы да түсинбейди. Тек ығын шалып хызмет етеди.

Улжан усылайынша еринен дурыслы жуўап алалмай жүр



www.ziyouz.com kutubxonasi

генде, үшинши күни Жумагүл және келди. Улжан бул сапары бурынғысындай ашылыспады, суўық күтип алды.

— Улжан женге,—деп Жумагул күлип кирди ҳәм «Зингердиң» қапталындағы гүрсиге отырды.—Әлжан ағам менен ойласып болған шығарсыз.

— Неге зингирлей бересең? Қыз меники ме, я сеники ме?! Ҳүкимет теңлик берген болса, айтқанымыз орынланады. Қызым оқыўға бармайды. Ал зорлық ететуғын болсаңлар да шара табармыз.—Улжанды бүйтип қызып ретсиз сөйлейди деп ойламаған Жумагул де бирден ашыўланды:

—Егер жақсы сөзге түсинбесеңиз, зорлық етиўден де қайтпаймыз:

—Айжан!—Улжан ашыўланып далада ойнап жүрген қызын шақырды.—Ер мына ҳаялдың изине. Қайтып үйге кирмейсең! Еки бастан сеннен перзент болып жарымайды!

Қызы жылап жиберди. Жумагүл түргелип барып, оның басын сыйпалады:

— Бар, қарағым, далада ойнай бер!

— Перзент сизики,—деп нықыртты Жумагүл.—Бирақ тәрбиялаўды билиңлер. Көзинше, нашар перзент болмайды деп, неге зейнине тийесиз? Усындай жаман сөзди айта берсең, нәрестеде жаман түсиник пайда болып, ҳәзирден-ақ өмирден үмити үзиледи. Уақтында сиз бенен биз усындай гәплерди еситкенбиз... Сизиң айтып отырғаныңыз да усының кесапаты. Оқыўға быйыл жибермесеңиз, жарын өзиңиз апарып бересиз, бирақ-деп Жумагүл өкинишли бас шайқады.—Тағы өтинемен, «нашар перзент емес» деген гәп енди тилиңизге басылмасын. Нашар перзент болмаса сиз бенен биз қайдан шыққанбыз?

— Тилимди неге қышытасаң шырағым,—деди Улжан ашыўлы,—Перзенттиң бийлиги ата-ананың қайсысында екенин түсинбей, қалай басшы болып жүрсең?

— Әдептен солай дегениңизде болады ғой.

Улжан және сөйлемей қалды. Бирақ бул сапары көзлеринде ойланыўшылық сезилди. Жумагүл түргелди:

— Әлжан ағаны бундай қатал деп ойламас едим. Сиз қәтерижам болың. Оның менен жекке сөйлесемен... Хош, женге!

Бир ҳәпте ҳәлекленип Әлжан суўшының қызын зорға келтирди. Көбинесе кеңсени таслапта кетиў қыйын. Қала халқы уйқысынан енди оянып атырғандай азаннан баслап келип тындырмайды. Кеңседен шыға алмайтуғын болып қалды. Гә, ҳаял, гә еркек арзагөй.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Пəленше ҳаялын сабапты...

— Пəленше еки ҳаял алып отыр...

— Ерим қуўып жиберди, балаларым менен қайда қаңғыраман..

— Қыз алайын десем малым жоқ...

Базда жасырынып қызлар да келетуғын болып қалды:

— Мениң сүйген жигитимниң малы жоқ, əкем бермейди.

Ол бəрине дəдимəмил айтып, кеўлин табыўға тырысады. Гейпараларына ерип үйлерине барады. Базда Орақбай Ембергеновты шақырып алып:

—№ 196—статья бойынша ҳəрекет етиң,—деп, тиккелей буйрық берип те қоя береди. (Бул статья бойынша қызға қалың мал төлеўшилер, алыўшылар бир жылға шекем еркинен айрылады, ямаса мəжбүрий жумысқа жегиледи).

Жумагүл кеңсесинде азғана саўа таўып, əлле бир нəрселерди жазып қойғысы келди ме, столының тартпасынан дəптер алып атыр еди, шамал ийтергендей қапы əстен ғана ашылып бир қара малақайдың жартысы көринди.

— Кириң, кириңиз!

Қара малақай басын тартып алды. «Бул ким екен?» деп, Жумагүл қапыға келип, сыртты қараса, қара малақайлы менен бир кемпир турыпты. Келгели бундай жастағы кемпирдиң қабыллаўханаға келгенин көрмеген Жумагүл оның қасына барып «қəне шеше, қолыңды бер» деп, қол алысты ҳəм:

— Менде жумысыңыз болса, ишке кириңлер!—деди.

Ғарры торańғылдай бели бүгилип, басына ақ орамалды гүдидей үйип орап, аўзын ақ бөз бенен таңған кемпир көзлерин жеңлери менен гезекпе гезек сыпырып сорады.

— Сен Жумагүл дегенбисең?

—Аўа, шеше.

Кемпир шерим геўишин қапының сыртында қалдырмақшы болып еди. Жумагүл оның қолтығынан сүйеп:

—Зыяны жоқ, геўиш пенен кире бериң,—деди де ишке киргизип, өзиниң қасындағы гүрсиге əстен отырғызды. Кемпир белин бир услап сəл тикленип қойып, ҳасасын ийегине тиреди.

— Қызым, əпиў ет, қартайғанман. Бурынғы кемпир—ғаррылардың қартайған соң неге өлгиси келеди екен десем, қатарқурбысы қалмаған соң, өткен-кеткенди айтысып, сырласатуғын абысын-ажыннан айырылғаннан соң өлгиси келеди екен. Менде...

— Өйдеме, шеше, өлиў аңсат, жасаў қыйын. Еле қуўнақсыз Атыңыз ким шеше?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Анам бәрҳә қыз туўа берген соң, енди арасы үзилсин деп Үзилдик қоя қойыпты.

— Әпиў етиңиз, шеше. Қайерден келип едиңиз?

— «Қара тереңнен» келдик, қызым.—Кемпир ийегин көтерип, жаўрынын гүрсиниң арқалығына тиреп бойын жазды—Ҳәзирги ҳүкимет дурыслықты иркилмей айтқанды жақсы көреди дейди ғой, айта берейин, қызым. Жаңағы далада қалған жигит мениң балам. Бирге ертип әкелди.

— Ҳаў, мен оны шақырып келейин, — деп Жумагүл түргеле бергени:

— Тоқтап тур, шырағым, ол уялады, әбден сөйлесип алайық, — деди кемпир.

— Яқшы онда, шеше.

— Қызым, бахтың жатпасын,—кемпир аўзын жасырған бөз белбеўди ийегинен төмен жылыстырып тамсанды.—Бул қурақым ҳаялдың қатарға қосылғаны ушын аллаталаға мың қатлы шүкир дей бер. Аўлымыздың ҳаяллары «Жумагүл деген шығыпты» деп еситип, тәсийин қалып жүрипти...

Жумагүл бул кемпирдиң сөзге дилўарлығын түсинип, гәпин бөлмеди. Кемпир арасында бир жөтелип, өзи жөнинде сойлеп кетти:

— Қызым, түсинип отырман, сен мени түркмен кемпирге мегзетип отырсаң. Буның себебин айтып берейин саған. Бизиң заманымызда атқа минер ҳаял болған жоқ. Бердақ шайырдың қызы Ҳүрлиман деген бақсы болыпты, деп еситетуғын едик, болса болған шығар, биз сорлы көзимиз бенен оның тойда бақсышылық еткенин көрмедик... Ҳоҳ, ҳоҳ, оҳ! Әй, шырағым басқа не саўдалар келип түспеди. Мине, басым қалтырайды. Еми жоқ... Биз камалға келген жыллар ала сапыран жыллар еди. Әсиресе, қысқа қараса бир қыз жүзин жарқын тутып жүре алмас, қорыққаннан бетлерине күйе жағып, жаман кийим кийип жүрер еди. Мен жаңа он төртке, шыққан жылы қыста елге және яўмытлар[1] шаптыма де. Мен өркөкирек пе едим, билмеймен, аппақ бетиме күйе жаққанды намыс билдим. Оның үстине жас гезинде қәдди-қәўметиңди өзгелердиң көргени көкирегине жағады ҳәм-аў!.. Сол келген яўмытлар мени көрип, желимдей жабысты. Әкем, шешем, жигит ағам, сиңлилерим бар еди. Жигит ағам намысты қолдан бергиси келмей, оларға күш көрсетип, балта алып жуўырып еди, бир яўмыт атып таслады. Мени әкеткен қайғы-

---

[1] *Яўмытлар* — түркмен феодалларының ел тонаўшыларын қарақалпақлар усылай атаған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

сы былай турсын, үйдиң иши улы-шуў, қум-қуўыт болып, жигит ағамның өлигин қушақласып қала берди.. Яўмытлар мени сол әкеткеннен елине апарып, өзли-өзи шек салысып, мени жаңағы далада қалған баламның әкесине берди. Баламның аты Назарымбет, шырағым. Мениң бахтыма Назарымбеттиң әкеси жүдә қанхор, жаўыз болар ма! Мени аямайды, күни-түни жумсайды. Есиаўандай жүре беремен. Соннан келген еки жылға жетпей бир қурсақ көтеремен. Бирақ балаларымның өмири келте болып өле берди. Ишиндеги беккеми, ең генжеси усы Назарымбетим болды. Қысқасын айтсам, усы Назарымбеттиң әкеси өлген соң ғана басым шамаллады. Ол жалмаўыз, бирақ, дастықта өлмеди. Жөнейтханның нөкери болып жүрип оқтан ушып өлди. Оның өлгенин анық еситкен соң ғана киндик қаным шашыраған елиме қайтқым келди. Шырағым яўмытларда апаларың көп ғой,—кемпир Жумагүлдиң тунжырап қалған жүзин көрип өз-өзинен күлимсиреди.—Сөйтип Назарымбетжанды ертип қайта бердим. Елге келгениме быйыл саррас еки жыл болды. Ҳәзир заман бурынғыдай емес қусаған, ал дәстүр бурынғыдай еле.

— Қайсы дәстүр, шеше—деди Жумагүл кемпирге анығын айтқызыў ушын.

— Былтыр бир дәстүр шықты. Қарақалпақ автоном дей ме, бир нәрсе боладымыс деген. Адамлардың биразы маған келип, «қаласаң», ал баламның әкеси түркмен болғаны ушын оны «түркмен елине кетсин» дейди. Бундай дәстүр бола ма екен деп, биразлары менен шайдай айқастым. Быйыл шүкир, қулағымыз питеғене тыныш. Енди сениң алдыңа үлкен бир жумыс пенен келип отырман.

— Айта бер. тартынба, шеше.

— Қартайдым. Келин жумсағым келеди. Қысқасын айтсам, келин алыўға шама жоқ .Келте жип гүрмеўге келмей, еплеп отырған ҳалымыз бар .Бирде табамыз, бирде таппай қаламыз. «Жумагүл деген жас жигитлерге қалың малсыз қыз әперетуғын болыпты» деген даңғара бизиң аўылға да тарқады. Сол ушын балама: «Жумагүл апаңа барып арзы-аўҳалымызды айт» десем, «уяламан» дейди. Ақырсоңы шыдамай өзим шықтым. Ең болмаса, жасымды сыйлап, бизиң балаға алды менен әпере гөр дейин деп, қоңсымыздың қалаға балық артып баратуғын ешегин сорап алып, минип келип отырғаным. Ендиги жағы өзинде, шырағым.

Кемпир сөйлегели бери қабағы биресе түнерип, биресе ашылып, гейде көзлерине жас келип отырған Жумагүл бирден мыйық тартып күлди.

—Жүдә жақсы, шеше, әперемиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Сөйт, шырағым.

— Назарымбеттиң кәлеп жүрген қызы бар ма екен, өзинен шақырып сорайық кәне.

— Жоқ, сорама, шырағым. Ол сеннен уялады. Өзи уялшақ бала. Мен зорлап әкелип отырыппан. Аўылда Шернияз деген дайыларының (мениң урыўлас ағаларым екенин түсинип отырған шығарсаң) Улбосын деген қызы бар. Өзи де уўылжып писип тур. Балам сол қызды жүдә жақсы көреди. Қатар-қурбыларынан сорасам, қыз да баланы тәуир көретуғын усайды. Соның менен әкеси Шернияз ға барып «сондай, сондай, қуда болайық» десем, (олар да бизиң балаға иштейли) «Бурынғыны айтпайман, тек еки бузаўлы сыйыр, бес кийим тап та ала ғой»—дейди. Оны табыў қайда. Ол түўе көйлекке, елдиң қәде-қәўметине түгимиз жоқ. Болмаса қыздың ана сүтиниң ҳақысы да бар. Оны айтқызбай--ақ бергизер едим.

Кемпир шыны менен сөйлеп атыр еди. Жумагүл бираз ойланып:

— Жақсы, шеше, келистиремиз,—деди.—Ҳәзир 196 шы деген статья бар. Ол бойынша қызларды малға сатқан да, мал берген де жазықлы болады. Мүмкин, өзим барарман, болмаса аўылыңыздың ақсақалына қатты тапсырып жиберемен. Егер, қыз кәлейтуғын болса балаң қосылады.., Бирақ, екеўин де оқыўға жибергиземен. . .

— Мениң балам еле түркменше сөйлеңкирейди, оқыўға алар ма екен? Төрткүлде миллети, тили таза қарақалпақ болмаса оқыўға алмайды деген гәп тарқады. Бизиң аўылдан бир қазақ қоңсымыздың баласы миллетим қарақалпақ деп өзгертипти дейди.

— Ондай болғаны ырас, бул миллий сиясатты бурмалап жүрген душпанлардың иси.

— Илайым, алаўызлық болмағай, шырағым. Ал есигиме келин түскенин көрсем, Назарымбетимди қайда жиберсең сонда жибер. Мен өлсем де қайылман.

— Өлимди ойламаң, шеше. Ҳәзир заман ҳәммеге тең, жақсы болып баратыр. Сизди өлтирмей, узақ жасатыўдың да илажы табылады.

— Олай болса түк өлгим келип жүрген жоқ, қызым.

Бул жигерли кемпирге кеўли толған Жумагүл даладан Назарымбетти шақырып келди. Қызыл жүзли, баспақ, мурынлы, ийинлери кең, жас жигит ишке кирерин кирсе де, анасының қапталына келип, ҳаса таянған анасы сыяқлы төмен қарап отырды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жигит деген бундай тартыншақ, натық бола ма екен?— деди Жумагүл.

Назарымбет оннан сайын буқты.

Назарымбетжан, өз апаң ғой. Уялмай-ақ қой,—деди кемпир баласына.

Жумагүл асықпай отырып, баладан ауылдың ҳәзирги жағдайын, ақсақал менен батрашкомның қалай ислеп атырғанын сорап, әстен-әстен сөйлетип, соңынан ҳәмме ауылдың жақсы келешеги ҳәм сол жақсы турмыс ушын жас жигитлер менен қызлардың не ислеў кереклигин түсиндирип, баланың көз алдына, жайларын қала сыяқлы дизбе қатар салған ауыл, арасында қызық ойын-зауықлар, әжжеленген ақ жайдан кирип-шығып атырған балаларды, қызларды елеслетти. Жигит басын жоқары алды...

Кемпир Жумагүлдиң сөзлерине қуўанып, қалтаңлаған басын күш пенен иркип, қайта-қайта ийзеп мақуллайды.

Олар кеткен соң «адам деген көнип кетсе зәҳәр жутқанын да билмейди екен-аў... Ҳаял- қызлардың басына не таслар түспеген, не зулымлыққа көнбеген... Бурын маған бул турмыс елеспесиз, ҳаяллар ушын қәлиплескен нәрсе деп есаплар едим, ал ҳәзир өткен турмыс жабайы турмыс сыяқланады..» деп Жумагүл бираз тисленди. Соң Баймуратовтың кеңсесине кирип, кемпирдиң айтқанларын қысқа баянлап, «Қара терең» жаққа барып қайтыўға урықсат сорады.

Баймуратов азғана ойланып турды да суўықлаў жуўап берди:

— Узақ жолды мақсет еткен ақыллы жолаўшы астына ат тийиўден алақайлап шаба бермейди...

## 16.

Төребай ауылға келип, МТС жөнинде окружкомның бюро қарарын ҳәм Жумагүлдиң айтқанларын хабарлағанда, еситкенлердиң ҳәммеси таңланды:

— МТС деген не бәле екен?!

Төребай өзиниң еситкенлери бойынша түсиндирди. Бирақ ТОЗ шыларда «МТС темиршиниң дүкәны[1]» дегеннен басқа түсиник пайда ете алмады.

«Уста дүзелмей ел дүзелмейди», «Еңкейип келин болған елатының ғамын жеп, устахананы бизиң жаққа ысырған Жумагүлге рахмет».. «Жүз сомың болмасын, жүз досың болсын деген

[1] Темиршиниң устаханасы—дүкан деп аталған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

усы»... «Басқалардан бурын пайдамызды туўрайтуғын болыппыз...»

«Бахытлы»лар өз-ара мине усылай ғаўқылдасып жүрди. МТС жөнинде көп билетуғынлар да табылды.

—МТС деген жаны бар темир екен... Ол өгизсиз, адамсыз, кәрамат пенен жүре бередимиш. Ким де ким оның еккен дақылын жесе, ишсе, басына шақ көгередимиш... көзден айрыладымыш...

Ҳеш қашан өзлериниң мийнетсиз жерден дақыл өндирип көрмеген дийханлар бул гәплерге де инанып жүрди...

Бәҳәрге таман Төребай қалаға барғанында Александр Александрович Козлов деген рус жигитин ертип келип:

—Бул жигит болажақ МТС тың бас устасы,—деп таныстырды аўылласларына, сөйтип олар аўылдың келешеги жөнинде узақ әңгиме баслады.

Жасы отызлардың әтирапында жүрген бул рус жигитиниң жайдары минези, әлпайымлылығы аўыл дийханларына әллеқандай жыллылық, жақсы сезим туўдырды.

Оның менен дийдарласып, сөйлесип кеткенлер Төребайдикинен шыққан соң алысыраққа барғанша да шыдамайды. Гүңкилдилери еситиледи:

— Илаҳийда мийнеткеш көринеди.

— Кишипейиллигин айтпайсаң ба?

— Бул МТС жигиттиң қолларын абайладың ба, рас, шөккиш урып темир ериткен қоллар.

Төребай Турымбетке сыбырлап:

— Қонақ жолда, «аўылыңда муғаллим бар ма? деп сорап еди. Жатарға шекем зериктирмей, бирге отыр, қосшым,—деп өтиниш қылған еди.

Сол бойынша Турымбет ҳәммениң соңына шекем гидирди. Александр оның сыртқы пишининен кәсибин шамалап билди.

— Сиз муғаллим болсаңыз керек?

Турымбет русшаға онша түсинбеседе, жүзи бурыштай қызарып «аўа» деди.

Александр русша менен өзбекшени араластырып сөйлер еди. Турымбетти көп қысындырмайын деди ме, мүмкиншилигинше өзбекшелеп Төребайға:

—Жолдас Председатель бул күтә қуўанышлы,—деди өзин еркин тутып. 1921-жылы бәҳәрге Түркстан ЦК сының тапсырмасы менен агитбригаданың составында ҳәзирги окрисполкомыңыз жолдас Ғафуров дилмашымыз болып келгенимизде, жергиликли жигитлерден муғаллимди аўылдан түўе қаладан ушыратыў



www.ziyouz.com kutubxonasi

қыйын еди. Көрдиңизбе жаңа дүзим қанша нәрсеге ерисиирген!..

— Оған шекем қәйерде ислегенсиз—деди Турымбет аўзын буўғандай үнсиз отыра бериўдин есабын таппай.

—Бурын Сормова заводында ислегенмен. 1920-жылы мени Түркстанға жиберди. Соннан баслап Ташкентте иследим,—деп, ол Турымбеттиң қашшаннан бери муғаллимлиги, үйинде кимлери бары менен қызықты. Сораўларына жуўап алғаннан кейин:

—Мен сизикинде болсам мақул ма?—деди, Козлов күле шырай берген қәлпинде.

Ешейинде мойынтаўлық ететуғын Турымбет қысынды ма, ямаса албырады ма, сәл қызарып:

— Мақул, —деп салды. Төребай қуўанғанынан күлип қоя берди.

— Көплеген қонақ атқарады деген усы, Турымбет иним. Бизикинде жас балалар болған соң қысыныспаға түсе ме деп отыр едим. Тамақ жөнинде қысынбаң, туп-туўры үйге келе бериң...

Турымбет Александрды ертип келгенде Гүлбийке кемпирдиң бети қырыққатланып, бирақ, жалғыз баласының билип ислегени усы болғанлықтан қарсы келеалмай, тек бир шәрт қойды:

—Үйде шошқаның гөши желинбесин!

Александр кемпирдиң не айтқанын өзинше шамалап «яқшыана» деп, күлимсиреди. Ал, Турымбеттиң анасын толық қуўатлағанын сезип, қулағына аўзын басып сыбырлады.

—Қапа болма, муғаллим, бул жөнинде мен сениң жүзиңди төмен етпеймен, бирақ, шошқаны асыраў пайдалы ғой, ҳәр жылы нешеўин туўады жаныўар. Ҳеш гәп, еле сен түўе анамыз да түсинеди...

Оның бираз сөзлерине түсинбегени ушын ба, ямаса анасының онайсыз гәпи ушын қысынғанлықтан сыбырлыны еситпей қалды ма, Турымбет үндемеди, солай болсада жүзи жыллы еди.

* * *

Өткен түнги келисим бойынша ТОЗ ағзалары Александр менен бирге МТС қурылатуғын жерди көриўи керек еди. «Үлкен жай» да биринши болып ояңған Орынбай болды. Ол Қалий менен қарсы есикте туратуғын еди. Дәрриў Қалийдиң қапысын урды.

Қалий кийинип атыр еди. Азан менен мени басқыламақшы екен деген ой менен Қалий иштен даўыслады.

— Билемен, Орынбай көсе, билемен, Түсиңде басыңның саўтанақ жери қалмай, жүн шыққанын айтажақсаң...

— Оннан да зорын көрдим, бала. Түс кийели болады. Ең



www.ziyouz.com kutubxonasi

жақсы көретуғын болғаным ушын саған айтпақшыман, шық далаға.

Қалий тез шықты.

— Мен кеше көп нәрсени ойлап, бир ырым менен жатып едим, түс көрдим.

— Не түс, жақсылық па?.

—Не болатуғынын билмеймен. Бүгин түсимде кешеги келген, «МТС жигиттиң» қолтығында гелледей ай көрдим. Тап қушақлап алып туп-туўры усы «үлкен жайға» әкеле атыр.

— Пай айттын-аў сен де.

— Аўа, жора, аўа. Гелледей бир бөлек айды иркилместен әкелип усы дәлизге қойды ма де, әлем жақтыланып кетти. Қуўанғанымнан ҳаўлығып ояндым.

— Сен де тығынын баспай сөйлейсең-аў. Аспаннан ай түсерме, оны алған киси өзгеге берер ме.

—Ҳаў, мен өтирик сөйлеп ол «МТС жигит»тен ғәрезим барма?.

— Ҳәй, келте, неге инанбайсаң?—деди даладан отын қушақлап киятырған Турсын.—Қараң, күн жылытып бәҳәр басланыпты.

— Әне, айттым ғой, усы «МТС жигит»—инде кәрамат бар. Өзи менен бәҳәр әкелген. Аўылымызға бахыт болар, сирә—Орынбай баладай қуўанып, Қалийди далаға қарай сүйреп жөнелди.

— Ҳә сений, куршаңқы қатын. Егер сол араласпағанда жақсы түс екен, ўақ бузды,—деўи менен Қалий тисленип, Орынбайдың жетегинде жуўырып кетти.

— Ямаса кеше кеште электр деппе бир нәрселерди айтқаны түс болып ендимекен?

— Қәйдем, бала.

Олардың даўрығына ҳәмме оянды. Ҳақыйқаттан да далада бәҳәр кейпи бар еди. Өткен гүздиң ерте суўығанынан қысы менен бираз тарыққан ТОЗ шылар бәҳәр кейпине қуўанысып, далаға шығып тур еди. Турымбеттиң үйинен үш адам шықты.

Олар Төребай, Турымбет ҳәм Александр еди. Үшеўиниң де ийинлеринде бел. Жалаңбас бийдай сабан реңли шашлары азанғы қуяшқа шағылысып, желкилдеп, сәдеплери илиўсиз ески сур шийнелиниң шалғайлары бәҳәр шамалы менен артқа қайтарылған Александр, алда киятыр.

ТОЗ ағзалары «МТС жигиттиң» алдына шығып қоршалап, шоғын бузбастан аўылдың шығысына қарай бағдар алды. Александр тап олардың ески таныспарындай-ақ әжик-гүжик сөйлесип баратыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Биздеги бир шешилмей атырған мәселе,—дейди Сейтжан. —Байлардың жерлерин толық тартып алыўға мүмкиншилик болмай атыр.

— Аўа, аўа... Александр қосшым,—деп Орынбай да оны жанапайлады.—Гилең өнимдар жерлер еле Дүйсенбай менен Атажан байда.

— Былайынша қарасаң, бизди байлардың баяғы езиўи, азық аўқатты солардан алып, қазыўын қазамыз,—деди Қалий.

Дийханлар, жабырласып, арза етип атырғаны ушын қысынды ма:

— Жоқарыдан бай, бардамлыларға белдар салып қысыў керек деген тәртип бар,—деди Төребай.

Александр дийханлардың ойларын жуўапсыз қалдырмады:

— РКП(б) Орайлық Комитетиниң сиясий бюро мәжилисиниң қарары бар. Қарарда Орта Азия республикаларында жер-суў реформасын жүргизиў жөнинде айтылған. Жергиликли шараятларға байланыслы усы нәрсе қарақалпақ автоном областымызда еле қолға алынбай атыр. Азғана сабыр етиңлер, хәммеси шешиледи. Ҳәзирше МТС қура турайық.

Олар аўылдың күн шығарындағы ушы-қыйырына көз жеткисиз кеңисликке шықты.

— Қараңлар, қанша партаў жерлерге ийесиз,—деп Александр белин ғырт еткизип, жерге шанышты.—Усы кәрадан МТС қурылысын басласақ қалай қарайсызлар?

— Суў шықпайды бул жерге,—деди Қалий.

— Бизиң қолға алайық деп атырған исимиз Кегейли түўе жер асты суўларын аспанға атлықтырады. Ал, ҳәзирше қурылысты дәрьяның тасқын суўы да баспайтуғын бийингиректе салғанымыз жөн.

— Бизиң аўылға сени Жумагүл жиберди ме?—деди Орынбай ишин дүбирлеткен сораўды бергенше шыдамай ҳәм «айтып жибер» дегендей Турымбетке қарады. Турымбет төмен қарады. Александр Турымбеттиң не ушын төмен қарағанын аңғармай, сораўды да еситпей, шинелин қапталындағы шөпликтиң үстине таслап, дөңгелек жағалы тоқыма жүн көйлеги менен жалаң бас, қолына белин алды ҳәм турған жерине домбық үйди.

Енди оның қасындағылар да қарап турмады. Бәри шешинип, кийимлерин бир жерге үйди. Александрдың көрсетпеси бойынша Төребай менен Сейтжан шыжым тартты, басқалар шыжымның изи бойынша бел-кетпенлери менен узын шубай шаппық ислеўге киристи...

Сәскеге таман олардың изинен Бийбайым бир гүзе қатық пенен келди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Иске сәәт, азаматлар!

Бул дәстүрге қанық ТОЗ шылар Бийбиайымды қоршап алды. Биринши кесе қатықты Сейтжан Александрға усынды. Александр симирип ише сала қалтасынан пул шығарып берди:

— Ҳақыңыз.

Дийханлар шуў ете қалды.

— Аўылда қатық, сүт сатыў айып болады.

— Аўылымызда ондай дәстүр жоқ,—деп Бийбиайым Алексадрға қайта-қайта басын шайқап. ТОЗ шылардың балалардай таласып кутә иштейлилик пенен өзлери қуйып қатық ишкенине мардыйып.—Ише бериңлер, тағы әкелемен,—деп атыр.

Бул пейли кең аўыл адамларына Александр айрықша ырзашылық пенен күлимлеп, шеп қолы менен шашын өрлеңкиреп жиберди де, биринши домбық урылған кең жазық далаға узақ нәзер таслады.

* * *

Бәҳәрге қараса Салый устаның жумысы гүжип, устаханасынан шықпас, соннан келген аўылдың гүллән керек-жарағын соғып үлгере алмас еди.

Александр тек Салый устаның ғана емес, пүткил аўылдың мүшкилин жеңиллетти. Қолы ҳәр тәрепleme өнерли жигит екен. Дийханлар кәмир жеткерип турса болды: бел ме, кетпен бе, орақ па, ҳәттеки, ең қыйыны пазна қуйыў ма, бәрин ислей береди. Аўзы-басы ғожалақ-ғожалақ күйе болып, ис көбейип кеткен ўақытта, я көрик баса алмай, я оттағы қызған темирин ала алмай, шыр-пыры шығатуғын Салый уста Александрдың шәкиртиндей болып қалды: көбинесе көрик басады, ал көрикке темир таплаў, соғыў Александрдың исине айналып кетти. Қалайда барлық ис жылдам исленеди. Ҳақ кеўил, бул мийнеткеш жигиттиң дәслепки қәдеми ҳәммени ырза етти.

МТС салынатуғын майданлықтан тырнақ орны қазылыў менен бәҳәрги егиске таярлық ислери де теңнен күшейди.

Жаңадан егис жерлер де ашыла баслады...

Әўелги күнлери Төребай Турымбеттиң анасы менен сөйлесип егер үлгере алмаса, Бағдагүлге дән тарттырып турыўды тапсырып кеткен еди. Дән бираз қәҳәтлеў болғаны ушын кемпир берип жибериўге қыйланып, өзи дигирман тартатуғын болып алды.

Бир жола кемпир өзиниң отырма дигирманына ун тартып атыр еди. Александр көрип қалып, қасына келди де кемпирден руқсат сорап, тартқышты услады. Айландырмақшы болды. Зил екен, «ҳүў!» деди тартқышты бирден айландыра алмай.

— Ана, қалай күшин жетип атыр? !

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кемпир түргелди. Александр мүмкин болғанынша кемпир түсиниў ушын жергиликли тилде келешекте бундай қол мийнети болмайтуғынын, аўылда орталық ун қараз салынып, ол МТС та трактордың күши менен айдалатуғынын айтып атыр. Гүлбийке кемпир түсинбей, оған дигирманды көрсетип: «дигирман яқшы, яман?» деп қояды.

— Яман,—дейди Александр.

— Келин керек, келин. Балаға айт,—дейди кемпир.

Александр оны түсинди. Турымбет келгеннен соң сорады:

— Не ушын анаңа аўыр дигирманды тарттырып қойыпсаң, неге көмек бермейсең?

Турымбет жергиликли халық арасында еркек адам ушын дигирман тартыў намыс болатуғынын, ондай еркеклерди адамлардың «қатынек» деп атайтуғынын айтпақшы болып еди, тили тығылып қызарды. Оның әлле нәрселерге қысынғанын билип, Александр дигирманның ояқ-бояғына қарап-қарап алып:

—Бузып қайтадан қурайын ба?—деди.

— Пускай,—деди Турымбет келте ғана.

Александр кемпирди шақырып алып, дигирманды қайтадан түргелме етип қурыўға келисти.

Ертеңине, дигирманның ун түсетуғын уясы кепкеннен кейин, Александр дигирманды урман-пурман тақырлатып айландырды. Шашлары селкилдеп турған бул жигит бир қолы менен дигирманның аўзына дән қуйалмайды екен. Кемпир уўысы толы жүўери қуйып жиберди. Дигирман Александрдың қолында зыр-зыр гүрилдеди. Кемпир шад, шақалақлап күлиў менен тур. Мектептен ҳәзир ғана келген Турымбет дигирманханаға кирип, ҳайран қалып мыржыйып тур еди, жеңинен услап.

— Крути, крути,—деди Александр оған тартқышты усынып. Турымбет ўаҳаҳалап күлип, қашып кетти. Александр оны қайтадан жетелеп келди...

Тамның ишине өзгерис кирди. Александр ағаш таўып келип үлкен кәт соғып, төрге қурды. Бунда еки бойдақ жатады. Бара-бара оған кемпир де үйренди. Тегараң ылас болып жатырған жер болса, Александр сыпырып таслайды ямаса Турымбетке сыпыртады. Ҳәптесине бир сипсе усламайтуғын кемпир баласын аяғанлықтан ҳеш бир төсекте гирбең қоймайтуғын болды. Александр кийим жуўыўға шорқат еди. Егер, кемпир көйleклерин жуўып берсе, бир шийшеге ыссы қум толтырып, астақтаның үстине қойып, ыссы шийше менен ысып-ысып тегислейди. Оқыўдан келгели кийимлери, жыйрық-жыйрық болып жүретуғын Турымбеттиң көйleклери, шалбары сымға тартқандай тегислешип қалды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аўылда дигирман жетиспейтуғын болғанлықтан ҳаяллар бул үйге көп келетуғын еди. Базда Александрдың дигирман тартып атырғанын көрсе бетлерин сызып, «өйбей, өйбей» десип зып береди. Ол Ҳаяллларға көп қарай бериўге тартынып, дигирманды бийтаныс ҳаял гүрилдетип атырса, дигирманханаға нәзерин де салмас еди. Бир сапары, тулымлары есилген, ири денели, қызыл шырайлы, қара қаслы, кең маңлай бир қыздың дигирманханаға кирип баратырғанын көрип, қапыға жақынлаған жерде бирден иркилип жүреги гилк еткендей болды. Әтирапына жалт қарап, адам жоқ екенин сезсе де келген пәтинде және ишке кирип кетти.

Кемпир оның жумыстан келетуғын ўақтына чай демлеп қойған еди, чай ишип отырғанда да дигирман оның басының ишинде айланып атырғандай. Тартқыш «шақ-шақ-шақ» еткен сайын, жүрегинде бир нәрсе шатнап баратырғандай сезилип, чайын оңлап ише алмады.

Усы күннен баслап ол дигирманның пәтли гүрилдеп тартқыштың «шақ-шақ-шақ» еткенин еситсе, сол қыз емес пе екен деп, қулағын салып өтетуғын әдетти шығарды.

Сөйтип жүргенде, Турымбет пенен түсте шығып баратырып, сол қызды гезлестирип қалды.

— Нурзада, аман-саў бармысаң—деди Турымбет қызға.

Қыздың қара қаслары ериксиз қағылып, ийнедей кирпиклери төмен қадалды. Александр Турымбеттиң бул сораўында сыр бар ма дегендей, қарап еди, ешейинде қызға жолықса пәрўайы пәнсери болып өтип кететуғын жигит мақтанышлы пишинде:

—Жақсы ма?—деп сорады Александрдан.

— Ҳымм!—Александрдың жүзлеринде әлле қандай кеўилсизлик пайда болғанын Турымбет сезбеди. Бирақ сол күннен баслап Александр Нурзадаға бурынғыдай ынтық бола бермеўге өзинше қарар етти. «Бәлким, оны Турымбет жақсы көретуғын шығар. Мен олардың алысып баратырған отына суў болып қуйылмаўым тийис. . .»

Деген менен ол жумыстан үйге қайтысын, шаң басқан жүзиндеги ойнақшыған жаўдыр көзлери дигирманға киятырған кепшикли ҳаяллар арасынан Нурзаданы излей бериўин, бәри-бир тоқтатпады. Өзине жәрдем бергени ушын ба, ямаса бәрҳә ағаштай қақайып, үйдиң ҳеш бир машқаласына айланбайтуғын улы Турымбетке үй жумысын ислетип, базда отын жарғызғаны базда от жақтырғаны ушын ба, дигирманға келип гезек күтип отырып қалған ҳаяллар менен әңгимелессе Гүлбийке кемпир:

— Бизиң Турымбеттиң жорасы «МТС жигит» жақсы жигит екен. . .—деп сөз қылатуғын болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Солай етип Александр аўыл арасында «МТС жигит» болып атанып кетти.

* * *

Арадан көп ўақыт өтпей, Александр аўылдын үш-төрт адамы менен Төрткүлден ақсайлар, плуглар, тырмалар алып қайтты.

Бул жағдай биразлардың ишегине қоз салды. Дүйсенбайдың геўкеўи менен Мәмбет молла қайтадан тиришеленип:

— Ағаш гүндесиз еккен егин мәкириўге айналады,—деген өсегин қайтадан гүжитсе де, өсектиң кимнен шыққаны және белгисиз қалды. Деген менен биразлар бул өсекке исенди де, өзлериниң ағаш гүнделери менен бола берди. Ал ТОЗ шылар болса плуглардың жерди тереңнен сүретуғынын көрип, егинлердиң зор болатуғынына қуўанысты. Плугларды сүйрейтуғын өгизлерди, атларды айрықша баққыға қойды...

## 17

Турымбет өткен сапары қалаға—Жумагүлге барғанда Дүйсенбайдың «барып бир көрин, не дер екен» деген тапсырмасы бойынша барған еди. Жуўмағын елеге шекем Дүйсенбайға айтпай жүрипти. Барды ма, бармады ма, ямаса Жумагүл оны қуўып жиберди ме, ол туўралы Дүйсенбай билиўге қызығады. Себеби, Турымбеттен Жумагүлдиң кейпин билсе, ислейжақ ойлары бар еди... Өзи барып сораўға батына алмайды. Бәрқулла қолындағы қусы болып жүрген Турымбеттиң үйине Александрдың келип жатыўы оның аяғына урылған гилти жоқ кисен болды. Жазы-қысы бир ен бөздей болып жататуғын еки үй ортасындағы ақ соқпақтың үсти гөнерип баратыр, усы бәҳәрде шөп басып кетиў хәўпи бар.

Ол бир рет Жуманияз ләўзени излеп таўып алып Турымбетти аўзына қаратып бериўди өтинген еди. Турымбет жарғының бир қулағына бас урып келсе де, ләўзениң қорқытқаны себепли келдим деп айтпады. Турымбет енди айтқанына жорта бере ме, жоқ па, бул жөнинде Жуманияз ләўзе келип ҳәм хабарламады. Соған қарап «Турымбет маған өз-өзинен келди» деп, қуўанып жүрген Дүйсенбай Жуманияз ләўзе кешиккен сайын, «неғайбыл түнде бунын гүмин шекпесе болар еди» деп қорқатуғын еди. Турымбет және хабарласпай бийдәрек кеткенге «мейли, өлтирсин» деп турады да, «ҳаў, қоя гөр, онда бергенлерим күйип кетеди ғой» деп, ҳаўлығатуғын болды.

Ҳәккедей сақ ҳеш қашан алжаспайман деп жүретуғын Дүй-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сенбай қыстың күни және бир алжасқан еди. Бул алжасығы еле есинен шықпайды. Дән план ушын қыстың күнлерги ура қараспада арқадағы топардан келген диийханлар қырманының қасына көмип кеткен бир ура тарысын таўып алды. Ҳәмме нәрсени ерки менен берип жүрген адамға бул өлимнен жаман пәнт еди. Бирақ оған да сумлық таўып қутылды.

—Алақойынлар егис басланарга таман тухым ушын бережақ едим...

Ал Александр келгели, әсиресе ол Турымбеттикине қоныс басқалы Дүйсенбайдың жан-иннине от түсти. «Нәлетийлер неге хабар алмайды», деп сөгинеди. Түн ишинде уйқысын бузған адамды ийттен бетер жек көретуғын Дүйсенбай түнлерде уйықламай, тышқан тысыр етсе де «усы Шанияз емес пе?,» «Жуманияз ләўзе ме екен?» деп, басын жыландай көтерип және дастыққа қояды. Өзинен өзи жатып «япырмай алла! Өли төсекке киргеннен соң да уйқыдан бездирдин» деп ҳәр қапталына гезекме-гезек аўнайды...

Далада ийт урди. Дүйсенбай орнынан тура сала қапыға жақынлап, тың-тыңлады. Биреў киятыр. Ийтке бир нәрсе тасласа итимал. «күшим-күшим» деген даўыстан кейин ийттиң шабаланғаны басылды.

Сырттағы кисиниң аяқ алысынан-ақ таныл, тәмбини тайдырып, киргизип алды.

— Әй, алла, басымды сүргинге салдың-ә! Бейиштен орнымыз болса налымас едик,—Аўзы басы таңылған Шанияз супы сарсылып, төсекти қармаланып барып жанбаслады.

— Араны ашып жибердиңиз ғой, супы?

— Сорама, сорама...—Шанияз супы еле солығын баса алмай отыр. Оның бул келисине қәнәәт етпей, Дүйсенбай тыпыршынып, оның келиў себебин билгенше асықты;

— Супы, сөйлей отырса?

—Ийшанымыздың абройы зор екен.—Сууўпы сақалын сыйпады.—Аржақ бержақтан күш бириги атыр. Мен Әмиўдәрьяның қубласына өтип, ийшанымыздың тапсырмаларын орынлайман деп көбирек иркилдим. Үш жүз алпыс әўлийе жайласқан Гөнеде[1] болдым. «Қара қапы» әўлийеге бардым, ҳәмме жерде ийшанымыздың атын еситкенлер орнынан ушып тура береди. Ийшанның өзи ашық айтпаған менен олардың жоқарыдан қолы барыўрас па деп сездим. Әңгимелери соған уқсаған. Ираннан жәрдем бар қусайды. Гөнедегилерден де соны аңладым.

---

[1] *Гөне*—Түркменстанның ҳәзирги Гөне-Үргенч районы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Тек адам жыйнадың ба?

— «Қара қапы» әўлийеде жүзлеген бес атар көрип қайттым. Соны бизлер аламыз.

Дүйсенбайдың аўыр бойы азмаз жеңиллескендей болды. Көкирегин кернеп «үххх» деп созды.

—Жуманияз ләўзе менен Мәтжан мықыры келди ме?—деди Шанияз супы.

—Келмей атыр. Келемиз деген ўәделерин жутып кеттиме деймен. Түнде ийт үрсе солар ма екен деп, шала уйқылап басым зил, мең-зең!

— Ал, енди, мен усы киятырғанда олардың мәкан жайынан, «Жиңишкениң» тоғайынан киятырман. Жоқ!

— Олар былтыр-ақ Порлы таўдың арқасына қарай жылысты ғой.

—Ийшан маған усы сәрсенбиге жет деп еди. Бүгин сәрсенби. Бир күн кешиктим. Бирақ, көр дегенлерин көрип, бол деген жерлеринде болдым. Ийшанымыздың саған тапсырмасы мынаў: Сен Ләўзе менен Мықырыны таўып, ақылландыр, олар жас гезлеринде Қасым ийшанның мектебинде оқып жүрип, бир-еки шаппатын жеген екен. Сол ушын дық сақлап, өз алдыларына бир төбе болып жүр. Онысын қойсын. Түбинде мақсетлери бир болғансоң суўлыққа таслай бермесин. Айт. Олар түўе Барлықбайға шекем ийшанымыз не айтса мойың бурмайды...

— Ийшанымыз Жумагүл туўралы не айтады? Еситиўиме қарағанда Жумагүл абыройлы болып баратырса керек. Қалада жас қызларды мектепке жыйнатып атырған усайды... «Каратерен» жаққа барып қайтқан дейме?

—Ондайды сорап не қыласаң? Биреў «Жумагүл сөйтип пе?» десе «өтирик» деўди билмейсең бе? Сен де сөз қылсаң, халық инанғыш! Оның абыройы өсе береди. Сениң не ушын жайыңды мектепке бергениңди ийшанымыз бирден-ақ түсинди. Бирақ, аз ҳәрекет етип атырғаныңа кейип атыр. Аўылыңнан адамлар таярла. Бир орыс уста келипти деп, еситтим бе?.. Айтпақшы, сизиң аўыл ақсақалының өзге миллеттен екенин неге умытып баратырғанына ийшанымыз жүдә қатты ашыўлы... Хожанияз дегениң қандай пәмсиз адам өзи... «Қарақалпақ, қарақалпақ деген сөзди неге бөрттирип жүрмейди. Айт бөрттирсин. Болмаса ийшанымыз наразы болады. Қой, болар, таң атып баратыр, кеттим!..

Үй ийеси Турымбет жөнинде кеўил қапашылығын айтпақшы еди, үлгере алмады. Шанияз аяқларының ушынан сылт-сылт басып шығып, ерик бағының арасында байлаўлы турған атына минди. Дүйсенбай үйине кирип «Жумагүлди ийшанымыз не



www.ziyouz.com kutubxonasi

ушын «Қара терең»нен аман қайтартқан себебин сорамаппан-аў» деп, жамбасына бир урды.

Азанда ол Турымбет жөнинде және ойлады: усының өзи айнып кеткен жоқ па? Оқыўдан келгенде бир өжетленди. Соңынан оңғарылды. Қалаға барды, және бир бәле тапты, Жумагүлге жибериў қәте болған жоқ па усы, мына бир орыс адамды «сол үйге киргизген қудайдан бийүмитти айтсана! ! . . .» Ол әри бери ойланып көрип, қайтадан анықлап сөйлеспесе, жигиттиң кем-кем қашықлап баратырғанын сезди. Сол ушын түсте бир таўық сойып Турымбетке мирәт салды. Турымбет, оның менен жекке отырсам тағы мийимди айландырар деди ме, мектептен шығып киятырғанда алдынан гезлескен Хожаниязды ерте келди. Үшеўинин ортасында бир-бирине ҳәл саласпа, тек ғана МТС жөнинде әңгиме болды. Бирақ гәплердиң арасында Турымбет Александрды да қосып отырды:

— Мийнеткеш, ақыллы рус екен.

Олар Хожанияз екеўи бир-бирине түсинетуғын еди, ал, Турымбеттиң өзге гәп қозғамай ақыллылық пенен сақлық еткенине ҳайран болып, кеўлиндегилерин ортаға салып, ашылыса алмады. Солай етип, бул сапары Хожанияздан бетер Турымбет пенен ашылысып сойлесе алмағанына Дүйсенбайдың пушаймаңы артып, ертеңине түсте Турымбетти үйине қайтадан шақырды. Бул иретте ол үйинде Александрдың жалғыз күтип отырғанын сылтаўлап, кетип қалды. Дүйсенбай енди қасарысты. «Гөрге де бармайсаң. Жылаўың қолда. Алып қашып көр, аўызлық жағыңды айырсын» деди тикленип. Ақырында, төртинши мирәтке Турымбет жалғыз келиўге мәжбүр болды. Бул да түслик гези еди. Ҳеш ким Дүйсенбайдикине киргенин көрген жоқ. Көрген де мектепке қонсы үйден ким гүманланады?

Тамақ пискенше олар соқта ойнады. Турымбет утыла берди. Оның кеўли пүткиллей басқа жақта екенин сезген Дүйсенбай жортаға бир утылып еди. Турымбет оның көз көреки утылғанын билип:

—Есап емес, —деп соқтаны жыйнап алып, қайтадан бөлди.

— Жуманияз ләўзе тутылыпты!—Дүйсенбай қолындағы бес қағазды маңлайының алдына жайды ҳәм соқта арасынан сығаланды. Турымбеттиң жазық маңлайында жыйрық пайда болғанын сезип:

—Алты қал менде—деди де ғарғаның алты қалын жерге таслап жиберди.

Александрдың пүткил елдиң келешеги, МТС, социализм, коммунизм ҳаққындағы әңгимелерине елигип жүретуғын Турымбет-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тиң ҳәмме нәрседен гүдери үзилгендей көзлери тынып, Дүйсенбайдың жерге түсирген қағазын кесиўдиң орнына:

—Алты қалың жоқ болса жети қал менде,—деп қайсы қағазды услағанын аңғармай, ғарғаның дузын жерге таслап қойды.

Дузды көрип утылатуғынына көзи жеткенликтен бе, ямаса оның албырап қалғаны ушын ба, қолындағы бес қағазын жердегилерге араластырып жиберип:

—Ләўзе геўек адам. Басы бас емес, малақайға қәлип,—деди Дүйсенбай.—Адамның нәмәрти өзи менен турмай жолдасын әшкара қылады.

— Илаж жоқ па, енди? — Турымбет суўық дем алды.

— Қорықтың ба? — деп күлди Дүйсенбай. Турымбеттиң жүзи қәдимги күйине түсти.

— Қорықпа, ҳәзирше ол аман. Егер тутылып қала қойса ҳарамлық ететуғынын билер ме екен деп, сынап атырман. Билсең бопты. Оны тутылмайтуғын етиў керек. Жәрдем сорап жүрипти.

—Енди қойса болмай ма екен. Бир жерге барып ТОЗ ға кирсе ким биледи. Александрдың айтыўы бойынша еки-үш жылдың ишинде тракторлар көбейип, «арба», «гүнде», «мойынтырық», «тиркис» дегенлер, тек аўыз еки айтып жүретуғын керексиз зат болып қалады, жерди трактор сүрип, егинди трактор егетуғын болады. Соңдай күши бар кеңес ҳүкиметине қарсы турып еси жоқ па екен? Көрсем түсиндирер едим өзине.

—Сол тракторларың, МТС ың, бәри де өтирик нәрсе. Абайсиясат деген бола береди. Тек халықты инандырыў ушын ислеп атырған нәрсе. Жансыз нәрсе жер сүрип, егин егип келистире ме? Бәри шайтанның иси. Ондай жерден алған егинниң өзи ҳарам! Дийханның қолы қабармай ишкен тамақ мәкириў дейди моллалар.

— Мәкириў болса өзлери неге қолын қабартпай, уялмай ишип келди? Бәри бийкар!

—Сени МТС орыс қатырып баплап, мийине қурт болып түскен екен. Бәри бир, сен Жуманияз ләўзениң тақымына көкмар болатуғын адамсаң. Бир мүшенди суўырып алмай жаздырса, басым садақа.

Турымбет және албырады.

—Баяғыда Жумагүлдиң алдына барып па едиң?

—Үйи жансын оның!

— Өзиң бил. Ол туўралы да Жуманиязға бир жуўап берерсең.Ал енди, Қалий келтениң қызын аласаң ба? Я Мәмбет молланың қызын аласаң ба?

— Ақылым ҳайран.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Шақырғанда сөйлесейик, дегеним усы еди. Телпегиң менен ойласып көр. Әрманда өлип кетпе! Қысқасын айтқанда, меники ўажыбаты нйман, халықты ҳәм оқытатуғын, ҳәм узақ өмир сүретуғын жолынды айтып атырман. Түбинде адам деген жер томпайтатуғын мақлуқ! Өли арысланнан тири тышқан артық.

Турымбеттиң тамаққа иштейи кемейди. Пүткил денеси аўыр тастың астында езилгендей сүйретиле, бир қолын жерге таянып орнынан тикейди...

* * *

Турымбеттиң турақсызлығына уўы-зыйы қурыған Дүйсенбай азанда күтилмеген жаңалық еситти.

— Салый устаның көригин жыртып дүканын өртеп кетипти...

— Таза плугларды жоқ етип, баққыдағы өгизлерди әкетип қалыпты...

Дүйсенбай бул ҳәдийсеге өзинше баҳа берип, усы әтирапқа Жуманияз ләўзениң келгенин түсинди.

Дийханлар бул ойқанды ислегенлерди таппай зер-зебилликте.

«Егер ертеңге шекем табылмаса, меннен де гүман етиўи мүмкин»: деди өзинше Дүйсенбай бас қасып ҳәм кеш болғанда өз жайына — мектепке от бериўди ўйғарды. Солай етип, аўыр жатарда далаға шығып жән-жаққа қулақ салып тур еди: «Дүйсенбай!» деген сыбырлыны еситти. Уйқылап кеткеним жоқ па деп, көзлерин уўқалап, жан-жағына қарап, қаўын қарақшысындай биреўди көрди.

— Жақынла бери, неге қорқып турсаң?— деди жансыз қарақшы тилге келип қыбырлап.

Дүйсенбай түйе таўықтай талтаңлап қасына барды.

—Ҳәзир «Жаңа жарған» жаптың сағасына жет!

Бай айланып үйине кирди. Ойласарға адам жоқ. Күткен адамы келсе де бойы аўыр. Ошақтың басында бир шайник шай демлеўли тур еди. Суўып кетипти. Бир кесе қуйып алып лық-лық симирип, муртын, алақаны менен сыпырып жүрип, үйден шықты.

Оның қайда кетип, қайда жүретуғынын өмирлик қослас болғалы сорап көрмеген ҳаялы, ол кеткен соң есикти иштен илип жатып қалды.

Уәдели жерде бағанағы шақыртыўшының бир өзи зеңирейип тур еди. Қасына жақын келип жулдызлардың жақтысы менен оның балтырын ораған ақ пайтабасын абайлады. Бирақ ол Дүйсенбай жақынлаған сайын артына бәсип-бәсип бир түп жыңғылдың қасына иркилди ҳәм «ыҳым!» деп қырынып жөтелип еди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

дөгеректеги қараўытқан жыңғыллардың, шеңгеллердиң түплери сытыр-сытыр етип, астыларынан зоңқ-зоңқ етип тақыр жерден көгергендей, биреўлер көтериле келди. Бай қоршаўда қалды. Әтираптағылардың ҳәммеси жарақлы еди, базыларының қапталына асынған қос баўларынан сүйек саплы пышақлардың гүмис бурандалары жылтырап көринеди. Қимисп мылтық асынған. Кийимлери де ҳәр қыйлы. Ҳаял жаға бешпент кийгенлери де бар. Дүйсенбай олардың түрлерин көрип, неси екен деп, ойланып турмады. Себеби ҳәммесиниң де еркек екенлигин иши биледи. Ҳаял жағалы бешпент кийгенлер де еркек қәддилерин дүзеп тур. Ийегиндеги сақалы қалың, елиўлердиң шамасындағы мурты жоқ биреўди көрип, супыма екен деп, ойлады. (Супылар муртын қырдырып, сақалын қалдырады). Бирақ бул малақай орнына, түйинин еңбеклигине қойып, шаршы тартқан. Дәстүрде бундай жастағы адамлар ақ териден тысланған жатақ малақай, я қураш кийиўи тийис. Бай кийимлерине қарап оны онбес-жигирма жастағы бала жигит пе деп шамалады. Ким өзи бул? Егер айқасып қалғанда, қайсымыз жеңер едик деп, ийинлерине қарады. Оның ийини онша кең емес, жүдә әлжуўаз, билеклери жиңишке, бармақлары аш ишектей сылынып қалған биреў. Бойы да орташа. Қалғанлары да ҳәр қыйлы. Ишинде бир ақ теректей узыны бар. Ол бойы менен ҳәммени басып кетежақ болып тур. Оны бирден таныды. Бул Жуманияз ләўзе еди. Басқаларының кийимлериниң өзлериники емес екенлигин, гейпарасының сақалларының да анық сақал емес екенлигин аңғарды. «Буған заман айыплы. Бәлким, булар гилең байлар шығар, мақсымлар ма, молла ма, ийшан ба, улама ма, қудай билсин, ямаса иштен қартайып жаслайынан кеселбент болған биреў ме екен»—деди бойы ҳәстедей Мәтжан мықырыны абайламай. Ал буны шақырған шабарман өзи менен қапталласып тур еди.

— Қәйерде сөйлесемиз?—деди оған бай. Әдебинде өзин жүдә қорқынышлы тутқан бай оннан жуўап алмастан бурын бир өкшеден айланып, әтирапындағыларды және көзден өткерди. Соң Жуманияз ләўзеге қарады:

—Шақырған екенсизлер?

Түйениң мойнындай иймейген дәпең Жуманияз ләўзе байдың ийнине қол салып «отыр» деген ишарат пенен төмен басты.

— Өзлериңиз неге отырмайсызлар?—деди еңсесине минген аўыр күштен айбынып. Ҳәмме кейин серпилди. Жылдам-жылдам жерге отырысты. Әдебинде албыраған менен бай бул адамлардың ҳәрекетлерине өзинше сын берип тур. Ләўзениң даўысы өзине ылайық емес, майда еди. «Қатын даўыслы еркектен сақла»



www.ziyouz.com kutubxonasi

деген, деди де, оның надурыс ҳәрекетине, бассынбақшы болғанына ишинен наразылық билдирди, бирақ сыртқа шығармады. Шөкке түсип отырды.

— Дүйсенбай, келген себебиңди ишиңнен билип отырған шығарсаң?—деди Жумaнияз ләўзе.

— Қайдан билейин. Мен ондай ўәлий емеспен. Маған ҳеш ким түсиндирген жоқ.

—Қәне Мәтжан мықыры, бир түсиндирип жибер!

Жуманияз ләўзе, кисиниң бойына сын таққанды қоясаң ба, жоқ ба?!—деди тикейип турғанының өзи ләўзениң отырғаны менен барабар Мәтжан мықыры шиңкилдеп.—Өзиң түсиндирсең де болады. Мен түсиндирсем де болады, бирақ бул байдың ақылдан қуры алақан емес екени ҳәммеге мәлим. Түн ишинде кисиниң мазасын киси ала бермейди ғой. Соның ушын өзи барлығын түсинип отырған болыўы керек деп шамалайман.

— Гәптиң қысқасы жақсы, неге сен соза бересең. Қәне, Дүйсенбай, сен кимликсең, соны айт. Бизликписең, ямаса оларлықпысаң?—деди Жуманияз ләўзе гәпти шорта кесип.

—Сизлерлик болғанда кимлик болғаным, оларлық болғанда кимлик болғаным, мен түсинбедим? Бирақ бир қудайлықпан. Рәсиўли ҳақ, Мухамет пайғамбардың үмметимен.

— Сен жалатай адамсаң, сақлық етемен, исламға пайда келтиремен деп, жайыңды мектепке бердиң. Қәне, биз көрген пайда?—деди Ләўзе пәтли.

Дүйсенбайдың тили тамағына тығылды.

— Неге қамыстай қалтырайсаң? Сендей қорқақ адамның жанын жәҳәннемге жибериў керек. МТС қурылатуғынын неге хабарламадың?—Жуманияз ләўзениң даўысы қалтырады.

— Оллагер билмей қалдым. . . Оның үстине өзлериңизди келер деп күттим. Егер бир қасық қанымнан кешшеңиз бир нәрсе айтар едим. . .

—Бар кештик. Өлимлик болса да айт,—деди Мәтжан мықыры.

—Әй, Мәтжан!!! Бийлик етиўге ким ерик берди саған?—деп Жуманияз ләўзе ашыўланажақ еди:

— Минскей, сизлердиң өзлериңиз алаўыз адамларсыз,—деди Дүйсенбай пайттан пайдаланып.—Сизлер менен бас қосыў жанға қәўипли. Бүйтетуғын болсаңыз, бир-бириңизге аўыз салып тарқасып кетесизлер. Көрдиңиз бе, бир-бириңизге мин тағып. бир-бириңизди сөйлетпейсиз. Мен Жуманиязға сораў берсем Мәтжан жуўап береди. Болар елдиң балалары бирин-бири батыр дейди, болмас елдиң балалары бирин-бири қатын дейди. Усыннан



www.ziyouz.com kutubxonasi

тәртип, аўыз биршилик болды ма? Өзлериңиз келип хабар алмастан мени гүнакарлайсыз?..

Тым-тырыслық.

Дүйсенбай орнынан тикейип кетти. Әтирапын тандырдай қоршағанлардың ортасында шыр гүбелек айланып, бәрин ишинен санап шықты. Олардың алаўызлығы айтылғаннан кейин тым-тырыс болғанынан үмитленип сөйлей баслады:

—Мен бәрине түсинемен. Бирақ сизлерди бундай ҳалда деп, ойламағанман, баяғы көтерилистен соң түсинген шығар деп едим, енди де кеш емес. Ишиңизден бир оданбасы сайлаў керек. Сол өл деген жерде өлип, тирил деген жерде тирилиў керек. Маған да басшылық керек. Сол оданбасыға орынбасарлар белгилесеңиз де жақсы болар еди. Баяғы Тәжим мурттың ислеген қәтеси— орынбасар сайламағанлықтан болды. Өзи оққа ушқан ўақытта усы араңыздан басшы болар адам табылмай, басқыға ушырағансыз. Әне, бул жарамайды. Соның ушын өзлериңиз ойланып телпегиңизге кеңесип көриңлер. Нурымбет ахун қамалғалы ыдырап кеттиңиз, билесиз бе соны? Мениң айтайын дегеним: Қасым ийшанның тапсырмасы. Ендиги жағында соның айтқаны менен жүриў керек.

—Керек емес!—деди уЖманияз ләўзе жекиринип.—Биз сенисн Қасым ийшан менен арамызға дәлдәлшы бол деп отырғанымыз жоқ. Билесең бе, баяғыда Төребай ел басқаралмай аўылға масқара болады деп едиң. Бәри керисинше. Қасақана машиншының ҳаялын да қатарға қосып алыпты. Сен неге сол ҳаялды қатынлыққа айттырмадың?! Дүньясы көп ҳаял еди. Байы жоқ қатын, жас жигитке қармақтай қабады. Өзиңе тиймесе, Турымбетке неге әпермедиң? Ешек!

— Ол қатын Турымбеттиң бурынғы мурындық енеси...

—Жап аўзыңды! Дәлил керек емес! Аўылың орыс аўыл болып баратырғанда, сен не деп сөйлейсен! Кеше плугларын дәрьяға таслаттым. Сол орысың мылтықлы жүре ме, билип бер. Кеше топылайық десек мылтығы барма деп ойладық.

— Мылтық ол түўе Турымбетте де бар ғой.

— Билемиз. Ақсақалда да бар. Бизге сол уста орыс керек болып тур.

—Яқшы, билип берейин. Бирақ, инилерим, мени азмаз тыңлаңлар. Ең болмаса усы өз араңыздан бир одан басы сайлансын. Ойланып көриңлер. Ал енди, ойлағанда да ҳәр ким көмешине күл тартып, жақынын гөзлемесин. Дыянатлы, аўзының дуўасы бар, обал-саўапты аңғаратуғын, оның үстине қатал, күши ҳәммеден басым биреўди ойлаңыңлар. Ҳәзир билесиз бе, Қасым ий-



www.ziyouz.com kutubxonasi

шан жарақ таярлап үлкен атланысқа шығажақ болып атыр. Бөлингенди бөри жер деген. Қасым нйшанға қосылыўды және бир ойланып көриңлер.

— Дүйсенбай, билгишсине берме!

— Төбе-төбе болып жүриў, өз адамларыңа алып топылыў өзлериңизге зыян, басшысыз бир ис ислеўге болмайды, түсиниңлер!

Ҳәмме самсаз. Дүйсенбайдың сынағысы келди ме, ямаса айтылған кеңеске олар ойлана берсин деди ме, көп иркилмей араларын аңып:

— Көрискенше хош, жигитлер!— деди де, мәрт қәдем менен кетип баратыр еди:

— Турымбетке бек бол, ол айныса сен де тири жүрмейсең,— деп даўыслады Мәтжан мықыры изинен.Ояў жатпасаң суўдың астында қаласаң.

Дүйсенбай артына қарай-қарай кетти.

Бир жағынан олардың услап қалып азап бермегенине қуўанса да, шигиниң қамырындай ыдыраған, бир-бирине йиттей ырылдасатуғын бул адамларға иши ашып баратыр. «Әй, нәмәртлер! деп бир гүңк етип, бәлким мениң жасымды сыйлаған шығар, ҳәм ғамымды жейин, ҳәм көмек бериўдиң жолын табайын» деген ой менен үйиниң қасына келип иркилди. Жән-жағына ойланып қарады.

Әйнала жым-жырт. «Жаңа жарған» ның саға бетинде ғана гүңкилдилер еситиледи.

Таң атыўға мейиллене жақ. Анда-санда шөже қораздың қырылдап даўысы шығады.

— Бас сақытламасам болмас екен!

Ол үйинен май дүңкесин алып шығып, класс жайына кирди. Парталарға бир, май дүңкеге бир қарап алып бирден серпипсерпип жиберди. Соң шырпы жақты...

* * *

Лаўлаған өрт жалыны әйнектен сағым түсирди.

— «Ҳа Дүйсенбай, түргел, өрт кетти, ҳа Дүйсенбай!»

Асығып, шешине сала атлас көрпеге оранған Дүйсенбай еле ояў жатыр еди. Бул даўысқа дәрпенбеди, тек муртынан күлди. Өртке жыйналып қалған адамлардың дүрсили көбейип күйгелек биреў:

— Уай-уай, жанларың болса турыңлар!— деп, әйнегин сындыражақ болып «тарс-тарс» урған соң барып «ҳаў, бала, ҳаў бала, не дейсең? Не болып қалды?» деў менен тырдай жалаңаш далаға жуўырды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул ўақытта барлық парталар жанып, класстың төбеси ортасына түсип, енди Дүйсенбай жатырған өжирене жармасып киятыр еди. Дүйсенбай жалаңаш күйинде албырап жүрип биразларға көринди ҳәм аяғына қоз басылғандай асығып қайтадан ишке кирип, бөз ыштанын кийип, қолына бир шелек алып шықты. Ҳәмме ҳәрекетте, зыр жуўырысып, өртке суў қуйып жүр еди. Бул да араласып кетти. Бирақ ол нешше рет тәкирарлап «ўаҳ-ўаҳ!»—деп, сөгинсе де муртында күлки, ишинде ўақты хошлық бар еди. Сол ушын аяқлары да жеңил. Бирақ, онысын ҳеш кимге сездирмеди. Сәл саўасын таңқан гезде: «Усы ақылым менен қор болып жүрмен-аў» деп өз-өзинен масайрап, сессиз күлип алады.

От өширилген гезде адамлар бирден басқы тапты.

— Суў-суў!.. жыққын-жыққын!..

Быйылғы бәҳәрде Кегейли бираз суўлы еди. Аўыл бетки раштан жыққын кетипти. Жалтыраған суў сарқырап, аўылды басып киятыр. Үлкен баса-бас енди басланды. Қыбырлаған адам Кегейлиге қарай жуўырысты. Дүйсенбай бул ҳәдийсеге оннан сайын қуўанышлы еди. Шыдай алмай, аўзын алақаны менен басып селк-селк күледи де басқалардан қалмай алға жуўырады.

Бәҳәрдиң биринши айы болған менен еле суў қаймағы муз еди. Аўылды басып кетиў кәўпи туўып тур. Кишкенеден келип Қалий жуўырғыш екен. Ол биринши жетип келип жыққынға бел урып еди, бели бойламай өзи алдына еңтерилип, Кегейлиге шомп етип түсип кетти.

Төребай менен Александр ийнлерине бел салып қатара жуўырысып киятыр еди. Александр келе сала Қалийдың изинен бой таслап, музлы суўда жүзип кетти.

Соның арасында издегилер де жетип үлгерди. Ени жигирма адымға шамалас жыққын Кегейлиниң суўын бурып, сарқырап ағып тур.

—Сабырлылықты сақлаң!—Төребай жыққынға абына келип қалған адамлардың алдын кес-кеслеп турды.

Александр Қалийды баладай қылып қолына көтерип келип Төребайға:

— Үйине жеткериў керек,— деп рашқа жатқарды. Еки адам көтерип кетти. Александрдың усти-басынан музлы суў сүмеклесип жерге сорғалап турса да кетпеди:

— Жолдаслар, ҳәмме изге қайтып, көтергениңизше қада ҳәм шөп таўып келиңлер!— деп буйырды жыйналғанларға.

Көзди ашып жумғанша ҳәмме зымғайып тарқады. Оған шекем өзи де тынбады. Сыртқы кийимлерин шешип алып сығып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

қайтадан кийди ҳәм жағаға жақын қурғақлықта қулыпереци шығып жыққынға басатуғын шөп шаўып жүрген Төребай менен Сейитжанның қасына келип, қолына орақ алып, шөп орыўға түсип кетти..

Демнин арасында қадалар да тайын болды. Енди бул қадаларды жыққынға ғаз-қатар қағып, өрине шөп салыў керек, сонда ғана ағыс иркиледи. Суўға ким түседи деп, турмастан:

— Қәне Төребай, қадалардын ушын шаўып ҳәзирлен!— деп, Александр жыққынға секирип түсти ҳәм өзи сияқлы бойы ири Турымбетти қасына шақырып, қолына балта услатты:

— Мен услап тураман, сен урасан!

Жағада қарап турған адам болмады. Қими шөп қушақлап, кими қада сүйреп, кими алысырақтан топырақ арқалап киятыр. Дүйсенбай жыққыннан алысырақта қап пенен топырақ арқалап киятырғанларға:

—Тасый ғойынлар,—деп тур.

Хожанияз да келип қалған еди, ол не ислердиң есабын таппай, суўық суўға түспеўдин ҳийлесин ислеп, арман-берман жуўырып, қонышындағы қамшысынын ушы тирсегин сабалап тур.

...Төребай қызып кеткен еди. Ҳәр келгенде ярым қап топырақты дүрс еттирип төгип жыққын менен қурғақлықтын арасында ҳәммеге бас болып жуўырып жүрипти, ҳәмме қара тер.

Жыққын уллы сәскеде байланды. Қандектен, топырақ тасығанлардын да, шөп тасығанлардын да батпақлыққа батпағаны шамалы.

— Қане, енди тез үйлериңизге қайтып жылыныңлар,—деп, Төребай ҳәмменин қайтыўына урықсат берди.

Бул ойқанның айыпкерлери түстен кейин изленди. Төребай менен Александр келип жаға менен көп жерге шекем жүрип көрди. Әтирап быжнаған ат излери еди.

— Мениңше, усы аўылда сүйенишлери бар,—деди Александр. Төребай басын қасыды. Ҳәзир екеўден екеўи ҳештене шеше алмайтуғын болған соң, олар үлкен жайға келди. Бул жерде де адамлар өз-ара ҳәр кимди айтысып, ҳәр қыйлы болжап атыр екен. Булар келип қосылды.

— Мениңше усы иске Дүйсенбайдын қатнасы бар,— деди Бийбайым бирден. Адамлар аң- таң болып тур еди.

— Сеники ҳаялшылық?— деди орта бойлы шымыры денели бир дийқан.

— Не ушын ҳаялшылық?

—Мектептиң пәтиги алысып атырғанда өзин зорға оятып алдық. Егер билсе өз жайы алысып атырғанда журттан бурын



www.ziyouz.com kutubxonasi

даңғара салып шықпас па еди?— деп және сол шымыры денели дийқан жеңислик бермеди.

Дәлилге ҳеш ким дыррықшылық ете алмады...

Бул хабарды еситкен Дүйсенбай және қуўанып, өзине бурынғыдан да бетер исеним туўдырыў ушын жоғалған плуглардың Кегейлиниң ултанында екенин айтпақшы болып турды да, соңынан «қайдан билдиң?» десе не қыламан деп, үндемеди.

Бирақ буған Қалий анықлық киргизип, кеше Кегейлиге суўға батқанында аяқларына темир тийгенин айтты.

Александр Кегейлиге қайтадан сүңгип көриўге мәжбүр болды. Қалийдиң гәпи ырас шықты. Оның айтқан бағдарынан плуглар, тырмалар табылды

Бул ойқанлар «Бахытлы» ларды жолдан ирке алмады. Мектептиң төбеси қайтадан бастырылды. Александрдың басшылығында классқа скамейкалар соғып қойылды.

Аўылдың күншығарындағы аланда жумыс бурынғыдан да қызып, М Т С тиң жайлары ушын дәслепки дийўаллар жүргизилетуғын тырнақ орынлары қазылып, жерлер тегисленип, сәўир самалы менен аппақ шаң бурқылдап аспанға көтерилиўин тоқтатпады.

Дийханлар жаңадан егис жерлер ашыўын даўам етти...

* * *

Аспанда тырнақтай булыт жоқ. Қуяш жарқырап тур. Самал да жағымлы. «Бахытлы аўылының» ҳәр бир үйинен шыққан адам күн шығысқа қараса, ала шаңғытта ислеп атырған МТС қурылысшыларын көреди. Сол ушын кеўли бузықлар ғана күн шығысқа қарай алмас еди.

Дүйсенбай мектепке от, берип, ақыллылық ислегенине және мақтанышлы еснеп, «өз ўақтында аўыл-елдиң ағасы, елтири тонның жағасы болғаным бийкар емес екен»—деп, бетин күн батысқа алып, далада ойланып, желкесин қасып турып-турып, Турымбеттиң кемпирин көрип қайтыў ушын баратыр еди, соқпақтың ернегиндеги бир түп ериктиң шақасы ақ қой терисинен қыстырғышлы дегелейин илип қалды.

— Әй, нәлетий,— деп ол жоқары қарады.

Ақ қураштай дөңгеленип үстине дөнген ерик ағашының ақ гүллери көзлерин қамастырды. Ол усы ўақытқа шекем абайламағандай таңланып көзлерин билеги менен сыпырып:

— Көтерип нәлин еккенде көгермейтуғын нәрсе тепсеңы шыққан соқпаққа қалай көгерген?—ә? япырмай-ә? Адамлар сыяқ-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лы жер—әм өзгергенбе?»—деп ояқ-буяғын айланды. Өзинин ерик бағына бурылып қарады. Ғарры ерик ағашларында ҳәр қренде, санаўлы гүллер көринеди. «Әй, мынаны көзге күйик қылғанша шабыў керек екен?... Тоқта, билип алыў керек, бул мағаң дерек пе, я Турымбетке дерек пе?»—деп еки үйдиң аралығын көз бенен шолды:—«Турымбетке дерек, шабыў керек... Әй, усы ерик ағашына неге сөйлеп турман. Қаўипли. Әбди жоқ болсын. Айтпақшы, Мәмбетти неге жиберип алмайман».

Ол аяғының ушына минип аўылдың шетиндеги гөне сайдың ернегине салынған жайға бир көз таслады. Өткен жылы басына жыйналған бояны аўып турған бул жай Мәмбет молланики еди. «Ери аўған ешектей болып қалыпты— аў» деп гүбирлеп, алды- артына бир қарап алды да, таса-таса менен сол «ери аўған» жайға қарай асығып кетти...

## 18

Басы жоқ истиң ақырыда болмайды.

Жумагүл азанда кеңсесине киргеннен кешке шекем ҳешқандай саўа ўақыт таппас. Келиўшилердиң изи үзилмейди, оны гә-округжком, гә окрисполком шақырады, гә ол комсомол комитетиниң мәжилислерине қатнасады. Кеште үйинде отырып, бүгин нендей ис питиргенин еслеп өзине өзи есап берип қараса, устақанлы ҳештеңе көз алдына келмейди, бассыз, ақырсыз өмир ғалма-ғал, мисли бир дөңгелекти айналып жүргенге усайды.

Әллеким оған, «бир қарлығаш бәҳәр әкелмейди» деген еди, сол есине түссе, өзинен өзи күйинип тисленеди, бирақ белгили баслы бир иске бас жип тағалмайды.

Китаплар оқып өзин толқытқан ойларға жуўап излейди, ҳешжерде ҳештеңе табалмайды. Бир күни ол ески газеталардың биринен, Владимир Ильич Ленин Шығыстың мусылман ҳаял-қызларының ўәкиллерин қабыл еткенде Надежда Крупскаяға «Ең төменги қатлам көтерилди, енди бизиң елимизде социализм тәмийин етиледи» дегенин оқып қалды-да, қайтадан терең ойға шүмди: «Бул қалайынша, қайткенде иске асады? Мен не қылыўым керек?» ҳәр күни усы сораўлар үстинде бас қатырып бирден жуўап тапты, «ҳаялларды жумысқа тартыў керек. Бизде барлық ҳаяллар жас балалы. Оларды не қылады?. Әўеле балалар ушын бала бақша ашыў керек. Қолы босаған ҳаяллар, әлбетте, жумыс ислеўге келиседи. Сонда қандай жумыс бар оларға?»

Ол және көп күн бас қатырып, ҳәрқыйлы жумыслардың



www.ziyouz.com kutubxonasi

түрлерин көз алдына келтирди, ҳәзирше бәри нақолай, ҳаяллларды қызықтырмайды. Барлық ҳаял ушын ең қолайлы, ҳәр бир ҳаял ушын, бала шағасы ушын әрман ететуғын бир жумыс бар, бул машыншы болыў. Әлжан суўшының ҳаялындай машыншы болыў. Өз балама өзим кийим тиксем, өз кийимимди өзим пишсем, өз ериме өзим кийим тигип кийиндирсем деп қызықпайтуғын ҳаял қалмас.

Усы ойы басына келиўи мәттал Баймуратовтың кабинетине кирди. Секретарь оны асықпай тыңлап, ҳәрқашанғысынша салдамлылық пенен жуўап қайтарды.

— Жумагүл, жәрдем көрсетиў аңсат, бирақ ҳәр исти қалай баслаў онша қызық емес, қалай питкериў қызық. Әўеле усы жағына ой жуўырт.

Ол және ойланды... Ҳаяллардың басын бириктириў ушын соңғы тапқан ойларынан артық бирнәрсе есине келмеди.

Интернатқа барып Муханов пенен келисип қаладағы ҳаяллардың дизимин алыў ушын балаларға тапсырма берди де, Окроно Мәжитов пенен келешектеги балалар бақшасының орнын таңлады. Бурынғы Нурназар бақҳалдың жайы қолай деп табылды.

Буннан соң бақшаға қойылатуғын ҳәрқыйлы үскенелер ушын, ойыншықлар ушын Төрткүлге адам жиберилди.

Оған шекем машиншылыққа бирнеше ҳаялларды қызықтырып, ҳәтте ис көрсетиў керек. Оны да биреў үйретиўи зәрүр. Әлжан суўшының ҳаялы Улжанға барған менен ол яқшы дей қойса не жақсы, оның үстине машиншылық оның күн көрис кәсиби басқалардың машиншы болыўын жақтырмаўы да итимал, егер келисе қойған жағдайда, өз машинасын басқалардың үйренбеген қолларына услатпаўы да мүмкин.

Сол ушын ол бир базар күни өз пулына бир «зингер» машинасын сатып алып болып Улжанға келди. Ол ырастанда Жумагүлдиң шамалаған жеринен шықты:

—Сиңлим-аў,—деди ол бирден қызып.—Ашығын айтқанның заўалы жоқ. Қайсы киси өзине гөр қазады. Кәсибимди өзимнен басқаларға үйретсем, машыншы көбейсе мениң тигип сатқанларымды ким алады? Жооқ, бул қосығың дым ғана келиспейди, сиңлим.

Жумагүлдиң ишек-силеси қатып күлди.

—Жеңге, түсиниши мени, гилең ҳаялларды бириктирип артель дүзбекшимиз, гилең ҳаяллар бирге ислеймиз, сонда сен ҳәзиргиңнен көп табасаң. Тигиў машинасын-әм бийпул беремиз, шыт-шебирди-әм бийпул беремиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ал, балларға ким қарайды?

— Оғанда илаж бар.

— Балларды жыйнап аласызба?

— Нурназар баққалдың жайын билесизгой. соны тазалатып хәклетип қойдық. бир бөлмесин баспукил саған беремиз, ҳаяллларға машина тигиўди үйретсек, және бир бөлмесинде баллар бағылады .Ким саған шәкиртликке келсе, тек олардың баллары бағылады.

Улжан үлкен көзлерин сүзип бирақ ойлы пишинге кирди. Бул Жумагүлди дәмелендирип түргелиўге қолайласты:

—Женге асықпай ойлан, еки-үш күннен хабар аламан я өзин жолығарсаң. Бир «Зингер» алып қойыппан, мынаўыңнан анақурлым жақсы.

— Балларды ким бағады?

— Қызларгүл бағады.

Жумагүл еле Қызларгүл менен келиспеген еди, аўзына қалай түскенине өзинде ҳайран, ал Улжанның мақуллаў белгисинде таңланғанын көрип, ырастанда, Қызларгүлди үгитлеў керек деди ишинен.

— Қызларгүл келистиме?

—Келиспесе өзим бағаман.

— Басқа ислериң менен бола бер, мен үйдеги менен-әм мәсләҳәтлесип көрейин.

Ис бирнәўйе жақсы бағдар алғанына қуўанып Жумагүл үйден шықты-да, және ойланды: ҳаялларға әўеле балабақшаны көрсетиў керек .Қалай келтириў мүмкин? Ҳа, және бир қызық ойлап табыў керек. Бәлким, қайтадан бир пьеса таярлаў керек болар. Соған өншең ҳаялларды шақыртамыз. Изинен ҳаялларға үскенеленген балабақшаны көрсетемиз. Ойыншықларға көзи түскен балалары ҳаслан кеткиси келмейди. Бала неге қызықса, тилегин орынламайтуғын ана барма?... Ал, сонда қандай пьеса? Бурынғыны тәкирарламаў керек. Пай усындайда жазыўшылар болса еди?..» Ол усы ойы менен Мухановқа келип еди; ол кеңсесиниң алдында тур екен.

— Ҳешқандай ойланатуғыны жоқ,—деди ол Жумагүлди қысқа тыңлап болды да. —Халықтың өз өмиринен аламыз. Мәселен, Әлжан суўшының қызын оқыўға қалай жибергени... Ол болмасада толып атыр. Қалаға келгели өзиң нешеўин көрдиң, солардың бирин герой етип аламыз. Ҳаял роли керек болса базбаяғы өзиң бар.

Жумагүлдиң кеўлиндегиси табылып өзин басты.

— Ал енди, Жумагүл, сениң жолыңа қарап шығып едим,



www.ziyouz.com kutubxonasi

иште мәжилис басланайын деп атыр, комсомолға жаңадан ағзалар қабыл етпекшимиз.

Жумагүл интернаттын комсомол шөлкеминде бюро ағзасы еди, кеше ескертилгенине қарамай, басқаларды күттирип қойғанына қысынып ишкерилесе, президиум столында Қоразбековтын да отырғанын көрди. Құдайсызлар уйымының баслығы неге шақыртылғаны оны таңландырмады.

Биринши болып, узын бойлы, сүўен жағында тулымлары салбыраған, мурынлы, көзлери шүңгиллеў бир жигит кирди. Үстинде қолдан сырылған сарғыш гүпи, ақ бөз көйлегинин ноғайы жағасы илинген, қара қурашы қолтығында.

Комсомол шөлкеминин секретары ушып түргелип кирген жигиттин өмир баянын, арзасын оқып болғаны сол еди, Қоразбеков шырп етип сораў берди:

— Ҳәй бала, тулымшағын не?

Жигит қызарды.

—Қашан алдырасаң?—деди бир бюро ағзасы.

— Жалғыз анам бар. Сол бир жан сойып алдырамыз деп еди, ҳәзирше сойыслық табылмай атыр.

Жигиттиң ырасын айтқанына отырғанлардың биразы күлимсиреп қойды. Қоразбеков күлмеди, қызды.

— Не өзи? Ийшанның я, молланын тухымымысан?.

—Жоқ, аға,—деп, бала кесип жуўап берген менен, гәпин даўам ете алмай тығылып, бетине қан тепти.

Жумагүл сораў берди:

— Комсомолға не мақсет пенен кирип атырсаң?

—Ленин исине садық болыў ушын, жамай душпанларын қуртыў ушын. Оқыў ушын. Елди қорғаў ушын...

— Биреў зорлады ма?—деп, қосып қойды интернат комсомол шөлкеминиң секретары.

—Жоқ, өз тилегим менен кирип атырман.

—Кимде сораў бар?

Сораў бериўге асығып отырған Қоразбековқа жған енди.

— Құдай бар ма, жоқ па?

Жигит иркилип турып, мурнын жеңи менен сыпырып қойып әсте, ғана жуўап берди:

— Жоқ, дегенди еситип жүриппен,

— Еситип жүрсен бе, я жоқ па, ашып айт?

— Жоқ.

— Шығысы тексерилген бе?—деди отырғанлардың биреўи.

—Аўа тексерилген. Интернатқа келгенине бир жыл болды, —деп жигит ушын секретарьдың өзи жуўап берди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қәне жигит,—деп жыйналысты Қоразбеков бийлеп кетти.
—Сен қудай жоқ дедиң, оны не менен дәлийиллейсен?
— Ант иш десеңиз ант ишемен.
— Арақ ишесең бе?
—Ишип көрген нәрсем емес.

—Әне, сен нағыз диншил жигит екенсең. Усы ўақытқа шекем арақтан қашып жүриў—бул диншилликтиң белгиси. Қәне, мынадан уртла.—Қоразбеков қалтасынан бир шийше арақ шығарып столдың үстине суў ишиў ушын қойылған кесеге бир жутымдай қуйды.—Қудайсыз болыў ушын шошқаның гөшин ҳәм жеў керек. Мә,ишип жибер.—Қоразбековтың ҳеш ким менен жумысы жоқ, ҳәттеки жән-жағына қарамастан кесени жигитке услатты. Жигит кесени қолына алып, ийискеп көрип, мурнын жыйырса да, қысынғанынан не екенине қарамай ғылқ еткизди. Соңынан бираз ўақытқа шекем шақалып, көзлериниң жасын сыпырды:

— Буныңыз зәҳәр емес пе?

Отырғанлар күлди...

— Әне, ҳақыйқый қудайсыз комсомолец. Мениң сораўым питти.—Қоразбеков ырза болып, шийшесиниң тығынын тығып қалтасына салып қойды.

Көпшиликтиң пикири бир жерден шығып, жигит қабыл етилди. Келеси гезектеги жигит кирместен бурын Жумагүл:

— Аз ғана иркиле турың,—деди тикейип,—Мениңше, қудайсызлығын билиў ушын арақ ишкизип көриў пүткиллей надурыс жолдас Қоразбеков. Сиз арақты бизиң жағдайымызда жаңа нәрсе деп қараман ақыры. Ақыбети неге әкелетуғынын түсинесиз бе? Буйтсек көп жасларды қатардан шығарамыз, адамларды қаширамыз. Ҳәзирги көргенимиз ақыры болсын, жолдас Қоразбеков.

— Тоқтатыў мүмкин емес!—деп Қоразбеков өрре турды.— Арақ ишиў ҳәзир жаңа дәстүрге айланып баратырған нәрсе. Көкнарды қуртыў керек. Гүллий зыян. Араққа келсек, бизиң командирлеримиз ишетуғын еди. Бир комиссардың ишкенин де көрдим. Сонда бизлер неге ишпеймиз? Бизде бурын болған ба? Болмаған. Себеби не, ислам дини жол бермеген. Ал сениң менен биз динге қарсы адамлармыз. Динди ен жайдырмаў керек. Сол ушын арақтың ишилиўи зәрүрли нәрсе. Кимде-ким комсомолға кирсе, бир-бир уртламнан ишип, қудайсыз екенине исендирсин ақыры. Мен комсомол жөнинде айтпай-ақ қояйын. РКП (б) ның 1921-жыл сентябрь Пленумының қарарларын оқыған болсаңыз итимал. Онда көрсетилиўинше: партияға, ҳәттеки кандидатлыққа қабыл етиўде қандай киси болыўына қарамас-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тан, диншиллердиң айтқанларының бирин орынлап жүргенлер алынбаўы тийис. Моллалардан сорасаң, арақ ишпе, намаз оқы, дейди. Арақ ишпеген адам, намаз оқыған адам диншиллердиң айтқанын қылғаны емес пе? Әлбетте, диншиллерге бойсынғаны.

— Сиз сол өзиңиз мысалға алған қарарды бурмалап түсиндирмеңиз,—деди Жумагүл зилли.—Онда арақ жөнинде айтылмаған, ал диншиллер жөнинде болса, басқа пунктлеринен көриң, ақыры...

Шыдамай секретарь тикейди.

— Жолдаслар, арақ жөниндеги тартыстың кереги жоқ. Арақ ишиўге менде қарсыман.

— Араққа Мухаммед пайғамбар тыйым салған. Соның жолы менен кетпесек жақсы,—деп Қоразбеков басылды.

Гезектеги жигит шақырылды...

...Қоразбеков мәжилистеги ҳәрекетиниң озбырлығына соң түсинип Жумагүлден аўлағында кеширим сорайжақ болып оған жанапайласа шықты. Жумагүл оның мақсетине түсинбей арақ жөниндеги пикирин өткериў ушын және езбелей берер деген ой менен өзин аўлағырақ тутыўға мейилленип бир қырынлай бергени әллеқандай дәстурхан көтерип киятырған Қызларгүлди көзи шалып Қоразбековке дегишти.

—Жеңгейдиң дастурханын көтериспейсизбе?

— Бул қәртайғанша мени аңлып бир жағымнан жанапайлайды да жүреди.

Аңсыз баратырған Қызларгүл ериниң даўысын танып мойын бурды, Жумагүлди көрип иркилди:

—Жумагүл менде сенлик болып қалдым. Бүгин бир тойда еки ҳаялды үгитледим, екеўиде қызын оқыўға жибериўге келисти.

— Рахмет, жеңге. Сәл гидирсең қолыңыздан алайын.

Ақ кеўил Қызларгүл дәлбиреп қайрылып келди. Жумагүл оны бир қолтығына, Қоразбековты екинши қолтығына алып, Мухановқа «изимизден ер» деген белги берди де, ерли зайыптың ортасында олардың қызындай еркеленип, келешектеги балабақша менен артельдиң жайына қарай жүрди, ҳәм жол бойынша өз ата-анасына ойласып атырғанға мегзетип, бала бақша ҳәм тигиў артели жөниндеги ойларын баян қылды.

— Жүдә—ҳәм жақсы ой,—деди Қоразбеков.—Мен ҳәм мынаў жеңгең қандай жәрдем болса аямаймыз.

Жумагүлдиң көзлери күлимлеп Қызларгүлге еркелене қарады:

—Ағайға қосыласызғой-ә, жеңге?

— Қосылмасқа болмайды. Буның өзи күтә кәраматлы адам.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Түнлерде сөйленип шығады. Себеби аты әпсана Маман бий[1] барған жақларға барған, солайғой-ә?

— Әлбетте, солай.

Ерли зайыптың татыўлығы, ашықлығы Жумагүлге күтә оңай түсти.

—Қызларгүл жеңге сол болажақ бақшаға сиз басшы болып биринши балаларды өзиңиз қабыл етсеңиз екен деген тилегим бар. Бул-әм әпсаналық ис болады.

— Мен-ә?-деп Қызларгүл көкирегиндеги муштай түймесин қамтылады.—Балалары жыласа, ата-аналары мени түтип жемейме?

— Болабер, ҳаял, бола бер,—деди Қоразбеков.—Қайтама жақсы, балаларды жасынан баслап қудайға исенбейтуғын етип тәрбиялайсаң.

Қызларгүлдиң еринлери жыбырласып, әллеқандай қарсылық билдириўге сөз изледи, бирақ Жумагүл алдын алды.

—Ҳаял ерименен тең ҳуқық алған заман орнаған менен ердиң атын ҳаялы шығарады деген нақыл өзгерген жоқ, жеңге.

—Уттың, сиңлим.

Олар жайды биргелесип көзден өткерип және жақсы болыўы ушын қандай ремонт жумыслары кереклигин мәсләҳәтлесип тарқасты.

Жумагүл Муханов пенен келешек пъесаның мазмунын сөйлесип қалды.

* * *

...Нурназар баққалдың терис әйўаны әдеўир кең еди, пьеса қойылыўға белгиленген мүддетте елиў-алпыс жас бала менен жигирмалаған ҳаял келтирилди. Бунық өзинде үлкен жеңис еди. Жумагүл олар менен бирим-бирим сәлемлесип, ҳал-жағдай сорасып, кимисиниң баласын еркелетип көрисип ҳәзир ойын басланатуғынын ескертти де сахна артына кетти.

Дәрриў -ақ сахна ашылды.

Келгели улы-шуў қым-қуўыт болып атырған балалар, өз-ара әңгиме жарыстырған ҳаяллар бирден жым-жырт болды. Басында қазандай үлкен қара шөгирмеси, белин кендир жип пенен буўған қырық бес жаслардағы дийқан жанбаслап шай ишип атыр. Гөнелеў айдынлыны, басына ҳайўанқаслап орап азмаз наўқас-

---

[1] Маман бий—Тарийхый дереклерде 1743-жылы қарақалпақлардың Россияға қосылыў жөниндеги хатын Петербургқа апарған Маман батыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

лығы себепли жөтелип отырған ҳаялы оның аяқларын уўқалап атыр еди, бесиктеги баласы жылаған соң оған екинши қолын созып бесик тербетти. Даладан он-онбир жаслардағы қызы жуўырып келди.

— Апа, мен де балалар менен оқыўға барайыншы.

Үйийесиниң Муханов, ҳаялдың Жумагүл, қыздың Әлжан суўшының қызы екенин ҳешким таныған жоқ, ҳәмме жым-жырт олардың ҳәрекетин бақлаўда.

Үй ийесиниң көзлери қәҳәрленип қызына бир нәзер таслап еди, ол шөжедей болып үнсиз ғана анасының қасына отырды.

— Ағасы рухсат бере қойса...

Үй ийеси қолындағы кесесин услаўы менен оған сүўрет болып қатып тислерин қайрап гижинди:

— Мениң қулағым не еситти? !

—Ағасы...

— Қыз оқып не арттырады, бәри бир изинде сендей шүйкебас ҳаял болады-дә.

—Өйбей, сорлы, ондай гәпти айтпаға уялмадыңба?

— Ҳәй мынаў мени сорлы дедиғой-әй! -деп ери кәпелимде қуйындай көтерилип, кесени чайникке урып жиберди де, ҳаялын тепкиниң астына алып қалды, ҳәтте кишкене қызында бир қолы менен қағып жиберди.

Ҳаял тепкиге шыдамай қып-қызыл қан қусты.

Тамашагөйлер арасынан бир келиншек шыдамай ушып-ақ түргелди.

— Ҳәй, халайық, мынабир реҳимсиз ҳаялын өлтирди ғой, арашаланда!

Балаларда ҳаўлығысып, ҳаяллар өрре-өрре турып сахнаны гүў басты...

Жумагүлдиң ойлағаны болып басындағы орамалын алып таслап бетиниң бояўын сыпырып ҳаяллардың алдында турып қалды.

— Рахмет сизлерге, рахмет кеўлиңизге. Мине, ҳәзир көпшилик үйлерде әне усындай...

Ҳаяллар аң-таң.

—Женгейлер, апайлар, енди мен сизлерге шыныңды айтайын. Ойынның сылтаўы болмаса келмес деп усылай иследим. Енди сизлерге бир жай көрсетейин.

— Ол ҳаялларды баслап екинши бөлмеге кирди.

Төрткүлден әкелген ҳәрқыйлы ойыншықларды сулыўлап рети менен жайластырып, жайдың ортасында Фатима тур еди. Ол ҳаяллардың алдына шықты:

—Келиңлер, келиңлер!—Дийўалға Владимир Ильич Ленин-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ниң, Надежда Константиновна Крупскаяның сүўретлери де илдирилген еди, Жумагүл алға өтип Ленин ҳаққында, Крупская ҳаққында түсиник берди.

Ҳаяллардың аўзы ашылып тыңласада, балаларының көзлери ойыншықта еди, ҳәрқайсысы бир ойыншыққа қол узатып аналарының шалғайларынан тартып қыңырлық қылып атыр.

— ... Енди, балаларынызға дыққат аўдарыңлар,—деди Жумагүл гәпти көп соза бермей.—Егер қәлесениз, балаларыңыз күни менен усы ойыншықлардың арасында болады.

— Өзлеримиз?—деди жас келиншек.

— Малдай туўып жүребересең, рәҳәтин басқалар көре береди дә,—деди қойўаны бир ҳаял.

Соңғы гәпке не жуўап болатуғыны ҳәммени қызықтырып ләм-мийимсиз қалды.

Жумагүлди ашыў қысып жүзи бурыштай қызарсада өзин басты, ҳәтте жүзинде сәл өтириклеў көринседе күлки ойнатты.

— Ҳаслан ондай емес, жеңгейлер. Балаларыңызды күни менен бағып беремиз, өзлериңиз үй жумысларыңыз бепен боласыз. Бул әлбетте, жалықтырады. Сол ушын бир жерде ислейсиз. Қәлейтуғынлар ушын кийим тигиў артелин дүземиз. Кәне, изиме ериңлер, мынаў жайда бир «зиңгер» турыпты, ҳәзирше үйрениңлер. Оннан соң ҳүкимет ҳәрбириңизге бир машина әпереди. Сизлер басқаларды үйретесиз. Оннан соң ҳүкимет жәнe оларғада машина әпереди...

Бул кимниң қулағына жақты, кимге жақпады, ҳәзир жете билиў қыйын болды бирақ ҳәрким ҳәрқыйлы болжаў айтып өзара гүңкилдести. Деген менен бәриде балаларының ырқына жығылып, ойыншық қойылған бөлмеге қайтып келди. Биразлар балаларына урып-кейип қайтты, биразлары балалары менен отырып қалды, батыллаў еки ҳаял үйлеринде асығыс жумысы барлығын сылтаўлап, ҳәзир қарап турағой... деп балаларын Жумагүлге таслап үйлерине қайтты.

Жумагүл кешке дейин бала бақты.

Бул әдет жақсы үлги болып, сол ҳаяллар кеше ойыншыққа үйренген балаларының қыңырлығына шыдамай ертеңине балаларын және әкелди. Жумагүл кеңседеги жумысты қойып ертеңине күни менен бала бақты. Өзиде епшил еди, әкелинген ҳәрбир бөпени өз анасынан бетерирек кәстерлеп қушақлап алып қалады, ойнатады, биреўинде жылатпай ҳәр қолына биреўин көтерип әўкишлейди... соңғы күни олардың қоңсылары балаларын әкелди. . .

Бирақ олар балаларынан қашық кете алмай екинши бөлмеде машина үйрениў менен әўере болды...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жумагүлге жәрдемге Қызларгүл келди. Соң Улжанда келди. Усылайынша мақсетли ислер басланды... Ҳаяллар ушын жаңаша ислер басланды...

## 19

Уақыт өте берди. Ҳәр бир өткен күн жаңа басламаның пайдасына шешилип бара берди. Оқыў жылының ақыры жақынлап қалғанына қарамастан мектепке тазадан қызлар келе баслады.

Булардың ҳәммеси жаңалықтың душпанларына усы ўақытқа шекемги ҳүким сүрген өмирди күлге айландыратуғын өрт сыяқлы сезилер еди.

«Бахытлы» аўылында суў жыққынын шөлкемлестирип плугларды суўға таслағанында жақсы нәтийже шығаралмай ишқысталықта жүрген душпанлар Жумагүлдиң иси раўаж ала баслағанын еситтиде, енди қаладан узақта жүре алмады.

Қаланың арқасында арғы басы еки шақырым шығатуғын далаңлық бар еди. Айналасы қарабарақ. Егер күндиз болса, бул далаңлықтың берги шетиндеги бир түп қарабарақты паналап отырған киси арғы шетинде мәйек жумалағанын көреди. Ал, айсыз түнде сол бир түп қарабарақты паналаған мылтықлы бир адам-ақ бир топар атлыға көринбей қырып салса болады. Сол ушын да олар қаладағы ҳеш бир үйде жыйналмай, бүгинги ойласықтың орны етип усы далаңлықты белгиледи.

Қас қарайып, қараңғылық қойыўласыўдан ҳәмме келе баслады. Бул жерге Жуманияз ләўзе, Мәтжан мықырылар жигитлери менен жыйналды. Дүйсенбай жекке келди.

Бирақ ҳәммеси атларын басқа жерде қалдырып пиядалап келип атыр.

Олар шоқланысып атырғанда, алыстан нәзер таслағанда пададан бөлинип қалған бир топар малдай көринер еди, сол ушын онша қорқыспады, керисинше ҳәрқайсысы бир тәрепке қарайды.

— Қәне Жуманиязжан, Мәтжан,—деди Дүйсенбай гәп баслап.—Өзлериңизге белгили, Атанияз ақ қураштың хабары менен жыйналып отырмыз. Ең қәўипли нәрсе Жумагүл Зәрип қызының баслаған ислери ҳәўиж алып баратыр. Бас ўазыйпамыз ендиги жағында ҳаял-қызларды кеңес ҳүкиметиниң ҳеш бир жумысына араластырмаўдан ибарат. Мениңше, бул бәримиздиң қолымыздан келеди. Сонда биз, усы ўақытқа шекем шеше алмай жүрген миллет мәселесин шешемиз. Мен елеге шекем қарақалпаққа автономлық бергениниң ақыбети не болатуғынын түсинбей жүрмен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жуманияз ләўзеге Дүйсенбайдың еки-ушлы, сүйеп-салдылаў гәплери жақпай бирден қызды;

—Сен адамман деп сөйлеме. Тәңирберген машыншының сонша дәскели ҳаялын Турымбетке әпере алмай, я өзин алалмай жүрип сөйлейсен. Қәне сениң ақылың? Мурындық ене болса баяғыда болыпты. Еле де Турымбетке алғыз сол ҳаялды. Айттым, баяғыда, ғарры ҳаял жас жигитке қармақтай қабады. Қәне, ақ қураш, өзиң сөйле. Сен усы нәрселердиң ҳәммесин билип жүрип, биз ушын көрсеткен хызметиңди ортаға сал. Автоном болған менен ҳүкимет тез қулайды деп едиң, қәне қулағаны? Қайтама барлық миллеттиң адамлары ийинлесип, ел басқарып, күшейип баратыр. Өзиң қалада турып, бирге ислесип, бүгинги елдиң ары намысын сатып жүрген ҳаялды тири қойыў себебиңди айт!

Дүйсенбайдың аўзына қум қуйылғандай тығылып, басын қасыўы менен отырып қалды. Қурбанияз гәп баслады:

—Жигитлер, мен сизлерди ойласыўға шақырттым. Усылай ислеўди ийшанымыз, Шанияз суўпыдан айтып жиберген екен. Ақыры билесизлер ғой, мениң де қалада белгили орным бар. Мениң ўазыйпам душпанымызды өлимге таярлаў, ал сизлердей мәртлердиң иси көрсеткен жерге ғана шөкелеп урыў...

— Қәйерине шөкелеўимиз керек?—деди Мәтжан мықыры асығып.

— Тоқта, айтып болсын, пәмсиз, гешше!—деп Жуманияз ләўзе жекиринди. Мәтжан мықыры ернин жалап-жалап шөгип қалды.

—Қәне айта бер, ақ қураш,—деп буйырды, Жуманияз ләўзе

— Жигитлер, мен не айгаман, миллет мәселеси ҳәммемиз шешетуғын мәселе. Оны өзлериңиз билесиз, Автономиялығы ҳеш жаққа бармайды. Исениңлер. Ең жаманы не болып тур? Ҳаяллар мәселеси болып тур. Ҳәзир қалада балалар ушын бала бақша дүзилип атыр. Баласын бақшаға берип, қолы босаған ҳаяллар артель деген уйымға биригиўге нийетленип атыр. Әлжан суўшының ҳаялы көп ҳаялға машина тигиўди үйретип атыр. Енди окружкомның мәжилисинде караў ушын жаңадан дүзилетуғын тигиў артелиниң жобасы тайын тур. Келеси мәжилисте қаралады. Оннан соң ҳаяллар ҳәр айда пул алып ислейтуғын болады. Қырман сүзиспени соннан соң көресиз.

— Миллетке қыянет еткенлер жүре береме? Басқа миллетлер қарақалпақтан неге көшпейди? Соны айт. Өзиң не қылып атырсаң? Соны айт. Елин сатқан бир сәўиек қатын тири жүре бере ме?,—Соны айт!—деди Мәтжан мықыры.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жигитлер, азғана сабыр етиң,—деди Дүйсенбай қайтадан тилге келип.—Атанияз айтарын айтты. Бунын қаладағы сырны белгили. Егер басқарыўдың лийкини қолға тийсе, қаланы уршықтай айналдыратуғын жигит. Өзлериңиз билесиз, келешектеги усы қаланың ҳәкими өзи, буған ийшанымыз алдын-ала тил хат берип қойыпты. Бүгинги тийкарғы ойласатуғын нәрсе, Аниязды тергеў емес, не ислеўимиз кереклигин ойласыў. Қарақалпақтын автоном болып кеткенине Атанияздың бир өзи айыплы емес. Жумагүл Зәрип қызы баслаған иске темирдей бөгет бассақ бәри жайына түседи, деп ойлайман. Усыған ақыл табың. Ақыры, Атанияз бенен бизиң белгили ўазыйпаларымыз бар. Соннан шықса болмайды. Ийшанымыз солай деп қойыпты. Бирақ Атанияздың бир кемшилиги, қаладағы басшыларды «Қарақалпақ» автоном» деген сөзлердиң әтирапында шайнастырыўы керек еди. Оларды шайнастырыў ушын сүйек таслай билиў керек. Сонда ҳәммемизге жол ашылады. Буны Атаниязжанның өзи де түсинеди-аў. Баяғы да бул ақылды өзиң тауып усылай деген жоқпедиң, Атанияз?

— Мениңше, сол бақшаға жыйналған балларды қырыў керек,—деди Мәтжан мықыры.

—Дурыс ақыл,—деди Дүйсенбай.—Ал енди, қандай жол менен қырыў керек, ол кимге тапсырылсын. Усыны ойласыўымыз лазым,

— Бул аңсат ис, балабақшасына балалар жыйналған гезде қапысын сырттан қулыплап ғана от бериў керек,—деди мықыры.

— Жигитлер, бир өтинишим бар, —деп Қурбаниязов қайтадан сөйледи.—Мен сол жайдың өртелгенин жақсы көрмеймен.

— Не ушын? —Мәтжан шиңк етип тикейди.

— Билмейсизлер ме, еле? —деди Дүйсенбай.—Ол жай Нурназар бақкалдың жайы. Ҳүкимет зорлық етип алып қойды. Баққал бийшара атылып кетти. Ол кисиниң жалғыз мийрас қоры, жийени усы бизиң Атанияз ақ қураш ғой. Ертеңги күни, заман өзгергенде, оған жай керек емес пе?

Бундай сыртынан әлпешлеп жүрген жай, дүнья, мал ҳәммесинде бар еди. Соның ушын ҳәр қайсысы қысқа ўақыт ғана жекке қиялларға шүмди. Бул ақыл ҳәммесине унағандай қайтып жай ҳаққында гәп қозғалмады.

— Мениңше —деди Дүйсенбай тынышлықты бузып,—Жайға от бериўдиң де, мылтықлы топылыўдың да кереги жоқ. Мен, оларға бир жерден аўқат-бөкпен писирилип бериледи деп еситтим. Сол аўқатқа уў салып жибере қойыў керек.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Мынаў киси ақылдың қалтасы ғой-әй,—деп жиберди биреў шыдамай.

—Дурыс ақыл,—деди Аташияз ақ қураш.

—Жумагүл Зәрип қызының өзи аўқат писирип берген күнн усылай ислетсе, жүзикке қас қондырғандай болады,—деп Жуманияз ләўзе жүдә қанаатланып гәпке араласты,—үйтилсин, нәлетийлердиң балалары!

—Буған келистик, буны ислейтуғын адамды Аташияз ақ қураш қаладан табады,—деди Дүйсенбай. —Ендиги мәселе, Әлжан суўшының ҳаялын ортадан аласлаў керек, ол ушын не қыламыз?

— Оның өзин де қызын да атып емес асып өлтириў керек. Туппа-туўры базар жайға асыў керек,—деди ләўзе.—Бул жумысты мениң жигитлерим мойнына алады.

— Жумагүл Зәрип қызы тири қала бере ме?—деди Мәтжан мықыры.

— Мәтжан ағаники орынлы,— деди оның топарынан қырылдақ даўыслы биреўи.

— Бәсе, оны не қыламыз?

— Мылтығы бар ма?—деди ләўзе.

— Бар,—Аташияз ақ қураш жуўап берди.

—Сонысы қыйын,—деп ләўзе кейин бәсти.

Оны өлтиргеннен пайда жоқ,—деди Дүйсенбай.—Белсенди қатынды өлтирсең, журт өшегисип кетиўи итимал. Оның ислейжақ исин пасыққа шығарып, өзиниң абыройын төгип көрейик. Ол ушын келисилди ғой, балаларға уў берилсе, қосығы тамам. Ол да болмаса, көре берермиз. Қашанғы қаланы паналап жүрер дейсең. «Қара терең» сыяқлы узақ аўылларға бир шығар, жолларын аңлып жатарсыз. Мениңше, «Жумагүл жалаң пут, уятсыз, бүгин пәленше менен бәзим қурды...» деп, қағазға жазып, ҳәр бәндиргиге илдирип шығыў керек.

— Дуп-дурыс ақыл. Ийшанымыздың тапсырмаларын айтайын. «Бул саллақының гәпине ерген жан диннен шығады, өзи өлимге гириптар, үримпутағы дуўаймент болады...» деген сөзлер жазылған қағаз дуўа қылып тарқатылсын. Ийшанымыз «МТС орыс қәўипли, өлтирилсин!» депте ҳәмир етти.

— Бул ислер Дүйсенбайға тапсырылсын,—деди Жуманияз ләўзе.—Себеби оның Мәмбет молласы бар. Турымбети бар. Ал, енди Дүйсенбай, сениң Хожаниязың ҳәрекетте ме, жоқ па?

— Ол ҳүкиметтиң адамы. Ҳәмели бар. Оның менен Аташияз ақ қураш сөйлессин,—деди Дүйсенбай.—Мәмбет моллаға жаңағы айтқаныңызды ислетемен. Айт десеңиз, басымда және бир пикир пайда болды, айтайын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Айт!—деди Атанияз ақ қураш.

— Тоқтап турың,—деди Мәтжан мықыры. —Мениң билгим келип турған бир нәрсе бар. Аўылындағы МТС ты солайынша қоя беремиз бе, я жоқ етемиз бе?

МТС ҳәзирше тоқтап турсын. Изи не болар екен, көрейик, деди Дүйсенбай

— Не ушын?— деди Жуманияз ләўзе.

Булар екеўиниң пикири бир түйинге келгенге Дүйсенбай бир жағынан қуўанды, бир жағынан ҳаўлықты:

— Мениңше бир жумыстан оң биреўине өтиў керек.

—Қәте—деди ләўзе тикейип,—дийўалын тасталқан етиўимиз тийис.

— Отырса, Жуманияз. Егер өзимизге лийкин тийсе МТС тың зәрүрлиги туўып қалады. Дүйсенбай, жаңағы айтайын дегениңди айт,—деди Атанияз ақ қураш.

— Ийшанымыздың суўпысы Шанияз кеше де келип кетти,—деп, баслады Дүйсенбай—Жуманиязжан менен Мәтжан бириксин, депти. Биреўи оданбасы болып сайланыўы тийис. Баяғыда ескертип едим, ойланып келдиңиз бе, жигитлер? Мен усы Мәтжанды ҳәм шаққан, ҳәм ақыллы жигит-аў деп ойлайман.

Отырғанлар сөйлемеди, ҳәтте жөтелисип ҳеш ким тамағын да қырынбады. Бәриниң де оданбасылықтан дәмели екенине Дүйсенбай түсинди, бирақ Мәтжан мықыры болсын, деп айтыўға батына алмады. Ҳеш ким үндемей қалғанға Мәтжан мықыры шыдамады:

— Мен өз жигитлериме оданбасыман,—деди Дүйсенбайдың мақтаў сөзлерине қуўаныш пенен.

— Отырсаңа!— Жуманияз ләўзе жекиринип жиберди,—Сениң бойың қанша келте болса, пәмиң бойыңнан он есе келте.

— Сеники ше?—Мәтжан мықыры қызды.—Сеникише? Ол изин айта алмай тығыла берди. —Сеники ше?

—Айтса, Мәтжан аға,—деп, оның жигитлеринен бири күш берип жиберип еди, Мәтжан мықыры бирден ҳәўлирди.—Сениң бойың узын, өзиң семиз болған менен, көмпексең. Бетиң мақаўдың бетиндей болып ақылың жоқ. Сен де тең, ишине сабан тығылған қанар да тең. Оданбасылық дәркар емес!..

—Мынаў ҳәсте не дейди?—деп, Жуманияз ләўзе мушын көтере Мәтжан мықырыға умтылып еди, Атажан ақ қураш шаққанлық етип ортаға түсти ҳәм ләўзени қушақлады.—Қойсаңызда жигитлер. Еле бәримизге басшылық жетиседи. Бирақ ҳәзирше еки адамның емес бир адамның айтқанына жүргениңиз мақул. Қәне, Дүйсенбай, Сен айтып жибере ғой.

Дүйсенбайдың қыялы Мәтжан мықыры еди, енди ләўзеден



www.ziyouz.com kutubxonasi

қорқып не қыларын билмей турғанда отырғанлардың ишинен қарлықпа дауыслысы гәпке қосылды.

— Дүйсенбайдың төрелиги керек емес. Жуманияз бенен Мәтжан екеўи де Қасым ийшанда оқыған жигитлер. Булар ийшанымыздың тек бир шаппатын гийче етип, оны көрмей, қолынан алмай жүрипти. Билетуғын адамлардың айтыўына қарағанда, ийшанымыз буларға ҳеш қандай өкпелеместен жүрген қусайды. Керисинше, буларға бәрҳа ақыл айтып жибергенин суўпылары жеткерип келип тур. Сол ушын булардың қайсысы одағбасылыққа қолай екенин ийшанымыздың өзи айтып, төрелик бергенше шыдап турылсын.

Бул күнлери ярым ақшамнан кейин ай туўатуғын еди. Ай туўды. Енди даланлықта отырыўға қорқысып олар тарқасты. Айрылысар ўақытта дәслепки келисилген ўазыйпаларды қайтадан шегелеў ушын өз-ара және тәкирарласты.

— Бала бақшаның балаларына уў жегизиў ақ қураштың жумысы:

— Әлжан суўшының ҳаялы менен қызын өлтириў Жуманияз ләўзениң жумысы.

—Жумагүлдиң абройын төгетуғын хатлар ҳәм дуўа таярлатыў, МТС жигитти жоқ етиў Дүйсенбайдың жумысы.

Топар бөлингеннен кейин Мәтжан мықыры өзине дәрек жигитлерин ирикти.

— Жигитлерим, билдиңиз бе, бизлерге исеним болмады, ҳеш ўазыйпа берилмеди. Бунық бәри Жуманияз ләўзениң өзинде емес, жигитлериниң арасында ақыллы жигитлердиң барлығында. Сол ушын маған кеңес бериңлер.

—Сиз, Мәтжан аға,—деп бағанадан бери ойласықта сөйлей берген қарлықпа даўыс биреўи сөйледи.—Сиз Қасым ийшанның пәтиясын алыўыңыз керек. Ол ушын қалай болмасын Жумагүл Зәрип қызының өзин өлтирип, Қасым ийшанның алдына келеси ислердиң жобасы менен барыўың тийис. Келеси ислер неден ибарат? Жумагүлден кейин МТС ты бузамыз. Өлтиргимиз келгенин ойласпай өлтиремиз. Ийшанға сөйтип мардыйып бара беремиз.

— Әне бул ҳақыйқый ақыллы, ҳақыйқый кеңесгөйдиң гәпи,— Мәтжан мықыры қуўанғанынан оны толық сөйлетпеди, өзи ҳәм жетерли ойланбады. Мен өз қолым менен сол саллақы қатынды өлтирип барсам, Қасым ийшан мени Жуманияз ләўзеге сөз жоқ үстем етеди. Олай болса, сизлер атларыңызға жете бериңлер, мен қалдым. Бүгин ай жақтыртып кетти. Мен сол бузақыны өлтирмей усы қаладан ҳеш жаққа кетпеймен. Ғам жемеңлер, ҳәзирше пана табарман ...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Басқалар топарын бузбай кетти. Мәтжан мықыры бөлиниш әйдың жақтысында мылтығының оғының бары жоғын тексерип отырып қалды.

## 20.

Өмирдиң қубылыслары да қызық. Исиң бир өрлесе өрлей береди. Балабақшанында, тигиў машинасын үйрениўшилердиң де иси жақсы бағдар алып, жөнлесип баратыр. Жумагүл ара-тура кенседен бир хабар алмаса, бәрқа бақша балалары арасында, бәрқа олардың аналары менен. Күндеги азанғы талабы ерте турып балаларға бөкпен писирип, қызын қолынан жетелейди де бақшаға асығады. Жәпе бир қызығы соңғы бир ҳәптеден берли тап азанда есиги алдында турған Ембергеновты көреди. Ол жай сәлемлескени болмаса онша сөйлеп жарымайды, Жумагүл үйинен шығыўынан қызы Тазагүлди көтерип бақшаға шекем апарысып жумысына кетеди. Тазагүл бүгин оларға тутыў бермей томпаңлап алға жуўырып кетти.

— Хатыңды оқыдым,—деп Жумагүл биринши гәп баслады, —Көрдиңбе биринши мен сөйледим. Буның мәниси жаңа заманға ылайық ашық кеўилли қыз болғаным ушын емес, бети ашылған келиншек болғаным ушын. Болмаса, жигит пенен қыз арасындағы қарым-қатнаста жигит-жигит, қыз-қыз екенин түсинемен.

— Жумагүл-аў...

— Мақсетиңди хатыңда айтқансаң, бирақ бул болмас деймен. Себеби сен онекиден бир гүли ашылмаған, еле үйленбеген жигитсең Мен болсам сыңғырлаўықлыман. Ҳа, Тазагүл, алдыңдағы ылайдан айланып өт!

— Бәринеде хабарлыман, Жумагүл,—деп Орақбай бирден ашылысты.—Бәринеде қайылман. Анаў Тазагүл мени «аға» дейди, дегизе аламан.

— Орақбай, бул не, саған мени бағып жүриўди тапсырып қойыппа?

Орақбай бурыштай қызарды.

Олар бақшаға жақынлап гидирди.

— Орақбай, ҳәзирги адамлардың үйлениўи асығыс болмаўы тийис. Жән-жағына қарап алмасаң, бул өмирдиң ойлы-бәленти көп екен.

—Қанша күт десең—күтемен.

—Яқшы, Орақбай, бәрин келешек көрсете берер.

Жигит оның асығыслығы ушын ирке алмай, ботасын қыя алмаған әрўанадай артына қарай-қарай кетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бугин Жумагүлдиң кеўли көтериңки еди... сәскеге таман алыстан сөйленип киятырған Төребайдың даўысы еситилди.

—Ой, азаматсаң, Жумагүл. Сени көриўге киятырман. ТОЗ шылар жаңа ислериңди еситип көрип қайт десги.

Қызларгүл менен бирге алмагезек бала көтерип жүрген Жумагүл Төребайдың алдынан жуўырып шықты. Төребай қапыны ашарын ашса да, қара қонышлы етигиниң ылас ултаны менен ишкери кире алмай азадалыққа аўзы ашылып қалды: дийўалға ақ сүп шыттан тутылған, балалардың ҳәммеси ақ көйлек-ыштан кийген, биразлары ойнап жүрипти.

Жумагүл күлип қасына келди:

— Төребай аға, неге таңландыңыз?

—Не деген азадалық ә? Балалардың мисли аққуўлар...

— Барымыз усы.

— Барымыз усы емес ,бала буннан артық қандай азадалықта сақланыўы мүмкин? Көйлеклерин буйыртып тиктирип алдыңызба?

—Өзлеримиздиң машиналарымыз бар.

— Буның жаңалық ғой.

Бул күнлери Улжан машина тигиўди бираз ҳаялға үйретип үлгерген еди. Балаларын бақшаға әкелген ҳаяллар Жумагүлдиң кеңеси бойынша үйлеринен ақ сүп әкелип, қол үйретиў ушын өз балаларына өзлери көйлек -ыштан тиккен еди. Жумагүл Төребайды ертип, басқа бир бөлмениң қапысын ашып көрсетти. Иште төрт-бес ҳаял «Зингер» машинасына үңилип, Улжанды қоршалап тур еди. Олар өзлериниң «тақыр-туқыр, тақыр-туқыры» менен булардың қапыны ашқанын да, жапқанында ескермеди.

— Түпәләм, көз тиймесин.

— Көз сизлерге тиймесин, Төребай аға. Округ бойынша сизлер ең алдағы аўылсыз. Биринши МТС сизлерде, аўыллар бойынша жоқары мәдениятқа сизлер ерисесиз. Социализм сизлерде биринши болады. Сол ушын да жамай душпанларының дыққаты сизин аўылда. Мектепке от бериліўи де, плуглардың суўға тасланыўы да, аўылды суўға бастырыўға талапланыўы да сизлердиң бахытыңызды қызғаныўшылықтың нәтийжелери.

Усы пикирди Александр да айтқан еди, бүгин Баймуратов та усыны айтып, сақ болыўды ескертти. Мине, Жумагүл де соны тәкирарлап турыпты. «Булардың ой пикирлери бир-бирине қалай сәйкес келеди екен, ямаса жағдайға бир баҳа бергенликтен бе» деди Төребай ишинен.

— Төребай аға, сизиң өзиңизде сақ болыўыңыз керек,— де-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ди Жумагүл, оның қандай кейнпке киргенин байқамай.—Александр Александрович те сақ болсын, бирақ оған өзлериңиз көбирек көз-қулақ болып турыңлар. Елдин дәстүри шығар деп сум биреўлерге исенип қалмасын. Турымбетке толық исениў мәселесин ойлап көриў зыян етпес. Айтпақшы, бир өзиңиз келдиңиз бе?

— Жоқ, Александр менен келдик. Ол керек-жарағын сөйлесиў ушын окружкомда қалды.

Төребай аўзын жыйып болғанша болған жоқ, Александр Мәжитов пенен бирге жетип келди.

Олар бақшаның жайларын, машыншылар ханасын бир қайтара аралап болып, Жумагүлди дәслепки табыслы қәдеми менен қутлықлады.

—Дурыс, Жумагүл Зәриповна,—деди Александр.—Табыслар тилеймен. Бирақ тез арада орыныңызға тәрбияшы табарсыз.

Төребай менен Мәжитов бул еки бойдақ сөйлесип ала қойсын деди ме, өз-ара әңгимелесип шетирек шықты. Жумагүл менен Александр арасында гәп русша даўам етип атыр.

— Муғаллимиңиз унай ма?—дейди Жумагүл.

Александр Турымбет пенен бир гүрриңлескенинде шынын айттырып, окруженотдел баслығы бурынғы ҳаялы екенин билген еди.

— Унайды,—деди Александр күлип турып.

— Унаса, жүдә жақсы. Бирақ сизден оның кеўил сандығын аштырып көриўиңизди өтинемен, жарты дийўал там болмайтуғынын есиңизде сақларсыз, Александр Александрович...

Түсте Баймуратов пенен Ғафуровта бақшаға келип, Жумагүлди қутлықлады.

— Бул баслама қуўандырады,—деди Ғафуров —. Бирақ сиңлим, журтты үйретемен деп марапатланып кетпе, халықтан үйрен. Ҳәзирги басшыға тек киши пейил болыў аз. Жүрегинде «мен халықтың хызметкеримен» деген түсиник мәңги жатсын... Ҳәр бир адамның кеўил қулпы қайсындай гилт пенен ашылатуғынын билиўиң шәрт. Бир басшының қәтелиги сол кәрадағы журтшылыққа ҳүкиметтиң қәтелиги болып түсиниледи. Усыны естен шығарма...

Ол бүгинги ушырасыўларға, ислерге ҳәдден тыс қуўанышлы, кеште күтә тыныш уйықлады. Ерте турып таң самалына сәўирлеў мақсетинде тасқын Кегейлиниң суўынан бет-қол жуўыўға баратыр еди. Бир қайғылы хабар екеўин бир минуттай турған-турған жеринде қалдырды.

— Әлжан суўшының қызын өлтирипти!...

Уақыяның орнына келсе, бәри ырас: он бир жасар қызды



www.ziyouz.com kutubxonasi

қаланың дәрўазасына асып кетипти. Жумагүлдиң көзлери тынып, жығылып кете жазлады...

Қаланың ишинде уў-шуў гәп... Жән-жаққа атлылар шаўып жүр. Бирақ бул шабыспалардың барлығы да Әлжан суўшының хожалығы ушын бийпайда көринди. Ҳаялы екеўи ботадай бозлап, маңлайларына урып-урып жылап атыр. Тәўеллешилердиң ҳеш қайсысы өксиген ата-ананы тыншыта алмады. Үйдиң ҳәсирети жер титиретти. Оларды нәсиятлаўға Жумагүл баралмады. Барған менен қалайынша, не айтып жубатады. Керисинше, күйип турған ата-ана «сеннен болды» деп оны жулып таслаўы мүмкин.

Қәпелимде Окружкомның гезексиз жабық бюросы шақырылып, ОГПУ дың қырағысызлығы ҳаққындағы мәселе қойылып еди изи айланып, Жумагүлдиң тәнҳа минез-қулқы жөнинде гәп қозғалып кетти. Ол көзсиз не қыладымыс, ўақты жетип писпеген мәселелерди қозғайдымыс. Бул пикирди округлик таярлаў бөлиминиң баслығы Атанияз ақ кураш Қурбаниязов айтқан еди, биразларға унап қалып, Жумагүл додалаўға түсти...

Бюро жатарда тарқады...

Аспан алағат бултлы еди... Дөңгелек ай аспанда жылжып қара түнек булыт астына ақ қуўдай сүңгип кетип, және жалт ете қалады. Және солай.

Бюродан терлеп шыққан Жумагүл еле солығын баса алмай, түнги аспан көринислерине көз жиберип, далада турыпты. Қаланың арғы басларында ийтлердиң «Ваф-ваф» үргенлери еситиледи· Жақын көшелер тым-тырыс. Қанасына сыймай тур. Себеби ол, партия қатарынан сәл шықпай қалды. Бахтына таза окрисполком Ғафуровтың билимли дәлиллери пайда берди. Ол ҳақыйқаттан да Жумагүлдиң гейпара көзсиз ҳәрекетлерин қатты сынап, минеседе, сөзиниң ақырында:

—Жергиликли ҳаяллардан биринши женотдел еди..,—деп ўақыяның желисин толық тосаттан шыққан ақыбетке әкелмегенде, базыбир тисин қайраған ала туяқлар, оны партиядан шығарыўға шекем апаражақ еди. Себеби· биразлардың айтыўы бойынша көзсиз де ол болды, он бир жасар қызға қосық айттырып, пьесада ойнатып, анасын бийпайда жумысқа бәнт етип, гүлдей бир хожалыққа душпанлық еткен де ол болды. Бирақ ҳеш ким Ғафуровтың дәлиллерине қарсы ужыбатлы дәлил келтире алмады.

Жумагүл тек суўық демин алып «үҳ-үҳ!» дейди гейде. Көз алдына үлбиреген жас нәресте елеслейди· Улжанды аяйды. Ҳақ кеўил, кисиге жаманлығы жоқ бийшараның басына аўыр мүсийбет түсти. «Бул кимниң қолы екен-ә? Ҳәссений! Ҳақыйқат-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тан да ОГПУ таппай ма ямаса солардың арасында қастыян душпанлар бар ма екен?»., Жумагүл есигиниң алдына келип тура-тура денесин бираз суўық жайлаған соң ишкериледи...

Тамақта ишпей шыраны өширип қызын баўырына басып жатса да, кирпиклери айқаспайды. Қызы «пыр-пыр» уйқылап кетти. Ал оның еле көзлери ашық. Әсиресе, бүгинги ўақыя оған уйқы берер емес. Не ушын усылай болды? ,—дейди өзине-өзи «Ал усы Қурбаниязовтын менде не қасты бар? Әлжанның қызына қалайынша қайырқом болып жүр? Ямаса олар ағайин бе екен, яки тамыр-таныслығы жақын адамлар ма? Онда ҳеш гәп, егер бузықлығы болмаса бәрекелла, Неге еки сөзиниң бирине бармай «мәмлекетлик план», «мәмлекетлик план» дей береди? Тигиў артелинен ҳәзир пайда түспейди, деп, кеше пул бергизиўге қарсы усыныс киргизген де сол... Тек «мәмлекетлик план, мәмлекеттиң пулы» дей бергени ушын қуўатлайды ҳәмме оны. Неге ҳеш ким аўзын қақпаламайды? Душпанлардың соңғы гезде жүдә қутырып кетиўи неде?»...

«Бул сораў бүгин бюрода да ортаға түсип еди ғой. Қурбаниязовтың айтыўы бойынша қарақалпаққа автоном берилген соң қарақалпақ адамларын басшылыққа көтериў керек. Қәте, пүткиллей қәте түсиник! Сонда неге қарақалпақ басшылары арасынан Баймуратовтан басқалардың бирази неге шырп етип турып Қурбаниязовқа соққы бермейди. Ямаса «қарақалпақ, қарақалпақ»... деген сөзи қулақларына жаға ма? «Жолдас Қурбаниязовтың айтып отырғаны қарақалпақстанға жаны ашыў емес, душпанның гәпи! Жәмийет душпанының гәпи!»...—деп, кескин дәлиллемегенде не болар еди? Басқалар оннан кейин түсинди. Ҳақыйқатында да Ғафуров Баймуратовты дурыс қуўатлады. Жыллар бойы иргелес болып, қаны қарысып кеткен халықлар өз алдына еркин миллет болды деп, бир-бирине жәрдем бергизбей бөлшеклеў, душпанның иси. Руслар, өзбеклер, қазақлар., не ушын өзлери еркинликке жетип қоя қоймай, бизлерге туўысқанлық жәрдем етти. Түсиниў керек! Бул күнлиги биреўлер жорта ма, рас па автоном деген сөзге сүйенип, елимизди сырттан адам келмейтуғын атаў етпекши. Не деген наданлық! Пәмсизлик! Соқырлық!..»

Ол уйқысызлықтан түргелип, шыра жағып: көп ўақыттан бери жазылмай жүрген күнделигин жазбақшы еди, шыраның жақтысынан Тазагүлим оянып кетер деп, жата берди, бәри бир көзи илинбеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«...Мен не ушын Қурбаниязовты жек көремен? Оның маған қарсы сөйлегени ушын ба?» Кемшилигинди айтқан адамға жаманлық ойлаў большевиклик қәсийет емес! «Усы сөзди ким айтып еди? Төрткүлде еситтим бе? Иванова айтты ма? Хәзир буның не әҳмийети бар? ... Қурбаниязов мәселеси... Неге және сол есиме түсе береди? Сирә мен большевик емес шығарман. Қатты критикалады, деп, оған жаманлық ойлағым келеди... Бул надурыс. Мен Баймуратовлардан билгиш емеспен. «Мәмлекетлик план, мәмлекетлик ис» десе, Қурбаниязовтың пикирин ол да мақуллайды. Миллет мәселесин түсинбей айтқан шығар, сонда мен қай ийттиң артқы сыйрағыман? Кемшилигимди айтқан адамға қарсы келе бермеўим тийис... «Енди ол Қурбаниязов ҳаққындағы ойларын умытқысы келип, қызын сәл ысырып, бир аўдарылып түсти. Басында басқа ойлар быжнады: «Не ушын бәдайбат ҳаяллар алдында тилим мүки? ... Аўа, бул жесирликтен. Орақбайға келисим бериў керек пе? Керек шығар, керек емес! Мениң жарты дийўал ҳаққындағы пикиримди Александр қалай түсинер екен? Еси бар жигит көринеди, түсинер. Бир есиктен қайтып, қыз алмаған жигиттен дәмеленбегенимди билиўи мүмкин. Турымбетти неге жеңге түсириўге болмайды? Болады. Орақбай өзимди жақсы көргени менен, бәри бир, Тазагүлим өгей қыз атын кеширмей ме? Ол айтпаған менен басқалар айтады, сонда не ушын Турымбетти қайта тәрбиялаўға қудиретим жетпейди. Усыннан басшы болып? ... Баймуратовқа, Ғафуровқа кеңесиў керек...» деп, Жумагүл уйқылай алмай жатырғанда, қапы тықырлады. «Саяқ ийт пекен? ... Оқыўға кететуғын болғанда да усындай бир саяқ ийт ергенекке сүйкенген еди. Сақ болайын...» ол әстен түргелип, қапыға қулағын салып еди, бир адамның пысынап, қапыны аша алмай атырғанын сезди. «Кимсең» деп бақырсам, қайерде турғанымды билип атып жиберетуғын биреў болмасын, жазатайым қызыма тийип кетер деп, аяқларын ғаз-ғаз басып артына шегинди де наганын қолына алып босағаны қапталлап тура берди.

Бир ўақытта қапы қопарылды. Мылтығын алдына тутып киятырған биреў көринди. Жумагүл қарап турмай наганын туўрылап гүрп еттирди. Бийсәубет адам да бир оқ шығарып үлгерди ҳәм «ўаҳ-ўаҳ!»—деп, қулады. Жумагүл де жығылды. Тазагүл шоршып оянды.

Изли-изинен еки рет атылған мылтық сеслерине қоңсысы Мәжитов наганын бир қолына тутыўы менен көйлекшең жуўырыпақ келди. Иште ыңырсыған Жумагүлдиң сести еситиледи. Келе сала шырпы шағып шыраға басты. Тазагүл бир мүйеште ийттен қорыққан пышықтай тығылып отыр. Жумагүлдиң жеңлери



www.ziyouz.com kutubxonasi

қан, Мәжитовты көриўден ол шеп қолын оң қолы менен услап үңилсе, алақанын оқ тесип кетипти. Ол қолының қалай питетуғынын ойламастан, тентиреклеп барып қызын қушақлады.

—Нәрестем, нәрестем! Сениң балалығың қорғасын оқлар арасында, түтин арасында өтти-аў! Ой, Нуратдин абый, көр-өс, аман ба?...

— Аман, ҳеш оқ тиймепти,—деди Мәжитов қызды өз қолына алып. Сөйтип олар босағада тилин айқыра тислеп қулап атырған өликке үңилди. Шыраның ҳәстесиндей биреў босағада қулап атыр. Бул Мәтжан мықыры еди.

— Ой-ой,—деди Жумагүл өкиниш.—Баяғыда Тәжим мурт ты да өлтирип қойып едим. Мынаның да уў жеген ийттей өлиўин қара. Жолдасларын табыў керек еди.

Мәжитов сөйлеўге де асығып, өзиниң көйлегин «пар-пар» жыртып, Жумагүлдиң жалбырап түсиўге аз қалып турған бармақларын орнына басып таңды...

## 21.

Александр Турымбеттиң минезлерине көп түсине алмас еди. Әллеқандай аўыр минезли, көп сөйлемейди. Базда өз-өзинен үскини қуйылып жүреди. Бунысының себебин сораса, айтпайды. Александр биринши рет аўылдың ҳал-жағдайын сорағанда, Төребай оған Дүйсенбай туўралы да айтып берген еди, ал енди оның байқаўынша бул үйдиң сол Дүйсенбайлар менен жақын қатнасы бар сыяқлы. Гүлбийке кемпир базда Александрдың көзинше баласына: «Бай мырзаға сени сорап кетти»,—деп, айтып салар еди, ал бундай ўақытта Турымбет шып-шып терге шомылады. Александр түсинбегенсип:

— Бай мырзаға деген не?—деп, сорап қалар еди, Турымбет өтирик сөйлей алмай:

— Дүйсенбай!—деп, ашыўлы, бир қолы менен ҳаўаны кесип жуўап береди. Соған қарап оның Дүйсенбайды жек көретуғынына кеўили исенишли жүрер еди.

Дүйсенбайдың өз жайына от тийгенине онша қыйланбағанын, аўыл суў басқынына ушырап, пүткил аўылдың тәғдири қыл үстинде турғанда жансыз қыймылдағанын сырттан байқаған Александр Дүйсенбайды жүдә жек көрип қалды. Сол ушын Турымбеттиң ол кисиге болған мүнәсибетин биротала анықлағысы келип, кемпир үшеўи чай ишип отырғанда сорады:

— Турымбет, мениң байқаўымша, қарақалпақларда урыўшылық бар, ал усы Дүйсенбайдың сизлерге қандай жақынлығы бар?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Турымбет Александрдан бундай сораўды ҳеш қашан да күтпеген еди. Маңлайында төрт қатар жыйрық пайда болды. Александр енди не ушын сезикленгенин уқты, бирақ өзин ҳеш нәрсе билмегенге салып, сораўына жуўап күтти.

— Жақынлығы жоқ.

— Ол не дегениң?—деди кемпир баласының гәпине шыдамай.—Бизге жүдә жақынлығы бар. Урыўласпыз. Ол сени келе қылып, әкең жоқта қол жаўып, усы дәрежеге жеткерип оқытқан адам...

— Аўа, солай,—деди Турымбет илажсыз. Бирақ оның бул сапарғы даўысынан да, өзин тутыўынан да Александр бираз нәрсени байқады.

— Турымбет, мен саған бир нәрсе ескертейин,—деди Александр гәпин көп мәнили етип,—ҳәр ўақыт дурыс сөйлеў пайдалы. Бәҳәрде муз дингекке минип, өзинди бийиклетемен деп санаў айрықша қәўипли. Муз ерип кетсе, киси шуқырға сылқ ете қалады. Және бир гәп, ертеңнен қолы жоқ киси—шолақ...

Турымбет оның не айтпақшы болғанын толық уға алмаса да, өзин ҳақыйқат шуқырға түсип кеткендей сезип, Александрдың теңиздей ҳаўайы көзлеринен пана изледи, бирақ услап қалғандай ҳештеңе таба алмай, етик қәлиптей ийеги жағасының жоқарғы аппақ сәдеплерин жасырды.

Кемпир бул еки жигиттиң арасындағы сырлы әңгимеге түсинбей:

— Аўа, балам, муз деген ерип кеткенше өзинди тоңдырады да,—деди далаға шығып баратырып.

«Мейли ойлансын!» деп Александр да оған селтең бермей, түргелип, жумысына кетип баратыр еди, көзи жақсылық көрди: Нурзада киятыр! қолтығында кепшиги. Дигирманға баратырса керек.

Музлы суўға түсип шыққалы аязлап аўырып қалған Қалийди көриўи ушын Александр үйине келген сайын, қыз шығып кетер еди, алдынан жолықса бурылып кетер еди. Оның не ушын усылайынша жатырқайтуғынын түсинетуғын жигит, бир түп жыңғылды паналады да, шөкке түсип отырды. Қыз таў текесиндей омыраўын көтерип бийғам келе берди.

— Сәлем, Нурзада!

Қыз шоршып, гилт тоқтады ҳәм Александрдың жергиликли дәстүрге бағынып, қыз қасында басқа аўыл адамларының көзине түспеўи ушын жасырынып отырғанын бирден түсинип, ақ маржан тислерин көрсетип жымыйып күлди.

Бул күлки Александрға унап кетип түргележақ еди:

— Уай, ўай, түргелме, отыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Александр бағынып төменирек буғып отырды.

— Енди көринбеймен бе? Сени көрсе ҳеш гәп пе?

— Мениң бир өзимди көрсе ҳеш гәп.

— Ағаң тәўир ме, Нурзада?—деп сыбырлады Александр.

— Бүгин тәўир, азанда түргелип тамақ ишти.

— Жүдә жақсы. Қуўанышлыман. Енди барғой, енди барғой...

— Жасырынғандағы мақсетиңиз не «МТС жигит»?

Үйине ҳәр сапары барғанда көз астынан қарап дийдарына тоймай жүрген қыздан Александр көзлерин алмай:

— Отырса, сулыў қыз, отырса, жүдә соранаман, сулыў қыз,— деди басқа сөз таппай.

— Өй-бей, бундай мақтаўсөзлерди қайдан үйрендиңиз?

Жигит қайтадан тығылып, бираздан соң тилге келди:

— Нурзада, енди барғой... сен оқы, оқыў пайдалы, енди барғой, дигирманнан қутыласаң.

Нурзада қайтадан күлди.

— Сонда биреў ун тартып берер ме?

— Сен барғой, дигирман тартқызбайман...

Қыз бир шақалақ атып күлип еди, бул күлки Александрға сондай жақты, орнынан ғарғып турып, қушақлап алажазлап, өзин ирикти, бирақ тулабедени дир-дир-дир етип, өзин зорға тутып отыр. Бул жигиттиң не ойы барлығын ҳәзир қандай кейипте отырғанын түсинбей, сөйлесиўге ишқыста болып жүрген қыз ҳәзиргидей қолайлы пайытта гезлесе бермеспиз деди ме, өзин әллеқашан толқытып жүрген сораўды бермей кете алмады:

— Аўылында қызың бар ма? Неге әкелмейсең?

— Менде бар ғой, қыз жоқ, Нурзада...

Нурзаданың тилеги усы жуўапты алыў еди, бирден асықты:

— Әне, биреўлер киятыр, мен көринбей кеткенше түргелме!

—Сизиң үйге барып турсам кейимейсең бе?—деди Александр изинен. Қыз жуўап бермеди. Оның буйрығын еки ете алмай Александр әллен ўақытта бойын тиклеп қараса, қыз кепшигин қолтықлаўы менен дигирманхананың шалдыўарына сүйенип, артына қайрылып тур екен. Александрға жаўлығыны мушын бир былғап, дигирманханаға кирип кетти.

Бул көриниc Александрдың жүрегине айрықша түртки салып, йошландырды.

Ол қыз жөнинде кимге айтарын билмей ишқысталықта жүрген еди. Жақында қалаға барып Жумагүл менен ушырасқаны ойын бөлип ҳайран етти. Оның айтқаны дурыс Жар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ты дийўал там болмайды, мен үйлениўим тийис· Оның айтайын дегени тек усы ма? Жоқ, бир бул емес...» деп, ол , Жумагүлдиң сол сапары не айтқанларын қайтадан еслеп, ҳәр гәпине мәни берип сайбағыслай баслады: «Муғаллимди сорады. Оның кеўил сандығын аштырыўды өтинди... ямаса бурынғы ерин еслеп, қайтадан қосылыўға жәрдем сорағаны ма екен?...»

## 22.

Бәҳәр ҳәр қашанғыдан да өзгеше келди. Аўыл әтирапы жанлы ҳәрекетке кирип, тыңнан жерлер ашылып, шөпликлер өртелип, буўдақ-буўдақ түтинлер аспанға көтерилип жатты. Аўылдың күн шығарында МТС тың қурылысы да қызғын пәт алып, буўдақласқан түтиндей болып аппақ шаң уйтқыды. Қублаға қарасаң «Жаңа жарған» ҳәрекетте. Күшли дийқанлардың қолларындағы нышлы беллер жап ултанындағы ызғар топырақты қалпақтай дөңгелетип жоқарыға зытқытып, жаптың рашы көтерилип жатты·

Дүйсенбай Атажан бай усап үйинде еки бүгилип. жатпады. Дийқанлардың өз-ара әңгимесин тыңлап, жер-суў реформасы жөнинде еситкенликтен бе, жаңадан жер ашып атырғанларға:

— Бизиң жердиң жартысын алыңлар,—деп кетти.

МТС ушын қурылыстың тырнағын қазып атырғанларға барып ҳармасын айтады:

— Ҳәй, бәрекелла, жигит келсе иске деген, тез-тез питкере қойыңлар.

Қаланың қасындағы тақырлықта түнде өткерилген мәжилистен алған тапсырманы орынлаўға ол жүдә шабан киристи. Себеби, Мәмбет молладан қорқар еди.

Ақыры шыдамай, изинен болатуғын тексериўден қорқып Мәмбет моллаға келди:

— Моллеке, қатаң тапсырма мынадай: қандай болмасын, Жумагүл Зәрип қызының абройын төгиў дәркар..

Бул тапсырманың мақсетин Мәмбет молла бирден-ақ түсинди;

— Яқшы, яқшы, бежеремен. Ал, сен, баяғыда бизиң қызды Турымбетке беремиз деп едиң, не болды?

— Аўа, аўа, қызынды Турымбетке беремиз...—деди де, Дүйсенбай тез-тез ўәде берип, көп отырмады.

«Жумагүл жараланыпты» деген хабарды еситкенде, Дүйсенбай «бул кимниң батырлығы екен?» деп, мыйығынан күлип қойып еди, «Мәтжаң мықыры өлипти» деген хабарды



www.ziyouz.com kutubxonasi

еситкенде, «оданбасылыққа да жақ жарыстырып, ауыз бир шиликти қашырып еди, енди, ләўзеге лийкин тийетуғын болған екен» деп, оның өлимине бийпарўалық пенен қараса да, соңынан астынғы ернин тислеп-ақ алды: «Не ушын Мәтжан мықырының өлетуғынын билмей сонда мақтадым? Ақылсыз шәддестиң ығына жығылмаў керек еди. Енди ләўзе күн көрсетпес маған. Өлип болды, бул гешше пәмлер... Ол есиўастың өлиминен ислам қанша уттырды, мен қанша уттырдым... Өлетуғын адамның ығына енди жығылсам, аўзыма қум!...»

Дүйсенбай бул сырларын ҳеш ким менен ортақласпады.

Соңғы гезде Хожанияз көбирек қумар ойынға берилип кеткенликтен бе, Дүйсенбайдикине сийрек келетуғын болған еди. Дүйсенбай оның келиўин күсемейди де: «Бундай қумарпаз адамның дәйеги болмайды,көп сырласыў зыян» дер еди өзинше. Бул сырын да ол ҳеш ким менен ортақласқан емес. Оның аңлығаны Турымбет. Бар өмири, тәғдири, сол Турымбеттиң қолында турғандай. Турымбет болса, соңғы күнлери оның менен қатнасықты және сийреклетип баратыр. Дүйсенбай оның тек усынысына қыйланады...

Маңлайына қолын тиреп ойлы отыр еди, күтилмегенде Хожанияз кирип келди.

— Дүйсенбай аға, шырайыңыз солғын көринеди?

— Сизлердей инилеримиз барда жерсизлерге жәнжелсиз жер берсек те, ертеңимизден айрылып баратырмыз.

— Ертеңимиз дегениңиз не?

— Ертеңимиз—артық-аспай дүнья малымыздағы...

МТС қурылысында ислейтуғын дийқанлардың да көпшилиги Атажан бай менен Дүйсенбайдың есабынан еди. Олар ушын батрашком өз алдына шәртнама дүзисип қойған. Хожанияз оны усылар жөнинде гийне сақлап отырған екен деген пәм менен, көп отырмай атланды.

Төребай кеңсесинде отыр еди.

— Ақсақал,—деди батрашком қамшысын столдың үстине қойып.—Бизлер бираз қәтеликке жол қойдық па деп пәмлеймен.

— Не ушын?

— Бүгин Атажан менен Дүйсенбай тақыяда тамтығымыз қалмады деп алдымнан жылап шықты. Себеби ҳеш жерде болмаған тәртипти қылып, бийшаралардың жерин алдық. Енди оларда дийқан жумсайтуғын шама қалмағаны да ырас. Егер олар окружкомға барса, сениң менен маған сөз келеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол ушын дийханларды олардың есабына жумсағанды тоқтатыў керек.

— Хожанияз,—деди Төребай нықлап,—Хожанияз, сен онын менен жақсы аға бола алмайсаң. Сол еки адам өкпелеген менен көпшилик дийқанлар разы.

— Мен де билемен. Оларды қанша қорлаған менен қарақалпақтың бурынғы пәленше-төленше деген абыройлы адамлары.— Хожанияз Төребай менен жекке отырғанда адамларды миллетлери бойынша атамайтуғын еди. Сол ушын ийегин бир тислеп алып даўам етти.—Өзиң билесең, олардың гөне абыройын көп адам ҳүрметлейди. Олардың абройынан пайдаланыў керек. . .

Ол гәпин айтып үлгерместен, почтальон бир буўат газета әкелип берди. Екеўи де әңгимени қойып, газеталарды ақтарыўға киристи. Төребайдың көзлери әлле нәрселерди излейди. Өйткени жақында аўылға Төрткүлден газета хабаршысы Әбди келип кеткен еди. Бир ўақытта Хожанияз қолына түскен биринши газетаны бир қатар көзден «өткерип, бир жерине үңилди де, жумбаршақлап қалтасына тығып, ҳеш нәрсе билмегендей мөлтийип отыра берди.

Төребай қолындағы газетадан излеген нәрсесин таўып, көзлери күлимсиреўи менен ериплерин жыбырлатып, оқып атыр еди, Хожанияз мойнын ғаздай созып қарап, оның қолындағы газетаны жулып алды да, майдалап жыртып- жыртып таслады. Төребайдыңөңи өзгерди:

— Бул не зорлық? Қутырдың ба?!

— Қутырдым,—деди Хожанияз.—Енди оқырсаң!

Төребай оның қалтасындағы газетаға асылды.

— Таслап кет, мынаны!

Хожанияз «яқшы» деп қайырылып турды да, қалтасындағы газетаны шығарып, пырым-пырым етип майдалап, әйнектиң тесик көзинен ылақтырып жиберди. Кеспастай туўралған қағазлардың ушып баратырғанына қарап көзлери күлимлеп гижинди.

— Өзи еки газетке жаздырған екенсең, бәрин жыртып ҳәзеттим бе? Бар Әбдиге және жаманла: «Батрашкомның қылығы. . .» деп және жазсын.

Төребай енди түсинди: ески саўаты бар батрашком газетадан өзи жөниндегини оқыған екен. «Төрткүлге тағы сондай газета жибериўин сорап хабар жиберийдиң қыйынын айтса, бәрин жоқ етти үйи жаңғыр!» деп, өзиниң аңқаўлығы ҳәм саўатсызлы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғына пушайман жеп, желкесин қасып отырып, басқа газеталарды жыйнастырып, қойнына салып кенседен шықты.

Бул ўақытта Александр Турымбет пенен бир түп ерик ағашының астын тазалап атыр еди. Төребай олардың гүрриңин алыстан-ақ еситип киятыр.

—Нәлди гүзде ексе де болады. Бундай жемис ағашын көбейтиў керек,—дейди Александр.

— Өзиң айтқандай, көбеймесе болмайды екен. Бир түп болған соң шақасына балаларда минип сындыра береди. Егер бизиң кемпир қарамағанда бул да болмас еди.

— Өзиң египпедиң?

— Есимде жоқ, сирә кемпир еккен шығар.

— Жер ҳасылдар екен. Бәлким абайсыз таслаған бир шаңғалақтан көгерген шығар.

—Қәйдем.

— Қара, қандай миййўалы! —деп, Александр еңкейген ҳалында бир шекелеп жоқары қарайды.

— Мийўалы болғанда несин айтасаң, елди көркейтиў ушын жемис ағашын көп егиў керек екен, —деди Төребай аттан түсип.

Александр белин шаншып, алақанларының шаңын қағып, Төребай менен сәлемлести ҳәм оның жүзинен әлле қандай нәрсени уқты:

— Ақсақал, кеўилсизлеў көринесиз бе?

Турымбет те Александрдың пикирине қосылған киси Кусап оның қабағына қарап турыпты. Төребай өзиниң Хожанияз бенен арасындағы жаман қатнасығын елеге шекем сыртқа шығармаўға тырысатуғын еди, бул сапары шыдай алмады.

— «Батрашкомның қылығы..» деген мақаласы бар еки газетаны басқалар оқымасын деп, Хожанияз жыртып таслады...

— Өзи туўралы ма еди? —деди Александр.

— Аўа.

— Нешеўин жыртты дейсең?

— Екеўин.

— Онда зыяны жоқ басқа газеталар бар емес пе?

— Бар болған менен не пайдасы бар? Өзи жазылған еки газетаны жыртып таслады. Енди басқасын Төрткүлден алдырмасақ.

— Сирә қалмады ма?

— Мына биреўлерин қалтама салып едим, керек болса,



www.ziyouz.com kutubxonasi

мә,—деп, ол қойынындағы бир буўат газетаны Александрға берди. Ол Турымбетке усынды:

— Оқып көр, достым, бир мақала солкүнги барлық газетада басыла береди.

Турымбет бир газетаны алып өйер-бүйерине үңилип «Батраш-ком-ның қылығы...» деп, оқыўдан-ақ Төребайдың жүзлери жайнап сала берди.

—Табылдыма?—деди Александр оның бетинен кеўли қарар тапқанын түсинип.

—Өзи ғой!

— Қәне, нешинши бетинде? —деп Александр үңилип.—Ҳә, екинши бетинде екен. Мине, мынаўсының да сол жерин көр, және мынаўсының да...

Төребай Александрдың айтқанын қылып, қолындағы барлық газеталардың да екинши бетинен сол мақаланы көре берди.

—Ҳаў, көп болып басылады екен-аў!

—Тек сизиң аўылға емес, пүткил Қарақалпақстанға жайылады...

—Жаңағы ақмақ та билмейди екендә, бәрин жыртып тасладым, деп, мәсирип кетип еди қәне, буны басқа жолдасларға еситтирейик,—деди Төребай оларға.

— Жүрдик онда.—Александр Төребай менен қубладағы егисликке қарай кетпекши болды. Турымбет беллерди жыйнап, үйине апарып таслай сала, аяқларын басар-баспас болып, олардың изинен ерди...

## 23

«Бәҳәрде муз диңгекке минип, өзиңди бийиктемен деп түсиниў айрықша қәўипли...» Усы гәп Турымбеттиң мийине жеги бола баслады. Ойланады. Ҳақыйқатында ол муз диңгектиң үстинде ме? Ол және ойланды. «Не ушын «ақыллы» Дүйсенбайдың болжаўлары шебекейине дөнип баратыр? Ол гейде батрашкомды мақтап, «Хожаниязжанның адамгершилиги ушын жақсы ҳасылдар жеримди орталыққа алғанына қайыл болдым»—деп, отыратуғын еди. Мине, сол «адамгершиликли» адам писпеген қаўынның шопағындай пуш, дәрьяның жарқабағына өскен торангылдай тамырларын дегиш алған екен. Ең баслысы, оны ТОЗ шылар қуўатламайды. Бүгин оның газетада әшкара болғанына ТОЗ шылардың барлығы қуўанды. Александрдың айтыўларына қарағанда бүгинги ТОЗ дийқанлар ушын ертеңги үлкен хожалықтың тырнағына бир гербиш. Александр бәрҳа; «ертең-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нен қолы жоқ киси шолақ...» дейди. Қалий келтеге шекем «ҳаққыңнан Хожанияз! Рахмет хабаршы Әбдиге» деди-аў»...

Енди ол көп ойланып өзин-өзи жоғалтып, қурт түскен жүўериниң жапырағындай солыўға қарады. Жүрсе келеңкеси де өзиники еместей, қыял бийлеп кеткен ўақта, биреў ерип жүрген жоқ па деп, қырыилап, гейде қуяшқа, гейде саясына қарап алатуғын дәрежеге түсти. Мектепке келип сабақ берсе оқыўшыларға: «Ҳа тыныш! Гешше!» «Ақпа қулақ» деп қызып кетеди. Әсиресе, кешеден бери жүреги жәие муз, нағыз қоян жүрекленди. Бир жаман жери, мектепке келсе, аңшы тазыдай қыйсаңлаған Дүйсенбай тайын. Оның менен сөйлесиў былай турсын, узақтан қарасы көринсе тула бойы босасып, тобығына шекем қалтырайды.

Ол бүгиннен кешиктирмей Александр менен сырласқысы келсе де мектептен шығып үйине жақынлағанша сарсанлықта киятыр. «Қәйтиў керек? Еки кемениң басын услаған суўға кетеди. Ал мен ҳәқыйқаттан да муз дингектемен бе? Александр мениң Дүйсенбай менен қатнасымды билди ме екен? Александрға айтсам қалай болады?» Бирден өзи ислеген қылмыслары есине түсип кетти: еки мәртебе кеңес ҳүкиметине қарсы шабыўыл... Айтбай большойдың жазықсыз қаны... Буны ким кеширеди?... Александр еситсе, бирден шоршынып, турған жеринде қаматады. Мениң бақлаўымша «орыс» деген сөздиң мәниси бир сөзли дегени! Ол ашыўланбасын, ашыўланса алдына Қаратаў шыдам бермей, пыт-шыт болады...» Турымбеттиң басы зил. Еки ийниниң арасында бас емес, суў қабақ турғандай, қыймылдаса, сылық-сылық... Ол бирден изине қайтып, қәпелимде Дүйсенбайдикине кетти.

Дүйсенбай еки көпшик салып шалықортасына жатыр еди. Шақыртыўсыз келген Турымбеттиң солғын шырайын көрип ушып турды.

—Кел қарағым, кел!

Турымбет, аяқлары тусаўлы адамдай төрге өтпей, Дүйсенбайдың аяқ ушына әстен отырды; бирақ өзи мениреў секилли.

—Қалий келтениң қызын үйиңдеги МТС орыс сеннен тартып алажақ па?

Астынан жылан шыққандай секирип турып, Турымбет үнсиз шығып кетти. Ол Дүйсенбайдың «ҳа бала, дениң саў ма?» дегенин де еситпеди. Ол ушын Александр ең қадирли қонақтан да жақын, туўысқандай болып баратыр еди. Өзи ҳаслан ериңбейтуғын жигит екен. Русша үйретеди, өзи қарақалпақша үйренеди. Гүлбийке кемпирге жүдә баўырмаң. Оның үстине Турымбеттиң



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нурзададан дәмеси жоқ. «Көрдиң бе, шуғыллығын! Нурзада ушын арамызға от тасламақшы...» деди Турымбет былайырақ шығып. Сөйтип тамының артындағы жылғаға келип иркилди; Быйыл там салыў ушын ылай аўдарылып қойылған еди. Бул да Александрдың усынысы. Өмиринше өз хожалығына пайда тийгизип көрмеген адамды мийнетке көнликтирип, ылай аўдарысқан ким?—Александр. Оны анасы да улындай сүйеди. Бурынлары онша адам қатарына алмайтуғын адамлар Александрды жақсы көргенликтен бе, бунын менен де мәмле. Ол усыларды ойлап, Дүйсенбайды қайтып көргиси келмей турған менен изинен қорықты; Айналасы түпсиз қуйы, оған қулататуғын усы Дүйсенбай болып көрине берди оған.

Не ислеўи тийис? Билмейди. Ҳәзир жүрип киятырғанда бир жағы тұңғыйық, бир жағы қурғақшылық сыяқлы... «Қандай жағдайға түссем де өлмеўим керек, деди гүбирленип, не ушын өлемен? Әй, сений, усы ләўзеси болмаса барғой...» Ол желкесин қасый-қасый үйине келсе, Александр бир китапты оқып отыр екен. Оған селтен берместен сыртқы кийимлерин шешине баслады. Александр китаптың ашық бетлериниң үстинен Турымбетке қарап еди, кәпелимде оған өли шырай енип қалғанын сезди.

Базда өзи менен қапталласып отырып қолына түскен газетаны ежелеп оқып отыра қоятуғын бул жигитте не әндийше бар екен? Ямаса Нурзаданы сүйип қалып, маған ҳештеңе айта алмай ишқысталықта жүр ме екен, деген қыял келди Александрға

—Турымбет, аўырып жүргениң жоқ па?

—Билмедим, өзимше саў сыяқлыман.

Александр түргелип барып оның билегин услап көрип еди, ыссылығы болмаған менен қан тамырлары ҳәдден тыс соғып тур екен.

—Турымбет, жатып дем ал.

Турымбет басын көпшикке қойды.

Александр үнсизликте китап оқыўын даўам етти.

Турымбет дийўал бетке бурылып жатты. Ҳәр қыйлы нәрселер және көз алдына елеслейди. «Усы Дүйсенбай ҳақыйқаттан да мениң ғамхорым ба? Нурзада жөнинде не ушын айтты? Усы Александрдың расында да сол қызда қыялы бар ма? Ал, қыялы болғанда не болыпты? Қалий келте саў турса, қызын орысқа бермейди. Тоқта, тоқта, егер Александр ол қызға дыққат аўдарса, қыздың қандай болғаны? Әлбетте, сулыў ҳәм жақсы болғаны. Себеби руслар жақсы-жаманның парқын айырады. Жаңа заман қурған солар. Төрткүлдеги муғаллимлердиң айтыўы бойынша 1917-жылы адамзат өмиринде жаңа жылнаманың бирин-



www.ziyouz.com kutubxonasi

шн бетин ашқан ҳәм жазған усы орыслар. Александр кеўил берген жақсы қызды Дүйсенбай оннан неге қызғанады? Өзи алмайды, сонда мен ушын болғаны ғой. Сонда оның мениң ғамымды жегени ме? Жақсы жатқа кетпесин деген мақсетте ме екен? Олай болса Дүйсенбай мениң нағыз табалдырықлы қайырқомым ғой. Сонда неге муз диңгектиң үстинде турған боламан? Қурысын, бул жумбақлы әңгимелер... Қурысын бул шынжырлы ойлар!» десе де ойынан ҳеш нәрсени шығара алмады. «Усы үйи жаңғыр Дүйсенбайды өлтирип қутылсам ба?» деген де ой келди бирден, бирақ бул қыял оның демин тарайтып буўлықтырды: «Бул болмаған қыял, бул ақыллы кисиге қыянет...» Ол ишегине ийне кеткен ийттей буратылып жатыр...

Александр Турымбеттиң әлле қандай ойларға берилип жатырғанын билип, бирақ оның тийкарын түсинбей отыр еди, ақыры сорады;

—Турымбет, неге бунша ойлысаң?

—Менде ҳеш ой жоқ.

—Айта бер, достым Өзиң айтпаған менен жүзиң, көзлериң айтып турыпты.

—Сен солай ойлайсаң ба?

—Гүллән қыймылың, ишиңдеги тереӊ сырларды сөйлеп турыпты.

—Олай болса таба ғой,—деди Турымбет басын көтерип ҳәм гәпке араласқаны ушын ойларын умытты.

—Билемен, бирақ бар ғой, өзиң айтқанша шыдайман,—деп Александр және китабына үңилген болып еди, Турымбет бир сумлық тапты, бул сумлық бирден есине түсе қойғанына қуўанышлы;

—Мен бир қызды жақсы көрип қалдым.

—Мүмкин емес.

—Не ушын?

—Ҳәр адамда жүрек биреў болады. Сол ушын бир жүректи бөлшеклеў мүмкин емес деп ойлайман.

—Мен еки жүрегим бар дедим бе?

—Әңгиме айтыўда емес.

—Сонда не?

—Сен Жумагүлге қайтадан қосылыўың керек?

—Мениң-ә?

—Әлбетте, сениң!—деп, Александр өткирлендирди.

—Мениң-ә?—деди және Турымбет.

—Әлбетте сениң!!!

—Усы дурыс кеңес пе?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Тек дурыс ғана кеңес емес, ҳақыйқат дослық кеңес. Билесең бе, сен муғаллимсең. Педагогика бойынша муғаллим ҳеш қандай минсиз болыўы шәрт. Ал сен ҳаял таслаған қатал адамсаң. Тек ҳаял емес, гүлдей қызынды жетим қалдырған тас жүрек муғаллимсең... Бул бул ма, округ бойынша ҳаял-қызларды ағартыў исине кесент жасап отырған муғаллимсең.

Соңғы сөзди еситкенде Турымбеттиң денеси түршигип, өзин жоғалтып ала жазлап, қорыққанынан сорады;

—Мениң округ ҳаял-қызларын ағартыўға кесент жасап отырғанымды қалай дәлиллейсең?

—Түсинбей отырсаң-ә?

—Түсинбей отырман.

—Түсин онда. Жумагүл жесирлиги себепли басқа ҳаяллар алдында еле де ашық ис алып бара алмай жүр. Базыбир шешен ҳаяллар алдында тили тартық. Өзин жарты дийўалдай сезеди. Биреўге басын байлаўға сеннен дәме етсе керек. Жаңа дәўирдиң ҳаялы болған менен қарақалпақшылық етип, дәслепки некеге қыянет ете алмай жүрген усайды...

—Қарақалпақта айрылысқан ҳаялға бас ийиў жигитликке нуқсан келтиреди.

—Егер сен өзинди ҳақыйқый совет муғаллими деп есапласаң, оның менен қосылып, жаңа идеяға хызмет етиўиң тийис. Сонда журт сениң қәтенди мойынлағанынды түсинеди.

—Бир рет барып едим, хабарласпады.

—Ийилген басты қылыш кеспейди, және бар. Усы күнлери жараланып үйинде жатыр. Туп-туўры үйине бар.

—Япырмай-ә,—деп Турымбет басын қасыды. Ол, Александр басқа ислеримди билип қояма деп, қорыққан еди, бул кеңес жүрегине толық жетип бармаса да, кеўли бираз қарар таўып кеўли сергекленип, күлимсиреди. Александр оның бул қыялына түсинген адам сыяқлы;

—Ҳәзирше Жумагүлден хабар ала бер, басқасын соң сөйлесемиз,—деди.

Турымбет басын қасый-қасый көнди.

—Көрмей қайтпа! Дослық, муҳаббат бирде қапалықта, бирде шадлықта өзинен белги береди.

Турымбет қалаға базар күни келди. Қалаға келерин келсе де, Жумагүлден айбынады. «Неге зиңгирлеп келе бересен, кет десе не қыламан?—деп, Жумагүлдиң үйине бара алмай, көшесинен арман-берман өтти. Бармай қайтса, Александрға өтирикши болады. Қатал минезли бул жигит бир өкпелесе, қайтып сөйлеспейди. Соннан кейин истиң патыратқа айланға-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ны, Жуманияз ләўзе және бар, «Үҳ, үҳҳҳ! !.. Барайын, көрейин, қалай барыў керек? Наўқас адамға бос барғаным қалай?»— Ол бир дүканнан үш қадақ набат алды, оның қасындағы дүканнан ортасы кеседей дөңгелек ақ гүлли бир қызыл шаршы сатып алды.

Көшесинен және өтти. Сыртта жүрген ҳешким көринбейди, қарап, бир майдан турды. Соның арасында көктен тилегени жерден табылды. Шашлары желкилдеген Тазагүл көринди. Қызын бирден-ақ таныды. Жаслайынан-ақ ири денели Турымбеттиң дәл өзи. Қулақлары алақандай, мурны қоңқы қара көз.

—Тазагүл!—

Қыз жалт бурылды.

—Берман кел, Тазагүл, апаң үйде ме?

—Үйде, аўыйып атый.

—Мә, мынаны апаңа апарып бер, мына шаршыны басына тарт,—деп қолтығынан бир қос шаршыны шығарып, қыздың басына орады.

—Үйге келе бей; апам адамлайдың келгенин жақшы көйеди.

Қыздың сөйлегенине Турымбеттиң баўыры елжиреп, көзлеринен ериксиз жас сорғалағанын өзи де сезбеди. Оның бул жасы шын көз жасы еди. Қыздың кекил шаш жасырған жазық маңлайынан шөрп-шорп сүйди де;

—Апаңа сәлем де, ҳәзир бараман,—деп, қыз шапқылап үйине киргенше изинен көз айырмай қарап, аўыр қәдемлер менен зорға-зорға келеси көшеге айналды. Бирақ жүрегин бир нәрсе тырнағандай, ишеклери ашып аўылға қайтты.

Турымбет қалаға не ушын кеткенин ескертпесе де, Дүйсенбай билгендей, геўгимлете киятырған оның алдынан шықт «Үйижаңғырдың жер астында қулағы бар ма?»—деди оны көриўден ишине муз қуйылған Турымбет.

—Жумагүлди көрдиң бе?—деп сыбырлады Дүйсенбай.

—Көрдим.

—Жайша барып па едиң?

Оның анық билмейтуғынына толық исенген Турымбеттиң көкиреги қарар таўып басылды:

—Мәжитов шақырған екен...

Усы киси меннен сезикленип жүр-аў, шамасы» деди ол Дүйсенбайдан айрылысқаннан кейин.

Александр оны тақатсызлық пенен күтип отыр еди. Көргенбилгенин сорап болғаннан кейин ҳәрекетин мақуллады:

—Дурыс ислепсең. Базарлық берип жибергениң, қызының



www.ziyouz.com kutubxonasi

басына орамал тартқанның сен екенин сөзсиз түсинеди. Жумагүл жүдә ақыллы.

Бул қатал жигиттин бир ирет мақтаўына ашық болып жүретуғын Турымбет еркин дем алды, чайды терлеп-тепшип ишти.

—Дүйсенбай алдыннан шықты ма?—деди Александр гәп арасында. Турымбет биреў түртип жибергендей селк етти: «Жасырыў мүмкин емес!»

—Шықты, аўа. Сен қайдан көрдиң?

Александр Дүйсенбайдың кешқурын излеп келип, кемпирден қалага кеткенлигин еситип, арқаға қарап бағдар алғанын әйнектен көрип қалған еди. Буны жасырды:

—Мен де бир қапталыңызда киятыр едим.

«Қапылды, аспан жерге түсти»—деди Турымбеттиң қыялы.

—Сонда неге «ҳә Турымбет» демедиң?

—Сөйлесип алсын деп тура бердим.

Турымбеттиң көзлери уясынан атлығып кете жазлап, Александрдың өзин өзгериссиз тутып атырған қатаң келбетине қалша қарады.

—Бунша не?—деди Александр оның әлле нәрселерден сөзсиз қыпсаланғанын түсинип.—Бәрибир, гәплериңизди ҳеш кимге айтпайман.

Турымбеттиң көзлери тынды.

— Оқымаған бир киси, оқыған жуп киси, Турымбет. Аяғыңның асты геўдирек муз екенине көзиң жеткен күни өзиң-ақ айтарсаң, соған шекем мен күтемен.

Турымбет бирден «ўақ-ўақ», деп, ишин басып, иргеге бурылып жатты.

Александр ҳаўлығып жылдам ишин уўқалады, бирақ ол рас аўырды ма, я әлле нәрселерди ойланып алғысы келди ме, ҳеш гәп қозғамастан жығылды. Деген менен етиниң ыссылығы қәпелимде күшейип кеткен еди.

Турымбет азанда чай ишиўге де турмады. Жатысының созылатуғын түри болды.

Мектепти муғаллимсиз қалдырыў нақолай, сол ушын муғаллим табыў керек. Өйтпесе, балалар тарқап кетиўи мүмкин. Аўыл да Мәмбет молладан басқа саўатлы адам жоқ еди, оған тапсырыў мүмкин емес. Не де болса балалар менен бир мезгил шуғыллана турыўды Александр өз мойнына алды. Ол келген күннен баслап-ақ бар ықласы менен жергиликли тилди үйренип, еркин сөйлейтуғын болған еди. Балалар жатырқамады. Себеби өзи де қаты-қулақ, әңгимешил екен, сабақ болатуғын ўақытта балаларға әллеқандай әңгимелер, ертеклер айтып береди. Гүл-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лән әңгимеси, ертеги революция темасынан еди. Балалар аўзы ашылып тыңлайтуғын болып кетти. Ара-арасында Орынбайдың улының басшылығында оқыўшыларға өткен сабақларын пысықлатар еди. Балалар өткен сабақты пысықлағаннан гөре оның гәпине көбирек қызығады:

—Муғаллим, Ленин атамыз, ҳаққында және айтып бер...

* * *

Турымбетти кесел қылған қыйлы-қыйлы қыяллар еди. Ийне жутқан ийттей буратылады. Жуманияз ләўзе көз алдына елеслесе де, Дүйсенбайдың ҳәрекетлерин бирим-бирим сайбағыслаcа да, олар менен бир қатарда кишкене Тазагүл көзине көринеди. Жуманияз ләўзениң қорқынышлы бетәпшеринен қорыққай, маңлай шашы желкилдеген Тазагүл;« келебей, апам... жақшы көйеди...» деп, жалынып турғандай. Көзи илинсе, усы көринис және елеслейди. Сол ушын көзлерин жумбаўға тырысар еди.

Оның ет қызыўы жуўғарада пәсеймеди. Кирпиклери айқасса сандырақлайды, түсиниксиз бир нәрселер айтып, жылайды. Гейбир түнлерде Александр ҳаўлығып гүзетип те шығар еди.

—Жумагүлге тағы барып қайтажақпан,—деди ол бир күни азанда.

Бул да базар күни еди.

—Барып қайта ғой,—деп мақуллады Александр.—Ҳәзир ол тәўир болып жумысына араласып кеткен. Артелин де тиклепти. Бүгин де сөзсиз кеңсесинен табарсаң.

Александрдың болжаўы бийкар шықпады. Жумагүл кеңсесинде екен. Қапысы пышақ арқасы ашық. Дәлизде бир жигит турыпты. Үстинде аўыл дийқанларының кийими. Буның таза кийимлерин көрип бирден ишке кирер ойлаған еди. Иркилип қалғансоң;

—Сиз де Жумагүлге ме?—деди Турымбетке.

— Аўа.

—Сизден ҳәм қызлар қалың мал сорай ма?

—Ол не дегениң?

—Кийимиңе қарап айтып атырман. Бизиң аўылда сендейлер бийпул қыз алады. Ал мен қыз алайын десем малым жоқ. 196 ыншы деген статьясы бар қусайды, сол бойынша қалың малсыз, қыз әпереди дейди. Сол ушын бул Жумагүлден жәрдем сорайын деп келип отырман.

Турымбет мыйығынан күлди:



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Иште адам бар ма?

—Бир ҳаял бар.

—Тоқта, онда тыңлайық.

Екеўи үнсиз қалды.

—Мениң айыбым,—дейди өзге ҳаял даўысы.—Күйеўиме қарсы келгеним. Бир жола бизиң үйге бир топар баспашылар аўқатланыўға келди. Тамақларын берип бола сала сыптырылып шығып кетип, Қызыл әскерлер жатқан жерге хабар бердим. Ол қарада мени жас күнимде алмақшы болып, ала алмай мәрдикарға кетип, қызыллар менен бирге келген бир жигит бар еди. Соған болған ўақыяны айттым да қайттым. Келсем, күйеўим «ҳә, қатын, ҳә» деп, излеп атыр екен. Мениң изимше қызыл әскерлер келип үйди қоршап бәрин тутып алды. Бахтыма, бизиң үйдегини де әкетер ме, аўыл жигитиниң жәрдеми менен зорға шығартып алдым. Енди бәриниң изи басылып кеткен еди. «Сен бийопа қатынсаң», деп, күйеўим қуўып жиберди.

—Қапаланба,—деген Жумагүлдиң даўысы еситилди.—Әлжан суўшыдағы жеңгей қайтадан белин буўып, жумысқа шықты. Қызыңды бала бақшаға тапсыр да, өзиң артельге шәкирт болып кирип, машина тигиўди үйрене бер, ериңниң басында ақылы болса, изиңнен өзи келеди...

«Мени көрип турған жоқ па?»—деп, Турымбет кейинине бәсты. Соның арасында үш-төрт жастағы қызын жетелеген бир ҳаял иштен сөйлене шықты.

—Жүре ғой, қарағым.

Турымбет бурынғы келип отырған жигиттен алдын кирмеге бата алмай, дәлиздиң сыртына шығып тур еди, қолтығында түйиншиги бар, сыртқы көриниси аўыл ҳаялларына тән, қызыл гүлли жаўлығының мушын тислеген бир келиншек Турымбеттен Жумагүлдиң кеңсесин сорап ишке кирип еди, иштеги жигит тез күлип шығып:

—Жора, 196 ыншы статьясы бизге де жәрдем беретуғын болды,—деп, сол күлиўи менен Турымбеттиң тусынан өтип кетти. Соңғы келиншек бир саattай иркилди. Енди түсликке кетип қалмаса болғаны ғой деп, Турымбет биресе шағырайған қуяшқа, биресе билегине зорға сыйып турған дегерширтей саатына қарайды.

Есик шыйық етип ашылып, еки адамның бирден шыққан аяқ дүрсилдисин аңлап Турымбет кириўге асықты. Жумагүл иштен шыға алмай атыр еди, бирден қапыны ашып жиберген гезде екеўи соқлығысып қалды.

—Ҳаў!—деди Турымбет күлип. Жумагүл күлмеди, орнына да



www.ziyouz.com kutubxonasi

отырмады, гилтлерин баяғысынша қолында сыңғырлатып турыпты:

—Жумысыңыз?

Турымбет ойланып турмай, гүрсилердиң биреўине отырды:

—Жумагүл, өзиң бил, сөксең жүзим, урсаң жаўырным.

— Бул пәслик,—деди Жумагүл оған бир шекеленип турып,— Мен сени урыўға, сөгиўге қуштар емеспен.

—Тазагүл ушын?—Турымбеттиң жалынышлы даўысын еситкенде Жумагүл жығылып кете жазлап, өзин зорға бийлеп барып, қасындағы гүрсиге бир қолын таяныйп, отырды, бирақ бир аўыз сөйлемей бетин басып төмен қарады.

—Оқымаған бир киси, оқыған жуп киси, Жумагүл, сен меннен көп оқығансаң, ақылыңа сал.

—Усы гәпти саған айтқан адам менен ашылысып сөйлес.

—Бул сөзди Александр айтқанын қайдан билесең?

Жумагүл сәл жумсарып, езиўинен күлки изи билингендей болды. Турымбет басын көтерип ғарғанды;

—Әкемнин төли болмайын, расым менен келдим.

—Тил дегенниң буўыны жоқ, еркине жиберсең сайрай береди. Ҳәрким атаның баласы емес, адамның баласы болыўы шәрт.

Турымбет бул сөзге де ашыўланбады. Бирақ бир аяғын екинши дизесиниң үстине айқастырып қойып, ойға шүмип, сүйеги билинген жақлары қуўарды.

— Ат айланып қазығына келди ғой.

—Ат қазығына үш жол менен оралады. Биринши жем-жеген жерин умыта алмай келеди, екиншиси мәжбүрлеў менен келеди, үшиншиси ақылы менен излеп келеди.

—Өткенге гийне қылып жараның аўзын тырнай бермеши, Жумагүл.

Жумагүл кекетип, даўысын созыңқырап сөйледи:

—Ҳоо, Турымбет, жүдә шешен болыпсаң, Өткен күнлерди умытыў—бүгингини баҳаламаў болады, муғаллим?

—Мен муғаллиммен, бирақ әзи муғаллим екенимди сезип жүриппен. Мендей тул еркектиң балаларға үлги болаалмайтуғынында түсинип жүриппен.

Жумагүл оның сөзлерин исенбей кең жазық маңлайы жыйырылып жаўатуғын булттай түнерди.

Турымбет басын қасыды, аўзын сыйпалады. Белиндеги ушы пөпекли ақ жип белбеўиниң түйинин арман-берман қозғап тыпыршылады, қабағы биресе жабылды. Биресе ашылды, тикленди, мурнын услады. Әлле-немирде тилге келди.

—Жумагүл, мени сарсаң етип жалындыра бермесең нетти?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Мен сени жалындырып, өзим еркеклик рольди алып, саған ҳаял ролин бермекши емеспен. Сен бәрибир еркексең, мен бәри бир ҳаялман. Сениң ҳаялың болғаным, сеннен қыз туўғаным ырас!

—Ашық айтшы, Жумагүл, не қылайын?

—Арыслан болып өле бериў ҳәркимниң қолынан келе бермейди. Өз жүрегиңе ойлас, ақылыңа сал. Үйиңдеги Александр менен шынтлап кеңессең зыян таппайсаң. Ол сени анаў-мынаў батпаққа батырмайды.

Турымбеттиң кеўли жибисип, басынан кеширген барлық қыянкестилерди қалдырмай ақтаражақ болып турды да, өзин зорға иркти. Жалбарынды:

—Кешир, Жумагүл, Тазагүл ушын қосылайық.

Жумагүл қайтып сөйлемеди. Столдың тартпасынан бир жапырақ қағазды алып, оның қолына услатты.

Турымбет оның ой-пикири усы қағазда ма екен деп, қуўанып Жумагүлге жол берип кейин бәсти.

Кеңседен шыққан жерде Турымбеттиң бойы жеңил усаған еди. Базаршылардан бөлинип аўылға баратуғын жолға түскен соң, көкиреги йошып, қолына жумбаршақлап қысылған қағазды ашып оқып көрип еди, бийрәҳим биреў қаладан тас арқалатып жибергендей, бойын зил басты...

* * *

Жумагүлдиң оған услатқан бир бет қағазы Мәмбет молла жазып, көшелердиң бир бәндиргисине жабыстырылған «дағаза» еди.

Турымбет әкелип Александрға көрсетти.

—Инанасаң ба?—деди Александр оның қыялын анықлаў ушын.

—Адамның кеўли шошқаның гүркеси.

—Керисинше, сен буған қуўан...

Александрға кейнин айттырмай, Турымбет қызараңлады:

—Мен оны қайтадан алмақшы боламан, және бузықлығын еситип қуўанаман, ол қалай?

—Шыда ҳәм түсин? Бул Жумагүлдиң пәклигин ҳәм күшлилигин дәлийллейди. Душпан пәс болып, өзиниң бир қыл үстинде турған әззилигин сезсе усылай ислейди. Мине бул сол душпанлардың Жумагүлге күши жетпей, тапқан нас ҳийлелеринен бири.

Турымбеттиң көзлери диййўалдағы гилемниң ғарға туяқ нағысларына қадалып қалды...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 24.

Быйылғы жаз бул әтирапта көрилмеген жаз болды. Егинлердиң ҳәр түри атызларда ырғалысқан. Дөгерек көк жасыл, Кегейлиниң бийик ырашына минип қараған адамға ҳәмме жерге көк нағыслы гилем төселгендей еди.

Усы айналаның жанлы-жаныўарларының илҳамы Кегейли төппелеме болып, шимпилдеп аққан суўын зәҳәрли көзлерден жа сырғысы келгендей, еки жағасына урық пенен сүйрикликтен жал өсирген. Ығынан ескен самалға қарсы майда толқынлар дөретип, бийдай—ирең ылай суўын, буйиринтескен тарнаўлар менен тоғыртқаларға бөлшеклегенине наразы мақлуқтай, шымбыр-шымбыр сес берип, қайнаўытлап ағып турыпты. Урық пенен сүйрик аралас қос жалы ортасынан ийрек-ийрек арба жолдай жалтырап көринген бул арна үстинде, әнекей, жалғыз шағала өрлеп, қанат қағып киятыр. Ийеси тартып қалған қағаз пәтпелектей гейде өзин бирден суўға урып, және диң аспанға көтерилип, жемтик излеген қара тумсығын суў үстинен айырмай пәл-пәллейди.

Тап усы шағала иреңли минсиз ақбоз ат минген жекке жолаўшы шаршаған тәризли, мойнын төмен алып, әлле қандай терең ой менен Кегейлиниң шығыс тәрепин жағалап, шағала менен жарысқандай өрлеп киятыр. Аттың жүўени ердиң басына илдирилген, оң қолындағы қамшысы зәңгиликке салбыраған. Базда әстен-әстен ғана аттың саўрысына тийеди. Қамшыға зор бермей қос зәңгилигин басып жиберседе гүл мыйықлы телетин баўлы зәңгиге қамшының ушы шыңғыр етип тийип кетеди де, ақ боз ат жүриўин сәл тезлетеди. Үстиндеги адам және де ойға шүмсе, ат Кегейлиниң ишки қандегиндеги урықлыққа отлап кетежақ болып, тумсығын гейде әтирапына бурып-бурып оқыранады. Ийеси усыны сезип, қамшылы қолы менен жүўенин сәл тартыңқырайды да, еки зәңгилигин теңнен бир қысып, қәдимги ойына шүмеди...

...Округкомның соңғы мәжилисинде аўылларда жер-суў реформасын шешиўге таярлық бойынша аўылларға белсенди-ўәкиллер жибериўи шешилди. Жумагүл өзиниң балалығы өткен «Еркиндәрья» аўылын сорап алды. Оған қосымша Баймуратов «Бахытлы» аўылы менен Жумагүлдиң таныслығы ушын Хожанияз ҳаққындағы фельетонның жуўмағын жөнекей тексерип өтиўди де тапсырды..

Мине сол тапсырмалар бойынша Кегейлини жағалап киятырған жекке ақ атлы Жумагүл еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол барлық тумғуйық қыялларды бирден умытқысы келип атының басын шекшийтиңкиреп тартып аўылға нәзер таслады.

Әне аўыл, оның ең биринши ирет келин болып түскен аўылы, бетине ең биринши ирет ақ салынған аўыл ҳәм бахыт босағасынан киргизген, ҳәм бахыт босағасынан шығарған аўыл. Әне, анаў жаптың бойында Турымбетлер оны аттаң түсирип кеткен еди, ол сонда сол жапқа түсип қолын жуўған еди, айна орнына тынық .суўға қарап отырып шашын тараған еди.

Ол әстен жымыйып күлди. Сондағы келин болып түсиўин, сонда жалғыз басының тағдийрин шешиўге күши жетпеген келиншектиң бүгин пүткил аўыл тағдийрин шешетуғын мәселеге төрелик етиўге киятырғанын еслеп, бахытына ырзалық пенен жымыйып күлди. Және, бирден өз-өзине сораў қойды «Қызық, мени усы аўылға қандай күшли магнит тартты—ә?» Хожанияз мәселеси ме? Жоқ, Баймуратовқа фельетонды басқа биреўге тапсырыңлар десе де болатуғын еди ғой. Ямаса жалғыз анасының соңғы қәдемлери тийген жер болғанлықтан ба, МТС тың бәнеси ме, усы елден бахытқа батыл қәдем атлағанын елге көрсетип, даў шешиў ушын ба, ямаса оған жол силтеген Айтбай «большой»ды еске түсириў ушын ба, Турымбет ушын ба?... Жумагүл бул сораўлардың баслысын таппай, зәңгиге ширенип тура берди: Басына ораған ақ «узын шашағы» қара пәрең қызғыш ширайына сәўле түсирип, төрт ели жазық маңлайын оғада кеңейтип жиберген. Үлкен қара көзлери үстинде қосылып кеткен қойыў қара қаслары ашыўлы бүркиттиң қанаты янлы гә кериледи, гә үйиледи. Жас гезиндеги, тегараң күле ширай берсе, бетиниң алмасында пайда болатуғын күлегиш шуқыр орнында ҳәзир ийнениң узынлығындай сызық қалған еди, ашыўланса билинбей, йошланса ийнениң ушындай көринеди. Әтирапқа тигилген сайын йошланғандай болады. Бирақ ойшыл көзлериниң қарашығы бәрҳама биржерде турмай ойнақшып, қаслары астында әлле неткен қайғының ба, ямаса келешектен болған үмиттиң бе, изләри көрингендей.

Оның қыялы Кегейлиниң батысы менен шығысын және салыстырғысы келер: айырма жоқ сыяқлы. Бирақ өз аўылының сыртқы көриниси, азғана өзгерген. Бурын қазан ошақтай дөңгелек шуқыр болып көринетуғын бул аўыл ҳәзир басқаша, жерлер кең, жазық. Ылайдан салған тамлар көбейипти. Жайларының әтирапына жиңишке—қара таллар еккен, қара үйлериниң есиги алдында бир түптен гүжими бар үлкен отаў менен киши үйлери қатар тигилген қоқ тасынлы үйлер пайда болыпты... Ағаш бастырмалардың да саны көп. Шаңырағының орнын-



www.ziyouz.com kutubxonasi

да кесесине тасланган төрт ағаш қараўытып шошайған ылашықлар да аз емес. Егисликлер, дала. Шеңгел ҳәремли атызлар. Бурынлары үлкен ҳәрем байларда болатуғын еди, ал мынаў ҳәремлер кишкене-кишкене, гейпара орынларда бир танап, ярым танап қаўын атызлары да, жүўери атызлары да ҳәремленген. Базы бир жерлерге қаўын қослары тикленипти.

Ол нәзерин Дүйсенбайдың тамына аўдарды. Бул тамның әтирапы бурынлары Кегейлиниң рашынан қарағанда адамға айрықша сәнли, думандай терекли, жұрттан өзгеше атаўдай болып көринетуғын еди, енди ерик ағашлары қартайғанлықтан ба, бурынғыдай жапырақлы емес. Тек ушларында ғана көк жапырақлар көринеди. Жуўан шақаларының түплери де сары. Үйиниң қубла тәрепинде арғы басы бир қара көрим кең атыз жатар еди. Ҳәзир ол бөлшек-бөлшек. Бурынлары ортадан турпатгы қара үйдей ылай үйилип, оның үстинде жүўери қорыйтуғын палақпанны «ҳийилғақ, ҳийилғақ» деп, бақырып, палақпанды былғап бир шарт еттирип туратуғын еди. Сол үлкен диңгек орнында турпаты мардандай-мардандай киши ылай диңгеклер пайда болған. Аралары жүз-жүз елиў қәдемнен артық емес...

Аўылдың қубла тәрепиниң қорғаншасындай «Жаңа жарган» жаптың еки бойындағы қатара май кендир мисли тоғай.

Байдың отаўының да қунары қашқан. Үзиклери оқ тескендей тесик-тесик, ҳәр жеринен жамаў түскенлиги айқынланып тур. Тамның әтирапында ҳәр адымнан шарбақшының қазығындай, жигирма—отыз қазық шошайып туратуғын еди, орынлары таптақыр. Тамның арқа бетинде балалар ойнап жүр. Балаларға қараған қапының үстинде қызыл жалаў желбиреп турыпты. Бул жағы мектеп!

Ол Турымбеттиң жайына бурылды. Бул жайдың арқасы да, қубласы да егислик. Бирақ ол кимге дәрек? Белгисиз. Дүйсенбай менен үйиниң арасындағы бир еки ен бөздей ағарып жататуғын соқпақ ҳәзир гөнерип үстине шөп... шығыпты. Усы соқпақ ернегинде, бурынғы асқабақ егилетуғын жертөлеге жақын, Турымбеттиң тамының батыс тәрепинде әлле қандай бир түп ерик ағашы пайда болыпты. Сол ерик ағашының жаслығынан ба, ямаса байдың бағындағы барлық күш жалғыз түнке берилген бе, Дүйсенбайдың бир атыз бағынан, сол жалғыз түп ерик ағашы шырайлы. Байдың бағындағы ағашлардың гүлләп жасыл жапырақлары соған апарып жабыстырылғандай, күтә жемисли усаған: шақалары төмен ийилипти. Бул бир түп ерик қайдан пайда болған? Ҳәзир жерлер қандай өнимдар болып кеткен-ә? Тепсеңи шыққан соқпақ үстинде өсип турыпты. Бул



www.ziyouz.com kutubxonasi

не? Тәбияттың гәрдиши ме? Ол соңғы келип кеткенде де бундай ерик ағашы жоқ сыяқлы еди: Турымбеттиң ерик егемен, бағлы ҳәремли боламан деген нийетин ол еситпеген де. Бул кимнин қолынан келди екен? Дәстүрде ғарры адамлар қартайса ағаш егип, изинде ең болмаса көлеңкели терек қалдырып кеткенин мәп биледи. Ал Гүлбийке кемпир оңына қайтып, екти ме екен, ямаса Турымбеттиң өзи ме? Бәлким, оның оқыўдан кейин санасы өзгерген шығар. Әй, қойдем. Баласы оқыўға кеткенде, кемпири қарап отырмай, бир ақыллы ғаррыға тийип алған болыўы мүмкин. Бул әдис сондай питне ғаррылардың ғана қолынан келеди. Егер олай болса, неге көп етип екпеген? Бийшаралар нәлди қайдан табады? Атақлы Дүйсенбайдың «бағымның ҳәр бир түбин жоқары жақтан алдырдым» деп мақтаның отыратуғынын сырттан еситип, Жумагүл усы гәпке исенетуғын еди. Себеби, оның балалығы өткен «Жалпақ жап» тың бойындағы Зәрипбайдың елинде, қыз болып камалға келген «Еркиндәрья» бойындағы Қутымбайдың аўылында бундай жемис ағашлары болмайды. Бәлким, усы жалғыз түпти Турымбет Төрткүлден алып қайтқан шығар. Әне, бул ақылға муўапық келеди.

Жумагүлдиң нәзери бирден арқа тәрептеги мазарстанға аўдарылды. Әўлийешилик қумның арасында болыўына қарамастан бул кәрада да әлле қандай гүжим пайда болыпты. Неткен гүжим? «Ҳе, ҳе, ҳе,—деди өзинше, — бул Айтбайдың басына шаншылған ағаш болыўы керек. Ол да ҳәзир нәҳән гүжим болған,. Әтирапының барлық қараңғылығын өзине тартып, қара булттай дөнип, қураштай дөңгеленип тур... Анамның басына неге терек шанышпадым?... Жумагүлдиң көкиреги босасып кетти. Соңлықтан нәзерин дәрриў мазарстаннан өзгертти.

Әне, гөне жылғаның қубласындағы Төребайдың қақырасы. Әтирапы егислик. Бағдагүл менен бирге жүўери еккен атызынан үйине шекемги ажырық басып жататуғын аралық ағызлыққа айланыпты.

Төребай неге таза жай салып алмаған? Көмекши шақырыўды да, адам жалдаў деп, ойлап жүрген болыўы керек!.. Оның арқа тәрепинде, шетиректе, әйнеклериниң алды ақланған жай майда қамыстай жиңишке ақ терек пенен қара таллар арасында жылтырайды. Мине, бул аўыл кеңестиң кеңсеси болса итимал...

Айтбайлар отыратуғын шоқтың орнына үлкен бир жай тикленипти. Қаланың бир көшесин толайым әкелип қондырған сыяқлы. Узынлығы елиў, алпыс, ени жигирма бес-отыз қәдемге



www.ziyouz.com kutubxonasi

шамалас. Күн батысында жети әйнек бар, «Ҳа, ҳа, ТОЗ ағзалары биригип салған «Үлкен жай» усы болса итимал. Қәне, көбейсе сондай жайлар! Аўыллардың қаладан не айырмасы қалады? Басқа жайлар шашаў-шашаў. Ҳәр кимниң пайына жер тийген соң көмешине күл тартып кеткен ғой...»

Кегейлиге тийик Дүйсенбайдың бурынғы салы атызында пахта кетпенлеп жүрген бир топар еркеклерди көрди. «Әне, ТОЗ дың күши» деп, қуўанса да «арасында бир ҳаял жоқ-ә? деп, қыйланды. «Ҳаял болыўы тийис. Олар шықпай, атызға сән, жумысқа берекет енбейди...»

МТС қаяғында екен? Ҳо, әне, аўылдың шығысындағы тақырлықта бир пақсалық, узынша дийўаллар тикленипти. «Минс бул аўылдың келешеги»—деп ол мыйық тартты.

Оның гүллән ойы, нәзери, дыққаты қайтадан Турымбеттиң тамына аўа берди. «Өзи неге көринбейди? Аўыл арасында гөлегөйлеп жүрип партия менен ҳүкиметтиң қаўли-қарарларын, өзиниң үйренгенлерин адамларға неге үйретип жүрмейди? Неге ол жоқ? Ҳүкимет оны пулсыз не ушын оқытты, түсине ме екен?... Мен Турымбетти неге айыплап турман?»—деди және өзинше. «Ол еле өрмекшиниң аўынан шыға алмай жүрген шыбын болса? Өткен сапары мен берип жиберген «дағаза»ға кеўли исенди ме екен? Мүмкин, қәтелесермен. Меники не, суў көрмей етик, шеш ип? Алдыма және келсин. Турымбет неге есимнен шықпайды?» Ол соңғы сораўына жуўап излеп, қолы босасты. Ал, Аты урықлыққа отлап кетти. «Турымбетти ойлаўымның неге кереги бар? Ашықлығым және басланғаны ма? Усы емес пе еди, Қызкеткенниң сағасында изимнен оқ атқанлардың бири? Жоқ, ол бир елес болыўы мүмкин. Егер ол анық мылтық атып, өлтире қояйын деген ниетте болғанда оқыўға барар ма еди? Есерсоқ [illegible] лмай ер болмас деген. Қудай мениң қызымды әкесиз жасата бере ме, еси енген шығар енди. «Кисини оқытыў ушын өзиң оқы, үйретиў ушын үйрен, ақыл бериў ушын ақыллан, мин тағыў ушын минсиз бол. Ҳаял адам ана екенин умытпаўы керек. Адамзаттың сағасы ана... Усыларды кимнен еситтим-ә?.. «Жумагүлдиң қыяллары шашырап кетти: «Аўа минлимен. Кисиге хожалығыңды бузба деймен, ал өзим ше? Жесир қатын. Жарты дийўал жөнинде айтқанымды Александр түсинди ме екен? Түсинген шығар, Турымбет алдыма шынтлап келе баслады ғой. Турымбетти енди мен тәрбиялаасам-ше?!..»

Жағадағы сүйрикке отлап, шамбыр-шамбыр суўға түсе баслаған ат ойын бөлип, және дизгинин тартты. Бирақ бул ҳәдий-



www.ziyouz.com kutubxonasi

се баспақ баққан күнин еслетти: «ҳарам қатқыр баспақлар үсти қаймақласқан музлы суўға түсирип еди. Сен мениң әптадалық пенен пияда кеткен елиме атлы киятырғанымда, суўға жығажақсаң ба?»... Балалық қыялына ол күлимсиреди.

Буннан бес-алты жыл илгери усы кәрадан қараған адамға бәлек булыттай тереклик көз ушынан көринер еди. Бул бөлек тереклик «Ийшан қала» еди. Ҳәзир ол көз тартпайтуғын болып қалыпты. Оның орнына «Бахытлы» аўылынын арқа таманындағы бурын сийреклеў орналасқан аўыл көркейип кетипти. Булыттай тереклик көп. Қоралары жаңаша, бурынғы қамыс қоралар жыңғыл қоралар менен аўмасқан. «Бул да елдиң тоқлығының белгиси. Еркиндәрьяның бойындағы ел ҳәзир қандай екен? Қаладан жүдә шеттеги аўылда Өтамбет палўан ҳеш нәрсе ислей алмай-ақ жүрипти... Еле баяғы қамыс қоралары шығар...»

Әне, қабақ арқалаған биреў ыраштан төмен түсип баратыр? Бул ким? Гүлбийке кемпир... Кийимлери жаңарған, Ўай, бул кемпир гилең бир қыйлы қабақ егеди. Мынаўсы да баяғысындай заңғар! Ҳә сений, баўы үзилип кетип, паңқ ете қалса, ҳәзир! Сонша нәҳән қабақты толы суўы менен қалай көтерип киятыр? Тыңлады: «шылп-шылп.. шылп». «Бийшара, ярым қылыпты-аў»..

Кемпир ыраштан төменге түсип қабағының баўын жыйнақластыра бергени, ақ атлыны көрип қалды, оның үстиндегиниң я ҳаял, я еркек екенин абайламай, босаған бир қолы менен көзин көлегейлеп бир қарады да, «ҳаял түсли еркектен сақла» деп, гүбирлениўи менен, қабағын шылпылдатып кете берди.

Жумагүл мырс етип күлип, атының жүўенин силкип жиберди де, ыраштан түсти ҳәм әйнегиниң дөгереги ақланған аўыл кеңестиң кеңсесине қарай бурылды...

## 25.

«Аўылға Жумагүл келди. Ертең ўаз өткереди» деген хабар аўылдың барлық мүйешине ушып кетти. Буннан Қалий бийхабар еди. Себеби ТОЗ ағзаларының бәри МТС қурылысына кетип, оған, «сен бүгин жүўерилерди суўғар» деп, егинниң басына жиберген еди. Олай болмағанда да ол ҳәр сөзге қулақ ербеңлете бермейтуғын адам еди. Жети қызының алды ер жеткен соң олар жөнинде биреўдиң насақ сөзин еситип қояман ба деп, қорқады. Базда өз-өзинен ашыўлы, жаўатуғын булыттай түнерип өз үйине өзи қонақ усап малдас қурынып, төрде шоштыйып отырады, базда булыттан шыққан қуяштай ашыла қояды да. Қызларының аңлығаны әкесиниң қас-қабағы еди. Егер ол ашыўланып отырса, шай көрген шөжелердей, я үлкен әжепасы Нурзә-



www.ziyouz.com kutubxonasi

даны, я анасы Айзаданы дөгереклеп, бир-бирине тығылысады. Өйтпесе ақырет еситеди...

Қалий, өзинен басқа еркеклер биригип, саўат ашыў ушын келисимге келгели де қапа, ашыўлы еди: «Қартайғанда не үйренемиз? Әй, соқыр қудай»... Мурнының ушынан моншақ-моншақ тер шығады. Маңлайын жеңи менен сыпырады. Көзлерине жас келеди. «Ҳүкимет дәўиринде ең болмаса бир ул берсең қайтеди, қудай-әй. Оқытар едим. Халық қатарына қосылар едим. Бизиң үйге дәўлет қусы қонар еди»...

Оның бул сарсығын умыттыратуғын нәрсе Хожанияздың газетада жазылғаны еди. Есине түссе, өзинен-өзи қуўанып кеўиллене түседи. Ал гейде, қызларының ең кишкенесин алдына алып зарланады:

«Бирадарыў, досыў яран, ешитиң арзы-дадымды,

Бул ишре дүнья ғам-гүм болмаған барма екен?...»

«Әй, әттегене, буны айтқан Әжинияз шайыр заманының қайғы-ҳәсиретине налынып иши қайғыға толып жасаған адам екен ғой, я мен сыяқлы улсыз болды ма екен»—деп гүңиренер, көзиниң жасын сыпырып алар еди.

Ақшам жүўери атызларын бир қайтара аралап, күндиз уйықлап қалмаў ушын көк чайды басыңқырап ишиўге қайтып киятыр еди, «Үлкен жай»дың көлеңкесинде қараўытып турған көлеңкени көзи шалды да, «уры мекен?» деп туўры үстине қарай келе берди .Қасына жақынлағаны көлеңке еки бөлинди де еки жаққа бөлинип қашты. Бири «Үлкен жайға» сүңгип кетти, оның қайсы жайға киргенин абайламай қалды, себеби далаға қарай қашқаны иркилип, жерден бир нәрсени алмақшы болып атқан еди, соған бөлип силтеў менен ҳәлекленди. Бәри бир оны да тута алмады. Бирақ, оның еңкейген жеринде қараўытып қалған нәрсени алып қараса бас кийим. Александрдың кепкасы! «Ўай, бул не қылып жүр, жаңағы қушақласып турғаны мениң қызым болмаса [illegible]»... Ол асығып үйине кирип еди, қызы ошаққа от жағып ҳеш теңе көрмегендей болып отыр. Кеўлин жаманлыққа бермейин деседе шыдай алмай, чай ишиўге қарамай кетип қалды. Түни менен жүўери атызларын аралап жүрипте тақаты болмады. «Бунын бәрин ҳаялым биледи, соның ғана жанын алайын» деп таң ата үйине қайтты.

Ҳаялы қораздың биринши шақырыўы менен турып қамыр ийлеп атыр еди, келди де ыңсыз-жыңсыз тепкиге алды.

Ири геўдели ҳаял оның анаў-мынаў тепкисине дәрпенбейтуғын еди, қамырлы қолы менен аларып қарады:

— Бул не, қорықта сени жин урып кеттиме?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Нәлетий, үндеме,—деди Қалий және тепкини күшейтип.—Жети қыз туўып жулыныма жети пышақ суғып қойғаның азбе-ди? Ҳа, аз беди? Енди неге сол пышақларды қыймылдата бе-ресең. Өлетуғын болдым ғой.

—Ҳәй, неўе дейсең?

—Өлим деймен! Қызды тый деймен.

Өмири туўып ерине қарсыласып көрмеген Айзада қәҳәрле-нип, қамырлы қолларын сыпыраға .сыпырып, самарды сәл ысы-рып қойды да, туў сыртынан сәдделеп турған Қалийдиң киши-кене аяғынан шарыппа тутты. Бундай болады деп ойламаған Қалий келте соңғы тамыры шабылған геллектей шалқ ортасы-на ыңқ етти. Айзада арысландай ыңырсып оны қапсыра қушақ-лады:

—Саған менде көрсетейин көримди. Сен ғой тәкирлеп, мий-ымди айландырдың.

Қалий қақпанға түскен қояндай тыпырлап, олай-булай жул-қынып, аўзына не келсе қайтармай, сөгип атыр, сөгип атыр. Ҳа-ял оның сөгисине де қарамай аяқ қолын табжылтпастан, асты-на басып отырып, басындағы алты қослы гөне айдыллысын ше-шип алды да, Қалийдиң қолын денесине қосып, шандып-шандып бир байлады ҳәм дастықтай көтерип апарып, жүктиң үстине узынына жатқарды:

—Ал енди, күшиң болса шығар. Жалынбасаң жаздырмай-ман...

—Жалынбайман, ал. Тап усыннан аяғым жерге тийсе, ас-тыңды жер, үстиңди тепки қылмасам, еркек емеспен. Соны бил, соны!

Ҳаял селк-селк күлип, қамыр ийлеўин даўам етип отыра берди.

Кеўилли күнлери «үлкен жайдағылар» ҳалқаста да биргеле-сип, бир үйден аўқатланатуғын еди. Орынбай қапысын ашып басын суқты.

—Қалий!

Қалий жүктиң үстинде кирпидей жыйырылып бетин иргеге қаратты.

—Айзада, Қалий еле қорықтан келмедиме?

—Яқ, келмеди.

Орынбай қапыны жапты. Қапы ашылғалы еркеклик намысы қысып жаны көзине көринип атырған Қалий қапының жабыл-ғанын көрип жанланды.

—Айтпағаныңғой жақсы болды, қатын, сонда да босаған сә-әтте бәрибир аямайман. Астыңды жер үстиңди тепки қыламан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Айзада түргелип оны жүктиң үстинен түсирип, шандып буўған орамалын шешип алды да қапыны ашты.

—Сақаллы қурдас, жораң келди.

Қалий-үсти басын қағып-силкип асығыс далаға шықты да, ҳеш нәрсе болып өтпегендей Орынбайдың ҳаялына дегишти:

— Палбий, торағың барма?

—Ҳәй, сен қаяқтан өттиң?

—Көз байлаўшылық илимим барын билмейсең бе?

Орынбай әллеқандай сыр билетуғын секилли төмен қарап мырс-мырс күлди.

—Мейли, ҳаял, торақ бер, ашшыласа силкинип-силкинип узаярмекен?

Палбий шубар ешкиниң терисинен исленген тулыпты Қалийдың алдына қойды.

—Ҳәй, қурдас, мына тулыптан неге Орынбайға сақал ислеп бермейсең?

—Сақал болса өтирик сөйлей алмай жүктиң үстине көзим түскенин жасыраалармедим?

Қалийдиң жүзи бурыштай қызарып, гәптен қалды. Орынбай енди оны көп қысындыра бермей гәпти бурды.

— Бәле, бүгин кеўиллисең, азанда қорықтан шығып Жумагүлди көрип қайттың аў, шамасы?

Қалий ҳайран болды;

—Жумагүл деген ким?

—Жөги бол ә?—деди Орынбай.—Еситпедиң бе? Бүгин Жумагүл келди. Баяғы Турымбеттиң ҳаялы ше? Ҳәзир окружкомда женотдел деген жумыста ислейди. Ертең ўаз өткереди, ҳәмме барамыз.

—Бизлер ҳәм қалмаймыз,—деди ҳаяллардан бири.

Қалий ҳаял даўысын жақтырмай өз сораўы менен болды.

— Женотдел деген не екен?

— Билмейсең бе?—Орынбай билгишсинди.—Сениң, бизиң ҳаялдың, қулласы округтеги ҳаял-қыз тухымының ҳәкими. Ҳаялыннан айрыламан дегенлердиң де сазайын берип атыр дейди.

Жүрек дүрсилдисин қәйтип басарын билмей жүрген Нурзаданың жаўырыны тамға сүйелгендей болып, Жумагүл жөниндеги әңгимениң бола бергенин тилеп отыр еди, әкеси Қалий қәпелимде шырт етти.

—Ҳей қатын, торақты неге оңлап езбедиң?

Айзада ериниң ашыўланғанын қоңсыларына сездиргиси келмеди ме, ишке кирип кетти. Қалий де изинен кирди. Сөйтип



www.ziyouz.com kutubxonasi

олар арасындағы мәлел күни менен даўам етип, екеўи еки жерде томпайысып жатып қалды.

Шыра ерте өширилди.

Нурзада кешқурын суўға баратырғанында бир топар адамның МТС қурылысына қарай кетип баратырғанын көрген еди. Әсиресе Жумагүл менен Александр, бир-бирине жақын ийинлесип, сөйлесип өтип кетти. Тыңлап тура алмады. Соған ба, иши ашып жатыр. Өзи менен қатара бир көрпени жамылған үкелери әллеқашан уйықлап қалды. ал онында көзлери уйқыда, көкиреги ояў, көрпе астында демигип бир нәрселерди сөйлеп атыр.

«Жумагүл апа, сен неге МТС жигит пенен ийинлесесең?.. Шашы желкилдеген орыс балаҫына сен де ашықпысаң? Арманырақ жүр, бул жигитлердиң сересине асылма! Сен, Александр, өзимнен сорап жүргенше неге келе бермейсең... Айыбым не? Тил билмеўме? Аўылда сени жаман дейтуғын ҳеш ким жоқ. Кисини жақтырмайтуғын Гүлбийке кемпирге шекем мақтағанда аўызынан суўы ағады. Бәлким, Жумагүл сени излеп келген шығар. Ол Турымбетти биротала қойып кеткен гой. Сөзсиз саған. Әй... Жумагүл апай, сен бизиң арамызға түспесең нетеди? Александр, сен неге мени түсинбейсең? Ҳәссеңий, узын бир сым болып жүрегимнин дүрсилдисин еситтирер ме едим саған. Рас-тан да Жумагүл сени излеп келди ме? Оның мәргия шөби бар дегени рас па, я артықлығы оқығаны ма? Егер оған бурылып кетсең не қыламан? Бәлким, өлермен. Онын қасына қас, өшине өш, оқыўға кетсем не қыласаң? Сонда да Жумагүл менен ийинлесесең бе? Мени аямайсаң ба? Турдыгүлдей болып қалсам ше? Мейли, боларман. Буйтип ишқыста болып жүргеннен қара жер тислеген артық. Нәтинде дем алысқа келмеспен. Тоқта, неше жыл оқыйман. Александр, сени таслап кетемен бе, сонда. Қоя гөр... шыдамаспан. Жоқ, оқып, оқып мен де женотдел болсам не қыласаң? Соннан соң меники боласаңба? Меники меники...»

Қоңсылардики бос турса да, дигирманды бәнелеп Турымбеттикине кете беретуғынынан ақ Нурзаданың ишки сырларын анасы уғатуғын еди. Бирақ ол жөнинде қызынан туўрылап, ҳештеңе сораған емес, сораған менен қолынан келер ҳийле жоқ, әкеси қызын орыс жигитке бериў түўе, оқыў жөнинде әңгиме болса қырға шыққан бөргедей шапшыйды:

— Көзимниң тирисинде нашарды оқытып, халыққа күлки, бий аброй бола алмаспан.

Айзада қызының сандырагын әкеси еситип қойыўынан қорқты:

—Нурзада, үкеңниң үстине көрпе, жаўып жибер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыз басын көтерип, өзине жақын жатырған кишкене үкесин баўырына тартып, екинши бүйирине аўдарылып түсти.

## 26.

Аўыл кеңестиң кеңсесиниң алды таң азаннан ҳәрекетке кирди Жигитлер атлан-шап. Ыссыға қарамай, селкилдек шөгирме кийип маңлайлары шып-шып терлеген адамлар жуўырысып жүр. Асығыста бир қос шаршыны басына тарта салған, әйналасы қыштырғышлы ҳәр қыйлы дегелей кийген егеделер жасы кишилерге көрсетпе берип, әлле нәрселерди сорап, ҳәр жерде топ-топ болып турыпты. Бала жетелегенлер де бар. Жас жигитлер шыпта, кийиз қолтықлап келип, кеңсениң алдындағы қуяшламаға төсеп атыр.

Той-мереке болып, бақсы, жыраў айтылатуғын болса аўылда бүгингидей ҳәрекет болатуғын еди. Ҳәмме бақсыға асыққаннан да бетер, шалт қыймылдап, асығып киятыр...

Бир ат арба әкелинип, кеңсениң дийўалына жақын қойылды. Оның алтақтасына қызыл гилем, көкирегине қурақ көрпешелер төселиўде...

— Жумагүлдиң демине нан писетуғын болыпты,—деп сыбырласады сырттағы биреўлер.

Төребай, Александр, Сейтжанды баслап киятырған Жумагүл көринди. Жаўдырасқан көзлердиң бәри сонда. Биреўлери оның қынама белли қара костюмына, екиншилери қызыл атлас шайы көйлегине, үшиншилери қара етигине, төртиншилери оның қарапәрең жүзине қарасып, ҳәр адымын бақлап отыр.

Олар арбаның алтақтасына шықты. Шеп жағында Александр, оң жағында Төребай менен Сейтжан отырды. Жыйналысқа Бийбиайым да келген еди. Жалғыз ҳаял болғаны ушын ба, оны Жумагүл қасына-алтақтаның үстинде отырыўға шақырып алды. Еле ол аўыл ҳаялларының кийиминде еди. Басын ораған, үстинде кең етекли, жеңи кең көйлек. Мурнында әребеги де бар. Турымбет пенен Хожанияз батрашком алтақтаға шығыўдан гүлер үзип, жерде, бирақ ҳәмменин алдындағы қатарда малдас қурынып отыр еди. Жумагүлдиң ескертиўи бойынша Төребай Турымбетти шақырды.

— Муғаллим, мынаяққа шық!

Ҳәмменин дыққаты өзине аўғанын сезсе де, Жумагүл албырамады. Алтақтаға минип, жүзин тикке адамларға қаратыўы менен бурымларын желкесине түсирип, бир тартар менен отыр. Александр қадимгисинше жалаң бас, Төребай маңлайы бийик сур шапкасын қапталына қойды. Сейтжан қара тақыялы, ал-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тақтаға жақын төңкерилген келиге Турымбет қонақлады. Оның кең ақ көйлегиниң жағасындағы көгис нағысына, ушы бир қана пахтадай пөпекли ақ белбеўине адамлар бир қарады да жәнe Жумагүлге нәзер аўдарды. Турымбет өзин бираз бийжағдайлықта сезип, ара-тура шашын сыйпап қойып, еки көзин аяғындағы қара ботинкаларынан айырмады...

Төребай жыйналғанларға қалша қарап, бәрин бир мәртебе көзден өткерип шығып;

— Аўылласлар!— деди даўысын көтерип. Ҳәмме ләм-мийим қатып, мыш-мыш сыбырлылар шорта кесилди.

— Аўылласлар!—деп, ақсақал және тәкирарлады.—Кеңес ҳүкиметиниң әдил сиясаты арқасында, бизиң арамыздан түлеп ушқан Жумагүл Зәриповаңың келиўине байланыслы жыйналыс ашық. Өзлериңизге белгили, Төрткүлде оқыды...

Отырғанлар жабыр ете қалды.

— Таныймыз өзине сөз бер!

Жумагүл отырып сөйлеўди нақолай көрип, алтақтаның үстинде тикейди. Бет алды тәрептен азғана самал есип, бир тартарының ушын, көйлегиниң етегин артына қарай желбиретти.

— Жолдаслар, туўысқанлар, ағайинлер, аға-инилер!—Ол ҳәр сөзин жүдә салмақлы етип баслады.—Мени ҳәммеңиз билесиз. Сизлердиң араңыздан шықтым...—деп, сөзин даўам етип кетти...

Халық силтидей тынған. Турымбет қалтасынан төрткүлли ақ орамал алып, мурнына басты да «киң-киң» еткизип, сиңгирди ҳәм қалтасына салып қойды. Көзлери астынан Жумагүлге қарап және көпшиликке бурылды. Отырғанлардың арасында оның да ҳәрекетлерин бақлап отырғанлар бар еди. Оның ылас орамалды қалтасына салғанын көрип «мынаў мурны боғын қалтасына жыйнаң, тазалықлы болғаны ма екен? дести сыбырласып. Бул Турымбеттиң де қулағына сап етти. Сыбырлы шыққан қатарда отырған Дүйсенбай гә артына бурылып, гә көпшиликке гә Турымбеттиң кейпине, гә сөйлеп турған Жумагүлге, гә ойлы Александрға, гә көпшиликтиң алдында ақ қуба шырайына қан теўип, қызарып, Жумагүлдиң сөзине аўзы ашылып отырған Бийбиайымға ҳәккедей тез-тез қарайды. Соң Турымбеттиң бетинен биразға шекем көз алмады. Әллен ўақытта көзи ушырасқаннан кейин, не екени белгисиз, Турымбетке бир нәрсени ымлағандай болды да, және Жумагүлге бет алды.

—...Көсемимиз Ленин «пролетариат, ҳаял қызлардың толық азатлығын жеңип алса ғана, толық азатлыққа ерисиўи мүмкин» деп көрсеткен еди...—Жумагүл ара-тура алақандай қағазға бир



www.ziyouz.com kutubxonasi

қарап сөйлеп турыпты, ол сондай йошлы, сөзлери үйирсекли, гәплерди жүдә қуйқылжытып атыр...

Дийқанлар қаттырақ дем алып жиберсе, оның пикирлерин еситпей қалып шырышты бузатуғынын түсинип, көкиреклерине қолларын салып отыр. Жөтелгиси келгенлер аўзын басады. Гейпаралар қасында адам отырғанларын да абайламай, ылайдан салған сүўретлердей қатып, аўызлары ашылып қалды. Орынбайдың да еки көзи арбаның алтақтасында, алға еңтерилиңкиреп қызыўлы сөйлеп турған Жумагүлде. Оның үйреншикли үлкен қоллары қалтасынан насбай излеўде. Бешпентинин өне бойын қармаңып шықты. Қапталында баласындай болып тығылып отырған Қалийди умытып, насыбай қабақ излеген қоллары өз қалтасының аўызын таппай, Қалийдиң желкесин сыйпалады. Қалтамның аўзы ма деп оның көйлегинин жағасынан мойнына қол суғады. Ешейинде шыбынның қонғанына селк ете қалатуғын Қалий мойнын тырнап атырған Орынбайдың жабадай ири қолларын сезбей,мойныма бир нәрсе өрмелеп жүр ме дегендей, Орынбайдың, қолының үстине сарт еттирип урып отыра берди. Ара-тура қытығы келип, мойнын ишине тартып ғыржыйтады, басын силкеди. Қолынын үстине бир-еки шаппат тийген соң Орынбайдың қолы желкеден тайып, Қалийдин тар қалтасына тығылды. Сыймай атыр. Басады, сыймайды. Олар менен қатар отырған Салый устаның да аўзы ашылған, езиўинде нанның усағы жабысып қалған екен, көрмепти. Бир шыбын биресе нанның усағына қонып, биресе аўызына кирип шығып атыр. Ол Орынбай менен Қалийдиң ҳәрекетлеринен де бийхабар. Қыйық көзлери алтақтада. Дүйсенбай отырған қатардағы дийқанлар да сол кейинпте. Тек ғана Мәмбет молла шибиш ешкидей тыныш таппай, Жумагүл қатты сөйлесе соған қарап, даўысын пәсеңлетсе, Дүйсенбайдын май қарындай жыйырылған жылтыр буғағына үңилип, базда қапталындағыларды сықақламақшы болып түрткилеген менен, өзинен басқа ҳеш кимниң дыққатын өзине аўдара алмай отыр еди. Ол шыдамай Салый устаның қулағына шертип жиберди.

—Аўзыңды жап, шыбын услайсаң.

Ҳеш ким Мәмбет молланың гәпин еситпеди, күлиспеди, сыбырласпады, Салый уста ернин қымды да қойды. Бир ўақытта молланың дөңгелек уры көзлери Орынбайдың қармаланып жүрген қолларына түсти.

—Әй, Қалий мыртық,—деди ол шалғайынан тартып.—Қалтанда пулың болса айрылдың!

Усы мәҳәлде адамларда азмаз қозғалыў пайда болайын деди. Ҳәр ким белдемесин, қалталарын сыйпады. Ал,Қалий қалтасына



www.ziyouz.com kutubxonasi

үнилип, Орынбайдың сыйғыза алмай атырған ири қолларын шап берип услады.

— Бул не?

— Ҳаў!—Орынбай уйқыдан оянғандай селк етип Қалийдиң кишкене қолын қағып жиберди де өз қалтасына қол суқты.

Бирақ насыбайды алақанына салыўға тәэти жоқ, еки көзи алтақтада, насыбай қабағын аўзына төңкерип, екшеп атыр, екшеп атыр. Аўызы толып кетип қатты шақалғанлықтан қасындағылардың аўызларына, көзлерине бүркип алып, азмаз қыймылды пайда болды да, бир еки адам жөткиринип тыныш тапты. Адамлар арасындағы азғана қозғалаңнан пайдаланған Мәмбет молла және гүбирленди:

— Ақырдың ўағында ҳаял ақылгөй болады деген усы. Сирә ақыр жақынлап қалған ғой...

— Тыныш! —деген буйрық пенен бир жуўан жудырық Мәмбет молланың сүйеги шыққан жаўырынына дүңк еттирди.

Мәмбет молла бир урғанның ким екенин билиў ушын артына бурылып атыр еди, жуўан жудырық шаппатқа айланып, оның гөне сыпырадай жағын алтақтаға қарай бурды.

Жумагүлдиң даўысы және күшейди.

—...Жолдаслар! Пүткил езилген халықлардың атасы, досты, устазы, адамның адамы, көсемимиз Ленин 1921-жылы июнь айында Шығыстың мусылман ҳаял-қызларының ўәкиллери менен ушырасқан соң өзиниң өмирлик жолдасы Надежда Крупскаяға: «Ең төменги қатлам көтерилди, енди бизиң елимизде социализм тәмийин етиледи» деп қуўанған. Ал усы уллы адамның қуўанышына ылайық қарақалпақ аўылларында не исленип атыр?...—Ол округтеги ҳаял-қызлар арасында жүргизилип атырған,енди жүргизилиўге тийис мәселелерге тоқтады.

Бул жерде де рус революционерлери ҳаққында, Надежда Крупская ҳәм Клара Цеткин ҳаққында сөйледи. Буннан кейин большевиклер партиясы менен совет ҳүкиметиниң көп миллетли совет халықларының мәдениятын көтериўге қаратылған планлары жөнинде жаңалықларды айта баслады...

— Бунның ерни бурын қалың емес пе еди? ...

— Жүўени мойнында болған соң ҳәр кимге сүйдире-сүйдире жуқарып қалған ғой. Дүйсенбайдың жесири Бийбигүл енди тәжжалдай уўдырлатып-жуўдырлатып келетуғын болған...—деди Мәмбет молла артындағы жудырықтан қорыққанынан күтә әстен сыбырланып.

— Жолдаслар, әне, машина трактор станциясының тырнағы салынып атыр. Бул ушын рус халқына, оның арамыздағы ўәкили Александр Александровичке саңсыз рахмет. МТС питкен-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нен кейин «темирдиң пири ҳәзирети Дауыт» деп, көз жумып, исенип жүргенлер, темирдиң пири ким екенин көзи менен көреди.

Жумагулдиң гәплери кем-кемнен ҳәммени үйирип, шүйиркелестире берди.

—Бирақ усындай өскен аўылда бир өкиншли нәрсе бар, ол да болса усы жыйналысқа ҳаялын—өмирлик жолдасын ертип бир еркектиң келмеўи . . .

— Әне бузды. .—деп Қалий гүбирленди. Ким не дер екен деп, аңлып отырған Мәмбет молла оның сөзин қақшып ақ алды;

— Еле несин көрипсең, қыл таққан сон аңқылдайды, деген. Өзиниң бийабройлығы менен турмай, өзи жығылған гөрге, басқаларды да тарта жақ. . .

— Отырасаң ба, я шығып кеткиң келип отыр ма?—деди молланың шеп қапталындағы бир дийқан. Мәмбет оған көз қыйығы менен қарап, қақпаштай алақанын аўзына қақпақ қылды.

...Жумагул сөзин тамамлай келе қолындағы бүклеўли газетаны жайды. Бул газета Хожанияз батрашкомның надурыс қылықлары ҳаққында фельетон басылған газета еди. . .

Газетаны даўыслап оқып, оған жуўап ушын Хожаниязды өзине сөз берилди. Ол жүдә салмақ пенен тикейди. Арқасын алтақтаға тиреп көпшиликке дәмели көзлери менен бир қарап алып, ойлы пишинде:

— Мениң аўылласларым, өлим менен қуўанышымның серикле͏ри. . .—деп асықпай гәп баслап, отырғанлардың ҳәммесин көз бенен бир қатара шолды. Аўзын сыйпалады. Дүйсенбай таманға қарап, оның «сөйлей бер, тартынба» деген ымын көрип алған соң өзин меңгерди, әдебинде қалтырап шыққан даўысы биротала ашылды.

— Биз қарақалпақлар! . . . —деп даўам етти Хожанияз қәдимгисинше. Солай етип ол өзин қарақалпақтың ҳақыйқый жан ашыры етип көрсетиўге урынды. Халықтың өткен дәстанлары, өзи билетуғын атақлы бийлери менен батырларын қалдырмай мақтаныш етип атап өтти. Қайтама автоном болғалы миллеттиң гейпара өзгешеликлери жоғалып баратырғанына қыйналған болып, усыларды айтқаны ушын гейпара «түсимсизлер» оны орынсыз критикалайтуғынын айтып, еки гәптиң басына бармай «биз қарақалпақлар, биз қарақалпақлар», деген сөзлерди қайта-қайта тәкирарлап, гәпиниң дәмин қашырса да, бул батрашком өзин биротала көрсетсин деди ме, Александр менен Төребай үндеместен, бирақ жығырданлары қайнап отыр еди, Жумагул шыдамады.

— Жолдас батрашком! Тийкарғы мақсеттен шығынып, ким-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лерде қандай сезим оятқыныз келеди? Исиниз, қылмысларыңыз бойынша айтын!

— Қойсаңа, Хожанияз!

—Неге көпирте бересиз?

— Қысқартсын!...—десип шуўласты көпшилик.

Күнге күйреген билеклери женсиз бөз бешпентинен толық көринген дийқан ушып түргелип, көпшиликтиң ҳәмирин басылдырғысы келгендей даўысының барынша бақырды:

— Сизлердики дурыс емес! Хожанияз сөйлей берсин. Ата жолын қуўатлап, өз миллетин мақтаныш еткен адамның неге аўзын қақпалайсыз?

— Әй, сен, көп былшылдамасаңа!—деп шолақ бешпентли менен қатар отырған онлаған қоллар оның шалғайынан төмен тартып, күш пенен отырғызды. Ҳәр қайсысы ҳәр жақтан сөйленип атыр.—Жениңди усы ўақытқа шекем шолақ қылғаны азба еди мақсымлардын?...

— Тағы айтатуғын гәпиңиз бар ма?—деди Төребай Хожаниязға. Хожанияз исинип, сөйлеместен орнына отырды.

Жумагүл «сизлер не дейсиз?» дегендей қапталындағы жолласларына қарап алып, олардың «сөйлей бер» дегенин көз қарасынан уғып қайтадан сөйледи:

— Ҳәр бир халық өзинше жаўынгер, ҳәр бир миллеттиң өзгешелиги бар, буны ҳеш ким бийкарламайды, жолдаслар. Мен жақында Бердақ шайырдың «Болган емес» деген қосығын халық аўзынан жазып алған едим, сонда.

«Қарақалпақ халық болғалы

Халық атағын алған емес...»—депти шайыр. Мине, сизге буннан алпыс-жетпис жыл илгери Әмиўдәрьяның аяғындағы қол шаршыдай бир қолтықтың қамысын жарып шыққан шайыр ҳаўазы, шайыр зары,—деп Жумагүл бул қосықты күтә айрықша жош пенен және бир рет тәкирарлап еди, он тоғызыншы әсирдиң орталарында бағ табалмай әрманлы сайрап кеткен бүлбилге қайтадан жан ендирип, әлемге жар салып атыргандай сезилди ҳәммеге.—Мине, дослар, әдалатсыз заманның торында халқы менен бирге жасаған адамның өз халқының тәғдирине берген баҳасы... Емин-еркин сайраўға бағ излеп, бүлбил атағын алғысы келген ҳақыйқат бүлбилдиң бул зарлы ҳаўазы тек Октябрь революциясынан кейин ғана еситилди, әрманы иске асты. Қарақалпақ халқының әсирлер бойы еткен әрманы орынланып, халық деп мойынланды, өз алдына миллет болып таныдды. Өз тәғдири қолына берилип автоном болды. Енди советлик қарақалпақты пүткил дүнья билетуғын ўақыт жетти. Халқымыз буған қалай ерисги? Биринши нәўбетте, Уллы рус халқының ағалық



www.ziyouz.com kutubxonasi

жәрдеми нәтийжесинде еристи, өзбек, қазақ, татар. . .сыяқлы бир тәғдирлес халықлардың туўысқанлық қол созыўлары нәтийжесинде еристи. Әсирлер бойы қуўғынларға ушырап, қонысы турақламай ақырында Әмиўдәрьяның қуяр жериндеги қамыслықтың арасын паналап, дүньялық раўажланыўдан умыт қалып батырған аз үйли қарақалпақ халқына дослар табылып, солардың күшли қоллары менен қуяш көрип теңлик алғанын мынаў Хожанияз сыяқлылар көргиси келмей, «Биз қарақалпақлар, биз қарақалпақлар. . .» деп оты сөнген ошақтын күлин былғап қоз излемекши болады. Егер ишине дебдиўи сыймай мақтанғысы келсе, бузылған ошақтың суўық күли менен емес, ҳәўири әлемге ыссылық беретуғын бүгинги жаңа ошақтың ғыжлаған оты менен мақтансын. Адамзат әрман еткен уллы ошақтың от жағары большевиклер партиясы менен мақтансын.Уллы ағамыз рус халқы менен мақтансын. Егер қарақалпақлығы менен мақтанғысы келсе, халық атағын алып, көп миллетли үлкен хожалыққа ағза болғаны менен мақтансын. Әпиўайы қарақалпақ емес советлик қарақалпақ болғаны менен мақтансын. Қандай жақсылардан дос тутқаны менен мақтансын. Өткени менен емес, ертеңи менен, келешеги менен мақтансын. Оқып билими менен мақтансын. . .

Бул кәрада Жумагүлден басқа адамлар қалмағандай тынышлық орнады.

Жумагүлдиң йошып қызғаны соншелли, өзиниң алтақтада турғанын да умытты. Жығылып кетемен деген ой есине келместен, алға сәл еңкерилип, оң қолы менен ҳаўаны үсти-үстине кесип сөйлей берди. . .

Гәптиң ақыры Хожанияздың батрашкомлығына шөккен гезде бурыннан ақ жығырданы қайнап жүрген дийқанлар излиизинен шығып сөйледи. . .

Даўысқа қойылған ўақытта мәселе аңсат шешилди.

Хожанияз батрашкомлықтан босатылды.

Батрашкомлыққа ким сайланыўы керек?

Әне, бул мәселе ҳәммени қызықтырады. Ғажжа-ғаж қырқыспаның енди басланатуғыны сезилди.

Батрашкомлыққа усынылыўы тийис адам алдын-ала Александр, Төребай, Сейтжан, Жумагүл арасында да бираз тартыс пенен келисилген еди. Оны бул жерде өткериўдиң әсиресе, қыйынға соғатуғыны көзге көринип тур. . . .

Алтақтадағылар толқыса баслады.

Уақытты босқа өткермей Александр Жумагүлге русшалап сыбырлады.

—Қорықпа, батыл усынып көре бер!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сейтжан да, Төребай да, оны қуўатлап «алды менен өзиң усынғаның мақул» деп сыбырласты.

Биййбиайым болса ҳештеңеден хабарсыз.

Жумагүл қалай да батыллық ете алмай, қасындағыларға жалтақлай берди. Адамлардың арасы ғаўырласып кетти. Бир ўақытта Жумагүлдиң шыдамы таўсылып аўыр қозғалды, ҳеш ўақытта қырынбайтуғын адам қайта-қайта «ыхым-ыхым» деп, қырынып тикейди:

— Аўылласларым, менде бир пикир бар. Қуўатлаўыңызды сорайман. Батрашкомлыққа Биййбиайым болса қалай болады?

Күтилмеген усынысқа Биййбиайымның өзи:

— Өйбей!—деп, таңланып бетин сызды.

Оның таңланғанын еситпегенлер шуў етти:

—Қойсаңа сол қылапгөйдиң қатынын!

Отырғанлар бузылған сеңдей соқлығысып, орынларынан тура-тура үстилериниң шаңларын қағып, кететуғын болған гезде Жумагүлдиң жалынған даўысы еситилди:

— Ағалар, қурдаслар, инилер, сорапаман, аз ғана тынышлық сақлап отырыңлар, пикир айтыңлар! . . .

— Ҳа, ҳәмме жақ қурып, енди қатынның аўзына қараймыз ба?

— Биййбиайым әўеле өзиниң ошағын түтетип келе қылсын!

— Биз оны жалғыз қызынан айрылғаны ушын сыйлап жүр един. . .

— Қатын адамның қәдирин биле ме? Өзи қатын болған соң ҳәмме жерден қатын басшы қылмақшы. . .

Алтақтадағылар бул даўысларды үнсиз тыңлап отыр. Жумагүл тикейип тур еди, Биййбиайым көйлегиниң етегин тартты:

— Қой, Жумагүл, булар дурыс айтады, мен болаалмаспан.

Жумагүл еситпегендей оның қолын қағып жиберди. Александр Биййбиайымға бурылды.

— Сиз тыныш отырың, ҳәмме жәрдем беремиз.

Биййбиайым тынышланды, бирақ көпшиликтиң арасынан сөгис сөзлер де шыға баслаған соң еки қулағын басты.

— Ағалар, қурдаслар, —деди Жумагүл және, диййқанлар бақырысып, шаршаған гезде.—Отырыўыңызды, жекме-жек шығып пикир айтыўыңызды сорайман.

Александр да тикейди.

— Жолдаслар, пикир айтыңлар, егер дәлиййлиңиз күшли болса, басқа адам сайлап аласыз.

— Аўылласлар, аўылласлар, парасат сақлаңлар! . . . деди Төребай жалынышлы. Енди Сейтжанда алтақтадағылардың арына шаппаса болмайтуғын көринди:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— ТОЗ ағзалары, тыныш отырыңлар да пикир айтыңлар!

Түргелгенлер тоқтап ҳәм орынларына отырысты. Ҳеш ким кетпеди. Биразлар пикир айтыў ушын емес, қандай тартыс, не қызық болар екен, деп отырысты. Ҳеш ким сөйлемеди.

— Ағалар, қурдаслар, баўырманларым,—деп баслады Жумагүл.—Мен жаңа ғана пүткил адамзаттың көсеми Владимир Ильич Лениниң, жәмийеттеги ең төменги қатлам есапланған ҳаяллар қатнаспаса, социализмниң жеңиси тәмийин етилмейди дегенин айттым. Ҳәр бир ҳаял ушын гүрес—бул социализм ушын гүрес деп, түсиниў керек. Егер, сизлер, кешеги басы байлы дийқанлар, бүгинги азат дийқанлар, ҳаялларды өзлериңиз сыяқлы, адам деп сезсеңиз, бул пикирди қуўатлаңлар. Бүгингидей азатлыққа жетемиз, деп, сизлердиң қайсысыңыз ойлаған едиңиз? Мен бүгингидей болып сизлердиң алдыңызда сөйлеймен деп, ойлап па едим? Ойлап көриңлер, баўырманларым! ...

— Ҳаў бурыннан соңға ҳаял ел басқарып көрип пе?

Бул сораўға Жумагүл ашыўланбады, қайта күлип турып көпшиликке өзи сораў таслады:

— Бурын жарлыдан шыққан еркек ел басқарып көриппе еди? Ҳәзирги басшылардың бәри дерлик кешеги панасызлар, жалаңаяқлар.

Ҳәмме сыбыр-сыбыр бола қалды.

— Еркектиң аты еркек ғой. Бурынғы ел басқарып жүргенлерден үйренеди, еркекке салынған жол бар,—деди бир батыл даўыс.

— Әне, усыған түсинсеңиз болғаны. Ҳаял ҳаялдан үйренеди. Мен, мәселен, Иванова деген рус ҳаялдан үйрендим.

Александр түргелди.

— Жолдаслар! Октябрь революциясы пүткил адамзаттың тәғдирине өзгерис киргизди. Тәғдирге өзгерис киргизиў-ақылға өзгерис киргизиў деген сөз. Маркс айтқандай, турмыс адамды бийлейди. Ал большевиклер партиясы жаңа жәмийет дүзгенде, бурын сыналған, көрилген жәмийеттиң үлгисинде дүзип, басқарып отырған жоқ. Дәўирдиң, халықтың рабочий ҳәм дийқан класының талабы бойынша жумыс алып, басқарып баратыр. Миллетлер арасында да шек жоқ. Бурын қарақалпақ ҳаялы ел басқарыў тәжирийбесине ийе болмаса, тәжирийбели басқа миллетлердиң ҳаяллары бар. Соларды барып көреди, сөйлеседи, тәжирийбе алмасады. Еркек болсын, ҳаял болсын, ол киши миллеттен бе, үлкен миллеттен бе, бәри бир, тәжирийбеси ҳәммеге ортақ. Сол ушын халықтың өткен турмысы менен тартыншақ болмаў керек. Советлик қайсы миллет бай мәдениятқа ийе болса, сол сизиң мәдениятыңыз, рус мәденияты — сизиң мәденияты-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ныз, өзбек мәденияты сизиң мәдениятыңыз, украин, қазақ мәденияты сизиң мәдениятыңыз, ал сизиң мәдениятыңыз олардыңда мәденияты... Үйрениўге ҳеш ким қарсылық етпейди. Бийбиайым үйренсе, бул жумысты толық атқара алады. Гәп сизлердиң қуўатлаўыңызда ҳәм кемшилигин өз ўақтында көрсетип, жол силтеўиңизде. Өзи инталлы, ықласлы ҳаял екен. Тез үйренип кетеди. Ҳәзирги заман, ҳәзирги дәўир бостанлық, еркинлик дәўири. Жүдә ислей алмаса кейни қыйын емес.

— Еркек болғанда, мен сизлерден артықпан ба?—деди Төребай түргелип.—Сизлер усап саўатым жоқ. Тек былтырдан берń ғана Турымбеттен ҳәрип үйренип жүрипપен. Исенип сайладыңыз, ақсақал болдым. Өзлериңиз бенен кеңесемен, округте тәжирийбели басшылар бар, солар менен кеңесемен. Жақыннан бери Александр келди, бул да көп нәрселерди үйретип атыр. Әсте ақырын бәри бола береди. Егер мени ҳәзир шығарып, қәлеген биреўиңиз ақсақаллыққа көтерилсе, ислеп кете береди. Себеби, ҳеш кимниң бурынғыдай өзинше, көпшиликке кеңеспей, ислеўге ҳақысы жоқ, сол ушын ҳүкиметти кеңес ҳүкимети деймиз.

— Бийбиайымның өзи бола ала ма екен, айтсын —деди және бир даўыс.

Көпшиликтиң азмаз қыймылынан пайдаланып, Александр оған сыбырлады.

— Исенсеңиз боламан деп, айт.

Бийбиайым солғынлаў тикейсе де, батыл үн қатты:

— Исенсеңиз, сайласаңыз боламан.

— Онда бир сораў бар,—деди Орынбай отырмастан.—Қәне айт, кеңес ҳүкимети күшли ме, я күнде ҳәр жерден бир дүт берип жүрген кеңес ҳүкиметиниң душпанлары күшли ме?

Орынбай орнына отырды. Басқалар оның сораўын мақул көрип, жуўап күтип тынышланды. Қалайынша жуўап бериў кереклигин Бийбиайымға алтақтадағылардың ҳеш қайсысы сыбырламады да, Бийбиайым алтақта да тикейген қаддинде азғана ойланды да:

— Анаў «үлкен жай» ға қараңлар,—деп көз алдында узақ таўдай көринген «үлкен жайға» қолын шошайтты, ҳәмме солай бурылды.—Кеңес ҳүкимети әне сондай, ал енди, анаў жайға қараң,—деп, туўры артына қайрылды. Отырғанлар ҳештеңени көре алмай, өрре-өрре тикейисип, оның қол ушына қарады. Көз ушында, аўылдан, ерегирек, жылғаның бойында, басына өткен жылы жыйналған бояны аўып, қулап кетейин деп турған Мәмбет молланың жекке жайы көринди.—Әне, мениң пәмимше кеңес ҳүкиметиниң душпанлары тап сондай, жарқабаққа қулап кете жақ болып, жабыўы аўып турыпты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Александр қол шаппатлап жиберди, оған көпшилик қосылды.

— Орынбай аға, қанаатландыңыз ба?—деди Жумагүл. Ҳәмме отырған соң бетинде қуўаныш көринип:

— Қанаатландым, —деди Орынбай. Аўылда еле жекке тамлар көп ғой, соннан келген Мәмбет молланың жайын мысал еткенине қанаатландым.

Ендиги тартыслар әўелгидей кескин болмады. Тек болғаны алтақтада отырғанлардың Биййбнайымнан басқалары және бир мәртебеден шығып сөйледи. Ҳәр қайсысы «үлкен жай» ға бириктирилгенлер менен жар бойындағы гөне жайдың не ушын салыстырылғанын жүдә терең дәлийллеп, сөзлеринде МТС ты аралластырып, келешек ҳаққында, ҳаяллар ҳаққында айтты...

Ақырында, Биййбнайым батрашкомлыққа сайланды!

## 27.

Ким өзгеге гөр таярласа оған өзи жығылады.

Дүйсенбай жыйналыстан кейин тап сондай, өзи қазған гөрдиң ғырра ернегинде турғандай сезди.

Ҳеш жерге сыймай, мал қорасының қуяшламасында бир-кийиз төсеп, соған шығып отырды да, қораның қыспалары арасынан аўылды бақлады ҳәм ҳәрқыйлы ой ойлады. «Кишкене ғана бир ушқын алысса пүткил елатты өртеп жоқ ете алады. Бирақ сол ушқынның өзи әўеле өртенип жоқ болып кетеди. Караматлы ийшанның сонша исенген адамлары арасынан сондай бир ушқын шықпағаны қалай болды?—Хожаниязда биййкар көтерилген екен. Айтар сөзин таппады, өзин жанған отқа урды. Ондай көзсиз гүбелектиң не пайдасы бар?...»

Ол қора арасындағы саңлақтан, атланып баратырған Жумагүлди көрди, оның менен қатарласқан биййтаныс атлыға сығаланып Ембергенов Орақбай екенин таныды.

«Қайдан келип қалған бул нәлетий»—деп қорыққанынан көйлегиниң жағасын ашып, өз көкирегине өзи түпирди. Онда бундай әззилиқлер болып көрмеген еди, бирақ не қылып турғанын өзи де сезбеди. Ембергенов жаңарақта келсе керек. Сөйленип баратыр.

— Мени Баймуратов жиберди. Мен Жумагүлди «Еркиндәрья» ға бирге апарыўым керек. Қурбаниязов қашып кетти...

Қапталдан бир баланы жетелеп, бир баланы арқалаған ҳаялдың келип қалыўы Ембергеновтың гәпин бөлип ҳәммеси иркилди.

Дүйсенбай ҳаялдың батрашком Хожанияздың ҳаялы екенин таныды да, дизелеринде дәрман қалмады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Нәлетти сөйлетпей атсамбекен?» Ол үйине суңгип кирмекши болған менен күпә-күндиз атса да, қашып қутылмайтуғынына көзи жетти, өзин басты. Ҳаял жыламсырап бир нәрселерди айта баслады. Ол қулағын тутты.

— Батрашком түнде соқта ойнап мени биреўге уттырыпты. Жыламсырап келди, қасында мени утқан адамы бар... Әл әшийй биреў. Мени әкете жақ... Батрашком барасаң дейди. Жалма-жан балаларымды оятып үлгердим. Бәри улы-шуў болып жыласып еди, батрашком оған «соң әкетерсиз» деп сыбырлады. Түни менен уйықламай, енди үйде отырсам әкетип қалады деп ақсақалға киятырман.

Дүйсенбай ашыў менен Хожанияздың атына нәлет жаўдырып және сөгинди, түпиринди...

Жумагүллерди әдеўир жерге шекем узатып салып киятырған Төребай, Александр, Бийбнайым, Сейтжан еле күтип турған Хожанияздың ҳаялын ертип кетти. Олардың сөйлегенин тыңлағысы келип еди, самал даўысларын арман әкетти. Бийбиайымның Александрға еликлеп узын бешпентиниң қос қалтасына қолларын суғынып баратырғанын көрип жеркениш пенен және түпиринди:

— Әй, жүзегөй қудай, енди кимлерге жол аштың ә?

Дүйсенбайдың аңлып турғанын сезип, қасақана еситсин дегендей тусынан өте бергенде Бийбиайым қаттырақ сөйледи:

— Александр, сездиң бе, мен Жумагүлдиң гәпинен пүткил қарақалпақ халқының тәғдири биз мусылман ҳаяллардың тәғдийрине усап қалған екен деп еситтим... Тек уллы Ленинге, большевиклер партиясына күни-түни рахмет айтсақта аз...

Олар шоғын бузбай «Үлкен жайға» кирип дәлизине гилен ҳаялларды жыйнап атырғанында Дүйсенбай көрди, бирақ қорадан шықпады. Кеште, өмири туўып қылып көрмеген қылық шығарып, пададан қайтқан малының алдына шығып еди, падашының шаңғытына араласып киятырған биреў оны танып шалғайынан тутты.

— Ай батыўдан «Жаңа жарған» ның тарнаўынан табыл!

— Қасқырларға баспақ пенен топылыўдан не пайда?

Хабаршы қайтып тилге келместен, шаңғытқа араласыўы менен аўылдың қубласына қарай кетти. Дүйсенбай бул шақырықтан жалтарғысы келип, сылтаў ойлап көрип еди, ужыбатлы ҳештеңе таппады...

«Жаңа жарған» сағасына быйыл бәҳәрде тарнаў қурылған еди. Кегейлиниң суўы ҳалласлап бәрҳа «сарр-сарр» ағар еди. Бул сарылдының қасында турып сөйлесиў қыйын, Егер сөйлесе, даўыс узаққа кетпейди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дүйсенбай тарнаўдың кесе ағашларына аяқ қойып тыңлап, ерманырақта биреўлердиң гүнкилдисин еситти. Жақынырақ барып тыңлап еди, еки үш даўыс биреўге кейип атыр. Жуманияз ләўзениң қатты даўысы жүдә жеделли:

— Қәне, ашып айт, кимлиfísен? Бизлерликписең, оларлықпысаң? «Дуўа» тарқатыўға көмегиң болды ма?

— Неге сөйлемейсең, нөкер болғаның есиңнен шықты ма? Неше «дуўа»ға сөз жазыстың?

— Жумагүл келди деп бизлерге неге хабар бергизбедиң?

— Тилиңди биреў жулып әкетти ме?

— Муғаллим болған соң аңсат қутылдым деп жүрген ғой. Сендей самсамларға бир оқ жалынсын.

— Ийшанымыздың антын ядлап, лебиз бермедиң бе? Қәне, айтып жибер: «Бисмилла, Ислам ушын. . .»

Дүйсенбай көп тура алмады. Алға жүрди. Жыйналғанлар өзлериниң даўрықлары менен сырттан не келгенин де байқамайтуғын еди. Қуўрап қалған шөпликлерди аяқлары астында сырт-сырт сындырып басып, гейпара түбиршиклерге бир-еки мәртебе дүрис-дүрис сүрнигип, мисли көлеңкедей қараўытып, үстилерине денген мәҳәлде ғана, отырғанлар кейин-кейин бәсисип сниң отырыўына орын ашты.

— Әй, бассызлар,—деди Дүйсенбай иркилип турмастан ҳүкимдарлық пенен. Жыйналғанлар тым-тырыс болды. Ол ортаға алынған адамның ким екенин абайламай, бетине үңилип қарап еди, қәдимги өзиниң Турымбети, ортада сынған шақадай ийилип, сүмирейип тур.

— Сени қысып атыр ма еле булар?—деди Дүйсенбай отырған еки келте адамның ийниннен ишке секирип өтип, —Қәне, берман кел,—деп Турымбеттиң қолынан тартты. Бағанадан берли өзин қасқырға байланған ылақтай сезип, барлық буўыны дирилдеп турған Турымбеттиң териси жайылып, Дүйсенбайдың қасына келип «үҳҳҳ» деп отырды. Басқалар да оны қоршап, жақынласып жылысып қораға қамалған ешкилердей тығылысты. Тәсексиз, ким жүресине, ким астына бүршик салып, ким бир қысым шөп таўып аяғының астына басып, бир дизелеп отырған еди. Арасында мылтығының қундағын астына басып малдас қурынғанлары да бар. Дүйсенбай Турымбетти қапталына алып, шетпректеги бир түп ақсарды аяғы менен пышырлатып қайырып жиберди де, үстине шөкти.

— Жуманияз, берман жақынла,—деди Дүйсенбай сыбырланып.—Ҳайранман, суңқарды алсын деп ғарғаны ушырмақшымысыз.

— Әй, Дүйсенбай.—деди Ләўзе ашыўланып.—Сол Жумагүл



www.ziyouz.com kutubxonasi

суңқарма? Қысқарт. Бизге келсең бәрҳә зәҳәриңди жайып келесең, айт не демекшисең?

Келген пәтте үстемликке ерисемен ғой, деп ойлаған Дүйсенбай ләўзениң гәпине тилин тислеп алды. Шыбынның ызылдысы еситилетуғын тынышлық басланды. Елпип ескен жазғы самал менен бир-бирине шылп-шылп урған Кегейлиниң толқынының шалпылдысы, «Жаңа жарған» ның тарнаўынан өткен суўдың сарылдысы ғана еситилип тур. Аспандағы шағырайысқан жулдызлардың ҳәммеси жымыңласып, буларға да көз тигиўде. Узағырақта ийтлердиң шабаланып үрген даўыслары тал-тал еситиледи... Егис жерлерине түнде суў алып, кишкене салмаларға бөгет басқан суўшылардың бел арқасы менен бөгетлерди «паңқ-паңқ» урған сеслери келеди.

Отырғанлар ҳәтте жөтелиспеди де, ҳеш ким тамағын да қырмады. Бир ўақытта Ләўзе тикейди.

—Сен, Дүйсебай буншa неге зәҳәриңди жаясаң, ямаса ҳәммемизди қорқытып, қолтығыңның астында жумсағың келип жүр ме. Мазамыз қаша қалды ғой. Қәне, жигитлер, буннан неге қорқысып отырмыз,— деп жолдасларына қарап еди, олар қасқырдан үриккен қойлардай өрре-өрре түргелисти. Буннан кеўли өскен ләўзе ҳәм Дүйсенбайға буйырды.—Бизиң көзимизше мына есиўасың менен сөйлесип бер. Бизге түсинбейди бул гүң.

— Сизлер нағыз көтенсиз қорқақ екенсизлер,—деп, Дүйсенбай оған қарсы тикленди.—Билмеймен, қалай биригип жүрсизлер, усындай қорқақ адамлар жаў қашыра ала ма?

—Бийкар. Өйтип жала жаппа,—деди Ләўзе жекиринип.—Сенлерди еркиңизге қойғанымыз ушын қорқақ болыппыз ба? Неге намысқа тийесең? Аяқ қолларыңды буўып Кегейлиниң ултанына зыңғытайын ба, турған жериңизде?

—Қолыңыздан келмейтуғын нәрсеге лап етпеңизлер,—деди Дүйсенбай тисленип.—Сизлер қорқақсызлар. Батыр адамлар буйтип сөйлесип турмайды. Марҳум Мәтжанда мәртлик бар еди.

Мәтжан мықырының аты айтылып мақталғанға Ләўзениң тула денеси титиркенип:

—Жигитлер, неге турсызлар!—деп байды қапсыра қушақлап, қолын артына қайырды. Басқалары да қоршап келип жән-жағына асылды. Олардың нағыз ашыўға мингенин бай енди түсинип, ғарқ-ғарқ күлди.

—Әне, буныңыз ўәж. Жигитшилигиңизди көрдим.

—Жөгисиреме!

—Яқшы, Жуманиязжан. Қолым сынып баратыр, жибере ғой, енди ырасымды айтайын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жуманияз Ләўзе еки жеңин түринип, байды босатып кейин шегинди.

—Мен сизлерди қорқақ деўимниң себеби, мен келген мәҳәлде қорқысып қалдыңыз.

—Ол не дегениң? Сениңше ақылсыз Мәтжан мықыры қусап мылтықлы душпанның алдына көкиректи ашып бара бериў керек пе, ямаса сырттан келген адамға абай етпеў керек дейсең бе? Кимниң өлгиси келеди? Ҳеш ким өлиўди қәлемейди. Сен қәлегенде жаңа жалынбас едиң, Көрдиң бе, мениң күшимди. Қолың босаған соң және бизлерге қорқтыңыз дейсең. Биз сақлық етип атырмыз.

—Ўаҳаҳаҳаҳа! Иним, мен усы жөнинде айтып атырман. Сизлер сақ емессизлер, сақ болсын деп айтып атырман. Егер өлгиңиз келмесе, неге сыртқа қараўыл қоймайсыз? Соның менен батыр боламан деп жүрсизлер ме? Жоқ, батырлар олай етпейди. Бул көзсизлик. Өзиң айтқандай, бул отырысыңыз қулағы қайырыўлы қошаның оғына көкирек керген менен бап-барабар. Турымбетти ортаға алып не десип шаўқымласқаныңыздың ҳәммесин мен узақтан еситип киятырман. ОГПУ дың тимискелениң жүрген соппаслылары түнде жүрип үстиңизге келе қойса бәриңизди бир оқпенен жайратып кетеди. Аўылға Ембергенов келди.

Бул атты еситкенде Жуманияз Ләўзе секирип-ақ турды:

—Қәне, сен қараўыллыққа бар!—Ол қапталында турған биреўди мылтығының түтеси менен тарнаўға қарай ийтерди.

—Бул әдисиң мақул. Мен де усыны айтпақшы едим,—деди Дүйсенбай. —ОГПУ дың жансызы болғанымда жаңа бәриңизди алдыма салып айдап кетиўиме болатуғын еди. Себеби, сизлер мениң келгенимди де аңламай қалдыңыз. Мен дәслеп сыртыңыздан абай етпекши болып та кәрдим. Бирақ мылтығым жоқ еди. Егер мылтығым болып, үстиңизден бир оқ көширип, Турымбетке байла бәрин деп, буйрық бергенимде, бәриңизди ылақтай гүўенлейтуғын еди.

—Қудай сақлаған екен,—деди ҳәммеси жабырласып.

—Енди, Дүйсенбай, көп гәпти қой, аўылыңдағы жаңалықтан сөйле, ўақыт тар,—деди Жуманияз Ләўзе.

—Аўылға Жумагүл келди. Турымбет айтқан шығар.

—Буның нағыз мал, аўзын буўған өгиздей сөйлемейди. Қысқасына келейик,—деп Ләўзе Дүйсенбайға жақынлады.—Ең болмаса сен неге хабар жеткермедиң?

—Жылдам ким табыла қоянды, оның үстине сизлердеги турақлы мәканды өзимнен басқа хешким билмейди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Әўеле, соған келисип алайық, мынаўына исениўге болама? деди Ләўзе Турымбетти нусқап.

—Әй, қәйдем...—деди бай. Турымбеттиң жаны шығып кете жазлады. Оның зәрреси ушқанын көрген бай жорта кеңкилдеп күлди:

—Ойнап айтаман. Бул өзимиздиң адам.

—Әй, гүңелек,—деди Жуманияз Ләўзе Турымбетке.—Сен де билип қой, бизиң мәканымыз Қусхананың үңгири болды. Тисиңнен шықпасын.

—Биз алдандық,—деди Турымбетти қойып Жуманияз Ләўзе,—Атанияз ақ қураш Жумагүлди «Еркиндәрьяға» барады деп хабарлап еди. «Еркин дәрья» ның жолын тосып жата берипниз, бул буяққа кетипти. Бизиң ақ қурашымыз да пәмсиз болып баратыр.

—Оны алдаған ғой. Иште душпан болып жүре ме деп «большойлар «бәрҳа усылай жол таслайды. Бирақ Ақ қураш-әм қаладан қашыпты.

— Ким айтты?

—Ембергенов.

Ләўзеге бирден қалтыратпа тийип, тили тутлығып барып, жигитлериниң зәрреси ушқанын көрип өзин зорға басты.

—Сонда Ембергенов неге келген, деп ойласам, сыры бар. Себеби Атанияз ақ қураш тап «Ембергенов пенен Зәрип қызы арасында байланыс бар» деп еди, сол ушын келген.

Турымбетте әлле қандай сезим пайда болып, орнынан тикленип еди, Дүйсенбай шалғайынан төмен тартып жиберди:

—Отыр!

—Онда ҳәзир олар уйқылап атырған шығар, еки душпанды бир жерден табамыз,—деп; Жуманияз ләўзе тикейип еди;

—Сабыр ет, Жуманиязжан,—деди Дүйсенбай,—Оларды қалайынша ҳәм қайерде өлтириў жөнинде Қасым ийшанның көрсетпеси керек. Өзлериңиз билесиз, халық деген сүриўдеги қой: ким тойдырып, қалай айдаса солай кете береди. Тек ҳәзирги сум басшыларын жоқ етиўимиз лазым. Бирақ, соны билиңлер, оларды өлтиргенниң ақыбети жақсы болып шығыўы дәркар. Әне сол ушын ийшанымыздың ақылы керек.

—Аўа,—деп салды Турымбет.—Мен Төрткүлде оқығанымда, муғаллимлерден ақыл кәнинин гәпин еситкенмен, басшыларды жекме-жек өлтирмеў керек деген...

—Қойсана суғылыспай,—деп Жуманияз ләўзе жекиринди.—Ақылыңды басыңа жақ!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Турымбет неге сөйлегенине пушайман жеп, тынышлана қойды.

—Жеме-жемеге келгенде Қасым ийшансыз, гәп шешилмейди,—деди және Дүйсенбай.—Билесеңлерме ҳәммени бириктирип жүрген ким? Сол ийшан. Сизлердиң антыңызды тапқан ким? Қасым ийшан. Жеме-жемеге келгенде елди сорайтуғын ким? Қасым ийшан. Сизлерге тек төрелик, бийлик, болостьлық жетиседи. Себеби не? Себеби Қасым ийшан арғы басы Дәўқараның көли, Таллық болысынан баслап, Майлы шеңгелге шекемги аралықтағы ең баслы атқа минерлердиң дизимин алып қайтыпты. Жөнейтхан арқалы Иранда қолы бар. Гөнедеги «қара қапы» әўлийеде үш жүз мылтығы бар. Шабыўылға таярлық күшейип атыр. Сизлер ше? Алапайға шаўып жүрсиз. Тасқынға толқын болып қосылмасаңыз, толқынсақ болып, шығып қаласыз.

—Ембергенов пенен Зәрип қызын өлтирип барсақ ийшан ўақ демейди. Гәпти қысқарт, Дүйсенбай! Ҳәзир мынаў ләмсерич менен барып, олардың кимдикинде уйқылап атырғаны жөнинде белги бер, гүмин шекемиз,—деп ләўзе түргелип, жигитлерине,—қәне, атлар бетке бара бериңлер. Дүйсенбай, сен азғана тоқта,—деди.

—Турымбет, мени тарнаўдан өтип күте тур,—деди Дүйсенбай,—Ембергенов пенен Жумагүл Еркиндәрьяға кетип қалды.

—Олай болса басқаларын өлтиремиз. Батрашком болған қатынды не қыламыз? Төребайларға қоса Турымбетти, Александр орысты өлтире аламызба?—

—Турымбетке тиймей тур, ҳәзирше керек. Оған батрашком ҳаялды әперемиз. Саўатынан пайдаланыўымыз керек.

—Гәп питти.

Бул ярым ақшамнан аўған ўақыт еди. Дүйсенбай көп иркилместен Турымбеттиң изинен жетти. Турымбет хәр түрли қыялда еди, бирақ бул жаўызлардың пәнжесинен аман қайтқанына ишинен Дүйсенбайға ыразы болып киятыр. Оның усы қыялын түсингендей, Дүйсенбай Турымбеттиң бир түп еригиниң астына келип иркилди ҳәм үстине қара булттай дөнип турған қалың шақалар арасында аңлып турған биреў болмасын деп бир қайтара қарап алды:

—Мениң келгеним саған жақсы болды ғой, Турымбет-ә? Олар сени нағыз ҳүкиметке берилип кеткен деп өлтирежақ екен ғой, қысқасын айтқанда, мен саған қорған сыяқлы емеспен бе, а?

—Жуманияз ләўзе дегениң нагыз ҳайўан ғой өзи. Бағана



www.ziyouz.com kutubxonasi

шамаллайын деп шыға қойып едим. Тутты да алды, жаўызлар.

—Мен турғанда өлимнен де қорықпа. Саған дуўры келген оққа мен қалқан болыўға таярман. Ал енди, қосшым, жаңағы Жуманияз ләўзени де қуры алақан екен демеймен, ақыллы жигит. Сен оны да танып қойыўың керек,—деп, жән-жағына қарап алып сыбырланды.—Отыр, сениң менен сөйлесип алайық. Түйе қартайса көшегине ереди деген. Мен ендиги жағында сениң шалғайыңа асылғаным асылған. Сен мени таслап кете алмайсаң. Себеби, сен ондай дәрежедеги қатты көкирек, мийримсиз азамат болғанын жоқ, жақын-жуўықтың, ағайиниңиң, урыўдың, қәдир-билистиң ҳәммесин таныйтуғын, оларға қол жаба туғын жигит болып киятырсаң. Мениңше, Жуманияз ләўзелер усыннан муштай болып бириксе, жеңеди. Бирикпесе, қыйын. Өзиң билесең, өлим деген жаман нәрсе, ҳеш кимге жақпайды. Ырасын айтайын, моллалар «қудайтала бендеге ертерек өлим берсе, гүнәдан пәк еткиси келгени» деп, халыққа даңғара салады, ал өзлери өлгиси келмейди. Өли арысланнан тири тышқан артық. Сен соны мәңгиге билип қой. Егер жаңа мен келмегенде сениң исиң қоржын еди. Олар дуўысыйына қарамай аяқ-қолыңды буўып дәръяға ылақтырып жибере береди. Ҳәзир сөйтпесе, адамлар жапа-тармақай большойлардың айтқанына көнип кетти. Бүгин көрдиң ғой, Хожанияз паллақтан ушты. Бәри сениң ҳаялыңның гәпи. Тиріңде көзиңе шөп салдырған, сен де пәс жигитсең. Ембергенов сыяқлыларды қум қаптырыў керек. Якшы, зияны жоқ, сен де қалтырама, бәри өзимиздиң қолда. Өзимиз шешемиз, өзимиз билемиз. Енди өзиң жөнинде тыңла. Сен ҳүкимет адамысаң. Дурыс, болыў керек. Бирақ, бул дәўлетиң мәңгилик емес, тек бир өткинши булттың көленкесиндей екенин ядыңнан шығарма. Жаңағылардың ҳәммеси де бахытлы, оқлысадақлы; аўзының дуўасы бар адамлар. Ҳәзирше азмаз бахыты тайып тур. Ҳақыйқатында, шеңгел түбирден қайўақта да шеңгел өседи, жемис ағашының түбиринен жемис ағашы өседи. Олар жемис ағашының түбирлери. Сен де баяғы күнлериңди умытпа. Сол ушын не қылыў керeклигин билесең бе? Билмейсең. Ҳақыйқатында сен мектепке бала жыйнап, оқытыўың керек ҳәм сол балаларды мектептен қашырыўың керек.

—Ҳаў, ол қалай?

—Асықпа. Сөзимди тыңла. Мен айттым ба, болды. Орынлаўың керек. Ал олай етиўдиң жолын өзиң изле. Адамлар сени тепериш десин, оқытқан балаларын да солай ойласын.

—Қалайынша иселенеди бул сумлық?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Тыңла,тыңла. Ол ушын тек мени тыңла? МТС орысты қандай ўақытта өлтириўиң керeклигин саған өзим айтаман. Еки бастан Жумагүл саған тиймейди. Сол ушын Бийбиайымды ал. Егер оны алмасаң, жигит емессең ҳәм тири жүрмейсен. Жанә Жуманияз ләўзениң айтқаны усы. Себебин түсинесең бе? Баграшком қайтадан қолда болады. Адамларға сол керек.

—Ырасын айтын, сөйтпесем олар мени өлтире ме? Сиз айтпадыңыз ба, ол ҳаял мениң бурынғы мурындық енем ғой, шәрият көтере ме, оның үстине ғарры ҳаял...

—Ўай, ўай, еситтиң бе, жаңағылар киятыр, түргел. Бизиң сыйырдың бас жибин шеш те, Төребайдың үйине қарай қуў, егинине мал түсти деп даўрық сал, ўай, ўай, жуўыр, деймен, жуўыр! Бақыр, бақыр, тез-тез!!!

Турымбет Дүйсенбайдың аўылдан енди адам өлтирилсе қайтадан тергеўге түсип, сырым ашылып қала ма деген сумлығын түсинбеседе, асығыслық пенен байдың сыйырының бас жибин үзип жиберип, бир шыбық пенен сарта-сарт урып, қуўып баратырып қыйқыўлады:

—Турыңлар, егинге мал түсти! Егиниңизге бек болыңлар, бос мал жүрипти!

Қара үйде уйқылап атырғанлар бул шаўқымды еситип жыллы орынларынан өрре-өрре түргелип, жалаңаяқ-жалаңбас далаға жуўырысты. Жуманияз ләўзелер аўылға араласқан еди, көшеде шаўқымласып жүрген адамларды көрип, топылыс жасай алмай кейинлерине бәсти.

* * *

Дүйсенбайдың қылықларына түсинбей-ақ Турымбеттиң иши ғыжлап болды. Соңғы гезде ҳәкисине, ҳәр дуўшакерлескен сайын көз қыспай өтпейтуғын еди. Оның бул көз қысықларына не қыларын билмей, аяқлары кисенли аттай гибиртиклеп, тисленип «усы заңғарды өлтирип тынсам ба екен?» деп те қыялланар еди, бирақ «үйи жаңғырдың Жуманияз ләўзеси бар-аў...» деп изинен қорқар еди.

Түнги ўақыядан берли мийи және шыр айланды. Басының ишинде ҳәррелер уя салып, ушып-қонып атырғандай;—зың-зың-зың!

Ҳәр аяғына тас байланғандай, босағадан зорға атлап, далаға шықты. Көзи ерикке түсти. Бир бала шақасына минип ерик қағып атыр екен, шыдамай;

—Әй, ийттиң баласы, түс!—дегенин билмей-ақ қалды. Бала



www.ziyouz.com kutubxonasi

жерге томп етип секирип, қашып кетти. Александр оның жөнсизлигин билип ,бир жола «оқыўшыларына бийтәртип сөз айтпа, салмақлы бол» деген еди. Мынаў қашып кеткен бала өзи оқытқан оқыўшылардың бири болғанлықтан, биреў еситип қойғаы жоқ па деп, ҳаўлығып, жән-жағына қарады. «Үлкен жай» ға кирип баратырған Төребай менен Александрды көзи шалып қалды. Ериктиң сынған бир шақасын қасындағы жуўанырақ бир шақасына қосып байлап, түбине жаўырынын берип отырды. Оның қыялына быйылғы оқыў жылы жаман болған жоқ. Оқыўшылардың көпшилиги дерлик өзи шелли ҳәрип биледи, өзи шелли ҳәриплерди дүгистирип оқыйды. Александрдың себебинен өзи де жақсы болып киятыр. Александр китап оқыған гезде, ол қапталында ежелеп газета оқып отырады. Бул жөнинен ОкрОНО айыплап атырған жоқ. Керисинше:

—Жазы менен балаларды көбейте бер,—деп қойыпты. Бул да оған йош берип, қолына газета түссе ҳәрибин қоймай оқып шығады. Бул әдетин Александр да унатады. «Александр сол ушын маған Жумагүлди қайтадан ал деп жүрген шығар» дейди өзинен-өзи. Соңғы гезде Александрды кеўли унатып, оның ақылына исенгени соншелли, кеше Ембергенов пенен Жумагүл арасында қатнас барлығы туўралы еситкенде, бир титиркегени болмаса, ҳәзир оған кеўли исенбей отыр. Барлық ақылы, ҳуўшы, қыялы Дүйсенбай жөнинде. «Бул киси қалай-қалай болып баратыр? Айланып келип Бийбийайымды ал деўи неси? Дурыс, түнде өлимнен қутқарды. Ал, енди, сыйыр қуўдырып адамларды оятыўға себепкер болғанда кимниң ғамын жеди? Александрды өлтиретуғын ўақтынды айтаман дейди, ўай нәлет! Сыйыр қуўдырғаны сонда кимниң ғамы? Бийбиайымды ал дегени мени бир емес күнде өлип жүрсин дегени емес пе? Перзент ата-ана өмириниң даўамы, шашы желкилдеген Тазагүлди қалай қыяман? Ол мениң өмиримниң даўамы емес пе?... Жоқ, жоқ!.. Мурындық енени алыў қайсы елдиң дәстүринде бар екен? Усынысы қайыркомлық а? ўай, атаңның сениң!... Жоқ, бул ҳарамзадалық! Түнде маған сыйыр үркитиўи де бостан-босқа исленген емес! Бир сумлық бар. Бул не деген тәсилли адам ә?.. Мен бир жағынан саған да исенип жүрмен аў? ўай, сор басым!—деп, ол алақанлары менен еки шекесин қысты.—Не қыламан енди? Мен қандай қақпанға түскенмен ә?...» Оның жуўан мойны ғаздың мойнындай ийилип, көп ўақытқа шекем дир-дир етип отырды. Соң ол қалтасынан орамалын алып, жасаўраған көзлерин сыпырды, мурнын артты. Шаң басқан бет алдынан қарағанда еки көзиниң әтирапы пүткиллей өзгеше, ушығадай қызарып турған еди. Мурнын пырқ-



www.ziyouz.com kutubxonasi

пырқ еткизип, ишине тартты. Тикейди. Әтирапына бир шолыў жасады. Көзлери «үлкен жай» тәрепке ериксиз бурылды. Бир қыялы сол жаққа барғысы келип, алдына бир еки адым атын турды да, және жүресине түсип отырды. Мурнынан қан ақты. «Усы Дүйсенбай өлтиреди мени» деди тисленип. Мурнының қанын арта сала ашыў менен бирден түргелип» ҳәзирден қалдырмай Александр менен Төребайға жарылыўым тийис» деди де, «үлкен жай» ға жетиўге асықты. Аяқларын аннан-саннан бир бир басып баратыр. Ойланбаўға тырысады. Қапталдан биреўдиң шығып, алаға да етиўинен де қорқады...

«Тез жет, Турымбет, тез-тез! Жарыл, ишинде гирбиң қалдырма!...»

Аяқлары түбиршиклерге сүриникce де, ботинкам жыртылады деп, қарамады. Асығыста соқпақтан шығып кеткенин де абайламады. Алдындағы жүўери, мәш егинлериниң шеллери бойынша айланып жүрместен, туппа-туўры орталарынан жүрип киятыр.

—Әй, муғаллим, көзиң көр ме? Аяғыңның астындағы егинге қара!...

Қапталдан шалаўытлаған ғарры даўысының кимдики екенине де нәзер аўдармады.

«Үлкен жайдың» күн батысынан келип қубласындағы аўзына қарай айлана бергени, Қалийдиң ала көпеги «ваф-ваф» етип аяғына жармасқанын-ақ билип қалды. Жалт бурылып шалбарының бир балағын қақ айырып тислеп баратырган ала көпекти көрди.

—Әй, ийт! Атаңның...

Ол шалбарының балағына үңилип «Ийшанға қарсы баратырган екенмен, қудай жолымды кести» деп, ғырра изине оралып өгинди; «Қызлары көп болған соң ийт сақлайды, нәлетий». Ҳәўлирген жүреги басылмай, бир жагымнан тағы келип қалмасын деп, жән-жағына апалақлап, уры ийттей қаңғып изине қайта берди...

Үйине келген соң аз ғана гидирди. Бирақ шашы желкилдеген Тазагүл көз алдынан шықпады. Шалбарын тез алмастырып кийди де туўры Төребайдың үйине жүрип кетти.

Соңғы гезде Төребай менен бирге үйине келгишлейтуғын Турымбетке Бағдагүл ашыўын қойған еди. Ҳәзир оның аўлағында келгенинен қәўиплепди:

—Өзи жоқ ғой.

Бағдагүл «Өзи» деп ери Төребайды айтып, буны жақтырмағанлық билдиргенин түсинсе де Турымбет қалтасынан шүберек



www.ziyouz.com kutubxonasi

алып, қара ботинкасын сыпырып-сыпырып, қаптал бетте жайыўлы жатырған кийизге шығып отырды. Ол келген пәтте жүдә батыр, батыл қәдем менен төрге өткенине қарамастан, басын жоқары көтермеди, қалайынша малдас қурынган болса, соныcын бузбады. Бағдагүл оның кетпесин билип, жанбаслай қойсын дегендей, көпшик алып таслады, оған да қарамады. Бағдагүлдин егиз қызы уйқылап атыр еди, қонаққа хызмет етиў ушын ошақтағы күлди көсеў менен ашып, астынан бармақтай қоз таўып алды да, үстине бир қысым қамысты тамызық етип салып, от жағып жиберди ҳәм ошақтың қазан-табақ бетки мүйешине қуман қойды. Қуман тез қайнай қоймады. Үйдин ишинде тынышлық орнады. Екеўи де иллә деп аўыз ашыспай ҳеш, нәрсе жөнинде сөйлеспей отырыўын даўам етти. Турымбет бул отырысқа қанаатланбай, өз-өзинен тыпыршылаўға қарады. «Байын кесел, маған, қара, маған»... деп, Бағдагүлге зорлық етжеклерин есине түсирип, гибиртиклей берди. Бағдагүл де үнсиз. Турымбет тәўирлеў сөз бенен гәп баслайын десе, қапылғыр сөз келе коймады. Қуман да қайнады. Алдына чайник те қойылды. Ол чай қайтарды. Бир кесе ишти, ҳәр сапары еки бети жыбыр-жыбыр етип, сөйлейжақ боладыдағы, бирақ сөйлей алмайды. Турымбет екинши кесени қуйып болып басын қасыды ҳәм мурнынын астынан мингирледи;

—Бағдагүл, мен сизден кеширим сорап келдим.—Оның даўысында әлленеткен қалтыраў ма, ямаса ишиндеги барлық гәпти сыртқа шығарыўға асыққан лоқсыў ма, бир өзгерис сезиледи. Ол гәп баслаған ўақытта Бағдагүл бас көтерген еди, оның сусы басты ма, Турымбет гәпин даўам ете алмады. Жигиттин келгендеги мақсетин түсине алмай отырған келиншек оны бийкардан бийкарға телезитип қыйналдыра бермейин деген қыял менен үн қатты.

—Адам дегенниң кеўли бир кең сарай. Оған сүзеўик те, жуўас та сыя береди екен. Ийесине пайлы. Сүзеўик мал дийўалға өзин-өзи урып қорланады. Шақын сынған болса...

—Жаңа жигит болғанлар, жаңа қыз болғанлар ҳәкери келер екен. Сен кешир мени...—Турымбеттиң көзлери аяғы астында төсеўли жатырған ақ кийиздиң ернегинде еди,—Ендиги жағында маған жәрдем бер.

—Ҳә, не болып қалды?

—Жумагүл Еркиндәрьяға кетти. Қайтысын келеди.—Ол кейнин айта алмай кеўли қобалжып, бирақ гәп басланып кеткен соң өзин аз ғана еркин тутып, қапталына жамбаслады.—Бузыл·



www.ziyouz.com kutubxonasi

ған қосымды дүзетип, Жумагүлди алсам деген нийетим бар. Қызым бар қолында, қызым...

— Маған айтатуғын ўақытлар өтип кетти. Ҳәзир ол мениң кеңесимди тыңлаў түўе, өзи пүткил аўыл-аймаққа кеңес беретуғын дәрежеге жетискен.

—Билемен, Бағдагүл,—деди Турымбет даўысы бөлинип-бөлинип.—Өзине де барып едим. Хабарласыўы солғын.

—Билгени бар шығар.

—Сонда да қарақалпақшылық қалған жоқ. Қалмайды. Келген соң айт, Бағдагүл. Мен алайын; енди олла-билла зейиниңе тиймеймен. Қызым оқыў жасына жетип қалыпты, қызым?

—Қызым?!

—Аўа, Тазагүл —ше?

—Олай болса ақсақалдың өзи менен сөйлес.

—Турымбет Төребай менен сөйлесиўге енди қорқып қалған еди. Сөйлесе, ашыў менен оған барлық ўақыяны айтып қойыўы мүмкин. Егер, айтса, ийт шалбарының бир балағын емес, өзиниң путын пут, қолын қол етип бөлип таслайтуғындай. Көзлери жасаўырады, жалынды.

—Бағдагүл, түсин мени, ҳаял менен ҳаял сөйлескени жөн. Жумагүл усы аўылда сеннен басқа ҳеш кимге исенбеўи мүмкин.

Бағдагүл не дерин билмей ойланып қалды.

Оның шыннан ойланып отырғанын түсинбей жолкерлик пенен женгелик ҳақы талап етип, айта алмай отыр мекен, деп қалтасына қол суғып, пул бермекши болып турдыдағы, бул бир сөзли зәбердес ҳаялдан қорқып, ҳештеңе шығара алмады. Ошақтың ернегиндеги жыңғылдың қыйқымын алып қәдимгисинше гис шуқылады. Сүйекке түйилгендей көзлери мөлерип, түпиригин жутып, қылғынды.

—Бағдагүл, ғарғасаң да, жарылқасаң да өзиң бил. Анаў күни қалаға барғанда Тазагүлди көрдим. Мени сойып қаплағандай. Рас, Бағдагүл, рас.

Жигиттиң жыламсырап емизиклеңгенине қарап, шыны менен жалбарынып отырғанын билди де Бағдагүл:

—Турымбет,—деди тикенекли даўыс пенен.—Сен насаз, ерме жигитсең, Аржағын өзиң бил.

—Жумагүл бир сөзинде «өткениң менен емес, ертеңги менен мақтан» деди. Еске салмаўыңды сораймаң. Берекет тап. Айтып көр-ә?

—Тәўекел, айтайын, онда.

—Рақмет.

Турымбеттиң белине белбеў бууғандай мәдетленип, аяқларын



www.ziyouz.com kutubxonasi

тик басып тикейди. Онын жеңил қәдемлер менен шығып баратырғанын Бағдагүлдиң қара көзлери күлимлеп узатып салды...

Ол үйине келип анасына хабарласпастан көкирегине көпшикти қойып, шырпынын бир шөбин шайнап дүс төменине жатыр еди. Александр қуўанышлы кирип келди:

—Турымбет, сен де барыўың керек еди. Бийбиайым бар ғой, бәле ҳаял екен.

—Аўа, сөзге шебер ҳаял,—деп мақуллады Турымбет суўықлаў.

Оның гей ўақытлардағы минези усындай бола беретуғын болғансоң Александр елестирмеди:

«—Үлкен жай» дың ҳаяллары алдында бир сөйледи дейсең, кешеги Жумагүлдиң гәпин тап өзи тапқандай, Ленинниң сөзлерин тап өзи еситкендей айтып, ҳаялларды гәпке үйирди. Сейтжанның ҳаялы зор адам екен. «Заман аяғынан енди тик басқан екен» деп, Бийбиайымның батрашком болғанына қуўана-қуўана оны қуўатлап сөйледи...

Бул гәплер қулағына онша жақпай, дийўалдағы гилемлерге көз тигип жатырған Турымбет омыраўын найлаж көтерип, өлим ҳаққында хабар еситкендей түнжырады.

—Сен және аўырыў емесписең?

—Билмедим, әллеқандай бир жапсаққа шаталсам керек.

—Көзлериң басқа нәрсени хабарлап турған секилли.

—Жоқ олай емес.

—Рас айтаман, Турымбет. Адам тас болып қанша шыдасада, ақыры қақ айрылады.

Турымбет басын қасып еди, анасы кирип келиўден жүрегине шай тартқандай силкинип, тулабедени қаталланды ҳәм Александрға айтпай қалды.

Александр оның қандай болмасын бир сырды айта жазлап, иркилгенин уғып, нәсиятлады:

—Ойлан, усы бар ғой, айтыўың зәрүр. Егер Жумагүл жөнинде болса жүдә жақсы ойлан. Жүрек деген солатуғын гүл емес. Бир алжасыў мүмкин. Бир нәрсе жөнинде еки алжаспаў керек.

Кемпир үндемеди, Александр жумысына кетти.

## 28

Ембергеновтың Жумагүлдиң изинен келгениниң мәниси—аўылларда жер-суў реформасын өткериўге кеткенлердиң биразы жөнинде жаман хабар келди. «Қаратерең» жақтағы аўылларға кеткен Муханов ҳәм Қоразбековларды баспашылар жолда ан-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лып, атып таслапты. Бул сәтсизликлер кең ен жайма̌уы ушын ҳәр аўылға жиберилген ўәкиллердиң излеринен ОГПУ қосымша адамлар жиберди.

Жумагүлди «Бахытлы» аўылынан соң тийкарғы тапсырманы орынлаўы ушын «Еркиндәрьяға» апарып қайтыўға Ембергеновтың өзи атланды, түни менен жүрип азанда келгени еди.

Жумагүл онысыз-ақ жолға раўана болмақшы еди, Ембергеновтың жетип келип Еркиндәрьяға шекем жолдас болыўды усыныс етиўи, оны нақолай жағдайда қалдырыўына қарамастан,. Жумагүлдиң ҳайранлық түрин көрсеткен сораўлы нәзерине, сәл мыйық тартып бир гәп айтты.

—ОГПУ диң тапсырмасы.

Узатыўшылардың алдында оның бул мыйық тартыўы Жумагүлге онша унамады, сонда да былайырақ шыққан сонда, қазбалап ҳешнәрсе сорамады. Бәлким Ембергенов баяғы гәпин жаңалап аўлағында сөйлесип алғысы келген шығар.

Ембергеновтың әўелги ойы Жумагүлдиң кеўлине ғул-ғула салмаў ушын ол кеткен бир күнниң ишинде қалада, басқа аўыллардың жолында жүз берген сәтсизликлерди айтпаў еди, Жумагүлдиң оны онша жақтырмағанлық кейпи үнсиз узақ жүрис жалықтырып жиберди.

—Жумагүл, узын жолды қысқартайық.

—Мени бағыўға шыққан болсаң жалықпастай әңгимениде өзиң табасаң.

—Бул мениң өзимниң ойлап тапқаным емес. Жолдас Баймуратов жиберди Жумагүл. Сени Еркиндәрьяға аман-есен жеткерип қайтаман.

—Әлжан суўшының қызын өлтиргенлерди еле таппадыңызба?

Ембергеновтың жүзи қызарып айыплы түр көрсетти.

—Табылды.

—Кимлер екен?

—Бизиң жумысымыз көбирек сыр сақлаўды талап етеди. Саған исенгеним ушын айтайын. Қурбаниязов екен.

—Атанияз Қурбаниязовпа?

—Тилекке қарсы, қашырып алдық.

Жумагүл атының жүўенин тартты;

—Бул қалай?

—Басқа жолдаслары менен қосып тутпақшы едик, соны сезип кеше ақшам қашып кетипти.

—Қуўмадыңызларма?

—Айттымғой, сени Еркиндәрьяға апарғансоң кетемен.

—Районда оларға байланыслы және басқалар бар шығар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Олар сыр. Бирақ «бахытлы» аўылынан Дүйсенбай менен муғаллим Турымбетте бул истен хабарлы болса керек деген шама бар.

«Бәлким меннен де гүманланып ерип киятырған шығар» деген—ой менен Жумагүл оған жек көриўши нәзерин бир қаратып, атына қаттырақ қамшы урды. Ақ боз бирден жортып, және әўелги қәддине түсти. Ембергенов оның қыялына түсингендей изинен жетип және әңгимеге айналдырды.

—Жумагүл, егер Қурбаниязов тутылса, қандай аўыр жаза қолланғанын қәлер един?

—Адамларға исеним ҳәм жақсылық жоқ сияқлы ең аўыр жазада жоқ.

—Егер гүлдей нәресте қызды аямай қаланың дәрўазасына илдирип кеткен адамды дарға асса, қандай болар еди?

—Ондай адамды атып өлтириў-әм, асып өлтириў-әм жақсылық еткен болар еди.

—Сонда қалай?

—Билмеймен, бирақ ондай адамға барлық жаза аз.

Әдеўир ўақытқа шекем үнсизлик ҳүким сүрди.

—Айтпақшы, Жумагүл,—деп Ембергенов және гәп қозғады

—Мен кетерде Мәжитовтың үйине кирип шықтым, Тазагүлди Фатима балабақшаға апаратыр екен,Тазагүл мени таныды, қолымнан алды.

—Балаға ҳәр көргенде қант берсең, әлбетте, таныйтуғын болады.

—Мениңше оннан емес, жас нәресте мени өзине жүдә жақын сеземе деп ойлайман, егер анасы қызына усаса бәрИненде жақсы болар еди.

—Орақбай, бир өтинишим, бул ҳаққында ҳәзир гәп қылмайық-ә?

—«Ҳәзирше күтиўге туўра келер» деген гәпиңнен-әм өзгергенбисең?

—Неге келискен болсақ сол дә?

—Сениң қыялыңды түсинемен, Жумагүл, сол ушын күтемен.

—Мени ким түсинсе—мениң қарақалпақ қызы екенимди түсингени. Ондай адамларды күтә ҳүрметлеймен, төбеме көтеремен.

—Онда мен сондай адамыңман.

29

Қутымбайда соңғы гезде жүдә беккем қәлиплескен бир минез—үйинен алыслап кетпес, бузаўлы сыйырдай қорасын айла-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нып жүргени. Кийим де жаңаламайды. Жазда жумысқа айланысса, ҳəргиз көйлек киймес. Қара жүн шекпенин ийнине илдирип, төсине ешкиниң жарғағын жабыстырғандай, көкирек жүни буйра-буйра болып, қолынан жабасын тасламайды, қора тазалайды. Пишен гүдилердиң орнын алмастырады. Өзиндей теңлес бай болмаса, той-мерекеге де бармайды. Соңғы гездеги жалғыз сырласы Əйтен молла еди. Жумамияз ләўзелерге де сол арқалы байланыслы.

Гүллән жаңалықларды сол Əйтен молла арқалы еситеди, Қасым ийшан, Жуманияз ләўзелергеде сол Əйтен молла арқалы байланысады.

Қораны тазалап болса ермеги-ҳаялы Ханымгүл. Ол чай ишип отырғанда қасына келип бир жанбаслайды да, шашбауларына тағылған майда-майда сары гилтлерди алақанына салып сыңғырлатып, пышықтың баласындай ойнап жатады.

Ғарры байдың бунысы бурыннан соңғы әдети. Ол биринширден ҳаялының әкесин сыйлайды, сол ушын ҳаялының ҳәрқандай орсақы қылықларында сезбес, сезген менен өлəмəте елестирмес еди. Өйткени Қутымбайдың шаңрақ болыўына, бай болып қатарға қосылыўына усы Ханымгүлдиң әкеси Əлеўеддин ийшан себепкер. Əлеўеддин ийшан динге айрықша берилген адам еди. Ол усы Қутымбайдың қыз апасын алып өзин үйинде жумсады, бирақ оны үйлендирмеди. Қутым қырық жасларға шыққанда Əлеўеддин ийшан ҳаялы менен Ҳажыға сапар тартып кетиўге нийетленди де, үйинде қалып баратырған жигирма жасар жалғызы, бираз кеселбентлеў Ханымгүлдиң тағдирин Қутымға тапсырып кетти. Ол оннан қайтып келмеди, аққапшық жылы Əлеўеддин ийшан Марыға барған жерде қалтаманларға тутылыпты деген хабар шықты. Егеде Қутым ҳәрқыйлы жол таўып Ханымгүлди өзине некелетти де барлық дүнья малға ийе болды, Қутым бай атанды, Ханымгүл бираз ерке, оның үстине аса дүнья парраш еди, әкесиниң малы сепсимегенине, оның үстине Қутымбайдың мийнеткешлигине қуўанды, бирақ кеўлине не келсе қәлегенин ислеўден тартынбады, Тәжимуратта оның кеўил қәлеўлериниң бири еди...

Ханымгүл ерине қарағанда жас болған менен жасынан кеселбентлиги ушынба ямаса, еринен жасырын ислерин бәрҳа жасырын иште сақлай бериў өз алдына кесел болғаны ушынба, жасынан бурын қартайған сыяқлы көринетуғын еди, бирақ бир әдети аўылдан сыртта не болып атырғанына қулақта салмайды, еситкен менен түсинбейди де. Ҳәтте ери менен Əйтен молла қуния сөйлесип атырғанда соңғы гезде бийдәрек кеткен Тәжиму-



www.ziyouz.com kutubxonasi

раттың атын еситип қалыў ушын қулақ қоймаса, ҳешқандай мәни бермейди.

Азан менен бетине жаққан сары майы ерип, сиңип болғанша қозғалмай чай ишетуғын Ханымгүл, қапталында, қалашлары сәл қыбырлап өлиўге жақынлаған ылақадай болып жатырған ғарры Қутымбайға бираз ашыўлы нәзер таслады:

—Ҳәй, көп ўақытлар болды, Тәжимурт көринбейди. Яки сен гүманланып үйге жоламайтуғын қылдың ба?

—Гуманы неси?

Орынсыз сораў бергенине, гөнепатлақты қозғап, питип баратырған жараның аўзын тырнағанына Ханымгүлдиң тырнақларына шекем күйинип, деми қысты, шөллеген сыйырдай тилин шығарып, қағаздай жуқа үстиңги ернин жалады.

Ҳаялының шашына таққан гилтлерин алақанына қысымлаўы —менен Қутымбай қатып, жаўатуғын булттай түнерди.

Бул жағдайдың әллеқандай көрилмеген ақыбетке әкелиўинен Әйтен молла қутқарды—аңлып турған уры тазыдай сылп етип есиктен кирди де, геўишин шеше сала қапталға отырды. Ең болмаса өз ҳәсиретин умытыў ушын, ҳаял бурынғы әдетлерине қасахана, ушып түргелди, отқа қуман қойды.

Қутымбай басқа байлар усап көкнар ишиўди урдис етпейтуғын еди, бирақ Әйтен молла ҳәр келгенинде бир жазылысқанды онша шеп көрмейди, сол ушын сандықтан көкнар шекийнени алып Әйтен молланың алдына қойды. с

Молланың еңсеси қуныштай думпейип, тырнап тескендей питик көзлерин сүзип көкнар езиўге киристи ҳәм асықпай гәп баслады.

—Бир жаңалық, ақшам Жуманияз ләўзе менен сөйлестим, Қаладағы Атанияз ақ қураш оған Жумагүл Еркиндәрьяға барады деген екен, соны күтип-күтип ақыры болмағансоң Дүйсенбайдың аўылына кетти. Жумагүл соядтан айланып келсе керек.

Қутымбай Жумагүлдиң қандай жумыста ислейтуғынын билетуғын еди. Оның түсиниринше, Жумагүл тек ҳаяллардың ғамхоры, ҳаял қорламаған, ҳаялға азап бермеген еркек пенен оның иси болмаса керек. Өзи болса ҳаял қорлаған емес, ҳәтте мынаў алдында отырған сарыҳаялынан басқаға көз қыйығын салып көрмеген, гейпара байларға усап кеўли ҳалласлап, екинши, үшинши, төртинши ҳаял алыў түўе усы Ханымгүлдиң үстиндеги шақын шертип көрген емес. Сол ушын Жумагүл ҳаққындағы әңгимелерге жүдә бийпәрўа қарар еди.

—Келсе келеди дә,—деди және сол бийғамлығы менен—Жуманияз несине күтип жүр? Ямаса ол және ҳаял алажақ па?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Мәселе жүдә ауыр, Қутымбай. Ҳүкимет ҳәзір жер-суў реформасы дегенди шығарып атыр. Бизиң ауылға келип ҳүкиметтиң қарарын иске асыратуғын адам сол Жумагүл болса керек.

Молла көкнарды езип, сүзип, енди симирип ишип атыр еди, Ханымгүл бир зереңге қатық толтырып алдына қойды.

—Изинен ишерсең, қайнаға!

Әйтеп молланың жанбасын жылан шаққандай өрре тикейип, кейнине бәсиўи менен, жудырықтай басы керегеге сақ етип, төбесин услай, сала, дәрриў шөкке түсти, көкнар төгилип қалды.

—Бул не, ҳә, бул не? Астапыралла!—Қутымбай тикейип молланы сүйеди. Кирпидей жыйырылып отырған ҳаял көзлеринен жас аққанша шақалақлап күлип мәс болды. Оның ишек-силеси қатып атырғанына еки еркектиң ҳеш қайсысы үндей алмады. Молла искен басын сыйпалап, көкирегин қолы менен басып төсегине келип, ошаққа абынды:

—Бәйбише, көкнар менен қатықтың келиспейтуғынын билмейтуғын ба едиң? Қурттың ғойі!

Көп күлкиден көзинен аққан жасларын жеңи менен сыпырып:

—Моллеке, айыбымды аршыйын,—деп Ханымгүл түргеле сала чайнекке чай демлеп оның алдына қойды—да, қазан асып қатыбыламық писириўге киристи.

Әйтеп молла пәйнекке қашып үнсиз чай ишти.

Ханымгүл аўқатын тезлетти.

Дәстүр бойынша Ханымгүл өз алдына, ал молла менен ерине шуңгил бир табаққа қатыбыламық салып, қолларына суў қуйды.

Үй ийесиниң «сиз баслаң, сиз...» деп айтатуғынын билетуғын молла, күтип отырмастан, табаққа қол урып, алақаны толы быламықты ортадағы майға тийгизип алып «бисмилла» деп ғылқ еттирди. Быламық ыссы екен, көзлеринен жас қуйылып кетти. Бирақ бунысын сездиргиси келмей жүзин шаңарaққа қаратып табаққа және қол урды. Оннан қалыспаў ушын Қутымбай да асығып, қол ура бергени, табақты айланып ушып жүрген қара шыбынлардың екеўи быламықтың үстине қуйылған майға жалп етти. Молла алдындағы шыбынды алып ошаққа атып урды да, жей берди. Қутымбай оны жақтырмай мурнын жыйырды:

—Молламыз, өз асыңыз болмағансоң шыбынға жабысып кеткен майға қыйланбадыңыз ә!

Ол екинши шыбынның қанатынан еплеп ғана көтерип шаңырақтан түскен қуяшқа тутып турып аўзына салып сорып-сорып ошаққа зытты

—Әне, дүнья усылай жыйылады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Еки еркектиң аўызлары жылпылдасып, бири-екиншисинен қалыспаўға урынып, қулперең болған гезде Ханымгүл қарап отырмай гәп баслады:

—Моллеке, кеширесиз, жаңа «Жуманияз ләўзе» «Жумагүл» дедиңиз, кимлер өзи? Ҳе, жақында тойдың хабары барма?

—Жумагүл деген баяғы бизиң үйде болған қыз ше?

—Бизиң үйде кимлер болмады, қайсысы есимде турады.

—Умытқаныңба? Баяғы жесир қатын Сәнемниң қызы. Анаў Нурым урлықшы деп қулағын кескен ҳаял ше?

—Ал, ал?

—Соның қызы Жумагүл ше?

—Енди не, соны сен алажақсаңба? Моллеке, айтыңызшы, сиз гүўасызғой, мен туўмағаным ушын айыплыманба? Өзиңиз талай дуўа бердиңиз. Талай әўлийеге қатнадым.

—Мен не, саған бала туўмадың дедимбе?

—Моллеке, айтыңызшы, аппақ асымды жеп отырып неге айтпайсыз, мынаў мени кемситип болдығой.

Тамаққа тойған сонда пәйнекке қашып отырған молла гәпке араласты.

—Келин, әңгиме пүткиллей басқаша. Сол Жумагүл ҳәзир қалада үлкен хызметте. Ол келсе жерлериңизди, малларыңызды тартып алады, жарлыларға береди.

—Алса сизикин алсын, енапаттай жериңиз бар, отызлаған аша туяғыңыз бар.

—Ҳәй, бәдбақ, аўзыңа қум!—деп молла ушып түргелди.—Белсенди мыннан шықтығой еле! Баяғыда биреў көшсен сеч көш көлигиң бар деген екен, алса сизлердикин алсын, көп, оғада көп! Меникин қалай алады дейсең, сизлердикиниң үсириндей жоқ...

Молла қолын жуўмастан жамаў-жамаў геўишлерин кийнўге де асығып қолтығына қысыўы менен үйден бәдар кетти.

Байдың аўзы оқпандай ашылып, быламығы еки әзиўинен сорғалаўы менен, аўзына шыбын үймелеп қалды. Ал, бәйбише ҳеш нәрсе гүсине алмай, молланың өкшесине қараған көзлерин босағада қалдырды.

Бир гезде бай өзине келип быламықлы қолын мушлап өз маңлайына былш еткизип урды:

—Қурттың мени! Енди ол бизден бурын иләж етип тып-тыйпыл болып отырады. Бизлер үлгере алмай қалатуғын болдық. Бул бийүмит молла өзиникин жасырып, өзи аман қалыў ушын бизиң сырымызды ашып белсендилик етиўден қайтпайды... Үҳҳҳ! Өлемен, өлемен!...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ханымгүл қазықтай қатып қалды.

—Қәне, есле, биз сол Жумагүлге нендей жақсылықлар қылдық? Ең биринши нәўбетте мен ҳаял қорлаған емеспен! Айт, сирә зейнине тийдимбе?

—Яқ!

—Енди ойлан, төрт-бес жыл есигимизде жүрип қазанымыздан тамақ ишкен адам жаманлық ете қояма? Ете алмас! Қәне бармағынды бүк, мойынларына дорба асып дийўаналықта жүрген анасы менен қызын ким отырықлы етти. Мен. Апасын үйге жумсаған ким? Сен. Қызы узатыларда улақ бергизген ким! Мен.

—Мен!

—Мейли, ҳаял, сен-ақ бол, ҳәзир бәри бир, Дүйсенбай қыз алыўға келгенде от жаққыш қылып басқа елге таныстқан ким? Мен! Ҳәй, сен ойланса, «Сәнемлерге қарасып турсаңба?» десем, «жүдә қарасып турман» демейтуғынба едиң? Ҳәркүни бир аўызқабақ ашыған айран беремен дейтуғын едиңғой?

—Талай мәртебе көздей-көздей сары май-әм берип турдым.

—Және? Және?!

Күнде көрседе ескермегенбе, ямаса бурын бундай етип шынтлап қарамағанлықтанба, ериниң жалын жалағандай сарғыш жүзи, аппақ сақалы жыбыр-жыбыр етип турғанын көрип ғыжырданы қайнады, әри аяды;

—Булардың бәри не ушын, анықлап түсиндирсе?

—Оны қоятур, және не жақсылықларымыз бар, есле, есле!

—Тап ырасын айтсам, солардан жуўынды аўыстыра алмай сары ала ийтти аштан өлтирдик!

—Және?

—Ҳәй, алба-дулба гәп айта бермей түсиндирсе, бул өмиринде сарсылып көрмеген мени сарый қылып өлтирейин деп турсаңгой.

—Әй, эттегене, эттегене, сор басым! Оның анасының қулағын кестирген екенбизғой.

—Ол сен емес, анаў жилли Нурым еди ғой. Ол өлип кеткен жоқ па?

—Ҳа, бәрекелла, бәрекелла!

—Ҳәй, сенбир жеңге келсе, бир жола маған Жумагүл байынан айрылған деп айтқан едиңғой. Егер жесир болса, үстиме алып ғана аўзына қум қуйсеш! Келсин, өзим сени мақтап берейин. Ҳастурып есигимнен ҳаял болып атласын, аўзын бақаның аўзындай қылып айырмасам маған кел. Күнде-күнде маңлайынан муш айырмайман!

www.ziyouz.com kutubxonasi

—Сен не деп отырсаң? Ол маған тиймек түўе, от жаққышына да алмайды.

—Әне, сениҡи сондай басқа қатынларды айға теңгере бер. Өзиңди пәс тутып, қатынды аспанға шығарсаң, не қылмайды? Бәри өзиңниң пейлиңнен. Баяғыда оны Әйтен моллаға ғана әпере ғояйық дедим. Сениң жаманлығыңнан болды. Япырмай, өзлериниң паспандадан келип кеўиллериниң аспанда екенин қәйтерсең? Шүйке бас кемпири тойына келе, бизге ҳүкимдар болыўды ойлап, жалахорлық етти-аў, найсап! Ой, урлықшы! Урлықшы Япырмай, ҳайранман. Енди тойынып алған соң қызы да адам кәлемейтуғын болып па? Ҳе, ҳе, жаманке! Сендей бай адамлардың аяғын қысыўға зар болып жүрип, енди от жаққышына да алмайды-мыш!... Алды менен сен көтермелеп сөйлеген соң, не қылсын? Ҳаял дегенди көтермелесең мойнына алшайып миннип алады. Мен ғой оны саған алғызбайжақ едим. Анық көкиреги сондай өскин болып кеткен болса, ала ғой. Бирақ туўар ма екен? Бурынғы байынан туўып па? Ямаса туўмай ажыралын па?

—Үҳ...ҳҳҳҳҳ!.,,

—Неге суўық демиңди аласаң?

—Басқаны қой, және қандай жақсылықлар еттик? Есле! Ханымгүлдиң қолындағы кесе чайниктиң үстине «шықырррр» етип түсип пашақ-пашақ болды. Аўзы оймақтай дөңгеленип, сарғыш жүзи қызыл ушығадай дөнип отырған ҳаялдың бети бирден күлдей түс алды:

—Үҳҳҳ!!

—Жумагүл ҳәзир қәлентар атқа минер болды. Кимсең, Жумагүл! Кимсең, Жумагүл! Кеңес ҳүкиметиниң үлкен жумысында жүрипти. Енди келсе жеримизди, мал-дәскемизди басып алыўға келеди.

—Соңғы гезде гилең суўмақайлар неге қутырынып жүр десем сол қатыннан пуў алған екендә! Әй, ақылсыз басым!—деп, Ханымгүл бирли-ярым ақ араласа баслаған шашына пәнже урды. Тислеңди, пискен гелледей ыржыйды.—Әй, ақылсыз басым! Неге ўақтында сазайын берип, тухым қурт етпегенмен? Оны саған ғана әпергенимде, еки көзин ояр едим, ҳәр күни тоқал етип жумсап, кегирдегинен қол айырмай отырғанда, неше пуллық киси болар еди. Сен де әпер деп айта қоймадың! Басыңа телпек кийип қуры еркекпен деп жүрсең-аў! Әй, қатынша! Сениң менен қослас болған өмирим әрманда кеткен өмир!...

Қутымбайдың жамбасына темир шеге киргендей олай-булай бурақлап, таўланды. Ҳаялының сөзлерин еситпегенсип, әри-бери қыдап еди, соңғы сөзлер оның еркеклик ҳүжданына ништер



www.ziyouz.com kutubxonasi

тийгизгендей, жанын ашытты. Жыламсырады... Деми бөлек-бөлек.

—Қатын... бийкарға қыйнама! Мен мал жыйнаўдың тәреп-дары едим, сениң көзиңе шөп салыўды ойлағаным жоқ. Егер, сол Жумагүлди ала қойған күнде Зәрипбай уялмай мал сората ма деп, қорыққан едим. Ҳаў, есиңе алшы, малды сен де жақсы көретуғын един ғой.Адам мал менен адам. Мени неге жөнсиз қыйнайсаң? Сол ўақытта Жумагүлди аламан десем, ийегимдә бир қыл қоймай жулған болар едиң. Кейнинде сенәм ақылдан алжасажақпысаң? Алжаспа! Еки қатыннан еки сыйыр артық деп жүрген аппақ ғана көкирегиме қудай еле де берер.

—Оны мутқа ғана әперетуғын един ғой.

—Қулағың бар ма? Әкеси Зәрипбай қудайдан бий үмит адам. Ҳаялын тасласа да ерип кеткен қызына қалың мал сораўдан қайтпайтуғын еди. Еситип отырсаң ба? Мен соны айтып отырман. Қатын қой енди... Солығыңды бас, өткен ис өтип кетти. Аяғының ушына мин. Ертеңги күни келе қойған ўақытта дадымәмле айтатуғын болайық.

—Еркеклер келмес пе екен?

—Билмедим. Жумагүл бир өзи келер дейсең бе? Сен усы Өтәмбет палўан менен қалайсаң-ә? Өзиң-әм азып кеткенсең-аў, сорлы!

Көрген жерде қас қағып, неше қылық етсе де көнбей жүрген, жаўырынлы, ҳәрбилеги балтырдай, «Жаңа базар» ҳәм Таллық волостларында жаўрыны жерге тиймей палўан атағын көтерген ҳәзирги батрашком Өтәмбет палўанның бет бурмай жүргенине иши ашыған ҳаял бүгилип, ерине сыр бермей жуўапсыз қалды. Екеўи қосылып, өмир сүргели бүгингидей ишкен тамағы қарақан болып, көк чайы запырандай болып ишлерин ашытпаған еди. Ҳаялы жәнжел шығарса, шийдиң сыртынан-ақ тоңқылдасып жүретуғын бай, қайғы үстине қайғылана берди. Жерден ийне излегендей. Жер астынан ҳаялына қарайды. Көзлери ушырасып қалса, ийт пенен пышықтай үрпейиседи. Бири аўырлаў сөз айтса, екиншиси пышақ алып жуўырыўдан қайтатуғын ҳалда емес, зорға-зорға отыр.

—Олай болса мен райдан қайттым,—деди Ханымгүл,—Мейли, Жумагүл келсе үйде қонсын, жапатармақай хызмет етейик. Бир күн дуз ишкен жерге қырық күн сәлем деген. Урлықшы анасын сақлаған Төребай дегенди қоллаған болса, биз де кем емеспиз. Бурынғы жақсылықларымызды бирим-бирим есине салайық. Түргел, шабазым...

Ханымгүл бүгингидей көп «шабазым, шабазым» деген емес.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Усы «шабазым» деген сөзди еситсе, Қутымбайдың тула бойы балқып, ҳаялына деген аса бир сүйиўшилик пенен меҳрибанлық пайда болып, егер, ол маңлайын сәл-пәл жыйырса, аяныпы артып, қазығын айланып шапқан аттай, ҳаялын айланшықлай беретуғын еди. Алақанының арасына салы езгендей уўқалап-уўқалап жиберди.

—Айтқандай, үйге қондырайық, қатын, мениң айталмай жүргенимди айттың.

—Бундай нәрсени әўелден айтсаң болады ғой. Әй, усы қудайаў, қудай! Жудырығы жуўан, сусы басым, нәзери қатты, даўысы ири еркекке неге тап қылмадың?!...

Қутымбайдың ийини қысылып, ҳаялының алдында бурынғысынша пәжмүрделенип, қайтып оған қарсы сөйлеўге тили гүрмелмеди. Орнынан турып, алдында уршықтай айланып, бөденедей жорғалаўға қарады. Ханымгүлдиң оның менен иси болмай, отырған орнынан қозғалмастан қатын шағаладай шаңқылдап, қатты даўыслады:

—Зерихан, ҳә Зерихан! Кел мында.

Ханымгүлден гөре сәл толықлаў, үстиндеги жамаў-жамаў қызыл көйлеги күнге күйреп ағарған, ақ бозлақ, қыр мурынлы көзлери қайғылы ҳаял ишке кирди. Бул ҳаял Қутымбайдың аталас жийени, жаңа оқыўға баратырғанларға қарсы атыспада абайсыздан Турымбет атып алған, Нурымның жесири еди.

—Еки желпим бийдай тарт, онсери тарыны сөк ет, балаларыңды үлкен қызың бағатурсың. Мә, етегиңди тут, мына кесениң сынығын далаға тасла, чайниктиң шүндигин желимлеп аларсаң.

Зерихан тирсегине оралған бөз көйлегиниң етегин тутып, чайник-кесениң сынықларын шақырлатыўы менен алып кетти.

—Әне, арық малды асырасаң—аўзы басыңды май етеди. жетимекти асырасаң аўзы-мурныңды қан етеди. Сол Жумагүл менен оның бийәдеп анасын тәрбиялап келе қылғанша, жаңағы Зерихан усаған өзимиздиң аталасларымыздың әўладын сақласақ болады ғой. Мине, аўысқан-сүйискенлерге хызмет етип, бес баласын сақлап отыр. Ҳәй, тоқта, тоқта, басыма ой келип тур.

—Айтса тез!

—Сен Зериханды ал. Бес баласына дүнья бөлистирейик...

—Ақылың бар қатынсаң,—деди Қутымбай қуўанып.—Яша, Нурымның ҳәр баласына пай алып қаламыз. Ҳүкиметтиң қарары бойынша да жан басына еки танаптан жер тийисли. Малларды да атағына өткерип қоямыз. Пах, пах! Ақылыңа тассадлықпан. сениң әке-шешең пақырлар сондай ақылдың булағы еди, саған



www.ziyouz.com kutubxonasi

да солардан аўысқан екен! Билесенбе, Зерихашның үлкен қызыда ер жетип киятыр. Сатсақ бәрин тиклеймиз!

Ҳаял мардыйды.

—Олай болса Зериханға сен айтасанба, мен айтайынба?

—Ҳаял сен айт!

—Яқшы. Пай, усындайда Тәжим мурт болғанда жудә жақсы ақыл табар еди, өзи қайда? Талай сорадым, неге айтпайсаң?

Иши түтигип отырған бай ашыўланды;

—Қәне, сөзди азайт! Мурттын о дүньяға кеткени қашшан. Бул ўақта онын сүйеги сипсе болған шығар. Ой, уххх, ишимишим...ммм!..

Ҳаялдын көзлери патлыйып уясынан атлығып кете жазлады. Орнынан секирип турды, және отырды. Бойын тиклей алмай жығылды. Ҳаялының бул абыржыўы Тәжим мурттың өлимин еситкеннен кейин болғанын билмеген бай «мениң ишим тырысқанға қыйланып жығылды-аў» деп, оны сүйемекши болып көрген менен, өз баўырын көтере алмай; «ишим-ишим»... деп, зир-зир қатты.

Ҳаял оның үстине жығылды;

—Не болды, шабазым?

—Зериханды шақыр, айт. Сөйтип үйди Жумагүллерди күтип алыўға таярла!

Ханымгүл шыдамай Зериханның изинен дигирманханаға барып кайтып келди;

—Ҳәй, сен олардың қашан келетуғынын билесенбе? Усылай —тип жатқанда олар келип бир жалаңаяқтың үйине өтип кетпесин!

Бай қуўанып үшып түргелди.

—Есиң бар, ҳаял!

—Бәрин де қойып тура тур, шабазым,—деди ҳаял.—Гезек пенен далаға шығып, елдиң шетин қараўыллап турмасақ болмайды. Күн шығыс беттеги жолға қараў керек. Бәлким, Жумагүл сол жақтан келер.

—Не ушын?—деди бай саңыраўланып. Оның кирпиклеринде ирин басып қабағы қатқан еди. Ҳаял оны елестирмеди.

—Өзинди басса, шабазым, мен ишке Зерихан менен сөйлесемен..сен сыртты қараўылла.

Бай далаға шығып үйдиң ийнеўине келсаптай сүйенип, күн шығарға қарады да турды.

Әри-бериден сон аяғы талды ма, ямаса қуяшта турған соң уйқы басты ма, артына қарай берди. Ҳәзир ишке сүңгип кирип кетсе ле, я мойнын төмен алып тикейип турып уйқылап кетсе



www.ziyouz.com kutubxonasi

де, күткен атлылары келип қалатуғындай көринетуғын еди. Ханымгүлге даўыслады:

—Қатын, келши, шаршадым.

Бундай жағдайда «өлмейсең, тура тур» деп, жекиринетуғын ҳаял тым-тырыс ғана келип, оның орнын аўмастырды. Бай үйге кире сала өлиқтей узынына түсип жатты. Арадан көп ўақыт өткермей-ақ Ханымгүл де шаршады. Ол еки белине қолын таяныпп, омыртқасының сырқырап баратырғанына шыдамай далада турып, иштеги ерине сөйленди.

—Пай, шабазым-ай, келсең қәйтеди.

Еле белине дем берип үлгермеген бай қайтадан келди.

Ханымгүл үйге кирип азмаз дем алғаннан кейин, гезеги жақынлаған гезде, үйдиң төсеклерин шығарып қуяшқа жая баслады. Бай пләжсыздан еле зеңирейип турыпты:

Әне, күн шығыстағы тоғайдың жийегинен зоңқ етип қос атлы көринди. Қара шымылдықтай тоғайды бөлип ағараңлаған орпаң топырақлы гүзар менен катара киятыр. Бири ер, екиншиси ҳаял екенин байдың жыпылық көзлери узақтан-ақ шалды

—Қатын, қатын,—деди ол қуўанышлы—Шық далаға, киятырыпты, аңлап турыппан.

—Қәне, бар ақылыңды сал, қатын.

Ханымгүл атлылардың узақта екенлигин көрип, орамалының ҳалақасын дүзестирип, еки өкшесине гезекме-гезек үңилип қарап алды да:

—Әй, бийҳая, саллақы!—деди гүбирленип.—Көрдиң бе, аттың үстинде мелшийип отырыўын. Баягы күни болып алдыма келсе усы ўақлары,—деп тисленди. —Пискен геллеңей ғана еки әзиўин қақ айырып, кисиниң бетине қарағысыз етер едим. Хәй киси, —деди ерине бурылып. —Егер усыннан айтқаныма көнбесе не қыламыз?

— Ол жағын ойланып көргеним жоқ. Өзиң бил. Ҳаялдың тилин ҳаял таппаса мен қайдан билейин?

Атлылардың қаяққа қарап бурылатуғынын билиў ушын екеўи қатара турып, шалдыўардың тасасына жасырынды ҳәм қамыстың арасынан сығаланды. Олар иркилместен Өтәмбет палўанның үйине қарай бурылды. Жумагүллердиң бурынғы ылашығы да солар менен қоңсы еди. Узатып салғанлар да усы Өтәмбетлер екенин олар соң еситкен. Бул көриниске ерли-зайыплылардың жан-ийнине от түсип, бир-бирине қарасты.

—Жалаңаяқлардың үйине баратырғанына қара. Ешектен ешек туўылады, арғымақтан арғымақ туўылады деген усыдә'



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тойып тамақ ишпеген адам, тойып тамақ ишпеген жерди гөзлеўине қара.

Қутымбай оның қызыл түрмесиниң ҳалақасынан услап, «көп сөйлей бермей алдына шық», дегендей ергенекке қарай ийтерди. Ханымгүл бул сапары ерине бетлеспеди. Адымын тез-тез атып жақынлар-жақынламастан сөйледи.

— Жумагүл, шырағым, саў жүрсең бе?

Жумагүл оны таныды. Бирақ жуўап қайтармай, еки аяғын зәңгиге тиренип, атының суўлығын тартты. Орақбай да тоқтады. Ханымгүл өзинде болып көрмеген қылўа менен белин бураңлатып, шайқатылып, бадабат салды:

—Күйеў баланың өзи неге сәлем бермейди?

—Бәйбише, ҳәр истиң ақырына бақпай сөйлемең!—деди Жумагүл, оның не сумлық пенен айтып турғанын түсинип—Алдымыздан шыққандағы мақсетиң не еди?

Жумагүл атының дизгинин жаздырды. Олар жаңа бир-еки қәдем атқан ўақытта Ханымгүл қәдемин шыйрақлатып қапталласты:

—Жумагүл, келеди деген хабарыңды еситип күтинип жүр едик. Қолда өскен палапанның қаршыға болып ушқан уясына қонғанын көргимиз келеди. Таярлығымыз мол. Мийнетимизди күйдирме, керек болса палўанларды үстиңе шақыртып беремиз.

—Керек болсаңыз сол жерге .сизлерди өзимиз шақыртып алармыз.

Ҳаялының сыртынан бақлап турған Қутымбай оның қамыстай аяқларының жерден зорға-зорға көтерилип киятырғаны ушын кеўлин қабартпайын деген мақсет пенен, ҳеш нәрсе билмегенсип, қорасына кирди. Ҳаял оған шағынып, жылап жиберди.

—Көргенсиз көргенсизлигин қылды. Жети атасы бий болған бийгүнә қолды байламайды, уяда не көрсе ушқанда соны ислеп атырғанына қара, көргенсиздиң. Сонша жыл берген дузымыз бир пул. Аш ўақытында бир ирет тойдырыў түўе өз күнлерин зорға көрген үйлерге кетти, бийҳая!

Қутымбайдың исик қабағы жабылып, жарғақтай ерни түйениң ерниндей салбырап, төрт мүйешли қалиптей ийеги кемсеңледи;

—Геўгим түссин, Қасым ийшанларға хабар етип, қонақ жериниң бала-шағасы менен бирге тухым қурт қылып, күлин көкке ушыраман! Ҳәзир Зерхан менен сөйлесемен.

Ханымгүл үйине кире сала, ойма нағыслы сандыққа текшеленип жыйналған жүкке бойын таслады...



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Батрашком Өтәмбеттиң үйи қара үй деген атақ алған менен бәҳәрге зорға шыққан уўықлары, керегелери көринип турған үй еди. Қийиз үзиктиң жуллығы да жоқ, гилең шыпта менен жабылған, тутыўы, есиги қамыс ший. Бир жақсы жери, бурыннан соңға үйиниң иши таза, гөне көрпе-төсеклеринде де гирбиң болмайды.

Ҳәр қайсы аўылға округтен ким келетуғыны батрашкомларына ескертилген еди, Өтәмбет палўан үйин әбден тазалатып, аўылласларының биразына хабарлап күтип отыр екен. Жумагүллер аттан түсиўден-ақ бәри ағытылып келип қалды.

Бурынғы қоңсы-қобалар, таныс-билислер көрисип бир майдан апақ-шапақ болысты. Бул ўақыттағы ең үлкен базарлық қант еди. Аўылларда онша табылмайды. Жумагүл әтиаждан қоржынның бир басын толтырып алып шыққан екен, балаларға шекем қуўаныспп, үй әтирапларында Жумагүлдиң атын мақтаныш пенен тилге алып шапқыласып кетти..

Демнин арасында дастурханға гиндикли жүўери зағаралар толып, чайниклерге чай демленип келип қалды.

Жумагүл үй ийесинен комиссия ағзаларының дизимин сорап алып бир ескертиў қылды.

—Бир ҳаял жоқ ғой, Айша жеңгей қайда?—Ол аўзын жыйғанша болмады, сөйлене Айша кирди;.

—Шарқыпәлек айланып биз ҳаяллардың басына да қонатуғын заманы бар екен.

Айша жасарған секилли, кийимлери де бурынғыдай гөне емес, бираз күнге күйреген менен, жаңа.

—Айша Аман қызы деп те жазып қой,—деди Жумагүл дизимди алып көрип отырған Ембергеновқа.

Айша таңланды.

Ҳәмме кеўилли күлисти.

—Жақсылық па?

—Жақсылық. Қутымбай қусағанлардың жерин өлшеймиз, малларын санап аламыз.

—Басына жаз, қәйним. Ҳаял басламаса еркек түтин түтете алмайтуғынын көрсетейин.

Ҳәмме және күлисти.

Дизимде аты жазылған дийқанлар толық жыйналып болған соң Жумагүл оларға Айшаның атын қостырып қайта оқыды да, тийкарғы мақсетлерин қысқа түсиндирип, тикейди.

—Қәне, баўырманлар, ис баслайық. Көпшилигин бүгин тут-



www.ziyouz.com kutubxonasi

пасақ қашады, ямаса сырттағы серiклерине хабар жиберип, аўылда нақолай жағдай туўдырыўы мүмкин...

Жумагүл Айшаның қолтығынан қолын өткерип, алға түсти. Басқалар ерди.

Қонақ күтиўге таярланып жүрсе де алды менен кирген Өтэмбетти көрип, Қутымбайдың урқанаты ушты. Ханымгүл жолбарыс көрген күшиктей қуўысқа тығылады. «Көзлери тынып, «кел» деп те айтыўды естен шығарды.

Изин ала Жумагүл кирди. Ханымгүл бирден тиришеленди;

—Айттым ғой, өзи келеди деп.

Ҳаялын бундай ўақытта дəлил табады екен деп ойламаған Қутымбай оған ҳайран болып бурылды. Жумагүл оларға жуўап та бермеди. Ал Қутымбай болса оны көлегейлеп, айланшықлай берди;

—Жумагүл, қарағым, үй-ишлер саў ма, Сəнем жеңгей күтə-күтə жақсы адам еди...

Апасының атын айтқан ўақытта Жумагүлдиң кеўли жибисейин деди. Бирақ булардан көрген азапларға буўынын босатпады.

—Бəри саў. Қане, Қутымбай, мынаў келген комиссия ағзалары алдында барлық жериңди, қанша малың барлығын жасырмай айтып бер.

—Ҳаў-ҳаў, Жумагүлжан, Жумагүлжан!—

Оның жəне бир нəрселерди айтажақ болып қиятырғанын түсинип Жумагүл əбден қатайды:

—Жумагүлжан жəрдем бере алмайды.

Ерли-зайып бир-бирине алақласып, турған-турған жеринде лал болды. Олар усылай сөйлесип тикейип турғанда Айша төрдеги дийўалға илинген нəҳəн ғалыны жаздырып жиберип төседи ҳəм Жумагүл менен Орақбайдың отырыўына ишарат билдирди. Басқа дийқанлар есик бетте зенирейсип зеребелерин үйирип турыпты. Бай болса қырғыйдан қорыққан шымшықтай кем-кем кейин бəсип, жүктиң қуўысына кирип баратыр. Көкиреги ҳəмме ўақытта өскин жүретуғын, кисиден сөзин алып қалып көрмеген бəйбишениң еки дизеси қалтырап, жығылып кетиўине сəл қалып тур. Олардың бул кейпин көриў жүдə жеркенишли еди. Бир-бирине де қарамайды. Егер қараса, өзлери бири-бирин аяп, жылап жибере ме, ямаса ашыўланып жулыса ма, түсиниў қыйын еди. Бирақ еринлери тислеўли. Иркиниш созылған сайын Жумагүлдиң ғыжырданы қайнады;

—Ойнамаңлар, айтыңлар тез! Басқа адамнан жасырсаңыз



www.ziyouz.com kutubxonasi

да меннен, мынаў аўылласларыңыздан жасыра алмайсыз, соны билиң...

Маллар жазлаўға шыққалы аўылға келмейтуғын болғанлықтан аўыл адамлары оның саны менен онша қызықсына бермейтуғын еди. Бай усыған исенип «Сасық көл» деги бир бөлек малымды ҳеш ким билмейди ғой деп, исенимли. Ал Нурымның балаларына атаған маллары менен қойлары Порлы таўдың қубласындағы көлде. Базда шопанлар аўылға да айдап келе береди. Оның үстине шопанлары өжет шопанлар еди, алдын ала оның айтқанына жүрмегенликтен жасыра алмаған. Ҳәзир, жасырмағаны да мақул болған тәризли. Оларды ертип барса айтқанлары орнынан табылады. Соның ушын да өзин еркин тутып, тилге келди;

—Көбисин салыққа берип болдым. Қазыўға белдар берип атырмыз. Инанбасаңыз падаға адам жибертип санатыңлар.

—Биз өйтиўди билемиз. Кереги сениң қанша дәрежеде өтирик сөйлейтуғынынды байқаў. Жайлаўға да адам кетти. Қәне, болыңлар бизде ўақыт жоқ.

—Жақсы сөз бенен сөйлеңлер, қәне, жаздым гүллән егислигиниң түрлерин, көлемин, малларыңның санын, қәйерде екенлигин тури-түсин қалдырмай айт, бәри бир, айтасыз, зорлық пенен айтқызамыз.—Орақбай ататуғын киси сияқлы мылтығын жорта ийниннен шығара баслап еди, үй ийелери бирден қалт-қалт ете қалды:

—Ҳаў, ҳаў!

Үй ийелериниң буйтип албырақлаўын көрмегенлердиң күлкиси де қыстады. Бай қалшылдап мурнынан миңгирледи:

—Ҳүкиметти әдил деп еди, бул не зорлық?—Өтәмбет палўан ала көзлерин байдын үстине қаратты. Бай муз үстинде турғандай тайып қапталына қулады.

—Жөгисиреме! Сендейлердиң талайын көргенбиз—деп буйырды. Орақбай, Жумагүл байдың желкесинен услап жеркенишли жоқары тартты:

—Түргел! Еркелей бериў пайда емес.

—Турайын, турайын,—деди бай ентигип сөйлеп.—Қане, жазың..,

Усы ўақытта Ханымгүл ериниң үстине аңшы тазыдай атлықты.

—Есиң бар ма, сақалы күнге ағарған? Зериханның балаларына бергениңнен басқа аўысық жер, мал бар ма бизде?

Қутымбай оның сөзине қулақ аспай, неше атыз егинк, малы



www.ziyouz.com kutubxonasi

барлығын, қайсылары Нурымның балаларына дәрек екенлигин айта баслады.

—Және, және,—деди Жумагүл пәсине қайтпай.—Егерде өтиригиңиз сезилсе, аямаймыз. Сол ушын айта бер.

—Инанбайсызлар-аў. Сақалым менен өтирик сөйлеп, қудай урып па? Еки жыллықта еки өрис қойым жылыўға түсип кетти. Сыйырларға бир дүркин қасқыр тап болды..

Ериниң тайсалмастан өтирик сөйлеп келистирип турғанына ишинен қуўанған менен, әкесинен үйренген дуўасын ишинен оқып «булар кеткен соң, жаңағы айтқанлары өтирикке шыққай, бизиң бай айтқан жылыўға мыналардың өзлери түсип, аман қалғаны қасқырға тап болғай» деп, гүбирленип отырған Ханымгүлге бирден жан енип қутырған пышықтай Жумагүлге тәп берип бурымларына жармасты;

—Сениң қолыңда ғана өлейин, бийҳая!—

Жумагүл оның шекесине шаппаты менен салып жиберип еди, искенжедей қоллары бурымлардан жаздырылмай, қапталына қулады. Айша асығыслықпенен жақынлап Ханымгүлдиң қарнына ыңқ еткизип бир тепти, оның қолы босады.

—Қәне, айтасаң ба?—деди Жумагүл байға. Байдың аўзына қум қуйылды.

—Жолдаслар, буларды қамаңлар!—деп буйырды Жумагүл. —Қалғанын өзимиз табамыз.

Комиссия ағзалары бай менен ҳаялын тырпеткизбей аяқ-қолларынан көтерип апарып есиктиң алдыңдағы дигирман қурылған қақыраға апарып тықты. Сырттан қулып урды.

—Қәне, Әйтен молланикине кеттик,—деди Жумагүл.

Қақырада дүрис-дүрис айқасқан сеслер қала берди...

* * *

Қутымбай әри-бери тисленип, сыр бермеўге тырысып еди, шыдамады Өз-өзинен дәрманы кетип, талып қапталына жығылды, сандырақлады:

—Сендейлердиң шетиңнен тири қойсам, қудаға қул, Муҳаммедке үммет емеспен,—аўа қул емеспен, үммет емеспен, мениң малым—жаным, мениң жаным-малым!...

Ғарры байдың қаншама бажылдап, бийпәрўа сөз айтқанларын шыбынның ызылдысы шелли көрмейтуғын Ханымгүлге ҳәзирги сандырақлар жаңа жылаў болып еситилди, жаны титиренди. Аяп, бас ушына жақын отырды. Бирақ өзинен де ҳәл кеткен еди, ериниң басынан сүйеп тикейте алмады, қоллары



www.ziyouz.com kutubxonasi

қалтырап, таслап жиберди, усы сапары ериниң ҳақыйқат аўырғанын сезди. «Өйбей, өйбей, жаным» деўи менен, келип қапыны урды.

—А а аш!

Сыртта сес жоқ. Ҳаял кем-кем өзлериниң қамақта екенин де умытты. Қутымбайдың биресе аяқ ушына, биресе бас ушына шығып, пәрмана болыўдан басқа илажы қалмағанын билип, биринши рет байланған қабаған қаншықтай, тыным таппай телмеңлеп алды артына жуўырды. Ағы басым көзлери шапырасып апалақлады;

—Өйбей, жаным! Денең күйип баратырғой!.. Шекең парлап тур!—

—Молланы шақыр!

Ҳаял көзи байлаўлы пышықтай қапыға дүкти де қайтадан тым-тырыс болып, ериниң қасына барды ҳәм даўысының барынша даўыслады.

—Зериканууу ҳууў!

Ашшы даўысты жанлы мақлуқ еситпеди ме, даладан ҳеш ким сылт етпеди. Бай керилди, созылды. Еснеди. Аўзын ашты. Еки езиўинен көбик шығарды. Көзлери аларды. Усы ўақытта оны тутанақлы кеселге тап болды ма екен деген ой менен, Ханымгүл бетине үңилди. Бай оны көрмейди. Ал Ханымгүл болса, оны тутанақлы кесел емес, иш қысталықтың зардабы қысып атырғанын сезди Ери енди оған ҳәр қашанғыдан аянышлы ҳәм өзине жақын көринди. Бай және гүбирленди;

—Ҳаял, рийза бол!—

Ханымгүлдиң көзлери уясынан шығып кете жазлады. Даўысының барынша әлле қандай бәдайбатлық пенен сыртқа карай бақырды:

—Келе гөриң, жанларым уҳуўу!!

Ҳаялының ҳақыйқаттанда пәрмана болып жүргенин бай сезип, оның аш ишектей жиңишке бармақлы қолларын, өзиниң тозған ағаш жөбадай алақанына салып, сыйпалап, жыланды:

—Қатын, мен бүйтип аўырып көргеним жоқ еди, әжел-муғаллақ анық келген сияқлы. Егер разы болсын десең, ишимди өртеп баратырған бир сораўыма жуўап бер. Дәрт үстине дәртли болып кетпейин.

—Сора, шабазым, сора! Сеннен аяр жаным жоқ.

—Ҳеҳ, ҳеҳ! Сен... Сен.,, жасырма, шабазым, сен Тәжим мурт пенен жүрип көзиме шөп салдың ба?

—Жаныңнан еле дәмем бар ғой, шабазым. Тәўир болсаң...

Димары қурып баратырған Қутымбай аяғын баўырына тар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тый тислешип, үзилген оқжайдай қатты серпилип, күшиниң барынша көкирегине дүрс еткизип тепти;

—Ҳа, өлэтизиниээ!

Ол аздай бирден аяқ ушына минди ҳэм басы менен ҳаялының бетине дүге берди, дүге берди, урыспаз қошқардай кейин бәсип келип те дүкти. Өмири туўып бундай болып қапаланып, таяқ жеп көрмеген ,оның үстине, ишки сырын ашып алған. Ҳаямгүлдиң мурнынан қан дийўалға атлығып, даўылға ушыраған жалғыз қуўрайдай қалш-қалш дирилдеп, өзинен-өзи пэтленди. Мурнының қанын ғыйыўға ҳэрекет етиўдиң орнына бирден ушып түргелип, ғарры байдың сақалына пэнже урып басын дийўалға дүкип жиберди. Ғарры бай түби ширик ағаштай омырылып қапталға қулады. Ҳаял оның менен тынбай алқымына қол салды. Кегирдегин езип мурнынан тислеп гижиңди:

—Ҳа, мениң сырымды ашатуғын сенбе?—Қутымбайдың өңешине қол урылғанда-ақ жаны жәҳэннемге кеткен еди, оның қарсылық етпегени ҳаялдың оған меҳирин оятып үстинен түргелди де, не болғанын бирден уқты. Шашларын тартты, бурымлары жайылып кетти. Бир ўақытта көзлери уясына сыймай, тикейе сала үстиндеги қызыл көйлегин қақ-қақ айырып, орамалын ылақтырып жиберди. Дамбалын шешип, ериниң үстине таслай сала хэне қапыны урды. Бир гезде көзине пэтик көринип, түргелме дигирманның үстине минди-де, пэтикке тығылған сабанды алды да орнына басын тығып, өзин сыртқа атты. Көйлегиниң жартысы пэтикке илинип қалды да өзи жерге дүрс етти. Енди ол үстиниң ашық жабығына қарамай, үйге кирип шырпы алды-да отаўға ҳэм қақыраға от басты. Усының менен мақсетине жеткендей үсти-үстине шақалақлап күлип, жаланаш жанбасына шаппатлап, шынжыры үзилген ийттей бет алды қараған тэрепке шапқылады-да кетти...

Күнименен күнге күйреген қамыс, ший, көзди ашып жумғанша быж-быж алысып өрт көтерилди. Қасахана самал да күшейди.

Геўгимлете көтерилген жалынға аўыл адамлары менен Жумагүллерде жуўырысып келди, бирақ ҳештеңе үлгермеди, бай отаўының шаңырағы ортасына түсип қақыра қып-қызыл жалын болып атыр еди...

Жумагүл от сэўлесинен көринген қамыс қораларға нэзер таслап қасындағы жолдасларынан өтинди.

—Жас гезимде Аналық кемпир дегениң даўыллы күни «отыңызға беккем бола гөриң!» деп аўыл аралайтуғыны есиме



www.ziyouz.com kutubxonasi

түсип тур. Серлейсизбе, барлық қоралар бир-бирине жалғасып кеткен, егер оларға өрт өтсе, билмедим.

Аўыл диййқанларының көзи үйренип кеткенге ме, ырасында да ҳештеңе елестирмейтуғын еди, Жумагүлдиң ескертиўинен пайдаланып, бир-бирине ым қағысты-да, қоралардың араларын бөлшеклеўге—қамыс шомларды қопарыўға киристи.

Еле олар тарқамай-ақ, қуптан гезинде аўылға бир топар атлылар келип ҳәржерден оқ көширди-де, өртти, ояў адамларды көрип әллеқайда зымғайып болды.

Бул ўақиядан соң диййқанлар тарқамастан аўылды қорып шықты.

## 30

Жылан ғана ийретилип жүре алады.

Қасым ийшанның усы ўақытқа шекемги тутыслық бермеўи жылан болып жүре алыўынан еди. Көп жерлерди айналып ақыры Қусхана таўдың бир үңгирин мәкан еткен Қасым ийшан кем-кем күши сепсип азайып баратырғанын сезседе сыр бермеўге тырысар еди. Сыртқа қойған бир суўпысынан сыртта Жуманияз ләўзениң бир топар жигитлер менен келип сыртта күтип турғанын еситип қушағын жайып сөйлене шықты:

—Ҳа, шырағым, Шерим, келдиң бе? Қанша күттим сени! Билдим, келер деп ойладым-аў, келдиңбе, Шерим!

Жуманияз өз алдына бир топар дүзип алыў ниййетиниң орынланбайтуғынына көзи жеткен соң пайлаж келип турғаны еди, бирақ ийшанның бундай қушақ ашып мақтаў сөзлер еситиўден дәмеленбегени ушынба, кемпирбет Қасым ийшанның соңғы гезде жасыл урған ағаштай қараўытқанын, азғанын байқамады, атынан секирип түсип алдына бас ийди. Ләўзениң қара бууўрыл өсик шашларынан сыйпалап, тасбақаның жаўырнындай қат-қат аламыш бетинен сүйди.

—Қасқырым, жолбарысым!

—Қасқырыңыз ийт орнында жүр.

Ийшан Жуманияз ләўзеден ушырма гәп шығады деп ойламаған еди, оның көп жыллап қашып ҳәрекет етиўлери нәтийжесинде тәжирийбеси артып бираз ақыл топлаған екен деп сүйсинди.

—Кәне, ислериңди баянла.

—Сизиң алдыңызға келгенде жақсы хабар менен яғный маңғыт аўылындағы МТС жигитти, солкәрада Жумагүлди Ембергенов пенен қосып өлтирип келмекши едим. Иске аспады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Соннан соң изин қуўып түнде Еркиндәрьяға келип едик, бир жай өртенип атыр, ҳәмме адам ызық-ызық болып жүр. Соған қарап, биреў бизлердиң алдымызды алып оларды өлтирген екен, Жатқан үйине отберген екен деп берман қарай тарта бердик.

—Қарасаңғой қасқырға мегзейди, лекин, жүрисиңнен түлки болып қалыпсаң.

—Жоқ ийшаным, шынлықты айтып турыппан.

—Дурыс, дурыс,—деп нөкерлериде мақуллады.

Ийшан оларды ишке алып кирди. Ләўзе булкәрада Атанияз ақ қурашты, Зәрипбайды, Хожаниязды көрип «ҳа усы найсаплар»дың иси екенғой» деп, басқа жаққа кетпей туўры келгенине ишинен қуўанды. Сандықтың артынан шығып атырған аяқлардағы қара мәсини бир жерде көргенге мегзетип, еки көзин сол жақтан алмай отыр еди,Ийшан сезип күлди;

—Өтирнгим шығып қалар деп корқып отырсаңба?

—Ким өзи?

—Уйқың қанған болса тикей,—деп ийшан қолын созып мәсили аяқларды шайқады. Уйқыдан көзлери исиңкиреген Дүйсенбай бас көтерди. Жуманияз ҳайран қалды.

—Ҳа, онда, оларды өлтирип, үйине от берген сиз екенғой.

—Сиз қараны айтып ақты ойлайсыз, қолыңыздан түк келмейди.

—Сизиң аўылда өлтирейин десем пүткил аўыл түргелип кетипти ақыры.

—Қылышың ендиги жағында қанлы болсын,—деди Ийшан тынышлық орнатқысы келип. Оның даўысынан ҳешкимге де, кеўли толмай сарсылғаны билинип турыпты. Оны сезгенде сезбегенде қайтып тилге келмей, аўзын бақты.

Ийшан ишине жел толтырылған ыдыстай тырсыйып, астындағы төсегин қомлап қоқырайыңқырады.

—Азаматлар, бизиң қарақалпақ халқына «бирикпеў» деген дуўа кеткен шығар деп ойлайтуғын ўақытларымда болатуғын еди, буның себеби, гейбир сәтсиз қәдемлер үстинде Ерназар алакөздиң «алма жеген алпыс бийи» есиме келе берер еди. Бул қурлым шүкир, бизлер билмейтуғынлар арасында бизлерди қуўатлаўшылар, ҳүкимет исине қарсы турыўшылар бар екен. Мынадай бир әпсана билетуғын едим. Бир мусылман патшасы кәфирлер менен урыста өлген соң жақын жуўықлары оның өлимин елине, жаўына билдирмей ҳәтте патша сайламай ақ, жүз жыл соның аты менен ҳүким жүрткен. Бизиң ҳәзирги мусылманлығымыз әўеле қудай, сондай жолдан барады. Илайым, Жуманиязжанның хабары ырас болғай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Ырас ийшаным!!

Ләўзениң тастыйықлаўынан соң ийшанның кейпи әдеўир ақ көтерилди;

—Азаматлар, енди тонды өзгертип кийиўге туўра келеди. Бир қәтемиз, ағаштың шақаларын кесемиз деп бираз күшимизди заялап алдық. Өмир деген әм қапылып, гөне қаптай, бир жағын жамасаң, екинши жағынан тесик шығады. Сол ушын ағаштың түбине балта урыўымыз тийис, яғный Шымбай қаласына топылыўымыз тийис. Атанлязжан Муханов, Қоразбековлардың өлтирилгени ҳаққында жүдә жақсы хабарлар менен келип отыр. Ҳәмме белсендилери аўылларда жүргенде Баймуратовты, Гафуровты, Мәжитовты гүм қылып орнын алыўымыз керек. Оннан сон аўыллардан келгенлерди не қылыўды түсиндириў қажет емес. Айтпақшы, Жуманиязжанның ҳуқық алатуғын қағазы жоқ, Дүйсенбай, сен ҳәзир аўылына қайтып, анаў муғаллимине соны ислетесең ҳәм өзин нөкерликке әкелесең. Тамақ ишпесе, сайрайтуғын қус жоқ екенин умытқан секиллисең.

—Түлки уясына жақын жерден урламайдығой, тақсыр.

—Дәлкектин ўақты емес. Сол муғаллимди бәлким Мәжитовтың орнына отырғызармыз.

—Атшабардың жәрдемшиси қамшысы екен, тақсыр, дурыс.

—Зәрипбай, қасқыр терисиниң орнына қой терисин жамылаcаң. Егер қызын Жумагүл өлмеген болса, геллесин алдыма өзин әкелесең. Имканиятын таўып тири келтирсең, онда сеннен бейиший адам болмағаны. Басқалар қалаға топылысқа таярланады. Басқа гәп жоқ, шыраны өшириңлер.

Шыра өширилди.

Қараңғының иси бәрҳа қара ис. Сол қара ислердиң жол-жобалары ҳаққында гүнкилдилер тыйылмады...

31

Таңның алдында ғана жатқан Жумагүл сәскерек ояныл далаға шықса, үй ийеси Өтәмбет палўан үй әтирапындағы көп жыллық қамыс қораны қопарып болып, орнын тегислеп, ҳаялы менен суў серпип жүр екен.

—Жумагүл,—деди Өтәмбет палўан.—Адамның бир нәрсеге көзи үйренип кетсе, елестирмей жүре береди екен, көрдиң бе, үйдиң ҳаўасыда тазарып қалды.

—Бул қораның қыспасында ата-бабамның маңлай тери бар деп қопармай жүрген өзиң еди ғой,—деди Өтәмбет палўанның ҳаялы.

Жумагүл күлип ҳаялдың қасына барып қолынан суў шекерин сорап алды да, оның исин өзи даўам еттирди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Женге, чай қайната бер.

Азан менен ат суўғарыўға кеткен Ембергенов кеўилли сөйлеп киятыр.

—Өтәмбет аға, кеше киятырғанымызда, Жумагүл аўылымызға алысырақтан нәзер таслап «анаган қара, көлдиң ортасындағы кишкене атаўға өсип, қыста жапырыла сынып атырған шоқ қамыслыққа мегзейди» деп еди. Жанада жап бойынан қарадым. Ақшамғы ҳәрекет аўылды гөнеқорадан әдеўир жеңиллетипти. Аўыл ҳақыйқый аўылға мегзеди.

—Еңбаслысы, ҳаўа тазарып атыр, оннанда ағласы, өрт қаўипли емес. Кеше түнде жүрген гәззаплардың басына жаман ой келип, ҳәр жерге бир от тасласа, өшириў мүмкин, емес, Қутымбайдың қорасы кеше шырпыдай болып жанғанын көрдиңизғой.

Чай гайын болғаны ескертилди.

Чай үстинде кеше түндеги бийсәўбет атлылар жөнинде қайтадан гәп болып, оларды тутыў ушын Ембергенов атланатуғынын, озса қаладан бес-алты атлы алып излейтуғынын айтты. Оған қарсылық болмады.

Ембергенов кеткеннен кейин Жумагүл кешегиденде көбирек дийқанларды жыйнап байдын ҳәм молланың жерин танаплап үлестириўге шықты.

Бүгин күн ҳәрқашанғысынанда шыжғырды. Оның үстине аўыл қуяшқа тутылған табақтай қызады екен. Бирақ олар иске қуныған қуяш тас төбеге тирелгенде де түсликке шықпады. Аўыл арасындағы бул жағдай ең аўыр аяқлы гежир дийқанлардында биразына қозғаў салып, жер өлшеўшилерге келип қосыла берди.

Жумагүл қапталынан Айшаны қалдырмай бәрҳа қолтығынан услап жүр еди, байдың кең көлемли атызының шетиндеги жүўеги қорыйтуғын диңгекте отырған Зериханның қасында иркилди.

—Бул кимниң атызы?

—Бизики,—деди Зерхан әстен.

Адамлар айланшықлап жабыр-жабыр бола қалды:

—Бул қалай?

Кешеги байдың хабарынан кейин Жумагүл Айшаны Зерханға жумсап бай оның балалары ушын жер, мал үлестирип, өзин екиншин ҳаяллыққа алатуғын болғанын ырас өтириклигин анықлаған еди.

—Нәлетий бай өлер алдында да алдап үлгерген ә!—деди Жумагүл Зерханға тигилип қарап. Зерхан үндемеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Айша женге, көпшиликке бир сөйлейсең бе?—деди Жумагүл сыбырланып.

—Қашан? Қайерде?

—Ҳәзир екеўимиз мынаў диңгекке шығамыз. Сен қалтаңдағы саат ҳаққында кеше маған айтқанларыңды көпшиликке жәрия қылсаң болды.

—Сендей оқыған емеспен, мени ким тыңлайды.

—Ҳешгәп.

Жумагүл жүўери қорыў диңгегине Айша менен көтерилди.

—Жолдаслар, Айшаның еки-үш аўыз сөзин тыңлайық.

Дийқанлар аң-таң болып силтидей тынды.

Айша узын шынжыры бар алақандай алтын саатты қалтасынан шығарып көпшиликке көрсетти:

—Бурын көргенсизбе? Ким таныйды?

Адамлар көрмегенин; ҳәтте не екенин билмейтуғынын айтып ғаўырласты.

—Биржола, оразаның ишинде Әйтен молланың көз ашықлық еткени бәршеңиздиң есиңиздеғой, солай емеспе?—деди Айша узын жеңлерин сәл түриңкиреп.

—Айта бер, айта бер.

—Оразаның иши еди. Күн тутылдыма, бир бәле болды. Әйтеўир түстен кейин еди. Күн батқандай айнала геўгим тартты. Соннан бәрше оразалар күн батты деп аўызларын ашыўды баслап еди, Әйтен молла «еле ўақыт бар, шыдаңлар!» деп аўыл арасында жуўырып даўрық салды. Адамлардың биразы оған исенбеди. Соның арасында аспан ашылып қуяш шықты. Еле намазлыгер екен. Ҳәмме моллаға таң қалды. Меңде соңда молланың көз ашықлығына исендим. Бүгин билсем, ўақытты өлшейтуғын мынаў саат екен!

—Саат!

—Аўа, саат, оның диң етип ашылатуғын аршасынан шықты.

Саатты көрмегенлер минберге антылай баслап еди, Айша оларға саатты услатты. Шынжыр баўлы алтын саат қолдан қолға етти.

* * *

Тап усы ўақытта Еркиндәрьяны жағалап, аўылдың туў сыртынан қарап қара атлы турды. Ол Зәрипбай еди. Жән-жағына асықпай қаранып атын әстен айдады. Урыдай ҳәр түпгеп қаўип-қатерлениp астына қарайды .

Қутымбайдың ақ үзикли отаўы алыстан көринетуғын еди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

көзи шалмағанына ҳайраны шығып, зәңгисине ширене бергени қапталындағы гөне гүзардан шашы уўдар-дуўдар болып шапқылап киятырған албаслыдай биреўге көзи түсти. Танымай үңилиңкиреп еди, «албаслы» тилге келди:

—Ҳә, қара атлы, қара атлы! Тоқта, сен ушын ғарры байды өлтирдим...

Зәрипбай оннан қорқып тақымын қаттырақ қысып, атын алға илгерилетседе, былайырақ барып гидирди». Бул Ханымгүлғой! Жин урғанба? Атты таныўына қарағанда, еси путин болыўы керек. Сөйлесейин, аўылдың жағдайын билейин...»

Ханымгүл сол жуўырған пәти менен келип Зәрипбайдың қамшылар зәңгилигине асылды:

—Мени аласаң!

Зәрипбай енди ғана онын анық ақылдан адасқанын сезип қамшысы менен басына урып жиберди, Ханымгүлдиң қолы зәңгиден шығып, аттың шамына тийсе керек, ат сәдделеп-сәдделеп жиберди. Ханымгүл қарнын қушақлаўы менен есик-төрли жерге малақайдай жалп етти.

Зәрипбай оның аўзынан қан ағып атырғанын көрседе, биреўдиң «сен өлтирдиң» деген жаласына қалыўдан қорқып, айналасына және бир көз тасладыда, ҳешким жоқлығынан пайдаланып алға жүрип кетти. Қутымбайдың отаўын излеген-көзлери енди басқа нәрсени көрди. Кең көлемли жүўери атызының шетиндеги диңгектиң айналасында адамлар шоғыртпақласып турыпты. Бир ғарры тораңғылды паналап оларға узақ сер салды да, адамлар арасында ОГПУ диң кийимин кийген ҳешким жоқ екенине көзи жетип, тәўекел, атын солай бурды. Бул ўақытта Жумагүл сөйлеп, бурынғы дин ийелери, ҳәтте илимниң жаңалықларын халықтан жасырып, өзлериниң пайдасына қалай қаратқаны ҳаққында айтып атыр еди. Көпшиликке жақынлаўдан атын жетелеп киятырған Зәрипбай, атын босқа жиберип ийегин көтерип қолын жайды:

—Мынаў мениң Жумагүлимниң даўысығой, шырағым, баўырым, сени қанша изледим!...

Адамлар артына жалт бурылды. Зәрипбайдың олар менен иси болмай, қушағын жайыўы менен минберге жақынлап баратыр.

—Шырағым, көзлеримниң қарашығы, тырнағым, баўырым...

Жумагүл оны әлленеткен жәбиркеш шығар деп тур еди, жақынлаған гезинде ғана танып, бир демге лал болып барып, бирден өзин бийледи:

—Мен сизди танымайман!



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Мен қартайдым, сол ушын танымағаның дурыс. Мен өз әкең Зәрипбайман ғой!

—Зәрипбай менин әкем емес, мине мыналар мениң әкем!

—Ҳаў, қызым, жалғызым, ҳақыйқатлық қайда қалды?

—Ҳақыйқатлық деп сүрен салғанлардың бәрин ҳақыйқатлықты қуўатлаўшы деп түсиниў қәте.

—Ҳаў, қызым, бахытлы менен бахытсызлық араласса бахытсызлық жеңип кетеме?

—Көрдиңбе жөгисиреўин! Халайық, Зәрипбай минип келген қара атты таныйсызба?

Таныған ларда самсаз еди. Айша жалтармады:

—Бундай атты Тәжим мурт минип келетуғын еди.

Жумагүл минберден түсти.

—Өтәмбет аға, анаў қара атта Зәрипбайдың ҳақысы жоқ, алып қал. Қәне, халайық, енди түсленип, исти соннан соң даўамлаймыз.

Адамлар топарласыўы менен Жумагүлге ерди.

Өтәмбет қара атты жетеледи, Зәрипбай оған асылалмай я көпшиликке ере алмай, үкп аңлыған түлкидей жалғыз өзи зеңирейип қалды.

Түстен кейин жер өлшеў қайтадан басланды. Ис арасында Айша Жумагүлге бүгин сәрсенби екенин ескертип қойды.

—Онда аўылыңызға келиншек келеме ямаса қыз кетеме?

—Қыз кетеди,—деди Айша.—Зергердиң қызы Арзыгүл. Бәлким, танымассаң. Жақында қыздың анасыда өлди.

—Тениие кетип атырма?

—Яқ, дәрьяның аржағынан бир бай екен. Қалың малын бирогала айдатып әкелген дейди.

—Бул қызық екен, исти ертең даўам қылармыз, күйеўлерди көрейик.

Оның бул пикирине батрашком Өтәмбет палўан әм қарсы болмады.

—Барыңлар, анаў-мынаў ис болмаўы ушын бес-алты жарақлы жигит сыртыңыздан әм бағып турады.

Зергердики аўылдың батыс шетинде, өз алдына еди. Күйеўлер оның қара үйине түсирилген екендағы, үй ийелери менен еки-үш қыз-келиншек ылашығында қалды.

—Кел, жеңге, сизге де атап әкелген көйлегимиз бар,—деген бир даўыс еситилди иштен.

Жумагүл енди иркилип турмай, биреўден қашыртып жиберип қояр, алды менен қызды көрейин деген ой менен ылашыққа кир-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ди. Ишге еки ҳаял Арзыгүлди узатыўға қолайлап, жасандырып атыр екен. Ҳаяллар ҳаўлығып өрре-өрре түргелди.

Арзыгүл жылап жиберди.

Жумагүл қатал түрге кирип, зеңирейген ҳаялларға буйырды.

—Қыздан күйеўдиң кийимлерин шешиңлер!

Ҳаяллар апалақласты.

Қыз неликтенде албырақлап зер нағыслы қызыл жегдесин, басындағы ақ-ала жаўлығын асығыслық пенен шешип, мурнындағы әребегин, қулағы толы гүмис сырғасын шыңғырлатып алып ҳаяллардың биреўине услатты.

—Енди тынышлықты сақлаң,—деди де Жумагүл күйеўлер отырған үлкен үйге кирди.

Алдын ала келисилген ўәде бойынша Айша Жумагүлдиң не ушын иркилгенин түсинип, күйеўлерди қорқытпай, қәдимгисинше сөйлеп, бир дизеге қонып отыр еди. Жумагүлди көрип ушып түргелди.

Шырайы, сақал-мурты өттей сары арық зергер, ақ шапанларын желбегей салған еки қонаққа от жағып отыр. Қонақлардың биреўи қуўдай ақ сақаллы, екиншиси өртең шалған шеңгелликтей қара сақаллы еди.

—Қайсысын күйеўсиз?—деди Жумагүл төрде сызылысып отырғанларға нәўбетпе-нәўбет тигилип. Қарасақаллысы ийеги менен нусқады.

—Бул киси!

—Жасыңыз нешеде?

—...

—Неше ҳаял алдыңыз?

Күйеў үнсиз. Кем-кем кейин бәсип, артындағы сабақтың астына пышықтай тығылып баратыр.

Зергер «күйеў»лердиң алдында қысыныспаға түскенине шыдамай түргелди.

—Неге зеребеңди үйиресең, қыз беретуғын биреў, қыз алатуғын биреў.—Ол пәтленип Жумагүлдиң ийеги астына кирип ақ қалды.—Сен биреўдиң қызының бахытын қызғанғанша, ;әўеле өзиңе бай таўып ал! Төреликти ким қойыпты саған!

«Күйеўлер» селк-селк күлисти.

—Қәне, қарасақал, сен күйеўдиң несисең?—деди Жумагүл ишки ызасын сездирмеўге тырысып.

—Ҳе, атқосшысы? Оннанша солай сорасып, қәде ал. Әй, Айша, бүйтип дәбдебе қылып турганша мынаўыңды неге бизиң күйеўдиң атқосшысына бир ақшамға тапсырмадың?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Айшада әлле қандай күш пайда болып зергердиң көкирегине кейин қарай түйип жиберди:

—Жасама аўзыңды!

«Күйеўлер» өрре-өрре тикейисти.

—Қылт етпейсизлер!—деп буйырды Жумагүл.—Қәне қарасақал, сен жуўап бер, мынаў, «күйеў бала»ның неше ҳаялы бар?

—Ҳәй қызым, сеники не күш?—деп «күйеў» жанланып атқосшысын қолы менен түртти.—Мейли, қызды әкетпей ақ қояйық. Бирақ малларды түўеллеп айдап шық.

—Сизге енди мал жоқ, 196-статья менен айыпланасыз! Қәне, қара сақал, тез ғана байдың қолын артына қайырып байла, болмаса өз қолың әм байланады.

Зергердиң урқанаты ушты.

Қарасақалдың да, күйеўдиң де көзлеринде Жумагүлге топылыў нийети бар еди. Оның айбынбай буйрық етиўинен изинде күши барлығын сезип, екеўи теңнен қалт-қалт етип тур.

Тап усы пайытта жарақлы еки жигит ишкериледи. Жумагүл оларға ым қағып еди, биреўи қара сақалдың, екиншиси «күйеўдиң» қолын артына қайырды. Зергер гезек енди меникиғой деп, көзлериниң әлле-пәллеси шығып, бирese қонақларына, биресе Жумагүлге қарап дирилдеп тур еди. Жумагүл қабақ үйип доқ урды:

—Қалың ушын әкелинген маллары менен қосып мыналарды қалаға өзиң апарасаң. Гүўа боласаң. Усы аўылдың еки жигити бирге айдасып апарады.

—Яқшы.

—Және бир буйрық, өз қызыңызды оқыўға жибересиз. Мен қалаға барғансоң шақыртаман.

Зергер буғанда бас ийзеп мақуллады.

Жумагүлдиң кескин ҳәрекетлери аўыл арасында өз алдына жанланыў туўдырып, азанда жер өлшеўге келиўшилердиң саны және көбейди. Ҳеш жерде дем алмай, шаршап түсликке киятырғанында күтпеген және бир, адамына дусласты. Қарсы алдында дайысы Төренияз пайда болды. Бурынлары үсти-басы қустүткендей әптада болып жүретуғын еди, енди кийимлерин дүзепти. Жумагүл жаслығындағы әдети бойынша алдына шығып қолынан алды, ҳал-жағдай сорасты. Ири геўдели Төренияз оны бүйтеди деп ойламаса керек, көсенамайлаў жүзи жадырап үлкен аўзын ашып күлди.

—Шырағым, қандай бахытлысаң, мен қандай бахытлыман.

Жумагүл усы ўақытта ғана оның өтинишин, аўырыў Сәнемниң аўзына көпшик қойып өлтириў жөниндеги мәсләҳәтин, еслеп

www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәкислениңкиреди. Төренияздың иши ғымылдап түсине қойды.

—Кешир, жийеним, менде еле баяғы жоқшылық, баяғы жүрис. Жетпесинликтиң себебинен ананаңда пәтия қылалмадым.

—Ҳәзирги талабыңыз не?

—Уятты қойып Зәрипбайға қайтадан дийқан жүрдим. Өзи күтә қатал! Түнде оннан сениң булжақталығыңды еситкимде шаба бердим. Неде болса жалғыз анамнан қалған жалғыз жийеним еди; байлардан компискалап алып атырған пулынан сорайын, мал сорайын, сөйтип жарлылықты умытайын, Зәрипбайдан қутылайын деп келдим.

—Күтә ақыллы болып кетипсиз.

—Адам дегенге жас минген сайын өмир ғалма-ғалы минеди. Өмир ғалма-ғалы ақыл қосады, шырағым! Оның үстине нәўбет жарлыларға қарады дейди ғой. Нәўбет қараса ақыл қосылып келеди.

—Байыйжақсызба?

—Жийенимиздиң арқасында бир байысам байыйын деген нийетим жоғәм емес. Билесең бе, билмейсең, бе еле, нағашы атаңнын көп садақалары берилмей жүр еди. Енди сениң арқаңнан нағашы атана садақа берилип қуў сүйеклери мәлҳәм болып жибисин, жийенине ырза болып жатсын жийеним ә?...

—Нәўбет жарлыларға қараған менен мақсет оларды байытып, байларды олардың орнына түсириў емес, бәрин теңлестириў.

—Басың искен екен. Дүнья тегис боламан дегенше кисиге бир ис болады деген. Сендей жийенимиз барда шалқымасақ не қыламыз енди? Айт-шы, шырағым, меннен басқа сениң қол жаўып, қәдирин билетуғын жақының бар ма? Қолда ҳамал барда алды менен өз туўысқанларыңа қол жаўып қал. Ең болмаса, жийенимиздиң арқасында ат миндик, байыдық деп айтып жүремиз ғой. Солай емес пе?

—Келгендеги мақсетиңиз тек усы ма?

—Сендей ҳүкимет адамына усыннан зор, усыннан үлкен өтиниш бола ма? Жаңа киятырып зергерди көрип едим, қызының қалыңына алған малларын қалаға әкетиўге таярланып атыр. Болмаса соннан еки сыйыр бергиз.

—Және?

—Сени көрип қуўанғанымнан айтайын дегенлеримнин биразын умытып қалдым. Ишке кирип чай ише берейик, есиме түссе бәрин айтаман. Ақыры жарлы адамның тесик-жыртығы көп болады. Кәне жүр, жийиеним. Мынаў батрашком Өтәмбет палўанның үйи ме?

Жумагүл неликтенде өзин жоғалтып бирден кийликти



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Жоғал, көз алдымнан!

—Кимге айтып турсаң?—деп, Төренияз елестирмегенсип жәнжағына қарап басқа биреўди изледи.—Ҳа-ә, жаңағы сөзиң маған ба?

— Саған! Мениң сендей туўысқаным жоқ. Қәне, батыр қаранды!

— Ҳаў, Ҳаў!

— Енди қайтып жүзиме жүзиң түспесин!

— Бул сөйлесикке аң-таңы шығып турған Айшаның жаўырынына қол салып үйине кирип баратырып өз ҳәрекетин ақлаўға урынды.

— Оған сол керек.

Айша гәп-сөз қоса алмады.

Жумагүл Төренияз жөнинде умытқан кейип көрсетти:

— Айша жеңге, енди гилең ҳаял-қызлардың басын қосып бир сөйлессек болар еди.

— Ҳәзирги ислеринди аяқлай бер, олда болады...

## 32.

Бүгинде кешегидей болып күн шығып, кешегидей болып күнбатқаны кешеги өмир ғалма-ғалы тәкирарланғаны емес, ҳәркүн өзиниң қуўанышына ҳәм өкинишине ийе. Соның менен бирге ҳәрбир инсанның өзинше күн өткериўи бар, ҳәрбир инсанның сол күнги бериси бар, сол күнги алысы бар. Бул жағдайларға ҳәркимниң өз түсиниги ҳәм сол түсиник дәрежесинен өз сүйиниши өз күйиниши бар.

Жумагүл ҳәр өткен күнниң жуўмағына сүйинседе, күйинседе көпшилик адамлардың өзин қуўатлағаны ушын ойының солар менен бирге болғанына әбден ыразы болып күйинишлерин умытатуғын еди.

Еркиндәрья аўылына келип ислеген ислерине, жүргизген сиясатына соншa ыразы болып қайтты. Әсиресе, оны қуўантқан нәрсе соңғы күни гилең қыз-келиншеклердиң басын жәмлеп өткерген жыйналысы.

Тили ашшы биреўлери тартынбай сөйлеп оқыўға кеткен қызкелиншеклерди адамлар бузықлыққа айыплайтуғынын, оның мысалы етип тәнҳа Жумагүлдиң атын келтиретуғынын жасырмады, ҳәтте өзлериниң де соған исенетуғынын айтты. Жумагүл ҳешқайсысына ашыўланбады, қызбады. Оның ойынша ҳәзир ең әҳмийетлиси қыз келиншеклердиң жасқанбай кеўил сырларын ақтарыўы еди. Қайсысы қалай сөйлеседи, мейли ол өмирге налынсын, мейли шарқыпәлекти әрман етсин, мей-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ли ол үнсиз ғана көзлери менен сөйлесии, бирақ бәринипде тамға қамалған қустай, тегерац жақты көриисе соған умтылатуғыны айқын сезилип турды. Сол ушын ол өзинше сөйлеў нәўбетинде асықпай, барлығынында қыялларын мақуллаған болып, елдин келешеги ҳаққында айтқанларында имканияты барынша исендириўге тырысты, оқыўға барыўға тилек билдиретуғынларынын, қызын, сиңлисин жиберетуғынлардын дизимин жазып алып өзи қалаға жеткеннен кейин оларды шақыртатуғынын ескертип аўыл менен хошласты.

Ол тикке қалаға емес Бахытлы аўылына бет алды. Қалаға барғансон жумыслар көбейип кетеди. Сол ушын жаңа батрашком Бийбиайымнын қалай ис баслап атырғанын ақсақал арқалы емес, өз көзи менен көрип өтиўи тийис.

Аўыл адамлары арасында өзин батыр жүрекли көрсеткиси келдиме еки атлы жигиттин узатып салыўына да келисим бермеди.

Жеделли еркеклерге усап аўылдан шығыўдан ақ, ақ боз атына бир қамшы урып, изинде бурқ еткизип шаң қалдырды. Былайырақ шыққансон бир бап пенен жүриске өтти.

Орпан топырақлы гөне гүзардын еки бойы дүт тоғай: бийикбийик торанғыллар, ҳәтте оларға жарысып өскен ерманы жыңғылларда торанғылдай болып кеткен. Торанғыллар үстинде думандай болып ғарғалар ушып-қонып «қусбазары» қызып атырыпты. Ол тәбияттын бул көринисине сүйсине қарап атын адым-адым айдап киятыр. Қыялы ҳәржаққа гезеди: «Ҳаўызда қатқан муздын бетиндей тегис жалтыраған жолларда үзликсиз машиналар қатнап, бул аралықтан атлы жүриўге еринетуғын күнлер туўады еле... Аўылдан қанша алыслаған сайын тоғай қалынласып, бүршикли жынғыллар, ийиси мүцкип мурын қытытатуғын жигилдик жийделер молаяды, бул кәраларда жол кем-кем тараяды. Өткен арбалардын көшерлери, қылышлары бүршиклерин жалап кеткен қызыл жыңғылдын қәлемдей жонылған шыбықлары зәнгиликти сыйпап қалады... Усы тоғайға нәше менен қарап киятырған Жумагүлдин алдынан мисли жер астынан көгерип шыққандай, бир атлы зонқ етип, қалын тоғайды екиге бөлип турған дәлиздей жолға қапыдай кепсерленди. Жумагүл гилт тоқтады. Атлы Зәрипбай еди. Бундай ушырасыўды ҳеш ойлап көрмеген Жумагүл Зәрипбайдын алдына өнгерген мылтығына көзи түсиўден сескенип, он қолын жалма-жан қойнына тықты ҳәм қалша қарап турып қалды.

—Таныйсан ба?—деди Зәрипбай күлип. Ол өзин мәрт тутқан менен әззилиги дирилдеген даўысынан билинип тур еди. Жумагүл өзин үстем сезди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Жолды неге бөгеп турсыз?

— Сени күтип. Қорықпа!

— Қорқып турғаным жоқ.

— Өз перзентиме қол көтермейтуғыныма исенип турсаң аў, қызым. Дурыс, мен бир өзиммен.

— Мақсетиңиз?

Зәрипбай қара шөгирмесин дүзестирип, қарсы киятырған жолаўшы қусап атынын басын бурды.

— Жақыпламай гәпиңди айта бер.

— Өйтип қатты кетпе,—деп Зәрипбай ғарқ-ғарқ күлди ҳәм даўысын бирден өзгертип жыламсырады.—Билесең бе, заман өзгерип, ҳәр күн сайын жана ғалаўыт көтериледи. Аспанды булыт басып, биресе жаўын, биресе қар жаўады. Буны мен де билемен, сен де түсинесең. Қартайғанда ҳәз етермен деп тистырнақлап жыйнаған мал-дүньямнан айрылдым. Ҳуқықым кетти. Өзиң атымды тартып алдың. Он еки жасына дейин мына алақанымда өсип единң.—Зәрипбай алақанларын жайды.—Сол ушын атымды алып қалғанына гийне етпедим. Болмаса, бир қорғасын оқ ҳақың бар еди. Енди сен, ең әўеле мениң ҳуқықымды әпериўге жәрдем бер. Изин көре беремиз. Билемен, мениң мал-дүньямды, жер -суўымды қайтарып бергизиў әм қолыңнан келеди. Әке жүреги бос жүрек, сол ушын сениң менен жай-парахат сөйлесиў мениң әкелик қарызым деп турыппан. Мен өлгенде көметуғын жалғыз өзиң Жумагүл!

— Ишитарлардың көзинен, қызғанышштан, күнлеўден ғана жас шығады. Кеўили пәклердиң көзинен қуўанышта ғана жас шығады.

— Кеўлим пәк, қызым.

— Жооқ, сүзиўге үйренген өгиздиң шақы сынса, маңлайының исиги менен әм сүзе береди.

— Көп сөйлей бергенше перзентлик парызыңды өтеп жер-мүлкимди қайтарып әпер.

— Жер мүлкинди алған мен емес, өзиңниң көп жыллар езген дийқанларын. Солардан сора. Төбеңди көзлериң қалай көре алмайтуғын болса, ҳуқықың жөнинде соны ойла.

— Не дейсең?

— Қулағын ке еситсе сол.

— Сен ҳарамы перзент болма, ойлан. Билесең бе, сыртыңнан адамлар не десип жүр? Журтлар сени өлтиремиз деп «Еркиндәрья» дан қалаға келетуғын жолды тосып жүр еди. Мен сениң сумлық пенен усы жақтан қайтатуғынды билдим. Себеби перзент минези әкеге айндә! Бирақ мен оларға сениң усылайтетуғыныңды айтпадым. Динсизлердиң сөзине ерип мурныңды көтерме.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпаққа бий болып, ақыр соңы халқын сатқан Айдос қайда кетти? Ал сен абайламасаң, қарақалпақшылығыңды—мусылманшылығыңды жойтсаң паллақтан кетесең, түсиндиң бе, қызым?

— Мен сиздей миллетшил, пасық адамның қызы емеспен. Қабыңыздан шығып кеткениме қуўанаман. Аз үйли қарақалпақты көп миллетли уллы орыс халқынан, мәңги иргелес өзбек, қазах, түркмен халықларынан айрыўға урынған сизлер сыяқлы сатқынларды көзим көрмесин! —Шық жолдан! —Жумагүл зәңгилигин қысып алға дөнди. Зәрипбай жәие кеселеди.

—Ҳә, тили қырқылғыр!—Зәрипбай асығыслы түрде, жән-жағына қаранды: тоғай түпкирине сығалайды. Оның жаман қыялға берилетуғынын әлле қашан билген Жумагүлдиң оң қолы еле қойнында. Зәрипбай зәңгиге ширенип, алдына ҳәм артына мойын созып алдына өңгерилген мылтығын көз ашып жумғанша көтерип;

— Әй, бийҳая!—деп. түтесин туўрылап үлгермей ақ, Жумагүлдиң оң қолындағы наганның аўзы Зәрипбайдың өкпе тусына тутылды.

—Суўық суў иш, Зәрипбай!—Жумагүл буйрық берседе, Зәрипбайдың муздан шығарып алынған баспақтай дир-дир еткенине мырс етип күлди.—Әке жүреги бос екен ә?

Ызаға буўлыққан Зәрипбай мылтығын қос қоллап тутыўы менен, ердиң үстинде отырғызып таңылған өлидей қатып қалған еди.

— Жан саўға, Зәрипбай,—деди Жумагүл қәҳәрли.—Мылтығыңды маған тасла, болмаса ийманыңды айтып та үлгермейсең.

— Әй, өзиң бийреҳим болып кеткенбисең?

Жумагүл енди бурынғысынанда қаталырақ ашыўға минди.

— Перзент әкесинен батпан артық туўмаса неге керек демейтуғын ба едиңиз? ! Көз жумып ойланып көриң. Соннан соң реҳимсизлик маған кимнен жуққанын билесиз! Әй, бос жүрек, әке! Болар енди, қәне мылтықты таслаң маған, тез-тез!!

Зәрипбай мылтығын бермей, атын бурып еди, Жумагүл наганның тетигин басып қалды. Үстинен гүрп еткен оққа ол, атының қуйрығынан биреў тартып қалғандай, қазық болып қақайды.

— Қәне тасла бери!

Зәрипбайдың басындағы шөгирмеси бир шекесине аўып, жасаўраған ириңли көзлери атының алдыңғы аламыш аяқларына тигилип турыпты.

— Бересиз бе жоқ па?—Жумагүл наганның аўзын енди оның өкпе тусына қаратты. Оның раслағанын билип, Зәрипбай мылтығын сарт еткизип жерге таслады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Билип қой, Зәрипбай. он еки жыл тәрбиялағаныңыз ушын, оның үстине, менде анамның меҳрибан жүреги болғаны ушын, аман, кетесиз. Екинши рет жолықсаңыз, изи не болатуғынын түсиниң. Бирақ ойланып, досларыңызды ҳүкиметке тутып әкелесиз деген исеним менен жиберип атырман.

Зәрипбай қара гөрим жерге шекем әстен-әстен жүрип, оқ атылыўын күтип баратыр.

Оқ тийетуғын жерди қолы менен қорғағысы келгендей көк желкесин қасып баратыр. Әлленемир жерге барғанда артына бурылып, Жумагүлдиң аттан түсип мылтықты бийғам алып атырғанын көрди де өлимнен қутылғанына жүреги ҳәўлирип атының саўрысын үсти-үстине қамшылады. Қамшы күтпейтуғын алаяқ бирден патыр-патыр шаўып, бөктергиси жалп-жалп етиўи менен көзден ғайып болды.

Жумагүл енди өзин бирқанша сағырақ тутып ақ бозын жеделлирек айдаўға тырысты...

«Бахытлы» аўылына жақынлаўдан қулағы жағымлы ҳаўаз еситти. Сырнай-гернай шертилип атыр. Кегейлиниң ырашына көтерилип еди, ТОЗ шылардың жайы үстинде саз шертип халықты кешки тамашаға шақырып турған қос баламаншыны, дәпшини көрди де, әкеси менен гезлескели ашылмаған ашыўлы қабағы жадырап сала берди.

— Яша, «қызыл үйшилер». Булар менен Бийбигүл сөзсиз келеди.

Таныс балалар Жумагүлдиң алдынан жуўырып шығып оның ойын тастыйықлады.

— Апай, Бийбигүл артист келипти.

## 33

Өмир лаўлаған от. Оннан қашып қутылыў жоқ, әззилер өртенип күлге айналады, күшлилер шынығып шығады.

Турымбет еле лаўлаған от ишинде ...

Бүгинги концерт оны сол оттан бирнәўийе қутқарған секилли, барлық ғалма-ғалын умытты. Бийбигүлдиң қосықларына ҳәммеден көп қол шаппатлады, ескиликти ермеклеп көрсеткен масқарапазларға бәршеденде көп күлди, қулласы: бүгин ол ҳәр қашанғысынан көп қуўанды

Концерттиң соңында артистлерди қутлықлаў ушын сахнаның артына кеткен Александрды күтип, далада, «Үлкен жайдың» ауырышында тур еди, ҳәрқашанда оның көлеңкесиндей қапталынан қалмайтуғын Дүйсенбай артынан келип ийнине қол салды:

— Сорлы, жүр, гәп бар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Турымбеттиң ийнине адам қолы емес, әзирейлниниң пәнжеси салынғандай төбесинен аяқларының ушына шекем бир жылан жалап өткендей болды.

—Қасқыр қақпанға түссе, ойнамай аяғымды жибер деп жалынармыш. Сөйткиң келип турма, тез жүр.

Турымбеттиң басына ҳешқандай ужыбатлы ой келмей ерди.

—Шамасы, сен өзиңди қоразға теңгерип, шақырып берсем болды, таң атыўы мениң исим емес деп жүрсең керек. Шақырсаң—таң атырасаң, болмаса, халық биймезгил шақырған қораздың басын жулады.

— Дүйсенбай аға, өгизди қанша сабасаңда сүт шықпайды гой.

— Адымыңды ат тезирек, сүт шықпаса, қан шығарылады.

Дүйсенбай Турымбеттиң шалғайынан услаўы менен мектеп жайына ертип кирди де, әйнектен түскен нурға тутып турып муштай бир шекийне берди.

— Бул не, ишиндегилер асықпа,—деди Турымбет шекийнени сықырлатып қысып көрип.

— Ишин ашып айдың нурына тут.

Турымбет оның айтқанын бузжытпады. Шекийнедеги бөлек-бөлек асық үлгисинде қуйылған таза алтынлар еди. Турымбеттиң ҳәрекетлерин бағып турған бай оның шекийнени қалтасына тығыўына буйрық берди.

— Буны не қыламан, аға?

—Билесең бе, бул алтынларды асық қылып мениң әкемниң әкелери қуйса керек, бул дәўлет асықлар. Сен енди өмир-өмиринше тарықпайсаң. Әне, сени қор қылмайман деген сөзимнен шықтымба, шықтым.

— Өзиң не қыласаң?

— Усы ўақытқа шекем мен сени сақладым, енди сен мени сақлайсаң.

—Мийнетсиз пулды алыў гүна емес пе?

— Бул дүньяда гүнасыз бенде болмайды. Абайла, бул алтын менен, қой жеген қасқырды айыплы қылмай, тоғайға неге барасаң деп қойды айыплаў, жүдә аңсат.

—Дүйсенбай аға, халықтың рәмәўзин көрдиң ғой, ҳәмме жаңалыққа ерип баратыр. Өтинишим, енди сенде қой, менде қояйын. Ийилген басты қылыш кеспейди. Ҳүкиметке екеўимизде шынлықты айтып барайық.

—Бүркиттиң қанатына оқ тийсе, ғарға оны шоқып ойнайды. Сен мениң қанатымды сынған деп ойладыңба, қәне жуўап бер.

Турымбет үндемеди.

— Тыңла, гәптиң тоқ етерине келейик. Ертең кеште Қасым



www.ziyouz.com kutubxonasi

ийшанның басшылығында қалаға шабыўыл болады. Қатаң шабыўыл! Мен ҳәзир атланаман. Сен үйиңе барып «МТС орысты» елтирде, изиңнен жет, жетеалмасаң, Қусқана таўының үңгирине бар. Мә, мынаў пышақты ал. Сойыўға имканият таппасаң, азанғы ҳалқас ўақтында тамағына уў сал. Мә, усла!

Бай Турымбетке алтын түсли дөңгелек жүзик берди.

—Япырмай ә!—деди Турымбет жүзикти жақтыға тутып.— Мениң өмирим секилли бунның я баслаған жери я тамам болған жери жоқ екен.

— Сен усындай орсақыларды қайдан үйренгенсен,—деп бай оның кеўлин алып, бираз жуўас кейип тутты.—Бул оғада шебер ислеңген жүзик, қыса берме, иши толы зәҳәр. Бармағыңа кийсең де, азанда «МТС орысқа» берип атырған табағының ернегин жүзикли бармағың менен қысып жиберсең, тамам! Суңқарым, басыңды көтер, тек өзиңди ойла, өли арысланнан тири тышқан артық. Бирақ, бир тесиктен басқа саңлақты билмеген тышқанның ҳәм ҳалы қыйын. Сол ушын анаў алтын асықлар сениң Окр ОНО Мәжитовтың орнын ийелеўиң ушын әм жумсалады. Көрискенше!

— Көрискенше!

— Шаймалап жүрме!

— Яқшы.

Дүйсенбай қорасында ертлеўли турған атына минди.

Турымбет байдан алған пышақты тәўекел жанбасына қайрап-қайрап үйине келсе шыра жанып тур. Александр әллеқашан келип, оқып атырған китабы бетине жабылыўы менен кәтинде уйықлап қалыпты. Печьтиң артындағы қараңғы қуўыста анасы жаңа сойылған қойдай қурылдап атыр.

Қара нслер ғана қараңғының иси. Гүнаның көпшилиги тек қараңғыда исленеди. Үйдеги жақты Турымбетти келген пәттен ирkип, босағаны атлаған жерде Александрға қараўы менен лал болып қалды. Пышақ услаған қолы қатты муш болып, бармағындағы зәҳәрли жүзик жарылып ишинде ҳештеңе қалмай ағып кеткенинде ескермеди. Усы демде оның басына түрли әндийшелер келип, өз тағдийри жөнинде ойлады, өзин ҳақыйқатта бәҳәрги геўдирек муз үстинде турғандай сезди де, бирден урқанаты ушып қалтыратпа тийди.

Александр еле уйықламай оның әдеттегиден тыс қәдем басыўларынан ақ гүдиксиреп, бетине китапты жаўа сала ҳәрекетлерин бақлап жатыр еди. Китап қуўысынан оның пышақ қысқан қолындағы сары жүзиктиң жарылып, арасынан бир нәрсе аққанын абайлады, бирақ оған үндемеди. Келген пәтте урылмаған пышақ биротала ҳәрекетке келмей, печьтиң үстине қойылды. Ен-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ди ол қалтасындағы түйиншикти шығарып, биразға шекем көз алмай турып, Александр таманға және нәзер таслады. Онын қыйн мылсыз ҳәрекетин көрип, печьтиң үстине қойған пышағына және бурылды. Усы гезде анасы уйықлап атырып жөтелди. Ҳаўлығып гә анасына, гә Александрға, гә пышаққа, гә қолындағы түйиншикке қарады. «Бир тесиктен басқа саңлақты билмеген тышқанның ҳалы қыйын..» Неге усы гәп ғана басына сап етти? Оны өзиде Дүсинбей ҳәзир ғана қысқысы келгендей саңлақ қарастырды. Артында тек есик бар, оннан соң? Дүйсенбай айтқан қусқана таўдағы Қасым ийшанларды излеп кетиў керек, оннан басқа саңлақ жоқ. Олда бәрибир өлимге әкеледи. Және басқа жол бар, қалаға кетиў, ОГПУ ға барып ҳақыйқатлықты айтыў... жоқ, олда өлиге әкеледи, Қасым ийшан өлтиртеди, Дүйсенбай өлтиртеди. Өйтип еки жаққада масқара болып өлгенше ҳәзир тым-тырыс өлеқойған абзал емеспе? ...

Анасы және жөтелди. «Қартайғанда мынаў бийшара жалғыз қалады аў». Тап мени сезип атырғандай үсти-үстине жөтелиўин қара, сорлының! Сорлы анам қор болмасын, өзим тыныш өлейин де, мынаў алтынды қалдырайын, ендиги жағында мен ушын оған усы алтын хызмет етеди... Бул оған буйырама? Өзимди өзим өлтирсем, анама Александр жәрдем қылса, өзи илаҳийда жақсы жигит екен. Өтирик сөйлемейди, кисиниң ҳақын жемейди, жақсысы Александрға хат жазайын.

Ол түйиншикти анасының дастығының астына тықты да, печтиң қуўысында жатқан папка ишинен бир дәптер алып астахтаның үстине жайды, бирақ не жазарын билмей, қәлемин бармақларының арасына қысқан ҳалында ийегин еки алақанына басып отырып қалды, узақ отырып қалды.

Әлленемирде жазыўға кирисди.

«Александр жора, мени кешир. Мен өзим еки жолдың бәндиргисинде қалған адам едим, оңға кетсемде өлим, шепке кетсемде өлим. Екеўиненде қутылыў ушын өзим өлгим келди. Бирақ анам ушын бир қалта алтын асық таптым. Мен бәри бир өлген адам едим, бул алтынды сорлы анамның несибеси ушын қудай жеткерген шығар. Сеннен биринши өтинишим, анамның сол алтынына ҳешкимди тийгизбе, бийшара анам ғамқор перзентине ырза болып өлсин. Екинши өтинишим, Жумагүлге айт, мен оның шыннан пәклигине исениш пенен әрмансыз өлип баратырман. Бирақ қызыма мениң жаман жағымды айтпай тәрбияласын.

Ырза бол, жора, Турымбет»

Ол күтә суўыққанлылық пенен асықпай қағазды бүклеп Александрдың дастығының астына тықты да, қолындағы жүзигине аўыз салып еди, онда ҳеш нәрсе жоқ екенин уқтыда, ўақытты



www.ziyouz.com kutubxonasi

босқа өткермей есиктеги ағаш қазыққа илдириўли отын арқанды алды..

Александр енди оның нендей сумлық ойлағанына ақылы уғрас келмей, азмаз күтип жатып еди, бир нәрсе дурс еткендей болды. Асығып жуўырып шықса шертектиң бақанында сәлленлеп тур. Асыққанынан ол Турымбет теўип жиберген келиге сүрнигип, пәтк менен изге оралды да, бағана Турымбеттиң өзи қойған пышақты әкеле сала, мойнынан арқанды кесип жиберди, Турымбет жерге сылқ етти. Александр оны көтерип әкелип өзиниң орнына жатқарды, мойнын уўқалады. Турымбет ярым саатлардан кейин өзине келди.

— Мени неге қутқардың?

— Сен өлимиң менен кимди қуўантпақшы, кимди жылатпақшы болдың?

Турымбеттиң көзлеринен жас көңгейленди.

— Жылама, асылып өлиў жаңалық емес, бундай өлим мәртликке де саналмайды. Айт маған себебин?

—Қыйнама Александр, мен бәри бир өлемен!

—Өлетуғыныңа тақыйық. Бирақ сен қайсы өлим менен өлмекшисең? Соны түсиндир?

— Адамға өлим бир рет келеди.

—Биринширден, адам атын көтерип жүргенлердиң бәри бирдей адам емес, екиншиден, мен сеннен бир адам ушын неше рет өлим барын сорап отырғаным жоқ, қайсы өлим менен өлежақсаң?

— Неше түрли өлим бар?

— Еки түрли өлим бар. Биринщиси өлилердиң өлими, екиншиси тирилердиң өлими.

—Меники ше?

— Сеники өлилердиң өлими.

— Түсинбеймен.

— Халыққа бийпайда, ҳеш нышансыз өлиў—бул өлилердиң өлими!

— Хе?

—Дүньяда сендей болып өлгенлер аз емес... Тирилердиң жолы менен өлген жақсы.

Турымбет көзлерин ашып-жумып, ашып-жумып бираз ўақыт жатқаннан соң, басын көтерди.

—Александр айт, жора, мен қәйткенде тирилердиң жолы менен өлемен.

— Сени усы дәрежеге түсирген сырды мүлтиксиз айтып бер, соннан соң мәлим болады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Гунам жудә аўыр.—Турымбет басын иргеге бурып узақ унсиз жатты да, бирден шапшып тикейди. —Билесенбе, гунәм кутә аўыр. Ҳукиметке қарсы талай-талай саўашқа қатнастым. Айтбай большой дегенди тәнҳа өзим өлтиргенмен. Жумагулдиң анасын атқан әм мен! Қасым ийшан жәнe шақыртты...

Турымбет маңлайына қос мушын тиреп және унсиз қалды.

— Әне, жаңа тирилердиң ҳәрекетин қылып киятырсаң. Еле толық емес. Сен олардың жатқан орнын билесең бе? Барып көрисетуғын белги барма?

—Билемен. Мен оларға қалай барыўды, қайтип тутыўды билемен. Тунде ың-жыңсыз есигин аштырыў белгисин әм билемен . Олар Қусхана таўында.

Александр оның өзин тутып, жыламсыраўынан, шын кеўлин ортаға салып отырғанына тақыйық исенди.

— Олай болса ҳәзир алдыма түс, бирге қалаға барамыз, соннан соң Кусқанаға кетемиз.

— Аныққа?

— Анық.

— Мен сениң қасында журип өлсем әрмансызбан.

Олар буннан соң әңгимени көбейте бермей тез атланды...

## 34

Ҳәрким өзи жасаған дәуирде сырлы өмирдин әлўан сырлы түйинлерин шешеди, соның менен бирге нешше қыйлы жумбақлы түйинлерди өзи түйип қалдырады.

Жумагул және кенсесинде, әне усы өмир түйинлерине ақыл жуўыртып отыр.

Ол бүгин азанда, өзи менен Бахытлы аўылынан ертип әкелген Нурзаданы басқа аўыллардан келип жыйналған қызларға қосып, Төрткүлде оқыўға салтанатлы узатқан еди. Бул ислердиң нәтийжесине кеўли ырзаланып, ҳәзирги азғана саўашылықтан пайдаланып, тиккелей өзиниң қатнасы менен түйилген өмир түйинлерине ой жиберип отырыпты...

Бирақ оның ойын көбирек ийелеген нәрсе—өмирде шешкен ҳәм жаңадан түйген түйинлеринен гөре, Төрткүлде оқыўға жиберилген бир топ қызларды узатып қайтысын Баймуратов пенен наколай сөйлескени. Ол Баймуратовқа биринши гезекте, «Бахытлы» ҳәм «Еркиндәрьяда» жүргизген жумыслары ҳаққында есап бериў орнына, Қоразбеков пенен Мухановлардың жамай жаўлары қолынан қаза тапқанын қалаға келип еситкенин айтып, гийне билдирди ҳәм Округте жамай жаўларына



www.ziyouz.com kutubxonasi

қарсы гүрес босаң баратырғанын, Әлжан суўшының қызын өлтиргенлер еле тутылмағанын ескертти.

— Жолдас Баймуратов шыныи мойынлаў керек, —деди изинде.—Класс душпанларына қарсы ерте ертленген атлар кеш минилип атыр.

— Жумагүл, —деди Баймуратов күтә сабырлылық пенен тыңласада, ашыўлырақ.—Айтқанларын дурыс, лекин, өзине тийисли емес истиң тараўларын әм қамтыйман деў, адамды сайызға шығарады.

Ақыллы, парасатлы басшының гәпи Жумагүлге әри ерси, әри орынсыз түйилди. Кеңсесине келген соң столға шығанағын тиреди де, усыларды және ойлады. Ақыры шыдамай столының тартпасын ашып, көп күнлерден берм жазылмаған күнделик дәптерин алды да, алдына жайды ҳәм асықпай жаза баслады.

*«Бахытлы» ҳәм «Еркиндәрья» аўылларында бираз жаңалықлар иске асты, қуўанышлыман. Тилекке қарсы жолдас Баймуратовтың минезинде өзимшилликтиң, өзимбилерменликтиң тухымы пайда бола баслағанга усайды. Ямаса күни-түни истен шаршағанлықтанбекен? Бәлким, солай шығар. Неге бир гәпи ушын кейлиме гүптикей келди, бәлким, айтқанларым бола басларғаны ушын сол өзимшиллик өзимде пайда болып киятырсада тәжип емес. Аяқ сүринсе бас жуўап береди, бундай болыўы мүмкин емес!»*

Ойларына, жазғанларына кеўли толмай, Жумагүл қолындағы қәлемин столдың үстине сарт еттирип таслады да, тикейди ҳәм артына айналып, әйнектен сыртқа нәзер таслады.

Бүгин базар күни еди Базаршылардың изи үзилмей арманберман өтип турыпты. Отын тийеген арбалыларды көрип өзиниң ең биринши мәртебе қалаға келгенин еследи де мыйық тартып гүбирленди: «Мине дәўир гәрдиши... менде пүткиллей жаңаша өмир басланды, ал базар еле баяғысынша...»

Ол қыялын жуўмақлап үлгермей ақ, көшениң бир шетинде пайда болған бир атлы қолын сермеп әлленәрселерди айтып өтип кетти, базаршылар көшениң еки шетине айрылып жол босатып турып қалды.

Бәрининде жүзлеринде ғәзебет оты пайда болып бир тәрепке бурылды.

«Бул не, және бир жамай душпанының қурбанын жерлеўге алып баратырмекен? Соның арасында, өли емес, бир-бирине қосақланып байланып айдалып киятырған елиўлеген адам көринди. Жумагүл олардың алдына кепини менен тирилтип жиберилгендей, гилең ақ кийген Қасым ийшанды таңымай тур



www.ziyouz.com kutubxonasi

еди, оның дизиндеги Аталияз Қурбаниязовты, Дүйсенбайды, Зәрипбайды, бети тасбақаның арқасындай аламыш Жуманияз ләўзени абайлап, ойлы жүзи жадырап сала берди. Ол бирден айдаўшы атлыларды серледи. Ембергенов ҳәм Александрдың ортасында, басын, бир ийнин ақ шыт пенен таңған атлыны әллекимге мегзетип жүдә тигилиңкиреди, бирақ таныйалмады, ол тап усыны уққандай, әйнектиң дәл тусынан өте берип артына бир бурылып еди, Жумагүл енди ғана танып, қуўаныштан еки езиўи жайылды:

—Турымбет!! Мениң Тазагүлимниң әкеси!! Усы гезде есик ашылды. Ол артына жалт бурылды.

Қолына жыртық конверт услап, жүзи куяштай жарқырап күлимлеген Баймуратов турыпты. Бағана ушырасып, түсиниспей кеўли сәл мәлел тапқанын Жумагүл умытып, отыз еки тисиниң бәри көрингенше езиў тартып күлимлеўи менен қол узатты.

—Қутлықлайман,—деди Баймуратов оған конвертти услатып,—Мынаў областьлық партия комитетинен сени Москваны көрип кайтыўға жиберетуғын болыпты.

Жумагүл қуўаныштан өзине келип үлгермей, есикти қағып ишке бир жигит кирди. Бул бурын Жумагүлге анасы менен бирге келип кеткен «Қара терецли» Назарымбет еди.

Ол Баймуратовты елестирмей, азғана уялыңқырап турып Жумагүлди тойға мирәэт етип келгенин хабарлады.

— Кимниң тойы?

—Өзимниң тойым, Жумагүл апа,—деди жигит.—Анам тәнҳа өзиң барып хабарла, шақырып қайт деди. Сизиң тапсырмаңыз бойынша аўылымыздың ақсақалы жәрдем етти, қыз алдым, апа!

Жумагүлдиң қуўаныштан езиўи жыйылмай Баймуратовқа қарады. Ол балаға сораў берди:

— Тойың қашан?

—Ертең, аға.

— Москваға кеткенше тойға қатнасып әм үлгересең, Жумагүл.

Жумагүлдиң көз алдына қуўанышлы той узын шубай жоллар елеследи, ойлы-бәлент белес-белес жоллар!..

Ендиги жолларың бәрҳама айдын болғай, Қарақалпақ қызы!

Екинши китаптың ақыры.



www.ziyouz.com kutubxonasi

*На каракалпакском языке*

**Тулепберген Каипбергенов**

*Собрание сочинении в 5 ти томах, том 4*

ДОЧЬ КАРАКАЛПАКИИ

*Роман*

*I и II книга*

*Издательство „Каракалпакстан" Нукус—1980*

www.ziyouz.com kutubxonasi

Редактор *Ш. Сейитов*
Художник *И. Алибеков*
Худ. редактор *Қ. Нәжимов*
Тех редактор *Ж. Досжанова*
Корректорлар *Т. Турдымуратова, Б. Файзуллаева*

И. Б № 1148

1975-жылғы матрицасынан басыўға рухсат етилген ўақыты 7/II-1980-ж. Қағаз форматы 60x84 $^1/_{16}$. Көлеми 31,25+0,5 вкл. баспа табак. 31,2+вкл. 0,55 есап баспа табақ. Тиражы 5000. Баҳасы 2 м. 40 т.

„Қарақалпақстан" баспасы. Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

Қарақалпақстан Баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша басқармасының „Правда"ның 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты. Заказ 475

www.ziyouz.com kutubxonasi